**МУРАТБАЙ НЫЗАНОВ**

# ТАҢЛАМАЛЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ

## VII ТОМ

(Роман, повестьлер)

НӨКИС
«БИЛИМ»
2018

УОК 821.512.121-31
КБК 5 Қар
Н-97

**М. Нызанов. Таңламалы шығармалары. VII том.** «Билим» баспасы, 2018-жыл. 424 бет.

**УОК 821.512.121-31**
**КБК 5 Қар**
**Н-97**

Қарақалпақстан халық жазыўшысы Муратбай Нызановтың бул томына енгизилген «Муҳаббат қосығы» романы оқыўшылар нәзерине туңғыш мәртебе усынылып отыр.

Инсан жүрегинде бир өмир сақланып қалатуғын муҳаббат сезимлери, оның ләззети ҳәм тәшўишлери автор тәрепинен қызықлы сюжетлер менен берилген.

Сизге бурыннан таныс болған «Ҳаўа кемесиндеги екеў», «Ақшагүл» повестьлери де усы томнан орын алған.

**ISBN 978-9943- 4441-3-3**

© **М.Нызанов, 2018.**
© **«Билим» баспасы, 2018.**

# МУҲАББАТ ҚОСЫҒЫ

(*Роман*)



Бүгин азанлы бери қонақларды күтип алыў менен бәнт болдық. Ташкенттен келген биринши рейсте түркиялы академик келди. Соң бир сааттан кейин Москваның самолётынан Европа мәмлекетлериндеги шығыстаныў институтларының алымлары түсти. Ярым жылдан бери таярлық көрилип атырған шығыс халықлары педагогикасына бағышланған халық аралық конференцияға дүньяның көп еллеринен алымлар шақырылған еди. Бир ай бурын олардың конференцияда сөйлейтуғын сөзлериниң текстлери басылған китаплар адреслерине жиберилди. Және бир данадан бағдарлама ҳәм басқа да естелик саўғаларға қосып арнаўлы папка таярланды.

Мийманларды жайластырыў ҳәм оларға азанғы ҳалқас бериў мүнәсибетлери менен түс болды.

Саат үште мийманлардың және бир топары келиў керек еди. Лекин, мен конференцияны шөлкемлестириўшилерден руқсат алып, кабинетиме келдим. Ертеңги баянатты және бир мәртебе көрип шығыўым керек. Әнжуманға қатнаса алмайтуғын айырым алымлардың адресине айтылған текстлерди алып таслап, оны издеги сөзлер менен байланыстырыў зәрүр болды. Сөзлерим мультфильмдей секирип турмаўы ушын «гилмаласы» дурыслап берилмесе болмайды. Буның ушын әлбетте алағадасыз шуғылланыў ҳәм бираз ўақыт зәрүр.

Хаткер қызға бираз ўақыт бәнт болатуғынымды ескертип, жумыс столыма отырдым. Әлбетте, зыят сөз яки келисиксиз сөйлем ағаштың бәҳәрги нартындай бүртийип көринип турмайды. Оның ушын бастан дыққат пенен оқыў ҳәм ақыл тәрезисине салыў керек.

Қолымдағы телефонды ҳәм кабинеттеги телефонларды да өширдим. Әдетте, институтта өтетуғын жыйналысларда баянатқа соншелли көз жуўыртқаным болмаса, көбинесе яд сөйлер едим. Өзиң бир неше он жыллап шуғылланып киятырған тараўыңды яд билмесең, ким сени алым деп мойынлайды? Гәп өзинди мойынлатыўда да емес, мәселе көз

алдыңда анық рәўшан болып турғаннан кейин, ол ҳаққында сөйлеп бериў қыйынға түспейди. Гейде залдан берилген сораўлар менен әбден ашылысып кетесең. Бундай жағдайда ҳеш ким сеннен регламент талап етпейди. Лекин, ертеңги әнжуман шегарадан шығып кететуғын мәжилис емес. Ҳәр бир сөзиңе жуўап бериўиң, әсиресе сырт елли журналистлер алдында өзиң шешимин таба алмай тубалап қалатуғын мәселелер ҳаққында дусмалый пикирлер айтыўға болмайды.

Бир гез есик әсте тықылдады. Мениң баянатты көзден өткере баслағаныма көп болса он бес-жигирма минуттай-ақ ўақыт болған еди. Қағаздан басымды көтерместен, есикке тигилдим. Қапыдан хаткер қыз сығалады. Мен оған «не гәп?» дегендей ийегим менен саўал тасладым.

— Бир ҳаял келип тур еди...

Мениң ийнимди қысып, әжепленип қарағанымды ол қасқабағымнан абайлады.

— Жүдә зәрүр жумысы бар екен... Түске дейин де отырып кетип еди. «Түнге қалсам да ушырасып кетпесем болмайды», — дейди.

Мениң ҳазарланып ручканы баянаттың үстине қойғанымды көрген хаткер қыз «кеширерсиз, рахмет» деп есикти әсте жапты. Бул әдет менде оғада қыстаў ўақтымда илажсыздан қайыл болғанымды билдирер еди.

Есик бийазар ғана ашылды. Изинше орта бойлыдан келген, жасы елиўлерден асып кеткен болса да, еле сынын бузбаған, сары сынлы бир ҳаял көринди. Ҳаял маған қарай әсте қәдем басып келе баслады. Мен оны ҳеш бир таныс дийдарға уқсата алмағанлықтан, оның жүрис-турысын, келбетин, үстиндеги кийимлерин дыққат пенен көзден кеширдим. Ҳаял басына шашақсыз сары гежи тартқан. Шаршының ушын аўыл ҳаялларының дәстүринше желкесинен айландырып әкелип, маңлай алдында жиңишке етип түйген. Үстинде қоңыр түсли көкирек бүрме көйлегине ақ пенен сары аралас майда гүл түскен. Ийнинде жеңсиз, тик қәддине пишилген, миллий нағыс пенен жийекленген камзол бар еди.

Ҳаял мениң столымның алдына шеп тәрепке келип иркилди.

— Ассалаўма әлейкум! — Ол аўызша сәлем берди, қол созбады. Отырмады да.

— Отырың, — дедим мен сәлемин алик алып.

Ол стулды сәл кейин тартып, орынлыққа отырды. Соң еки қолының бармақларын гезекпе-гезек бир-бирине аралатып, оған үнсиз көз тикти. Бираздан дейин тил қатпады.

— Тыңлайман? — дедим оның меннен «жол болсын» сораўымды күтип турғанын сезип.

Ол маған жүзин сәл бурды да, күлимсиреп, қайтадан бармақларын әсте қыймылдатып отырды.

— Танымадыңыз ба? — деди ақыры меннен сес шықпағаннан кейин. Ырасын айтсам, бул жумбақ ҳаял менен қалай сөйлесиў кереклигин билмей ҳайран болып отыр едим.

«Танымадыңыз ба?!» Ҳаял маған бул сөзди үлкен исеним менен ҳәм еркинсип айтқан еди. Көз алдымда мектепте бирге оқыған, узақ ўақыттан берли көриспеген студентликтеги қызлар елеследи. Лекин, ол ҳеш бирине уқсамады. Усы ўақытлары мениң қыялымнан әжайып бир келбет өткендей болды! О-о! Ол уўыздай үбиреген жас қыз еди. Оның жүп-жуқа жүзлерин ер адамның ебетейсиз бармақлары сылаўға обал еди. Оның сүйиў ушын жаратылған қаймақтай ғана ләблери бар еди. Бул ләблерди анасы нәрестелигинде сүйсе сүйген болыўы мүмкин, оннан бержағында оған ләбин апарыўға ҳеш кимниң жүреги даўамас еди нәзеримде.

Мениң бираз егленип қалғанымды сезген ҳаял, наз бенен күлимсиреп, маған қарай жүзин бурды.

— Ырас-ақ...

— Яқ, айтпай турың, — деп дәрҳал оның сөзин бөлдим. — Сиз сол баяғы...

— Аўа! Мен сол баяғы...— деп ол енди мениң сөзимди бөлди. — Сен жаңа есиңе келтирген қызбан!

Мен кинолардағы әсте ҳәрекетке келтирилген кадрлардай орнымнан тура басладым. Ол да мениң менен тең көтерилди. Арамызды үлкен стол бөлип турар еди. Лекин, мен столды айланып қасына бара алмадым. Буған беглигим ҳәм шашыма ақ енген, егеделик қәлбим жол бермеди. Екеўимиз бир-биримизге үнсиз, ынтық нәзер менен тигилип турдық.

— Сол он алты жастағы?!

— Аўа! Сол он алты жастағы!!!

## 1

Поликлиниканың берген жолламасын алып, емлеўхананың шыпакерлер бөлмесине келдим. Бөлме иши кең. Оның айна таманына бир-бирине қарама-қарсы қаратылып еки ақ стол қойылған. Оң жақтағы столда ҳеш ким жоқ. Шеп тәрептеги столда шашын қораз кекил етип алдырған, омыраўлы, қыр мурынлы бир жигит жазыўдан бас көтермей отыр. Ол мениң кирип келгениме де, берген сәлемиме де итибар бермеди.

Мен әсте бөлме ишин шолый басладым. Оң жақтағы столдың бержағында сур дермантин менен қапланған узынша тапшан тур. Оның аяқ ушында үш туяқлы темир кийим қыстырғыш.

— Ассалаўма әлейкум! — деди бир ўақта доктор қағаздан бас көтерип.

Күтилмегенде шыққан ҳөктем даўыстан дәрҳал сергеклендим.

— Кирген ўақытта сәлем берип едим...

— Сәлем берсең енди берман келмейсең бе?! Я нан аўыз тийип қайтажақсаң ба?

Доктор шоқ минезли, таныған-танымағаның менен иси жоқ, ҳәзили тилиниң ушында туратуғын, ҳәзир жуўап адамға усайды.

— Фамилияң?

— Сахиев.

— Атың?

— Мәмбетназар.

— Айта бер, — жасың, туўылған жериң, миллетиң, мағлыўматың, хожалық жағдайың..

Мен-әм жанланайын дедим, сорағанын сорағандай айтып турдым.

— Қуўыққа не бәле қылдың? — деди ол. — Тақыр жерде жүздиң бе?

— Як.

— Берман жақынла. Түсир шалбарды!

— Ҳаў..

— Түси-ир! Еркекписең?

Мен мақуллап бас ийзедим.

— Мен-әм еркекпен. Топарласып моншаға түсип көрдиң бе? Армияға бардың ба?

— Яқ.

— Әй!.. Еле жигит бола алмай жүрген екенсең-ғо! Болды, көтер шалбарыңды.

Мен урман-пурман қайысымды буўдым.

— Туўрысын айт, медицинада уят болмайды. Жақын арада жеңилтек нашарлар менен төсеклес болдың ба?

— Яқ.

— Айта бер. Нашар емессең! Еркек адамға мақтаныш ол.

— Ырас айтаман.

— Үйлендиң бе?

— Яқ.

— Ой, аман болғыр-әй! Шымылдыққа кирмей турып қуўығыңды аўыртып жүрсең. Бүйириң аўыра ма?

— Аўырады.

— Қай тәрепи?

— Оң тәрепи.

— Қәйтип аўырады?

— Қәйтип деп..

— Айтсеш, бөтеке сенде-ғо, менде емес.

— Билмеймен қәйтип аўыратуғынын.

— Шандырдай шертилип тура ма?

— Аўа, аўа...

— Аўа, Аўа! Ҳей! Бүйириңде кесек турғандай болып сезилмей ме?

Мен мақуллап бас ийзедим.

Ол енди мени қоя берип, алдындағы таза бланкалардан биреўин алды да, ортасынан бир бүклеп, сытырлатып жаза баслады.

— Отыр, — деди маған қасындағы бос орынлықты ийеги менен нусқап. — Еле көп жазаман, аяғың талып кетеди.

Доктордың сөйлеўи қандай болса, жазыўы да сондай шалт еди. Ручканың ушы қағазға анда-санда бир тийип кетип атырғандай. Оны ким түсинип оқыйды, қуда биледи.

— Қуўығыңда гәп жоқ, — деди ол ручкасын жазып отырған қағазының үстине қойып. — Аўырыў бөтекеңде. Қуўық бөтекениң хызметкери. Ол қуўыққа тапсырма берген, мен

аўырып турман, бас мийге хабарла деп. Кейин қуўық бас мийге «званить» еткен. Енди түсиндиң бе?

— Түсиндим, аға.

— Түсинсең, жатып емленесең.

— Қанша?

— Оны бөтекең биледи. Бир ай жатарсаң, бәлким еки ай.

— Ой-бу-уў!

— Ҳи-им! Емизиўли балаң қалды ма үйде? Жаңа айттың ғо, үйленбедим деп.

— Үйленгенде де баланы мен емизбеймен-ғо, — дедим күлип.

— Ҳаў... тилиң бар екен-ғо. Үйленбегениң жүдә мақул. Жаңа үйленген жигитлер жаман болады. Түнде қашып кете береди. — Соң ол әсте ийнимнен қағып қойды. — Асықпа қосшым, усы жерде өзим жақсылап емлеп, үйлендирип жиберемен. Апаңа айтып қой, мурындық ата излеп әўере болмасын. Өзим боламан.

— Гүлшийра-а! — Доктор мени қоя берип, есик бетке даўыслады.

Сол заматы есиктен узын бойлы, көзлери үлкен, ала, қаслары төгилип турған қарапәрең қыз кирип келди.

Доктор жамбасымды әсте шымшып, «қалай» дегендей ийеги менен қызды нусқады. Мен еситпегендей тура бердим.

— Гүлшийра! Мине саған мощный жигит таптым. Жуўас, нашар менен сөйлеспеген, жоқары мағлыўматлы, муғаллим, ата-анасының генжетай баласы... Айтқандай, ояғын билмеймен.

— Болар. Маған да саўал қалсын! — Қыз мыйықтан күлип, маған бир нәзер таслап қойды.

— Түни менен не питиресең, бир жигиттиң мийин айландырғандай сөз таппай. Жақсысы, қармақты илингендей етип сал!

— Жемтикти жеп, қармақтан шығып кетсе неғыламан?!

— Ҳәй, қыз-әй! Жемтигиңе бек бол!

—Жоқбош! — деди қыз тилиниң ушына келип қалған гәпти ирке алмай. Соңынан «кеширерсиз» деди еситилер-еситилмес етип.

Олардың бир-бирине гәп атыўлары доктор менен мийирбийкениң емес, ал жезде менен балдыз арасындағы мүнәсибетке усар еди.

— Тоғызыншы палатаға жатқыз.

Гүлшийра мени изине ертип, бөлмени тәрк етти.

Түски тынышлық сааты екен. Палатада мен қатарлы бир жигит және еки жас өспирим бар екен. Олар мени орныма бараман дегенше көзлери менен гүзетип қойды. Гүлшийра мени төрдеги жыйнақлы турған кроватқа алып келди.

— Жатып дем алың.

Мен затларымды тумбочкаға жайламақшы болдым, қыз қолымдағы сумканы алды.

— Кейин жыйнайсыз, жатың.

Нәйлаж буйрыққа бойсынып, кәтке созылдым.

— Енди уйқылаң, — деди ол мурнымның ушынан бийазар ғана шымшып.

— Уйықла-а!— деди соң әсте сыбырлап.

Сыбырланып айтылған бул сөз мениң тула беденимди жымбырлатып, көзим уйқыға кеткенше мийимде тәкирарланды.

— Уйқыла...

— Уйқыла...

## 2

Бир ҳәптеден берги аўырыўдың ҳазары емлеўханаға келгенимди билгендей, пәсейейин деди. Оның үстине гүзги атыз жумысларынан шаршап жүрген болсам керек, силем қатып уйқылап қалыппан. Кимлердиңдур түсиниксиз ўағырлысы менен тәртипсиз күлкилеринен ояндым. Бөлме иши ала көлеңке. Қатар қойылған кәтлерде ортаға тумбочка қойып, үш жигит соқта ойнап отыр. Алдыларында кишкене фонарик. Сонда барып бағана докторға көрингеним, Гүлшийра деген мийирбийке қыздың усы жерге әкелип жатқарып кеткени ҳәм көз астыларынан мени орныма барғанша гүзетип қойған палаталасларым есиме түсти.

— Берме, тузды, берме! Ўах-әй, айтып атырман-ғо саған!

— Болмаса, жаўып жибереди-дә!

— Жаўмайды.

— Ҳәй, бул не шаўқым?! Ҳәзир докторға айтып соқтаңызды жыйнатып алдыраман. — Бул, есиктен шыра көтерип келген Гүлшийраның даўысы еди. Жигитлер бир заман тынышланып қалды.

— Қәне, жыйнаң, жыйнаң! — Гүлшийра жол бойы палатадағыларға тәртип бериў менен қолындағы шыраны мениң тумбамның үстине қойды.

— Ояндың ба, Әлип дәў! — деди ол мениң уйқы аралас шала ашылып турған көзлериме қарап.

— Аўа, — деп әсте ғана мақулладым.

— Қаттырақ сөйлесе, жигит қусап!

— Қызға қарап қатты сөйлеўге бола ма?! — Палатадағылардың бири мениң тәрепимди алған болды.

— Ҳәй, Жийенғалий! Бул жигит сеннен гәп үйренбейди. Ашылысып, үйренип алсын. Қәне, қолыңды тут! — Гүлшийра мениң алақаныма бир таблетка салды.

— Бир уртлам суў бериң, дәри ишип алсын!

Жийенғалий ярым кесадай суўыған шай усынды.

— Ишип жибер. Мезгилинен бир саат өтип кетти. Бағана ишиўиң керек еди. Келсем, маңқыйып уйқылап атырсаң. Оятыўға көзим қыймады.

— Бизлер-әм оятыўға көзимиз қыймай, қырғаўыл төселген палаўды өзлеримиз жеп қойдық.

Палатадағылар қосыла күлди.

— Ғарқ етипсиз! — деди Гүлшийра сәл қабақ шытып. — Бала емессиз-ғо, бир-бириңизден жасырып аўқат жейтуғын.

Соң маған екинши таблетканы усынды.

— Зыяны жоқ, сени өзим тойдыраман.

— Қәйтип? — деди Жийенғалийдиң қасындағы жас балалардың бири.

— Не қыласыз қәйтип екенин?! Аўқаттан басқа да жоллары бар.

Гүлшийра төбемде турып төрт таблетка ишкизди. Соң шыраны көтерип, жүзиме тақап, назлы жымыйды. Бетиме моржаның ҳәўири урып өзимди сәл кейин алдым.

— Тоқта, тоқта, — деди Гүлшийра шыраны еле де жақынлатып. Соң шеп қолының суқ бармағы менен мурнымның шеп қапталын сыйпалады.

— Мурныңның үстинде қал бар-ғо! Туўма қал ма?

— Туўма қал.

— Жүзинде қалы бар жигиттиң келиншеги сулыў болады, — деди соң назлы күлип.

— Ырас па?

— Ырас. Лекин, сениң келиншегиң сулыў емес-тә.

Ол кейинги гәпти айтқанда қандай да бир лийкин менен күлимсиреп, шырасын көтерип шығып кетти.

— Ҳаялыңды таный ма? — деди Жийенғалий маған қарай бурылып. Соң сәлемлесиў ушын қол созды. Кейин арғы кроваттағы еки бала да келип сәлемлести.

— Ҳаялым жоқ.

— Үйленбедиң бе?

— Яқ.

— Бүйерде бир гәп ба-ар, — деди баллардың биреўи. — Ол «сениң келиншегиң сулыў емес» деп сизиң ҳаялыңыздың орнына өзин қойып айтты.

— Өзи не, сулыў емес пе?

— Қаяғы сулыў! Мурны қолабадай! Жудырығы шоқмардай.

— Әй, баллар, «пышық бойы жетпей сасық» дейди деген. Ол сен қусағанларды мисе тутайын деп жүрген жоқ, қағып жиберсе бөксеси менен урып жығады. Бойды қара, сынды қара, көлдиң жылқысындай! — Жийенғалий оларды қайтарып таслады.

— Аяқларын айтпайсаң ба? — деди бағанағы бала еле де бос келмей. — Бир тепкенде атты өлтиреди.

— Ашыўы келсе байын-әм өлтирип қоятуғын шығар онда.

— Қудай сақлағай! Мен өзим үйленеғойсам, қолтығымнан бийик келетуғын нашарды алмайман.

— Ўәй, палапанлар-ә-әй, сизлерге нашарға мин тағыўды ким қойыпты. Ҳаял қанша дәў бола берсин, еркектиң алдында майысқақ шыбықтай болады.

— Тап усы Гүлшийраң майыспайды!

— Жора, атың ким? — деди Жийенғалий ўарсақы гәпке ноқат қойып. — Мениң атым Жийенғалий. Жасым жигирма бесте. Он бириши аўылдан келдим. Дүкәншыман.

— Қатар екенбиз. Атым Мәмбетназар. Баслаўыш класс муғаллимимен.

— Мына екеўи палапан, — деди Жийенғалий қасындағы балаларды көрсетип. — Ала пенжекли Аман деген, анаўсы Орақбай. Екеўи де өкпесин «ремонтлатып» атыр. Келген ўақытларында еркелетип бир-еки аўыз ҳәзил айтағойып едим, енди мениң менен жездесиндей ойнайды.

— Еле де жезде болағойса, — деди Орақбай күлип.

— Үйдеги кишеңди не қыламан?

Усы ўақытлары жарқ етип свет жанды.

— О-о! — деп даўыслап қоя берди Аман. — Палатаға Гүлшийра кирип келгендей болды-ғо.

— Гүлшийра келген менен жай жарық бола ма? Ол қара-ғо!

— Онша қара емес-әй, бууўдай рең!

— Тандырдан жаңа шыққан бийдай нандай-ә!

— Пах-пах!

Есик ашылды.

— Наза-ар! — деди Гүлшийра қапыдан қыялап бас суғып.

— Бул жерде Назар деген адам жоқ, басқа палатаға кирип қалған жоқсаң ба? — деди Жийенғалий.

— Ақылдан адасқан шығарман, жүдә! — Соң маған қарап басын ийзеди. — Жүр, сени тойдырып қайтаман.

— Яғаў, аш емеспен!

— Жүр, жүр! Қыздай наз ете берме!

Мен қасымдағы жигитлерден қысынсам да, найлаж пенжегимди желбигей салып, палатадан шықтым. Шықсам Гүлшийраның қолында үлкен домалақ жылтыр қуты бар екен.

— Автоклабқа[1] барып қайтамыз, — деди ол қолындағы қутыны көрсетип. — Шприц қайнатамыз.

Автоклаб онша узақ емес екен. Барғанша я ол, я мен хеш нәрсе деп аўыз ашпадық. Қутыны аўызда бир мийирбийке қабыллап алды.

— Айланып келесиз бе? — деди Гүлшийраға.

— Яқ, күтип отырамыз, — деди Гүлшийра. — Айланып келемен деп жүргенде жигитимди жойтып аларман.

Қыз сырлы пишинде күлди де, есикти жапты.

---

[1]Автоклаб — бир мәртелик шприцлар шықпастан бурынғы шийше шприцлер стерилизация етилетуғын орайластырылған орын.

Биз автоклабтың арт бетине қойылған ағаш скамейкаға отырдық. Бул жерге узақтан емески сәўле түсер, оны да адам бойынан асып кеткен орысы сипсе самал менен тербетилип тез-тез жаўып турар еди.

Отырмыз. Я онда, я менде үн жоқ.

— Тақан жедиң бе? — деди бир ўақта Гүлшийра күлип.

— Яқ.

— Онда неге үндемейсең?

— Уялып отырман.

— Кимнен?

— Жаңағы қыздан.

— Меннен шығар десем... — деп сәл бултыйған болды. — Оннан не деп уяласаң?

— Жигитим деп жибердиң-ғо оған.

— Жигитим болғың келмей ме?

— ...қәйдем.

— Баяғанағы доктор кейин бақырмады ма? — дедим кейин басқа гәп аўзыма түспей.

— Әсет аға ма? Оның бисмилласы-ғо, «жигит таўып беремен, байға берип жиберемен».

— Лекин, сиз... қаттырақ қайтарып тасладыңыз.

— «Сәлемине қарай алиги»... Бирақ, ондай гәплерди елестирмейди ол. Өзи орыс тәбиятлы адам. «Әсет орыс» деген лақабы бар. Қатты саўатлы доктор. Лекин, маңлайға сыймайтуғын түри бар.

— Ҳе?

— Кетип қалажақ.

— Қаяққа?

— Бир жақларға! Ҳаялы лолы ма, парсий миллет пе, билмеймен. Еки гәпиниң биринде «Әсетти об кетаман», — дейди.

— Ҳаялы әкетемен дегенге кете бере ме?

— Қорқады. Өл деп қорқады ҳаялынан. Ҳаялын көрсең еди, қорықса гөрге, сондай сулыў-аў! Тап ҳинд қызларына усайды.

— Ҳинд қызлары сулыў бола ма?

— Енди не?Ританы көрмейсең бе, Раж Капурдың сүйиклиси.

Мен үндемей қалдым. Ырасын айтсам, менРитаны ҳеш сулыў деп қыялыма келтирмегенмен. Оның абырайын көтерип турған фильмниң жақсылығы еди.

— Ҳе, жаман көресең бе,Ританы? — деди Гүлшийра маған қарай бурылып.

— Яқ. — Ол қыялыма келген пикирди билип қойғандай сескенип, шалт жуўап бердим.

— Онда неге үндемей қалдың?

— Биреўлерди Ритаға уқсаттым.

— Кимди-и? — Гүлшийра қызықсынып қалды. — Мен таныйман ба?

— Таныйсаң.

— Ким ол? Қаяқта ислейди? Айтағойшы, ынтықтыра бермей.

— Усы дөгеректе.

— Жаңағы қыз ба?

Мен мырс етип күлдим.

— Айтпасаң түргеп кетемен.

— ОндаРитаны жойтып алады екенмен-дә!

Гүлшийра бир мәўрит түсинбей турды да, соң шақалақ атып күлип жиберди. Қатты шад болып күлди ол. Өзин қуўаныш қушағында көрип күлди. Қысыныспадан аңсат шығып алғаныма бойым жеп-жеңил болды.

— Мениң қәйерим усайды Ритаға?

— Көп жериңиз.

— Мәселен?

— Мәселен, шаш пардозыңыз, мурныңыздың узын ҳәм сүйкимлилиги...

— Узын мурын сүйкимли бола ма?

— Қайдам, маған солай сезиледи.

— Және?

— Және, ләбиңиздиң қалың ҳәм узынлығы.

Гүлшийра күлген аўзын жыйып алды.

— Гүлшийра-а! — деди автоклабтан бағанағы қыз шығып. — Болды, алып кетиң.

Гүлшийра орнынан атып турып, есикке барды да, қайнаған шприцлер салынған қутыны алды.

— Ана жигитке берсеш, — деди қыз.

— Яқ, өзим көтеремен. Бул жигит кесел!

Бул меннен ашыўын алыў ушын айтылған сөз еди.

— Неге қапа болдың? — дедим оның үнсиз киятырғанына шыдамай.

— Ҳеш, өзим.

— Ҳеш өзиң емес! Айт, мениң гүнам не?!

Ол бир заман үнсиз қалды. Соң:

— Сен мениң ләбимниң қалыңлығына, аўзымның үлкенлигине күлдиң! — деди.

— Ақыры, халықта «аўзы үлкен аслы болады» деген гәп бар ғой. Буның неси жаман?

—Аўзымды асқа толтырғандай бир еркек табылып қалар!

Қыз баланы қапа етип алғаныма ишлей қатты қынжылып кеттим.

— Мен сизиң Ритаға усаған тәреплериңизди айттым-ғо, — дедим илажы барынша кеўлин алмақшы болып.

— Ондай болса мен бүгиннен баслап Ритаға усамайман! Ританы жаман көремен!

— Онда мен де жаман көремен. Бармағыңды әкел жарасамыз! — дедим өзимниң шунатай бармағымды созып. Ол пырқ етип күлип жиберди.

— Кишкентай бала болдың-аў!... — Соның менен ара жумсарғандай болды.

Ол палатаның аўзына келгенде қулағыма бир нәрсе сыбырлады. Мен мақуллап бас ийзедим.

— Қалай, жора, Гүлшийра тойдырды ма? — деди Жийенғалий мен есиктен кириўден.

Қалған баллар да қарап қалмады.

— Жүзине қан жуўырыпты-ғо, тойған болса керек.

— Аўқатқа ма, посаға ма?

— Посаға-дә! Гүлшийраның далада асып қойған қазаны бар ма?

Олар өзлери саўал берип, және мен ушын өзлери жуўап берер еди.

Мен баҳана, бираз ўақытқа дейин гәп Гүлшийра ҳаққында кетти.

— Ўақты жетип, писип турған нашар, — деди Жийенғалий оған баҳа берип. — Есикке жарасады. Бой десең бой, сын десең сын.

— Мениңше оған жудырығы тоқпақтай, жаўырыны қақпақтай жигит керек, — деди Аман. — Ол анаў-мынаў пәжмүрде еркегинди писент етпейди!

— Ўай, ташенек-әй, биледи я?! — деди Жийенғалий күлип. — Ҳақыйқатында да, ол ғайбар, айбатлы еркеклерди жақсы көретуғын нашарға усайды. Қолларын қысқанда сықырлап кетсе аўырсынбайды, ҳәз етеди... Қәйдем енди, саған ықласы кетип турғандай. Лекин, кеўлиңе келмесин, сен ол нашардың дийдиндеги жигит емессең, сыпайы көринесең.

Бираздан кейин санитарка есиктен үңилди.

— Сизди доктор шақырып атыр, — деди маған.

— Қолдан қолға тиймейтуғын әширепи кесел болдың-аў! — деди палатадағылар күлип.

Доктордың бөлмесине ийменип кирип барсам, ортаға журнал жаятуғын стол қойылған. Стол үстинде таўық салынған палаў. Қара шай демленген.

— Отыр, ҳәзир Гүлшийра келеди, — деп атыр санитарка.

— Доктор жоқ па?

— Доктор — Гүлшийра! — деп күлди санитарка. Соның арасынша Гүлшийра да кирип келди.

— Сәнем, алтыншы палатадағы қыздың системасына қарап туршы,— деди санитаркаға. — Аўқаттан пайыңды қояман.

— Қәне, мийман, аўқаттан ал! — деди маған сыйлы қонақ күтип атырған үй ийесине уқсап.

— Дәслеп Ритадан болсын!

— Ританы жаман көремен дедим-ғо, сизге!

— О-о, кеширерсиз! Енди қайталанбайды.

— Бағана сени өзим тойдыраман дегеним есиңде ме?

— Есимде. Лекин, мен аўқат пенен деп ойламаппан.

— Ҳи-им! — деп наз бенен күлди ол. — Дәмең Қултайдың дәмесиндей-ә! Түйеге жантақ керек болса мойнын созады. Ҳәзирше палаўдан ала бер.

Жүрегим дыз-з етип кетти. Тула бойымды бир қуўаныш сезими бийлеп алғандай болды ҳәм ол сол заматы-ақ өкинишке айланды. Өзимниң шунатай бармақ айқастырыўдан арыға өте алмаған натықлығыма ренжидим.

Буннан кейин гәпимиз қуўыспады. Екеўмиз бир-биримизден уялып, сызылып палаў жеп отырдық. Гүлшийра қанша

шоқ минезли болса да, дастурқан үстинде қыз балаларға тән ийбе сақлады. Соның арасында-ақ бираз ўақыт өтип кеткен болса керек. Санитарка қайтып келди.

— Неғылды?

— Қасындағы әжапасы алды системасын. Доктор екен-ғо.

— Ертең шағым етип жүрмесе болды-ғо. Мен жигитимди жалғыз таслап кетиўге көзим қыймады.

— Бекем бол.

— Әлбетте, бекем боламан!

Ара сәл жеңиллести. Үшинши адам мени тартыншақлықтан қутқарғандай болды.

Ойын күлки менен палаў да, қара шай да сиңип кетти.

— Бағанағыны умытпайсаң-ғо я? — деди Гүлшийра шығып баратырғанымда.

— Умытпайман.

— Азанда айтып бересең!

— Көрсем.

Ол бағана қулағыма «майкинди терис аўдарып кийип жат» деп сыбырлаған еди. Лекин, мен олай ислемедим. Түн бойы ол ҳаққында түс те көрмедим. Гүлшийраға ертең азанда айтып бергендей гәпим де жоқ еди.

## 3

Азанда орнымыздан турар-турмастан санитаркаларға пырлас тийди. Айналарды, қапыларды ашып таслады.

— Төсеклериңизди жыйнаң, турың!

Бири кетсе, бири келеди. Бири кетсе, бири келеди.

— Кесе-шәйнегиңизди де жыйнамағансыз. Ҳә, усы еркек баллар жатқан жер... Қашан көрсең ыбырсып атады.

— Алмаш, шық, доктор киятыр.

Санитарка қолындағы сийле менен мениң тумбочкамның үстин бир сыйырды да, жуўырып шығып кетти. Изинше палатаға Әсет аға кирди.

— Қалайсызлар?

— Жақсы.

Ол Орақбайдың қасына келип отырды.

— Сениң жағдайың қалай?

— Аттай, аға!

— Қашан адамдай боласаң?

— Өзиңиз «еле аттай болып кетесең» дедиңиз-ғо.

— Ҳә, сени ме... Жүзинди есикке қаратып артыңнан бир тебетуғын ўақыт болып қалыпты.

— Онда бүгин шығаман ба?

— Асықпа. Аман екеўиңиздиң қосығыңызды бир айтамыз.

Ол Жийенғалий менен Аманға ужыбатлы ҳеш нәрсе айтпады, ҳәзиллеспеди де.

— А-ал, муғаллим жора, сениң аўҳалың қалай? — деди бизиң кроваттың ернегине отырып. — Бөтеке орнында ма?

— Билмеймен. Доктордан қорқа ма, қаяқта турғаны да билинбей қалды.

— Ҳә, солай болсын. Қәне, дүстөмениңе жат. Енди берман аўдарыл. — Ол мениң бүйириме үш бармағын қойып, екинши қолының сук бармағы менен қатты-қатты урып көрди.

— Аўыра ма?

— Аўа.

— Демек, бөтекең бар. Аўырыў да бар. Ол бир буйынтықта жасырынийып жатырыпты меннен қорқып. Оны тәўбеге келтириўимиз керек.

Доктор обход ислеп болып шығып кетти. Азанғы шай ҳалқастан кейин кроватқа қыйсайып едим, уйқылап кетиппен.

— Уколға-а! — деп дәлизден бақырып өткен даўыстан ояндым. Саатыма қарасам, күн түске шамалап қалыпты.

Көзимди уўқалаўым менен шаншыўханаға бардым. Укол салып турған мийирбийке әдеўир сары қарың болып қалған жасы үлкен ҳаял екен.

— Ҳим, жаңа турып атырсаң ба? — деди таңланып.

Мениң орныма сол жерде уколға пайдаланылған пахталар, ләттеге айланған винтлердиң қалдықларын жыйнап жүрген санитарка жуўап берди.

— Өзи, тазадан келген бийтаплар үш күнге дейин тынбай уйқылайды.

—Шаршағаны шығып атады-дә! Жумыста жүргенде биз-әм билмеймиз. Кеште төсекке қыйсайыўымыз бенен аўзымыздан суўымыз ағып қалады-ғо. Тап бир «Қызкеткен»ниң қазыўынан келгендей.

Санитарканың бағанағы гәпи ырас екен. Түстен кейинги «тихий час»қа жатқаннан, қараңғы түсип, свет жанғанда бир ояндым.

— Жора, бир ашылысып сөйлеспедик-әм, — деди мениң турғанымды көрип Жийенғалий. — Азанда уйқы, түсте уйқы, кеште уйқы...

— Еле үлгеремиз-ғо. Доктор бир-еки ай емленесең деп атыр.

Жигитлер изинен келген аўқатты маған қаратып ашпай отыр екен. Ортаға алып жеп алдық.

— Ал, ендиги мәселе не? — дедим мен аз да болса гәпке араласпақшы болып.

— «Қудай берген тынышлық, еки беслик, бир үшлик» деп жатыўдан басқа не талап бар! — Аманның жуўабы тайын екен.

— Муғаллим болсаң әжаға, анекдот айтып берсе, — деди Орақбай маған. — Бирақ, қызлар ҳаққында болсын.

— Мен анекдот билмеймен-аў!..

— Ҳа-аў, онда балларға қалай сабақ бересең? Бир-еки анекдот айтып берсең 45 минут демде өтеғояды. Бизиң әдебият муғаллим сабақты бәрҳа анекдоттан баслайды. Күле-күле ишегимиз аўырады.

— Мен айтып берейин бе анекдотты? — деди Аман бир түргелип отырып.

— Айт, айт.

— Тоғызыншыны ма, я жетиншини ме?

— Әй-әй, қой бала, — деди Жийенғалий бақырып. — Айтып атырғаныңда Айсара кирип қалса «тышқан тесиги мың теңге» болар. Сизлерге ҳеш гәп, бизлер Мәмбетназар екеўмиз уяламыз.

Шамасы, номерлеп қойған анекдотлары уят сөзге қурылған болса керек.

— Сахиев ким? — Есиктен санитарка кирип келди.

— Мен.

— Мә, азанда анализ тапсырасыз, үлкени-кишиси. Ритасы түспегир кеше айтыўды умытып кеткен.

— Ритасы ким? — деди Жийенғалий.

— Гүлшийра-дә! Өзин Ритаман деп кериледи-ғо жүдә!

— Енди ол Ритаман деп керилмейди. Ританы жек көретуғын болды, — дедим мен.

— Қашшан танысып үлгердиң бе? — деди санитарка маған сын нәзер таслап. — «Ғарғаның бир көзи оқта болса, бир көзи боқта» деген...

— Ҳәссений, ҳәзир доска менен пор болғанда ма, — деди Орақбай санитарка шығып кетиў бойына қуўжыңлап. Изин Аман алып кетти.

— Рита + Мәмбетназар деп нәҳән ҳәриплер менен жазып қойған болар едик.

— Әне, Мәмбетназар жора, булардың ҳәзилинен қашып қутыла алмайсаң. Сен-әм жездесине айландың!

— Неси бар, бизлердей қәйинлери болса!

— Ертең Гүлшийра келсин, руўын сорайман. Бәлким, ырастан да жезде болатуғын шығар.

— Ертең Гүлшийра келмейди, Гуля келеди.

— Бүгин Айсара турды я? Туўры, ертең Гуля келеди. Гуля аўырып қалып, орнына келеғоймас па екен?

«Қәнекей, онда» деп қойдым ишимнен. Қалай деген менен кешеги түн қушағындағы бир заман сөйлесиў ҳәм палаталасларымның оны гә сынап, гә мақтаўлары ҳәм изин әкелип маған шөгириўлери кеўлимде оған деген ҳәўеслик ойта баслаған еди.

## 4

Бүгинги күн таң азаннан ғалаўыт пенен басланды. Ерте турғанлар умывальникке бет-қолын жуўып келиўге ғана үлгерди. Кешиккенлер дәлизге шығыўға жүрексинбеди. Дәлизде ақ халат кийгенлердиң ҳәммеси гә ояққа, гә буяққа жуўырысар еди. Кимиси тамшы дәри үскенесин көтерген, кимиси дәри, кимиси тағы бир нәрсе. Қулласы, жан ҳалатта жуўырып жүрген адамлар.

— Жабың қапыңызды түўе! Ҳаў! Сизлерге тамаша керек!

— Палатаңызға кирип отырың, берекет тапқырлар! Буяқта биреў жаны менен ғай болып атыр!

Бул докторлардың емес, санитаркалардың ҳәмири еди. Олар ҳәзир өзлеринше «ең әҳмийетли постты» ийелеп тур. Олар кимдидур өлим тырнағынан аман алып қалып атыр. Оларға гәп қайтарыў яки мисе тутпай қараў жынаятқа қол урыў менен барабар сыяқлы еди. Соның ушын да, наўқаслар

жым. Олар бул аўҳалдың өзлеринде жүз бермегенине шүкирлик етип, демлерин ишине салып алған.

— Бийшара, және қысылып қалды-ә! — деди Жийенғалий көзлери қыпылықлап.

— Ким? — дедим мен бул жерде ҳеш кимди билмегенликтен.

— Он жетинши палатада Мәтякуб деген бала бар. Жүреги көйлегин көтерип таслап соғады, — Жийенғалийдиң орнына Аман жуўап қайтарды. Ол үстиндеги майкасын қолы менен тартып жиберип, тартып жиберип наўқастың ҳалын маған түсиндирген болды.

Мен келгели емлеўхана иши тым-тырыс еди. Бул жерде кеселлер емес, жумыстан шаршаған адамлар бир-еки күн үй машқаласынан қашып дем алып атырған сыяқлыдай еди. Ҳаяллар палатасында түрли жақтан өтирик-өсекти гүжитип, еркеклер бетте болса ишек-үзер анекдотлар айтылып атырған кеўилли дем алыс орайына уқсап еди маған бул жер. Өзимниң оң бүйиримде шандырдай тартылып туратуғын бел тамырымның да, кесектей түйнеген бүйрегимниң аўырыўын да умытып кеткен едим. Аўырыў докторды көрип қашып кеткендей еди кеўлиме. Бүгин болса басқаша. Азан менен ҳәммениң көзлеринде ҳүрей бар. Биреў-биреўине жеңил-желпи гәп айтып салыўдан тартынады. Ҳәзилдиң, ойын-дәлкектиң қобы келип турған жоқ ҳәзир.

Бир мәҳәл дәлизден темир дегершикли қол арба аўыр нәрсени көтерип полды дирилдетип өтти.

— Кислород апаратыр! — деди Жийенғалий.

— «Көпшик» жетпей қалған-дә!

— Мүйеште узын көк баллон турады да қоятуғын еди, не екен десем...сол кислород па?!

— Усы сапары кетип қалмаса болғаны-ғо...

— Анасына қыйын болды. Анасы көтере алмайды оны.

— Ондай деме. Қудай басқа салса ҳәммесин де көтереди.

Палатадағы алды мениң менен жас, кейни «палапан» атанып жүрген жас баллар бирден есейип, көпти көрген карияларға усап қалды. Олардың қасында тек мен ғана «жасыман». Себеби, мен бул жерде жаңаман. Жүреги көйлегин көтерип соғатуғын Мәтякубты да, удайы оның басында болып атырған сорлы анасын да танымайман. Ҳаўа

толтыратуғын көпшикти де, бир мүйеште мудамы сүйеўли туратуғын кислород баллонды да көрмегенмен. Бир сөз бенен айтқанда бийтаныс журтқа тосаттан келип қалған кимсеге усар едим.

Бираз ўақыттан кейин дәлиздеги жуўырыспалар тоқтады. Аспаз ҳаял азанғы гүришли кашаны сырлы шелек пенен палатаға алып келди.

— Кеселериңизди таярлаң! — деди темир шөмишин қолайлап.

— Не қылды? — Жийенғалий кеселерди таярлап жүрип болып атырған аўҳалды сорады.

— Қайдем, баллар! Қудай аясын! Бизлер ояққа жақынламаймыз-ғо. Дуқтырлар бизлерге «аўқатларын палаталарға тарқатың, шаўқым салмаң» — деди.

Емлеўханадағы кеўилсизлик түске таман толық тынды. Санитаркалар сипсе-шелегин көтерип, палаталарға келди.

— Сыртқа шығың, тазалап алайық.

— Не болды, Матякубтиң аўҳалы?

— Алла таала кемпир байғусты аяды, және бир мәрте таслап кетти.

Мен биринширлерден болып дәлизге шығыўға асықтым. Ырасын айтсам, өлим ҳалатында жатырған бала да, оның қорқыныштан жаны қыл үстинде турған анасы да мен ушын әлле ким еди. «Туўғаныңды көргеним жоқ, өлгениңе жыламайман» — деген мен болдым усы сапары.

Түстиң алдында апам изимнен аўқат алып келди. Ол ҳәммемизди түўеллеп болып аўқат қуйды.

— Жеп алың, балнисаның аўқатының күши болмайды, — деп ҳәр биримиздиң ишкенимизге қумарланып қарап отырды.

— Бүйрегиңди қаяқта аязлатып жүрсең, балам-аў?

Апам мениң бөтеке аўырыўына шалынғанымды еситип, қатты қапа болып қалды.

— Ана бирде мөлдек салыдан айланып едим, жалаңаяқ...

— Ҳә, салысы түссин! Жезделнниң таўып жүргени-ғо... Палаўлық гүришти базардан алып жегенде жарлы түсемиз бе?

Ҳақыйқатында да, жездемиз Қарлыбай менен пахта егистен қалып қойған жерге шериклесип салы егип едик. Азанғы шық пенен айланғанымда баслап атырған салы зейнимди

ашып, қанша жүргенимди билмеймен. Аяғымның астындағы ызғар топырақ, пахсаға атыўға таяр турған пискен ылайдай табаныма шылп-шылп жабысар еди. Сондай жағымлы еди ол бирақ. Негедур сол жағымлы ызғар бир ҳәптеден кейин күшин көрсетти. Қуўығымнан киши дәретиме араласып қан тамшылады.

Бөтекемниң неге аязлағанын келген күнниң ертеңине Әсет докторға майдалап айтып бергенмен. Айтпасыма қоймады.

— Бунның несин жасырасаң?! — деди ол ийниме урып. — Мен бир бузықшылық еткен шығар десем... Дурыс, пахтаның орнына салы еккенсең! Ертең аўыл кеңести, нәликшини, милийсаны шақырамыз. Салыңды, үйиңдеги малыңды қатлап, бойыңды жеңиллетип береди.

— Ойнап атырман, — деди соң мениң арқамнан қағып. — Айтпайман ҳеш кимге! Өзи, саўатлы адам қорқақ болады. Қәнекей, ҳәрип танымайтуғын қызылдың аржағындағы шопан болар ма едиң. Әй, ондай адам аўырмайды-әм!

Апамды дәрўазаға дейин шығарып салдым.

— Ертең не әкелейин?

— Ҳеш нәрсе керек емес.

Ол дәрўазаға барып, және изине бурылды.

— Балам, инстотта несийбеңди салмады. Бүйерде қыз көп екен. Жайнаған ақ халат, көзим қызып кетти. Мени қартайғанда дуқтыр келинли етсең, ертең аўырарым бар, сызларым бар...

— Көрермиз, апа, — дедим күлип. — Таярлығың бар ма еди?

— Бир арша толтырып қойыппан шүберек-шаршыға! Бу қурақум аўзыңнан тәўир гәп шықты-ғо. Барған соң және бир-бир тақлап шығаман. Мода деген бәле бар-ғо.

Апамның «қартайғанда дуқтыр келинли етсең» дегенинде қыялымда дәрҳәл Гүлшийраның келбети пайда болған еди. «Таярлығың бар ма еди?» дегенди де сол ушын исенимли түрде айттым. Кеўлимде Гүлшийраны ҳәммеден қызғаныў, оны тезирек меншиклеў сезими де пайда бола баслады.

— Яқшы, бара ғой, балам, дуқтырларың излеп қалар.

— Сақиев, буяққа кел! — Посттағы мийирбийке қыз туў анадайдан атымды айтып шақырды.

Бардым. Сары сынлыдан келген, көзлери көкшил, шашлары ақшыл сары, бир сөз бенен айтқанда сөйлемесе қарақалпақ қызы деп ҳеш ойламайсаң.

— Азанғы дәрилеринди иштиң бе? — деди ол маған.

— Иштим.

— Мә, мынаў түстегиси. Қосыўыслап урып жиберме, бөлип-бөлип иш, арасы он минуттан.

Дәримди қысымлап изге қайттым.

— Мәмбет, — деп даўыслады изимнен тағы. Мен изиме бурылмадым. Кимдур бар шығар, «Мамбет» деген.

— Сахиев? — деди кейин және изимнен: — Не шақырса қарамайсаң?.

Астапыралла, не болды өзи? Биреўи Назар дейди, биреўи Мәмбет дейди, атымды қосып айтатуғын адам бар ма өзи?!

— Берман кел, бир зат айтаман.

Мен изге қайттым.

— Алтыншы палатадағы қызды таныйсаң ба? — деди ол маған күле шырай менен саўал берип.

— Ким қыз?

— Ырас танымайсаң ба?

— Ҳеш кимди танымайман.

— Ҳа-аў.. Ол сен былай өтсең-әм, олай өтсең-әм есиктиң пердесин түрип изиңнен телмирип қарап қалады-ғо! Жүректен урдың ба деймен?

— Келгеним кеше болса... Ҳеш ким менен сөйлеспесем.

— Мени айтты дерсең еле, сен оған унап қалғансаң. Ҳәзир оның әбисәрең ўақты, бир жақсы көрип қалса делбедей жақсы көреди олар. Басымыздан өтти-ғо.

— Қашан? Жақын арада ма? — деп күлдим мен.

— Не?! — деп тесилип қарады ол маған. — Қыз бенен қатынды айыра алмайсаң ба? Туңғыш қызым екиншиге өтти-ғо.

— Усамайсыз!

— Хошамет етпей-ақ-ғо! Меннен саған пайда жоқ. Оннанша алтыншы палатадағы қыздың атын билип ал.

— Гули! — Бул Әсет доктордың даўысы еди.

— Ҳәзир! Шаптым! — деп ол орнынан ушып турды. — Бар енди, орныңа. Постта көп тура берме, бизлерге гәп келтиресең. Кеште он үшинши палатаға бар.

— Ҳе?

— Ўақтында билесең.

Он үшинши палатада не болады, не қояды, ол маған жумбақ еди. Гуляның айланып келиўин күтиўге тартындым. «Ойынның азы жақсы». Енди оның ашыўына тийип алыўым мүмкин.

Кеўлим алғаў-далғаў болды. Гүлшийра — алтыншы палата! Гүлшийра — алтыншы палата! Мен өзи аўырып келдим бе, я қыз көриўге келдим бе? Қандай ерме адамға уқсап баратырман? Анамды ҳәзир ғана үмитлендирип жиберген болсам. Оның үстине Гүлшийраның да ыңғайы жоқ емес. Ал, Гуля болса ханнан қәперсиз, өзинше гәп таўып тур.

Күндизги дем алыс саатын кирпик илиндирмей атқардым. Қыялымда еки сүўрет — биреўи Гүлшийра, екиншиси қандайдур анық емес сүлдер. Маған белгисиз болған, лекин, әбисереӊ ақ көкирек, үлбиреген жас қыздың келбети.

Көз алдыма келтиргим келеди. Негедур ол жоқ. Гүлшийра көлденең турып алады. Автоклаб жанында сөйлескен бес-алты аўыз сөзди тәкирарлап еслеймен.

— Әсеттиң ҳаялы ҳинд қызларындай сулыў.

— Ҳинд қызлары сулыў ма?

— Енди не? Ританы көрмейсең бе, Раж Капурдың сүйиклиси.

— Сиз де Ритаға усайсыз?

— Қәйерлерим?

Буннан кейинги жағын еслемеўге урынаман. Оның қапа болып, қабағы салынып кеткенин қыялымда болса да көргим келмейди. Енди анамның гәплери қыялымнан өтеди.

— Қартайғанда мени дуқтыр келинли ет, аўырарым бар, сызларым бар.

Көз алдымда және Гүлшийраның келбети пайда болады да, бирақ ол аўылды менсинбейтуғындай, мениң пәжмүрде анамды мисе тутпайтуғындай болып көринеди.

— «Жүрисине қарамайсыз ба, көлдиң жылқысындай!»

— «Аяқларына қара, бир тепкенде атты өлтиреди»!

Бул гәплер палатадағылардың кеше Гүлшийраға берген баҳалары еди. Олар Гүлшийраның ғайратлы нашар екенин тәриплеў менен бирге «сен ҳалыңа қара, сендей жуўас

жигитти мүйешке тақап қояды» деп қорқытып атырғандай сезилер еди маған.

Және Гүлшийраның кешеги гәплери қыялымнан өтти.

— Бағана өзим тойдыраман дегеним есиңде ме?

— Түйеге жантақ керек болса мойнын созады.

«Тихийчас» тамам болды. Дәлизде олай-былай жүре басладым. Әлбетте, алтыншы палатаның айналы есигин көзден қашырмадым. Айнаға келте ғана көгис перде тутылған еди. Палатадан шығып туўры арғы басқа қарай өттим. Перде қылт етпеди. Қайтып өттим. Алтыншы палатада мисли өли тынышлық.

Еле дийдарын көрмеген бул «әбисереӊ қыз» мениӊ қыялымнан Гүлшийраны қуўып шықпақшыдай еди. Гуляның ол ҳаққында исендирип келип айтқан гәплери кеўлиме ғулғула сала баслады. «Қәйтсе де оны бир мәрте көриўим керек, перде артынан болса да...»

Изинше басқа ойлар кеўлимдеги татлы сезимлерди қуўып шығып, орнын кеўилсизлик ийеледи.

«Гуля мени ермек еткен! Негизинде мен еркек емес, тек еркек ылайдан соққан қуры сүлдермен! Биреўи «сениӊ келиншегиӊ сулыў емес» деп күстаны қылады, тағы биреўи қаяқтағы ойда жоқ қызды сыртымнан жабыстырғысы келеди. Ҳәммесиники жалған! Оларға мен жанлы қуўыршақпан. Түйип жиберсе де жыңғырлап барып, жығылмай түргеп отыратуғын «небаляшка»ман! Жүзимде қаталлық жоқ! Ийнимде периштем жоқ мениӊ! Сустым жоқ! Соның ушын да институтта ҳеш кыз қарамай, бос қайтқанман!»

Бир ўақта шеп жағымнан биреў ийни менен әсте қағып жиберди. Қарасам, Гуля екен.

— Аржағыңа қара! — деди әсте маған.

Сонда барып... Сонда бары-ып, көзиң жақсылық көрсин, «жерге түскен Ай»ды көрдим. Ол аспаннан емес, алтыншы палатаның айнасынан маған қарай сүзилип қарап турар еди. Қыз мениӊ бурылып қарағанымды сезип, дәрҳал перденi түсирип жиберди. Лекин, мениӊ көз алдымда усы ўақытқа дейин түсимде көрмеген, қыялыма келмеген, ҳеш бир сүўретши сүўретин уқшатып сала алмайтуғын әжайып бир периштениӊ келбети пайда болды.

Мен алтыншы палатаның аўзында қалша қатып қалыппан.

— Былай-былай жүр, уялмайсаң ба? — деп Гуля екинши мәрте ийнимнен қағып өткенде барып өзиме келдим.

— Кеште тоғыздан кейин он үшинши палатаға бар, кемпирлер бул қызды шақырып қосық айттырады, сонда жақсылап көрип аласаң, — деп қосып қойды ол.

«Еле қосық та айта ма? Сол сулыўлығы азлық еткендей, қосық айтатуғын да ҳөнери бар ма? Мениң тар маңлайыма жайғасар ма екен усынша бахыт?!»

Мен тоғызға дейин алтыншы палатаның алдынан мың мәрте өттим. Лекин, сол көк перде қыймылдамады. Жулып таслағым келди турған жеринен. Перде артында ол қанша жасырын болған сайын, мен сонша ынтық едим.

Коридор бойлап үнсиз, қыял сүрип өтемен. Сонда көз алдымда Гүлшийра пайда болады.

— Неғып жүрсең дәлизде, бар орныңа жат! — деп жекиринеди ол маған. — Ертең бара берейин, ол шаяның қарасын өширемен!

«Не деген тилиң ашшы я, Гүлшийра! Қыз бала да сондай бола ма? Байы менен урысқан шарбая қатынлардай бажылдайсаң!»

Бийшара Гүлшийраға ҳеш жерде ҳеш теңе жоқ, қыялымнан ғәремет сөзлер жаўар еди. Ол енди маған дүньяда өзинен басқа нашар атлының бәрин деми менен күйдирип жиберетуғын әйдарҳаға усап барар еди. Маған не болды? Не қусап баратырман? Жинли болып кетежақпан ба? Саған Гүлшийра да, алтыншы палатадағы қыз да бир нәрсе деген жоқ ғой. Бәлким, ол қыз сени ойлап та жүрген жоқ шығар? Терезеден қараса не болыпты? Саған қарап па ол? Мүмкин, басқа нәрсеге қараған шығар!

Қулласы, қыялымдағы мыңсан ойлар менен басым мең-зең болды. Күн батыўға мейил бергенде тысқа шығып кеттим. Ырасын айтсам, саат тоғызға таман адамлардың он үшинши палатаға қарай жылысып баратырғанын көриўге, ең қыйыны Гуляның «жүр, саған бағанағы қызды көрсетемен» деп қолтығымнан тартып кетиўинен қысындым. Бул қолынан келеди оның!

Тыста қанша жүргенимди билмеймен, айланып келсем мениң тумбочкамның үстинде лаўабы кеса толы палаў тур. Еле суўымапты.

Жийенғалий менен Аманның кроватының ортасында тумбочка үстинде сүлги менен шала-шарпы бастырылған табақ тур. Дөгерегинде ири-ири туўралған қыяр қалдықлары тарелканың ишинде шашылып атыр. Еркек дастурханның буннан артық қандай сәни болсын. Соған қарап кимниңдур изинен палаў келген де, олар мениң қаяққа кеткенимди билмей, пайымды кесаға салып, өзлери пайына тийгенин жеп кеткен қусайды.

Аўқатқа онша иштейим болмады. Оның үстине үйде де бир өзим аўқатланып көрген емеспен. Гейде түнлетип кеш келсем, апамды оятаман.

— Апа, мен аўқат жеп алайын, қасымда отыр, — деймен жалынып.

— Балам-аў, нәмнаған жигит болсаң да, қылықларың нәрестедей-аў, — деп күлип қасыма келип отырады. Ишкиси келмесе де кеўлим ушын бир кеса-еки кеса шай ишеди.

— Үйленеғойсаң балам, анаңнан узақласасаң! — дейтуғын еди ол гейде. Апам бул гәпти негедур кеўилсиз айтады.

— Неге? — деп сорайман таңланып: — Неге узақласаман?

— Кеш келсең аўқатыңды келин жылытып береди. Қасыңда отырып шай қуяды. Қаяққа барып, қаяқтан келгениңди сорайды. Сөйтип, әсте-әсте анаңнан узақласа бересең.

— Яқ, ҳеш қандай-әм, апа. Бәри бир аўқатымды сениң қасыңа келип жеймен.

— Бәрекелла, шырағым, айтқаның-ақ болып қалды.

Апам бәри бир бул гәпти исенимсиз айтар еди.

Лаўабы кеса толы палаўды тумбочканың ишине қояр екенмен, бир мәўрит сол ўақыялар есиме түсип кетти.

Әсте дәлизге шықтым. Ҳәмме жақ тыр-тым. Емлеўхана бир жаққа көшип кеткендей. Тек дәлиздиң арғы басындағы қапысы ашық турған палатаның аўзында онлаған адам үймелесип тур. Олардың жасы үлкенлеўлери дәлизге қойылған тапшанға тығылысып отыр, қалғанлары түргелип тур. Ашық турған қапыдан қандайдур бир жағымлы ҳаўаз қулағыма шалынды. Бул бағанағы Гуля айтқан он үшинши

палата ҳәм кемпирлер шақырып алған алтыншы палатадағы қыздың ҳаўазы еди.

Ҳеш кимге кесент етпеў ушын аяғымды санап басып, палата алдындағы адамларға қосылдым.

— Қаяққа кетип қалдың? — деди Жийенғалий әсте.

— Сыртта жүрдим.

— Ишке кир, Мәмбетназар аға, себеп пенен қосықшы қызды көресең. Гүлшийра бунның қасында...

— Тс-с! — Жийенғалий оны тоқтатып қалды. Болмаса, қудай билсин қандай теңеў айтайын деп турғанын.

— Әй, баллар, балық базарды тоқтатың, қосық тыңлайық.

Әңгимеге себепши болғаныма қысынып, есик аўзында турғанлардан бир адым ары өтип кеттим. Сол пайыт есик беттеги кроваттың ернегинде отырған Гуля мени көрип қалды.

— Берман кел, берман кел, ишке кир! — деди өрли-ғурлы қолы менен ымлап.

— Бар, бар! — Жийенғалий ийнимнен ийтерди.

Мен нәйлаж ишке бир адым аттым.

Қосық лаппа тоқтады. Сонда мен биринши мәрте бағана перде артынан жаўдырап турған қара көзлерди анық көрдим. Оның шеп ийнине бир бурым етип жиберип қойған қолаң шашы тана мүйиз көкирегин жасырып бүйирине түсип турар еди. Басқалардың үстинде олпы-солпы көринетуғын емлеўхананың шымшық көз шыт көйлеги дарайыдай ийнине қуп жарасып тур. О-о, сонда мен нелерди қыял етпедим дейсең! Қолымнан келсе бир мәўритке шымшық көз шыт көйлек болғым келип кетти. Көкирегине түсип турған тақ бурымлы шашлары неге болмайман мен?! Ақыры, ол қәйерлерге бас қойып жатыр?!

Қыз наятый сулыў еди. Оғыры жас, үлбиреген, еле ҳәрре қонып үлгермеген ерик гүллериндей ҳәм сүйкимли, ҳәм аппақ! Оның жүзлери мөлдиреген булақ суўындай тынық ҳәм таза еди. Мейли, ол бир заман қосық айтпай-ақ қойсын, мен оның жүзлерине тойып-тойып қарап алайын. Ол маған азанға дейин, яқ, алты айға дейин, бәлким өмирлик азық болар! Татлы сезимлерден бийҳуш болып мен сол алтыншы палатаның алдынан кәле-кәлеме өте беремен! Керек болса, мийирбийкелерге жәрдемлесемен, санитаркалардың

шелеклерин босатып келемен. Әйтеўир, маған сол палатаның алдынан өткендей баҳана табылса болды.

— Қызым, неге тоқтап қалдың? — деди қызлардың аржағында отырған ақ жаўлықлы кемпир.

— Мына баладан уялған-ғо.

— Уялма шырағым, еле көптиң алдына шығып та айтасаң.

— Усы мына Гуля да жөнине отырмайды, «кел, кел» деп... Еркеклердиң бәри сыртта тур-ғо.

— Ҳе, еркексиз күниң бар ма?! — деди Гуля жаңағы гәпти айтқан келиншектиң аўзын жулып алғандай етип. — Байың еркек, балаң еркек, тағы не керек саған!

— Қоя ғой, шырағым, мына қыз баладан уятты! Тығының алынып баратыр-ғо.

Қулласы, «шақырылмаған қонақ», «жуўылмаған қасық» мен болдым. Гилең ҳаял-қызлардың ортасына сыймадым. Шийқан болдым оларға. Әсте шығыў менен болдым.

— Узаққа кетип қалма! — деп қолымды шымшыды Гуля шығып баратырғанымда. Бул «көрдиң бе, қызды» деген ишарасы еди.

Басым батпай шыққаныма Жийенғалий мырс етип күлди.

— Гуляның гәпине ерсең ҳарам өлесең, абайлы бол.

Ҳарам өлсем де Гуляның гәпи жағымлы еди маған. Екеўимиздиң арамызда болған гәптен ҳеш кимниң хабары болмаса да, ҳәмме меннен сол қосықшы қызды қызғанып атырғандай түйилди. Шашына ақ енген кисилерден баслап, еле ыштанының оңы-терисин дурыслап айыра алмай жүрген балаларға дейин. Әлбетте, жақсы нәрсени ҳәмме қызғанады да! Еле ўақыт келеди, ишлерин ғыж-ғыж қайнатып, кешқурынлары сыртқа мирәт етемен ол қызды! Тегинликте шықпайман бул емлеўханадан. Бөтекем жазылса басқа жеримди аўыртаман.

Қосық бираз иркилис пенен қайта басланды. «Гүлпақ» жаңлады.

— Тамараның таңлайынан түскен!

— Тап, Тамарадан алық! Буны еситеғойса ол талып қалады.

— Еситегөрмегей, артислер бирин-бири қызғанып өлтирип қояды.

— Қойып турың да, еситейик.

«Кеўлимде барсаң»ға өтти.

Сеземен, жүрипсең ықласың кетип,
Сыр сақлаў дегенниң шегине жетип,
Ашық екениңди-яў, жәрия ети-и-ип,
Билдире берме, сен-аў кеўлимде барсаң!

— Кимге айтып атыр екен-әй, әжаға, саған емес пе? — Орақбай сыбырланып, мени шығанағы менен түртип қойды. Изинше Жийенғалийдиң аларған көзлерине нәзери түсти де тым- тырыс болды.

Бул қосық жаңадан шыққан қосық еди. Базаргүл ме, кимдур дуўтар менен айтады. Лекин, бул қыздың сазсыз-ақ атқарыўы жигитпен дегенлердиң ҳәммесин мумдай балқытыўына гәп жоқ еди. «Ким жазған екен-әй, бул қосықты» деп ойладым ишимнен. Демек, «мен сени жақсы көремен, саған ашықпан» дей бериў жигиттиң қәдирин кетиреди екен-дә!

— Муҳаббат тил менен айтылмайды! — деген еди институтта ушырасыў өткергенде, бир жазыўшы ҳаял. — Ол көзде болады! Ол жүректе болады! Муҳаббат тилге көшип өтти ме, тамыры қыйылған гүлге мегзейди!

Бәлким, бул қосықты сол ҳаял жазды ма екен? Бир сөзи артық я кемлик қылмайтуғын бул қосықты бурынлары тыңлап жүрсем де тап ҳәзиргидей жүрегимнен өткерип қабыл етпеген екенмен.

«Ийгалай»ды айтқан ўақта үш-төрт ҳаял қосылып кетти.

— Ҳәй, қатынлар, аўзыңызды жабың! — деди бир ўақта Гуля бақырып. — Өзин жибер, өзин! Гүлсара саған айтаман. Болмаса, ҳәзир ҳәммеңизди уколға шақыраман, оннан кейин концерт тамам.

Гуляның наўқасларға араласып отырыўы оларға арқайынлық туўдырмас, керисинше, «керек-керек қосығыңызды еситип алың, ҳәзир «отбой» болады» дегендей, ўақытты ескертип турар еди.

— Қызым, маған ана күнги қосығыңды айтып бер, — деди бир апай. Бул жердегилердиң ҳеш қайсысы да маған таныс болмағанлықтан ол ким, соранып атырған қосығы қандай қосық, биле алмадым.

— Айтып бере-ғо, қызым! — Бул рет бағанағы төрдеги апаның даўысын таныдым.

— Апа, тағы жыламайсыз ба? — Бул қосықшы қыздың даўысы еди. Гейпара қосықшылардың даўысы сөйлегенде басқаша, қосық айтқанда басқаша еситиледи. Оның сөйлегени қосық айтқанынан да нәзик еди.

— Жыламайман! Айта ғой, қызым. Балам бир заман көз илиндирген ўақта кеўлимди сергитейин деп шықтым.

Бөлме иши тыр-тым болып қалды. Ҳәтте, дәлизде мениң менен турғанлардың да деми ишлерине түсти. Бақсы жолы менен басланған келте қатарлы бул қосық кем-кем ҳәр бир тыңлаўшының желкесине зил басқандай салмақ жүклей баслады.

...Бул дүньядан жақсы кетип,
Өлмей ҳәм жаман қалмады.
...Омар, Оспан — төрт шәрьяр
Булар ҳәм өтти, қалмады...

Кимниңдур палатада пырқ-пырқ жылай баслағаны сезилди.

...Өлмесликтиң сырын билген,
Ҳәким Луқман-әм қалмады.
Келер әжел периштеси,
Жан алмақдур аның иси,
Кимселердиң нәрестеси,
Қыршыннан кетти, қалмады.

Бағанағы «соны айтып бер» деген апа еңиреп жиберди. Иште олардан басқа да солығын баса алмай атырғанлар көбейди.

Бир заманда ҳәммени кеўилсизлик бийлеп алды. Апа әлленемирде өзин тыйды.

— Қапа болма, қызым, жыласам көкирегим босайды, және «сум әжел ҳәммеге теңлик екен ғой» — деп өзиме тәселле беремен. Балам бийшараны қудай бүгин бир таслап кетти. Кеше усындай жылап-жылап барған екенмен, көзим қызарып кетипти.

— Апа, жыладың ба?! — деди бир түрли болып.

— Яқ, балам, Жылап неге жылайман. Асханаға кирип едим, май күйдирип атырған екен. Соннан...

— Апа-а, — деди бир ўақта пәтикке тигилип жатып.

— Ҳаў, жаным, — деп жанына бардым.

— Мен өлсем ботинкамды кимге бересең?! — деди.

Денем жуў ете қалды. Төбемнен қыс тоқсанда муздай суў қуйғандай болды. Жақында ғана өзи мениң менен базарға барып, сайлап жүрип алып еди. Ботинкасын сондай жақсы көретуғын еди. Келеди де сыпырып пештиң қуўысына қояды. Оқыўға кетерде қайта-қайта ысқылап айнаға қарайды.

— Қалай апа, ботинкам жараса ма! — дейди маған еркелеп. Айнанайын, нәресте-ғо, жаңа ғана он үшке шықты-аў.

— Ол не дегениң, қуўатым! Ботинканды өзиң кийип тоздырасаң! — дедим.

Мениң гәплерим оның қулағына кирмей атты.

— Оны дайыма бер, — деди пәтикке қадалған нәзерин алмастан. — Дайым үйге тез-тез келип турады. Сонда ботинкамды көрип, өзимди көргендей боласаң!

— Айтпа! Айтпа ондай гәпти! — Көкирегине басымды қойып еңиреп жибериппен. Ол мениң шашларымды сыйпалап жубатты.

— Жылама апа, үлкен адам-әм жылай ма?! Шашың ағарыпты я?

Буннан бир жыл бурын шашымда бир тал ақ жоқ еди. Балам хәр қысылғанда шашларым түбинен көгис тарта баслады.

— Еле сен-әм үлкен киси боласаң! — дедим балама. — Сонда сениң де шашың ағарады.

— Яқ, мен үлкен болмайман, — деди меннен көзин алмай. Сирә көзине бир тамшы жас келсеш нәрестениң! Шаппаттай болып көкиреги қатып қалғанын қәйтейин бунық.

— Апа, бүгин түсимде Әбжаббар атаны көрдим, — деди бир заманнан кейин.

— Не деди ол саған?

— Мени кешир, балам, — деди. — Бир түйнек сорағанында да берер едим-ғо, «Сени бунша қорқытып жиберемен деп ойламаппан» — деди. Мен үндемедим. Сонда қаяқтандур ағам келип:

— Кеширдим де, балам. Алла таала кеширимли бенделерин сүйеди, — деп басымнан сыйпады хәм қолымнан жетелеп алып кетти.

— Қой, қой, өзи кетсин! Сен кетпейсең, қуўатым! — деп баўырыма басып бир басылып жылап алдым.

Әбжаппар аўыллас ҳәм аталас ағаларымыз еди. Балам пақыр «жүр, қаўын урлаймыз» дегенге балларға ерип барғанғо. Ол байғус та тез пейиллеў адам еди, қорқытаман деп белди зыңғытқан. Бел мениң баламның төбесинен асырылып барып шаншылыпты. Бийшара баланың жүреги орнынан шығып кеткенин бир жылдан кейин билдик.

— Гуля! Гуля! — Санитарканың узақтан ашшы даўысы еситилди. — Апа қайда? Матякуб қысылып атыр!

Сол күни түн жарпында Матякубтың жаны үзилди. Емлеўхананың иши улы-шуў, қум-қуўыт болды. Қайдағы бир муҳаббатқа қыял жуўыртқаныма өзимди өзим жаман көрип кеттим.

## 5

Матякубтың өлими пүткил емлеўхананың басына түскен мүсийбетке усап кетти. Ҳеш ким дәлизде келди-кетпели сөз айтпас, мийирбийкелер де мына баста турып, анажақтағы санитаркаға ҳөктемсип тапсырма бермес еди. Көзи түскенде бир ҳәзил айтпай өтпейтуғын Әсет ағаның да қабағы ашылмай қалды. Гуля ғой сирә! Ол сол күнги «концерт»ке қой демей, қайта тамашагөй болып отырғаны ушын өзин қатты айыпкер сезетуғын еди. Кислород көпшик ўақтында жетпей қалды ма, яки, қыслықпастан алдын белги бере ме, бул жағы бизге қараңғы. Қулласы, ол көп жатқан аўырыў ҳәм тез-тез қыслығып туратуғын болғанлықтан докторлардың да көзи үйренисип кеткен болса керек.

Мәтякубты меннен басқаның бәри таныйды екен. Ол емлеўхананы өз үйиндей сезип, қәлеген палатаға кирип бара берер, кемпирлерге «апа» деп, жигитлерге «әжаға», қызларға «әжапа» деп енисип кете беретуғын сүйкимли бала екен. Ҳәтте, айырым апайлар изинен келген аўқаттан оған пай қоятуғын болған.

— Өз баламыздай көретуғын едик-аў, — деди шаныштырыўға келип отырған жасы үлкен апай.

—Өлетуғын бала сондай бола ма, дым сүйкимли еди-ғо.

— Анасына қыйын болды, биийшара! Жер таянып қалдығо! Өзи де бес қыздан кейин көрген жалғыз бала екен. «Бир заман далаға кетсем, «апа қаяққа кеттиң, сағынып қалдымғо» деп, көкирегиме басын қойып ийискелейди», — деп көзиниң жасын жумбай-жумбай төгетуғын еди байғус.

— Аўа-дә! Өлетуғын адам тирилердиң дийдарына тоймайды.

Ҳәр ким Мәтякуб ҳаққында билген гәпин айтады. Тек мен ғана жымман. Ол ҳаққында тек мен ҳеш нәрсе билмеймен. Мен келгели ол палатасынан шықпаған. Жүреги қайта-қайта қысып, анасын да, докторларды да қорқытып таслаған. «Шықпаған жаннан үмит бар» деген, анасы оны сол қосық айтылған палатада егитилип отырып айтса да, өлимге қыйып отырған жоқ еди. Өлим буншелли суўық, буншелли жайсыз!

— Әй, Гүлшийра көринбейди ғой-әй! — Орақбайдың күтилмегендеги ортаға таслаған саўалы ғамгүн кеўлимди сергитип жиберди.

— Аўырып қалған шығар? — дедим мен.

— Аўа, Гүлшийра аўырса, басқалардың өлип қалмай жүргенин айт! Аманның мына гәпине ҳәммемиз күлип жибердик.

— Не болса да оған бир нәрсе болған. Кешеги нәўбетшилигинде қайтадан Айсара апа турып берди, — деди Орақбай.

— Ал, көрдиң бе?! — деди Жийенғалий маған қарап күлип. — Бул баллар нәўбетшилигине дейин санап жүрипти. «Тулыпқа мөңиреп қалма» жәнe!

Усы ўақытлары есикти шыйық еттирип ашып Гүлшийра кирип келди.

— Я алла! Ақырзаман болған шығар! — деди Жийенғалий тикленип отырып.

— Ҳе, мени жаманлап атыр ма едиңиз?

— Яғаў.

— Билемен-ғо, жаманлап атырсыз! Бақыраўық қыз деп атырған шығарсыз я! Сен-әм жаманладың ба? — деди соң маған сәл мыйық тартып.

— Қатардан қалмайын деп... — дедим күлип.

Гүлшийра негедур ана күнгидей шоқ минезде емес еди.

— Матякуб кетип қалыпты-ғо, — деди қабағы салынып.

— Аўа. Сондай болды. Ҳәммемиз-әм жақын адамымыздан айрылғандай өзимизге келе алмай атырмыз, — деди Жийенғалий. — Мениң менен күнде келип шахмат ойнайтуғын еди. Утылсам «жортаға утылдың» деп өкпелейди, утсам тағы қапа болады.

— Ҳәммеге үйирсек еди, — деди Гүлшийра. — Я өлетуғын адам сондай бола ма? Мен шаншыўға барсам «Әжапа, үлкейсем сиздей узы-ын бойлы қыз аламан» деп қолын басынан жоқары созып көрсетеди. «Үлкейе бер, өзим саған меннен-әм узын қыз таўып беремен» деймен басынан сыйпалап. «Қалай, мен үлкен болғанша сен үсейтип жүре бересең бе?» — деп ҳақ кеўли менен сорайды нәресте. Кейин дым үндемей қалады да: — «Мен бәри бир үлкеймеймен-аў» дейди. — «Ҳе, неге үлкеймейсең?» десем, ағам күнде «жүр балам, кетейик» деп шақыра береди. Өли шақырған адам көп жасамайды дейди-ғо» дейтуғын еди.

Гүлшийра аўыр гүрсинди. Оның гүрсиниўи бизлерге де өтти.

— Мейли, көп аза кийе бермең. Жүриминиң болғаны шығар, — деп ол палатадан шығып кетти. Ҳеш кимге дәри де бермеди, ҳеш кимди шаншыўға да шақырмады. Неге кирди, неге кетти, жумбақ еди. Бирақ, шешими зәрүр емес жумбақ еди ол. Соның ушын оған артықша бас қатырмадық.

— Мениң атам аўылдың имам молласы еди, — деп гәп баслады Жийенғалий.

— А, ал, моллекең енди рәўият айтады, — деп Аман оған жақынлай түсти. Жийенғалий итибар бермей, әңгимесин даўам етти.

— Ғаррылар жыйылғанда ўақты-ўақты айта беретуғын рәўияты есимде қалған. Алла таала асманыў-фалекти жоқтан бар етип, жер ҳәм суўдағы бәрше мақлуқларға жан ата ете турып ойлапты. Егер булардың ҳәммеси өлмей өмир сүре берсе, жер-көкке сыймас. Қой, буларға өлимди раўа қылып көрейин, деп ушан теңизге балықлардың бириниң жанын алып қайтыў ушын Әжел периштесин жиберипти. Әжел периштеси барып балықтың жанын алған екен, теңиз бетинде дүбелей турыпты. Асманыў-зәминди қара булт қаплапты. Балықлар суў түбинде жүзгенин қойып, аспанға шапшыпты. Яратқан ийем Әжел периштесин шақырып алып

«балықлар әжелди қабыл ете алмады» деп малға жиберипти. Маллар балықтан бетер болыпты. Жериў-жәҳәндеги ҳәмме ири-майда маллар жыйналып, туяғы менен топырақ шашып, мүйизи менен жер сүзипти. Жер бети ала шаңғыт болып, ҳеш нәрсе көринбей қалыпты. Алла таала және Әжел периштесин шақырып алып, адамға жиберипти. Қараса, әнийерде бир адам өлип атырса, мына жағында үлкен шүлен қазанға аўқат асып, гөш жеп, сорпа ишип атырған, бир жағында күлки, ўақ-шақ... «Ҳә, әжел бендеме минәсип екен-ғо!» — деп алла таала өлимди адамларға раўа көрипти.

— Сонда не, адамнан басқа зат өлмей ме? — деди Орақбай алақлап.

— Әй, моллеке, қойың усындай рәўиятты! — деп Аман орнынан ушып турды. — Ошақ басың аман ба? Ағайын-туўғаның аман ба?! Болды да енди! Крит усы темаға!

Күни менен рәўияттан көзи аларып кеткен Орақбай жанланып қоя берди.

— Апың-апың апыны,
Тамға урдым қапыны,
Ким кеўилсиз гәп айтса,
Тоғайдағы тоқсан жиллиниң қатыны!

Усы ўақытлары Гүлшийра «уколға» деп есиктиң тусынан бақырып өтти.

— Әне, Гүлшийра енди өзине усады! — деди Жийенғалий жамбасын сыртынан услап қойып. Соның менен палатадағы кеўилсизлик көтерилгендей болды.

## 6

Күндизги уйқы ўақты әлле қашан тамам болса да, турыўға еринип бираз жаттық. Саат кешки алтыдан өтип барар еди.

— Жүриң жигитлер, балнисаниң суйық жармасын ишип қайтайық, — деди Жийенғалий үстиндеги одеялын серпип таслап.

Бул күнделикли термин. Суйық болсын, қойыў болсын — «балнисаның суйық жармасы!» Оған тек ер адамлар, киширек баллар барады. Ҳаяллар оның орнына кроваттың ортасында халатларын жайып жиберип, қара шай ишкенди

абзал көреди. Оның үстине кимниң апасы, кимниң сиңлиси, кимниң қудағайы дегендей... Мезгил қуры емес, кастрюль кастрюльға қағысады, таўық салған палаў, түйе таўық сорпа... Ҳаяллар гейде сыйлы аўқатларын аўыз тийместен докторларға апарып береди. Бул олардың шыпакерлерге айтқан рахмети.

Аўқаттан кейин Жийенғалий екеўимиз ортаға табуретка қойып, шахмат диздик. Күн кем-кемнен қысқарып, әтирапқа демде қараңғы түсип қалған еди. Оның үстине шахматтың қызығы...

— Наза-ар? — деди бир ўақта Гүлшийра есикти қыя ашып. Мен саўал нәзери менен тигилдим.

— Жүр, кеттик.

— Қаяққа?

— Бир жерге апараман.

— Бизлер барсақ болмай ма? — деди Аман шырп етип.

— Әжапасы менен-әм ойнайды булар! — деп Гүлшийра күлип қойды. Кеўлине алмады.

Қаяққа баратуғынымыз маған аттай анық. Әўелгидей болғанда дәрҳал жуўырып шыққан болар едим. Лекин, ҳәзир табаным тартпады. Гүлшийра сыртқы есиктен шығаман дегенше иркилиў ушын гибиртиклеп, тумбочкамды аштым, жаптым. Пенжегимди шешип, қайта кийдим.

— Бара бер, ҳәзир, — дедим ақыры.

Алтыншы палатаның тусынан жүрегим дирилдеп өттим. Биле тура бир гүнә иске қәдем қойып атырғандай сездим өзимди. Жасыл пердениң алдында аз ғана иркилдим. Оны қанша көргим келсе де, усы сапар пердени ашып қалмаўын тиледим. Қудаға шүкир! Ашылмады.

— Ҳа-аў, Наза-ар!

Гүлшийраның сыртқы босағадан бас суғып шақырған даўысынан бирден өзиме келдим.

— Киятырман.

Бизлер автоклабқа қарай жол алдық.

— Әсет аға мени қаяқтан таныстырды деп киятырған шығарсаң? — деди Гүлшийра өзи гәп баслап. — Оның әдети, келген жигитти маған таныстырып қояды.

— Сиз оны автоклабқа ертип кетесиз.

Гүлшийра ишек-силеси қатып күлди.

— Қаяқтағыны ойлап табасыз-әй! Кеўлим сүймесе ҳеш кимге де қыйсайып қарамайман.

— Маған қәйтип қарадыңыз? Қыйсайып қарадыңыз ба, я дүзиў қарадыңыз ба?

— Сиздей жигитке қыйсайып қараўға бола ма?

Автоклабтағы қыз қутыны қабыллап алды. Бул ана күнги қыздан басқа еди.

— Санитаркаң қайда? — деди соң мәнили қарас пенен.

Гүлшийра ийеги менен мени нусқады.

— Усындай жигитлер турғанда санитарка не жаныма дәри?!

— Бекем бол!

— Әлбетте, бекем боламан!

— Көрдиң бе, санитаркаға емешеси қурып турған жоқ. Қызғанып атыр.

Екеўимиз кешеги скамейкаға барып отырдық. Әтирап жым-жырт. Мен де, ол да тым-тырыспыз.

— Ал, айта бер, — деди Гүлшийра тынышлықты бузып. — Я шегирткелердиң шырылдысын еситип қайта беремиз бе?

— Өзиңнен болсын. Мирәт еткен сен.

— Мейли. «Таў Мухаммедке келмесе, Мухаммедтиң өзи таўға барады» деген.

— Әнекей, тас болмаса Мухаммедтен бурып гәп баслап, урылып кетейин деп тур екенмен.

— Уттың! — деди Гүлшийра ийни менен ийнимди әсте түртип. — Жаңа хабар айтайын ба, гөнесин бе?

— Гөнесиниң қызығы болмас, жаңасынан айта бер.

— Турмысқа шығажақпан. — Ол усыны айтты да бир қыялап маған нәзер салды. Мен сыр бермедим.

— Ҳим, неге үндемейсең?

— Оң болсын!

— Қызғанбайсаң ба?!

— Қызғаныўға ҳақым бар ма екен?

Ол айтқан сөзлерине пушайман болып, бир заман үнсиз қалды.

— Ата-анаң узатпақшы болып атыр ма? — дедим араны жумсартпақшы болып.

— Сондай... Мениң үйли болғаным анама да, дайыларыма да, аталас ағаларыма да жүдә зәрүр болып турған қусайды.

Анамның жалғыз сиңлиси бар, соның Бөрибай деген баласы бар, бөлемиз, о, бөриден кетсин садаға! Маған салса Қоянбай қояр едим атын. Анам соған бермекши. Туўысқанымның кеўли бар, дейди.

— Мениң кеўлим не?! Перзентиңниң кеўлинен туўысқаныңның кеўли абзал ма?! — деймен.

— Айтқаныңа жүреди! Өзиң бийлейсең, өзиң төслейсең, — деп алдарқатқысы келеди мени.

— Керек емес маған ондай еркек! Маған тепсингенде темир үзетуғын жигит керек! Мен күйеўимнен айбынып жасағанды жақсы көремен, — дедим апама.. — Өзиң қандай един? Ағам сырттан «үхе» деп кирип келгенде ишип атырған шайыңа шақалып қалайын дейтуғын един!

— Оның несин әрман етесең?

— Жаман ба? Әкемиздиң қаталлығынан балларың тәртипли өсти. Оқымыслы болды. Зәкиўан болмады, аўзыңа ас салды.

Қулласы, анам мениң «кесгеллем сол Бөрибайға бармайман» деген жуўабымды еситкеннен кейин қан басымы көтерилип, аўырып қалды. Жумыстан руқсат сорап, анамды күттим.

— Жақсы ма енди?

— Жақсы.

— Кемпир апам бизлердиң қолымызда өсти, анамның анасы. Сол ҳәр сапары енесин мақтайтуғын еди. «Бейиший ҳаял еди» — дейди ол ҳаққында гәп кеткенде. Әлбетте, ол гәпти де өзи баслайды. Болмаса, биз билмеймиз-ғо оның енеси ким болғанын. Қызына сабақ болсын деп айта ма, бизлерди еситип өссин дейме, әйтеўир, Бийпатпаның туқымы ҳаққында гәп болса айландырып енесине тоқтайды.

— Енеси қандай адам болған екен?

— Енеси бәҳәрдиң күнлери сыйдам тут шыбықтан бир баў орып, қабығын сыйырып, кептирип дийўалға сүйеп қояды екен.

— Неге?

— Кисим қәҳәри келгенде урсын, туттан басқа шыбық сынып қалады, және қаяқтан шыбық излеп жүремен, дейди екен.

Мен күлип жибердим.

— Ырас, — деди ол күлместен. — Күйеўиниң шыбығы тийген жер дозақ отына күймесмиш! Соны күнде ошақ басында айтып отырғанға ма, ағам кемпирден тартынбас, ашыўына тийсе апамның «шаңын қағып» туратуғын еди. Ағамның шаппаты да әнейи емес, рәпийдадай! «Едигениң нусқасы» дейтуғын еди көшемиздиң адамлары. Ири денели, бети қотыр-қотырлаў-әм еди. Батырлар, палўанлар онша сыйдам болып келмейди, дейди-ғо.

— Нағыз феодал шаңарақта өсипсең-дә! — дедим күлип.

— Феодаллық емес, шаңарақта бир адам ҳүкимдарлық етиў керек. Демократия жәмийетке жарасады, үйге емес.

— Онда сен де тут шыбық таярлап қояды екенсең ғо?

— Мен еситкенимди айттым. Ҳәзир заман басқа. Бәри бир нашар адам кимнендур айбынып, кимгедур есап берип жасаўы керек. Жуўапкерсизлик ҳаялларды ҳәр түрли жолға салады.

— Сөйтип, қашан турмысқа шығатуғын болдың? — дедим изин ҳәзилге алып.

— Қуданың буйырған күни.

— Ол қашан?

— Билмедим. Бүгин азанда үйден шығып атырсам, бала көтерген бир лолы ҳаял келди. «Пал ашаман» деп билегимнен услап жибермеди.

— Аштырдың ба?

— Аштырдым, қызық ушын. «Сениң жақсы көрип жүрген бир адамың бар, — деди лолы, — бирақ, ол саған үйленбейди. Екинши биреўге турмысқа шығасаң, ол сени жақсы көреди, сен де оны барып-барып жақсы көрип қаласаң, лекин, араңызда перзент болмайды, ажырасып кетесиз. Үшинши адам сени жақсы көрмейди, бирақ, сен оны жақсы көресең. Оннан еки ул, үш қызлы боласаң», — деди.

Лолыға аржағын айттырмай, қолына бир сом бастым да кетип қалдым.

— Ҳәзир жақсы көрип жүрген адамың ким?

— Билмедим. Әйтеўир, сен емес.

Автоклабтан келгенимизше арамызда басқа гәп-сөз болмады. Гүлшийрада кеўлим бар ма, жоқ па, оны да билмей қалдым. Негедур мени кеўилсизлик бийлеп алды.

— «Билмедим, әйтеўир сен емес!» — Усы еки аўыз сөз мийимде қатып қалды.

Бар ықласым алтыншы палатадағы қосықшы қызда болса да, Гүлшийраның мени жақсы көрмеўи батайын деди.

— Қапа болдың ба? — деди Гүлшийра палатаға жақынлағанымызда мениң үнсиз қалғаныма кеўлимди алмақшы болғандай.

— Яғаў.

— Билемен, қапа болдың. — Соң қулағыма әсте сыбырлады. — Бәри бир де сенде нашарды өзине тартып туратуғын бир сыйқыр бар. Қандай сыйқыр екенин билмеймен. Лекин, сол сыйқырға кем-кем гипнозланып баратырғандайман.

Ол бир назқарас қылды да, постқа қарай кетти.

## 7

«Пышықтың жуўырғаны топанханаға дейин» дегендей, Гуляның қабақ салып жүриўи де үш-төрт күннен арыға бармады. Баяғы ҳәзил-дәлкегин даўам етти.

— Ҳәй, еркеклер, уколға-а! — дейди шаншыў бөлмесине киятырып.

— Сәл сыпайылап айтсаң болмай ма? — дейди ҳаяллардың бири оған. — Өзиң суп-сулыў келиншексең?

— Қызбан! — дейди Гуля күлип. — Еркек дегенниң неси айып? Орыслар «Мужчины» дейди-ғо! Еркек сүмек салғанлардың бәри кетеди сонда.

Соң мени көрип қалады-да!

— Не қылдың? — дейди ҳаялларды қоя берип.

— Нени?

Ол ҳаяллар шығып кеткеннен кейин баяғы саўалымның жуўабын айтады.

— Алтыншы палатаны.

— Орнында.

— Таныстың ба?

— И-им! Атын-әм билмеймен керек десең.

— Аты Нигар! Енди болды ма? Қалған жағын келистиресең бе? Кеште сыртқа ушырасыўға шақыр. Қушақла! Сүй! Билесең бе, қыздың ләбинен биринши поса алған адам пүткил өмир бойы есинде қалады?

— Сенде ол бахытқа ким миясар болған?

— Ҳә, бәле-е! Сумсаң я? Сени мен жуўас деп жүрсем.

— Күйеўиң болса айтқанның неси айып?

— Именно, күйеўим емес-тә биринши поса алған!

Қулласы, ол мени желкемнен ийтерип киргизип жибергендей етип я шаншыў бөлмесинен, я посттан сол алтыншы палатаға қарай бағдарлап жиберер еди. Маған жағады бул ҳәрекети. Мен сол көзиме ысық палатаның есигинен нәзер салып өтемен. Сол нәзер салыўлардың биринде болмаса биринде Нигар менен нәзеримиз дусласып қалады. Мен меҳир менен оның көзлерине тигилемен. Мәнили мыйық тартаман. Ол болса уялып кетип пердени жабады. Былайырақ барып изиме бурыламан. Ол пердени қыя ашып туў сыртымнан қарап турған болады. Маған буннан артық қандай бахыт керек? Буннан артығы көп болады. Ол палатасындағылардан тартынбай қалай қарады екен? Яки палатада бир өзи ме екен? Яқ, бир өзи емес! Бир өзи болса Гуля мени ийтерип ишке киргизип жибериўден қайтпайды. Оған Нигар менен мениң тил табысқаным жүдә бир зәрүр истей келип жан күйдиреди. Егер тамашаға исленип атырған болмаса...

Гүлшийра өз нәўбетшилигинде мени көзден таса қылғысы келмейди.

— Қаяққа?! — дейди палатадан шығып баратырсам посттан даўыслап. Оған мениң қаяққа барғаным керек емес, лекин, билип-әм қойғанды шеп көрмейди.

— Руқсат болса таза ҳаўадан жутып қайтажақпан? — деймен оған ҳәзиллесип.

— Руқсат. Лекин, жол бойы жән-жаққа алаңлай берме! — Демек, ол мениң алтыншы палатаға бир бурылып қарамай өтпейтуғынымды сезген. Мейли, сезсе сезе берсин. Мен ол әдетимди тәрк ете алмайман. Егер желкемде айбалта көтерип турса да! Алтыншы палатада маған қарамықтай қара көзлери жаўдырап қарап турған периште бар. Мен ол карасларды ҳеш нәрсеге алмастыра алмайман. Набада, перде көтерилмесе ҳәр нәрсени баҳаналап үш-төрт мәрте өтемен. Керек болса, он мәрте! Жүз мәрте! Перде көтерилмесе кеўил хошым болмайды. Нигар кетип қалған, я оған бир нәрсе болған, яки

жөнли-жөнсиз тигиле берип бийзар еткенмен... Кейинги ой мениң ишки ой-сезимлеримди алей-түлей етип жиберер еди.

Бир күни Гүлшийраның нәўбетшилигинде түстен кейин апам келди. Ҳәммени уйқыға жатқаратуғын ўақыт болып қалғанлықтан ол әкелген аўқатты төртеўмизге бөлип қуйды да сумкасын жыйнастырды. Апамды дәрўазаға дейин гүзетип салыў ушын бирге шықтым.

Қапының аўзында бир жас келиншектиң изине ерип баратырған Нигарға көзим түсти.

— Балам, қала бер, — деди апам есикке барғанда.

— Қаламан-ғо.

Нигар ҳәм оның қасындағы келиншек дәрўаза алдында бираз сөйлесип турды. Апам әсте жеңимнен тартты.

— Уўыздай нашар екен я, балам?

— Кишкентай-ғо, — дедим уялып.

— Қаяқтың кишкентайы?! Ана қызды *(өзиниң үлкен қызын айтып атыр)* узатқанымызда буннан да жас еди.

Апам Нигар еситип қалар дегендей сыбырланды:

— Көзиңди ашыңқырап жүр балам, сен теңилер балалы болып атыр.

Нигар келиншек пенен хошласып изге қайтты.

— Ал, балам бара-ғо, дуктурың бақырып жүрер, — деди де апам дәрўазаға бетледи. Билемен, ол мени қыз бенен сөйлесип қалсын деген мәниде асығып атыр. Апам мениң ишки сырымды оқып алғандай, ана күнги гәпин тәкирарламады, яғный, «аўырып-сызлары бар»лығы ҳаққында гәп қозғамады. Оның «қала берин» тыңламай, дәрўазаға дейин келгенимнен бир нәрсе сезсе, итимал.

Дүньяда бойдақ мениң бир өзимдей ҳәмме мениң тилегимде — Гуля да, апам да! Гүлшийраның қандай ойда екенин билмеймен. «Әйтеўир, сен емессең» деди-ғо. Мәйли, болмайақ қояйын! Мен оның әкеси қусап бетим быдым-быдым, жүзим қотыр емес. Ашыўым келмек түўе, желкеме минсе де тут шыбық пенен ура алмайман. Ондай тәрбияда өспегенмен.

Әсте Нигардың изине ердим.

— Әжапаң ба? — дедим қапталласып.

Ол үндемей қалды.

— Еситпей қалдыңыз ба?

— Яқ. Жеңгем-ғо.

— Атыңыз ким? — Билип турсам да сорадым.

— Оны неғыласыз? — деди ол ийбенип.

— Ат сораған айып ба?

— Яғаў. Мен өзим... Уяламан.

— Атыңызды айтыўдан ба?

Ол мақуллап бас ийзеди.

— Сондай-ақ ерси ме?

— Яқ, ерси емес, сонда да уяламан.

— Айтағойса, жүдә ерси болса лақап қойып алармыз.

Ол әсте мыйық тартты.

— Нига-ар, — деди соң өлпең даўыс пенен.

— Нига-ар! — Мен бул исимге көтериңки лапыз берип айттым. — Қандай шырайлы ат-ә! Нигар! Нигарым!

— Әнекей, сиз-әм мениң атымның үстинен күлип атырсыз.

— Нигарым, десем, күлген бола ма?

— Мен сизиң Нигарыңыз емеспен-ғо.

— Кимниң Нигарысыз?

— Ата-анамның! — деди қыя баққан нәзер менен.

Бул назлы қараслар мениң жүрегимде дәслепки үмит сезимлерин ояткандай болды.

— Ана скамейкада бир заман отырайық.

— Мен бир көрген адам менен бирге отыра бермеймен-дә!

— Неге бир көрген? Көк перデниң артынан қырық мәртебе көристик-ғо.

Нигар күлип жиберди.

Емлеўхананың есигине дейин қырқ-елиў адым-ақ қалды. Ара қуўысып баратырған сайын мен тыпыршылай басладым. «Ҳәзир ишке кирип кетеди. Оннан кейин және перде артынан сығалаўдан басқа ҳеш нәрсе қыла алмайсаң. Сөйле, Мәмбетназар, тилиң бар ма?!»

— Не дедиң, Нигар?

— Нени

— Бир заман отырайық деп едим.

— Қойың, гәп-сөз болармыз, күпә-күндиз.

— Онда кешқурын ...

— Кешқурын қорқаман.

— Өзим қасында боламан. Ҳеш кимди, ҳеш нәрсени жолатпайман әтирапыңа! Мақул ма?!

Ол қыя бағып, бир мыйық тартты да, есик алдындағы текшелерден тез-тез атлап, ишке кирип кетти.

Иштен Гүлшираның әлле нәрселерди айтып бақырып атырғаны еситилип турды. Мен оның сыртқа шығып, бирге киятырғанымды билип қоймаў ушын, жайды бир айландым.

— Неғып жүрсең?!

Дәлизге кириўден-ақ Гүлшира мени ашыўлы күтип алды.

— Не?! — дедим түсинбегенсип.

— Қаяқта жүрсең?!

— «Тихий час»тан алдын... азғантай «кирис-шығыс» жумыслары менен...

— Жоқбош! Таппайтуғын гәпиң жоқ.

Палатаның есигин қыя ашып турып, постқа қарап иркилип турдым. Гүлшира қандай да бир жазыўлар менен бәнт еди. Бир ўақлары басын көтерип, маған көзи түсти де, мырс етип күлип жиберди.

— Руқсат па?

— Бар, бар... Руқсат.

Гүлшираның ашыўы да, қызғанышы да тарқағандай болды. Бәлким, қызғанышы ишинде сақланып қалған шығар, ҳәзирше бирақ ҳәммеси жайында.

Сол күни кешке дейин үлкен үмит пенен Нигардың ушырасыўға шығыўын күттим. Ол маған шығаман деп сөз бермесе де, мирәтимди инкар етпегени кеўлимде үмит ушқынларын оятты. Ол биринши мәрте маған арнайы наз қарас қылды, мыйық тартып, кеўлиме ғулғыла салып кетти.

Түн қандай жақсы мәҳәл! Күни менен шаршаған жанлы тәбият ҳарғын дем алады. Әтирап жым-жырт болып, қулағыңның дөгерегинде көлегейлеп жүрген сүйир шыбынның ызылдысы, қаяқтадур аяқ астында бөлип-бөлип шырылдаған шегирткелердиң сести түнги мәҳәлге сән береди. Кешки салқын ҳаўадан тойып-тойып жутып, жаның рәҳәтленеди. Әсиресе, усындайда ынтығып күткен адамың жанында болса, түн тынышлығында сен оның жүрек дүрсилдисин пүткил денең қулаққа айланып тыңласаң, соң... ийинлер ийинге тийсе, тәртипсиз бармақлар сүйиріктей саўсақларды сыйпаласа... О-о, мен ҳәзир... санаўлы демлерден кейин усындай бахытқа миясар боламан. Мен ышқыдан бийҳуш боламан! Ләблерин шамалдан басқа тири бенде

сүймеген ол қыздан туңғыш поса аламан. Тартыншақлық етпеймен. Жигит сөзим! Мен оны биринши ушырасыўда-ақ ақыл-ойын бәнтлеп аламан. Китаплардан оқыған ҳәм қыялыма түйип қойған сулыў сөзлеримди тек оған бағышлайман. Нигарға арнайман ҳәммесин!

Қудаға шүкир, күн батты. Аспан жийегиндеги қуяштың қырмызы шапағы да кем-кем қараңғылық қойнына кирди. Нәзеримди емлеўхананың шығар аўзындағы жарма қапыдан үзбестен дәрўаза беттен биймәни айланып, тораңғыл астындағы скамейкаға отырдым.

Әтирап жым-жырт. Ешейинде шыйық-шыйық, тыным таппайтуғын есикти биреў шегелеп таслағандай, сылт етпейди. Қыялым Нигарда, көзим есикте. Тусымыздағы асфальт жолдан ҳәр ўақ-ҳәр ўақ машиналар өтеди. Оларға алаң болып, Нигардың шығып киятырғанын абайламай қаламан ба, деп жолдағы машиналарды бәледей көремен. Деген менен, олардың пәрўайы пәлек. Маған қасарысқандай үлкен кузовлы машиналар көп жерге дейин солдыр-гүлдир етип, өтип болмайды.

Әне, есик ашылды. Орнымнан турып кеткенимди билмей қалдым. Лекин, тасып турған кеўлим сол заматы-ақ суў сепкендей басылды. Бул — шелек төгиўге шыққан санитарка екен.

Мениң көзлерим бир ноқатқа қадалып қалған. Қулағым бир ғана даўысқа түриледи. Қыялап түскен машиналардың фарының жақтысын көзим көргиси, олардың асфальт жолды дирилдетип өткен даўысларын қулағым еситкиси келмес еди.

Усылайынша неше саат отырғанымды билмеймен. Излиизинен палаталардың светлери өше баслады. Нәўбетши санитарка менен Гүлшийра сыртқа шықты. Демек, бүгинги аңлыспақ тамам.

Мен найлаж ишке бетледим. Гүлшийра маған әжепленип бир қарады да, қолында шыйырып услап жүрген газетасы менен желкеме бир урып қойды.

Сол күни өрели танды кирпик қақпай атырдым. Уйқысы келмей, иши писип атырған палаталасларым менен сөйлеспедим. Сораўларына жуўап бермедим. Уйқылап қалған болдым. Қыялымда бир саўал: Нигар неге шықпады? Уялды ма? Яки, кимдур жибермей қалды ма? Бираздан кейин ол

саўалларыма қарсы саўал пайда болды. Ол шығаман деп пе еди? Ушырасыўға қайыл болып па еди? Яқ. Ҳеш нәрсе айтқан жоқ. Тек мыйық тартты, болғаны. «Күлсе жуўаптың қонғаны емес», мәселе писпеген. Мен еле оның кеўлин жаўлап ала алмадым. Тәңирдиң таңы атса оның билегинен тутып турып сөйлесемен. Керек болса, палатасына бараман. Есикти қыя ашып, шақырып аламан. Шығады хабарласыўға. Шықпаўға қасындағылардан уялады.

Лекин, адам жеке қалғанда мәрт болады екен. Қараңғыда батырсынады екен киси. Таң атып, жақты түсип еди, уят жүзиме тепти. Түни мененги ойларым шилпәрше болды. Лекин, алтыншы палатаны узақ-жақыннан бақлаўды кәнде қылмадым. Көзим сол тәрепте болды. Қулағым сол тәрепке түрилди. Оны еки мәрте ғана көрдим, алысырақтан. Мен жақынлайман дегенше палатасына кирип кетти. Палатасына бара алмадым. Батылым жетпеди.

Сол бир әўметсиз күн жылға татып зорға өтти. Ертеңине кеште де сол тораңғыл астындағы ағаш скамейкада отырып, биразға дейин шегирткелердиң шырылдысын тыңлап қайттым. Өз-өзимнен түңилип кеттим сонда. «Таң атса болды. Докторға айтаман «мен саўалдым» деймен. Руқсат берсе де, бермесе де қайтып кетемен. Барып сабаққа араласаман. Оқыўшылар дүньясының тәшўиши менен Нигарды әсте-әсте ойымнан шығара баслайман. Гүлшийраны да еслемеймен. Оларды пүткиллей умытыў ушын үйлениўдиң талабына кирисемен. Апам «пәленшениң қызы бар» десе, барып қайтаман. Бас-көзине қарамай үйленемен. Анама унаса болды. Барып-барып жақсы көрип кетиўим мүмкин».

Түни мененги шешиўши қәўлилерден азанда суўға шайылған көбиктей, намыў-нышан қалмас еди. Арсыз көзлерим және сол алтыншы палатаның есигин бақлаўдан жалықпайды.

Үшинши күни түс алдында Нигарды ушыраттым. Ол есиктиң аўзындағы терис айўанның астында бир қыз бенен сөйлесип тур еди. Мен әсте қасынан өтип кеттим. Ол мени елестирмеди. Яки, көрмей қалды ма... Сыртта бир заман керекли-керексиз айландым да, және оның қасынан өттим. Ол бул ретте де маған нәзер салмады. Лекин, оның мени

көргенин, көрсе де көрмегенге салып турғанын ишлей сезер едим.

Нигар достын дәрўазаға дейин гүзетип салды. Енди қайтардағы қысқа жолды босқа жибермеўим керек. Буған жүрек еттим. Ҳеш ким көзиме көринбеди.

— Нигар, неге шықпадыңыз? — дедим қапталласып.

— Қашан? — деди ол ҳеш нәрсе билмегендей.

— Жеңгеңизди шығарып салған күни.

— Мен сизге шығаман дедим бе?

— Тилиңиз айтпаған менен, көзиңиз айтқандай еди.

— Көзим өтирикши-ғо.

— Яғаў, көз ҳеш ўақта алдамайды.

— Не айтажақ едиңиз?

— Пинҳамы пайытта айтпақшыман!

— Ол қандай болады пинҳамы пайыт деген?

— Нигар, — Мен оны иркип, алдын кескеследим. — Егер бүгин шықпасаңыз...

— Жүрип айта бериң, уят болады.

— Егер бүгин шықпасаңыз, палатаңа туп-туўры кирип бараман.

— Тәртипсиз екенсиз-ғо! — деди күлимсиреп.

— Сиз-ғо, мени тәртипсизликке баслайын деп турған.

Нигар үндемей қалды.

— Шығасыз ба?

— Қәйдем.

— Қәйдемди қой, шығаман деп айт.

— Мен ушырасыўға шығып көрмедим.

— Онда екеўмиздики де туңғыш ушырасыўымыз болады.

— Сиз не, усы ўақытқа дейин ҳеш ким менен сөйлеспедиңиз бе?

— Яқ, ҳеш ким менен!

— Алдамаң!

— Шын сөзим, алдамайман.

Ол үндемей қалды.

— Кешқурын күтемен, — дедим және бир дәлил айтып салыўынан гүдикленип.

Ол ийнин қысты да, бир қыя бағып, күлимсиреўи менен ишке кирип кетти. Оның усы ретки қарасы мени үмитлендиргендей болды.

Нигар менен геўгимде ушырастық. Ол дәрўаза беттен, мен болсам емлеўхананың арқа таманынан келип терекке сүйеп қағылған скамейкаға отырдық. Мен өзимде жоқ дәрежеде бахтыяр едим. Онның да жүреги қорқыныштан ба, яки биринши ушырасыўдан албырағанлықтан ба, ханасына сыймай турғандай еди. Арамызда еки қарыстан молырақ ашықлық бар еди. Мен әсте бир қарыстай жылысып жақынладым. Нигар үндемеди. Екеўимизде де сес жоқ. Және ярым қарыс жылыстым. Билегим билегине тийди. Онның жуп-жумсақ қоллары маған өзгеше ләззет бағышлады. Кеўлиме өмиримдеги ең бахтыяр демлер жүз берейин деп турғандай қуўаныштан балқыр едим. Онның қоллары дирилдеди.

— Қорқып турсыз ба? — дедим әсте бармақларының үстине қолымды қойып.

— Аўа, — деп сыбырланды ол.

— Кимнен?

— Билмеймен.

Буннан кейин ол да, мен де тым-тырыс қалдық. Сөйлегим келер, оны сөйлетким, онның жағымлы даўысын еситкен сайын еситким келер еди. Лекин, не деп гәп табыўды билмес едим. Натықсаң, деп кейиймен өз-өзиме ишимнен. Қолыңнан ҳеш нәрсе келмейтуғынын билип Гүлшира сени пилдей жетелеп жүр! Басқа урныққыр еркеклерден қорқады ол! Гүлшираны неге еслеп атырман?! Ақмақ!

Өзимди қолға алдым.

— Жалған хошамет деп қабыл етпең, Нигар, Сизге шайы көйлек оғада жарасар екен?

Ол кеште қасында сақлап қойған ба, сары ала шайы көйлек пенен шыққан еди.

— Мен художник болғанымда усы турысыңызда сүўретиңизди салып, қолыңызға китап услатып, плакат етип шығарар едим?

— Сиз де көрдиңиз бе ол плакатты?

— Қайсы?

— Кеширерсиз! — Нигар уялып қалды. — Мен сол сиз айтқан плакатты балалығымда көрип едим.

— Усындай шайы көйлек кийген қыз ба еди?

— Аўа. Басында бирақ дөнип турған моншақлы тақыясы бар еди. Китап дүкәнның бир дийўалына илдирип қойған екен. Апама «сатып әпер» деп жыладым. Жети жаста едим сонда. Китап дүкәншы мени зорға алдастырды. «Ол дийўалға қағыўлы тур, ертең уста келсин, алдырып беремен» . «Басқа биреўге сатып қоймайсыз ба?» дедим мен. «Яқ, тек саған сатаман», — деп сөз берди. Сол-сол екен, ҳәр базар апамнан қалмай қалаға бараман. Барып саатлап сол күлип турған сары ала шайы көйлекли қызға тигилип қаламан. Мениң бахтыма устасы түспегир де келмейди. Изиме қараў-қараў менен зорға дүкәннан шығар едим.

Апам маған кешиктирмей соған усаған тақыя сатып әперди ҳәм шайы көйлек тиктирип кийгизди.

— Соннан бери тасламай кийип киятырсыз ба?

— Яғаў! — Нигар күлди. — Онда мен жети жасар едим. Ҳәзир он алтыдаман. Лекин, сары ала шайы көйлекке ықласым хеш пәсеймеди. Сол плакаттағы қыз да шашын бир бурым етип, шеп ийнине таслап қойып еди. Мен сол шырайлы арыў қызға еликлеп өстим.

— Уқсай алдыңыз ба?

— Билмеймен. Лекин, сиз ол плакатты көрмегенсиз-дә?

— Қосық айтып бериң. — Буннан басқа көйлек ҳаққында айтатуғын пикирим жоқ еди.

— Қурыдан қуры ма? — деди ол иркилип.

— Яқ, қурыдан қуры емес. Алдында зал толы адам, мен сахнадаман, деп сез өзиңди.

— Қәне, сол зал толы адам?

— Мине, мен. Мен сениң қосығыңды мың қулақ болып, миллион қулақ болып тыңлайман! Тек бир қосық айтып бер. Түнаў күни шығарып жиберген айыбың ушын айтып бер.

— Мен шығармадым-ғо. Өзиңиз неге ҳаяллардың палатасына кирип бардыңыз?

— Мени қоярда коймай арқамнан ийтерип жиберди.

Нигар мырс етти.

— Қоярда қоймай қудыққа ийтерип жиберсе түсип кете бересиз бе?

— Қудықтың ишинде сиздей сулыў қыз турса, ийтермей, өзим-ақ секирип түсемен.

— Мендей бир сулыў қыз турса болды ма?

— Яғаў. — Мен сөзден утылғаныма албырап қалдым. — Тек сиз турсаңыз деп атырман!

— Қайсы қосықты айтып берейин?

— «Кеўлимде барсаң»

Нигар үндемей қалды.

— Сизге унамай ма ол қосық?

— Яғаў. Қасымызда ҳеш ким жоқ, қосықты сизге арнап айтқандай болып қаламан-ғо.

— Неси бар, маған арнасаң? — Мен батыллық пенен шеп ийнинен түсип турған бурымын сыйпаладым. Ол әсте қолымды артқа ысырып, қосықты баслады.

Жүзиме баққанның көзине дәртпен,
Ўәдеге опалы, сөзиме мәртпен,
Суғынды сиңдирип-аў өзиме әбде-ен,
Телмире берме сен-аў кеўлимде барсаң.

Нигардың «сизге арнап айтқандай боламан-аў» дегенинде жан бар екен. Ол усы төрт қатарды ширели ҳаўазы менен айтып атырып, ләбинде күлки ойнар, көз қыйығы менен ҳәм уялып, ҳәм наз бенен бағар еди маған! Бул карaслары мениң тула беденимди балқытып жиберди.

Суғынды сиңдирип өзиме әбден,
Телмире берме сен кеўлимде барсаң.

Перде артынан сығалаған нәзерди излеп, булт артына жасырынған айдай телмиргеним жалған ба? Мейли, суғым өтсин мениң! Ол тең зарядлы магниттей басқа суқ көзлерден асырап турсын оны! Ол гөззал меники! Ол мениң бахтым!

Усы қыяллар менен бәнт кеўлим екинши куплетте не айтылып, не қойғанын да сезбей қалды. Қыз ҳәр бир қатар қосықтың маған қалай тәсир етип атырғанын қабақ тәрезисине салып өлшеп турғандай, ал, мен ушын бул қосықты тек Нигар ғана айтып, ол тек мен еситиў ушын жаратылғандай еди.

Гейде сәлемлесип салқын жүз бенен,
Гейде гийне оғын атып көз бенен,
Гейде ала жипти үзип сөз бенен,
Күйдире берме сен кеўлимде барсаң.

«Ҳеш ўақытта ала жипти үзбеймен, жаным» деп жибергим келди. Қосық айтып болынған ўақта сүйсингенимнен ийнинен қушақлап алғанымды сезбей қалдым. Нигар оқтай атлығып орнынан турды.

— Кешир, кешир! Билмей қалдым. Нигар! Өзимди услай алмай қалдым.

— Өйтетуғын болсаң қайтып шықпайман. Сөйлеспеймен де!

Ол әсте орнына отырды. Сездим, онша ашыўлы да емес еди.

— Перделен қарамай да қоясаң ба?

Қыз мырс етип күлди.

— Оны да сезип қойдың ба? Билип турман, ол мениң сезгенимди қашшаннан-ақ биледи, лекин, ҳәзир уялғанынан билмегенликке салып атыр еди.

— Көзим ҳәм жүрегим алтыншы палатаның терезесинде болса ше?

— Қайтпаймыз ба? — деди араға азырақ үнсизлик шөгиўден.

— Қайтамыз-ғо. Бир нәрсе сорамақшы едим.

Мен оны қандай сөз бенен болса да иркип, қасымда көбирек отырғанын қәлер едим. «Не сорайсыз?» дегендей ол маған саўал нәзери менен қарады.

— Ана күнги, кемпирди жылатқан қосығыңды қаяқтан үйрендиң?

Нигарды аз ғана ўақыт кеўилсизлик бийледи.

— Алдынғы бир сапары бир-еки кемпир: «Қызым, ҳәзирги заманның қосықлары бизиң кеўлимизге қона бермейди. Мақтумқулыдан билесең бе», — деди. Ойланып, ойланып усы қосықты айттым. Сөйтсем, кешеги Матякубтың анасы сол жерде отыр екен. Еңиреп қоя берди. Палатадағылардың бәри жылады.

— Ырасын айтсам, дәлизде турып мен-әм жыладым.

— Сиз кеткен жоқ па едиңиз?

— Яқ. Палатамыз бенен дәлизде турып тыңладық.

— Айтпақшы, палатаңызға барғаннан кейин мен ҳаққында ҳеш нәрсе айтып жүрмең. Жийенғалий аға бизиң аўылдан, әжағамның жорасы.

— Сөйтип, Мақтумқулының қосығы екен-аў ол! Мен ҳеш жерде оқымаппан.

— Кимниң қосығы екенин билмеймен.

— Онда кимнен үйрендиң?

— Ағамнан. Ағам жүдә хош ҳаўаз еди.

— Бақсы ма еди?

— Яқ. Әпиўайы тракторшы. Аўылдың баллары ағамның культиваторында отырып, артындағы пәшекти алып жүриўге таласатуғын еди. Ағам трактордың рулин бир қол менен басқарады. Бир қолы қосықтың ырғағына ойнайды. Отақ отап атырған ҳаяллар ағам тусынан өтип кеткенше түргеп турып тыңлайтуғын еди.

Ол ағасы ҳаққында сондай берилип сөйледи, көз алдымда «Ышқындаман» фильминдеги трактордан секирип түсип ойынға түсип кеткен жигиттиң келбети елеследи.

— Сонда усы қосықты көп айтты ма?

— Яқ. Бул қосығын ол үйде отырғанда бизлерди алма гезек дизесине миндирип отырып айтар еди.

Бул дүньядан яхшы кетип
Өлмей хам яман қалмады.

— дегенде апам жеңи менен көзин сыпырып, солқ-солқ жылайтуғын еди. Қатара үш иниси өлген, қырққа жетпей.

— Ағаң нешеде ҳәзир?

— Ағам ҳәзир жоқ. Гөрек теретуғын машын айдап жүрип, қалғып кеткен бе, салмаға түсип, бункер менен трактордың ортасында қысылып қалған. Елиўге шықпай қайтыс болды.

Нигар қолы менен еки көзин басып үнсиз қалды.

— Қапа болма, мен билмей қалдым.

Сыртта Гүлшира менен санитарка пайда болды.

— Нигар! — деп қышқырды Гүлшира.

Нигар шоршып түсти. Бирден турып кетпекши еди, ийнинен бастым.

— Қойып тур, қаяққа болса да бурылсын.

Олар емлеўхананың арт бетине айланды.

—Берман айланбай турып ишке кирип қал, — дедим оған. — Мен дәрўаза беттен келемен.

Гүлшира менен кирер аўызда ушырастым.

— Қаяқта жүрсең? — деди кийлигип.

— Ҳеш. Мына жерде бир жорамның үйи бар еди, соған барып қайттым.

— Алдама! Нигар қайда?

— Қайдан билейин.

— Усыннан барма...! — Гүлшийра гәпиниң изин айтпастан пәтленип ишке кирип кетти.

Ол сырттан кириўден-ақ барып алтыншы палатаның қапысын жулқып ашты.

— Сен қыз қаяқта един?

— Он үшинши палатада.

Ол шамасы мен жоқ болғанға ҳәўлирип бирден даланы излеген болыў керек. Үндемеди. Бәри бир ишинен инанып та турған жоқ еди.

— Сақиев! — деп даўыслады Гүлшира енди уйқыға жатайын деп атырсам.

— Я-а?!

— Буяққа кел!

Шаншыў бөлмесине бардым. Ол пердениң артындағы тапшанды көрсетти.

— Жат!

— Хе?

— Клизма ислеймен.

— Неге?

— Сораў берме маған. Доктор жазған.

Клизмадан өлердей қорқатуғын әдетим бар еди. Бир мәрте бийабырай болғанман. Бул рет те сол аўҳал тәкирарланбасын деп болыўдан ышқырымды услаўым менен ҳәжетке жуўырдым.

— Ҳаққыңнан! — деп ызғарлы күлди Гүлшира.

Азанда доктор шақырды.

— Бөтекен қәйерде? — деди Әсет доктор.

— Билмеймен.

— Әне, бунын жақсы! Наўқас аўырыўының қайерде екенин билмесе, демек жақсы болып киятырғаны. Лекин, еле жатасаң. Еки дәриңди өзгертип жазаман. Қызлар уколларыңды ўақтында салып тур ма?

— Аўа. Бүгин түнде клизма иследи.

— Не? Клизма-а? — Доктор күлип жиберди. — Ҳә, мәйли, клизманың пайдадан басқа зыяны жоқ. Ишеклериң тазарады. Болды, бара бер.

— Гүлшираға айтып жибер, келип кетсин! — деди доктор шығып баратырғанымда.

— Сестра, доктор шақырып атыр! — дедим Гүлшираға. Ҳәкисленип сөйлегенимди ол да сезди.

— Атымды умытып қалдың ба?

— Кеширерсиз, фамилияңыз есиме түспей қалды.

— Шақтың ба?! — деди ызғарлап.

— Ҳәрре емеспен!

— Қәнекей еди ҳәрре болғанында! Бармағым менен басыйып өлтирер едим.

Мың жасырған менен ол Нигар менен ушырасқанымды билип қойған еди. Түндеги кесел тарийхына жазылмаған клизма да усы айыбым ушын екенин сезип турдым.

## 8

Мен еки оттың ортасында қалдым. Гүлшийраға реҳимим келеди. Оны аяйман. Ол қыз бала. «Сен неге Нигарға аўып кеттиң?» — деп айта алмайды. Жигит өзине қыз таңлайды, қыз өзине жигит таңлай алмайды. Олардың әўметсизлиги сонда-дә! Кейнинде бир буйырған еркекке бас қосады. «Дуз несип» деп тәселле айтады ата-анасы. «Соң бир-бириңизди жақсы көрип кетесиз» деп алдарқатады жеңгелери. Түскен жерде оны ата-енеси қыз ўақтында қолы жетпеген кийимлерин әпереди, дослары, жақын-жууўықлары алтын-гүмис тағыншақлар менен безеп таслайды. Лекин.. Ақшамлары ол ҳәмме дебдиўлерин өкпесине толып қалған суўық демлер менен қосып шығарады. Оны күйеўине билдирмеўге тырысады. Ләззет қушағында да ол басқа бир инсанды ойлайды. Бул — үйленген жигит ушын қандай бахытсызлық! Лекин, ол өзинше бахытлы! Өзинше шад! Дүньядағы бәрше жаратылыс өзлерин қутлықлап атырғандай, қуўаныштан ентигеди. Қойнындағы дәртли ҳаялдың, сыр сандығы ашылмаған, ҳеш ўақта ашылмайтуғын ишки кеширмелерин түсинбейди. Сол түсинбеўи менен ата болады, соның менен

әсте-әсте егеделикке қәдем қояды. Ҳәмме үмити сөнген нашар енди муҳаббатты тек китабый сөз деп қабыл ете баслайды ҳәм өз турмысына шүкирлик етип жасайды. Оны перзентлериниң кем-кемнен өсип киятырғаны қуўандыра баслайды. Дүньяда кемнен-кем нашар өз сүйгенине қосылады. Буған ҳеш ким айыпкер емес. Дүньяның өзи солай жаратылған. Қыз сүйген менен жигит сүймесе пайдасы жоқ. Өз гезегинде бул жағдай жигитлерге де тән.

Усы ойлар қыялымнан кешер екен, Гүлшийраны сол әўметсиз нашар орнына қойып көрдим. Лекин, сол заматы-ақ ол ойларды бийкарладым. Яқ, ол дәртин ишине жутып жасайтуғын нашар емес. Ол тегинликте сүйген жигитин қолдан жаздырмайды. Муҳаббат ушын жан таласында гүреседи. Анасының, жақын-жуўықларының үгит-нәсиятларын писент қылмайды. Қарсылықларына бойсынбайды!

Бул жағымсыз ойлардан бирден жүрегим шоршынып кетти. Ол мени Нигардан тартып алатуғындай көринди. Пүткил ел мен тәрепимде, лекин, ол қолымнан беккем услағанынша көпшиликтиң арасынан сүйрелеклеп алып шығып баратырғандай еди. Усы бир қорқынышлы ойлар Нигар менен болатуғын ушырасыўларға шек қоятуғындай қорқынышлы сезилип кетти.

Бизлер бәри бир Гүлшийрадан тасаланып, ушырасып турар едик. Нигар оның мени қызғанатуғынын сезбеди, соншелли тек қыз балларды қатал услайды, деп түсинди ҳәм тартынды. Ал, мениң ишим тығылып атыр. Жүрегиме уялап алған сол ҳақыйқатлықты Нигардан сыр тутқаныма ҳүжданым қыйланады. Өйтпесе, қыйыншылық пенен қолыма қондыра баслаған қусымды пыр-р еттирип ушырып жибериўим мүмкинлигин иш-ишимнен сезинер едим. Бир ушса ол қайтып қонбайды. Оны далбай былғап шақырып ала алмайман. Қайўақтадур бул ҳақыйқатлықты бир айтаман. Қайўақта? Кейин... Ол мениң муҳаббатыма толық исенгеннен кейин. Ол мениң опадарлығымды сезип ҳәм түсинип жеткеннен кейин. Жақсысы, жүреклер табысып, бахыт босағасынан атлағаннан соң. Онда да бирден емес, бир жылдан кейин... Яқ, бир-еки балалы болғаннан кейин...

Ойлар... ыбыр-жыбыр ойлар... Уйқысызлықтан басым зеңип кетти. Бир ўақытта тапочкасы сылп-сылп етип палатаға биреў кирип келди. Мойнымды бурып аяқ даўысы шыққан тәрепке қарадым. Көшедеги жақтыдан ала-көлеңке болып турған бөлме ишинде Гуля маған қарай жүрип келер еди.

— Мәмбет... — деп сыбырланды Гуля басқалар оянып кетпесин дегендей.

— Ҳе?

— Жүр, маған таблица сызыўға жәрдемлес.

— Ертең сызсақ болмай ма?

— Я-ақ, азанда Әсет аға тексереди.

Уйқысын аша алмай атырған адамға усап, зорға қыймылдап орнымнан турдым. Гуля менен өткен ўақыт тез ҳәм кеўилли өтер еди. Гүлшира менен үш реттен кейин автоклабқа барғанды қойдық. Үндемеди. Сонысына жүдә ыразыман. Түнеў күнги клизма менен жазалағанына кеўли толмай, бетерирегин ойлап таба алмай жүрсе керек.

— Аржағындағы стулшикке отыр, — деди Гуля постта отырған адамның басы ғана көринип туратуғын столдың шетки гүрсисин усынып. Өзи шеп қапталдағы стулға отырды.

— Мә, мынаў саған таза дәптер. Мынаў қайшы, мынаў сызғыш, — Соң тозыўы жеткен дәптерди де қосып қойды. — Бул саған үлги, тек таблицасын сыз, жазыўын көширип жүрме.

— Кесел адамды-әм жумсап қоймайсыз, — дедим күлип.

— Ўа-ҳа-ҳа, сен бе кесел?! — Ол шақалақлап күлип жиберди де соң ҳәммениң уйқыда екенин еслеп, дәрҳал аўзын басты.

— Уқсамайман ба?

— Қәйериң аўырады өзи?

— Бөтекем.

— Неше бөтекең бар екенин билесең бе?

— Билемен. Екеў.

— Жақында төртеў болады.

— Қалайынша?

— Просто так. Нигарға үйленесең, басыңыз екеў, бөтекеңиз төртеў болады.

Мен кеўилли күлип қойдым. Оның гәптиң изин Нигарға әкелип туўаратуғыны маған майдай жағар еди.

Ол көз астынан мениң ислегенлеримди сын нәзери менен бақлап отырар екен, бир нәрсе дегиси келип, ерни жыбыр-жыбыр етер еди. Оның узақ ўақыт үнсиз отыра алмасын билип, мен барынша тыр-тым отырдым.

— Хош, сөйтип не қылдың? — деди ол бир ўақта шыдамай.

— Нени?

— Нигарды.

— Таныстым.

— Соң?

— Сөйлестим.

— Кейин?

— Тағы сөйлестим.

— Оннан кейин ше?

— Оннан кейин де сөйлестим.

— Чё, попугай что ли, сөйлестим, сөйлестим.

— Енди не қылыўым керек еди?

— Поса алдың ба?

— Бирден бе?

— Төрт-бес мәрте сөйлескен болсаң, бирден бола ма?

— Үлгеремиз-ғо, — дедим пәрўайы пәлек.

— «Таз таранғанша той тарқайды» деди ол қолы талған қусап, ручкасын кеселлик тарийхының үстине көлденең таслап. — Сөйтип таз бийшара тойдан кейин жылытпаға қалады.

— Мен де жылытпаға қаламан ба?

— Саған жылытпа да жоқ. Тилиниң буўыны жоқ биреў илип кетеди де тулыпқа мөңиреп қала бересең.

— Енди не қыл дейсен? Тәжирийбең болса айт!

— Мен не, жигитпен бе? Между прочим, саған бир секрет айтайын. Мени бир жигит геўгимлетип, адамсыз бир үйге киргизбекши болды. Мен кейин шегиндим. Ол күшлеңкиреп тартты. Еки-үш адым аттым да жылап жибердим.

— Кеширерсең, Гуля, ойнап едим, — деп қолымды жаздырыў менен болды. Анада-ай жерге барып изиме айландым.

— Ҳә-әй! — деп бақырдым оған бармағымды шошайтып. Ол қазықтай қалша қатып турар еди.

— Ләтте екенсең! — дедим де, алды-артыма қарамай жуўырып кеттим. Соннан кейин оның менен қайтып сөйлеспедим. Билгиң келсе айтып қояйын. Күйеўимнен бурын биринши поса алған сол жигит еди. Мен оны жанымның ишинде көрер едим. Оған тәнимди бағышлаўға таяр едим. Оның батыллығы жетпеди. Путына қараған еркек екенин аңлап жеттим де, кеўлимдеги сүйиўшилик сезимлеримди шилпәрше қылдым. Қыйын болды, бирақ шыдадым.

— Сен не сонда, тәниңди дус келген жерде бағыш ете бересең бе?

— Ҳәммеге емес-тә!

— Сонда да, ишлей қыйланбайсаң ба? Ертең келиншек болып, шымылдыққа кирсең...

— Ә-әй! Старый обычай бәри? Мен орыс класста оқығанман. Үйде де, мектепте де европаша тәрбияландым. Өз денеме өзим хожейинмен! Неге оны биреўлердиң буйрығына бойсындырар екенмен!

— Қулласы, күйеўиңе ҳаял болып бардың ба?

— Ты что?! Айттым-ғо, ол жигиттиң батыллығы жетпегенин. Мениң әкем үлкен ҳәмелдар еди, өзи теңлес ҳәмелдардың баласына бермекши болды. Маған к черту оның ҳәмели! Баласы «не рыба не мясо». Еки ҳәмелдар орталарында «жорға» жүриўин қәледи. Ал, мен «дорба» жүриўин таңладым. Класста бирге оқыған жетим балаға кетип қалдым. Мени үш жылға дейин есиктен қаратпай қойды. Мәйли, қаратпаса қаратпасын. Басымда жайым, қойнымда байым бар. За то, екеўимиз тең ҳуқуқлымыз — ким ерте келсе сол аўқатты асып жибере береди. Кимниң қолы босаса сол бала жубатады. Мынаў еркектиң жумысы, мынаў ҳаялдың жумысы демеймиз. Теңбиз. Теңдей кийинемиз. Ол шалбар кийеди, мен-әм шалбар кийемен. Ол мужской көйлек кийеди, мен-әм мужской көйлек кийемен. Ол малақай кийеди, мен де!

— Кеште не? — дедим күлип.

— Ну гад? — Гуля қулағыма сызғыштың қыры менен урып жиберди. — Сени жуўас десем жуўастан...

— Билесең бе, Гуля, мен усы күнде өзимди кимге усатып жүрмен?

— Кимге?

— Арқасынан ход берип, сахнада ойнатып жиберетуғын қуўыршаққа усайман.

— А-ҳа-ҳа!

Гуля шақалақлап күлип жиберди.

— Таппайтуғын гәпиң жоқ! Муғаллимсең-дә! Билесең бе, мен не ушын сизлердиң тезирек кеўил табысқаныңызды қәлеймен. Сизлер екеўиңиз мениң көз алдымда «Ақ қуў» балетиндеги жигит ҳәм қызға усайсыз! Сизлер идеяльная пара! Нигардың сулыўлығы ҳәм нәзиклиги, сизиң мәдениятыңыз, билимиңиз жүзикке қас қондырғандай. Қосылмай кетсеңиз екеўиңизге де обал болады.

Гуля бул гәплерди сондай берилип айтты, оның жүз ҳәрекетлери экранда гөззалықты тәрийиплеўге тил жеткере алмай атырған актрисаға усар еди.

— Рахмет! Ҳәрекет қыламан!

— Давай! Шевелись!

Ол меннен сызып болынған дәптерди қабыл алар екен, ийниме ғамхоршылық кейипте шаппатлап қойды. Оның усы бүгинги берген «ходы» мени және де илхамландырды. Болды! Енди көп тартыншақлықты жыйнастыраман. Оның үлбиреген ғумшадай ләблеринен тәкирар-тәкирар поса аламан. Мениң бул посам оның тамыр-тамырларынан өтип, жүрегине жетип барсын. Нигар басқаға яр болыўға тийисли емес.

Мен ертеңги ушырасыўымды көз алдыма келтирип, шийрин қыяллар менен уйқыға кеттим.

## 9

Гүлшира менен Гуляның нәўбетшилиги арасында Айсара деген үлкен ҳаял турар еди. Ол емлеўханада ҳеш ким менен әжик-гүжик болып сөйлеспейди. Оның алдында ҳәмме — наўқас! Болғаны, басқа ҳеш ким емес.

— Палатаңызды тазалап отырың!

— «Тихий час»та кирип шыға бермең!

— Болды енди, жатың! Отбой болды.

Бул оның ҳәммеге айтатуғын, гейде коридорда өзинен өзи-ақ тәкирарлай беретуғын сөзлери. Ол турған күни биз Нигар екеўимиз арқайын кирип шығамыз. Гүлшира қусап

аңлымайды. Гуля қусап изимизден бас бармағын шәлтийтип «зор» деп қалмайды. Оны тек мен сеземен. Нигардың сезип қалмаўын тилеймен ишлей. Сезип қалса, бул оған және бир тосық болады. Уялып жалтақ болып қалыўы мүмкин.

Бүгин емлеўханада жатырғаныма жигирма үш күн болды. Усы арада биз Нигар менен бес-алты мәрте кеўилли демлеримизди кеште бағ ишинде өткердик. Лекин, ол ҳәр сапары тезирек ишке кетиўге асығар, бизиң бул пинҳамы ушырасыўларымызды қасындағы ҳаяллар яки докторлар билип қалыўынан тартынып, өзин қыл үстинде жүргендей сезер еди. Оның албыраўшылығы маған да тәсир етер, оның кеўлиндеги ҳүрейди жоғалтыўға қанша урынсам да, сәтине түсе бермес еди.

— Нигар, қосық айтып бер! — деймен әсте ийнине қолымды салып. Ол қолымды төмен ысырып қояды.

— Уяламан.

— Кимнен?

— Төбеде ай сығалап тур.

— Оның биреўге айтып беретуғын дослары жоқ ғой!

— Қуяшқа айтып берсе не қыласаң?

— Қуўанаман. Бизлерди Ай менен Қуяш қутлықлады деп мақтанаман.

— Кимге?

— Саған!

— Мен ҳәммеге шығар деп қорқып кеттим-ғо.

Соң екеўимиздиң де гәплеримиз таўсылып қалады. Әсте жүзимди оның жүзине жақынлатаман. Демим оған урылады. Ләблер жақынласады. Нигар тийер-тиймес болып турған еринлеримиздиң арасына нәзик төрт саўсағын тутып қалады.

— Қолыңды ал!

— И-им!

— Неге?

— Уяламан.

— Кимнен?

— Дарақлардан.

— Дарақлардың көзи жоқ ғой!

— Олар бар денеси менен көрип турыпты.

— Мен дарақлардан уялмайман.

Ол әсте-ақырын ийнимнен ийтергишлейди:

— Биреў көрип қояды.

— Онда қосық айтып бер.

— Түнги даўыс узаққа кетеди, уят болады.

— Қулағыма айт.

— Қосықты қулағың менен еситесең бе?

— Қулағым менен еситемен, жүрегим менен қабыллайман.

— Айтпақшы, он үшинши палатадағы ана күнги апайлар ертең тоғыздан кейин келип қосық айтып бер деп атыр. Сен барма, яқшы ма?

— Неге?

— Уяламан.

— Дәлизде турып тыңласам-ше?

— Бәри бир. Сениң дәлизде барыңды билсем де айта алмай қаламан.

— Онда ҳәзир айтып бер.

— Қайсы қосықты?

— «Кеўлимде барсаң».

— Оны неше мәрте еситесең?

— Қанша мәрте айтсаң, сонша мәрте тыңлай беремен. Кеўлиңе барып орнап қалғанымша тыңлай беремен.

— Кейин-ше?

— Кейин сен пүткиллей меники боласаң!

Ол әсте қосықты баслады. Оның қоңыраўдай сыңғырлаған жағымлы ҳаўазын пүткил денем қулақ болып тыңладым. Оны жазған шайыр екеўимизди усы қараман астында кем-кем бир денеге айланып баратырғанымызды көрип ҳәм сезип турып жазғандай еди, кеўлиме. Нигар соңғы куплетти және бир мәртебе тәкирарлады.

Ашық екениңди жәрия етип.

Билдире берме сен-аў, кеўлимде барсаң.

Усы еки қатарды қайта тәкирарлар екен ол, өзи сезбеген ҳалда көксиме басын қойды. Жуп-жуқа денесинен маған жыллылық өтти. Оны қуштарлық пенен баўырыма бастым...

Сол күни сәршемби күни еди. Сәтли күн еди сол күн. Таң алдында нөсерлеп қуйған жаўын түс ўақтындағы гүздиң ашық қуяшы менен тез кеўип кеткен, тек ҳәр жер-ҳәр жердеги шуқанақларда ғана сап-сары шалшық суўлар қалған еди. Жаўыннан кейинги кеш оғада сулыў еди. Ай дөңгеленип

толысыўға аз ғана қалған. Аспанда тарыдай жайылған жулдызлар түн қойнына өзгеше сән берип турар еди.

— Сениң жулдызың қайсы? — дедим Нигардың нәзерин диң аспанға қаратып. Бақанада оның бүлкилдеп турған жупжуқа тамағына мурнымды басып ийискеледим.

— Қойса, қытығым келеди, — деп күлип мойнын қысты.

— Сениң жулдызың қайсы?

— Ең жақтылысы! Сеники-ше?

— Сол ең жақтылы жулдыздың қасындағысы.

— Жулдызлар неге ағып түседи? — деди ол маған.

— Ағып түспейди. Мәкан өзгертеди.

— Неге?

— Қызлар да мәкан өзгертеди ғой?

— Сонда не, жулдызларды да узата ма?

— Яқ, оны өзиндей бир жулдыз алып қашады.

Екеўимиз де яддан тоқыған саўал-жуўапларымыздың жалған екенин билер едик, лекин, бул сөзлер жүрек төримизден өзгеше бир леб пенен, кеўилли ентигиў менен шығар еди, ҳәм жанға мәлҳәм, кеўилге ләззет бағышлар еди бул сөзлер.

— Лекин, ол биреў болып ағады-ғо, — деди Нигар саўалын даўам етип.

— Олар жупласқан ўақытта екеўи бир жулдыздай болып қалады. — Мине, бизлердей болып.

Мен оны қайтадан баўырыма тарттым. Ол шеп қолы менен әсте көкирегимди тосты, оң қолының суқ бармағын ләбине жете жазлап қалған ерниме кесе қойды.

— Руқсат жо-оқ! — деди соң сыбырланып.

— Нигар?

— Ҳим.

— Келешекте ким болғың келеди? — Усы саўалды берерин бердим де; «сени урып өлтиретуғын адам жоқ» деп өзиме-өзим кейидим. Ақыры, бул әлле кимге берилетуғын жол-жөнекей саўал ғой! Бул болмағыр, биймәни гәп ҳәзир ғана қаўышып турған ләблерди пүткиллей ажыратып жибермесе еди? Яқ, Нигардың кеўлине бундай сумлықлар келмеген екен.

— Ким болыўымды қәлейсең? — деди назлы күлип.

Қуўаныштан кеўлим тасып кетти.

— Сен ҳеш ким болма! — дедим ийнине қолымды салып. — Сен тек Нигар бол! Мен сүйген Нигар бол!

— Қолыңызды алың! — деди ол әсте.

— Неге?

— Кетейик. Айсара апа сезип қалса палатаға барып бақырыўдан қайтпайды. Апайлардан қолайсыз болып қаламан.

Соның арасынша емлеўхананың күн батыс мүйешинде еки ақ халат көринди. Биз қайтадан қараман теректиң тасасына тығылып бир адамға айланып қалдық.

— Көринбей ме? — деди Айсара апа.

— Яқ, — деди санитарка. — Қыз бала буяққа шықпайды-аў, қорқады-ғо.

— Қасында қорықпайтуғын жүўермеги болады-дә!

Сол «бахытлы жүўермек» мен едим.

Олар изине айланды.

— Енди қашан? — дедим Нигардың жүп-жумсақ саўсақларын алақаныма қысымлап.

Ол «сошан» деди де, қолын әсте тартып алып ишке жуўырып кетти.

Мен бул бахытлы демлерден ентигип, сыртта бираз жүрдим де палатаға кеўилли кирип келдим.

— Ҳе, жигитлер бул не жатыс? Шахмат ойнамаймыз ба?

Аман тас төбесинен шаншылып қарады.

— Шахмат! Сиз шахмат билесиз бе?

Оның таңлағанынша бар еди. Олар көбинесе түски дем алыс ўақтында қапыны қатты жаўып алып шахматқа кириседи. Сокта ойнаўға қорқады.

— Ферзамди қайтып бер, билмей қалдым.

— Яқ, қайтып бермеймен.

— Гирлейжақсаң ба?

— Бәри бир қайтып бермеймен.

Палаталас шахматшылар бир-бири менен кегирдекке суў бүркисип атады. Мен болса оларға дыққат аўдармастан, өз қыялым менен сырласып жата беремен. Мени шахматқа қызығады деп олар улыўма ойламас еди.

— Сиз бетке апарайын ба? — деди Аман тумбочкадан шахмат қутысын алып.

— Яқ, мен сизлер бетке бараман.

Орақбай екеўи дәрҳәл тумбочканы ортаға қойып, шахматты дизе баслады. Мен пенжегимди кәттиң басына илдирип, Орақбайдың қасына —Аманға қарсы қарай отырдым.

— Ақ пенен ойнайсаң ба, қара менен бе?

— Гроссмейстрге қайсы тас болыўының парқы жоқ.

— Ой-бу-у! —деп Орақбай шалқасына таслап күлди де, қайтадан тикленип отырды. — Әстерек!

— Сен балада бүгин йош бар-ғо! —деп күни менен көз астынан үнсиз бақлап жатырған Жийенғалий де орнынан тикейди. — Набада, күйеў бала болып келгениң жоқ па?

Ол Нигар менен кеште бир заман пинҳамы ушырасып қайтатуғынымызды сезер еди. Қыз бенен аўыллас болғаны ушын соны шама қылып атырған еди. Мен еситпегенсип, дизилген тахтаның қара таслы тәрепин өзиме бурдым.

— Жүр, Аман!

Аман биринши жүрис қылды. Соң мен. Кейин Аман. Дәслепки жүрислер жол ашылыў ушын тез-тез өтти. Соң ойланып көшетуғын ходларға нәўбет келди. Лекин, мен ойланбадым. Бундай партияларға көп ойланып отырмас едим. Себебин кейин айтаман.

Үш минутта Аман тәслим болды.

— Қайтадан ойнайық, мен сениң усылыңды билмей қалдым, —деди ол қоллары дирилдеп.

— Матч —реванш кейин болады.

— Мен ойнап көрейин.

Аманның орнына Орақбай өтти. Ол үш жүристе «детский мат» болды.

— Як, бул есап емес, —деди ол шыжа-пыжа болып. — Мен абайламай қалдым.

— Шахматта «абайламай қалдым» деген гәп болмайды.

— Бул кроватьлар аралық ойын-ғо, бунда бола береди.

— Әй баллар, утылғанның гәпи қурсын, былай турың, —деп олар екеўин де шетке сүрип, орнына Жийенғалий отырды.

— Қәне, мәрт болсаң мениң менен ойна, палапанларды утқаныңа мардыймай.

Ақ тас пенен биринши ход басладым. Үш-төрт ходтан кейин ферзамды алдырдым. Жийенғалийдиң анық исеними пайда болды.

— Әне баллар, усындай қылып ойнаў керек, — деп қойды аўзының суўы қурып еңсемизден үңилип турған Орақбай менен Аманға.

— Сизлердей болғанша бизлер де үйренемиз.

Күтилмегенде мен хүжимге өттим. Хүжим үстине хүжим. Жийенғалийдиң еки қасының арасы үйрилип, дерлик қосылып қалды.

— Үңиле берме! — деди Орақбайдың ийнинен түйип.

Жийенғалий избе-из басланған хүжимнен шахын арашалап ала алмас еди. Бир мүйеште қалған ферзасы жәрдемге жетип келе алмады. Оған нәўбет те жетпеди.

— Шах!

— Шах!

— Шах!

— Мат!

Мен қолларымды уўқалап, мардыйып орнымнан турдым.

— Енди гроссмейстер дем алады!

Бул Жийенғалийге батып кетти. Орнына барды да, еки дизесин баўырына тартып, жатып алды.

— Гроссмейстер реванш ойнамай ма? — деди Аман хәзилиме хәзил менен.

— Яқ. Реванш басқа шәҳәрде өтеди.

— Келисти-ир!

Сонша күннен бери бир палатада жасасақ та бир бүклеми ишинде жүрген мен тымсырық, студент ўақтымда шахмат бойынша қатарына еки жыл қала чемпионы болғанымды бул ретте де билдирмей, сыр бүгип қалдым.

## 10

Азан менен емлеўханада ғалаўытлы хабар тарады. Әсет доктор жайын сатып, бир ақшамда көшип кетипти. Ҳәмме бир кисидей қыйланды. Емлеўхана хызметкерлеринен бетер, бийтаплар.

— Енди не қыламыз, емимиз шала қалды-ғо!

— Бизиң районның маңлайына өзи жақсы доктор сыймайды.

— Шуқлап қоймаса көшпей неғылады?!

— Яға-аў, ҳеш ким шуқлаған жоқ, Сажида қатынның қылған иси бул!

— «Атасы басқа менен аң аўлама, атар да жанына байлар» деген усы. Өзимиздиң усы дөгеректе нашар қурып қалып па екен, бул сорлыға.

Қулласы, ҳәр ким бир гәпти қосып, биресе Әсет докторды аспанға шығарды, биресе ақылы кем ләўетек қылды, қәйт-кенде де ҳәмме иш-ишинен қыйланған еди.

— Бизлер не қыламыз? — деди Орақбайға қара уўайым түсип. — Қашан шығатуғыныңызды өзим айтаман деп еди.

— Ҳәй, сизлердиң кесел түўе бәлеңиз де жоқ, — деди Жи-йенғалий Аман екеўине. — Емлеўхананың койка планын толтырыў ушын жатырсыз сизлер.

— Ертең орнына басқа доктор келсин, «шығарсаң шығар, шығармасаң қашып кетемен» деймен. Балнийсаның мына ләттелери кем шықпасын десе, өзинен-өзи шығарады. — Бул Аманның кескирт жуўабы еди Жийенғалийға.

Соң неге «орыс» аталғаны ҳаққында ҳәр қайсысымыз билгенимизди айттық. Мениң еситиўимше оның әкеси Нуржан орыс инқилабтың ўақтында Ресейде мардикарда екен. Он сегиз жасар жас өспирим, ақ патша қулағаннан кейин елге қайтыўға жол кирейи болмай, соякта қалып кетеди. Жигирма бес жасларға шыққанда Екатерина деген бир орыс қызға үйленеди. Соң Аллаяр Досназаров директор болған қулп заводында ислейди. Аллаяр қамалғаннан кейин кимдур: «Сен-әм қарақалпақ емессең бе, басыңның ғамын ет, бүгин-ертең сени де алып кетиўи мүмкин» дегеннен кейин ҳаялы менен бир қызын ертип аўылға қайтады. Келсе ата-енеси қайтыс болып кеткен. Үйине қулып урып қойған екен. Ол қулыпты суўырып ашады. Оннан-буннан құрастырып стол соғады, түбиретки соғады. Буннан хабар тапқан әкесиниң ағайинлери келсе бул билектей қызыл гөшти пышақ пенен туўрап, шанышқы менен шапшып жеп отырғанын көреди де, «қой, бул орыс болып кеткен екен» деп турып кетеди. Сол сол екен, ҳеш ким бунның есигин ашпайды. Өзи де үйренген әдетине бола, орысша турмыс кешире береди. Туўылған балаларына да орысша тәрбия береди. Мине, бар болған ҳақыйқатлық усы. Лекин, Әсет доктор орыс болсын, орман болсын ҳәм саўатлы, ҳәм

ҳәзилкеш врач еди. Оның алдына барған киси қай жери аўырғанын умытып кетер еди.

Палатаға пол жуўатуғын санитарка келди. Оның да кеўил хошы жоқ еди. Шелегин бир қойып кетти, пол жуўғыш ағашын бир әкелди, соң әлленемирде бәрҳа топыраққа былғай берип қап-қара болған ләтте шүберегин әкелди.

Күнде аннан-мыннан пол жуўғыш ағашын бир тийгизип кететуғын ҳаял бүгин негедур арқайын еди. Арқайынлығы сол, Әсет доктор ҳаққында әлле нәрселер айтқысы келип турды. Тек әңгиме қаптың аўзын ашып жибергендей баҳана керек еди оған.

— Жеңге, Әсет аға көшип кеткен дей ме? — деди Жийенғалий аңқаўсырап.

— Еситпедиңиз бе?!

— Қайдан еситемиз, палатадан шықпасақ, кесел адамбыз... — Ҳаял Аманның жалатайланып жуўап берип атырғанын сезди, лекин, ҳәзир ол баслы мәселе емес еди.

— Сажида қатынның қылған иси ғой, бул, — деди санитарка қолындағы ләттени шелекке сығып турып. — Қандай жақсы дуқтырдан айрылып қалдық. Өзимиздиң районды қоя берип, қоңсы районнан келип көринетуғын еди адамлар. Биреўине «сен былай тур» демейди. «Мен дуқтырман, мен наўқасты емлемесем ол қаяққа барады» дейтуғын еди, пақыр.

— Жеңге, Сажида деген ким? — деди Орақбай гәпин бөлип.

— Қатыны да!

— Тәжик пе?

— Ийт биле ме, лолы ма, әйтеўир, жети жылда бир сөз үйренбей-ақ кетти-ғо. Шынында, оттың басында мусылманша тәрбияланбағанына барды. «Өз балаң өзегине тепсең кетпес, киси баласы кисенлесең турмас» деген. Бул жердиң ыссылы-суўығына көнип өспегеннен кейин тура ма, ол! Ақыры, алып кетти.

— Бизиң аўылда Украинадан келген бир ҳаял бар, кемпир болайын деп тур, — деди Жийенғалий оған.

— Әй, мыңнан бир болса болатуғын шығар.

— Еркиндәрья бетте бизиң дайымның баласы бар, — деп оның изин алып кетти Орақбай. — Соның кемпир апасы немис болған. Урыста жүрип алып келген.

Гәпин өре бастырмағаннан кейин санитарканың ашыўы келди. Пол жуўғыш таяғын тық-тық урып, хәр жерден бир жүргизиўге қарады.

— Шолпан! — деди бир ўақта сырттан бир хаял даўысы. — Қаяқтасаң!

— Тоғызыншы палатада.

— Саған биреў тоғызыншы палатаға бар деди ме? Берман шық!

— Енди қудайы берип қалды булардың! — деп ол дәскелерин жыйнастыра баслады. — «Даўысыңды көтерме» деп бақыратуғын Әсет жоқ. «Сулайман өлип дәўлер қутыратуғын болды».

— Сулайман деген ким, жеңге?!

— Қойыңшы бир, аңқаўсырай бермей! Ол қапыны тарс еттирип шығып кетти.

Орақбай менен Аман шақалақлап күлди. Изинен еситилген бул мазақлаўшы күлкини оның еситпеўи мүмкин емес еди.

— Баллар, уят еттиңиз! — дедим мен оларға. — Не қылайын деп едиңиз Сулайманның кимлигин. Ол байғустың кеўлине қыл сыймай жүр.

— Туўры. Қалай деген менен Әсет аға бахытлы адам екен, — деди Жийенғалий өкпесин толтырып дем алып. — «Усы биреўден қутылдық па» дегенде қәйтер еди.

— Жақсы адам хәммеге туўысқандай болып қалады, — деп жөпледи Орақбай.

— Соны билсең ўарсақы гәпти не қылайын деп един!

— Мен бе айтқан, Жийенғалий аға, Аман-ғо!

Санитарканың қапа болып шығып кеткени кем-кем хәммемизге батайын деди. Лекин, айтылған сөз — атылған оқ. «Дүньяны суў алса үйрекке бир пул», бул путына шаппатлап жүрген балларға Әсет ким, басқа ким, қәдирин билер ме еди, деп кеткен болса әжеп емес. Сол «путына шаппатлаған» баллардың ишинде биз-әм кетемиз, әлбетте.

Хәр күни азанда саат оннан шаншыў басланатуғын еди. Хеш ким бизди шаншыўға шақырмады. Күн түсликке шамаласқанда кемпирлер өзлери бара баслады.

— Қызым, уколымды саласаң ба?

— Хәзир апа, бир айланып келиң.

Кешикпей шаншыў басланды. Кемпирлер, үлкен кисилер бөлмениң алдындағы тапшанға қатарласып отырып, гезек күте баслады.

— «Бир ҳаялдың мәккарлығы қырқ ешекке жүк» деген. Бул баланың жуўаслығын билип, нашар өзи айландырып алған-ғо.

— Аўа-дә, кеўлинде басқа пыйғыл менен жүрген шаялар, усындай ақ көкирек бийшараларды аңлыйды.

— Қылышынан қан тамған биреў болар ма еди, ҳәссений!

— Барған соң қашып қайтпас па екен!

— Аўа, саған! Басқан адымын өлшеп қояды-ғо.

Қулласы, ҳәмме гәп Әсет доктор ҳаққында еди. Әсет аға дерлик ҳәмме палатадағы наўқасларды бир өзи көрип шығар еди. Оның қасында еки ҳаял доктор болған, екеўи де биреўиниң изинен биреўи декретке кеткен.

— Егер мениң қолымда болғанда ҳаялларды докторлыққа алмас едим, — дейди екен гейде күйип кетип. — Я доктор бол, я бала туў.

Оған поликлиникадан жәрдемге жиберилген докторлар да, еки жаққа алағада болып, барлық аўырманлық Әсет ағаға түсетуғынлығын айтысып отырар екен, мийирбийкелер.

Мине, енди сөйткен Әсет ағасы жоқ. Ҳәмме «жетим» қалды. Емлеўхана ийесиз қалды.

Мениң ядыма ертеректеги бир ўақыя түсип кетти. Сегизинши класымда көзиме шөп тийип, усы емлеўхананың көз аўырыўлар бөлиминде қырқ алты күн жатқанман. Ҳәзир сол емлеўхананың орнында поликлиника бар.

Көз аўырыўлар бөлими ортасында узын дәлизи бар, онон бес бөлмели гөне жайда жайласқан еди. Дәлиз полланбаған. Оны санитарка ҳәр күни азанда сипсе менен суў себелеп, сыпырып шығады. Суў тийгеннен кейин изейдиң ийси жоқары көтериледи. Биз көзимизге азанғы дәрини қуйдырамыз да, сыртқа атлығамыз. Көбинесе бизди емлеўхананың завхозы Айтбай ақ мурт врачтан сорап алып кетер еди. Ҳәзирги қараманлар сығасып өскен жаптиң берги бойында жерге жабыстырып салынған азық-аўқат склады бар еди. Складтың төбеси ийтарқа қылып бастырылып, үсти топанлы ылай менен сыбалған. Ҳәр жерде төрт қырлап тақтайдан соғылған дүткеш бар. Әдепки күнлери буннан

түтин шығаратуғын болса от тийип кетпей ме екен деп ойлайтуғын едим. Складқа киргеннен кейин билдик, бул иштеги карточка, пияз бенен гeширлердиң терлеп, баз басып кетпеўи ушын ҳаўа киретуғын дүткеши екен.

Гәп ҳәзир Айтбай ақмурт ямаса оның гешир-пияз сақланған складында емес. Биз усындай жумыстан шаршап келгенде палатаның есигин, айнасын ашып жатар едик. Жаз айы. Өткинши самал менен изейдиң ийси сыртқа урады да, биз емин-еркин дем аламыз.

Бул жерде ыңқылдап атырған кесел жоқ. Көбиси трахома менен көзине ақ түскенлер. Жарақат алғанларды Нөкиске жибереди. Бизлердики жеңил аўырыў болғанлықтан үш мезгил альбуцид тамызады да, кештеги тамшысынан кейин маз бенен сыбап таслайды. Бир-биримизди кирпигимизге жабысып қалған маздың арасынан елес-елес көрип, аннан-мыннан гәп таўып сөйлесип жатамыз.

Бизиң қапымызға қарсы қараған бөлмеде дуқтыр қызлар кеште шай ишип, аўқатланып отырады. Қара шайға бөртип, кимниңдур изинен келген палаў я таўық сорпаны ортаға алып, әңгиме дүкән қурады. Әсиресе, Қаншайым деген жасы үлкен апай бар. Оның әңгимесин тек мийирбийке емес, бизлер де қулақ түрип еситип жатамыз. Қызық гәплерден таўып айтады ол. Ҳәмменин өтмишин биледи.

— Қаншайым апа,— деди бир күни Сәним деген мийирбийке. — Султанбай қалай Зәўрени алып жүр. Султанбай еле үйленбеген жигиттей, анаў болып қалған-ғо, кемпир-ғо!

— Әй, қарағым-әй, — деди Қаншайым апа. — «Бир ҳаялдың мәккарлығы, қырқ ешекке жүк болады» деген. Бағана Сажида ҳаққында айтылған усы нақыл еди, маған бул ўақыяны еслеткен.

— Султанбай жаңа институтты питкерип келген жас жигит еди. Сондай сулыў жигит болды. Ҳәмменин уўызийи қурыйтуғын еди. Еркек адам-әм бундай сулыў болады екен. Қызлардың бәрининң ақыл-еси сонда. Байы бар қараманлайлар-әм «маған тий» десе, күйеўинен айрылып тийип алыўға тайын. Негедур ол ҳеш ким менен иси жоқ. Ҳеш бир нашарға тик бағып қарамайды. Сондай тартыншақ. Соның менен екиүш жыл үйленбей жүрди. Қызлар енди, мың жақсы көрген менен өзи барып сөз сала ма, уят деген бар, ийбе деген бар.

Әне, сонда усы Зәўре суўманлап изине жалаңаяқланып түсти. Ол нәўбетшиликте турған күни изинен аўқат әкеледи. Бирге отырып жейди.

— Үйге қонақ келип еди, соған асып едим, пайыңды әкелдим, — деп таўықтың бир саны, төс гөши, қанаты менен қосып жүўери гүртик әкеледи. Қонақ келмегенин билип қоймасын деп ҳәмме мүшесин салмайды. Мен билип тураман, оның сумлығын. Мен бар ўақта келсе, қылпылдап тартынып отырады. Қысындырмайын деп шығып кетемен.

Бул аўҳал ярым жылдай даўам етти. Лекин, Султанбайды қолға түсире алмады. Оның уялшақлығы Зәўрениң сум қыялына бөгет болып турды.

Сол жылы августтың ортасында докторлар бригадасы «Ағартыў» деген аўылға мәкке жыйнаўға барады, деген гәп шықты. Топардың басшысы ким болатуғыны да мәлим болды. Ол Султанбай еди. Султанбай барады деген нен кейин ешейинде «кеселмен» деп справка таярлайтуғын нашарлардың ҳеш қайсысы бас тартпады. Ҳәмме «мен бараман, мен бараман». Ол гезлери мениң ең генжетайым да сүттен шыққан. Санитаркалардың арасына мени де қосты. Саат тоғызда емлеўхананың алдында таяр болдық. Он төрт нашар, бир жигит — рентгенде доктордың жәрдемшиси. Басшымыз Султанбай. Негедур ҳаял-қызлардың ишинде Зәўре жоқ еди. Жоқлығына сондай қуўандым.

— Кише, қызларға айтың, автобусқа минсин, — деди Султанбай.

Ҳәмме автобусқа минип атыр.

— Ҳаў, сиз қашан минип алдыңыз? — деди автобусқа мингенлер.

Қарасақ, Зәўре ең алдынғы орынлықта әлле қашан отыр. Кеўли хош! Шофёр қоңсысы екен, азанда үйинен шыққанда минип алыпты.

Барғаннан кейин бес үйге бөлиндик. Өзи аўылда барыжоғы жети үй бар екен. Бир жағы үлкен арна. Арнаны жағалап қоныс басқан үйлер. Ана үй менен мына үйдиң арасы ат шаптырым десем лап болмайды. Ҳәр үйдиң арасы қалың жыңғыллық тоғай. Ортада тек қоян соқпақ бар. Қорықпай қалай отырыпты екен дейсең, киси.

Мәкке пошадкалар сап-сары болып пискен. Оның ушындағы қоңыр қызыл шашақлары қуўыршақтың шашындай желкилдеп, ықласыңды тартады. Қабығын сыйырғаннан кейин оның ишинен жипектей жумсақ, ақшыл-сары шашақлар маржан тистей дизилген мәкке дәнлерине узынына жабысып жатады. Қызлар оны алып, қулақларына қыстырып жүреди. Кеште ҳәр ким өзиниң жататуғын үйлерине барып, сол үйдиң адамлары менен шайға, аўқатқа отырамыз. Олар өз алдымызға аўқат писирип жеўимизге қайылшылығы болмады. Ҳәмме қазан қосып жибердик.

Азанда және мәкке атыз. Биз барғалы бери мәкке бригадты бир мәртебе ғана көрдик. Қарапәреңнен келген, бети бужыр-бужыр дәпең киси екен. Бети тегислеў болғанда тап мениң кисим шығар дер едим.

Қаншайым усы гәпти айтып, кеўилли күлип қойды.

— Кисиңизди еле жақсы көресиз бе? — деди тыңлап атырған мийирбийке.

— Ҳа-аў, бизиң кисидей киси бар ма?! — деп мазатланды ол. — Ҳәр ийнинде бир адам отыратуғын арыслан тулғалы жигитти қаяқтан табаман басқа!

— Сөйтип?

Мийирбийке гәптиң изин тыңлаўға қумар еди.

— Сөйтип биз Султанбайды да күнине бир мәрте көремиз, мәккемизди өлшеткен ўақта. Атызға түспейди. Сол өлшетиўге келгенде жаңағы Зәўреси түспегир наз етип өле қалады. Қатын адамның назы жараспайды-аў.

— Қыз емес пе еди?

— Яға-аў! Бир жерге барып келген. Баласы да бар еди. Оның бахтына баласы да өле қалды. Сөйтип, қайтадан қылтыңлап қыз болып жүргендегиси-ғо. Зәўрениң келиспеген назына ҳәмме қызлардың ашыўы келеди ҳәм қызғанады. Қызғанған менен қолынан ҳеш нәрсе келмейди.

Бир күни Сәўле деген қыз маған келди.

— Зәўре Султанбайлар жатырған үйдиң баласының төс қалтасына мәкке шашақ илдирипти. Енди не болады?

— Не болатуғын еди, бир таўық сойып күтеди-дә!

Айтқанымдай болды. Ертеңине түске таман Аймереке келди қасыма. Ол хирургияның санитаркасы еди. Оның менен журт қатары сәлемлескеним болмаса сирә ашылысып

сөйлеспеймен. Барып турған өсекшил қатын еди. Тийе берсин, қайтыс болып кетти-аў, ол.

— Бүгин кеште Султанбайлар жатқан үйде кишигирим зыяпат бар, — деди ол. — Зәўре сол үйдиң баласының қалтасына мәкке шашақ салған екен. Түйетаўық сойып, кешке аўқат таярлап атыр.

— Ким-ким барамыз, ҳәммемиз бе?

— Яғаў, ҳәммемиз барсақ қызығы бола ма! Мен, сен, Зәўре, Султанбай, рентгендеги бала. Сәўлени де қоспасақ, қашшан шықылықлап жүргени...

— Өзлериң бара бериң.

— Сен не?

— Бүгин онша мәнисим жоқ.

— Ақмамбеттен бир кесе тартып жиберсең, аттай болып кетесең.

— Яқ, өзлериң отыра бериң.

Ол мени қыймай турғандай болып, келген изине қайтты. Сезип турман, оған мениң усы жуўабым керек. Меннен Султанбай да тартынады, Зәўре де. Зәўре тартыныўдан бетер, қорқады. Мен оның ҳәмме сырын ашық айтып жиберемен.

Соның менен отырыспаққа бармай қалдым. Лекин, түни менен дөңбекшип шықтым. Уйқым келмеди. Өзимди өзим жек көрип кеттим. Барыўым керек еди. Олардың сум қыялына кесент қылыўым керек еди. Лекин, енди кеш. Бир ғана қолымнан келетуғын нәрсе, Алладан Султанбайға сабыр парасат, Зәўре менен Аймерекеге инсап тилеў еди. Әттең, мениң айтқаным болып атыр ма?!

Ертеңине сәскеде Аймереке жаныма келди. Кеўли шад.

— Қызықтан қалып қойдың-дә, Қаншайым? — деди күлип.

— Не қызық? Ойынға түстиңиз бе?

— Ойынға да түстик, қосық та айттық!

— Жақсы болыпты.

— Лекин, оннан-әм қызық нәрсе бар.

— Не нәрсе?

— Зәўрени Султанбайдың қойнына салдым.

— Оңбағыр сениң! Ол ҳаял-ғо!

— Не бопты?! Қыз бенен ҳаялдың парқы бир ақшам!

— Гүлдей жигиттиң обалынан қорықпадың ба?

— Не обалы бар? Зәўре оны бәрқулла аңлып жүре ме?! Султанбай сулыў жигит, ҳеш қыз оның илтимасына яқ демейди. «Дәўран кимниң дәўраны, Султанбайдың дәўраны» болады еле!

Буннан онлаған жыл бурын еситкен усы ўақыя шаншыў бөлмесиниң алдында айтылған гәплерден кейин ойыма сап ете қалды. Султанбай Зәўреге үйленгеннен кейин дәўранды сүре алды ма, алмады ма, билмеймен. Лекин, Сажиданың Әсет ағаға аяғын қыя бастырмайтуғынын иш-ишимнен сезип турдым. Олай болмағанда туўып өскен аўылын таслап, изине ерип кетпеген болар еди. Бәлким, бул жерде бир сыр бардур, ким биледи...

## 11

Мениң қол таңбамның сулыўлығы Гуляға жақсы баҳана болды. Кеште, аўырыўлар уйқыға жатқаннан кейин екеўимиз доктордың кабинетинде отырып «Сан бюллетень» жаздық. Ҳаслында мениң бул қол таңбам институтта қәлиплескен еди. «Сизлер ертең муғаллим боласызлар. Сонлықтан түсиникли ҳәм сулыў жазыўға үйрениң. Балалар ҳәр бир ҳәрипти сәдде-сәдде етип жазбасаңыз, түсинбей қәте жазады. Бул қәтелесиў оларға мәңги жолдас болып қалады. Қәтениң баслы гүнакары сизлер болып қаласызлар» деген ана тили муғаллиминиң гәпи мийимде беккем орнасып қалған еди. Соның ушын да, сабақта конспект көшириўге қызықпадым. Муғаллимниң лекциясын басымдағы «магнит лентасына» «жазып алыўға» әдетлендим.

Гуля доктордың кабинетиндеги шкафтың төбесине жайып қойылған плакатты абайлап төмен алды. Онда «Сан бюллетень» деген ири ҳәриплер менен жазылған жазыў, оның төменинде болса үш қатар бөлимшелер бар екен. Ол плакатты Әсет ағаның отыратуғын столына әкелип жайды да, алдындағы ҳәр түрли қағаз-пағазларын қамтылап алып, әйнек жайға қойды.

— Мына жерге отыр, — деди Гуля соң қолындағы кишкене брошюраны «Сан бюллетень»ниң үстине қойып. Усы китапшадағы «Сары аўырыўдың алдын алыў» ҳаққындағы мақаланың белгилеп қойылған жерлерин сулыўлап көширип бер.

Мен тикейгенимше тура бердим.

— Оты-ыр! — деди орынлықты көрсетип. Даўысы хәм буйрық, хәм өтиниш таклетте шықты.

— Әсет ағаның орнында ма? — дедим мен таңланып.

— Отыра бер, енди Әсет аға жоқ, — деди ол қолын әпиўайы бир силтеп.

— Бир түрли... кеўлим бармайды...

— Өйтип не, орнына врач болайын деп атырсаң ба?

Мен нәйлаж орынлыққа аманат ғана отырдым.

— Арқайын отырып ал, бул не, ҳоққы ағашқа мингендей.

Гуляның көзине әжепленип нәзер салдым.

— Ҳе, неге маған жаман көзиң менен қарайсаң? «Ҳәмме уйқылап атыр, мен жумыс ислеймен бе?» — деп атырсаң ба?

— Яғаў... Ҳәмме Әсет ағаның кетип қалғанына қыйланып атыр, сен, қайта...

— Кетсе атамның аржағына! — деди ол ҳәм халатының кисесинен еки-үш ручка шығарып берди. — Әдеп жаман қағазға сызып-нетип көрип ал, қайсысы жуққышы болса сонысы менен жазасаң.

— Лекин, жақсы доктор еди, — дедим мен. — Кеселинди көзиңе қарап-ақ билетуғын уқыбы бар еди оның.

— Сонда қудайдың өлими бар ма, миллети жоқ, дини жоқ биреўге үйленип?

— Миллетсиз, динсиз адам бола ма?

— Бар-ғо, не жоқ дүньяда! Әўретине шөп бастырып жүрген, бирин-бири жейтуғын адам сыпат мақлуқлар да бар екен. Анабирде телевизордан көрсетти.

— Аўылдан ылайықлы қыз табылмаған шығар.

— Неге? Мени алса болмайтуғын ба еди?!

Күлип жибердим.

— Сен неше адамға тийесең өзи?

— Билесиз бе, мийирбийкелердиң әрманы врачқа турмысқа шығыў.

— Мен бул тараўды жақсы билмеймен.

— Аңқаўсырама. Бул ҳәмме тараўда бар. Қосықшының дийди композиторға қосылыў, ойыншы балетмейстерге, ҳәўескер шайыр қыз үлкен шайырға тийиўди күсейди. Лекин, ҳәммесине бундай бахыт несип ете бермейди.

— Сен оны қаяқтан билесең?

— Мен дүньяға кеше шығыппан ба?! — Яқшы, алдыңдағыны сулыўлап жаза бер. Кесент етпеймен.

Ол шығып баратырып изине бурылып қарады.

— Жақсылап жазып бол, кейин саған Әсет ағаның ҳеш ким билмейтуғын сырларын айтып беремен.

Брошюра онша үлкен емес екен. Лекин, сонда да қолжазба менен оның ҳәммеси кишкене плакатқа сыймас еди. Қандай да бир илимпаздың мақаласын бурын да бир неше мәрте көширилген болыўы керек, ҳәр жер ҳәр жеринде қәлем менен белгилеп қойылған еди. Бул ретинде қызыл шарикли ручка менен әдепкиден басқашалаў етип қайта белги қойылған. Ручканың излери таза болғанлықтан ол усы «Сан бюллетень»ге тийисли екени белгили болып турды.

Бираздан кейин дәлизде бир ер адамның даўысы шықты. Изинше оны Гуля бөлмеге баслап келди. Нәўбетши доктор екен. Мен турып аўызша сәлем берип атыр едим, ол қолын созды. Жасы елиўлерге шамаласқан, егеделеў киси екен.

Доктор жазғанларыма көзәйнек астынан биресе былай, биресе олай қыялап көз жуўыртты.

— Жақсы-ы, — деди соң арқамнан қағып. — Мына «Сан бюллетень» дегенди де сен жаздың ба?

— Яғаў, Жолдасбай аға, — деп мениң орныма Гуля жуўап берди. — Былтырғы санбюллетень-ғо, бул. Тек номерин өзгертип қойдық.

— Қара, өтиригин жасырайын-әм демейди. Сен иним қапа болма, — деди соң күлип. — Бул қыз ханды жумсаған Жийреншениң ҳаялындай тили болса тасты да жумсайды.

Соң Гуляға қарады.

— Ҳәммеси тынышлық па?

— Тынышлық.

— Керек болсам хирургияда боламан.

— Яқшы.

Медиклердиң дийўалы газетасын толтырыўыма бир ярым сааттай ўақыт кетти. Бул аралықта Гуля шай демлеп әкелип, екинши столға қойды. Қасында түрли мазалы шоколадлар, бир шетине сап-сары қаспақ қойылған палаў да бар еди.

— Буяққа кел, шай ишемиз, — деди ол «Сан бюллетень» ди итиятлық пенен шкафтың басына қойып. — Буны ертең қақтыраман.

— Мен барып жата берейин.

— Ҳе, шаршадың ба?

— Яқ. Сонда да «биймезгил аўқат жеме» дейди-ғо, докторлар.

— Ҳәссений, мени тырнап атырсаң ғо-я. — Ол мени шеп қолымның бармақларынан қысымлап, орынлыққа тартты. Қолынан қандай да бир жыллылық, нәзиклик сезими тула деденимди жымбырлатып жибергендей болды. Сонда аўылдағы жеңгелеримиздиң «жаңа жигит болғаннан сақла» деген нақыллары ерксиз есиме түсип кетти.

Әсте орынлыққа отырдым. Ол кесаға шай қуйып, қасықтың биреўин алдыма қойды.

— Палаўдан ал. Биреўлердиң изинен келген аўқат емес, өзим үйден писирип алып келдим. Қаспақты жақсы көремен. Үйде де апам палаў асып атырса, асханаға билдирмей барып, қазанның астын қаттырақ қойып кететуғын едим. От қатты жанса қазанның астына қаспақ қатады-дә.

— Негизинде, мен-әм қаспақты жақсы көремен. Бирақ, қаспақ жесең тойыңда қар жаўады деседи.

Гуля аўзындағы палаўды бүркип жибере жазлады.

— Айта береди, — деди әлленемирде шақалып-шақалып. «Қарекең ырым етеди, ырымы қырын кетеди»... Августтың ишинде бер тойыңды, қар жаўғанын көрейин. Ҳәмме гәпке итибар бере бериўге болмайды. Мен өзим доктормanғо, кишкентай доктор, врач болмасам да басқа тараўдың адамларына қарағанда усы тараўда бираз түсинигим бар. Между прочим, врачлардың да ҳәмме айтқанын орынлай бериўге болмайды. Робот болып қаласаң онда. Ананы жеўге болмайды, мынаны жеўге болмайды. Врачлар биринши гезекте арақ ишпе дейди, я?

— Аўа.

— Өзлери-ше — ишпей ме?

— Қайдам?

— Ишеди. Ишкенде өкиртип ишетуғынлары да бар!

— Әсет аға да ишетуғын ба еди?

— Ту-у... Әсет аға, Әсет аға... Нашар болғанда Әсет ағаға тийип алатуғын қатын боласаң-ғо.

— Мен сизиң бағанағы ўәдеңизди есиңизге салып атырман.

— Ҳе-е,— деп бираз иркилип қалды. — Шәрт пе екен, — деди соң.

— Өзиңиз билесиз. Мен ўәдемди орынладым, кеште жазып берейин дедим, жазып бердим.

Ол кесасында дерлик суўып қалған шайын молдан-молдан уртлап таўысты да, қайтадан шай қуйып қойды.

— Бизиң әжағам райкомда ислейди, — деп салдамалылық пенен баслады гәпин. — Ҳәр жылы мал сойып, туўылған күнин белгилейди. Қонақлар көп болады. Әжағам мектепте Әсет пенен бирге оқыған. Әсет Самарқандтағы мединститутқа оқыўға түскен-дә, бизиң әжағам Нөкистеги techinститутта қалған.

Әсет аға әжағамның туўылған күнине бир күн алдын барады, яки бир күн кейин.

— Маған көпшилик жақпайды, жора, екеўимиз аўлақ отырып сөйлескенди тәўир көремен, — дейди ол.

Шынында ондай емес. Ырасын айтыўға уялады. Оны Сажида жибермейди, көпшиликке. Қызғанады. Ананың ҳаялына көз қыстың, мынаның ҳаялына күлип қарадың... ыңғырыўлап бир ҳәпте, бир айға дейин қыр изинен қалмайды. Биреў дыңғырлай берсе кимге жағады.

Өткен жылы да сондай болды. Мениң нәўбетшилигим туўры келмесе барып қонақ күтиўге жәрдемлесетуғын едим. Сол ретте Гүлшийра «апам аўырып қалды» деп, нәўбетшилигин маған таслап кетти. — Айтпақшы, Гүлшира басыңды айландырып жүрген жоқ па? — деди бир ўақта тосаттан езиўине күлки жуўырып.

— Яғаў...— дедим де, бирақ ишимнен қатты абыржыға түстим. «Сезди ме екен».

— Дыққатыңды бөлме! Нигардан айрылып қаласаң. Билемен, Гүлшийра турмысқа шыққысы келип жүр. Лекин, ол саған ылайық емес. Оған тоқпағы күшли еркек керек.

— Ҳе, болмаса...

— Я-ақ, ондай деп ойлама. Ол, просто нәзик тәбиятлылықты сүймейди. Еркек минез нашар ол...? Яқшы, не деп атыр едим?

— Гүлшийра нәўбетшилигин таслап кетти...

— Аўа, Гүлшийра нәўбетшилигин таслап кетти. Сөйтип, ертеңине бардым. Дастурхан еле жайыўлы екен.

— Әжағам қайда? — дедим кишеме.

— Жумыста.

— Әсет аға келмей ме бүгин?

— Яқ, ол бир күн бурын келип, жылап-жылап кетти.

— Ҳе, — дедим мен шоршып түсип. — Аманлық па?

— Аманлық. Кейин айтып беремен. Шайыңды ише бер, мен ҳәзир.

Шамасы, аўқат әкелиўге кеткен болыў керек. Өзиңе белгили Гуля, «кейин айтаманға» шыдай ма?

Әжағамның төмен бети радиола, жоқарысы магнитола радиосы бар еди. Ол ҳәр сапар үйинде болған зыяпатты жазып алады. Оны қонақлардың бири сезеди, бири сезбейди. Мен бардым да радионы қойдым. Столда турған катушкалардың бирин магнитолаға қойып, суўылдатып айландырып, лентаны басына әкелдим.

— Еситкенше асығып атырсаң ба? — деди кишем сырттан бир бадияда қуўырдақ көтерип келип.

— Мени билесең-ғо. «Қараңғы жерде жата беремен бе» деп анамның қурсағынан жети айда шыққанман. Ырасында, мен жети айлығымда туўылғанман. Малақайға салып, диййўалға қыстырып қойған мени. — Гуля нәресте пайытын еслеп бир күлип қойды.

— Кишем лентаны алмастырды. Әсет аға тәўир-ақ кәйип екен.

— Неге өзимиздиң аўылдан алмадың? — деди әжағам оған. — Қәлеген қызыңды алыўға жәрдемлесетуғын едик-ғо.

Әсет аға аўыр гүрсинди.

— Ә-әй, жора-а! Сен Сажиданың қандай қыз екенин көрмедиң-дә! Ол экрандағы ҳинд қызларындай сулыў еди. Тек маңлайында қалы жоқ демесең. Қайрыла берип наз етиўлерин мен ҳеш бир қыздан ушыратпас едим. Сол жыллары өзиң билесең-ғо, «Сангам»ға адам кире алмай атады. Қыялымызға дүньяда ҳинд қызларынан сулыў нашар жоқтай, ҳәўес етер едик оларға.

Үшинши курсқа дейин тек сыртынан телмирип қараўдан арыға өте алмадым. Ол да мениң жақсы көретуғынымды билетуғын еди. Кейин-кейин ол маған «табассум» саўға ете баслады. Бир күни оған жүрек жутып жақсы көретуғынымды айттым. Аудиторияда тек екеўимиз қалып едик. Ол орамалы-

ның ушын аўзына тислеўи менен бир заман үнсиз қалды. Соң бирден есикке қарай жуўырып кетти. Қапыға барған жерде артына қайрылып қарап, наз бенен бир күлди де, дәлиздеги жигит-қызларға араласып, көзимнен ғайып болды. Мен сондай бахытлы едим. Оны қайтып көре алмай қалатуғындай есикке жуўырып бардым. Қапының жақлаўына шеп қолымды айқара тиреп турып көпшиликтиң ишинен оны изледим. Ол жоқ еди. Кейин соңғы параға қоңыраў болды. Ҳәмме орынлы-орнымызға отырдық. Лекин, Сажида жоқ еди. Мениң жүрегимниң жартысы оның менен бирге кеткендей болды. Сабақ мийиме кирип шықпас, оның қаяққа кеткени, неге кеткени пүткил ақыл есимди бийлеп алды. «Мен зейнине тийип алдым. Енди ол мениң менен бир өмир сөйлеспейди. Мен оның ушын дүньядағы ең жексурын, ең мәдениятсыз адамман. Ол ертең сабаққа келгенде маған жек көринишли нәзер менен қарайды. Яқ. Улыўма нәзер салмайды ол маған. Мен бул жағдайды қалай көтерип жүре аламан...»

Ертеңги азанғы сабаққа дейин мени усы ойлар қыйнады. Түни менен де... «Бир қыз жек көрсе көрипти-дә, басқасын излеймен» деп жубатпақшы болдым өзимди. Яқ, жубата алмадым. Оның орнына ҳеш кимди раўа көрмедим. Ол басқалардан бөлек еди.

Ақыры, тәңирдиң таңы атты. Саат тиллери ериншеклик пенен жылжыса да еплеп оқыў ўақты болды. Мен түни менен уйқысызлықтан қабақларым исип, аудиторияға келдим ҳәм бирден өз орнында отырған Сажидаға көзим түсти. Ол бурынғысынан да бетер сулыўланып кеткен еди. Жағасына қызыл лента қойылған ақ кофтада аппақ кептердей болып отырар еди. Оның көзи маған түсти де, дәрҳал төмен қарады. Изинше, басын көтерместен ала көзлери менен маған бир сырлы нәзер таслап, мыйық тартты. Жүрегим кешеден бери орнында емес еди. «Үҳ, енди болды ма?» деп жүрегим «орнына келип жайғасты». Мен және шексиз бахыттан бийҳуш болдым. Сени зериктирип атырғаным жоқ па? — деди ол әжағама.

— Яқ, яқ, керисинше. Мениң де сондай күнлерим есиме түсип кетти, — деди әжағам күлип.

— Мен бирақ саған өйтип наз еткеним жоқ, — деди кишем қапталдан.

— Сеннен басқа наз еткенлер болды, — деди әжағам ҳәзил етип.

— Қулласы, сизлерге қысқартып айтайын. Екеўимиз де кем-кем бир-биримизди көрмесек тура алмайтуғын дәрежеге келдик. Киноларға бардық, дискотекаларға бардық. Сабақтан үлгериўимиз де бираз пәсейди. Есесине муҳаббатымыз барған сайын күшейер еди.

Бәҳәр келди. Мен оған бәҳәрде күтилмеген сюприз таярламақшы болдым. Сажиданы жатақханасына гүзетип қойғаннан кейин таксиде таў етегине келдим. Таў ийектиң астында турғандай болып көринген менен узақ еди. Машинада барған менен қайтып келиўиме бир сааттай ўақыт кететуғын еди.

— Не қыласаң таўда? — деди әжағам.

— Кейин билесең.

— Демек, ол-әм бизге сюрприз? — деп күлди кишем.

— Туп-туўры, сюприз! Сөйтип, мен оған арналған сюпризди еки ҳәпте дегенде таярлап болдым. Соң оны сол таў етегине алып бардым. Таксиден узағырақта түсип қалдық та, қол усласып келе бердик.

— Саған бир саўғам бар, — дедим оның қолын қойып жиберип. Соң солыңқыраған шөпликлерди қушағыма жыйнап-жыйнап бир шетке алдым. Етекте көгерип турған мурынның қанындай қызыл гүллер менен жазылған «Сажида» деген жазыў жайнап кетти. Ол көзлери жайнап, қуўаныштан қышқырып жиберди ҳәм өзин мениң қойныма атты.

Сол күни бизлер ерли-зайыплы болдық. Бал күнлеримиз басланды. Екеўимиз де жатақхананы тәрк етип, кирейге шықтық. Лекин, ҳәмме нәрсеге қолым жетпей жүргени жақсы екен. Оның минези кескин өзгере баслады. Мениң ҳәр бир басқан қәдемимди есаплаўға қарады. Курсласларыма тисимниң ағын көрсете алмайтуғын болдым. Оның баяғы ҳинд қызларыникиндей сулыў көринген ала көзлери енди әйдарҳаның көзлерине айланды. Ол көзлер ҳәр сапары ғәзепли тигилгенде өңменинди тесип өтемен деп турғандай сезилер еди. Мен кем-кем қулға айландым. Мийримсиз бир ҳаялдың қолында бенде болыўға қарадым. Мениң сол ерли-

зайыплылық күнлерим ләззет емес, зәҳәр-заққумға мегзеп бара берди. Бир күнлери ол ҳәмиледар болды, бир жыллық академиялық дем алыс алды. Оны төркинине алып бардым. Ата-анасы Түркменстан менен Иран шегарасындағы таўдың етегинде жайласқан бир аўылда турады екен. Бир жағы таўға ернеклеп қурылған жети-сегиз үй бар. Адамлары узын бойлы, жүзлери күн жегендей қараўытып кеткен, тиллерине ҳеш ким түсинбейтуғын бир тайпа еди олар. Оларды я иранлы деп, я лолы деп болмас еди.

— Сизлердиң миллетиңиз не? — деп сорадым мен барғаннан кейин Сажидадан.

— Алланың бендеси, — деди ол.

— Ҳәммемиз де алланың бендесимиз, сонда да...

— Маған бундай биймәни саўалларды бергенди қойың.

Сажиданың анасы жыңғылдай узын бойлы, арық жүзине алақ көзлери жараспайтуғын, түси суўық бир кемпир еди. Әкеси болса атжақлыдан келген, мурны еки көзиниң ортасынан жарып шыққан, сақалы қулақтан басланып, көкирегине шамаласқан, қара аралас көкшил, басында ақ қозының терисинен тигилген, дигелей қусағын қулақсыз малақай, үстинде жеңсиз камзол, камзолдың ишинде етеги дизесине шамаласып қалатуғын тик жағалы көйлеги бар еди. Ол да көп сөйлемейди.

Ҳаяллары ешки саўады екен. Ешкилер үйретип қойғандай үйдиң алдына келип бир қапталлап жатады, Сажиданың анасы ҳәр еки аяғын қарыстай илмекли жип пенен бөлек-бөлек байлайды, шорп-шорп саўып алады. Соң ылағын жибереди. Ешкилер нағыз таў текелердей, бир заманда төменде көрсең, демде жартастың басында секирип жибережақтай болып турғанын көресең.

Турғынлар таў етегиндеги жанбаўырларды атыз қылып, өгиз қос пенен айдайды да, кейин картошка, буршақ ҳәм мәш егеди екен. Олардың ҳүкиметтиң жумысына барып атырғанын, я дүкәннан зат әкелгенин бир ҳәпте болған күнлеримде ҳеш ушырата алмадым. Жигиттиң үш журты бар дейди-ғо. Соның бир журты болып саналатуғын қәйин журт маған бул дүньядағы дозақ сыяқлы көринди. Ҳеш ким мени адам екен демейди, я атасы, я анасы, я ағалары. Олар өзлеринше быдырласып сөйлеседи. Кеште дастурхан басында

отырғанда тас бадияларға қуйып бир шайым аўқат алдыма қояды. Қандай аўқат екенин түсимде көрген емеспен. Аштан өлип қалмаў ушын ишемен, әйтеўир.

Ҳаялымның көз жарғанын, қызлы болғанымды оқыўға келгеннен кейин бир айдан соң еситтим. «Каникулда аўылыңа қайтпа, деп жазыпты хатта. Аўылыңа кетсең кеширмеймен. Бизиң дәстүримизде күйеўи өлген ҳаялды ҳеш ким алмайды. Лекин, мен сол бахытсызлыққа да қайыл боламан. Өзгеге көз салсаң өлтиремен».

Сажиданың абай-сыясатынан қорықпадым деп қалай саған өтирик айтаман. Қорықтым.

Аўылға қайта алмадым. Бул арада билесең, жалғыз анам қалып еди аўылда. Анамды алдадым, «жаңа оқыў жылы ушын жумыс ислеп пул табаман, сизге аўырманлық түсиргим келмейди, анажан. Сизди қатты сағыныўшы балаң...» деп хат жаздым. Бул хатым көз-көреки жалған еди. Ҳаялымның дох урғанларын анама айта алмадым. Билесиз, анам европаша тәрбия көрген, орыс ҳаялы «қәйин аталарымның қолында боламан» десем де айып көрмейди. Лекин, мениң олай деўге ҳүжданым қыйнар еди ҳәм бул биймәни, қорқынышлы сөзди аўзыма алсам, периште «аўмийин» деп жиберетуғындай жүрегим шоршынып кетер еди. Анама жазған бул хаттың бир ҳақыйқаты — жумысқа кирдим. Онда да гүзге пул жыйнаў мақсетинде емес, ҳаялым ҳәм оның дозақ көринисине усаған төркинин есимнен шығарыў ушын. Ең болмаса, алағада болып, бир заман-бир заман болса да кеўлимди сергитиўим мүмкин еди. Оның үстине күнделикли ишип-жемегим бар, каникул ўақтында институт стипендияны кейин береди. Қалаберди, бир-еки сом жыйналса зыян да емес.

Өзимди алдарқатыў ушын кирген жумысым, өмиримде және бир өзгеристиң пайда болыўына себепши болды. Қаладағы орта дәрмиян бир бақшаға бағман болып ўақытша кирген едим. Мен өмиримде бағ пенен шуғылланып көрмегенмен. Лекин, мектепте Мичуринниң тәжирийбелерин қунт пенен үйренгенбиз. Муғаллим бизден күни ертең бағман болатуғынымыздай ботаникадан Мичуринниң тәжирийбелерин ядлататуғын еди-ғо, өзиң билесең. Сен ботаникаға қызықпадың, лекин, мен ботаниканы, зоологияны, анатомияны сондай сүйер едим. Ядыңда ма, ер адам менен

ҳаял адамның скелетин айырып билер едим. Класста ҳеш бириңиз оның паркына бармайтуғыныңыз анық. Бәлким, мениң медицинаға қызығыўым да усыннан басланған шығар. Мичуриннниң «биз тәбияттан мийрим-шәпәәт күтип отырмаймыз, оннан тартып аламыз» деген теорияға айланған сөзин мәзи оқымадым, оны жүрегимнен өткердим. Соның ушын да, маған бағманлық қыйынға түспеди ҳәм бул ўақта бағлар путалып болынған, оны тек кешки салқын менен суўғарыў, курт түспеў ушын ўақтында дәрилеп турыў ўазыйпасы ғана қалған еди. Буны мен мүлтиксиз атқардым.

Тәрбияшылар балаларды гезек пенен бағдың ишинде ойнатар еди. Мен кишкентай, шүлдирлеген қызларды көргенде «ертең бир күн мениң қызым да усындай болып бағшаға барады, мамасы келген ўақта жуўырып... деген жерге келгенде ойым арман шаппай қалады. Көз алдымда баласына асыққан ана емес, көзлери жән-жаққа жаўтаңлап, шағып алыў ушын мени излеп киятырған жылан елеслер еди. Мийимниң ишинде бир сөз гүўилдейди: Сени кеширмеймен! Сени өлтиремен!

— Неге? Не ушын өлтиреди? — деди әжағам қабағын үйип.

— Қызғаныштан өлтиреди. Маған да жоқ, басқаға да жоқ, деп өлтиреди.

— Сен сондай-ақ, журтта жоқ жигитпен деп ойлайсаң ба өзиңди?!

— Мен басымнан өткенин айтып атырман. Айтпа десең айтпай-ақ қояман. Лекин, мениң бул сөзлерим саған естелик болып қалады. Себеби, ендиги жылғы туўылған күниңде мен болмайман.

— Қапылтпа! — деди әжағам.

— Яқ, қорықпай-ақ қой, өлмеймен. Лекин, ҳаялымның ағалары келип көширип алып кетеди.

— Сен олар киятқанда бизге хабарла, биз оларды услатып қаматайық.

— Онда олардың изинен басқа адамлар келеди. Себепкер болғанларды да гүмдан қылып кетиўи мүмкин. Өзимниң тәғдиримдеги қайғыға бийгүна адамларды шерик етким келмейди.

— Хош, сөйтип, бағманлық не болды? Өмириңде қандай өзгерис жасады ол?

— Мен бақшада Дилфуза деген өзбек қыз бенен таныстым. «Усы ўақытқа шекем көзим қайда еди?» деп маңлайыма урғым келди сонда. Оның сондай нәзиклиги, кишипейиллиги, «акажан» деп турыўлары пүткил ақыл-есимди бийлеп алды. Сажиданы умыта басладым. Ҳәр күни кеште оның менен бирге қайтаман. Айырым балаларды ата-анасы алыўға кешигип қалса бирге қаламан. Азанда да жолымыз бир болады. Күнлердиң бир күнинде оған ишки сырымды айттым. Ол мени қатты аяды ма, яки шаңарақлы адам менен неге сөйлесип жүрмен, деп өкинди ме, узақ ўақыт үндемей қалды.

— Дәртиңе шерик бола алмайман! — деди бир ўақта суўық демин алып.

— Неге?

— Сениң перзентиң бар, биз өзбеклерде перзенттен безген атаны ата демейди.

— Биз және перзентли боламыз. Мен сени алып узақ-узақларға кетип қаламан. Изимизди ҳеш бир изқуўарлар таба алмайды.

— Ата-анамды-ше?

— Оларға пинҳана хабар берип турамыз.

— Өмир бойы биреўлерден қорқып, жасырынып жасаймыз ба?

— Ўақыт оларға бизлерди умыттырады. Әне, сонда биз жайнап-жаснап турмыс кеширемиз.

— Сизге реҳимим келеди, — деди ол мийрим толы көзлерин маған қадап. — Сизди жақсы көремен, кеўлинде ҳеш гирбиң жоқ, әжайып адамсыз. Лекин, тәғдиримди сиз бенен байлай алмайман.

Ол усыны айтты да, қасымнан узақласты. Мен «жетим» қалдым. Қайтадан мени, сол зимистан жалғызлық өз қойнына алды. Қайтадан баяғы қорқынышлы ойлар мийимди жаўлап алды.

— Неге оқыўды таслап аўылға қайтпадың? — деди әжағам.

— Көзим қыймады. Институтты питкергенимше бул ўақыялар бир жағына шығар, бәлким, ол ҳәм оның туўысқанлары мени өз ҳалыма қояр деп ойладым.

— Олар қандай тайпадағы адамлар?

— Билмеймен. Сажидадан басқалары өзбекшени де билмейди. Яки, билсе де сөйлемейди.

— Не миллет екенин сорамадың ба?

— Айттым ғой, бағана, тек «алланың бендесимен» деп жуўап береди. Артық қазбарласаң урыс шығарады.

— Паспорты-ше?

— Көрсетпейди. Бир мәрте көрип едим, қолымнан жулып алды, «керек емес жерге мурныңды суға берме» деди зил менен. Лекин, сонда шамалы көзим шалып қалды, төрт ҳәрипли, миллети «б» дан келеди, «булч» па, «бонч» па, әйтеўир соған уқсас. Мениңше, ол кишкене бир қәўимниң ағзасы болғанға арсынатуғындай еди.

— Баяғы назқараслар қайда? Қайрыла берип наз қылатуғын усы Сажида ма еди, яки...

— Усы еди... Ҳайранман! Рольде ойнады ма?

Августтың ақырына таман Сажидадан телеграмма келди. «Тез жетип кел» депти. Қызымызға бир нәрсе болған шығар, дедим де жетип бардым. Ҳақыйқатында да, қызымыз қайтыс болған екен. Кәмарымнан дөреген туңғыш перзентим болғаны ушын қыйландым. Лекин, бул қайғы онша узаққа созылмады. Орнын қандай да бир қәтержамлық ийеледи. «Арамыздағы сабақ үзилди. Енди ҳәр ким өз тәғдиримизди өзимиз жаратамыз».

Ертең қайтатуғын болдым. Мен де, Сажида да. Сол күни кеште Сажиданың еки ағасы үйге келди. Олар дастурхан басында бир заман сөйлесип отырды да, соң төрги бөлмеге өтти. Азырақтан кейин Сажиданы шақырды. Кейин мени. Мен барғаннан кейин екеўи де үстиндеги етеги бүрмели шерим курткаларын шешип, кроваттың үстине таслады. Сонда олардың белиндеги камарға байланған, нағыслы қынапты көрдим. Оның узынлығы бир ярым-еки қарыстый бар еди. Екеўи де қынаптан пышақларын суўырып алды. Соң пәт пенен еденге шанышты. Пышақлар аппақ, тат баспайтуғын қалың металдан исленген, сабы мүйизден, офицерлердиң етиги сүўретинде соғылған еди. Еденге қадалған пышақлар өзиниң салмағы менен бир заман дирилдеп турды.

Жигитлердиң биреўи Сажидаға қолын созды. Сажида камзолының жеңинен бир топ сүўрет шығарып берди. Сүўретти алған жигит оны биримлеп, асықпай, салмақлап,

полға әшкаралы түрде таслай баслады. Қай көз бенен көрсем де, ол сүўретлерде мен ҳәм Дилфуза бар едик. Балаларды ойнатып жүргенимиз, бағдан шабдал үзип алып Дилфузаға узатып атырғанларым, көшеде бирге қайтып киятырғанымыз, қулласы, мениң еки ай даўамындағы ең қызықлы күнлерим қалдырмай сүўретке алынған еди.

Жигит көзиме бежирейип қарап турды. Екиншиси бир ўақта шаншылған пышағын еденнен суўырып алды. Оны әсте-әсте алып келип, ийегимниң астына тақады.

— Ийманың неше қысым? — деди.

— Оның тили гә өзбекшеге, гә түркменшеге усап кетер, лекин, аўыр айланар еди.

— Шейит боламан деп ойлап турсаң ба? Ҳарамзадалар ҳеш ўақытта шейит болмайды. Соңғы сөзинди айт.

Менде үн жоқ. Қорқыныштан аяқ-қолым қалтырайды.

— Би-ир... Сөйле?

— Еки...

— Түсир! — деди екиншиси оған. Ол лекин бирден түсирмеди. Азырақтан кейин ийегимниң астынан, алқымымнан емес, пышақтың ушы менен жеңил сызып жиберип, төмен түсирди. Ийегимниң астынан ып-ыссы бир нәрсе мойныма қарай жылыслап аққандай болды.

Сажида қалтасынан орамал алып усынды. Сыпырдым. Қан еди ол.

Сүўретти биримлеп жерге таслап турған ағасы шеп қолы менен ийегимнен услап өзине қаратты.

— Бизиң қолымыз қаяқларға жететуғынын көрдиң бе, — деди ықлап. Мен бас ийзедим. — Сажида бизиң жалғыз қарындасымыз. Оны ким қапа қылса, мына пышақтан өтеди. Әлбетте, бир өзи емес, қапа қылыўына себепши болған екинши адам да!

Көз алдыма ҳеш нәрседен бийхабар Дилфуза елеслеп кетти. Оны аяғаным соншелли, ишимнен өзиме нәлет оқыдым. Қыялыма бүгин олар мени өлтирсин-өлтирмесин ертең бир күн Дилфузаны сойып кететуғындай бола берди.

— Болды. Қайталанбайды, — дедим мулайым.

— Қаттырақ айт!

— Қайталанбайды.

— Сен ойлама, барғаннан кейин ҳүкиметке билдиремен, услатаман деп. Ол нийетиңе жете алмайсаң. Үлгермейсең! Егер үлгереғойған жағдайында да, сени екинши бир адамымыз қанжардан өткереди. Ол ўақта пүткил тұқым теберигиң менен.

Мен бир заманда экранларда атып кетип атырған, сойып кетип атырған, қорқынышлы кинолардың қатнасыўшыларына айланып қалдым.

— Ертең екеўиңиз де кетесизлер, — деди ол сөзин даўам етип. — Қалтаңызға бир жылға жететуғын пул саламыз. Набада, таўсылса тағы алып кетесиз, сен келесең, Сажида емес. — Ол мениң костюмымның жағасынан силкип тартып, өзине қаратты. — Соны есиңде тут, оқыўды питкергеннен кейин екеўиңиз берман қайтасыз. Бизде ата-ана дүньядан өтпегенше ҳеш перзент узақлап кетпейди. Сажида ақылсызлық пенен саған кеўил қойған. Кетсе оны да өлим күтеди.

Ертеңине оқыўға қайттық. Мен сол қараңғы, зимистан өжиреден тири шыққаныма еле онша исениңкиремес едим.

Бизиң студентлик дәўиримиздиң кейинги жыллары кеўилсизлик пенен өтти. Сажидаға нәзерим түскенде көзабаға жүзим ғана жылтырар еди. Буны ол да сезеди, лекин, зорлық пенен мениң кеўлимди көтере алмасын биледи. Арамыздағы муҳаббат өле баслаған, дурысы, әлле қашан өлип болған, ендигиси болса әпиўайы тиришилик, күн көрис еди.

Питкеретуғын жылы мен қәйин журтыма бес мәрте бардым. Ҳәр барғанымда қәйин атамның, Сажиданың анасының ҳәм әжағаларының алдында диз шөгип, аўылға қайтыўға руқсат сорадым. Ең кейнинде олар Сажиданы қапа қылмаў шәрти менен бир жыл ислеп қайтыўға, соң биргеликте усы шегарадағы қәўимде жумыс ислеўге көндирип, ыразылық берди.

Мине, ҳәзир оннан бери арадан неше жыл өтти. Ҳәр жылы төрт-бес мәрте жалынып, жалбарынып, мәўлет сорап хат жазаман. Жақында олар және бир жылға ақырғы мәўлет берди. Егер бармасам, екеўимиз де бул жақты дүнья менен хошласамыз. Сен билмейсең, жора, мениң ишимнен қан өтеди, қан!

Ол усыны айтты да, жылап жиберди. Оған қосыла кишем де жылапты.

— Мен органға хабарлайман, — деди әжағам.

— Керек емес! — деп Әсет аға шыр-пыр болды. — Орган ҳеш ўақта мафиядан алдын ҳәрекет етпейди. Олар жүз берген жынаятты ашыў менен шуғылланады. Оған дейин мен топыраққа араласқан боламан. Бәлким, маған жәрдем бергенлер де сол күйге түсер.

Әжағама «сен де» деп айта алмады. Мен туўылған күнге барған адам емес, әжеп тәўир қорқынышлы түс көргендей, желкемнен зил басып қайттым.

Гуля айтып болып суўық демин алды. Менде үн-түн жоқ.

— Қорқып кеттиң бе? — деди күлип.

— Аўа, — дедим жасыра алмай. — Бир бийгүна инсанды көрип-билип отырып душпан қолына тапсырғанға усап турмыз.

— Тапсырған биз емес, өзин-өзи.

— Сажида ҳақыйқатында да сондай ма еди?

— Былайынша сезилмейди. Бирақ, оннан Әсет ағаның зирилдеп қорқатуғынын талай мәрте сезип қалдық. Сажида гейде ойламаған ўақта ординаторскийге кирип келеди. Сонда Әсет ағаның сөзлери бир-бирине жуўыспай қалады. Не ҳаққында айтып атырғанын умытады.

Бир күни Әсет аға менен Гүлшийра бир-бирине ҳәзил айтып турғанында келип қалды. Әсет ағаны билесиз-ғо, ҳәзилсиз сөйлемейди. Кеўлиндеги қайғысын умытайын деп сөйлей ме...

Сажида келди де Гүлшийраның шашына пәнже салды. Ҳаял адамның асылатуғын жери шаш. Хабарсыз қалған бийшараны Сажида бир-еки илдирди. Бизлер жақын барыўға қорықтық. Бирақ, Гүлшийра да еркек сыпат, қарыўлы нашар ғо. «Едигениң қызы» дейди бизлерде оны. Өзин дәрҳал қолға алды. Сажиданың алқымынан буўындырып дийўалға тық-тық-тық, урды. Бир ўақта ол сылқ ете қалды. Ҳәммемиздиң ҳүрейимиз ушып кетти.

— Жақсы қылмадың, Гүлшийра! Жақсы қылмадың! — деди Әсет аға ҳаялының бетин желпип атырып.

Гүлшийра үсти-басын жөнледи де үйине қайтып кетти. Нәўбетшилигин де тапсырмады. Көп күнге дейин сол төбелестиң гүўасы болған бизлер қорқып жүрдик. Бирақ, изи ҳеш нәрсе болмады. «Жабыўлы қазан, жабылыўынша қалды».

— Негизинде, жаратылыстан бир жаңылыс болған екен, — дедим мен күни менен уйып қалған өңменимди тиклеп. Гуля оқырайып, бетиме қарады.

— Гүлшийраны еркек етип, Әсет ағаны ҳаял етип жаратыўы керек еди.

— Күлме, — деди ол маған тик қарап. — Сен Әсет ағадан он мәрте жуўассаң! Әсет аға қәйтсе де Сажиданы аўылға алып келди-ғо. Егер оның орнында сен болғанда, улыўма аўылдың қарасын көрмей кетесең! Енди бар, уйқыла! Жәрдемиң ушын рахмет!

Бул ўақытлары таўық биринши шақырымын шақырған еди. Мен жаңағы қорқынышлы ўақыялардан кейин биразға шекем көзим илинбей жаттым. Соң қай мәҳәлде уйқылап кеткенимди билмеймен, пол жуўып атырған санитарканың кроватқа тақ-тақ тийген швабрасының даўысы менен ояндым. Басым мең-зең еди.

## 12

Азанда және анакүнгидей жуўыр-ҳа жуўыр басланды. Және кимдур кетип қалды ма екен, деп едим, яқ, аманлық екен. Қолында уўыслаған сийлеси менен кешеги санитарка Шолпан кирип келди. Келди де, бир шеттен кроваттың ернеклерин, айнаның алдыларын сыпырыўға тийисти.

— Әйнек жайға шәйнек қоймасаңыз да, берекет тапқырлар! — Ол Аман менен Орақбайдың тусындағы пахта гүлли шәйнекти жулқынып келип алып еди, шүндигинен, тура берип шайы шығып кеткен ашшы шай аяғының астына төгилди. — Ишпейтуғын нәрсеңизди не қылайын деп едиңиз демлеп!

Ол шәйнекти шайы менен Аманның тумбочкасына тықты да, берман — Орақбайдың, соң Жийенғалийдиң кроватының ернеклерин сыпыра баслады. Олар санитаркаға кесент етпеў ушын тапочкаларын кәттиң астына ысырып, узынына түсип жатып алды.

— Жеңге, неге ҳәммеңизге пырлас тийип атыр? — дедим мен мениң кроватыма айланысқан ўақта.

— Бас врач award

— Палаталарды көре ме?

— Ким биледи! Үңилип жүрсе. Нашар адам майда болады-ғо. Бурынғымыз жақсы еди, кең адам еди. Көрсе де көрмегендей болып өтип кете береди.

— Неге келеди екен буяққа? — Жийенғалий орнынан тикейип қызықсынып сорады.

— Әсеттиң орнына бөлим баслық қояды.

— Ким болады екен?

— Қайдам. Бизлерге айта ма оны?

— Бас врачтың аты ким деген? — Аманның бул сораўына «саған не кереги бар еди» дегендей әжепленип бир қарады, соң жуўап берди. — Қаршыға!

— О о, қандай жақсы ат я? — деди Орақбай заўықланып.

Жийенғалий санитарканы сөйлетип қалғысы келди.

— Күйеўи бар ма? — деди күлимсиреп.

Ҳаял оның қызыққа сорап атырғанын сезди.

— Неғылайын деп едиң, бар.

— Аты ким күйеўиниң?

Санитарка шығып баратыр еди.

— Суңқар! — деди қайрыла берип.

Ҳәммемиз дуў күлдик.

— Қалай, Жийенғалий аға? Баплады ма? — деди Аман қолын созып. Лекин, оған ҳеш ким қолын бермеди.

— Суңқар деген ийттиң аты емес пе? — деди Орақбай.

— Қустың аты.

— Шолпан Жийенғалийди гәптен утыў ушын айтты-дә, — дедим мен. — Бәлким, қыз шығар.

— Онда сизге және бир қалыңлық табылды-ғо!

— Әне, булар аўзыңды аштырмайды, — деди Жийенғалий басқыласпаның мен тәрепке аўғанына өзин жеңил сезип.

— Ҳәй-ҳәй, бул не шаўқым? — Есикте Гүлшийра көринди.

— Мәмбетназар ағаны үйлендирейин деп атырмыз! — деди Аман.

— Оң болсын! Бизлер тойдан қалып қоймайық! — Гүлшийра ҳәзилге ҳәзил менен жуўап берген болды да, изинше түрин суўытты. — Ўарсақы айтқанша төсеклериңизди оңлаң. Аман, саған айтаман. Матрасларыңа қара, ешек аўнағандай.

— Үстиңнен арыз етемен, — деди Аман турып атырып. — Мени ешекке теңедиң!

Гүлшийра пырқ етип күлип жиберди.

— Жаз-жаз! Қаракеңниң сөзиниң салтын билмесең. Соң ол Аманның одеялын қағып-силкип, жыйнап берди. Кейин Орақбайдың, Жийенғалийдиң төсеклерин жеңил-желпи дүзестирген болды. Бул ҳәрекетлердиң ҳеш қайсысы маған тийисли еместей, бийпарўа отыра бердим.

— Бул не, «малаға минген суўпыдай», үн жоқ-түн жоқ.

— Пийрим келе берсин деп отырман, — дедим күлип. Бул гәп оған сәл ызғарлы түйилди.

— Тур, пийриң келди!

Мен орнымнан турып, тумбочкаға бир қолымды таянғанша оның ҳәрекетлерин гүзетип турдым.

Ол көпшикти, одеялды, простинаны кәттиң балдағына қыстырды. Тумбочкаға қоймақшы болып бурылып еди, мениң оны бәнтлеп турғанымды сезди де, дәрҳал солай иследи. Соң матрасты көтерип алып, аўдарып төседи. Неше күннен бери орнынан қыймылдамаған матрас, күнге кеўип, қаўсырыла жазлаған пәлледей бола баслаған екен. Аўдарып төсегеннен кейин көмпейип шыға келди. Простинаны үстине төсеп, дийўалға қараған тәрепин узынына матрастың астына тықты. Кейин берги басын бир тегис тартып, матрастың астына қайырып еди, төсек жаңа ғана қәлиптен шыққан гербиштей қырланып суп-сулыў болды. Одеялды төрт бүклеп аяқ ушқа жыйнады. Соң көпшикти ояқ-буяғынан дүмпишлеп көмпейтти де, бир мүйешин жоқары қаратып әсте ғана қойды. Енди бул төсектиң үстине отырыў я жатыў обал еди.

— Бул не, көпшикти үш мүйеш қылып қойдың? — дедим мен оған.

— Ҳе, сен қусап бәрҳа «төрт мүйеш» бола бериў керек пе?! — деди Гүлшийра пинҳамы қарас пенен.

Бул оның «сол клизма ушын еле өкпелей бересең бе» дегени еди.

— Гүлшийра, — деди Жийенғалий. — Әсет ағаның орнына ким келейин деп атыр?

— Қутлымурат аға деген.

— Жақсы доктор ма?

— Билгиш пе?

Балалар изли-изинен саўалды жаўдырып атыр.

— Жақсы емес, — деди қыз немқурайдылаў. — Әсет ағаның өзи басқаша еди-дә. Қутлымурат аға мынаны жақсы көреди. — Ол тамағын шертип көрсетти. — Азанда бир коньякти бузса, қайтаман дегенше соны таўысады. Ҳеш кимди мирәт-әм етпейди, тост-әм айтпайды. Әдепки қадақтың күши қайтқан ўақта қурттай таслап жиберип, көрмегендей жүре береди.

— Билими, тәжирийбеси қалай? — дедим мен.

— Ояғына гәп жоқ. — Тәўипшилик жөнинен де хабардар. Палкерге де усап кете ме-аў, кеўил хошы жақсы ўақта алақаныңды услап, сызықларына қарап сениң келешек тәғдириңди де болжап бере береди.

Оның гәпи аўзында қалды.

— Киятыр! — деди де есикке қарай оқталды. Биз айнадан қарап, өткенлерди бақлап турдық. Киятырғанлар төрт адам еди. Алдында сулыўшық бир жас келиншек. Оның изинде орта жаслардан өтип жүрген бир киси. Самайына азмаз ақ аралағаны көринип қалды. Үшинши болып киятырған көк көзли татар ҳаялды таныдым. Ол маған жоллама берип, усы жерге жиберген Рахима Фатхуллина еди. Оның изинде және бир ҳаял бар.

— Дәў де болса бас врач алдындағысы, — деди Аман биринши болып.

— Аўа-дә, басшы қосшының изине ерип жүре ме?!

Еки жас жигиттиң болжаўына биз Жийенғалий екеўимиз жақсы я жаман деп сөз қоспадық.

Емлеўхана иши ярым саатқа дейин тым-тырыс болды. Шамасы, барлық үлкен ҳәм киши хызметкерлердиң бәрин жыйнап, таза бөлим баслықты таныстырып атырған болса керек. Әлбетте, алақандай районның иши, бул жерде бирин-бири танымайтуғын адам жоқ. Лекин, рәсмиятшылық солай.

Аздан кейин ғаўырлы қайтадан басланды. Бас шыпакердиң бир өзи айнаның алдынан қайтып өтти. Демек, бөлим баслықтың бир өзи емес, қасындағы шыпакерлерди де усы бөлимге ординатор— врач етип бекитип кеткен болса керек.

Емлеўхананың күнделикли турмысы даўам етти. Шаншыў, түски аўқат. Түстен кейин врачлардың көзден өткериўи болды. Әдетте, бул ҳәр күни азанда, ямаса еки үш күнде бир мәрте азанғы мәҳәлде болатуғын еди. Таза докторлар ертеңге

дейин қол қаўсырып отырыўды қолайсыз көрген болса керек.

«Тихий час»тан алдын таза бөлим баслық Гүлшийраны ертип кирип келди. Гүлшийраның қолында бизлердиң карталарымыз бар еди. Дәслеп Аманның кроватының ернегине отырды. Соң оның картасын алды. Оны дыққат пенен оқыды.

— Көйлегиңди көтер, — деди соң.

Аманның көкирегин ҳәм арқасын тыңлап көрди.

— Азанғы ўақта жөтелмейсең бе?

— Яқ.

— Сизге руқсат. Затларыңды жыйнастырып қайта берсең болады.

Изинше Орақбайға да усындай жуўап айтылды. Жийенғалийге «бир-еки күн жатасаң» деди. Кейин маған өтти.

— Кейинги сапар қашан анализ тапсырдың?

— Өткен биринши күни.

Ол қайтадан картадан мениң анализимди изледи. Тапқан болса керек:

— Ертең азанға ҳәмме анализлерди аласыз, — деди Гүлшийраға. — Жақсы болса, түстен кейин руқсат беремиз.

— Әсет аға айтып еди...

— Неўе, Әсет, Әсет! — Гүлшийраға гәпиниң изин айттырмады. — Буннан былай мен Әсет, билдиң бе?

Доктор ашыўлы түрде есикке қарай бетледи. Ол хызметкерлерин өзине қарата алмай атырғанына қәҳәрли еди. Гүлшийра бир дәсте карталарды қушақлап изине ерди. Есикке барып муңлы көзлери менен маған бир нәзер таслады.

Сездим, ол мениң менен араны жумсарта алмай атырғанына қыйналып барар еди. «Ертең руқсат беремиз» деген доктордың сөзи маған да аўыр тийди. Адамлар емлеўханада жатса шыққанша асығады, лекин, мениң бул жерден шығыў қыялымда жоқ еди. Ақыры, мен бул дәргайға көринбес, жүрек тарларым менен байланғанман-ғо. Оны үзип кете алмайман. Ол үзилсе маған өмирдиң қызығы жоқ. Мен Нигарсыз бул жерден бир адым да узақлап кете алмайман. «Лекин, ол еле он алтыда ғой» бир ойым оған қарсы шығады. «Болса не болыпты» деймен мен. «Қамалып кетесең». «Ыразыман!»

«Тихий час»тан кейин алтыншы палатаның алдына бардым. Перде қыймылдамады. Ары кеттим. Және қайтып өттим. Есик ашылып, бир ҳаял шықты. Сонда қыя ашылған есикте китап оқып атырған Нигарға көзим түсти. Есик ашылған ўақытта ол да китаптан бас көтерген еди. Ым менен шығып кетиўин өтиндим. Негедур ол бул рет тартынбады, шықты.

— Сени доктор көрди ме? — дедим оған.

— Аўа.

— Ким доктор көрди?

— Үлкен бир татар ҳаял.

— Не деди?

— Қайта-қайта тыңлады, соң «арман, төрде бир бала пышық уйқылап атыр, оны түргелтип шығарып жибериўимиз керек» деди. — Ол усыны айтып, назлы күлимсиреди.

— Сол пышығыңды маған-әм берип алғаныңда?

— Яқ, бермеймен. Өзимниң пышығым ол.

Оның каймақтай еринлеринен, күлип турған көзлеринен нәзеримди ала алмас едим.

— Саған не деди? — деди ол мениң телмирип қарай бергенимнен тартынып.

— Ертең руқсат беретуғын қусайды.

— Қандай жақсы, я?! — Ол маған бул гәпти қуўанып айтқандай болып көринбекши болды. Лекин, көзлериниң түпкир-түпкиринде муң пайда болды. Бул сондай жарасықлы муң еди. Ол мениң жүрегиме ләззет бағышлайтуғын муң еди. Ақыры, ол мени ертең кеште көре алмайтуғынына қапа болып атырған еди. Демек, ол мени жақсы көреди. Ол мени сүйеди. Қыз намысына бола айта алмайды. Ал, мен... Емлеўханада екеўимиз пүткил өмиримизди өткеретуғындай арқайынман. Өзимде жоқ сабыр-тақат пенен шыдап киятырман. Оның бир заманлық сәўбетине мәс болып, келешегимиз ҳаққында ҳеш нәрсе айтпадым оған. Мине, енди ўақыт жүдә аз қалды. Асық! Асық Мәмбетназар, асық!

— Кеште ушырасайық! — дедим оған. Коридорда тура бериўимиз қолайсыз еди.

— Бүгин Гүлшийра апа-ғо.

— Бола берсин. Енди мениң көзиме ҳеш ким көринбейди. Ҳеш ким бизге тосқынлық ете алмайды.

Мениң тәсирленип айтқан сөзлеримнен ол қолайсызланып, басын ийзеп мақуллады да, ишке кирип кетти.

Сол күни күн жүдә кешигип батты. Аўызашарға асыққан ғаррылардай, бир неше мәрте сыртқа шығып, күн батыс тәрепке қарап қайттым. Негедур тереклер кем-кем жерге кирип баратырғандай, қуяш болса ҳаўа толтырылған шардай ҳаўада қалқыр еди.

## 13

Ай сүттей жарық еди. Бул бизиң соңғы ушырасыўымыз болатуғынын сонда билмегенмен. Ертеңги анализимнен әлбетте, бир шийкишилик шығыўын үмит пенен күтетуғын едим.

Жердеги ийне көринетуғын бул кеше биз сыяқлы талай ашықларға кесент берген шығар. Буннан алдынғы ақшам да онша қараңғы болмаған. Лекин, бүгингиси басқаша, «Келиң, Нигар менен Мәмбетназар буяқта» деп турғандай, ай сәўлесиндеги көлеңкемиз де созылып, бираз жерден көзге тасланады. Ярым белине дейин сыйдамланған дарақлар ашықларды жат көзлерден таса қыла алмас еди. Соңғы мәрте орып алынған жоңышқа түбирлер, тапочкамыздың ултанына тебендей шаншылып тесип өтейин дейди.

— Ана жаққа барайық, — дедим мен жап бойындағы тамыр қуўалап өскен қараманлар тәрепти көрсетип.

— Узақлай бермейик, — деди Нигар мейилсоқлаў.

— Бул жерде тақыр жерде буққандай тасырайып қаламыз.

Жағасында сығасып қараман өскен жаптан соңғы мәрте қашан суў ағып өткени белгисиз. Ултаны тегис, ҳәр жер-ҳәр жерде суў ишинде жанбаўырлап өскен урықлар жағаға жабысып атыр еди.

— Неге бунша қорқасаң? — дедим мен Нигардың ийнине қол салып. Ол мениң қолымды ийнинен ысырып түсирди.

Нигарда қандай да бир қорқыныш бар сыяқлы, оны пүткил денеси сездирип турар еди.

— Билесең бе, кимнен тасаланып жүрмиз? — деди соң.

— Кимнен?

— Гүлшийра бизлерди излеп шығады. Ол мениң шыққанымды көрип қалды.

Мен үндемей қалдым. «Гүлшийраның не жумысы бар?» деўим мүмкин еди. Негедур шынлықты шын кеўилден сезинип турған ишки сезимим, бул гәпти сыртқа шығармады. Нигар меннен сол сөзди күткен еди.

— Сизден бир зат сорайын ба? — деди Нигар.

— Сора.

— Гүлшийра не ушын бәрҳа екеўмизди аңлыйды?

— Мени емес, сизди аңлыйды.

— Неге?

— Қыз бала болған соң қорқады, ертең бир гәп болса жуўап беремен деп ойлайды.

Нигар үндемей қалды.

— Таптым ба? — дедим оның еки ийнинен услап өзиме жақын тартып. Ол және де мениң қолларымды төмен түсирди.

— Таба алмадыңыз, — деди соң муңлы түрде. — Ол сени қызғанып аңлыйды.

Нигар көзиниң қыйығын салып, маған сын нәзери менен қарады. Мен ҳайран болған адамдай оған тигилдим.

— Ол сени қызғанады, — деди даўысы кем-кем пәсейип. — Сени меннен қызғанады.

— Билмедим... — деп шубалаңқы жуўап бердим, сөзимниң изин жутып жибердим. Мениң оның менен автоклабқа барғанымды сезип қалды ма екен деген бир қәўетерли сезим кеўлимнен өтти. Қуры өтип қойған жоқ, ол кеше ғана ийинлери дирилдеп қушағымда турған, бүгин де мени сол бахытқа миясар ететуғын бахыт қусымды үркитип жибережақтай қорқыныш пайда етти менде.

— Нигар, қояйық сол Гүлшийра темасын. Онысыз да ўақтымыз аз. Өзлеримиз ҳаққында, өзлеримиздиң келешегимиз ҳаққында сөйлесейик.

Оны баўырыма тарттым. Оның қәлер-қәлемес қарсылығын жеңип қушағыма алдым. Қыздың жүрегиниң тыпырлап урысы мениң денеме өтип атырғандай еди. Оның көкси мениң көксиме тийди. Кем-кем жақыннан, кем-кем қаттырақ қушақлаған сайын тәни, тана мүйиз көкиреги мениң денемди қытықлағандай, жағымлы қытықлағандай болды.

— Керек емес! Қойың, керек емес! — деп сыбырланды ол қушағымда турып.

— Яқ. Керек! Бәрқулла, өмирим бойы керек! Сен керексең! Сениң үлбиреген ғумша ләблериң керек.

Оны қумарланып сүйдим. Оның олай-булай бултырғанына қарамай, еркиме бағындырдым. Мен бул татлы демлердиң қанша даўам еткенин билмеймен.

Әллен ўақытлары ол ентигип, көкирегимнен кери ийтерип жиберген ўақытта өзиме келдим. Ол салмадан секирип өтип, қараман тәрепке маңлайын берип, терис қарап турды. Оған өзин басып алғанша кесент бермедим.

Ўақыт өтип баратыр. Татлы сезимлерден кейин не ҳаққында сөйлеспекши екенлигим де есимнен шықты. Оның менен ийинге ийин қосып, оның нәзик саўсақларынан ҳазарсыз тутып турғанларымның өзи ҳеш кимге несип етпейтуғын, тәнҳа маған ғана тән бахыт шығар.

— Бизлердиң бул жүрисимизден ҳеш қандай нәтийже шықпайды, — деди ол әлленемирде муңлы.

Мен де арғы жағаға өттим.

— Ҳе, неге? — дедим оның жаңағы пикирине.

Ол бас шайқады:

— Нәтийже шықпайды. Сеники мәзи тәнқумарлық. Меники болса жасыма ылайық көзсизлик.

— Муҳаббатымыз-ше?

— Мен сол муҳаббат дегенниң не нәрсе екенин билмеймен. Ол бир китабый, ҳаўайы сөзге усайды, нәзеримде.

— Мен дәлиллеп берейин бе?

Ол көзлериме тигилди.

— Қәйтип?

Ол мениң және қушақлап алыўымнан гүдикленип, бир қәдем шегинди.

— Сениң палатаңның алдынан күнине неше мәрте өтемен?

— Билмеймен.

— Мен-әм билмеймен. Сен санайсаң ба?

— Яқ.

— Мен де санамайман.

— Сен пердени көтерип күнине неше мәрте көз тигесең?

— Мен мәзи қарайтуғын шығарман, — деди уялып.

— Яқ, мәзи емес. Мәзи қараў ушын айнадан, бағ бетке қараўыңның өзи де жетип атыр. Демек, екеўимиздиң бул ынтықлығымыз — муҳаббат.

Нигар төмен қарады.

— Ушырасқан ўақтымызда гәп сөзге келместен...

— Айтпаң!..

— Сениң жүзиң айдың жақтысына қарап турғанда жүзиңниң қәйтип қызарғанын анық көрер едим. Қара, бетлериң ысып кетти! — дедим бармақларым менен жүзин сыйпалап. Ол мениң бармақларымды жүзинен ысырып қойды.

— Бизлердиң тәғдиримиз қаўышпай ма деп қорқаман, — деди ол және баяғы кейипке түсип. — Ертең сен өз аўылыңа кетесең, мен өз аўылыма. Кейин бир-биримиз бенен көрисе алмаймыз.

— Мен излеп бараман.

— Әжағамнан таяқ жеп қайтажақсаң ба?

— Әжағаң не, күйеў баласын сабай ма?

Нигар мырс етип күлди.

— Сен биротала ыраслап жибердиң-ғо.

— Сен-ше, рольде ойнап атырмыз деп жүр ме едиң?

— Яғаў, рольде ойнап қалыўдан қорқаман.

Ол үнсиз аяқ ушына телмирди. Кеўлинде ғулғыла бар еди оның. Бул ғулғыла күни ертеңги айралық. Ол мени айралыққа қыймайтуғынын да, бирақ, оған илаж ете алмайтуғынын да сезип, ишлей толғанар еди. Ол буның илажын таба алмай қыйланар еди.

— Сен әжағамды билмейсең, — деди әлленемирде және баяғы гәпке оралып. — Оның минези жаман. Оннан ҳәтте анам да тартынады. «Не қылайын деп едиң усындай шүйке басларды туўа берип» дейди гейде бизлерди көрсетип.

— Қыз туўысқанларың көп пе?

— Әжағам анамның туңғышы. Оннан кейинги әжапам үйли-жайлы болып кетти. Оннан кейин мен туўылғанман. Изимде еки сиңлим бар.

— Мен әжағаңа унап қалсам-ше?

— Мүмкин емес. Ол, күйеў бала, жезде дегенлерди әлле кимдей көреди. Жездем қыдырып келсе сәлемлеседи де шығып кетеди. Соның ушын ол да келе бермейди.

— Көрерсең, мен әжағаңа унап қаламан. Ол Жийенғалий менен жора ма?

— Аўа.

— Онда мен сениң әжағаңа жақынласыў ушын Жийенғалий менен қыймас дос болып аламан. Емлеўханадан шыққаннан кейин «емлеўханада жатқан, армияда болған менен бирдей қәдирдан болады» деп үйине қыдырып бара беремен. Баханада әжағаңды да көремен, сени де.

Нигар сәл жумсарайын деди. Мениң кеўлин алып сөйлегениме ме, ямаса, ҳақыйқаттан да әжағасына унап қалыўыма исенди ме, ийнин көтерип, өкпеси толып турған демди шығарды да, маған бир наз қарас қылды.

— Излеп барғанда мени таба алмасаң не қыласаң? — деди күлип.

— Онда аўылыңнан кетпеймен. Ҳәр үйде гезек пенен бир қонатуғын талап таўып аламан.

— Мал бағасаң ба? — деп сылқ-сылқ күлди ол.

— Бағаман. Сениң малларыңды бағаман.

Оны және баўырыма тарттым. Ләблеримди ләблерине жақынлаттым. Ол ортаға бармағын тутты.

— Қойың, уят болады.

— Кимнен?

— Ай сығалап тур. Сыбырланып шыққан Нигардың соңғы сөзи аўзында қалды.

— Әнекей, анда турыпты! — Бул Гүлшийраның даўысы еди. Нигар қушағымнан булқынып шығып кетти.

Гүлшийраның қасында доктор Рахима Фатхуллина ҳәм санитарка ҳаял бар еди.

— Берман келиң! — деди доктор атызлықта турып, — Уятсызлар сениң!

Мен биринши болып төмен түстим ҳәм Нигарға қолымды создым. Гүлшийра ызғарлы қышқырды.

— Өзи түседи, мута емес!

Биз бенде болған душпан әскерлериндей үшеўиниң қоршаўында доктордың кабинетине келдик.

— Сен бийтаппысаң? — деди Рахима маған зил менен.

Үндемедим. Бийтап емес адам кеселханада жата ма? Бул орынсыз саўалына ашыўым келди.

— Қәйериң аўырады?

Ол мени поликлиникадан жоллама менен жибергенин умытқан болса керек. Себеби, оннан бери арадан бир ай өтти. Талай наўқаслар алдына барған шығар.

— Бөтекем, — дедим ҳәкисленбей.

— Бир бөтекеңди алып таслаймыз! — Ол сондай исеним менен айтты, мен алаңлап гә докторға, гә Гүлшийраға нәзер салдым. Гүлшийра доктордан бетер кәпир тонын кийип алған еди. Демек, мениң кеселим бойынша Қутлымурат аға екеўи ойласқан болса керек, мениң бөтекемниң кесели өтлескен шығар, деген қорқынышлы ой келди.

— Неге? — деп ҳүрейленип қайтарып сорадым.

— Сонда жуўасып қаласаң! — деди доктор зил менен. Кеўлим орнына түсейин деди. Сол ўақыттың өзинде де басыма бир қыял келди: Муҳаббаттың бөтекеге де қатнасы бар екен-дә!

— Сен қыз, мектепте оқыйсаң ба?

Нигар төмен қарады.

— Бул жигит тис қаққан, жасы бар, мектеп питкермей турып бийабырай болып қалыўдан қорықпайсаң ба?

Нигарда үн жоқ.

— Ҳәй, Ғәрип! — деди ол мени кесетип. — Жас қызға жақынлық еткениң ушын қамалып кететуғыныңды билесең бе?

— Мен жақынлық етпедим.

— Егер жақынлық етсең...

— Билемен.

— Қамалып кетиўге қайылсаң ба сонда?!

— Қайылман!

— Оҳ, сурбет! Сен қыз, бул жигит он бес жылға қамалып кетсе күтер ме един?

— Күтемен! — деди ол қәддин тиклеп. Көзлери ғәзептен жанып турар еди.

— Болды, булар менен артық сөйлесиўдиң кереги жоқ, — деди доктор. — Азанда мектепке қоңыраў ет, директоры, женсоветы бирге келсин. Анаң бар ма?

Нигар қас қақпай қараўын даўам етти де, бирақ жуўап қайтармады.

— Анасын да шақырың. Мектептиң телефоны бар ма?

— Картасында бар, — деди Гүлшийра.

— Болды, онда. Бул жигитти медэкспертизадан кейин органға тапсырамыз.

Оның бул айбат шегиўлеринен мен сескенбедим. Лекин, Нигар... турып-турып жылап жиберди.

— Ондай етпең, апажан! Бул жигит маған бармағын да тийгизген жоқ!

— И-и-им! Нәрестени тапқан екенсең! — деди Гүлшийра мурнын жыйырып.

— Доктор апа. Мен өзим кетемен! Сизлерге гәп келтирмеймен!

— Орныңызға барың!

Гүлшийра Нигардың қолтығынан услап күш пенен коридорға шығарды. Мен әсте изинен адымладым. Коридорға шыққаннан кейин Нигар бирден жылаўдан тоқтады. Еки қоллары менен көзиниң жасын сыпырып, палатасына кирип кетти.

Гүлшийра изине қайрылды. Қайрыла берип маған көзи түсти де, қалша тоқтап қалды. Мениң көзлерим оның жүзине ғәзеп пенен тигилер еди. Ол буған шыдам бере алмай, бирден жулқынып постқа қарай кетти.

Сол күни таң жүдә узақ созылды. Мен таң атқанша өз ойларым менен алысып жаттым. Ҳеш қандай масқарашылықтан қорқпадым. Тек ғана, тек ғана Нигарға реҳимим келди. Жәп жас, ақ қағаздай гирбиңсиз кеўлине ғулғыла салғаным, оның менен де турмай, бетине ширкеў болғаным мени қыйнар еди. Бул доктор өзи айтқан илажларды сөзсиз ислеўи мүмкин еди. Сонда ол аўылында қалай бас көтерип жүреди?! Бул шерменделикке себепкер болған мен-ше?

Яқ! Мен оны алып қашып кетемен! Усы бүгин тәңирдиң таңы атсын — алып кетемен оны! Ҳеш кимниң даўысы жетпейтуғын жақларға алып кетемен. Анама да бир аўыз билдирмеймен. Керек болса, ҳүкиметтен де жасырынып жүремен. Неке жасына жетпегенше ҳеш кимге көрсетпеймен Нигарды! Мен оны төбеме көтерип сақлайман! Алақаныма салып әлпешлеймен! Маған дүньяның басқа ҳеш қандай ләззетлери керек емес. Жанымды биринши муҳаббатым жолына тигемен.

Ҳәр қандай тәшўишти де таң алдындағы уйқы жеңер екен. Көзлериме бақан тирегендей болып жатсам да, көзим

илинип кетипти. Шоршып ояндым. Қарасам, әтирапқа жақты түсипти. Лекин, палатадағылар еле қаннан қәперсиз.

Урман-пурман кийиндим. Тумбочкадағы затларыма да қарамадым. Бәри бир мен енди үйге бармайман-ғо.

Силкинип палатадан шықтым да, алтыншы палатаның есиги алдына бардым. Әтирап жым-жырт. Палатада жақты жоқ. Ҳеш кимниң қыймылдысы, яки басқа ҳәрекети сезилмейди. «Егер ҳәмме уйқылап атырған болса, Нигарды қолыма көтерип алып шығып кетсем... Яқ, биреў болмаса биреў сезсе, меники басқыншылық пенен барабар. Жақсысы, оятып, изиме ертип кетемен». Соңғы ойға тоқтадым. Әсте есикти аштым. Төрде жатырған бир үлкен апай жөткиринип қойды.

— Кеширерсиз апа, Нигарды оятып жибересиз бе?

— Ким дедиң?

— Нигар.

— Ўә-әй, қарағым-аў, кеш қалдың-ғо, — деди ол мени мысқыллағандай ҳаўазда. —Ол қыз бағана, таң қараңғысынан турып аўылына қайтып кетти.

## 14

Күн шықпай үйге кирип келгенимде апам әдеттегидей, жай намазының алдына әтөшкирди кесе таслап таң намазын оқып атырған екен. Ол мениң күтилмеген келисиме албырап, бетиме — жалтақ-жалтақ қарады да, намазын бузып алды ма, жеңил жөткиринип, соң ерни жыбырлап изин даўам етти.

— Аманлық па, балам? — деди ол мен тумбочкаға шәйнеккесаларымды жайғастырып боламан дегенше жай намазын жыйнастырып.

— Аманлық, — дедим мейилсоқлаў.

— Я... дуқтырларың менен мәлеллесип қалдың ба?

— Яғаў...

— Азан менен...

— Не, мен өмир бойы емлеўханада қалыўым керек пе еди? — Кеўлиме қыл сыймай турғанлықтан аўзыма келгенин айтып салыппан. Апам «түп-түп» деп жағасына түпирди.

— О не дегениң, шырағым?! Қудайым, балнийсасы түссин!

— Кеше кеште руқсат берип еди. Қарасам, күн батайын деп тур, — дедим қаттырақ сөйлеп жибергениме қысынып. — Соң қонып қалып, азанда ерте шықтым.

— Ҳе-е, әйтеўир изи парахатшылық болса болар. Шай қойып жиберейин. Кишең, түни менен баласы аўырып, кеш жатып еди. Уйқыласын деп оятпадым.

— Шай ишпеймен, апа. Ерик бағ беттен айланайын.

— Айлана-ғо, айлана-ғо... Оған дейин келин де турар.

Мен үйдиң батысындағы атамнан қалған ерик бағ таманға кеттим. Ҳәр сапар кеўлим қулазығанда усы бағқа келсем, өзимди сергек сезип, сәл кеўлим көтерилгендей болар еди.

Бағ — сырттан қараған көзге онша бағқа да усамайды. Сыртында ҳәреми жоқ. Жүз жыллық шынарлардай жуўанып кеткен ериклердиң ҳәзир сегиз түби ғана қалған. Бирақ, оғада үлкен, ҳәр бир түби кишигирим бир ҳәўлиге сыймайды. Балалығымда бул ерик бағ арғы «Сырым партаў»ға дейин тутасып кететуғын еди. Бәҳәрги изей суўдың кесири ме, яки өзлери қартайып қуўрады ма, ҳәр жылы сийрексип, отызлаған ериктен усы сегиз түби ғана қалған.

Жазда ериктиң асты рәҳәт. Мен оның саясында көрпешемди төсеп жиберип, сабақ оқыр едим. Мектеп дәўиринде де, соң институтта оқып жүрип жазғы дем алысқа келгенимде де. Қалың урықлыққа төселген көрпеше жуп-жумсақ дивандай, денеңе жағымлы тийеди. Китаптан шаршаған ўақытлары шалқама жатып көгилдир аспанға тигилемен. Сонда самал менен әсте тербелип турған ерик шақалары арасынан күн нуры көзиме түсип қайтып, жыпылықлап ойнар еди.

Ҳәзир болса гүз — гүзлигин еткен екен. Ерик жапырақлары сийрексип қалыпты. Төмендеги жап-жасыл урықлардың да ушлары сарғайып, үстине шақасынан үзилип түскен сап-сары жапырақлар төселип, жыйналмаған үйдиң әйўанындай ыбырсып атыр еди. Бир сөз бенен айтқанда, ерик бағы да мениң кеўлимдей қулазып қалған екен.

Жол бойы кеўлиме тынышлық бермеген ойлар мени бул жерде де тәрк етпеди. Қыялымда тек ғана түндеги ўақыя. Оны ойларымнан қуўып салып, ләззетли ушырасыўларды еслегим келеди. Лекин, бул шийрин қыяллар узаққа бармайды. Көз алдымда қабағынан қар жаўған Гүлшийра менен

«ғапылда жынаятшыларды қолға алған» Рахиманың мәрдана турыслары еслеслейди. Сонда уят ҳәм қорқыныштан бир қысым болып турған Нигарды еслеймен. Еслеймен де ишишимнен өзимди жек көрип кетемен. Дәстанларда, басқа әдебий шығармаларда жигитлер өз сүйгени ушын жаннан кешиўге дейин барады. Ал, мен болсам, қайдағы бир қатынлардың (Қатын дегеним ушын Гүлшийра кеширсин) шәрбаялығына баш бере алмадым. Оған мениң туйық минезим қарсы келе алмады. Бир кеше ғана емес, усы минезим балалығымда да, студент пайытымда да талай пәнт берген. «Неге бағана ойдеп айтпадым? Ол өйдегенде мен неге бүйдемедим» деп «жаў кеткен соң» өзимди-өзим ишлей жемирер едим. «Аўыр болғанша аўырыў бол» деген ата-баба. Сол нақыл маған қарап, қулласы, мен қусағанларға карата айтылған.

Докторлар маған ҳеш нәрсе қыла алмайтуғынын билер еди. Олар мени дәслебинде суд пенен қорқытпақшы болды. Мениң қызға қол тийгизбегенимди ишлей сезинип, еле бундай қысқыға түсип көрмеген, әбисерең Нигардан өш алмаға қарады олар. Нигарды қыз намысын төгиў апаты менен қорқытты. Байғус қыз мектепте гәп болыўдан, анасынан дәкки жеўден, бәринен де бетер «шүйке бас» ларды жек көретуғын қатал минезли әжағасынан қорқып жылап жиберди. Мен болса үндемедим. Оны жубатпадым. Руўхландырыўшы сөз де айтпадым. Қыялымда буннан буяғына не ислеў керек деген ой менен бәнт едим. Таң атқанша бул ойлардың шешимин тапқандай болдым. Лекин, енди кеш еди. «Поезд кетип болыпты». Мен эшалоннан кеш қалыппан. Перронда қалған жалғыз жолаўшы едим мен енди.

Күнлер кеўилсиз өте баслады. Өз үйиме өзим сыймай атырғандайман. Күннен күнге жалаңашланып атырған тәбият, күтпегенде көгилдир аспанды қаплап алған қойыў булт, ызғырық, жағымсыз самаллар оннан сайын мениң үскинимди қуйылдырады. Нәзеримде, кем-кем төмен шөгип, киширейип баратырғандайман. Апамның бар дыққаты менде. Ол үлкен үмит пенен мениң қасы-қабағымды бағады. Мен ашылыспағаннан кейин баяғы «дуктыр келин» ҳаққында да, дәрўаза аўзында көрген, өзи узатқанда буннан да жас болған «ана қызы» ҳаққында да гәп қозғай алмайды. Бата алмайды,

байғус. Ана дегеннниң буншелли тәбизге бағатуғынын қәйтерсең.

Бир күни ол көз астынан қарап-қарап қойып, аршасын ашты. Бирақ, ишинен ҳеш нәрсе алмады. Сонда дым аяп кеттим анамды. Оның не жазығы бар? «Ҳеш нәрсениң басына бас жип тағa алмаған өзиңнен көр» дедим өзиме-өзим.

— Апа, «гөммең»ди ақтарып атырсаң ба? — дедим күлип.

— Неғылған гөмме, шырағым, тойға деп жыйған шыт-шырларым-ғо. «Өлимлигиме буйырмаса еди» деп қорқаман.

— Ким айтты сени өледи деп...

— Өлмей мың жасайман ба?

— Қәне, сарпайларды көрейик, — деп қасына жақынладым. Анамды буншелли үмитсизлик жағысына апарып қойғаным қатты батып кетти.

Апам жанланып қоя берди.

— Мына макентож қудаға, — деди ол ҳәмме тауардың үстинде турған күл рең плащты шығарып.

— Қудаң жоқ ғой...

— Ҳе-е? — деп апам шоршып түсти. — Өлип қалған ба?

— Мысалы, деп атырман-дә... Егер жоқ болса, өлип қалған болса...

— Өлсе де қуданың пайы болады... Атасын риза етпей турып, перзентин алсаң, ол қуда тамырлық узаққа бармайды.

— Анасына не бересең?

— Мына жерси пальто қалай? Я ҳәзиргиниң ҳаяллары киймей ме? Лама деген үрпек жағалы пальтоны алыўға қудиретимиз жетпейди. Бул да жағалы кийим-ғо.

— Қәйдем, апа. Оны «ана қызың» менен ойласып көрмесең. Мен тауар жөнин түсинбеймен, — дедим де әсте орнымнан турдым. Апамның қолы аршаға суғылыў менен қалды. Отыра берсем ҳәмме тауарларды ақтаражақ. Мен тауар көриўге, «жақсы тауар екен» деп марапатлаўға еринбедим. Лекин, анамның кеўли деп сарпайларға қызығыўшылық көрсеткен сайын, оның қыялына бүгин-ертең келин алып келетуғындай болып түйилер еди. Усы жуўапкершиликтен қорқып, сыртқа шыққанша асықтым.

Күн санап мен бахытлы күнлердиң тезирек келиўин күтер едим. Лекин, сол күни түспегир өтпес еди. Мәўсим «шөмиш кеппес» қыс күнине жақынласып киятырса да, мен ушын

узақ. Күн кешигип батады, таң асықпай атады. Ҳәр бир атқан таңнан жаңалық күтемен. Ол қандай жаңалық, қай тараўдан, қай жолдан келип жетеди, буяғы маған жумбақ.

Ҳәр күни азанда мектепке жеткенше асығаман. «Бүгин сөзсиз бир жаңа хабар еситемен» деп үмит етемен ишимде. Сабақ ўақтында есик тықылдайды. Кейин әсте ашылып, нәўбетши муғаллим ымлап сыртқа шақырады.

— Сизди сыртта бир қыз сорап тур.

— Қандай қыз? — деймен ҳаплығып.

— Билмеймен. Сулыўшықтан келген бир жас қыз.

Бирден қыялымда Нигар пайда болады. Өзи келген! Қыз ҳалына уят-ийбени жыйнастырып қойып, өзи келген!

Мектепте бул қыялларым ҳәр күни пушқа шығады. Үйге асығаман.

— Балам, мына бир хатты бағана почта бала берип кетти, — деп апам босағаның аўзынан күтип алады.

Китапларымды анама услатаман да, урман-пурман хатты ашаман. Суп-сулыў қол таңба менен жазылған хат. Қыздың қол таңбасы! Шеп тәрепке сәл жамбаслатып жазылған қол таңба! Қызлар сондай етип жазады. Изиндеги Нигардың атын көриў ушын хаттың бүклемин жаздыраман. Усы ўақытлары ишинен бир сүўрет жерге түсип кетеди. Мен еңкейемен дегенше апам оны жерден шаң жуқтырмай алады. Нигардың сүўрети! Негедур күлмей түскен! Қалай күледи ол?! Демек, мектептен я әжағасынан гәп еситкен. Оны маған сүўрет арқалы билдирмекши болған. Мени гиналап турар еди бул сүўрет!

Қәнекей, сол сүўрет бар болғанда! Ызалы хат болса да еки ели хат болғанда?! Оны қайтадан баўырымда көргендей қуўанышқа бөленер едим. Тилекке қарсы, булардың бәри мениң қыялым, булардың бәри мениң алдамшы әрманларым еди.

Бул кеўил кеширмелерим мениң минез-қулқыма да әсте-әсте өте баслады. Ашыўшақ болып баратырғандайман. Еле сабақ өзлестириўге көнликпеген баслаўыш класс оқыўшыларының саўалларына үстиртин, қысқа жуўап берип қоя салатуғын болдым. Гейде олардың курттай тәртипсизлигин кеширмей, бақырып таслайман. Олар да маған бурынғыдай еркинсип саўал бере алмас, теманы түсинсе де, түсинбесе

де, «түсиндиңиз бе?» деген саўалыма ҳәмме бир ҳаўаз бенен «аўа» деп жуўап берер еди. Олардың түсинбей турғанын иш-ишимнен сеземен, лекин, қайтарып сораўға, қайтарып түсиндириўге кеўил хошым жоқ. «Түсиндик» деди ме, болды. Буяғы бир гәп болар.

Бир күни ақырғы партада отырған еки бала бир-бири менен нениң үстиндедур шекинисип қалды. Олар урысқанларын маған билдирмеўге тырысты.

— Узақбай, тур орныңнан! — деп бақырдым көбинесе тәртипсизлик ете беретуғын шетте отырған оқыўшыға.

— Муғаллим, мен емес!

— Саған айтаман, тур дедим!

Ол әсте орнынан тура баслады. Бунprincip менен ол айыпкер емеслигин билдирмекши еди.

— Қыймылда деймен! — деп столды мушым менен берип салдым. Стол үстиндеги китап дәптерлер бир «секирип» түсти. Узақбай ушып турыўын турды да, бирден жылап жиберди.

Мен қасына жақынлаған сайын ол дирилдеп қорқа баслады. Қарасам, балағынан киши дәрети сорғалап ағып турған екен.

Аяп кеттим. Өзимниң қатыберез минезиме ашыўым келди. Лекин, изге де қайтқым келмеди. Бундай аўҳал өзимниң оқыўшы гезимде де басымнан өткен. Екинши класс едим онда. Сол сапары мен де муғаллимниң бақырысынан қорқып кетип, шалбарымды ҳөллегенмен. Кейин бир ҳәпте оқыўға бармадым. Келеси ҳәпте муғаллимниң өзи үйге келип, басымнан сыйпалап, қолыма мазалы шоколад услатып, арбалы мотоциклине мингизип апарған оқыўыма. Сонда ҳәмме балалар маған ҳәўес пенен қараған еди. Олар да кем-кемнен муғаллимниң қатты бақырыўын, бир-еки күннен мотоциклине мингизип алып келиўин тилеп турар еди.

Узақбай да дерлик мениң қылығымды тәкирарлады. Үш күнге дейин оқыўға келмеди. Төртинши күни үйине бардым. Ата-анасы менен бала тәрбиясы ҳаққында азы-кем сөйлесип отырдық.

— Бул бала бизиң баламыз емес, кемпир апасының баласы, — деди анасы. — Бул үйде оның пышығына пыш дейту-

ғын адам жоқ. Соның ушын сениң қурттай бақырғаныңа исинип кеткен ғой.

Мениң қурттай емес, оңбағандай етип бақырғанымды олар қайдан билсин. Жақсысы, бизиң бул гәплеримизди Узақбай еситкен жоқ. Ертең алдастырып оқыўға жибериўин тапсырып, үйге қайттым.

Мениң Нигар деп бундай ҳалға түскенимнен Нигардың, ал оның қалай күн кеширип атырғанынан мениң хабарым жоқ еди. Излеп барыўға тартынаман. Хат жазыў излеп барғаннан да қәўетерли. Хат муғаллимлериниң қолына түсип қалыўы мүмкин. Ал, ол хат жазыўға мениң мәкан жайымды, керек десе фамилиямды да билмейди. Оның үстине қыз аты тағы бар. Қулласы, бир районда, сыбайлас аўылда турып, биримиз Мағрипте, биримиз Машрихта жасап атырғандай, ғайбана интизар едик. Бул интизарлықтың ақыр-адағы болар ма екен, сирә!

Усындай күнлердиң биринде маған хат келди. Жүрегим ҳәўлирип, хатты ҳәммеден тасалап аштым. Лекин, бул хат мен күткен хат емес, ол Гүлшийрадан еди.

«Сәлем Мәмбет!

Билемен, хатты алыўдан-ақ дәрҳал изине қарадың. Хат сен күткен адамнан емес. Маңлайың муштай болды. Сен оны тисиңди тисиңе қайрап гижинип, оқыўға киристиң. Жақтырмай оқыйсаң! Ондағы ҳәр сөз, мейли жыллы сөз бе, кекетип айтылған сөз бе, ол сениң жулыныңа биз тыққандай батады. Лекин, шыдайсаң, оқымай таслап қоя алмайсаң. Оған қүдиретиң жетпейди. Себеби, сен хатта Нигардың аты аталыўын күтесең. Сен оннан ләззет аласаң. Қәйтип тилге алынған болса да, қыялыңда оны көргендей болып жеңил тартасаң. Әттең, булардың бәри қам қыял екенин билмейсең. Мен палкер емеспен. Лекин, ишки сезимлерим усы ўақытқа дейин пәнт берген емес. Сизлерди ҳеш ўақытта ерли-зайыплар сыпатында көз алдыма келтире алмайман. Сизлер қосылмайсыз. Бәлким, бир өмир көриспей өтиўиңиз де. Қашанлардур мениң усы ўәлийлигимди мойынлайсаң. Мен порқандай әрўақлы нашарман.

Билемен, сол исим жүдә надурыс болды. Қәйтейин, еркиме күшим жетпесе. Қызғаныш деген қызыл ийт мениң етегимнен жулқылап, сизлерди излетип шықса шарам не

еди? Мениң орныма өзиңди қойып көре аласаң ба? Көре алмайсаң! Сен ҳаял жанын түсинбейсең! Ҳаял қызғанышы не екенин билмейсең. Ҳаяллар сүйсе бир өмир сүйеди. Оның муҳаббаты өзи менен бирге көмиледи. Жақында телевизордан бир профессор сөйледи. «Дүньяда үш нәрсе турақсыз емиш. Соның бири — ҳаялдың муҳаббаты». Бул қағыйданы араблар айтқан деп силтеме берди. Бәлким, ол өзиниң гәпи шығар. Ертеңги күн үлкен гәп-сөз болып, басым ғаўғадан шықпай қалар деп арабларға силтеди ме, ким биледи? Егер со, анық араблар айтқан болса, қудайдың мәркин жепти. Араблар не айтса мақул бола бере ме? Биз оның қуранын тән алдық па — алдық. Қалған жағында бизди жөнимизге қойсын. Биз өзимиздиң муҳаббатымызды өз аршынымыз бенен өлшеймиз.

Муҳаббаттың ең күшли сезими — қызғаныш! Қызғанбады ма, «сүйемен, күйемен» деген тил ушы гәплердиң бәри бийкар. Бизиң ата-бабаларымыз бир-бирине ондай гәплерди айтпаған. Қайсы дәстанда бар, яқшы! Жоқ ҳеш қайсысында! Лекин, қызғаныш бар! Адамзат бар жерде ол сезим жасайды. Ол жүректе болады. Ол тилге шықпайды. Әсиресе, ҳаялдың қызғанышы! Ҳаял қызғанды ма -о-о, қуданың өзи сақласын! Дүньяны астын-үстин етип жибереди, олар! Ҳәтте, өлтирип жибериўге дейин барады, жақсы көрген адамын. «Саған да жоқ, маған да жоқ» қәбилинде ис тутады. Сен тири қалғаныңа қуўана бер. Мени «муҳаббат деген сезими жоқ, еркек сыпат нашар» деп ойлайтуғын шығарсаң. Мениң ишки сарайымның сулыўлығын аңлап үлгермедиң-дә, ақыры. Мен гейпара қызлар қусап жортаға уялып, өтирик наз етип, «қәйдем, көрермиз» деп отырмайман. Ырас муҳаббат ҳаққында гәп кете ме, ертеңги күн көз алдыма келеди. Ўақытша тән қумарлық  өтип кетеди. Бир-биреўге ентигип талпыныўлар асып кетсе арада бир перзент дүньяға келгенше. Аржағында еркектиң мойнына шаңарақ ўазыйпасы жүкленеди, ҳаялдың мойнына ошақ илинеди. Сол ўақта саған сөз айтқан еркек ертең өз ошақ басының өтағасысы бола ала ма, сен оған қап қолдаса аласаң ба, мине, соны ойлап көриў керек. Мениң кеўлимнен сол ойлар өтеди.

Жасырмайман, сеннен бурын да мениң изимнен жүрген жигитлер болды. «Алла, жалла, сеннен алдын ҳеш жигитке тисимниң ағын көрсетпедим» деп жолкерлик ете алмайман.

Медшколда оқып жүргенимде институттың тарийх факультетинде оқыйтуғын бир жигит изиме түсти. Жигит сүлингирдей, бойлы-сынлы, ири жоталы, бир сөз бенен айтқанда нашар қызғандай жигит еди. Мақтағаным ушын өкпелеме, ырасында да сондай еди ол, Лекин, инсаный тәбияты маған унамады. Онда сендегидей кишипейиллик, терең ой, сөйлеў ҳәм пикирлеў мәденияты жетиспес еди. Әлбетте, арамызда ҳеш нәрсе болған жоқ. Керек десе, ойын-заўық кешелеринде вальске де түспегенмен. Өкпеледи, лекин, мен оның өкпесин итибарға алмағаным, дурысырағы, елестирмегеним ушын минез-қулқыма нәйлаж көнликти.

Бир күни ол мени сынап көрмекши болды.

— Сен меннен басқаға кеўил қоя аласаң ба? — деди кешқурын скамейкада отырғанымызда.

Мен «яқ» деген мәниде бас шайқадым.

— Өз тилиңнен еситким келеди, — деди ол.

— Тилим сол басымның ишинде-ғо, — дедим күлип.

— Сонда да...

— Кеўил қоя алмайман. Болды ма! Қанаатландың ба?!

— Қанаатландым.

Адам алдында не барын билмейди екен-аў. Мен саған кеўил қойдым-ғо. Бирақ, сол ретте екинши адам қыялымда жоқ екенлиги шын еди.

— Ал, егер мәжбүр болып қалсаң-ше? — деди ол тағы азырақтан кейин. Ырасын айтсам, мен бундай саўалды күтпеген едим.

— Түсинбедим, — дедим көзине тигилип. Ол нәзерин алып қашыўға тырысты. — Мәжбүрлеп узатса демекшимисең? Келген жаўшыға өзим жууап беремен. Алпамысын күткен Гүлпаршын қәйтип жууап берген болса, мен де солай жаўшыларды бийнесип қайтараман. Лекин, ондай тымсаллап отырмайман!

— Оныңызға миннетдарман. Лекин, мен берген саўалдың мәниси басқа еди?

— Қандай? Жумбақ қылмай айт. Еркек қусап, кесип-кесип айт.

Оған «еркек қусап» деген гәпим батып кетти.

— Зорлыққа ушырап қалсаң-ше?

— Бир адам-еки адамға тегинликте еркимди бермеймен.

— Өзиңди қорғай алмай қалған жағдайда?

— Сен не, солар тәрепиндемисең? — дедим қабақ шытып.

— Яқ. Усындай жағдайда өзиңди қалай тутатуғыныңды билгим келеди.

— Илажсызлықтан қыянетке жол қойдым екен деп өле алмайман! — дедим ҳәм ашыў менен орнымнан турып кеттим. Ол да қосыла түргелди.

— Неге олай дедиң?! — деди билегимнен услап жибермей.

— Не деўим керек еди?

— Мен басқа жуўап күтип едим.

— Қандай жуўап?

— «Сен ушын өлип кетиўге таярман» — деп айтарсаң деп едим.

— Ҳәм соны орынлаўымды?! Солай ма?

Ол басын ийзеди.

— Сен не қылар едиң соннан кейин?

— Оярын сорама меннен, — деди ол.

— Неге сорамайман?! Айт, не қылар едиң соннан кейин?

Ол және үнсиз қалды.

— Мен айтайын ба, не қылатуғыныңды! Егер бул ўақыя маған үйленбеген ўақтыңда жүз берсе, жаназама да қатнаспайсаң, уяласаң. Егер үйленген болсаң, асабатымды тарқатып, еки көзиң қызы бар үйдиң есигинде болады. Сонда мен сен ушын не деп өлер екенмен! Мен топыраққа араласаман. Сен болсаң және бир жаўан менен айшы-әшрет қурасаң?! Сол ма муҳаббатқа садықлық?! Сол ма сениң диянатың?! Ал, енди жибер қолымды!

Соннан кейин оның менен көпке дейин сөйлеспей жүрдим. Изимнен қалмады. Кеширдим. Бир күнлери баяғы ўақыяларды умыттырып, оны сынадым.

— Сен хошрей жигитсең, — дедим оның марапатын берип. — Сендей жигитлерге қызлар өш болады. Набада, бир шырайлы қыздың саған ышқы кетсе...

— Ақыры, сен барсаң-ғо, — деди ол мени өкпелетип алыўдан қорқып.

— Сол ўақытта қасыңда мен болмасам...

— Қәйдем...

— Айта бер, — дедим күлип. — Мен ҳақыйқатын айтқан адамға өкпелемеймен.

— Енди... — деп бираз гибиртиклеп турды.

— Хош, хош, — деп мен оны қыстастырдым.

— Жигитшилик — ийтшилик.

— Ҳаялшылық-ше? Ҳаялшылық өлим менен жуўмақланыўы керек пе?!

— Енди... еркек бола тура ҳаялдан бас тартыў жигитке намыс-тә!

— Сол ўақытта мен көз алдыңа келмеймен бе?!

— Бул сениң ушын қайта мақтаныш болыў керек, — деди ол. Енди оның менен пикир жарыстырыў артықмаш еди. Сандығында барының болғаны еди оның.

Усы кеше бизиң ақырғы ушырасыўымыз болды. Өзи билип турып қыянет етип, меннен диянат талап ететуғын еркек пенен бир дастыққа бас қойғым келмеди.

Лекин, сен басқаша единң. Адамның қандайлығы бир көргенде-ақ белгили болады. Сен сүйсең бир өмир сүйетуғын жигитсең. Егер мен адам сынап билсем, сен қыянет көшесине желкеңнен түйип апарса да кирмейсең! Бундай жигитке яр болыў қандай бахыт?! Лекин, сениң кеўлиңди жаўлап алыў мүшкил еди. Сен оғыры туйық минезсең. Сендеги бул парасат, бул устамлылық ата тегиңнен өткендур бәлким, яки көп оқып, көп үйренгенлигиңнендур. Сен оғыры сезимталсаң. Мен саған наз етемен деп «бир талай жерди ўайран етип» алдым. «Түйе» болдым мен.

— Лолы ҳаял маған «сен усы күнде биреўди жақсы көрип жүрсең, бирақ, ол саған үйленбейди деди», — дедим.

— Ким екен ол жақсы көрип жүрген адамың? — деп сорадың.

— Билмеймен ... Әйтеўир, сен емес дедим.

Әне, усы бир аўыз сөз сени меннен узақлатты. Сен сол гәпти кеўлиңе аўыр алдың. Мениң өтирик назым еди-ғо ол! Сол ўақта мени қызғанып кетер ме екен, «неге мен емес?!» деп баўырыңа тартар ма екен деп қамтаме болдым. Яқ, сен өйтпедиң? Бир түрли болдың! Бәлким, мени жақсы көрмейтуғын да шығарсаң. Мениң жақсы көриўиме де зар емесдурсаң! Лекин, «жақсы көрген адамым сен емес», деген сөз ким-кимге де аўыр тийетуғынын соң пәмледим. Пәмлеп

болып «бәри бир сенде нашарды өзине тартып туратуғын бир сыйқыр бар. Қандай сыйқыр екенин билмеймен. Мен ол сыйқырға кем-кем гипнозланып баратырғандайман» дедим. Лекин, мениң бул хошаметим  ойсызлық пенен айта салған әдепки гәпимди жууып кете алмады.

Ойламай айтылған бир сөз жүрекке жазылмастай жара салатуғынын жақсы билемен. Бир сапары Гуля да маған сондай аўыр гәп айтты. Елеге дейин кешире алмайман ол қатынды. «Сенде нашарға тән нәзиклик жоқ, сен үлкен қәлип пенен қуйылған төрт мүйешли қам гербишке усайсаң» деди. Ол да маған бул гәптиң аўыр тийетуғынын билмеди. «Жаңа студент партасынан шыққан қыз, күшигинен талап қояйын» деп ойлады ол! Талап бопты! Оған «қам гербишти» көрсетип қойдым. «Герман урысы» болды ортада. Пытырлатып жулып тасладым. Соннан берли ол мениң менен жүзбе-жүз келип қалыўдан қорқады. Дус келип қалған менен урыса бермеймен-ғо. Оның аўзы жеңил. Уят-әбирейсиз, келди-кетпели гәплер шығады оның аўзынан. Өзиниң сол пейлин билип меннен бойын аўлақ салады.

Саған Нигарды таныстырып жүрген де сол билсем. Сениң менен автоклабқа барып жүргенимди еситип, өш алмақшы болды. Бирақ, жаман өш алды, ол шая! Бир душпан өз мақсетине қәйтип ерисиў керек болса, ол еристи. Мени муҳаббатымнан айырды. «Бир-еки сөйлескеннен қаяқтан муҳаббат пайда болып қалды» деп ойлама! Мен сени жақсы көрип қалғанман. Сен жақсы көрмесең де мен жақсы көре беремен. Оған ҳақым бар шығар!

Мен турмысқа шықтым. Бир ҳәпте болды. Ең болмаса, усы гәпке жаның шоршынар?! Кимге десеш? Бөрибайға! Сол «бөриден кетсин садаға» деген Бөрибайға шықтым. Анама үшинши мәрте «яқ» дегенимде ол маған қатты кейиди. «Ақ сүтиме ырза емеспен», — деди.

— Балам, ананды ырза ет, — деди сексен төртке шыққан дайы атам.

— Сен де мениң бир перзентимсең-ғо, — деди қәйин ене болмыш дайы апам. — Яқшы дей ғой, бетиңе жел болып тийдирмеймен.

Жел болып тийе алмайтуғынын өзим де билер едим. Лекин, ҳүрейим сүймесе қәйтейин. «Соң-соң жақсы көрип

кетесең, балларың алданшық болады» дейтуғын еди басынан өткен ҳаяллар. Усы гәплерди кеўлиме алданыш етип, ыразы болдым. Солай етип, мен келиншекпен. Аўыл-елдиң бәри қутлы болсынға келип атыр. Шаршымды көзиме түсирип тартып, гә шай демлеймен, гә қазан асаман. Сызылып қалдым жүдә, тәбиятым да жоқ.

Усы хатты өзимниң бөлмеме келип жазып отырман. Бөрибай анда, пәтикке тигилип үнсиз жатыр. Не жазып атырсаң, кимге жазып атырсаң деп сораўға да батылы бармайды. Соннан бай болды ма?!

«Мейли, анамды риза етиў ушын көзи жумылғанша сүймеген адамым менен-ақ қослас болып турарман» деген ойға бардым. Енди болса және ақылым алты бөлек. Анамның көзи жумылды деп кетип қалсам, мына байғус анамның сиңлисиниң ҳалы не кешеди? Ол ҳәр күни аўқаттан кейин дуўаға қол жайып: «Әй, алла, мәрҳаматыңды дариғ тутпа, узағына қуўантқайсаң» деп пәтия етеди. Жоқ жерден бәне таўып, кетип қалыўымнан қорқады. Соның ушын бунның да өмир жасының ада болыўын күтемен бе? Не деген мийиримсизбен-ә?! «Биреўге өлим тилегенше, өзиңе жүрим тиле» дейди-ғо, ата-баба. Жолыма ҳәммеси тосық болып тура берсе қәйтейин енди?!..

Хош, деми-күни питип, ол да кетти дейик. Кейин не қыламан? Саған тийип аламан ба? Қыз күнимде алмаған сен, қайтып келген қатынды алар ма екенсең? Оның ушын сениң де «түйең көпирден қайтып өтиўи» керек ғой. Қәлемеген биреўге ўақытшаға үйленип алыўың керек емес пе?! — Әй, булардың бәри қәм қыял! Бундай келиспейтуғын қыялларға берилгеним ушын өз-өзимнен уялып ҳәм өзимди жек көрип кетемен. Бундай сезимлер хатқа сыятуғын нәрсе емес-тә! Қәне, бир таңға отырып сыр шертиссек? Бир таңға! Екеўимизден басқа адам болмаса. Тиришилик дүньясында тек екеўмиз қалғандай болып сөйлессек. Қумырыдай болсақ, қумырыдай! Басқа ҳеш нәрсе тәме етпес едим сеннен!

Хатты қалай жуўмақларымды билмей отырман. Айтылажақ гәплерим көптей! Бириниң басын, бириниң изин айтып шәлкестирип атырман. «Жаман шынын айтаман деп, сырын айтады» дегендей, сеннен бурын кеўил қойған жигитим болғанын да айтып қойдым. Лекин, ол өткинши муҳаббат еди. Бәлким, муҳаббат деп айтыўға да арзымайтуғын шығар.

Мәзи жаслық па, билмеймен. Ал, сени... жақсы көремен... болғаны!

Қолыма қәлем алғандағы биринши мақсетим, саған кеўлимдеги усы гәплерди айтыў болса, екинши ойым — кеширим сораў еди. Сени айралық дәртине гирибтар еткеним ушын кешир! Сол исим ушын ҳеш өзимди кешире алмайман. Бирақ, сен кешир. Өзимди өзим кешире алмағаным да мен ушын үлкен жаза ғой! Истиң кейни бүйтип насырға шабады деп ойламап едим. Нигар аўылына қайтар, соң сен меники болып қаларсаң деп ойлағанман. Ҳәммеси керисинше болды. Мен ойлағандай болмады. Азанда Рахима апа тас-талқан болды. Шаппаттай қыздан пәнт жегенине шыдамай дәрриў телефонға асылды. Лекин, қаяққа, не деп қоңыраў етерин билмей трубканы атып урды. Мен орнына дүзеп қойдым. Әсет аға болғанда бундай ўақыя болмас еди. «Обалың жоқ, — дер еди қайта Нигардың тәрепин алып. — Мен саған қармақты дурыслап сал дедим. Сала алмадың ба — өзиңнен көр. Жүре бер түйедей әўдийип!» Бәлким, Әсет аға болғанда мен сени өйтип «тутқын» қылып та келмес пе едим...

Енди Әсет аға жоқ. Әсет аға қайтыс болды. Кетип қалғанын кесетип айтып атырғаным жоқ, ырас, Әсет аға өлди. Саған суўық хабарды билдирежақ емес едим. Аты тилге алынғаннан кейин үндемей қалыўдың есабын таппадым. Олар транзит билет бойынша үш күннен кейин Сажиданың елине ушыўы керек екен. Үш күнге аэропорттың мийманханасына орналасқан. Екинши күни таңда Әсет аға оянбай қалады. Не себеп екенин докторлар да айыра алмаған. Жүреги тоқтап қалған — ўәсалам! Елден айра түсиў жүрегине түсти ме, билмедим. Сажида да еркектей ғайбар ҳаял-ғо, ертеңине денесин елге жеткерди. Жайын сатып алғанлар еле көшип келе алмай атыр екен. Сол жерде жаназасын берди. Биринши пийшембисине емлеўханадан бир автобус болып бардық. Қәбир басында Сажида ҳәммени жылатты. Әсет ағаның аяқ ушына шығып жүзин жерге берип жылады. Айтынып жылады. «Мен сени бахытсыз қылдым, деди. Есесине өзим бахтықара болдым», — деди. Мениң барар жерим зәҳәр дозақ деп жылады! Етлерим дозақ отына күйсе жаным жай табар еди, деп аҳ урды. Адамлар оны зорға

орнынан турғызып алды. Бет-аўзы көз жас пенен қәбир топырағына қарысып, дағал-дағал болып қалған еди.

Үйинде мерекесин тарқатқаннан кейин сол көшениң бийи Сажиданы бизлердиң алдымызға алып келди.

— Келин, — деди оны қасына отырғызып. — Мине, билесең, мыналар Әсеттиң хәм сениң кәсиплеслериң. Булар Әсет пенен туўысқандай болып кеткен. Күйеўиңниң ендиги мерекелерин усылар менен бирге өзимиз тарқатамыз. Сен өз қәўимиңе кетсен жолың болсын. Изиңе қарап алағада болма. Қудаларға сәлем айт. Бизде «қуда мың жыллық» деген гәп бар еди, лекин, биз ол нақылға сай қуда тамыр бола алмадық...

— Не айтып атырсыз? — деди Сажида көше бийиниң гәпин бөлип. — Мен хеш жаққа кетпеймен. Байлы қатынның мәкан жайы — оның түскен жери. Бағана қәбир басында Әсеттиң қасында бир орын көрип келдим. Деми-күним питкенде сөйерде мен жатаман. Тириликте оның өзин бахытсыз еткеним аз емес? Енди балларын бахытсыз етейин бе? Булар оякта ким менен ойнайды? Ким менен сөйлеседи? Ким менен сырласады? Өмири ишқысталықта өтеди-ғо! Бармайман ата-анамның баўырына. Олардың гөриниң аўзы ашылып тур. Қойдың өмириндей өмири бар я жоқ. Мени түсинер, түсинбесе де өзлери билсин. Түпирдим, сол қәўимниң журтта жоқ ырым-сырымларына. Кәсиплеслерим жумысқа қайтып алса алар, алмаса семишки сатып-ақ күн көремен. Жайының саўдасын қайтыс қыламан. Бир сомына да тийгеним жоқ.

Сажиданың мына гәпине хәмме аң-таң болып қалды. Оның қәўими қандай қәўим, журтта жоқ ырымлары қандай ырым, булар хәммемизге де жумбақ еди. Сажида бәрха бир бүйирлеп жүргенликтен оның менен хеш ким ашылысып сөйлеспес еди. Бирақ, хәзирги «мен Әсеттиң қасына көмилемен» деген сөзине хәмменең кеўли елжиреп, жатырқаўшылық сезимлерин ишлерине жутып жиберди.

Кемпирдей, бирин айтып бирине кетемен. Солай етип, мениң тәшўишлерим де өтмишке айланып баратыр. Егер лолы хаялдың палы дурыс келсе, мен Бөрибайдан перзент көрмеймен. «Перзент хаялдың қазығы» дейди хаяллар. Демек, бизде ол қазық болмайды. Мениң төрт тәрепим

қубла болады. Әне, сонда мен сени излеп таўып аламан. Сол ўақытлары сен кимге үйленсең де оннан тартып аламан. Енди келебениң ушын жоғалтатуғын ақмақ жоқ! Қорқып кеттиң я?! Қорықпай-ақ ғой, меники мәзи әрман-дә!

Сен тек мени кешир. Мени гиналай берме! Онысыз да ғайбар кеўлимниң қайтып қалғаны аз емес. Сени өмирликке сүйип қалыўшы Гүлшийра!».

Бул хат мениң кеўлимде Гүлшийраға деген жыллы сезим оята алмады. Автоклаб жанында сөйлесип отырғанларымды да еслетпеди.

Ырасын айтсам, Гүлшийраның мени жибитпекши болып, түрли жақтан айландырып әкелип айтқан гәплерине кеўлим исенбеди. «Мен ғайбарман» десин, «еркек сыпат нашарман» десин, бәри бир де ол ҳаял еди. «Бир ҳаялдың мәккарлығы қырқ ешекке жүк» дегендей, бүгинлиги өзин периште етип көрсеткиси келгенлиги де мәккарлықтың бир белгиси еди. Оның бул ҳәрекети менде оған деген ҳәўеслик емес, керисинше, қандай да бир жақтырмаўшылық сезимлерин оята баслады. Оның маған кеўил берип үлгеретуғын ўақты болған жоқ еди. Мүмкин, ол сол «сүлингир жигит»тен айрылып қалғаннан кейин өзиниң орынсыз өр көкиреклигине өкинип жүрген болыўы, сол сықыллы, ең болмаса соған такаббил жигитти ушыратыў нийетинде жүрген шығар. Усындай бир мәўритке мен дус келгенмен. Мен әлбетте, ондай «сүлингир» емеспен. Лекин, мениң менен де бирге жасаса болады. Бөрибайды тәриплеўинше оннан жүз мәртебе абзалман. Басқасын парықлап көрмесе де соны биледи, ол анық. Лекин, ол бир нәрсени билмес еди. Маған «сен ҳаял жанын түсинбейсең» деп гиналағанындай, ол да еркек жүрегиниң қандай болатуғынын түсинбес еди. Ол ҳаялға қандай баҳа берсе, еркекти де сол көзқарастан баҳалар еди. Ақыры, биз балалығымыздан қанық болып өскенбиз — қыз бала өлип кетсе де жақсы көргенин билдирмейди. Қыз өз муҳаббатын қанша сыр тутқан сайын, жигит оның жолында жанып-күйеди. Жанын пидә етеди. Өзи биринши болып муҳаббат айтқан нашарлардан еркеклер басын алып қашады. Гүлшийра мине усыны билмес еди. Соның ушын да, оның «мен сени жақсы көрдим... сен жақсы көрмесең де мен жақсы

көре беремен» деген сөзлерин жүрек пенен емес, көзим менен ғана қабыл еттим.

Ол не ушын маған бул хатты жазды?! Ол дәртли еди. Өзиниң ҳеш кимниң бет жүзине қарамай сөйлейтуғын бетке шабар минезине бола «өзим таңлаған жигитиме тийемен» деген үмитте жасап атыр еди. Бул тилеги болмады. Анасының қәстелиги, көпти көрген дайы атасының, дайы апасының ақылландырыўлары оны сындырды. Ол енди әсте-әсте үй машқаласына көнлигеди. Ҳәзирше ол таза перилик етип атыр. Бөрибайдың быламажыр еркек болып шыққанлығы оған не ислесе де ықтыяр берер еди. Тек бир ғана нәрсеге исенемен, ол қыянет көшесинен жүрмейди. Сүймесе де Бөрибайдың ошақ басын ҳарамламайды.

Билемен, оның Нигарды көрерге көзи жоқ. Мени қапа қылып алмаў ушын оған тек тил ушы ғана ғыйбат сөзлер айтты. Болмаса, көкирегинде оған деген ғарғыслар қатпар-қатпар болып атыр.

Гүлшийра ҳақыйқатында да наҳақ еди. Мен оған сөз салмағанман. Ыңғай да билдирмегенмен. Оның да маған көзи ушып турған жоқ. Ол тек ғарры қыз болып отырып қалыўдан қорқар, әсиресе анасы ҳәм жақын жуўықлары ортаға алып, Бөрибайға узатыўынан қәўетерде еди. «Жүр» десем, сол ўақта изиме ерип кетиўге таяр еди ол. Лекин, ўақыя ол күткендей болмады. Өзин тәшўишке салып жүрген сол қәўетер ыраcқа дөнди. Соннан ишқыста еди ол. Хатта болса да өтмишин еслеп дебдиўин шығарғысы келди. Меннен басқа оның исенип сол гәплерди айтқандай ҳеш кими жоқ еди. Ол бар гәпти маған айтты. Ишин босатты. Лекин, сол дәртли еслеўлери де жол ортасында қалды. Мен оны жүректен қабыл ете алмадым. Мени көбирек оннан еситкен суўық хабар — Әсет ағаның өлими ләрзеге салды.

Әсет аға, мениң нәзеримде өрмекшиниң аўына түсип қалған бийазар жәнликке усап кетти. Сажида бизиң жақтың қәўли-қағыйдаларына бойсынбайтуғын қандай да бир шет елли нашарға уқсар еди. Олардың қәўиминдеги ырым-сырымларды емлеўханада ҳеш кимниң билмеўи шаңарағының бул жерде тек ўақытша, аманат жасап атырғанын аңлатып турды. Әсет ағаның ҳәзилкешлиги ғана оның өз кеўлине далда болар, ишки дебдиўин аз ба, көп пе жеңиллет-

кендей болар еди. Оның өмир жолы, егер Гуля ҳәммеге айтып берген болмаса Әсет ағаның өзине, Гуляға, әжағасына ҳәм маған ғана аян еди. Енди бул сырлар ҳеш кимге де қызық емес. Сажида тәғдирге тән берди. Сынды. Бир күн келип Гүлшийра да сынады. Ол ҳәзирден баслап-ақ сынып атыр. Арадан бир-еки жыл өтип, мени де, сол сүлингир жигитти де умытатуғыныны тақыйық!

Деген менен, Гүлшийраның бул хаты мениң кеўлиме қозғаў салды. Нигар менен ушырасыўға болған ынтықлығымды қоздырды. Жаңа түскен келиншек бола тура хат жазыўға ўақыт тапқанда, еркек басым менен мен Нигарды көриўдиң илажын таба алмағаныма қысынып кеттим. Ҳеш ким көрип турмаса да, ҳүжданым алдында уялдым. Енди бир мезгил де күтип отырыўға тақатым қалмады.

Ертеңине Нигардың аўылына қарай жол алдым. Әжағасы қоша мылтығын оқлап отырса да, мен оның ҳалынан хабар аламан! Көремен! Дийдарласаман!

## 15

Жийенғалийдиң аўылына араласқанымда еле күнниң қызылы батағоймаған, жолларда өристен қайтқан маллардың шаң-тозаңы басылып үлгермеген пайыт еди. Жайдақ ешекке аяғын салбыратып минип алған балалар ояқтан буяққа, буяқтан ояққа шабысады. Олар пададан келмей қалған малларын түўеллеп жүр ме, яки қызыққа шабыс па, оның менен ҳеш кимниң иси жоқ.

Кешки аўыл көриниси сезгенге өз алдына бир дүнья. Ерте бәҳәрде туўылған қозы-ылақлар өристен қайтқан қой-ешкилердиң сүрдеўин сезип, қора ишинде маңырап, өрденыққа жуўырысады. Соң қаяқтандур саңлақ таўып, биреўи атлығып шығады. Кейин қалғанлары. Бузаўлар гүўенлерин жулқылап, жиңишке даўыслары менен созылдырып мөңирейди. Ана сыйырлар пададан бөлинип шығып, қораға қарай өкирең қағып жуўырады. Қой қоралардың әтирапында қой-ешкилердиң туяғынан ҳаўаға көтерилген гиртлер батып баратырған қуяштың жүзин перделейди.

Аўыл адамлары усындай кешки пайытта өз тәшўишлери менен бәнт болады. Олар мал-ҳәлин жайғастырып болмай

ишке кирмейди. Ҳаяллар қазанының астын әстерек қояды, ямаса, бир заманға биротала өширип таслайды. Бундайда аўылға ким араласып атыр, ҳеш ким елестирмейди. Мен де усындай елеспесиз бир ўақытта аўылға кирип келдим.

Жол бойы Нигар ҳаққында татлы сезимлер қушағында келдим. Оның китап дүкәндағы портретке усағысы келип сары ала шайы көйлек кийип, бир бурым шашын шеп ийнине таслап қойыўы, ийним ийнине тийип кеткен ўақытта денесиниң қалтыраўы, бәри-бәри сондай ләззетли, лекин, абайсызда жоғалтып алған алтынның сынығынан да қымбатлы ҳәм өкинишли еди. Әсиресе, оның Рахима доктордың алдында шыдай алмай жылап жиберген келбети көз алдымда қатып қалды. Егер кимдур мениң ашықлық көзим менен қарағанда оның жылағанының өзи қандай сулыў екенлигин, бетиниң алмасынан сорғалап киятырған көз жаслардың еле жерге жетип үлгермеген бәҳәрги жамғыр тамшыларындай мөлдирлигин жүректен сезинген болар еди. Лекин, ол жерде басқа көзлер бар еди. Ғәзеп пенен тигилер еди ол көзлер.

Нигар дәлизге шыққаннан кейин бирден өзин қолға алды. Жыламады. Изине бурылып та қарамады. Мен оны изинен атын айтып шақыра алмадым. Батылым жетпеди. Оны усы ҳалға түсирип болып, қалай жубатардың илажын билмей қалған едим сонда.

Оннан бери арадан бир айдан аслам ўақыт өтти. Мен сағыныш отында жанып атырман. Күйреп атырман, жанып болған қоламтадай. Бәлким, ол да мени сағынған шығар. Мени кеширгендур. Шын ашық ярына гинә тақпайды.

Усы ойлар менен келер екенмен, ҳәзир ол ийин ағашына еки шелек суў илдирип, нәзерин аяқ ушына қадап, «Бозжап»тың ырашына көтерилип турғаны көз алдымда елеследи. Үстиндеги қызыл көйлеги кешки қуяштың сағымы менен шоқтай жанады. Жағаға көтерилип турып ол, изине таўланып бир қарайды. Қарайды да, бирден маған көзи түседи.

— Ҳаў, сен бе? — деп даўысын шығарып айтқанын билмей қалады. Соң биреў еситип қоймады ма екен деп жән-жағына алаңлайды.

— Аўа, мен, — деймен оған талпынып. — Көрдиң бе, мен келдим. Сени излеп келдим!

— Әстерек, биреў еситип қалар, — деп ол жолға — аўыл бетине қәўетерли нәзер таслайды.

Соң ол тилине ҳеш нәрсе түспей күле береди. Ҳаўазын шығармайды. Үнсиз күледи. Мен де айтарға сөз таба алмайман. Келемен дегенше «Нигарды көрсем, өйдеймен, Нигарды көрсем бүйдеймен» деп келгеним менен ҳәзир лалман. Оны тек баўырыма басқым келеди. Лекин, бул жер оның аўылы. Әтирап еле жақты. Қәнекей, күнге байланған арқан болып, оны еки қоллап тартып, жийекке батырып жиберерегойсам.

Мен оған қапталласаман.

— Анабиреўлер көринеди. Уятты, изирек жүр, — дейди ол.

— Болмаса, төменнен жүрейик.

— Төменде жол жоқ ғой.

— Мен өзим алдында жол ашып жүремен.

— Дүккиш боласаң ба? — деп сыңқ-сыңқ күледи Нигар.

— Дүккиш боламан! Екеўмиздиң алдымызда турған ҳәр қандай тосықларды сыпырып таслайтуғын дүккиш боламан.

Лекин, бул шийрин қыяллар аўылға араласыўым менен-ақ мени тәрк етти. Ҳәзир кеш, қызлардың суўға баратуғын мәҳәли емес. Аўылда кешке қарай қызларды суўға жибермейди. Бундай ўақытта суўда суў пери шомылып жүреди. Перилер келген адамға салқынын салады деген әпсанаўий ырым бар. Бунық ырас-өтиригин ҳеш ким анық билмесе де, негедур қорқады. «Сақлықта хорлық жоқ» деп суўдың жағасына жолатпайды қызларын. Лекин, Нигарға ҳеш бир пери салқынын сала алмас еди. Оның гөззаллығынан айбынып, көринбеўге тырысар еди қайта. Тереңге сүңгир еди перилер. Әттең, Нигарға ҳәмме мениң көзим менен қарамайды-дә! Бул аўылдағыларға ол кимисине қыз, кимисине қарындас. Ҳеш ким оған ашықлық нәзери менен тигилмейди. Соның ушын да, мен оның өз аўылында болғанына қуўанаман. Жат көзлерден аўлақта болады ол.

Мениң үйден шыққандағы бар үмитим — Жийенғалийде. Жийенғалий менен жүдә қыймас дос болып үлгермесек те кимсесиз қалғаннан жақсы. Қалай дегенде де бир ай бир кострюльден ас иштик. Бирге әңгимелестик, ҳәзиллестик, шахмат ойнадық. Қала берди, ол Нигар менен арамыздағы пинҳамы ушырасыўларымыздан хабары бар. Енди тек оның жәрдемине сүйениўим керек. Басқа жолы жоқ. Туўрыдан-

туўры Нигардың есигин қағып бара алмайман. Оған баҳанам жоқ. «Қудайы қонақ» дегенлердиң де заманы өтип кеткен.

Мениң кешлетип кирип келиўим дастурхан басындағыларды ҳайран қалдырғандай болды. Олар қандай да бир алыс ағайин-туўғанларынан хабар келтирген адамға усатты ма, бир-бирине үнсиз, сораўлы нәзерде тигилисти.

— Ҳаў, Мәмбетназармысаң? — деди бир ўақта Жийенғалий орнынан турып. Шай қуйып отырған келиншеги Шынар қосылып тикейди.

Жийенғалий мени өзинен жоқарыға, анасының қапталына отырыўға мирәт етти.

— Апа, бул Мәмбетназар деген жорам, кешегиде емлеўханада бирге жаттық, жетинши аўылдан, муғаллим, — деп бир заманда саўдыратып айтып таслады анасына.

— Жетинши аўыл болғанда... Қосымның аўылы ма?

— Солай шығар, Қосым деген өткен дейди...

— Сен билмейсең, көрмегенсең. Бизлердиң өзимиз жаңа түскен келиншек едик ол жыллары... «Қосым киятыр» дегенде жылаған бала қоятуғын еди. Келин, өзлериңниң жайыңа төсек сала-ғо, арқайын сөйлесип отырсын.

Шынар шәйнекти кемпиринин алдына жақын қойып, шығып кетти.

— Мен ҳәзир, — деп изинше Жийенғалий де орнынан турды. — Оған дейин апамнан ертек тыңлап отыра тур.

— Әне, мен басымнан өткенин айтсам, булар ертек дейди. Сизлердиң аўыллар Одәрник колхоз деп аты шығып еди баяғыда. Ҳәмме аўылдың қатын-қалашларын жыйнап, пахтаға апаратуғын еди, «Одәрник колхозды орынлатамыз» деп. Қолларымыз қырық жарық болып, қарды қағып, ғорек теретуғын едик. Оны түни менен печьтиң басында кептирип, пахта шығарамыз. Ой, балларым-әй, не заманлар өтти-ғо... Әкең бар ма?

— Яқ. Ертеректе қайтыс болып кетти.

— Ҳе, пақыр-әй... Бизиң кисимиз-әм жатып-жатып алпыс үш жасында о дүньялық болды. Еркек адам деген алпыста қартаймайды-ғо. — Анаң бар ма?

— Бар.

— Тәўир екен. Қолында шығар анаң?

— Мен оның қолындаман, — дедим күлип. — Еле үй болмадым.

— Боларсаң, балам. Жассаң-ғо. Биз мына Жийенғалийди әкеси келин көрип кетсин деп он тоғыз жасында үйлендирдик. Буннан алдынғыларының бәри қыз болды. Кисимиздиң минези шеплеў еди. «Қызды үйбетиңе барып туў» деп мени еки қабат ўақтымда төркиниме қуўып жиберди. Соннан бунның атының Жийенғалий болып жүргени. Келин менен әйтеўир нәрсениң үстинде таласып-тартысып жүретуғын еди әдепки күнлери. Бала-ғо!

Кемпирдиң гәп қалтасының аўзы енди ашылып киятыр еди, усы ўақытлары Шынар келип мени, бөлек өжиреде жайылған дастурханға шақырып кетти.

Дастурхан сыйлы қонақларға аталғандай кең жайылған екен. Ортада еки шийше «коленвал» да бар. Жазыўлары коленвалға усатып жазылған арақларды сол жыллары усылай атайтуғын еди.

Дастурхан басында Жийенғалий екеўмиз жекке қалдық. Аннан-мыннан гәп қозғап отырған болдық. Лекин, гүррińимиз узаққа созылмады.

— Енди жора, ырасын айт, — деди бир мәҳәл Жийенғалий мәселеге көшип. — Қонақ асың қазанда қайнап атыр. Түйетаўық сойдым. Келисиңниң мәнисин билсем бола ма? Сирә де мени сағынып келмеген шығарсаң?

— Неге? Сағынып келдим, — дедим күлип.

— Қойса, көрип-билип турып жумбақ айтыспайық. Нигар менен кешқурынлары ушырасып жүргениңди билемен. Ырасында да, «ҳәм дайымды көрейин, ҳәм тайымды үйретейин» деп келдиң бе? Солай ма?

— Егер солай болса...?

— Солай болса, нийетиң тилиңе шықпасын. Ишиңде қалсын. Бул аўыл деген, ақыры. Қыздың ар-намысын ойла, тек өзиңди емес. Бул келисиң елди бассыныў болады. Тәңирдиң таңы атса, дым билмегендей болып қайта бер.

— «Исенгеним иннағитайна, ол-әм кәлкаўсар болды» деген екен баяғыда биреў. Мен саған арқа сүйеп келсем, әбден келистирип тасладың-ғо.

— Не қылыўым керек? Нигар менен сени ушырастырып, «жеңгешилик» етейин бе?

— Өзиң ислеме, ҳаялың жәрдем берсин.

— Як, ол-әм жәрдем бере алмайды.

— Буншама ақырзаман қылдың. Биз феодал заманда жасап атырғанымыз жоқ-ғо.

Ол үндемей қалды. Ырасын айтсам, буяғына қандай усыныс бериўди өзим де билмедим. Шайлар кеседе суўыды. Дастурханға қол узатпадық.

— Онда қандай мәсләҳәт бересең? — дедим бираз ойланып. — Нигар сениң руўлас қарындасың емес. Олай болғанда бул мәселеде саған аўыз ашпаған болар едим. Сениң «түйең көпирден өткен», тәжирийбең бар. Маған жол-жоба көрсет. Алдыма кеселеп бақан тута берме.

Жийенғалий үнсиз қалды.

— Сениң тарысың бес-алты ай емес пе? — деди соң. — Майдың ақырына мектеп тарқайды. Нигар аттестат алады. Нөкиске оқыўға барады. Аржағына ҳәрекет ете бермейсең бе? «Қырқына шыдаған қырқ бирине шыдайды», бес-алты ай күт.

— Бес-алты жыл күтиўге де таярман. Тек оған бир мәрте тиллессем болды. Ўәдени бир жерге қойсам, қаяққа хат жазыў керегин айтсам...

— Қайдам... — деп ийнин қысты. — Оны қалай көрсетемиз саған? Мынадан ишесең бе?

— Як. Маған бир илажын көрип бермегенше ишпеймен.

— Илажы болмаса-ше?

— Онда қонақ асымды-әм жемеймен. Қайтаман.

— Сеники қып-қызыл зорлық-әй, — деди күлип. — Ҳәм уры, ҳәм үстем! Ҳаял саған керек пе өзи, я маған?

— Маған керек.

— Саған керек болса өзиң жолын айт. Тек жеңгешиликтен басқа.

— Айтсам ислейсең бе?

— Ҳәрекет қыламан.

— Ҳәрекетиң керек емес, «ислеймен» деп айт.

— Ой-бу, алатуғын аўырыўдай, изиме түсип алдың-ғо. Ал, ислеймен.

— Онда Нигардың әжағасын үйге шақыр.

— Неўе-е?! — деп ол шоршып кетти.

— Жорам қыдырып келип еди, бирге гүрриңлесип отыр де.

— Гүрриңлесип ғарқ боларсаң жүдә! «Бир гәпиң кемлик етеди, еки гәпиң зыят». Өзимниң «баққан аўырыўым» ол!

— Мен кеўлин алыўға ҳәрекет етемен.

— Қәйтип ҳәрекет етесең? «Мен сениң қарындасыңды жақсы көрип қалдым. Жаўшы жибережақпан» дейсең бе?. Қарындасына бай табылғанына қуўанып қалады деп ойлайсаң ба?

— Бир илажын табарман.

— Сонда да айт, билип отырайын?

— Мынаған қалай, «коленвал»ға?

— Оған ықласы жаман емес.

— Онда болды. Бир-еки шийше диванның астына жумалағаннан кейин ол әбден ашылады. Биз сақланып отырамыз. Оның кеўлине бул сумлық келмейди. Екеўимизди алма-гезек қушақлап, бетлеримизден сүйе баслайды. «Жора, ҳәзир қонағыңды алып үйге жүресең» деп мирәт салады. Биз қыймаслық еткен болып зорға барамыз. Әне, сонда мен Нигарды көриў бахтына миясар боламан. Оның менен дийдарласаман. Өзлеримиз емес, көзлеримиз сөйлеседи. Ол мениң өзин излеп келгенимди сезеди. Маған бүгинше буннан артық бахыттың кереги жоқ.

— Не деген менен баслаўыш класс муғаллимисең-дә! Бир нәрсени умытып атырсаң. — Байжан биринши класс емес, мектепти питкерген.

— Ким?

— Байжан — Нигардың әжағасы.

Жийенғалий ызғарлы күлди.

— Өйтип үстимнен күлме. Сен муҳаббаттың қәдир-қымбатын билмейсең. Ерте үйленгенсең. Саған Шынарды әке-шешең әперген.

— Қашшан апам дастурханды жайып салды ма, — деп күлген аўзын жыйып алды. Соң «Бийсенғалий» деп бағанағы дастурхан басындағы инисин шақырды.

— Байжанды шақырып кел.

— Не деп айтайын?

— Үйге қонақ келип еди, бирге отырып аўқат жесин деп атыр де... Як, өйдеме, «Әжағам шақырып атыр» де, болды. Бурыннан соңға қонақ келди деп шақырған емеспен, исенбей қалады.

Бийсенбай кетти.

— Ырасын айтсам, Мәмбетназар, Нигар менен Байжан бир әке, бир шешеден туўды дегендей емес. Нигар сондай нәзик тәбиятлы қыз, аўылдағы қызлардың ағласы. Ал, Байжан... Ол отырған жер төбелессиз тарқамайды. Набада нийетиңди сезип қалып, аўзы-басыңды алқарақан етип жиберсе меннен көрме. Мен тек оның менен аты жораман. Көп жақынласа бермеймен.

Байжан көп күттирмей келди.

— О-о дастурхан шикарный-ғо, — деди кеўилленип. — Буның бәри маған ба?

— Қонағымыз-әм бар, — деди Жийенғалий мени көрсетип.

Байжан сол ўақта барып маған дыққат аўдарды ҳәм бир заматта жүзиндеги қуўаныштан нышан қалмады. Биз бир-биримизди таныған едик.

***

Оныншыны питирген жылы институтқа тапсырдым. Тапсырды деген ат меники демесең, ҳәмме жумысты өзимнен үлкен әжағам питирди. Әсиресе, нотариустен ҳүжжетти тастыйықлаў жүдә үлкен күш екен. Үш күнге дейин нәўбети жетпей қайтып келе берди. Төртинши күни таң атпай оятты:

— Тур, қапыны илип қал.

Саатқа қарасам жаңа төрт болып атыр екен. Сол күни түстиң алдында питкерип келип, мени қабыллаў комиссиясына ертип кетти. Ол жерде ҳүжжетти өзим тапсырып, қол қойыўым керек екен.

— Енди буяққа жүр, — деди ол тағы алдыма түсип. Келгели бери әжағам менен болып атырған корпустың екинши қабатына көтерилдик. Сыртына «Комендант» деп жазылған бөлмеде жасы елиўлерден өткен, шегир көзли бир сары киси отыр екен.

— Алланияз аға, ертең бизлер пахтаға кетип баратырмыз, — деди әжағам оған. — Мынаў — иним. Мен келгенше орнымда жатып турсын. Қалада басқа таныс-билисимиз жоқ.

— Тәртипсиз емес пе? — деди Алланияз аға маған көз астынан тигилип.

— Яғаў, тәртипсиз бала түринен-ақ билинеди-ғо.

— Қайдан билесең, бир жайда бир өзи. Қудай қайдан көрсетти деп, қызларды әкелип...

— Қызлар буны әкетип қалмаса да болар.

Пахтаға кетип баратырып маған қайта-қайта зинҳарлады:

— Көшеге шықпа, адасып кетесең.

— Тәртипсиз балларға тап боласаң.

— Ақшаңды үнемлеп саў. Еки күннен үйге жууўыра берме.

— Шайыңды иш те — сабағыңды оқы. Азанда ерте турып оқысаң, мийиңе жақсы қонады. Быйыл конкурс қатты болады.

Қулласы, ол кишкене балларды ақылландырғандай, қайта-қайта мийиме қуйды.

Автобус колоннасы саат он екилерден өте жүрип кетти. Мен институттың асханасынан аўқатланып алдым да, жатақханаға келдим. Таярланыў ушын алып шыққан китапларымды стол үстине шығардым. Бирақ, қайсысынан баслап оқыўды билмеймен — ана тилинен бе, әдебияттан ба, тарийхтан ба... Еле институтта қабыллаў имтиханларының графиги шықпаған еди.

Ҳеш қайсысынан бийхабар жүрмеў ушын ҳәр темадан оқыған болдым. Көбирек ўақтымды математика алды. Баслаўыш класстан басланған арифметика ҳәр класс атлаған сайын аўырласып, оныншы классларда улыўма түсиниў мүмкин емес басқатырмаға айланған еди. Бурынғы есап китапларда сан қолланылса, буяғына келип көбирек сөз ислетиледи, есаплар сөз ойнына қурылған. Егер имтиханда усылардан түсеғойса, алла барекелла! «Әлипти таяқ» деп тура қаламан. Оннан кейин еситемен еситетуғын гәплерди әжағамнан. Аўылда болса гүўлеген гәп кетеди.

— Пәленшениң баласы оқыўға кире алмапты.

— Мәмбетназар имтиханнан жығылып келипти.

— Бир үйден еки баланы инстотқа алмайды екен.

— Аўа-дә, басқалардың баллары да оқыў керек-ғо.

Күн еңкейип кем-кем мени уйқы тарта баслады. Лекин, жаңағыдай гәплер қыялыма келген ўақытлары қайтадан көзиме «бақан тиреймен». Бирақ, көзим ашық, кеўлим уйқыда. Бул әлбетте жалқаўлығымнан емес, себеби бар еди. Питкериў имтиханларын тапсырып болғаннан кейин бизлерди «Қарасыйрақ» аўылға жатаққа алып кетти, гил ер балларды. Сол жерде жаңа мектеп салынбақшы екен.

— Ҳәр бала мың гербиштен қуйып бермесе, аттестат берилмейди, — деди класс басшымыз. — Егер ким бурын қуйып болса, мектепке барады да аттестатын алып кете береди. Соны есиңизде тутың, оқыўға тапсырыўға үлгериў ушын тезирек тапсырманы орынлаўыңыз керек. Имтихан сизлерди күтип турмайды.

Буяғында бизлерге «қамшы» керек емес еди. Ис өнсин деп үш көзли қәлипти ылақтырып таслап, төрт көзли қәлипке асылдық. Еки бала бир бригада. Биреўимиз ылай ислеймиз, екиншимиз қуямыз. Төрт көзли қәлип жасымызға сай келмейди, талтаң-талтаң етип тақырлап қойған жерге зорға жетемиз. Лекин, шыдаўға туўра келеди. «Жан қыйналмай жанана қайда» деген апамның нақылы ойымнан кетпейди. Қәйткенде де, аўыр жумыс өз билдигин ислейди. Он-он бес қәлип таслағаннан кейин қыйсайып қалған арматураны қәддине келтиргендей, зорға-зорға белимизди тиклеп алар едик. Кейин және қолда қәлип. Изимизде тәртипли әскерлердей қатарда дизилип турған гербишлер. Қарасаң көз қуўанады.

Сондағы шаршағанларым енди шығып атырса керек. Китапты бетиме басыў менен уйқылап кетиппен. Оянсам, әтирап тас түнек. Қаякта жатырман? Үйдемен бе, дүздемен бе? Ҳеш есиме түсире алмайман. Әлленемирде барып оқыўға келгеним, әжағамның «гилтти жойтып алма, өзлигиңнен көшеге шығып кетпе, жаман балларға тап боласаң» дегенлери ядыма түсти. Жатырған кроватым айнаның алдында еди. Өңменимди көтерип, сыртқа қарадым. Әтирапта өли тынышлық. Жатақхана «П» тақлетте салынған болып, мен жатырған бөлме оң қанатта еди. Ортадағы жатақханаға кирер есикке жақын жердеги столбада бир свет өлимсиреп жанып

тур. Жақтысы өзинен артпайды. Арғы қанаттың төртинши қабатында бир бөлмеде жақты бар. Ортадағы қатардың екинши қабатында да бир жақты көринди. «Демек, олар пахтадан қалған. Бәлким, биреўинде комендант уйқылайтуғын шығар» деп ойладым ишимнен.

Әстен коридорға шықтым. Туў узақта, газхананың алдында қырқ ватлық па, өлимсиреген бир свет жанып тур. Пышық жүрис пенен аўызға келдим. Кирер есикке узын бир таяқ өткерилген екен. Оң қапталда ескиден қалған бир темир кроват, үстине гөнетоз матрас төселген. Ийнине шекпен бе, плащ па, бир нәрсени қыя таслаған дәпең киси «пыш-пыш» уйқылап атыр. Шамасы, қараўыл болса керек.

— Ким? — деди ол үстиндеги кийимди серпип таслап. Басына ҳаяллардай бир тартар орамалды байлап алған, ийегиниң еки шетинде бет-әлпетине жараспаған сийрек сақалы бар, «Дерсу Узала»ға усаған ғарры екен.

— Мен, — дедим оған тартыныңқырап.

— Мениң ким?

— Оқыўға келген баламан.

— Буяққа ким киргизди?

— Комендант.

— Алланияз ба?

— Атын билмеймен

— Қайсы бөлмедесең?

— Тоғызыншыда.

— Уйқың қашты ма?

— Яқ, уйқылап турдым.

Ол бүйирине қолын тығып жиберип, қалта саатын алды.

— Жаңа он болып атыр-ғо, азанға дейин шабдал қағасаң ба?

Мен үндемедим.

— Буяққа кел. Екеўимиз сөйлесип отырамыз. Маған уйқылаўға руқсат жоқ.

Ғарры шық-шығыма тақап сораўға тутты. Қайсы аўылдан келдим, руўым не. Әке-шешемниң нешинши баласыман... Соң өзи ҳаққында сөйлеп кетти. Негедур оның әңгимелери бизиң аўылдың ғаррыларының гүрриңине уқсамас еди. Аўылда талай сапар ғаррыларға от жаққыш болғанман.

Сонда олар әңгимесин Адам Атадан баслап, Ҳаўа Ене менен қалай, қайсы музлықта ушырасқаны, бейиштен неге қуўылғаны, берманырақ келип Искендер Зулқарнайынға, Мақтымқулыға тоқтар, радио айтағойса «Ҳәзир Ещан айтады» деп кесасындағы шайын уртламай отырар еди.

Мерекениң ақырына таман әңгимеси таўсылып қала ма, бир-бирине «усы күнде қуўықтың майы кетти ме, түни менен үш-төрт мәрте шығаман» деп кейин ала жесир кемпирлер ҳаққында гәп қозғайды. Бунысы өзлерине Мақтумқулыдан бетер жағады. Сонда төрде отырған жасы үлкен биреўи «Ҳәй, ғаррылар, аўзыңызды патасламаң, алды Мақтымқулы, кейни сыптырыңқы болып кетти-ғо», деп оларды тәртипке шақырып қояр еди. Бул гәплер отырыспаның аяқланып киятырғанын билдиреди.

Қараўыл ғаррының Мақтымқулы менен де, Зулқарнай менен де иси жоқ. Жаслығында қәйтип қыз айттырғаны, екинши кемпирин қалай қолға түсирди, соларды айтып өзинше мырс-мырс күледи. Гәпиниң маған жаққан-жақпағаны менен иси жоқ, өзиниң өтмиши өзине қызық. Мәс болады.

— Уйқың келди ме? — деди бир ўақлары маған.

— Аўа, көзим тығылып киятыр.

Ырасын айтсам, ҳеш қандай да көзим тығылған жоқ, мына кисиниң биймаза сөзлерин тыңлаўдан гөре, светти жағып китап оқығанды, жақпаса төбеге қарап қыял сүрип жатқанды тәўир көрген едим.

— Онда барып жат! — деди ғарры кәтиниң жыйрылып қалған төсеклерин қайта төсестирип. — Бирақ, сергек бол. Жаман түс көрсең, шоршып оянсаң тартынба, қасыма кел. Оны айтып атырғаным, бул жатақхананың орнында большой менен баспашылар урыс қылған. Қан суўдай аққан. Көмиўсиз қалған өлилердиң сүйегиниң үстине усы жатақхананы салған. Мынаңқара, — деп ол дастығының астынан сабы қап-қара болып кирлеген бир пышақты шығарып көрсетти. — Усыны бас ушыма қойып жатпасам, түни бойы жин-жыпырлар менен айқасып шығаман. Нешинши бөлмедемен деп едиң?

— Тоғызыншы.

— Шегиң-әм ең жаман жерге түскен екен. Бурынағы жылы сол жайда уйқылап шығаман деп бир жас муғаллимди жин урып кетип еди.

Етим жуў ете қалды. «Ириген аўыздан шириген сөз шығады» деген. Неге келдим бул ғаррының қасына.

— Бизиң әжағамлар жатып жүр-ғо, — дедим кейин өзимди тутып. — Олар шоршыдық, жаман түс көрдик демейтуғын еди.

— Билесең бе, сениң әжағаңлар арақ ишеди, қызларды ертип келип шағал-мәслик қурады. Ҳарам араласқан жерге жин-жыпыр да жоламайды. Жин-шайтан деген-әм сүйеги таза адамларды аңлыйды.

Ғаррының гәплерине исенбесем де, негедур кеўлим алғаўдалғаў еди. Таңды қалай атыраман? Институтта оқыўдың орнына үйге жинли болып қайтсам...

Қараўылдың қасынан аяғым сүйретилип зорға кеттим. Әжағамның арақ-шарап ишетуғынына, қызларды шақырып айшы-әшрет қуратуғынлығына ҳеш исенбедим. Көзим уйқыға кеткенше аўылды, мектепте бирге оқыған қызларды, қулласы ойыма не келсе соны еслеп, қыялымнан жин-шайтанды қуўып шығыўға урындым. Лекин, жин-шайтанлар мениң ойымдағылардан басым келе берди. Алдынғы партада отыратуғын Айсара деген қыз, шашларын жайып жиберген, көзлери қып-қызыл албаслы сыпатлы бир ҳаялға айланды. Батырдың еки қулағының жоқарысынан еки шақ өсип шықты. Бир көзимди жумсам, тоғызыншы класста оқып жүрип туўып қойған Муслима тыр жалаңаш отыр. Бул жатыста я уйқылап атырғанымды, я ояў екенимди билмедим. Сәскеде турғанымда басым мең-зең еди. Түни менен түсиме енген мүйизли адамлар, қатындай, тобығына түсетуғын узын көйлек кийип алған муғаллимлер менен көкирегине еки «гүзени» байлап алып, мени қоярда қоймай ойынға тартып жүрген «класстың қызлары» көз алдымнан кетпеди. «Демек, ғаррының он гәпи жалған болған менен, бир гәпи ырас екен-дә» деген ой келди қыялыма.

Түске дейин сыртта, теректиң астында китап оқыдым. Жайға бетлей алмадым. Күн еңкейип баслағаннан және қыялымды сол қорқынышлы ойлар бийлеп алды. Ақыры,

кешке қарай аўылға кетиўди шештим. Әжағам не десе ол десин. Студентлик буйырмаса тракторшы боларман. Қәйткенде де ес-ақылым өзимде болады-ғо. Оқыўға кириў ушын жатақханада жатыўым шәрт пе? Бүйерден көре көрпешемди алып, атамнан қалған ерик бағдың астында сабақ таярлағаным мақул. Өйерде қорқынышлы адамлар да, аўзынан ириген сөз шығатуғын кетик тисли «Дерсу Узала» да жоқ.

Ҳақыйқатында да, ерик бағ жүдә пайызлы еди. Бир заман оқысам, мектепте муғаллимнен үйренгенлерим дәрҳал қыялымда қайта жанланады. Математикадағы гәпке қуралған мылжың есапларды да қыйналып-қыйналып шешемен. Соң әдебиятқа өтемен. Әжинияздың «Еллерим барды»сын оқысам, өзимниң «Тоқалжап»тың бойындағы сүти сыртына шығайын деп турған қой сүтилмеклер көз алдыма келеди. Барып терип-терип алғым келеди. Бәлким, ол усы жақта туўылмады ма екен, «Бозатаў»ға кейин кеткен шығар деген шийрин қыяллар келеди. Әжиниязды ҳеш кимдики етпей, меншиклеп алғым келеди.

— Балам, оқыў бетиңнен хабар алмайсаң ба? — деди бир күни апам. — Сен аўылда жүргениңде ығзамың өтип кетсе.

Ҳақыйқатында да, имтихан графигин көрмеген едим. Апамның мына гәпи қамшы болып, ертеңине жолға түстим. Жин-шайтан болса көрермен. Оны кисиге айта алмасам. Биреўге тис жарсаң жатып күледи, қалақ та сен боласаң, саўатсыз да, ырымшыл да сен.

Жайға келип қапыға гилт салдым. Гилт таўланбайды. Етим жуў-ў ете қалды. Келемен дегеншеги мәртлигим шамалға ушты да кетти. «Шайтан кирип алған! Дерсу Узаланың гәпи ырас болса керек?! Ол көргенин айтқан, ақыры!»...

— Кире бер, есик ашық, — деди бир ўақта иштен бир даўыс. Бул даўыс мени және де ҳайран етти. Гилт менде болса. Оны ҳеш кимге бермедим...

Бийтаныс үйдиң босағасына келгендей, есикти тартыныңқырап аштым. Сығалап қарасам, айнаның алдында, мениң орнымда майкишең бир бала жатыр.

— Кир! — деди ол усы үйдиң баяр адамындай. — Неге босағаның аўзында иркилип турсаң?

Ол мениң менен орнынан сәл тикейип сәлемлести.

— Сениң орның ба? — деди соң отырған кроватын көрсетип.

Мен бас ийзедим.

— Орныңды аўмастырдым! Мен айнаның алды болмаса жата алмайман.

— Көрпе-төсегим....?

— Көрпе-төсегиң әне, меникине қарамайсаң ба, ийнеден жаңа шыққан — таза.

— Сизге оларды ким берди?

— Ким беретуғын еди — комендант-тә!

— Танысыңыз ба?

— Жездем! — деп ол көпшикти еки бүклеп басына қойып, мардыйыңқырап жатты.

— Қайсы факультетке тапсырдың?

— Педфак. Сонда бала аз екен. Еплеп қыйсық үш алсаң, аржағын өзим әмеллеймен деди.

— Ким?

— Жездем-дә! Күни менен не деп отырман!

— Екеўмиз бир факультетте оқыйды екенбиз-дә!

— Онда жүдә мақул. Қыйсық үшти маған сен әпересең. Оны төрт-беске айландырыў, жездемниң ўазыйпасы.

Буннан кейин арқайын отырып танысыўға қарадық. Екеўмиз бир районнан, сыбайлас аўылдан екенбиз. Аты Байжан екен.

— Гәптиң ырасы, — деди ол маған әбден жақыншылық көрсетип. — Оқыўға онша ықласым жоқ. Сабақ қонбайды мийге. Буяғын сен мешеўлейсең

— Қәйтип мешеўлеймен?

— Сен оқыйсаң, кейин маған мазмунын түсиндиресең.

— Түсинбей қалсаң не қыламан?

— Онда сен жаман муғәллим болғаның.

Оның гәплериниң я ойын, я шын екенин аңғарыў қыйын еди. Кешке таман ол кийине баслады.

— Жүр, көшени айланып қайтамыз?

— Мен китап оқып отырман-ғо, — деп изин ҳәзилге бурдым. — Саған түсиндирип бериўим ушын бир оқығанымды еки оқыўым керек.

— Үлгеремиз. Еле ўақыт бар.

— Өзиң айланып қайта бер. Мениң онша табаным тартып турған жоқ.

— Кемпирлердей болып сөйлейсең-әй. Темеки шегесең бе? — Ол қалтасынан сигарет қутысын алып маған усынды.

— Яқ, шекпеймен.

— Насыбайкешписең?

— Ҳеш қайсысы емеспен.

— Әй-й.. нәшең жоқ екен-ғо. Мен алтыншы класстан баслап шектим. Төрт жыл жасырып шектим. Аттестат алған күни муғаллимниң өзинен папирос сорадым-ғо? Қалай?! Енди ким бопты ол маған, мен де өзиндеймен!

Ол мақтанышлы түрде ийегин қасып қойды.

Байжан көше айланыўдан күнди геўгимлетип келди. Өзи менен бир жағымсыз ийис кирди бөлмеге.

— Еле оқып отырсаң ба? — деди таңланып. — Мийиң шайылып кетпесин оқыў деп. Аўқатланбаған да шығарсаң.

— Яқ.

— Билдим сениң ҳеш теңе жемей отырғаныңды. Бүгинше беляши жеп жатамыз, бола ма сол?

Ол тор сеткаға қағазға орап салынған бес-алты беляшиди ортаға қойды.

— Енди китабыңды жаўып тур, май болады.

Екеўимиз сөйлесип отырып, шай иштик, беляши жедик.

Мен оған «Дерсу Узала» айтып берген ўақыяларды, өзим түсимде көрген мүйизли адамлар ҳаққында айтып берейин деп турдым да, оның түс түўе ҳақыйқый шайтаннан да сескенбейтуғынын билип, үндемедим. Қалаберди, мен енди ондай қорқынышлы ойлардан арыла баслаған едим. Қасымда ес болғандай адам бар енди.

— Қызықтан қалып қойдың, — деди ол әңгиме үстинде мениң көзимди қыздармақшы болып.

— Не қызық?

— Парктиң ортасында үлкен пивохана бар екен. Адам деген үмбе-дүм. Биреўлер алдыларына жети-сегиз бокалдан алып пиво ишип отыр. Бир заман сырттан тамашалап турдым. Бир жигит ҳәр столға барып бос бокал сорап жүр.

— Ана жигит бәнтлеп қойыпты, — дейди барған столы.

— Бокалыңыз босай ма?

— Яқ, өзим және қайтармалайман.

Бийшара, бес мәрте айланып шыққан шығар. Ҳеш бос бокал таба алмады. Бир ўақта қарны жайылып кеткен бир киси ҳәр қолына төрт бокалдан, сегиз бокалды алып келип столға отырды. Отырды да еки бокалын дембермеске симирип жиберди.

— Бокалыңыз босады ма? — деди жаңағы жигит қасына барып.

— Яқ, мен еле қайтармалайман, — деди ол.

— Сегиз бокалдан кейин де қайтармалайжақ па? — дедим мен таң қалып.

— Он бес бокалға дейин ишетуғынлар бар екен. — Байжан күнде пивоханаға барып жүргендей меннен «саўатлырақ» екенин билдирип қойды.

— Мыналарды таўысқанша қайтарып әкеп беремен, — деп бокалға қол узатты жигит.

— Қой орнына! — деп анаў бокалға асылды. Жигит бери тартты, ол ары тартты. Ақыры, жигит бокалдың биреўин жулып алды да жаңағы кисиниң маңлайына бир урды.

Қан кетти маңлайдан атлығып. Ол бос турған еки бокалды алды. Ашыў менен еле ишип үлгермеген еки бокалдағы пивоны да серпип жиберди. Сөйтип төрт бокалды әкелип, орнына отырып алды.

— Анаў не қылды, маңлайына бокал тийген.

— Ол мийи айланды ма, шертектиң бақанына асылып, отырып қалды. Соң изине қарамай кетти.

— Милийса усламады ма?

— Милийса жоқ еди ойерде.

— Сен қорықпай қарап турдың ба?

— Неге қорқаман? Уратуғын биреў, таяқ жейтуғын биреў... Жаңағы жигит бир бокалды симирип ишти. Екинши бокалды ишип баслаған ўақытта қасына бардым.

— Сен я?!

— Аўа, мен. «Ағай, бокалыңыз босады ма?» — дедим барып.

Ол мениң бетиме тигилип турды да:

— Сен-әм пиво ишесең бе? — деди. Шамасы, мени баласынған қусайды.

— «Пахта байрам»ларда шийшели пиво ишип едим, — дедим мен.

— Азаматсаң! — деди ол мениң ийнимнен қағып. — Отыр минийерге.

Кейин ол ишип атырған пивосының бир бокалын алдыма ысырды.

— Иш.

Тийинин төлемекши болып қалтама қол апарып едим, қолымды қағып жиберди.

— Және ишесең бе? — деди кейин.

— Қәйдем...

— Қәйдем деме, жигит бол. Әдепки гәпиң унап еди маған.

Жигит столлардың үстин сыпырып жүрген келиншекти шақырып алды. Босаған үш бокалды пул менен қосып қолына услатты.

— Үстиндеги елиў тийин сеники, бар толтырып алып кел.

— Бағанағы кисини неге урдыңыз? — дедим мен.

— Обалы жоқ, — деди ол. — Мен оған босатып беремен дедим. Берип турғанда сол жерде симирип ишип, әкеп берип кететуғын едим. Буғырақым болған соң отырып ишейин дедим.

— Қайтарып урады деп қорықпадың ба?

— Қаяқта урады? Мийи айланып, орнынан зорға турды. Еле де бокал сынбады, сынғанда мийи ағып түсетуғын еди. Есиңде болсын, сен жаңа жигит болып атырсаң, ҳәрдайым биринши болып урсаң, қарсыласың қорқып қалады.

— «Қорқақ бурын муш көтереди» дейди-ғо, бизиң аўылдағылар.

— Айта береди. Төбелесте тентек адам жеңеди. «Бир жери қанап кетпей ме, сынып кетпей ме» деп ойландың ба, жудырықтың үлкени төбеңде ойнайды. Мениң туўысқан жездем милийсадан пенсияға шықты. Сол айтатуғын еди, көшеден таяқ жеп келген жигитти ишке киргизип алып испейтуғын, көгермейтуғын жерине силейтип урамыз, дейди. Оның өзинше бир ураны бар — төбелестиң бе, — жең, күшиң жетпеди ме, тыйық жумса. Өлтирсең өлтир, бирақ,

өзиң өлме! Қамалсаң түбинде шығып келесең. Ырас-ғо, сен қамаламан деп қорқып өлип кетсең... Түрме о дүньядан жаман емес. Ишесең бе, тағы?

— Як, аға, ишиме сыймай баратыр.

— Ҳәзирше болады саған. Оқыўға келдиң бе, я мәзи жүрсең бе?

— Оқыўға келдим.

— Танысың бар ма?

— Комендант жездем бар.

— Қаяқтың коменданты?

— Студентлер жатақханасының!

— О-о! Нағыз Донжуан екен-ғо жездең. Жездең кишкентай адам емес екен. Так что, оқыўға кирдим деп қоя бер.

Әне, жора, отырсаң отыра бересең китапқа үңилип. Мен Нөкистиң жудырығы үлкен бир азаматы менен танысып келдим сөйтип.

— Аты ким екен?

— Билмеймен. Көрсем таныйман, бирақ.

— Онда не қыламыз, консультация баслаймыз ба?

— Ертең... Пиво уйқы тарттырады екен.

Ол шешинбестен кроватқа қыйсайды да, бир заманнан пыр-пыр уйқылап қалды.

***

Биз өзимизше тон пишип, қайсы сабақтан көбирек, қайсы сабақтан азырақ таярланыў кереклигин режелестирип жүрсек, институт әлле қашан талабанлар ушын консультацияны баслап жиберипти. Буны биз Алланияз аға изимизден хабар алыўға келгенде билдик. Ол екеўмизге, әсиресе Байжанға көп кейиди. «Институт кимге диплом берерин билмей отырған жоқ, деди. Талабында болыў керек», — деди. «Мен жездең болған менен институт жездең емес! Ректор жездең емес!» — деп бақырды Байжанға. Ешейинде аўзы тынбайтуғын Байжан, коменданттың алдында жуўасыды да қалды.

— Бул баланы сениң қасыңа неге қостым? — деди маған ҳәм саўалына өзи жуўап берди. — Бул жалқаўлаў. «Ағам барда, арқам тамда» деп маған исенип, көшеге қаңғырып

шалжаңлап кетеди. Соның ушын сен буған беккемирек бол. Өзиң менен қосып таярла.

— Ол не, муғаллим бе? — деди Байжан гәп қосып.

— Муғаллим болмаса да сеннен тәўир, әжағасына усаса саўатсыз емес.

Ишимнен қуўанып қойдым. Қараўыл ғарры болса оны сәл болмаса мәскүнем, бузыққа шығарып қояйын деп еди.

— Туўысқан жездең бе? — деп сорадым Алланияз аға кеткеннен кейин.

— Туўысқан десем-әм бола береди. Әкемниң қарындасын алып отыр.

— Мына бақырыўына қарағанда жәрдем ететуғын адамға усамайды.

— Етеди-и! Етпей-әм көрсин, әжапам ишкен-жегенин аўзы-мурнынан шығарады. Бизлерди бала көрип мәтибийсип атыр-дә.

Консультация биз оқығаннан көре тийимлирек екен. Онда тек керек-керек саўалларды тахтаға жазады да, кейин сол саўаллардың жуўабын қысқа қылып айтып береди. Бирақ, жазып алыўымызды күтип отырмайды. Мектептегидей, «түсинбей қалдым, муғаллим» деп қайтарып сораў жоқ. Түсиндирип атырғанда илип қалсаң қалғаның, болмаса аңқайып қала бересең.

Байжан консультацияға азанғы ўақытлары барар да, бир заманнан шығып кетер еди. Түстен кейингисине келгиси келсе келеди, болмаса жоқ.

— Сатып коймадың ба? — дейди кеште жайға кирип келиўден.

— Алланияз ағаны көрмедим.

— Көрсең сатажақсаң-ғо! Еле де парахатшылық дәўирде туўылғаның. Урыстың ўақты болып, тутқынға түскенинде ҳәммесин сайрап берер един.

— Оны қаяқтан билип турсаң?

— Түриңнен! Сенде баланың сумлығындай сумлық жоқ. Алдап-суўлап өтирик сөйлей алмайсаң. Билип қой. — Сумлық ақылдың қалтасы. Қәне, енди маған муғаллимлерден үйренгенлериңди түсиндир.

— Тыңлайсаң ба?

— Оны түсиндириўиң биледи. Қызық қылып түсиндирсең тыңлайман.

Оның нәзеринде институтқа кириўине тиккелей мен жуўапкер сыяқлы едим. Өзиниң пәрўайы пәлек, жығылса да меннен көретуғын қусаған.

Мен консультацияны ана тилден басладым. Биринши имтихан да соннан. Өзимниң жақсы көретуғын пәним де сол. Бунда тоты қустай, муғаллимниң айтқанын тәкирарлап отырмайман. Өз билдигимше түсиндиргендей де мүмкиншилигим бар.

— Онда гәп ағзаларынан баслаймыз. Гәп ағзалары нешеў?

— Меннен сорап атырсаң ба?!

— Аўа-дә!

— Сен меннен имтихан алма, имтиханға таярла!

— Таярлаў деген усы-ғо, енди. Аңсат сабақлардан баслап атырман. 5— 6 классларда өтилген тема.

— Оннан бери билесең бе, арадан неше жыл өтти?! Усы ўақытқа дейин ядымда тура бере ме?

— Болмаса тыңла, гәп ағзалары бесеў — олар, баслаўыш, баянлаўыш, анықлаўыш, толықлаўыш, пысықлаўыш. Усыны бир қайтарып айтып бер.

Ол көзин жумып ойланып қалды.

— Тағы бир мәртебе айтып жибер, — деди соң! Мен тағы бир мәртебе тәкирарладым.

— Яқшы, даўам етейик, гелледеги магнитофонға жаздым.

— Гәптиң бас ағзалары нешеге бөлинеди?

— Жаңа бөлдик-ғо беске. Неғыласаң майдалай берип.

— Мен емес майдалап атырған, илимпазлар қашшан майдалап қойған. Енди тыңла, Гәптиң бас ағзалары екиге бөлинеди — баслаўыш ҳәм баянлаўыш.

— Баслаўыш ҳәм аяқлаўыш, — деди Байжан «билдим бе» дегендей мардыйып. Мен күлип жибердим.

— Ҳе, неге күлесең?

— Аяқлаўыш демедим-ғо мен.

— Мен не дедим?

— Аяқлаўыш деп атырсаң.

— Қәте ме?

— Қәте.

— Неге қәте? Басланған гәп аяқланыўы керек емес пе?

— Бизиң класста да бир бала бар еди, Айтымов деген. Муғаллим оннан толықлаўышты сорады. Айтымов иркилместен: муғаллим, толықлаўыштың еки түри бар, туўра толықлаўыш ҳәм қыя толықлаўыш. Туўра толықлаўыш туўрылаптуўрылап толықлайды, қыя толықлаўыш қыялап-қыялап толықлайды, деп ҳәмМениң ишек-силесин қатырды. Сен-әм сондай...

— Әй! Үйретпесең қой! Үстимнен күлме бирақ! Еле кирген оқыўың жоқ, өзинди муғаллимдей көрип отырсаң-ғо, жүдә. Маған қара, әкең турмыста толықлаўышты пайдаланды ма, яқ, шешең пайдаланды ма? Пайдаланған жоқ. Я базарға барып толықлаўыш пенен саўда ислегенин көрдиң бе? Бәри муғаллимлердиң ойлап тапқан мылжыңы.

Ол кроватқа созылып, терис бурылып жатып алды. Консультация соның менен тамам болды.

Ертеңине кешке дейин көриспедик. Кеште геўгимлетип келди.

— Үшеўге жеткердим, — деди ол кроватқа салмағын таслап жиберип отырып.

— Нени үшеўге жеткердиң?

— Бокалды.

— Не бокал?!

— Пивоның бокалы-дә! Түйеден түсип қалдың ба?

— Үйренип кетсең не болады?

— Пивоға ҳеш қашан үйренип кетпейсең. Бул тек мәўсимлик ишимлик. Суўық түскеннен кейин өзинен-өзи қалады.

Әдеп абайламаған екенмен, қарасам, оң қолының билезиклиги үш бармақ ели етип сийле менен байланыпты.

— Қолыңа не қылды? — дедим ҳүрейленип.

— Мынаў ма? — Ол мақтаныш пенен мушын түйип жоқары көтерип сөйледи. — Көрип турсаң ба, бул байлам, күшти бир жерге жәмлейди. Ийектиң астына бир урғанда любой әйдиңгир жигитинди ушырып түсиреди. Қара, билегимниң тамырлары тарамысланып турыпты. Күштиң бәри мушқа жәмленди.

— Оны ким көрсетти?

— Әмир деген бала. Танысып қалдық. Шымбайдың баласы екен. Былтыр оқыўдан жығылып қалып, аўылына қайтпаған. Егер усындай қылып, билегинди байлап, «блатной» болып жүрсең ҳеш ким саған жоламайды, — деди. Қара, жарасып турған жоқ па?

Мен үнсиз мақулладым, кеўли ушын.

— Консультацияны баслаймыз ба? — дедим соң. — Бираз тема өтип таслады бизлер.

— Қоя тур, — деди Байжан қолын бир сермеп. Соң көйлегин, шалбарын шешип, кәттиң аяқ ушына таслады. Труси-майкиде кәтте бир заман созылып жатты да, соң қайта тикейип отырды.

— Мәмбетназар, усы сен не ушын оқымақшысаң? — деди күтпегенде.

— Не ушын болатуғын еди? Муғаллим болыў ушын? Бала оқытыў ушын.

— Он жыл мектепте оқыўдың өзи жаныңа тиймеди ме?

— Яқ.

— Яман шыдамлы екенсең-әй! Маған со, қырқ бес минут өтпейтуғын еди. «Аўылда той-мереке, садақа болағойса, муғаллимлер ертерек тарқатып жиберип, соған кетеғойса» деймен. Қапылып, садақа-той аўылда айында-жылында бир болады, көп болса.

— Ал, сен неге оқыйжақсаң? — дедим оған қызықсынып. — Мектептен бийзар болсаң... Оқыў жақпаса.

— Мен директор болыў ушын оқыйжақпан.

— Директор болыў ушын әдеп муғаллим болып алыўың керек емес пе?

— Мектепке емес. Совхозға директор боламан.

— Оның ушын аўыл хожалық институтына кириўиң керек еди.

— Өйерде жездем жоқ-тә!

— Онда бул интитуттың дипломы менен совхозға директор бола алмайсаң.

— Боламан. Алдымды кеспе өйтип? Соң Сәдиўақастың желкесинде шиңгирик шабаман.

— Ким-о ол, Сәдиўақас деген?

— Совхоздың директоры. Онда өшим бар. Анығы, әкемниң ала алмай кеткен кеги бар.

Мен «әкеңе не қылып еди» дегендей саўал нәзери менен тигилдим.

— Ол қотыр, әкемди урды. Механик ўақтында ғорек машынды буздың деп жүндей сабады. Мен кишкентай едим, төртинши я бесинши класс шығарман. Қулласы, сондайман. Түнниң иши еди. Апам екеўмиз ағама аўқат әкелип едик. Ол машыннан түсип келди де, «әкеңниң аўзын... Сен бе мени райкомға жаманлайтуғын» деп тумсығына илдирип жиберди. Ағам шалқасына түсти. Соң оған қәнәәт етпей, көкирек аўзына отырып алып урып атыр. Апам етеги желбиреп арасына түсип жүр. Бир асылғанда оны-әм қағып жиберди. Мен арашалаўды билмедим, бала қусап жыламадым да. Турып-турып жигиниң айрылған жерине бир тептим. Бирақ, аяғым жетпей төменирегине тийди. Лекин ол жан жери болыў керек, ағамды қоя берип, путын қысымлаўы менен зирилдеп қалды.

— Қаш! — деп бақырды ағам. — Үйбетке қаш!

Ертеңине ағамның бет-аўзы гүптей исип кетти. Көзи ашылмай қалды.

— Сениң қолың жоқ па? Неге урмадың? — деп күйип-писти апам.

— Басшы деген урады, сөгеди. Оның айыбы жоқ. Мен урсам сотланып кетемен, — деди ағам.

Сол-сол екен, есимде қалды. Үлкейемен. Оқып келип механик боламан, сөйтип Сәдиўақасты жүндей сабайман деп кеўлиме түйип қойдым.

Ағам айтқандай, ҳеш ким Сәдиўақастың пышығына «пыш» демеди. Бир күнлери ол инженер болды. Ҳәзир гүрлеген директор. Демине нан писеди.

— Егер орнына директор болсаң сен не қылажақсаң — уражақсаң ба?

— Ураман! Алдына келтиремен. Адам урғанның қандай болатуғынын көрсетемен. Әдеп инженерге түсиремен, соң механикликке. Сөйтип, қәйерде трактор бузылса шақырып алып, көк ала қойдай етип сабай беремен. Баяғы бала тепкиниң үлкенин енди көреди ...

Қулласы, буннан буяғына биз комнатадағы консультация мәселесин туўардық. Тийип-қашып Байжанның өзи консультацияға барса барады, бармаса обал-саўабы Алланияз ағаның мойнына.

Әўметти қараң, биринши имтиханнан мен бес алдым, Байжан төрт алды. Сол күни ол мени сүйреп апарғандай етип, шашликке апарды.

— Көрдиң бе, жора, — деди ол маған мардыйып. — «Жуўырған алмайды, буйырған алады». Сол басқатырма консультацияңа бары-жоғы еки мәрте ғана қатнастым. Лекин, төрт алдым. Енди екиншисинен бир қыйсық үш алсам... Бирақ, математикадан қатты қорқаман. Дым сызбайман. Соның ушын сениң менен бир вариантқа түсемен. Шығарғаныңды шығарғандай маған көшириўге бересең? Келистик пе?

— Қәйдем?

— Қәйдемиң не? Бересең! «Үш» алсам, ресторанға апараман. Төрт алсам институтты питкергенше арқалап жүремен, — деди изин ҳәзилге алып.

Мен де ҳәзил қылдым.

— Бес алсаң не?

— Бес алсам аўылға күйеў бала етемен.

— Сонда да жездеңе айтып қоя бергениң мақул.

— Ол усы муғаллимнен төрт аяқлап қашып атыр-ғо. «Ректордың-әм айтқанын тыңламайды» мыш. «Аспанда қудай, жерде Барлықбай» деген аты бар екен.

Байжанның және әўмети шапты. Екинши имтиханнан «үш» алды. Енди оның көрген-билгени мен болдым. Көшеге шығып кетсе жейтуғын мазалы-мазалы нәрселерден алып келеди. Институттың арзан асханасына жолатпайды. Қоярда қоймай, орайдағы «Нөкис» кафесине алып барады. Өйерде мен атын еситпеген аўқатлар бар. Өзи де кешлетип пивоға барғанды қойды. Усы жерде «қурттай-қурттай» таслап жибереди. «Енди жигит болдық-ғо», деп ийинлерин қуўжыңлатып қояды. Мени қыйнамайды, бирақ, не ишипжеймен десем — алдымда. Булардың ҳәммеси маған «аванс» еди. Болмаса, алдынғы еки имтиханға да мениң «шарапатым» тийди деп айта алмайман.

Күтилген күн келди. Топарымыз бенен бир классқа кирдик. Муғаллим шашының самайы ағарып баслаған, еки қасының ортасында тигине қарай еки-үш жыйрық түскен, жасы елиўлерден өтип жүрген, сусты басым киси екен. Еки қатар партаға балаларды тең бөлип отырғызды.

— Шеп жақтағылар — биринши вариант, оң жақтағылар —екинши вариант. Ҳәр варианттың тапсырмасын тахтаға жазаман. Ўақыт бир ярым саат. Ким бурын болса, тапсырып кетиўине руқсат. Егер кимде ким биреўден көширсе, аўызша мәсләҳәт сораса, көширген оқыўшыны да, көширткен оқыўшыны да имтиханнан шығарып жиберемен. Жалынады екенмен, қәтере салады екенмен, деп қамтәме болмаң. Қудайдың баласы болсаңыз-әм кеширмеймен! — деди ол қолына пор менен мәселе жазылған дәптерин алып турып.

Ҳәммемиздиң демимиз ишимизге түсип кетти. Мениң менен бир вариантқа түсиў ушын туўры артыма отырып алған Байжан әсте, бармағы менен арқамнан түртти. Тапқан ўақтына қара! Билемен. «Қорықпа, маған черновигиңди партаның астынан әпере бер» демекши. Өйтип алдынғы еки «бес»имниң мийнетин күйдирип шығып кеткендей жағдайым жоқ. Өзи желкемнен асырылып қарап жазып алса алсын. Муғаллим сезип қалса мениң «арқамда көзим жоғын» билетуғын шығар деген ойдаман. Жақсысы, ондай етпегени де мақул. Несийбесинен көрсин.

«Несийбе» мениң ушын да усы имтиханда аўыр келди. Ең жаман көретуғын, мийимди ашытатуғын есап түсти. «Черновик» тиң төрт-бес бетин қараладым. Жуўмағы қәте шыға береди. Оның үстине не ислерин билмей қәлем шайнап отырған Байжан да арқамнан түртип болды. Муғаллим болса бир минут сыртқа шығып кетпейди. Орнында да отырмайды. Еки қатар партаның арасында артқа-алдыға, артқа-алдыға жүреди де қояды. Ол тусына жақынлағаннан Байжан еңкейип бир нәрселерди жазған болады.

Берилген ўақыт та шамаласа келди. Варианттағы үш есаптың екеўин анық шештим. Үшинши мәселедеги жуўмақ кесир қалды. Я өзи кесир қалыў керек пе, я қәтелестим бе, билмеймен. Соған дейин Байжан арқамды жара қылыўға шамаласты. Қайрылып қарамадым. Ырасын айтсам, бир

жағынан муғаллимнен қорықсам, бир жағынан қызғаныш та бар еди кеўлимде. Ақыры, тексерип атырғанда кимниң мийнети муғаллимниң қолына алдын түссе, соған баҳа қояды. Екинши көширме болып қалады. Көширмениң баҳасы — еки! Ким биледи, мениң есабым кейнинен түсип қалса. Ондай аўҳаллар мектепте көп ушырасқан.

Аудиторияда бесинши болып жумысты тапсырып шығып кеттим. Кетип баратырып ҳәмме шыжбайлағанларымды муғаллимге билдирмей Байжанның алдына қойдым. Лекин, оннан пайдалана алатуғынына көзим жетпеди. Бир жазып, еки сызылған есаплардың арасынан қайсысы туўры, қайсысы қәте екенлигин өзим де айыра алмас едим. Бул исим Байжанның кеўли ушын исленген мәзи ҳәрекет еди.

Сол күни кеште екеўимиз тәўир-ақ «сен-мен»ге барыстық. Лекин, Байжан еле де үмидиўар еди. Кеште жездесине барып қайтты. Үйинен шықпай отырып алған соң үмит еткендей бир нәрсе айтты ма, «қолды жуўып қалтаға урған жоқ» еди еле.

— Сени бундай қызғаншақ деп ойламап едим, — деди ол маған нықыртып. — Қыз минезли қылығыңнан-ақ қорқатуғын едим, бирақ. Еркек адам деген азымаз гедир-будыр болыў керек. Мен кирсем саған институт тарылып қалар ма еди?! Усыннан кирмесем Сәдиўақас қусағанлардың жылқысы таўға шығады. Төменнен барып урсам, «басшыға қол көтерди» деп сотланып кетемен. Бәри бир ураман! Әкем таяғын жеп-жеп әрманлы кетти. Кимо, ол ҳәмелдиң пуўы менен дус келгенди сабай беретуғын?! «Ийттиң ийеси болса, бөриниң қудайы бар». Егер институтқа кирмей қалсам, онда билип қой, Сәдиўақастан кейин саған-әм нәўбет келеди. Себеби, сен себепшисең кирмей қалыўыма!

Еки күннен кейин «имтиханның жуўмағы қыстырылыпты» деген хабар шықты. Бардым. Ол ўақта Байжан көшеге шығып кетип еди. Үймелескен жигит-қызлардан дизим қағылған тахтаға жақынлаў мүшкил еди. Әлленемирде бойым жетти. Қудаға шүкир, «төрт» алыппан. Кеўлимди жәмлеп, енди Байжанның фамилиясын излей басладым. Алфавит бойынша оның фамилиясы изиректе еди. Бармағым менен ретлестирип келип, таптым. Бажырайған «еки» тур еди оның

фамилиясының тусында. Изге қайтарымды я қайтпасымды билмедим. Алжастым ба екен деп, көзимди ашып-жумып қайта үңилдим. Яқ, алжаспағанман, «еки».

Усы ўақытлары көк желкеме бир аўыр соққы келип тийди. Сондай күшли еди бул соққы, қыялыма аспаннан аўыр бир нәрсе келип урылғандай болды. Мен дағазалар қыстырылған тахтаға абынып кеттим. Тахта институттың алдындағы майданшаға қойылған еки туяқлы жасалма үскене еди. Ол мениң салмағым менен изге қарай қулады. Мениң менен қатар баҳасын көриўге үңилип турған және еки-үш бала, бир-еки қыз қосыла абынып жығылды. Шығанағымды тахтай қыршып кетти. Турмақшы болып қолымды таянып атырғанда зигиригиме бир тепки келип тийди. Мен ийегим менен тахтайдың үстинен сүрилип кеттим. «Байжан, деген ой келди дәрҳал қыялыма. Бул Байжанның иси».

...Әне, сол Байжан болып шықты мен сүйген Нигардың әжағасы. Оннан бери арадан жети жыл өтти. Екеўимиз ҳеш ушыраспағанбыз. Мениң еле баяғы ийнеликтей узын, арықлығым. Ол болса толысып, тапалтас жигит болыпты.

Дастурхан басында онша гәпимиз үйлесе бермеди. Жийенғалийдиң де сөзин өре бастырмады. Өтеназар деген бир тракторшыны жерден алып суўға салды. Таза пахта машын келсе де сол Өтеназарға тийисли екен, таза «Алтай» келсе де, таза СХО келсе де.

— Егер тракторшыларды парадқа апарың десе, ең алдында Өтеназар турады, — деди ол тисиниң суўын сорып.

— Аўа-дә! Ол депутат, ол делегат!

— Кимниң арқасынан делегат болып жүр ол?! — Байжан Жийенғалийдиң аўзын жулып алғандай етти. — Пахтаны теретуғын биз, аты оныки, жерди сүретуғын биз — абырайы соныки. Ол жүреди қыры сынбаған костюм-шалбарда. Трактордың кабинасына галстук қыстырып қояды-аў... О, атаңның!

— Қой, сөгинбе! — деди Жийенғалий.

— Сөгинбесе қуй анадан толтырып.

Байжан шай кесени липилдетип үш кесе ишти. Айтылған тилеклер де қысқа болды. Жийенғалийге де зорлап ишкизди. Маған мирәт-әм еткен жоқ.

— Жийенғалий, «ер қәлеси үш», мен бул қәлени орынладым, — деди Байжан арақ қуйылған кесаны дастурханға тоңкерип. — Енди Мәмбетназар менен сыртқа шығып бир сигарет шегип келемиз.

— Мәмбетназар шекпейди-ғо.

— Шекпесе шектиремен! Сен ана аўқатыңнан хабар ал, қатының дымғозасын шығарып жеп қоймасын.

Сыртқа шыққан менен Байжан сигарет шекпеди.

— Бул қай келис? — деди мени шетирекке алып шығып.

— Ҳеш... Өзим қыдырып келдим.

— Жийенғалий кимиң сениң?

— Жорам.

— Қандай жораң? Мен билмейтуғын жоралары жоқ еди оның!

— Емлеўханада бирге жаттық.

— Ҳи-им! — деп мырс етип терис бурылды да, соң және мениң ийегимниң астына кириңкиреди. — Армияда бирге болдым десең қулақ қояман, институтта бирге оқыдым десең қулақ қояман. Он-он бес күн емлеўханада жаттым деп излеп келиў... Я-ақ, адам исенбейтуғын мылжың бул! Бул жерде бир гәп бар. Жийенғалий ҳеш ўақытта мени қонақ пенен отырыўға шақыртқан емес. Сен шақырттың-ғо, шамасы?

Мен жуўап қайтармадым.

— Бир нәрсени сезгендеймен, — деди соң. — Жақында мениң қарындасым да емлеўханада жатып келди. Сонда биреўлер изине түскенмиш деп езим-сезим еситтим. Егер сол сен болсаң — билип қой, кеширмеймен. Зигиригинде мениң туфлийимниң излери қалған болыўы керек!

Буннан артық мойнымды ишке тарта бериўге жигитлик намысым көтермеди. Онда бар аяқ менде де бар, онда бар жудырық менде де бар. Лекин, ол Нигардың әжағасы еди. Қәйткенде де мениң оған қол көтериўим мүмкин емес. Оны ойлаўға да кеўлим бармас еди. Бирақ, сүмирейе бериў де намыс! Ондай еркекти Байжан сирә жақтырмайды.

— Егер дуз-несип қосып турса-ше? — дедим оған.

— Не?!. — Ол мениң билегимнен тартып өзине қаратты. — Неғылдедиң, қайтарып айт?!

Мен үн қатпадым.

— Нигарды кудай қосса да, мен қоспайман саған!

Ол усыны айтты да ғырра изине айланып, үйге кирместен қайтып кетти.

Нигарды көриў үмити енди мен ушын көз жетпес сағымға айланған еди.

## 16

— Жийенғалий аға, Дүйсенбай бригад шақырып атыр, — деди азанғы шайды ишип болакелгенимизде бир бала есиктен ҳаплығып кирип.

— Балам, бери кел, — деди Жийенғалийдиң анасы. — Насосшы баланың баласымысаң?

— Аўа.

— Кел, алды менен сәлемлес. Екинши есиңде болсын, үйге келгенде ҳаплығып кирме. Сыртта бир заман өкпеңди басып ал, соң ишке кир.

Бала дым үндемей келип, ҳәммемиз бенен сәлемлесип шықты.

— Ассалаўма алейкум қаяқта? — деди Жийенғалий баланың қолын жаздырмай турып.

— Қой, уялтпа баланы. Бала пақырда не айып, ата-ана үйретиў керек кишкентайынан, — деди анасы әдепки берген тәмбиси балаға жеткиликли болғанын түсинип. — Бригад бир өзи ме?

— Як, қасында бир киси бар, «Жигули»де.

— Ўәкил-пәкил шығар.

— Ўәкил «Жигули» минбейди, — деди Жийенғалий. — Нөкистен келген биреў-ғо, шамасы. Апа, шайға аўмийин ет.

Аўмийинге қол жайылды.

— Сен не қыласаң? — деди Жийенғалий маған қарап.

— Ҳәй, балам, үйге келген қонақтан да өйтип сорай ма екен?!

— Дүкән бетке барасаң ба, деп атырғаным-ғо.

— Бараман, — деп мен де орнымнан турдым.

Дүкән Жийенғалийдиң үйинен онша узақ емес, «Бозжап»тың көпиринен өткеннен кейин анадай жерде ағарып көринип тур екен. Жай шөпкерден исленип, топан сыбаў менен сыбалған. Сыртындағы ҳәги де ҳәр-жер ҳәр жерден

қыршылып, унырап түсип атыр. Төбесиндеги ески майда жоллы шифери да тозған, дүкән жүдә гөне еди.

Дүкәнның қапысының аўзына темир белбеў қыялап тартылып, төменинде алақандай қулып тур. Жайдың күн шығар тәрепинде сырты сатпар-сатпар болған бир-еки ақ май бочка жумалап атыр. Бригадтың аты болса керек, дүкәнның оң бүйирине тийип өткен кишкене салманың бойындағы жас тораңғылларды шырпып отлап тур. Бериректе гөнериңкиреген, шоколад реңли «Жигули».

— Ҳә, Дүйсенбай аға, бас аўырды ма? — деди Жийенғалий ири денели, үстинде сырма фуфайкасы бар, қолаба мурынлы кисиге қол созып. — Ертелетип дүкәнға келип қалыпсаң?

— Азанғы бас аўырыўдан қутылғанымыз қашшан, қосшым, өзлериңизге қарайсыз-аў, — деп Жийенғалийдиң ийнинен қағып күлди ол.

Бригадирдиң қасында басында шиймақпал кепка, үстинде сүр рең пижама кийген орта жаслардағы бир киси тур еди. Оны кимгедур усаттым, бирақ, есиме түсире алмадым. Бул әтираптың адамы емес екенлиги белгили еди, бирақ.

Жийенғалий есиктеги темир белдикти салдырлатып, ашты. Үшеўимиз изинен ердик.

— Гарзовой етигиң бар ма? — деди бригадир прилавкаға қолын салып.

— Шүберек етик берейинсеш, жыйналыс-пыйланысқа кийип барғандай.

— Шүберек етик ўәкиллерге жарасады.

Жийенғалий төменнен жуп-жубы менен байланған төрт-бес етикти прилавканың үстине қойды.

— Нешинши кийесең? — деди бригадир қасындағы кисиге.

— Қырқ бир.

— Қырқ бир бар-ғо, ишинде я?

— Бар, бар — деди Жийенғалий. Бийтаныс киси туфлийин шешип, етиктиң биреўин кийип көрди.

— Болып турыпты.

— Кеңирегин ала бер иним, еле шылғаў орайсаң. Болмаса, бул етик аяғыңды жеп қояды.

Ол басқа бир үлкенлеў етикти кийип көрип, соны алды.

— Неше сом? — деди дүкәншыға қалтасына қол суғып.

— Неше сомды қой, иним. Жийенғалий, мениң қарызымның изине тиркеп қой. Бул киси Салый деген. Нөкисте, институтта муғаллим. Бизиң Жалғасты оқытқан, биологиядан, ҳәм кураторы болған. Нешше мәрте үйге шақырып, әкеле алмай жүр едим, кеше кешқурын қудай айдағандай өзи келип тур.

Усы гәптен кейин оны дәрҳал таныдым. Ол биринши курста бизлерди де оқытқан еди.

— Бул ағаң «Бозжап»тың етегине боян егип, тәжирийбе өткережақ. Соған меннен он бес сотик жер сорап келипти. Қудайдың кең даласын бермей не қыламан.

— Боян егеди дейсең бе? — деди Жийенғалий таңланып. — Екпесе де есиктиң аўзына дейин өсип тур-ғо, белбуўардан.

— Ҳәзир өсиўге өсип тур, — деди Салый аға гәпке араласып. — Лекин, отыз-қырық жылдан кейин боянның тұқымын да таппай қалыўымыз мүмкин, деген қәўип бар. Себеби, бир метр тереңликте сүрип, тамырын жыйнап алғаннан кейин қайттан көгере ме-көгермей ме, сонысы неғайбыл. Соның ушын оны қолдан егип көбейтиў усылын турмысқа енгизиўимиз керек.

— Жийенғалий, маған-әм бир керзовой етик бер, — дедим мен.

— Ҳе? — деп ол бетиме тигилди.

— Мен-әм боян егемен.

— Бул бала ким? — деди бригадир мени енди көргендей.

— Жорам. Жетинши аўылдан қыдырып келди кеше.

— Салый аға, мени танымадыңыз ба? — дедим муғаллимниң жүзине тик бағып. Ол маған бираз тигилип турды.

— Онша.. Онша таный алмай турман.

— Институтта бизлерге де сабақ бердиңиз.

— «Биология»да оқыдың ба?

— Яқ, педфакта.

— Ҳе-е, қосымша сабақлар онша есте қала бермейди, иним. Оқытсам оқытқан шығарман.

— «Ботаника»дан бир семестр сабақ өттиңиз. Есиңизде ме, «собықлы егинлер қайсылар, масақлы егинлер қайсылар» деп ортаға саўал таслап, өзиңиз жуўабын айтар едиңиз. Мен сонда бәрҳа қол көтерип жуўап берип отырдым. «Сен бала

биологияға тапсырыўың керек екен» деп, имтиханда сорамай «бес» қойып бергенсиз.

— Солай ма? — деди Салый аға ийнимнен қағып. — Сол бала сен бе един? Жақсы болды-ғо, бизге жәрдем бересең онда.

Ол таныды ма, яки қудай қайдан жеткерди, деп қуўанып кетти ме, қулласы билегимнен қысып хошаметлеп қойды.

— Әне, Жалғастың орнына жәрдемши табылды, — деди бригадир қуўанып. — Бала жақын жерде бөлек шығып отырғанда да алдырар едим.

— Зыяны жоқ, мына бала зейинли балаға усайды, екеўимиз әмеллеймиз.

Үшеўимиз «Бозжап»тың бойындағы боян егилетуғын жерге жүретуғын болдық.

— Сен, Жийенғалий, келинди сояққа жибер, орағын алып барсын. Байжандағы келинге, Қутлымураттың қызына, Өтебийкеге өзим бала жуўыртып аламан, — деп тапсырды Дүйсенбай аға дүкәннан шыға берип.

«Бозжап»тың еки бойы тынған боянзарлық екен. Жаздың соңғы айларында орып алынған жерлери қайтадан пашалап шығып, гүлте жоңышқадай тобыққа келип тур. Орылмай қалған жерлерде жапырағы түсип сыйдамланған. Шақасында қалған дәнлери тийип кетсең шалбарыңнның сыртынан жамбасыңа киреди.

Төменде үлкен С — 100 тракторы тур. Ол айтылған жерди сүрип болып, бригадирдиң руқсатын күтип турған екен.

— Дүйсенбай аға, онда сиз бара бериң, — деди Салый муғаллим. — Биз мына инимиз бенен, атың ким еди?

— Мәмбетназар.

— Мәмбетназар менен бир шеттен кирисе беремиз.

— Болады, иним. Әне-мине дегенше жаңағы айтылған бала-шағалар да келип қалар. Түсте ҳеш жаққа кетип қалмаң, өзим келип алып кетемен.

Сыртқы кийимлерди машынға қойып, кирзавой етиклерди кийип алып сүрилген атызға түстик. Қолда орақ.

Боянзарлықтың терең сүрилгени сонша, аяғыңды трактордың изине туўрылап баспасаң топырақ қоныштан қуйылады. Ҳәр жерде шоқ-шоқ болып төңкерилип атырған боян тамырлар.

— Дүйсен ағаға рахмет, — деди Салый муғаллим. — Кеше геўгимге дейин сүрилетуғын жердиң боянын түбине тақалдырып орғызып шықты. Болмаса, сол турысында тамырын тере алмайсаң.

— Тамыр теремиз бе, я егемиз бе?

— Әдеп терип алып, бир шеттен атызды тазалаймыз. Соң тазаланған жағына тапқа салып егемиз.

— Егис бәҳәрде болмай ма?

— Бәҳәрде басқа егин егиледи. Боянның тамыры қатты болады. Ол бөртик жарып көгерип шығаман дегенше кеминде бир ай күтиўге туўра келеди. Күн ысығаннан кейин көгерген боян қатарынан кеш қалады.

— Дәннен егиўге болмай ма?

— Ол ҳәзирше неғайбыл, көгере ме, көгермей ме... Тамырдан егиў исенимлирек.

Ол боян ҳаққында, оның қуны, дүнья жүзиндеги әҳмийети ҳаққында толқынланып айтып кетти.

— Кейинги есап бойынша дүнья жүзинде он төрт мың гектар боянзарлық бар екен. Соның тең ярымы усы районда. Қарайсаң ба, жети мың гектары! Бул мақтаныш емес пе, сиз бенен бизге?!

— Әлбетте! — деп мақулладым.

— Әне, бала шағалар-әм киятыр, — деди атыздың арғы басына көз жиберип. Киятырған үш ҳаялдың ишинде Шынарды таныдым. Қалған екеўи бийтаныс еди. Олар келип дәслеп Салый муғаллим менен, соң мениң менен сәлемлести.

— Бригад қайнаға жиберип еди...

— Жиберсе жүдә жақсы, орақларыңыз бенен ашып, топырақтың арасынан боян тамырды таўып алың. Бирақ, ормаң. Күшиңиз жеткенше түбинен суўырып алыўға ҳәрекет етиң. Ала алмай атырсаңыз айтың, Мәмбетназар бар, мен бар, жәрдемлесемиз.

Биринши тапқа Салый муғаллим, екинши тапқа мен, үшиншиге Шынар, аржағына қасындағы еки ҳаял түсти. Трактордың ҳәр аўдарған қарығын бир тап деп бөлдик.

— Иним, биз екеўимиз ҳәм терип, ҳәм оны егиўге таярлап кетиўимиз керек, — деди муғаллим. — Жуўан тамырдың узынлығы ярым метрден аспайды, оны кеспеймиз. Соннан шыққан жиңишке тамырларды қырқ сантиметрден бүлдир-

мей кесиўимиз керек. Сөйтип, биринши қарыққа жуўан тамырды егип шығамыз, екинши қарыққа жиңишке тамырды. Қайсысы жақсы раўажланады, қалай өседи, неше жапырақ салады, оны ендиги жылғы тәжирийбе көрсетеди.

Мениң қолларым орақ пенен боян тамырда, көзлерим болса жолда еди. «Неге Байжанның ҳаялы келмей атыр? Жибермей қалды ма екен? Мениң барымды сезди ме екен? Байжанның қатыны мен ушын Нигар хызметин атқара алмайды. Лекин, оны көрсем, кеўлиме Нигарды көргендей боламан. Ол кеште бийкешине мени көргенин айтады. Сениң больницаңда жатқан жигитти көрдим, дейди. Нигар қуўаныштан толқынланып кетеди. Ғумша ләблери қыпқызыл болып, ол жүзине тебеди. «Ырас па?» дейди кишесине сыбырланып. «Ырас, бийкеш, ырас. Бирақ, әжағаң сезип қоймасын», — дейди. Әлбетте, ол бизлердиң жағдайымыздан хабардар болыўы мүмкин. Жеңгесине сырласпайтуғын қыз болмайды. Оның үстине Нигар оғада жас. Туңғыш муҳаббат тәсирин ишине сыйдырып жүре алмайды. Сонда ол қәдирдан жеңгеси менен сырласады. Ертеңине жеңгесиниң орнына өзи келеди. Мениң менен қатар жүрип тамыр тереди. Оның тамырды суўырыўға күши жетпей атады. «Жәрдем берип жибер», — дейди күлимсиреп. Мен жетип бараман. Екеўмиз ишектей созылған бир тамырға асыламыз. Тамыр тегинликте суўрылағоймайды. Барынша күш саламыз. Сонда ол күтилмегенде үзилип кетеди. Екеўмиз де шалқамызға түсемиз. Нигар мениң көкирегиме қулайды. Бирден турып кете алмай атады. Мен оның турып кетпеўин тилеймен ҳәм өзим де оны турғызыўға ҳәрекет етпеймен. Қәнекей, усылайынша қуяшқа телмирип, кеш болған соң айға телмирип жата берсек.

— Тамырды гүзде еккенниң мәниси, — деп Салый аға татлы қыялларымды бөлип жиберди. — Ол гүзги-қысқы қаржамғыр менен топыраққа толық орнығысып, бәҳәрде урық пенен тең көгереди. Урықтың қай ўақта көгеретуғынын билесең-ғо.

— Аўа, аўа, билемен, — дедим нимқаны. Усы ўақта урықтың қобы келип тур ма? «Олай етиң, былай етиң» деп түсиндирип, Нөкисине кете бермей ме?!

— Хәй, келин, буяққа кел, — деди ол бир ўақта атыздың арғы шетине қарай даўыслап. — Буяқта шеттен тазалаймыз.

Қарасам — Байжанның ҳаялы. Оның Нигардың изинен аўқат апарып, дәрўазаның алдында сөйлесип турғанлары ядымда мөрленип қалған еди. Шүдигардан алтын таўып алғандай қуўанып кеттим. Жеңгеси келди ме, бийкеши де бир заманнан бой көрсетеди.

Ол жерге суққан орағын суўырып алып, бизлер бетке қарай жүрди. Сәлемлестик. Маған мәнили қарас қылар деп едим, яқ, нәзер аўдармады. Салый ағаның көрсеткен жерине барып, тапқа түсти. Кеўлим бир түрли болды. «Танымады ма екен? Яғаў, таныды. Бирақ, билдирмеди. Билдириўге қорықты. Жийенғалийдиң ҳаялынан тартынды яки қасындағы екеўинен. Мүмкин, сол күнги ўақыя буяқта үлкен шаўқым болып, қатты дәкки жеген шығар. Кеше Байжан езим-сезим хабарым болды дегендей айтты-ғо. Анығын айтыўға арсынған болыўы мүмкин. Онда кеште Байжанға айтады. «Тегин келип жүрген жоқ» дейди. Сөйтип жақсы атлы болады. Ертең анаў-мынаў гәп болып жүрсе меннен көрмесин деп бизиң жолымызға бақан кереди бул қатын еле.

Енди Байжанның ҳаялын көрерге көзим болмай қалды. Жеңге дегенлер жақсы болса, жәрдем береди. Жаман болса қарақулақтан жаман — «жолбарысын» ертип келеди.

— Мәмбетназар иним, шала қылып атырсаң-ғо! — Муғаллимниң даўысынан селк ете қалдым.

— Суўырылмай қалған тамырдан шыққан боян, бизди екпе боян менен алжастырады. Оннан кейин тәжирийбемиз бир пул. Алғаў-далғаўлық пенен ис тутыўға болмайды.

Салый аға мени кем-кем мардикар базардан жалдап әкелгендей, бир минут нәзерден қашырмады. Соның менен еплеп күн түс болды. Түсте бригадир үйине әкетип шай берди, екеўмизге. Ҳаяллар үйлерине қайтты.

— Мен күн еңкеймей турып қайтаман, — деди Салый аға атызға келгеннен кейин. — Жол бойы сени де үй бетиңе таслап кетейин.

— Бизиң аўыл жолға алыс-аў, — дедим назырқанып. Гәп араның алыслығында емес, ертең үйден берман шығыўға сылтаў жоқ еди. Кеше болса Дүйсен ағаға айтып, мектепке қоңыраў еттирдим.

— Қайнаға, қурдас бизикинде болады қайтқанша, — деп Шынар жаныма ара кирди. —Жийенғалий айтып жиберди, кетип қалмасын деп.

— Ҳе, онда жүдә берекелла, — деди Салый муғаллим қуўанып. — Күн бираз еңкейгенше қалып исле, иним. Бала-шағалардың мал-ҳәли бар, ертерек қайта берсин.

Маған да кереги усы сөз еди. Атызда бир өзим қалсам, үйинен урланып шығып Нигар келсе... Сағынысып көриссек... Бир-биримизге жутынып қарасақ... Бир нәрсе деп айтыўға тилимизге сөз түспесе... Сонда ол бирден мениң қушағыма атылса. Мен оның өкшесин орпаңға тийгизбей көтерип алсам... Бул қыяллар қаншелли қам болса да мен ушын шийрин еди. Мен ушын ләззетли еди бул әрманлар.

***

Бүгин боян тамыр терип ҳәм оны егип атырғанымызға төртинши күн. Күнлер бир-бирине уқсас, ең жаманы, зеригерли болып өтип атыр. Салый муғаллим азанда тоғыздан кешикпей жетип келеди де, күн еңкейип, намазлыгерден аўған пайытлары қайтады. Соған дейин мени оқытыўдан жалықпайды. Оның баҳалаўынша боян тамыр еле алтын менен тең баҳаланатуғын қусайды. Сонда оны қолдан егип көбейтиў технологиясын иске асырған бизлер, әлбетте, тек өзин айтыўға тартынады, алтын ҳәриплер менен тарийхқа жазыламыз. Садағасы кетсин, сол тарийхының. Мен боян тамырдан даңқ шығарайын деп жүр ме едим? Ойламаған жерде Нигардың аўылында қалыў баҳанасы табылғанына қуўанып кетип, муғаллимниң есине жети-сегиз жыл бурынғы әйтеўир бир ўақыяны салдым. Сол ўақыя ырасында да ядына келди ме, яки, жумсаўға қайым бала табылғанына қуўанып еслеген болды ма, ояғы ҳәзирше нәмәлим. Лекин, бул ўақыя екеўмиз ушын да жақсы болды. Оған жумсаўға қайым шәкирт табылды, маған болса Нигарды көриў үмитин оятты. Лекин, сол үмит күн санап сөниўге қарады. Атызда баяғы алтаўымыз — көбеймеймиз, азаймаймыз. Мен дәслебинде үмит артқан Байжанның ҳаялы да мойын бурып қарамайды. Нигар баз-баяғы жоқ. Ең болмаса үйиниң қай туста екенин билсем екен, ара-тура бийиклеў жерге шығып

көз жуўыртар едим. Суў әкелиўге шықпаспа еди әлле қәйтип. Ең жаманы, буны ҳеш кимнен сорай алмайман. Ҳәр түрли палға жорысам да, Байжанның ҳаялының төбеси көринген ўақта өз-өзимнен толқынланып кетемен. Нигарды көретуғыныма жаңадан үмит оянады. Соң тамызықтай сөнеди.

Бүгин ол жоқ — Байжанның ҳаялы. Оның келмегенининң өзи де кеўлиме ғулғыла салды. Мени көргенин айтқан, соң оны атызға қарай изеп баспайтуғын еткен.

— Ҳә, неге мәнисиң жоқ? — деди Салый муғаллим қасыма жақынлап. — Қайтқың келип қалды ма?

— Яғаў.

— Айта бер. Болмаса, кеште алып кетейин.

— Яқ, ондай емес. Өзимше бул жумысты қызық көрип жүрмен, — дедим өтирик.

— Қызықтың үлкенин келеси бәҳәрде көресең. Кеткиң келмей қалады басынан. Жигирма төрт бетлик дәптер тутасаң. Жуўан тамырдан егилген неше түп көгерди, жиңишке тамырдан қанша — жазып барасаң. Бир ҳәптеде қайсысы неше сантиметр өседи, неше жапырақ салады, жапырағының жағдайы қалай— тойғын жасыл ма, яки қуўарып тур ма, я сарғайып қалды ма?

Әне, усыларды еки ай даўамына жазып барсаң, маған ассистент боласаң. Бирден үшинши курсқа қабыл еттиремен, екинши қәнигелик бойынша.

— Рахмет аға, рахмет, — деп атырман кеўли ушын. Биолог болыўға көзим ушын турған жоқ. Ҳәзир өзимниң «изертлеп жүрген» темам менен бәнтпен. Жигитлиги өтип кеткен Салый муғаллимниң бул ойлар қыялына келмейди. Аўлақ жүрип қыял сүриўге де имканият бермес. Азандағы қосығы да боян, түстеги қосығы да! Кеште оның келешегин бир заман мақтап болып машинасына отырады. Ол кеткеннен кейин ҳаяллар да әсте, қыйсайысып жолға түсе береди. Мен жалғыз қаламан. Енди Қапапәлектей қыял сүрип Нигардың суўға шығыўын күтемен, лекин, ол жоқ. Мени умытқан. Умытыўға мәжбүр еткен оны! Бәлким, Рахима қоңыраў етип әбдеп бопсытқан шығар, «қызыңызға беккем болың, бийабырай болып қалады» деди ме, ким биледи. Ондай болса әлбетте, мени көрерге көзи жоқ. Еле де Байжан бираз басылған екен, ескертти де кетти.

Салый аға жәнe қасыма келди. Қыялымды бөлди.

— Боян тамырдың әҳмийети ҳаққында еле илимий мийнет жазылған жоқ, — деди ол. — Егер бул боян Америкада өсер ме еди, пүтин бир институт шуғылланар еди.

— Бизден тамырды алып кетип атыр, бәлким егип көрип атырған шығар.

— Биз тамырды жаслай берип атырғанымыз жоқ. Оны кептирип, керек болса унтап, соң пресслеп жиберип атырмыз.

— Оны Түркменстанда пресслейди я?

— Аўа, Түркменстанда.

— Неге олай? Боян бизде өссе...

— Бул ҳүкиметтиң ойлап тапқан әдиси. Мәмлекетлик дүзилис — өрмекшиниң аўына усайды. Бир жери үзилсе — аў бузылады. Негизинде, ҳүкимет бул усылды қарақалпақлардан алған-аў деп ойлайман.

Салый аға өзиниң кейинги пикирине мазатланып, гәпин даўам етти.

— Мәселен, сезесең бе, дигирман ҳәмме үйде жоқ. Ун тартыў ушын ана үйдиң келиншеги мына үйге барады. «Көз-көзге түседи, мийрим-жүзге түседи».

— Салый аға, бул тек дигирманда емес, ҳәмме мәселеде де бар. Мәселен, ҳәмме үй тандыр қура бермейди.

— Әне, әне түсиндиң, қосшым. Бурынлары бир аўылда бир тандыр болса, сол аўыл аўызбиршиликли ел саналған.

— Той-мерекеде қоңсылардан шәйнек-кеса сораў, табақ-қасық жыйнап келиў еле де ушырасады.

— Соның ушын да аўылдың адамларында мириўбет күшли. Шет елде бундай татыўлықтың үлгиси де жоқ. Алысқа кетпей-ақ қояйық, бизиң Нөкистиң өзинде бир подъездде турып, бир-бириниң есигин ашпайтуғын қоңсылар бар.

— Мириўбет кәмбағалшылықтан келип шыға ма? — дедим мен кесе белден.

Кем-кем булқып киятырған Салый аға бирден иркилип қалды.

— Неге өйдедиң?

— Мәселен, өз үйинде дигирманы жоқ, тандыры жоқ, шәйнек-кесасы, қасық-табағы қонақ күтиўге жетпейтуғын адамлар қоңсыларға жалтақ. Оларға жақсы көриниўге тыры-

сады. Нәтийжеде, мәжбүрий сыйласық келип шығады, солай ма?

— Ондай деп ойлаўға болмайды, — деди Салый аға мени онша қуўатлағысы келмей. — Бул — менталитет. Қарақалпақ халқының менталитети.

— Менталитет жоқшылықтан қәлиплести ме екен?

— Сен баланың дүнья танымың басқаша ма деймен?

— Яқ, басқаша емес, аға. Мен де халқымның сыйласығын, мириўбетин жақсы көремен. Бирақ, ол зәрүрликтен келип шықпаўы керек! Ҳәр бир үйдиң дигирманы да, тандыры да болса. Қонақ келсе қоңсыға жуўырмайтуғын шәйнек-кесасы, қасық-табағы болса...

— Адамлар бир-бири менен сәлемлеспей кетпей ме? Бир-биринен ағарған сорап турмаса...

— Ондай болмайды мениңше. Сыйласық, мириўбет, татыўлық, аўызбиршилик — ҳәр бир инсанның жүрек төринде болыў керек. Туўма инстинктке айланыў керек.

Салый аға үндемей қалды.

— Буның ушын көп жыллар керек болады, — деди бираздан кейин. — Буған ерисиў аңсат кешпейди. Адамларды жастан тәрбиялаў керек. Бәлким, сен айтып отырған зәрүрликлер тез арада-ақ толысып кетер. Қоңсыға жуўырыў ерси көринип қалыўы мүмкин.

— Сол ўақытта адамлар бирден жабайыласып кетеди деп ойлайсыз ба?

— Яқ! Ондай болмайды. Бизиң ата-бабамыздан қанымызға сиңип киятырған мириўбет бирден жоғалмайды, — деди Салый аға жанланып.

— Кейинги әўладта бул сезим жоғалып кетпеў ушын биз устазлар тәрбиялап барыўымыз керек, Салый аға! — дедим усының менен пикир таласын тоқтатайық деген мәниде.

— Сеннен жақсы педагог шығады! — деди ол қасыма келип ҳәм арқамнан қағып қойды.

— Өзим, педагогпан-ғо, — дедим күлип.

— Әпиўайы педагогты айтып отырғаным жоқ, үлкен педагог алым шығады сеннен. Мен сени биолог етпекши едим. Ойласам, буным натуўры болатуғын қусаған. Сениң менен еле көп пикирлесемиз. Сениң көкирегиңде тығылып атырған жаңа ой-пикирлер бар көринеди.

— Салый? — деп бақырды бир ўақта Дүйсенбай аға шүдигардың шетине келип. — Жүриң, түсликке шығамыз.

— Ҳәзир, — деп Салый аға мениң билегимнен тутты. — Көрдиң бе, илимге бир қуныға кетсең, оннан басыңды ала алмайсаң. Түстиң болғанын-әм аңғармаппыз.

— Байжандикине барамыз, — деди Дүйсен аға машынға отырып атырып. — Түйетаўық сойып таярлап қойыпты.

Күтилмеген хабардан жүрегим тез-тез урып кеткендей болды. Байжанның үйи! Бул үй мениң ушын Байжанның үйи емес — Нигардың үйи! Нигар бизлер ушын аўқат таярлап атыр. Ол мениң келетуғынымды биледи! Бирбиримизге нәзеримиз түскен ўақытта қандай тутар екен өзин? Билдирип қоймас па екен? Жас ғой, ақыры! Сүйген адамыңды көргениңде толқынланып кетесең киси. Мен билдирмеўге тырысаман. Билдирип қойсам, оған тағы жаман ат тағылады. Үйинде илла деп аўзымды ашпайман. Тек көзим менен түсиндиремен ҳәммесин. Оның ушын келип жүргенимди уқтыраман. Және бир ҳәпте қалсам ба екен? Егис те шамаласып баратыр, қапылып. Күни менен пассық ойларға барғаным ушын иш-ишимнен уялып кеттим.

Машина «Бозжап»тан өтип, қара көрим жер жүргеннен кейин, есиги күн батысқа қараған, шиферланбаған жайдың мүйешине келип тоқтады. Есиктиң алдында шиңгириги орып алынған жүўери атызда жигирмалаған түйетаўық жайылып жүр. Атыздың қубла бетинде узынша етип салынған жыңғыл қора. Қораның ишинде үстине сабан шығарылған шертек бар. Шертектиң астында сүттен шығыўға шамаласып қалған ала бузаў көринеди. Қулласы, ишке киремен дегенше ҳәмме көринисти көзим менен «сүўретке алдым». Босағада бизди Байжан күтип алды.

— Сен еле кетпедиң бе? — деди қолымды қысып турып.

Буны ол ҳеш кимге еситтирмей айтты. Лекин, зил менен айтты.

— Дүйсен аға, Өтеназардың тракторы қашан келеди? — деди соң бригадирге. Ол есиктен енди кирейин деп атыр еди, изине бурылды.

— Ҳәзирше еплей тур. Бүгин-ертең келсе аласаң Өтеназардан.

— Алжасып кетип таза тракторды маған берeғоймайсыз ба?

— Мен алжасқан менен басшылар алжаспайды-ғо.

— Ким-о, Сәдиўақас па? Атып өлтирейин бе, сол Сәдиўақас дегенинди!

— Ҳәй, балам, жаман гәп айтпа! — Иштен анасы шығып қалды. — «Жақсыға да әўмийин, жаманға да әўмийин» деген. Неге турсыз босағада, ишке кириң. Бригад бала, иниңниң гәпин елестирмей-ақ қойса. Оның тек тили-ғо, болмаса шыбынға ҳазары жоқ.

Ана деген-ә! «Шыбынға ҳазары жоқ» мыш ... Оның теп-кисинен көп ўақытқа дейин партада бир жамбаслап отырып жүрдим.

Байжанның анасы бизлерди ишке киргизип, қурттай дизе бүкти де, сорасып болып шығып кетти.

— Келин-ай, қолларына суў ала ғой, — деди шығып баратырып. Демек, қолымызға келин суў алады. Нигар кирмейди. Мүмкин аўқаттан алдын алар суўды. Я жеп болғаннан кейин. Дым болмаса шығып баратырғанда дусласып қалармыз...

Айнаның алдындағы трактор ходланды. Байжанның тракторы. «Ўар-ўар» еттирип, үсти-үстине газ берди.

— Маған көрсетип атырған қыры, — деди Дүйсен аға күлип. — Бирақ, өзи жаман бала емес. Мийнеткеш. Сәл қызбалығы, тилине келген гәпти қайтармай айтатуғыны демесең...

Аўқатты ертеден атландырып жиберген болса керек, шай ишип болар-болмастан табақ келди. Тамақтан алдын және Байжанның ҳаялы қолымызға суў алды. Табақты да өзи әкелди. Нигар төбесин көрсетпеди. Енди бир үмитим қайтарсын көриў. Көрсем бир аўыз гәп айтаман. Енди қуры көз бенен сөйлескеннен пайда жоқ. Кейин әрман болады. Тамыр териўге шақыраман. Бир аўыз айтаман, болды. Барғаннан кейин сөйлесиўге мүмкиншилик табылады. Салый төбемде турса да сөйлесе беремен. Уялса өзи-ақ арман жылысар.

Қурып кеткир меники бәрҳа қам қыял бола берер ме?! Жоқ Нигар! Қайтарсын да бой көрсетпеди. Үйинде жоқ па?... Енди не қыламан? Анасынан сорай алмасам. Жеңгесине сирә исеним жоқ. Сорайтуғын болсам атызда көрмей жүрмен бе?

Және сол баяғы шүдигар. Сүргинге айдалғандай болып зорға келдим. Болды енди, бүгин үйге қайтаман. «Аўылдан хабар алып келейин» деймен де, Салый аға менен кетип жолда түсип қаламан. Муғаллимге үйимди көрсетпеймен. Сөйтип, ертең келмей қаламан. Арғы күни де келмеймен. Улыўма келмеймен. Бәҳәрде де! Боянын өзи өлшеп, өзи жапырағын санай берсин. Излеген жоғымды көрмесем, буяқта суўытып қойып па маған! Сояқтан келип боянның жапырағын санағанша, үйде отырып муртымның түгин санағаным жақсы.

— Ҳәй, Мәмбетназар, — деди Салый аға анадайдан даўыслап. Мен оннан алдыраққа кетип тамыр егип атыр едим.

— Ҳаў, Салый аға, не дейсиз? — дедим де, бирақ изиме бурылып қарамадым.

— Дүйсен аға және бир адам қосқан қусайды-ғо, қара!

Немқурайдылық пенен изиме бурылдым. Қарасам... Саған өтирик, маған шын, үстинде сыя түр таўарға буршақтай ақ моншақ нағыс түскен көйлеги самал менен желбиреп Нигар киятыр. Басы жалаңбас. Ырас па? Өзи ме? Өзи!

Мен қалша қатып қалыппан. Алдына шығажазлап қалдым да, зорға өзимди ириктим. Ол атыздың шетине келип иркилди.

— Қызым, буяққа кел, — деди Салый аға оны берман шақырып. Салый ағаны усы рет дым жақсы көрип кеттим. Ол мүшкилимди аңсат етти мениң. Мен шақыра алмас едим.

Нигар плугтың дөңгелеги жүрип өткен тақырлық пенен жанымызға келди. Дәслеп Салый аға менен, соң мениң менен қол берип сәлемлести. Алақанымда бармақларының изи қалғандай тәсирленип кеттим. Жип-жиңишке, сүйириктей саўсақлар! Бул саўсақларға қолым тиймегенине қанша ўақытлар болды?!

— Қызым, саған тамыр териў қыйынға түседи. Мына орақты ал да, жиңишке тамырларды еки қарыстан шамалап кесип таярлап бере бер. Бригад жиберди ме? — деп қосып қойды кейин.

— Яқ, кишем «қазан-табақ жуўайын, сен бир заман барып қайта ғой» деп еди.

— Бул қыз бағанағы Байжанның қарындасы! — дедим мен оны таныйтуғынымды мақтаныш етким келип.

— Жүдә жақсы, онда баслай бер, қызым.

Нигардың нәзик қоллары тамырды дурыслап кесе алмас еди. Кесе алмағаны маған жүдә қол келди.

— Апкел, көрсетейин, — деп қолынан орақ пенен тамырды алдым. — Минекей, қыялап тартсаң өтеди.

— Тартып атырман, өтпейди.

— Онда сен ек,  мен таярлап берип тураман.

— Боянды екпесең де көгереди-ғо.

— Бул тәжирийбе. Салый ағаның изертлеп атырған илимий темасы. Бәҳәрде бунын жапырағын санаймыз, бойын өлшеймиз.

Нигар мырсылдап күлди.

— Жапырағын санап ушлығына шыға аласаң ба?

Биз әсте-әсте Салый ағадан узақластық. Ең соңғы қарықларда тамыр терип атырған үш ҳаял өз әңгимелери менен бәнт еди. Бәлким, көз астынан бизлерди бақлап турса турған шығар, лекин, ҳәзир мениң де, Нигардың да көзине ҳеш ким көринбес еди.

— Бәҳәрде де келесең бе? — деди Нигар күлимсиреп.

— Келмесем болмайды-дә.

— Аўылға қашан келдиң?

— Бүгин төрт күн болды.

— Жийенғалийдиң үйине келдиң я?

— Аўа.

— Бизиң әжағамды шақыртып алған сен бе?

— Мен.

— Не дедиң?

— Ҳеш нәрсе демедим.

— Ол сеннен сорамады ма, «неғып жүрсең» деп.

— Яқ.

— Мен ҳаққында да үндемеди ме?

— Үндеген жоқ.

— Онда еситпеген екен-ғо. Мен әжағам билип қойды ма деп, үйде де, көрген жерде де ийнениң ушында жүргендей болып жүремен.

— Рахима қоңыраў етип пе, мектепке?

— Яқ. Гүлшийра қоңыраў еткен, завучқа. Сырға деген ҳаял еди. Кишемди шақырып, айтып берипти.

— Кишең әжағаңа айтып берген шығар?

— Ығаў... Айтса өлтиреди-ғо оны, сен бир жағында барсаң деп.

— Сол ақшам қолға түскен «тутқын»ның биреўи мен екенин кишең биле ме?

— Биледи.

— Боян егиўге келген жигиттиң де сол екенин биле ме?

— Сол күни-ақ айтты-ғо.

— Бағана қаяқта едиң?

— Үйде едим. Төрги жайға кирип жатып алдым, — деди күлип.

— Мени күйип өлсин дедиң бе?

Нигар тап баяғыдай сыңқылдап күлди.

— Усы ўаққа дейин күймедиң бе?

— Ада болайын деп тур едим.

— Ада болмасын деп келдим-ғо, мине.

Бизлердиң гәпимиз ада болмас еди. Лекин, исимиздиң де өними жоқ. Тамырды тапқа дүзиў егип атырмыз ба, қыялап кеттик пе, дурыс көмилди ме, көмилмеди ме, қызық емес еди бизлерге.

— Ҳәй, Мәмбетназар! — Салый аға шырышымызды бузып жиберди. Ушып турып, даўыс бердим. Енди кеўлим тоқ. Нигар қасымда. Салыйдан уялып атырған мен жоқ.

— Мен бүгин ертелеў қайтаман, яқшы ма? Сен күн еңкейгенше ислей тур. Усы қаланың артына дейин болып таслайық.

— Ғам жемең аға, боламыз.

Машина бир заманда изинде бурқылдаған шаң қалдырып, көзден ғайып болды. Күн еңкейе келе тамыр терип атырған ҳаяллар да атыздан шықты.

— Ҳаяллар қайтып баратыр, қайтайық па? — деди Нигар қәўетерленип.

— Күн еңкейиңкиресин.

— Жерге тийейин деп тур-ғо, — деди Нигар күлип. — Әне, маллар-әм өристен қайтып атыр.

— Жолдың шаңы басылсын. — Мениң бир өзимди таслап кетежақсаң ба?

— Бөри жей ме? — деди Нигар наз бенен күлип.

— Айлы түнде де бир өзимди қалдырып кеткен жоқ едиң.

— Ол қала, бул аўыл. Гәп болып кетемиз.

— Бизди ҳеш ким көрип турған жоқ. Усы ыраштың жанбаўырына ким арнап келеди.

— Сизге усаған делбелер! — деди күлип.

— Мени делбе қылып болып, өзиң зып бережақсаң я?

— Шала терипсиз-ғо, — деди бир ўақта Нигар бир тутам тамырды топырақтан ашып атырып.

Нигар тамырды әдеп бир қоллап, кейин еки қоллап тартты. Суўырып ала алмады. Құдай келистирген бундай баҳананы мүлт жибериўге бола ма?

— Қәне, бирге тартайық, — деп қасына бардым. Тамыр екеўмиздиң қолымызға сыймады.

— Сен қысымла, — дедим оған. — Мен сениң қолыңнан қысымлайман. Сөйтип биргеликте тартамыз.

— Шалғам тартқан ғарры менен кемпирдей боламыз ба?

— Аўа. Суўыра алмасақ сизиң күшигиңизди, пышығыңызды жәрдемге шақырамыз.

Ол езиўин жыя алмай күлип тамырды қамтымлады. Мен оның қолының сыртынан әсте ғана қысымладым. Лекин, тартпадым. Нигар да буны сезди. Ҳәм үндемей қалды. Қолларым әсте билезиклигине қарай жылысты. Оның ийинлери қалтырап, дирилдей баслады.

— Қойың... Биреў көрип қояды.

— Яқ, көрмейди. Оны әсте баўырыма тартып едим, ол булқынып шығып кетти. Бир-еки адым кейин шегинди.

— Анаң қара, сениң қылған исиңе қуяш уялып, қызарып кетти! — деди күлип.

— Ол сениң жүзиңе усайды.

Бизлер бәри бир бир-биримизге әсте жақынласа басладық. Сөзимиз таўсылып қалды. Сөйлемедик.

— Мен сени сағынып келдим, — дедим оның еки билегиниң қарынан услап.

— Күт, — деди ол сыбырланып.

— Қанша күтейин?

— Институтты питкергенше.

— Қартайып қаламан-ғо.

— Сақалың қәйерине түседи? — деп сыңқ-сыңқ күлди Нигар.

— Мине, минийериме, — деп ийегимди оның көкирегине ысқыладым.

— Қытығым келеди, — деп ол мениң басымды кейин ийтерди.

— Ҳәр ҳәптеде келип турсам бола ма?

— И-им! — деди Нигар бас шайқап.

— Онда қалай көрисемиз?

— Мен өзим хат жазып тураман.

— Мен жуўабын қаяққа жиберемен?

— Сен жуўап жазба! Мениң хабарымды билип турсаң болды. Аттестат алғаннан кейин Нөкисте көрисемиз.

— Оқыўға жибере ме?

— Жибереди. Жибермесе де бараман!

— Ләблериңнен бир поса.. Оның ыразылығын күтпей қушағыма тарттым. Бул татлы демлердиң қанша даўам еткенин билмеймен. Оны қушағымнан қойып жибергим келмес, ләбимди ләбинен тартып алғым келмес еди. Бир ўақытлары, желке тусыма аўыр бир соққы келип тийди. Аспаннан рәпийданың қарамындай тас түсти ме екен деп едим. Пәтим менен алға еңтерилип кеттим. Нигар мениң абыныўымнан артқа қарай сүрнигип, қолын таянып отырып қалды. Көз алдым булдырады. Нигар отырған жеринде әткөншекте тербелип турғандай еди. Тентиреклеп, өзимди тутып барып, изиме айландым. Усы ўақытлары қақ маңлайыма дөнип киятырған нышлы белдиң жапсарын ғана көрип үлгердим. Бул екинши аўыр соққыдан өкшем көтерилместен шалқама қуладым. Кейин бүйирime бир-еки тепки тийгенин абайлағандай болдым... соң ҳеш нәрсе есимде жоқ.

## 17

Узақ уйқыдан ояна алмай атырғандай, көзим перделенип ашылмас еди. Қабақларымды көтериўге ҳәлсизбен. Бирақ, қабақларым артында көзим ояңған. Әтирап сийле тутып қойғандай аппақ. «Соқыр болғанман» деген бир қыял келди кеўлиме. Көзимди уўқалап ашпақшы болып, қолымды, ийинлеримди қыймылдатқандай болдым. Төбемде кимдур сөйледи. Даўысы шелектиң ишинен шыққандай гүңгирлеп еситилди. Соң-соң түсиникли бола баслады.

— Оянды, — деди бир ҳаял.

— Уйқылап атырған жоқ ол, — деди бир еркек. Сол адам болса керек, бармақлары менен оң қабағымды көтерди. Кейин екинши қабағымды. Сонда ақ халат кийген докторды ҳәм өжирениң аппақ пәтигин көрдим. Басқа ҳеш нәрсени нәзерим илмеди. Доктордың бет әлпети түтинниң арасынан көрингендей гә тынықланып, гә гүңгиртлесип кетер еди.

— Қәйердемен? — дедим. Даўысым өзимнен шықпай атырған болса керек, доктор қайтарып сорады.

— Қәйердемен?

— Айдын, ернине суў жақ, тили кеўип атыр, — деди қасындағы қызға. Медсестра ерниме ҳөлленген сийлени басты. Мен оны тамсанып-тамсанып жутыўға ҳәрекет еттим.

— Қәйердемен? — дедим қайталап сорап. Бул рет анығырақ сөйлегенимди өзим де сездим.

— Емлеўханадасаң? Доктордасаң, — деди алдынғы киси бетиме үңилип. — Қорықпа, аўҳалың жақсы. Дәрилерин қуй, ҳеш кимди ишке киргизбе!

Медсестралар бириниң изинен бири келе баслады. Кимиси аспа дәри қуйды, кимиси жамбасымнан, билегимнен шаншыў иследи. Кем-кем көз алдым тынықласып, өзиме келе басладым. Енди бул аўҳалға қалай түскенимди еслеўге урынар едим. Лекин, ҳеш нәрсе ядыма түспеди. Аппақ дийўал, ақ халатлы докторлар, болғаны.

Ертеңине толық есимди жыйнадым. Биринши болып анамды көрдим. Жылап келди ол есиктен. Докторлардың ийнине илдирип жиберген халаты босағадан кирген жерде түсип қалды. Оған қараған жоқ. Келе сала нәрестесин сүйгендей етип бетлеримнен шорп-шорп сүйди. Басы-көзиме қарамай сүйди. Сонда көзинен аққан ыссы жас бетиме тамды. Мениң де кеўлим елжиреди. Лекин, көзимнен жас шықпады. Ол мениң аўҳалымды сораўға пурсаты жоқ еди. Өзин тута алмай атыр еди, байғус анам.

— Апа, көп урындыра бермең, — деди медсестра қапыны қыя ашып.

— Яқшы, шырағым, яқшы, — деп дәрҳал өзин бийлеп алды анам. — Балам-аў, қаяқтан жығылып жүрсең?

Сол ўақта ерксиз және бир мәрте бүйерге қалай келип қалғанымды еслеўге урындым. Бир жерден жығылғаным

есиме түспеди. Нигарды қушақлап турғаным, артымнан, желкемнен келип тийген соққы, соң бет алдыма дөнип келип қалған нышлы белдиң арқасы... Демек, апамды кимдур, бәлким докторлар шығар, жығылып түскен деп алдастырған.

Апам саўалына жуўап күтпеди.

— Еки күннен бери балнисаның дәлизинде қонып атырмыз, балам. Әжағаң-әм үсийерде. Және Нөкистен келген биреў бар, «сениң муғәллимиңмен» дейди. Айнанайын-аў, сонша жерден келип жүргенин айтса, еситип. Жаңарақта кетти, айланып келемен деп кетти. Апамның айтып отырған муғаллими Салый аға еди.

Түстен кейин маған шай ҳәм сорпа ишиўге руқсат етти. Ертеңине носилкаға салып рентгенге апарды. Коридорда өз аяғынан жүрген наўқаслардың бәри маған аяныш пенен қарап қалар еди. Оларға кимлигимди танытпаў ушын ба, яки өзимниң мүсәпир ҳалымды көрсетиўден уялдым ба, қулласы, ҳеш кимге нәзер аўдармай, көзимди ашпаўға ҳәрекет еттим.

— Бас сүйеклериң аман, — деди емлеўши шыпакер бираздан кейин қасына медсестраны ертип келип. Қолындағы рентген қағазын айна бетке тутып былай-былай көрди. — Бирақ, бир-еки ҳәптеге дейин отырыўға, қозғалыўға болмайды.

— Неғылған?

— Қорқынышлы емес, азымаз мийиң қозғалған. Лекин, оң жағындағы еки қабырғаң ишке қарай қайысқан.

— Солай қалып кете ме енди?

— Яқ, орнына келтиремиз. Не бар оған ишке умтыла берип, орнына келип отырсын?! — деп доктор ҳәзиллесип, ийнимнен қағып қойды.

Мен күн санап саўала басладым. Бир ҳәптеден кейин Байжанды алдына салып яки милиционер келди. Медсестра оларға орынлық әкелип берди. Лекин, ҳеш қайсысы отырмады.

— Мына жигитти таныйсаң ба? — деди маған Байжанды көрсетип.

— Таныйман, — дедим.

— Араңызда қандай келиспеўшилик болды?

— Ҳеш қандай?

— Онда не ушын урды деп ойлайсыз?

— Мен оны урды дегеним жоқ.

— Болмаса, ким еди?

— Билмеймен.

— Түр-түсин еслей аласаң ба?

— Яқ.

— Мен урған! Мен! — деди Байжан оларға алмагезек көз алартып. — Айттым-ғо, мен урдым деп. Жүзлестириўдиң не кереги бар?! Мойынламай атырсам екен.

— Сиз тыныш турың, — деди милиционердиң биреўи оған.

— Урғанлар биреў ме еди, яки екеў ме?

— Мен ҳеш кимди көргеним жоқ.

— Сол ўақта сениң қасыңда ким бар еди?

— Ҳеш ким.

— Еслеп көр.

— Яқ, ҳеш ким жоқ еди.

Усы ўақытлары Байжан «Нигар бар еди, мениң қарындасымды қушақлап тур еди, сүйип тур еди» деп айтып сала ма деп қәўетерлендим. Яқ, ол ҳеш тил қатпады. Докторлар оларға буннан зыят ўақыт бермеди. Сораў-жуўап тез аяқланды.

— Жақсы болып кетиң. Қалғанын бөлимде сөйлесемиз, — деди Байжанды алдына салып шығып баратырған милиционердиң биреўи. Байжан изине бурылды.

— Мен қәтелесиппен, — деди жинкөзленип, — белдиң жалпағы емес, қыры менен урыўым керек екен. Сонда жүзлестирип отырыўдың да кереги болмас еди.

Милиционерлер оны ийнинен түйип, алдына салып кетти.

Мениң изимнен Жийенғалий де, Дүйсен аға да, Салый аға да келди. Әсиресе, Салый муғаллим ҳәр келгенде:

— Мени кешир иним, аўылдың ишинде бундай ўақыя болады деп ойламаппан, — деп қайта-қайта жалбырақлайды. Ол қысынған сайын мен қолайсызланып баратырман.

— Боян егис не болды? — деп сорадым бир келгенинде.

— Болынды. Дүйсен аға аўылының барлық адамларын жаўып, бир сааттың ояқ-буяғында болып берди.

— Онда бәҳәрдеги жапырақ санаўды бизге қоясыз, — дедим күлип.

— Яқ, сени Нөкиске алып кетемен. Институтқа жумысқа өткеремен. Сеннен үлкен илимпаз шығады. Жапырақ санайтуғын адам көп.

Ол мениң кеўлимди алып атыр ма, яки ырастан да ана күнги пикирлерим унап қалды ма, қулласы, кеўлимди көтерип кетти.

Мен Нигардың үйбетинен келген ҳәр бир адамнан үмит пенен хабар күтер едим. Оның аўҳалы не болды екен? Меннен бетер жәбир тартып атырған жоқ па екен ол байғус! Емлеўханада бир абырайын төктим, бул жаңа-жаңа умытылып киятырғанда аўылында... Сирә, жигитлигим келиспеди мениң!

Оннан қаншелли ынтық болып хабар күткен сайын ояқтан ҳеш кимниң төбеси көринбес еди. Буның әлбетте жөни бар. Мен киммен оларға? Ойда жоқта пайда болған биреўмен. Және тағы, мәзи биреў емес, аўылды бассынып келген «шпана»ман. «Ҳаққыңнан, еле де өлмеген екенсең» деп тисин қайрап атырғанлар жоқ деп айта алмайман. Дүйсен аға жағдайдан корыққанынан хабар алып жүр, Жийенғалий жорашылық ҳақы, Салый муғаллим болса өзин айыплы сезип қысынғанынан келеди. Кейинги сапар оған басқа ҳәлек болмаўын өтиниш еттим. Жақсыман, дедим. Турып, коридорда жүретуғын болдым дедим. Алдадым. Докторлар ҳәзирше түргелип отырыўға ғана руқсат еткен еди.

Жаңа жылды емлеўханада күтип алдым. Бүйерде жатқаныма бир ярым айға шамаласыпты. Бир күни маған хат келди. Почтадан. Атым, фамилиям, палата номериме шекем көрсетилген. Хат Нигардан екен.

«Мени кешир, деп баслапты ол хатын. — Изиңнен бара алмайман. Бирақ, аўҳалыңды Шынар кишемнен сорап турман. Оған ҳәммесин жасырмай айттым. Мен не, ата-анама өгеймен бе, я кимсесиз жетиммен бе?! Қыз жигитсиз, жигит қызсыз болмайды. Оны ҳәмме де түсинеди-ғо. Төрт-бес айдан он жетиге шығаман. Аяғыма тусаў болып турған мектеп болса, аман есен бәҳәрге шықсам, ол уядан қанат қағып ушаман. Сонда мен сени таўып аламан. Әжағам не десе дей берсин. Апам не десе дей берсин. Адамлар не десе дейберсин. Мен сеникимен! Басып, женшип узатып жиберсе де саған қайтып келемен. Сенлик намысымды сақлап қайтып келемен.

Қудайға шүкир, заман зорлықтың заманы емес. Жақсысы, сен тезирек тәўир болып шық. Мени уўайымлама. Үйдегилер маған ҳеш нәрсе деп атырған жоқ.

Сенлик Нигар!»

Мен бундай ышқы-муҳаббет сөзлерин оның өз аўзынан ҳеш қашан еситпеген едим. Төбем көкке жетти. Қуўанышымда шек жоқ еди мениң! Тезирек емлеўханадан шығып кетким келди. Нигардың бул хаты маған докторлардың дәри-дәрмағынан да пайдалырақ тәсир етти. Өзимди қустай жеңил сезе басладым.

Февральдың аяғында Байжанға ашық суд болыпты. Суд аўылында өткен. Судқа мени шақырмады. Емлеўханада жаздырып алған түсиник хаты менен шекленипти.

Байжанға бир жыл ерксиз берилди деп еки ҳәптеден кейин Жийенғалийден еситтим. Бул мен ушын жүдә кеўилсиз хабар болды. Мейли, Байжан урса урсын мени. Оған ҳеш қандай жаза берилмегенине қайыл едим. Кеширгенимди де жазып бергенмен. Ол сорамаса да сыртынан кеширим бергенмен. Бирақ, мениң кеширимим инабатқа алынбаған қусайды.

Суд өз ўазыйпасын орынлаған. Жынаятшыға жаза тайынлаған. Лекин, соның менен Нигар екеўмиздиң арамызға және бир көринбес тосық қойғанынан хабарсыз еди олар.

***

Және мениң кеўилсиз күнлерим басланды. Енди азанда мектепке, түсте үйге асықпайман. Ҳеш жақта мени қуўантқандай жаңалық күтип турған жоқ. Сырттан қараған адамға жигери қайнап турған жас жигит емес, әлле қандай, бийпарық жасап атырған кексе адамға усап қалғандайман. Мени бәҳәрде ериген қардың арасынан тебендей шаншылып шыққан жәп-жасыл урықлар да, аўылға бәҳәр алып келген өпепек қуслар да қызықтырмай қойды. Бурынлары мәўсимлер алмасыўын кеўлимде бир сағыныш сезимлери менен күтер едим. Қыс өзиниң қақаман суўығы менен жалықтырып, бәҳәрди сағындырар, бәҳәр үзликсиз жаўын-шашыны менен

бийзар етип, жазды, жаз болса мыс қайнаған ыссысы менен талықтырып, гүзге асықтырар еди. Мәўсимлер алмасқан ўақытта менде қандай да бир қуўанышлы сезим пайда болады. Ал, ҳәзир болса... ҳәммесине бийпарықпан. Апам мениң кеўил хошым жоғын сол «теректен жығылғанымның» ақыбети деп биледи. Ол ўақыяның ҳақыйқый көринисинен бийхабар. Оған ҳеш нәрсе билдирмедим. Ара алыс болғанлықтан ҳәм аўыллар менен мерекелес болмағаннан кейин ол ўақыя бизиң жаққа жетип келмеди.

Нигардан анда-санда зорға бир хат келер еди. Онда да өзиниң аманлығынан басқа ҳеш нәрсе айтпайды. Баяғыдай ишки дебдиў менен жазылған ышқы сөзлери жоқ енди. Сонда мени аўырыўдан саўалсын деп жазды ма... я Нигар болып Шынар жазды ма, Жийенғалийдиң айтыўы менен. Кейинги ойымды дәрҳал өзим бийкарлайман. Өзи жазған. Енди болса аўылда хат бийгана қолларға түсип қалыўынан қорқса керек. Негедур хатлары «аўыр минез» болып қалды.

Майдың ортасында оннан қалыңырақ хат алдым.

«Сени ҳеш бир хатым менен қуўандыра алмадым я, деп басланған еди ол. Бул хатымда да қуўандырғандай жаңалығым жоқ. Бирақ, соны билемен, оқыў жылы тамамланып киятыр. Мен он жетиге шықтым. Аяғыма тусаў болып турғын сол «он жети» деген жасқа толдым. Бойжеттим! «Сен еле мектеп жасындасаң» деген қорқытыўлар изде қалды. Енди сениң сөзлериңди арқайын қабыл ете аламан. Жақыннан бери бизиң класстың балларында да бирден өзгерис пайда болды. Әсиресе, қызларда. Қызлар бирден бойжетип қалды, сыланып-тараныўлары басқаша. Мектеп формасын «умытып» кеткен болып, ҳәр қыйлы қымбат көйleклер кийип келетуғынды шығарды.

Бурынғыдай балларға жулқынбайды, наз етип, еркелеп сөйлейме-аў. Алдынлары қапының аўзында баллар турып қалса, «неғып турсаң, шықсеш мынаяққа» деп тоңқылдайтуғын болса, енди көзлерин сүзип «өтип кетейин» деп қыйылып турады. Адам баласының өзгериўи демде екен-аў. Мениң бирақ баяғы турысым. Я мен бул ҳалаттан ертерек өтип кеттим бе? Сиз-ғо, мени ўақтымнан бурын бойжеттирип қойған.

Анакүни тәнепистен келип классқа кирсем, тахтаға пор менен «Мәмбетназар + Нигар» деп жазып қойыпты. Кирип келдим. Жазыўды оқыдым. Парталарында отырып алған оқыўшылардың нәзери менде. «Ҳәзир уйтқытады! Ким мынаны жазған?!» деп топалаң шығарады деп отыр шамамда. Ал, мен, ҳеш нәрсе болмағандай жазыўды өширдим де орныма келип отырдым. Лекин, кеўлимдеги жазыўды өширмедим. Сол жазыўды ким жазса да, оны ишимнен жақсы көрдим. Бәлким, баллардың биреўлерине мениң тас-талқаным шығып ашыўланғаным керек шығар, мениң сени жақсы көретуғынымның бийкар болып шығыўын қәлейтуғын шығар. Маған олардың не ойлағанының қызығы жоқ. Шүдигардағы ўақыя мың жасырған менен балаларға жетип келген. Бирақ, жүзиме айта алмайды. Мейли, жайылса-жайыла берсин. Мен көшеде жүрген саяқ-сандырақ пенен гәп болмадым-ғо!

Айтпақшы, саған бир жаңалық айтайын. Бул әлбетте, сени қуўандырмайды. Керисинше кеўлинде гүдик оятыўы мүмкин. Сен бирақ, ондай гүптикейге барма! Билесең-ғо, мениң ықласым қашшан жаўлап алынған!

Жақыннан бери үйге әжағамның бир жорасы келгишлейтуғын болды. Кийиниўи, жүрис-турыслары да онша бул дөгеректиң жигитлерине усамайды. Қалың кийинеди, суўықта қалғандай. Сол келсе әжағам балық суўға киргендей сөйлеседи. Апам да тап ата-тегин бурыннан билетуғындай сорасып қата қалады. Мен жақтырмайман. Төбесин көриўден тамыма кирип кетемен. Кеткенше шықпайман. Ол да күйдирип, ҳәр келгенде қонып кетеди.

Бир күни кишем жатырған бөлмеме келди.

— Аппақ, неге усы бала келсе жасырынып жатып аласаң? — деди қасыма дизе бүгип.

— Жақтырмайман.

— Бийкар қылып атырсаң. Ол сениң бет тасалап жүргенинди басқаша ойлаўы мүмкин, — деди.

— Не деп басқаша ойлайды?

— Меннен уялды, демек, менде кеўли бар деп үмитленип қалады.

— Яғаў.

— Ырас. Еркектен қаншелли бетиңди жасырсаң, соншелли қумар болады. Оннанша барын-жоғын елестирмей кирип-шығып жүре бер. Кеўлиңе ол да усы үйдиң бир адамындай болып кетсин.

Кишемниң пикири маған унады. Соннан баслап оннан тартынғанды қойдым. Ол да мени елестирмейди. Әжағамның жорасы болса жаман ойларға барар дейсең бе?

Жақында ол бир қара қой әкелди, «Нива»ға салып. Жаңағы қойдың ийттиң қуйрығындай қуйрығы бар. Қораға қамап едик, ҳәмме қойлар оннан үркип бир мүйешке тығылды. Ол қосылғысы келип, изинен барады. Қойлар дүркиреп, ана мүйешке қарай шабысады. Үш күнге дейин үйренисе алмады. Биреўлери қораны жарып шығып кетти. Ақыры әжағам, сойдырып таслады.

Бизлерди муғаллимлер «имтиханға жақсылап таярланың, РайОНОдан, министрликтен адам қатнасады» деп қорқытып атыр. Өте алмасақ, жарынға қалып қоятуғын қусаймыз. Соның ушын буннан буяғына қолым тийе ме, тиймей ме, билмеймен. Бир ярым айдан оқыўға бараман. Сонда ушырасамыз. Апам «несийбеңди сынап көр» деп атыр. Оқыўға кирип кетсем питкергенше күтесең бе? Дым болмаса, екинши курсты тамамлағанша... Яқшы, ояғын ушырасқанда сөйлесермиз.

Нигар. 17-апрель».

Бул хат Нигардан келген соңғы хат болды. Лекин, кеўлимде үлкен үмит оятқан хат еди бул. «Нигар баяғы хатты да өзи жазған. Ол ишки сезимлерин қыпсаламай жазатуғын болған. Белдиң жалпағы буйырған сол шүдигардағы ушырасыў, арамыздағы тартыншақлықты алып таслаған. Енди ол меники. Меники екенин ол өзи де мойынлады». Лекин, бул хат ядымнан шықпас гүптикей де алып келген еди. Нигардың өзи елестирмеген менен сол «ийт қуйрықлы» мәлши қой әкелген жигит қыялымнан кетпей қойды.

Сол бир гә қуўантып, гә суўалтқан хаттан кейин «қулаққа урған танадай» тыр-тым. Хат та жоқ, хабар да. Илажсыз, оның оқыўға келиўин күн санап күте басладым. Институт ҳүжжетлерди қабыллап баслағаннан Нөкиске

шулғыдым. Қатар столлар қойылған. Ҳәр факультет ушын бир қыз ҳүжжет қабыллап отыр. Айман аға, қабыллаў комиссиясының жуўаплы хаткери болған қусайды, тез-тез хабар алып тур. Барып сәлемлестим. «Саў жүрсең бе?» деди де қойды салқын. Мен таныған менен ол танымады. Институтта ҳәр жылы қанша бала питирип шығады, қайсы бирин таныйды. Оқыўшы көп, Айман аға биреў. Кешке шекем қабыллаў комиссиясының алдында сандалып жүрдим. Ертеңине де. Нигар келмеди. Күнде-күнде бара берип көзге түсиўден тартынып, арадан еки күнди өткердим. Қыялыма жигирма күн өтип кеткендей болды. «Нигар сөз жоқ кеше барған, я алдындағы күни. Апалақлап, мени излеген шығар. Ҳүжжетлерин тапсырыўды да келистире алмады ма, бәлким.

Қабыллаў бөлимине келемен дегенше усы қыяллар менен қанат байлап ушыўға аз қалдым. Бул жерде ҳәммеси қәдимгисинше еди. Қызлар ҳүжжет қабыллап атыр. Ҳүжжетлери шала болған абитуриентлер ҳәр жерге қойылған столларда қағазларын толықтырмақта. Сырттан изи үзилмей, балалар, қызлар кирип келеди. Олардың ишинен телмирип Нигарды излеймен. Лекин, ол көринбес еди.

— Оқыўға ҳүжжет тапсырғанлардың дизими қыстырылмады ма? — деп сорадым ақыры бир факультеттиң ҳүжжет қабыллаўшысынан.

— Еле бизге қыстырың деп тәртип берген жоқ.

Айман ағаны күтип турдым. Соннан сорайман.

— Ким керек еди? — деди ол мениң қызықсынып турғанымды билип.

— Бир ағайнимиздиң қызы тапсырыўы керек еди...

— Фамилиясы ким? Қайсы факультетке?

Гибиртиклендим де қалдым. Нигардың фамилиясы жөнинде ҳеш қызықпаған екенмен. Байжанның фамилиясы да есиме түспей қалды. Қайсы факультетке тапсырмақшы екенин де билмейтуғын едим.

Усылайынша бир ай теңселдим. Лекин, Нигар ушыраспады. Мен күн арадан Нөкиске қатнаўды ада қылмадым.

— Ҳаў, Мәмбетназармысаң? — деди бир күни кимдур арт бетимнен келип билегимнен түртип. Мен имтихан тапсырыў ушын топарларға бөлинген оқыўшылардың дизимин оқып

тур едим. Олардың ишинде ҳеш қайсысының фамилиясына қызықпадым. Қыялымда «Н» ҳәрибинен басланатуғын атлар... Нәзийра, Несибели, Нәпийса, Нурсулыў... Үҳ! Ҳеш Нигар жоқ булардың ишинде.

Қарасам, билегимнен услап турған Салый муғаллим екен. Ол мени қысындырмайын деди ме, неге үңилип турғанымды сорамады.

— Жүр, сени өзиң питкерген факультеттиң деканына алып бараман, — деди де ризашылығымды күтип турмастан қолтығына алып кетти.

— Мен деканды танымайман-ғо, — дедим қысынып. — Өзгерип кеткен шығар.

— Шәрт емес. Саған сол жерде бир жумыс бар. Лаборантлық. Бир жыл-ярым жыл ислеп тур, кейин муғаллим боласаң.

— Айтпақшы, бояннан хабар ала алмадым.

— Зыяны жоқ. Ол мийнет бәри бир күйип кетти. Боянды көгергенин-көгергендей, ешкилер жеп кетипти. Қуры еккенимизге мәс болмай, әдеп қоралап алыўымыз керек екен.

Салый аға тарыдай төгилип сөйлеп келе берди. Деканның кабинетиниң алдына келип иркилдик.

— Иште ким бар? — деди хаткер қызға.

— Ҳеш ким жоқ, өзи.

Салый муғаллим бармағы менен есикти еки рет тықылдатты да, мирәт күтпестен қапыны ашты. Екеўмиз тиртеклесип ишке кирдик.

— Мынаў, анакүнги мен айтқан бала, — деди таныстырып. — Қатты саўатлы ҳәм дыққатлы жигит. Мени айтты дерсең, бир-еки жылда педагогика илимлериниң кандидаты болады. Соң — доктор, профессор... Айта берейин бе тағы-тағы, бола ма?!

— Болды устаз, сиз айтсаңыз гәп жоқ! — деди декан әбден кишипейиллик көрсетип. — Нөкисте ағайинлери бар ма екен?

— Жатақ жай ма? Жатақханаға орналастырамыз. Ректорға айтаман өзим.

— Келистик.

— Ҳәзир арзасын алып қал.

— Аўылға барып, анам менен ойласып...

Гәпим аўзымда қалды.

— Не қыласаң ойласып? Нөкиске жумысқа шақырып атыр де, болды. Қайсы ана баласының өскенин жаман көреди?! Жаз. Декан деген бул ҳәмелдар, мен кеткен соң айнып қалыўы мүмкин.

Институтқа өтиўге анық қарар етпесем де, арза жазып бердим. Ҳәзир жумыс емес еди мениң қайғым. Еси-дәртим Нигарды көриў. Оны таўып алыў. Енди көреғойсам жаздырмайман. Ол енди жасы толмаған қыз емес. Он жетиге толды. Нызам көтереди. Конституцияға сыяды. Алып кетемен. Узақларға алып кетемен. Қаяққа кеткенимизди үйдиң иши де, Нигардың әжағалары да билмейди. Дәслебинде олар тас-талқан болып ашыўланады. Усыннан қолымызға түссе болар деп гижинеди. Лекин, қолына түспеймиз. Төбемизди көрсетпеймиз. Арадан он күн өтеди, жигирма күн... бир ай. Енди олар қорқып жойта баслайды. Газетке, телевизорға хабарландырыў береди. Сүўретлеримизди көрсетеди. Биз оны көремиз де мырс етип күлип қоямыз. «Гөкек» бермеймиз. Исенип болмайды. Қайттан ҳәўижге минип кетиўи мүмкин. Бизиң апам бирақ, қатты қорқады-аў. Мейли, шыдайды. Бир күн келип мениң аманлығымды билгеннен кейин ҳәмме қайғысы умыт болып кетеди. Ямаса, бар екенимди айтып, үйге астыртын хабар беремен. Яқ, айтпайман. Онда билип қояды. Арадан айлар өтеди. Байжан хабарландырыўдан да гүдерди үзеди. Енди оған анасы кейий баслайды. «Сениң қатыберез минезиңнен — қызымнан айрылдым. Енди мени өлтир де әкеңниң қасына көм. Арқайын дем алайын» дейди. Азанда да айтады сол гәпти, түсте де. Сонда Байжан турып ант ишеди: апа, енди сол Нигар төбесин көрсетсе, бетине жел болып тиймеймен» деп сөз береди. Бул хабар бизге дийди-дийди гәп пенен жетип келеди. Әне, сонда биз күлип-ойнап кирип барамыз. Еки аўылда гүрлеген той болады...

Мениң қыялларым соншелли қәўпеки, оның арасында тарыдай мағыз жоқ еди. Лекин, сол мағызсыз қыялларыма исенер едим де!

***

«Айдың он беси қараңғы болса, он беси жақты» деген. Дүзден таппай келген жақсы хабарды үйден тапқандай болдым.

Келсем апам намазлыгер оқыў ушын жаңа жайнамазға аяқ қойып атыр екен.

— Келдиң бе, балам? — деди жеңлерин бармақ ушына дейин түсирип атырып. — Көзи қурғыр гиреў тартып баратыр ма, жаңа қарап келип едим. Көринбедиң.

— Туўрыдан, ғаўаша атыздың ортасы менен келдим, апа.

— Келсең болар. Ана әтөшкирди жайнамаздың алдына таслап жибер. Сөйт те, шайыңды өзиң қойып жибере-ғо.

— Шайға ерте-ғо, кеште бирге ишермиз.

— Онда ана, өзиңниң дастығыңның жоқарысына қолыңды суқ!

— Не бар, өйерде?

— Бағана почта бала бир хат берип кетип еди.

Ол усыны айтты да еки қолын қулағына апарып, намаз оқыўға киристи.

Апамның «өзиңниң дастығың» деп атырғаны еки адам қатар жатыўға арналған, бас бети қурақ көрпеше үлгисинде тигилген дастық еди. Оны мениң менен келинине арнап соғып қойғанына үш-төрт жыл болды. Дастықтың үстиндеги еки мақпал көрпе менен бес-алты қурақ көрпеше де бизлерге арналған. Лекин, сол төсеклер күтип турған «бизлер»диң еле «мен»и бар-дә, «ол»ы жоқ. Қашан болатуғыны да биймәлим. Апам ара-тура жүкти қайтадан жыйнап атырған ўақытлары қысынып кетемен. «Қоя бер апа, жыйнайтуғын адам келер» деп айтқым келип турады да, жараның аўзын тырнап алмайын деп, тилимди тислеймен. «Қашан келеди, балам? Әйтеўир, ийман жүзли нашар ма?» деген саўалларға ужыбатлы жуўап бериўден қорқаман. Нигардың әлбетте, анама жағатуғынын билемен, лекин, еле ўәдени бир жерге қойыспағаннан кейин оны сыр тутқаным мақулырақ.

Апамның өзгелерден таса қылатуғын бирер нәрсеси болса жаңағы жүктиң арасына тыққышлайды. Бул жүкти өзинен басқа ҳеш ким қозғамайды. Қулыпта турған менен барабар

бүйерде турған зат. Соның ушын ол хатты да усы дастықтың үстине — мақпал көрпениң астына қойған екен.

Хат қолыма қап-қалың тийди. «Буншелли узақ сәббе әңгимени ким жазды екен?» деп ойлап қойдым ишимнен. Баяғы Гүлшийраның хатынан кейин бундай томпақ конверт алмаған едим. Және сол болса... О, тоба!!! Хат Нигардан! Нигардың хаты! Жүрегим ҳалласлап кетти. Өзин көре алмай жүрген мен ғәрипке, ол усы хаттың ишинен секирип шығатуғындай, ашқанша асықтым.

Хатты үйде оқыўға да исенбей, биреў-миреў келип дыққатымды бөлмеў ушын ерик бағ бетке кеттим. Май-ериктиң астындағы кесилген түбирдиң үстине тез отырдым да, хатты оқыўға киристим.

«Сәлем Мәмбетназар!

Билемен, мениң хатымды емес, өзимди күтип жүргениңе бираз болды. Саған берген ўәдемниң үстинен шыға алмағаным ушын кеширим сорайман. Бунын әлбетте, орынлы себеплери де бар. Оны хат даўамында билип аларсаң.

Сен емлеўханада жатқандағы жазған биринши хатымды еслесем, елеге дейин уялып кетемен. «Нигар, сол хатты ырасақ, сен жаздың ба? — деймен қолымдағы дөңгелек айнаға қарап турып. Сонда жүзлерим лалаптай қызарып кетеди. Айнадағы сүўретимди басқа биреўдей сезип қысынаман. — Ақыры, биреўдиң қолына түсип қалады деп ойламадың ба?». «Яқ, ойламадым, деп өзиме-өзим жуўап беремен. — Ақыры, ол мен себепли жәбир шегип жатыр ғой! Оның кеўлине кимдур жубаныш болыў керек емес пе? Меннен басқа ким оған жубаныш бола алады?! Усы гезде жүзимдеги қызыл серпилгендей болады, сәл өзиме келемен. Қәйткенде де, сол хатты шын кеўлимнен жазғанлығыма налымайман. Сен бирақ, оны «өз жүрек сырым» деп пинҳамы сақла, егер сақлап жүрген болсаң. Оны тысқа шығарма. Ҳеш кимге паш етпе.

Саған жуўап бериў аўыр болса да, бир саўал бермекшимен. Сол күннен баслап мениң аўҳалым қалай кешип атырғанын бир ойлап көрдиң бе? Қандай жағдайда мен өз үйимнен кирип-шығып атырман? Аўыл-елде қалай бас көтерип жүрмен? Мениң сезимлерим алдамаса, сен ол ҳаққында ойланып та көрмедиң. Сен тек ғана мениң

менен дийдарласыўды, мени еркиңе бойсындырыўды ғана ойлайтуғындайсаң. Усындай ойларға барған ўақтымда сени жаман көрип кетким келеди. Бирақ, ол қолымнан келе бермейди. Қәйткенде де, арамызда көринбес бир нәзик тар бардай. Ол тар ҳәр барымға барып тартылып тура ма, я бир ўақлары үзилип кете ме, билмеймен.

Сол күни маған шүдигарда не бар еди?! Менсиз тамыр терилмей қалар ма еди? Сиз де мениң келиўимди күткен жоқ единиз. Гәптиң ҳағы, солай емес пе? «Кишем, қазан-табағымды жуўып алайын, орныма бир заман барып тур» деп айтты, деп жалған сөйлеген едим сонда.

Керисинше, ол гәпти мен айтқанман оған. Күткенимиз үш адам, жумыстан қалып жуўғандай қазан-табақ бар ма? «Еркек адам деген әңгөдек болады» деген ырас екен. Сизлер соған исендиңиз. Бәлким, исенбеген шығарсыз. Қазан-табақ жуўылған жуўылмағанының не парқы бар сизлерге?! Мен бәри бир сизлерге исенимли дәлил таўып айттым деп, өзимди еркин сездим. Негизинде, мени қандай да бир күш ийтермелеп апарды өйерге. Бүгин де мени көре алмасаңыз қолды бир сермеп қайтып кететуғындай көриндиңиз. Сонда сени аяп кеткендей болдым. Өзимниң де сени көргим келди-ғо, ырасын айтсам. Енди ойласам, өз-өзимнен қысынып кетемен. «Неге мен ушқынып баратыр екенмен сонда?! Аўылда алды жигирма беске, кейни жигирмаға келген қызлар баршылық-ғо. Ҳеш бириниң анаў я мынаў жигитке тисиниң ағын көрсеткенин еситпеймен». Қулласы, меннен болсын, сеннен болсын, сол күни «гүзе сынды». Қай ўақ-бир ўақ «сынарын» жүрегим сезер, бирақ ол қай ўақта «сынады», қәйтип «сынады», маған неғайбыл еди. Мине, енди ҳәммеси рәўшан болды.

Саған еки мәрте белдиң жапсары барып тийгеннен кейин шалқаңа жығылдың. Мен кейин бәсиўим менен отырып қалдым. Әжағам сен жығылғаннан кейин белди бир қапталға атып урды, соң домаландырып теппеге қарады. Керзовой етик гә жаўырыныңа, гә қабырғаңа, гә жамбасыңа «сарт-сарт» етип тийер еди. Әдебинде аўырсындың, бирақ, бет-жүзинди тасаламадың, жалынбадың да. Сен сонша таяқ жеп атырсаң да, мениң алдымда әззилик көрсеткиң келмей,

тисиңди-тисиңе қойып шыдадың. Ал, мен болсам... саған хәр тепки тийген сайын силкинип түсер едим. Бирақ, араша түсе алмадым, қой деп айта алмадым! Мүмкин бе еди, айтыўым! Егер қыз қарындасың бар болса, мениң орныма, өзиңди әжағамның орнына қойып көр. Ким болғанында да, ағалы-қарындастың арасында буған араша түсиў қыйын еди.

Әжағам сени өлимши қылып урмағандай көринди маған. Ырастан да солай ма, яки сениң шыдамлылығыңнан солай көринди ме, қулласы, мен сениң өмириңе қәўип келеди деп ойламадым. Еки күннен кейин Шынар кишемнен еситип, жүрегим бир түрли болып кетти.

— Әжағаң-әм дым ойсыз-аў, — деди ол маған. — Көгермеген жери қалмапты. Мийи аўылжыған, қабырғасына зақым келген... Егер «кешикти-ғо» деп Жийенғалий излеп бармағанда, азанға дейин қуда биледи не боларын!

Жүрегим шоршынып кетти сонда. Бирақ, хеш нәрсе дей алмадым. Не дейин, әжағамды гиналайын ба? Сени аяғанымды билдирип, сыр шашайын ба? Олай ете алмадым. Бәрин ишиме жуттым.

— Анасы бийшара, қудайдан тилеген мүсәпир хаял екен, — деп атыр ол.

Анаң хаққында да пикир бирдирмедим. Арадан бираз өткеннен кейин сол биринши хатымды почтаға берип жиберип, өзимди сәл жеңил сезгендей болдым. Сол мениң кеўлиңди алғаным еди. Сол сениң мүсәпир анаңа айтқан тәселлем еди.

Әжағам мени билезиклигимнен қатты қысымлады да, «Бозжап»тың ырашындағы арба жолға сүйрелеклеп алып шықты. Ылақтырып урған белине де қараған жоқ. Оның ашыў менен жүргени соншелли, анаў-мынаў жорға атқа жетип алғандай еди жүриси. Мен болса аяқ кийимим түсип қала жазлап, изинде ентелеп киятырман. Бир ўақта алдымызда пададан бөлинип қалған қой-жанлығын айдап киятырған ешекли адам көринди. Жақынлағанда таныдым, ол ағамның жорасы, Қайпан аға екен. Аўылда оның «радно» деген лақабы бар еди.

— Әжаға, өзим жүрейин, — дедим, ертең аўыл-елге дағаза болып кетиўимнен қорқып. — Қайпан аға киятыр, уятты.

— Әжаға деме маған, әй, жүзи қара! — деп қолымды оннан бетер қаттырақ қысымлап, жүрисин бурынғыдан да тезлетти. Лекин, өзи де уялды ма, бир гез «алдыма түс» деди қолымды жиберип. Мен жуўырып алдына өтип алдым. Қайпан аға тусымыздан қашан өтип кетти, оны да абайламаппан.

Сен қалай жек көрсең де бул жерде әжағамды гиналай алмайман. Оны да түсиниўимиз керек. «Қызыл жүзли жигиттиң, қыз қарындасы болмасын» деген. Бизиң көзсизлик пенен қылған ҳәрекетимизди бул аўылдың үрп-әдети көтермейтуғын еди. Оны өзиң де билесең. Билип турып, сезимнди жылаўдай алмаған айыпкерсең! Мен де сол айып иске шерикпен, өзимди ақламайман.

Үйге келгеннен кейин жайыма кирдим де, дус төмениме түсип жатып алдым. Көкирегим өксикке толып кетти, бирақ, жылай алмадым. Жылаўға әжағамнан қорықтым.

— Бармай-ақ қой, — деген еди сонда кишем. — Бағана ол жигитке әжағаң қыр көрсетиңкиреп қойды. Сезикленип жүрмесин.

Мен оның гәпин еситпегенге алдым. Оның гүмансыраўы маған исенимсиздей түйилди.

Айтқанынша бар екен, күнди батырмай үйге кирмейтуғын әжағам, сол күни тракторы бузылып, ертелеў келипти. Яки бузылғаны да баҳана ма, билмеймен... Келсе, мен жоқпан. Сениң аўылға келгениңнен гүмансыраған ол, белди ийнине сала «Бозжап»тың айланбасына қарай тартқан екен.

Қулласы, соннан баслап әжағам бар ўақта дастурхан басына бара алмайтуғын болдым. Күнлердиң күнинде шай да ишпей, аўқат та жемей, аштан-аш жатып қалар едим.

— Әжағаң кетти, аўқатыңды ишип ала ғой, — дейди кишем.

— Яқ, иштейим жоқ, — деймен мен.

Кейин апам келеди.

— Аштан-аш жатпа, кесел табарсаң...

Менде үн жоқ.

— Ол жүўермек болмағыр да аўылға келип не қылады екен? — дейди илажсыз.

Мен анамның «жүўермек болмағыр» деген көзаба ғарғысын еситип, кеўлим орнына түскендей болады. Демек, апам әләмата қарсы емес.

Ҳәр сапарғы хатымда усыларды айтып жазғым келип турады да, және кейинге қалдыраман. «Ўақты-сәти келеди, сонда айтаман» деймен. Бүгин, мине ўақты-сәти келгендей. Енди айтыўым керек. Себеби, сиз маған өкпелеп жүрсиз, «я өзи жоқ, я хаты жоқ деп». Бирақ, ҳеш кимге айта алмайсыз. Жалғыз ғана сырымызға қанық Жийенғалий аға да бизиң аўылда! Оған бара алмайсыз. Ол жолды өзиң беклегенсең. Енди «Искендердиң шақы бар» деп қудыққа бақырыўдан басқа илажың қалмаған сениң!

Ырасын айтсам, саған хат жазғандай кеўил хошым болмады. Бәҳәрге қарай өз-өзинен қол-аяғымнан диңке кете баслады. Жасарын жасап, димары кеткен кемпирдей, қурттай дизе бүксем жатқым келеди. Уйқыламайман, бирақ, турыў жақпайды. Өз-өзимнен терлеймен. Былайынша, жаныма батып баратырған кесел жоқтай. Бирақ, ҳәлсизбен, аўқатты да мейлим ала бермейди. Кем-кемнен аза басладым. Әдеп таң алдында жеңил жөркиринетуғын едим. Соң ол жөтелге айланды. Бара-бара азырақ жүрсем ентигетуғын болдым. Саған «аттестат алған соң оқыўға бараман» деп жазарын жазсам да, бара алар ма екенмен деген гүдик пайда болды кеўлимде. Ҳақыйқатында да, сол гүман соңында ырасқа айланды. Аттестатты алып болдым да, үйге келип бойымды тасладым. Сол жатқанымнан тура алмадым. Төсек тартып жатып қалдым. Апам мусылман тәўиплерди әкелип көрсетти. Жаўырнымда гүзени бығырлатып сук шығартты. Кишем екеўи қолымнан услап оттан атлатты. Биреўининң ийнедей пайдасы тиймеди. Ақыры, «тез жәрдем» шақырып, районға жиберди. Қасымда кишем барды. Барғанша өзимниң денсаўлығымды емес, және алдымнан сол Рахима менен Гүлшийра шығып қалыўынан сезикленип бардым. Оларға не бетим менен қарайман деп уўайымладым. Қудай жарылқап, олар жоқ екен. Рахима Нөкиске көшип кетипти, Гүлшийра декретте екен. Кишем сол жердеги ҳаяллардан сорастырды. «Бурын емлеген докторы бар еди» деп сорады, тап соларды сағынып турғандай. Кишемниң түсимпазлығына риза болдым. Айтпасам да, ол мениң сол екеўинен сезикленип келгенимди сезген еди. «Енди арқайын болдың ба?» дегендей, көз қыйығын таслап күлип қойды.

Районда он күн жатып емлендим. Бери қарамадым. Динқке енбеди. Ақыры, санавиациядан доктор шақырып Нөкиске — диспансерге жиберди. Сонда жол бойы Рахиманың баяғы гәпи есиме түсти.

— Сениң көкирегиңде уйқылап атырған бала пышық бар, — деген еди ол сонда. — Соны түргелтип, шығарып жибериўимиз керек.

«Демек, сол бала пышық үлкейип, жолбарысқа айланған!»

Сол болжаўым дурыс шықты. Өкпемнен үш литр суў алды. Соннан кейин барып өзимди жеңил сезе басладым. Бир ҳәптеден кейин мени дәрья бойындағы санаториясына жиберди.

— Сенде туберкулез жоқ, — деди емлеўши доктор. — Тек өкпеңди аязлатып алғансаң. Ол созылмалы түске айланбаўы ушын санаторияда, таза ҳаўада бир-бир ярым ай емленсең, кейин сен көр, мен көр болып кетесең.

Ҳәзир бул жерде жатқаныма да еки айға шамаласты. Доктордың «бир-бир ярым ай» дегени, «екеўин қосып есаплай бер» дегени емес пе екен, деп ойлап қояман.

Бираз жақсы болғаннан кейин саған ҳәммесин айтып хат жазыўды ойладым. Лекин, тартындым. Ақыры, бул кеселлик пенен аўырғанлар адамлардан жасырып, керек болса басқа жақларға барып емленип жүреди ғой. Сонда мен қалай сеннен «сүйинши сорайман»?! Ўақты сәти келсе еситерсең. Бәлким, меннен безигип кетерсең. Не болса да мен пешанама жазғанына қайыл болдым. Саған ҳәзир хат жазып отырып, сениң меннен тиксинип, бойыңды аўлақ тутатуғыныңның көз алдыма елеслеп, қорқып кеттим. Ырастан да, кеўлиңнен ондай ой кешсе өкпелемеймен. Бул өмир деген, ақыры. Сени маған, мени саған мәжбүрлеп таңып қойған жоқ.

Кешеги ҳәпте кишем келди. Аўыл районға бурыў болғаны ушын жол қызартып келе бериў де аңсат емес. Соның ушын да, оларға «келе бермең» деп қойыппан. Бирақ, апамның дәти шыдай ма? Бир ҳәпте өзи келсе, бир ҳәпте кишемди жибереди.

Кишем кешеги келгенде жүдә ўақты хош еди. Нениң қуўанышы екенин билмеймен.

— Аппақ, көз тиймесин! — деди анадайдан қушағын ашып. — Ақ көрпештиң нанындай, порсылдап турыпсаң!

Ол ана бетимнен, мына бетимнен шорпылдатып сүйип атыр.

Оған да қуўандым. Биразлар қол ушын зорға береди-ғо.

— Қоя ғой, жалап тасладың ғой! — деп атырман күлип.

— Адамлар жаламақ түўе ләбин тийгизиўге жете алмай жүр, — деди әбден марапатлап. Билдим, оның бул гәпи маған лийкин менен, сени тымсаллап атырғаны еди.

Ырастан да, бир айлағаннан кейин өзимниң әдеўир жақсы болғанымды сезер едим. Қайтадан толыса басладым. Мөлерип, нуры қашқан көзлерим, бурынғыдай жаўдырап туратуғын болды.

— Муғаллим келип тур ма? — деди кишем аздан соң.

Ол сени «муғаллим» дейди. Мен бул сөзден шоршынып кетемен. Көз алдыма мектепте оқытқан муғаллимлерим елеслеп кетеди.

— Еситпесе қалай келеди! — дедим оған.

— Еситпей тура ма, алақандай районның иши. Дым болмаса, Жийенғалий қарақулағы бар.

Мен «жақсы, жаман» деп гәп қоспадым. Кишем жақтырмағанымды билди де, артық-аспай гәп айтпады.

— Аппақ, бир гәп айтайын, ашыўланбайсаң ба? — деди қайтар гезде. «Не айтасаң?» — дегендей жүзине тигилдим. Ўәде бермедим, ашыўланбаўға.

— Әжағаңның жорасы баяғы гәпти жаңғыртып жүр, — деди гәпиниң изин даўамлап. Кишем бир айлықта келгенинде оның майын тамызып мақтап кетип еди. «Маған ҳәзир жан қайғы» деп гәпин өре бастырмадым сонда. Мениң жақсы болып киятырғанымды сезип, гәпти жаңалады. Оның үстине сениң келмегениң де қонып кетти.

Бул гәптиң боларын әлле қашшаннан-ақ сезип жүргеним ушын жаңа еситип атырғандай болып шоршынбадым. Кишем мениң бул гәпке қандай мүнәсибет билдирежағымды түр-түсимнен аңлап билгиси келди, бир дегеннен шоршып түспегениме үмитленди де.

— Енем азанда тапсырып жиберди, «әсте-ақырын аўзын ийискеп көр» деди.

— Ийт қуйрықлы қой әкелип аўзыңызды майлаған шығар? — дедим ызғарлы күлип.

— Яғаў, аппақ, дүньяда турған не гәп бар! Қайсы ата-ана перзентиниң бахытлы болғанын қәлемейди?!

— Мен еле оқыйман, студент боламан, қыз-жигитлер менен қосылып, калонна болып пахтаға бараман... — дедим еркелегендей болып. Соң сәл қабағымды шыттым. — Ҳәзирше мениң тәшўишимди тартпай-ақ қойың.

Ырасына келсем, саған да усы гәпти айтпақшыман. Билемен, сен тезирек үйленгиң, апаңды келинли еткиң келеди. Ал, мениң дийдим басқа. Қыз болып, бойымды жазып жүриўди ҳәўес етемен. Аўылға автобус толы студентлер пахтаға келгенде, оларға аңсарым аўып турар еди. Қәне, енди мен де усылардың ишинде болып, көп пенен бирге қосық айтып келсем...

Кишем соннан кейин аўыз жасқан ҳеш нәрсе демеди. Жүзиндеги бағанағы қуўаныш та өз-өзинен жоғалып кеткендей болды. Мениң дәрўазаға дейин ерип барыўымды да қәлемеди. Кеўлиме сонда бир сумлық келди. Ол шамасы «шарўа күйеў баласының» машинасында келмеди ме екен? Маған «аппақ қыз, ақ көрпештиң нанындайсаң» деп хошамет урыўы тегин емес еди, ақыры! Кишемниң үмитин пушқа шығардым.

Бул гәплерден мениңше әжағамның да хабары бар. Кишем екеўиниң тили бир. Ол сол бир шарўа жорасын жүдә жақсы көреди. Армияда бирге болғанмыш. Апам да әжағама қарсы тура алмайды. Жаслайынан «атадан қалған бир туяқ» деп, соған бар бийликти берип қойған. Қызлар кетеси адам болғаны ушын туяққа есапланбайды екен. Ағам қайтыс болғанда әжағам тоғызыншы класс еди. Жаназа тарқағаннан кейин аўылдың жасы үлкенлери ҳәммемизди бир өжиреге жыйнады.

— Келин, — деди бизиң апама Искендер мақсым. — Өлмектиң изинен өлмек жоқ, тири тиришилигин ете береди. Қудайға шүкир, қуры алақан емессең, усы үйдиң морысынан түтин түтетип отыратуғын мына Байжан бар. Енди усы баланы бийлеп-төслеўге үйрет. Той мерекеге ертип бар. Гези келгенде өзин жибер. Ағайин-туўғанды таный берсин. Аманлық болса бир-еки жылдан бул есикке «Байжанның үйи» деп ат келетуғын болады. Балам, сен де ойынды жыйнастыр. Енди үлкен жигит болдың. Әкеңниң өлими сени ерте есейтип қойды. Балалықты умыт!

Сол-сол екен, әжағам бирден үлкен адам болды да қалды. Үйде буйырып сөйлейтуғынды шығарды. Ақырғы сөзди сол айтатуғын болды. Онысына ғой, тарысымыз жоқ, лекин...

Кишемнен, әжағамнан кеўлим қалып, ар-сарым шығып жүргенде санаторияда бир кеўилсиз ўақыя жүз берди. Бир күни азан менен ҳәмме наўқасларды жыйнап бас врач мәжилис өткерди.

— Ағайинлер, апа-қарындаслар, сизлерге бул аўҳалды айтпасам, ескертпесем болмайды, — деди ол ҳәр сөзин салмақлап сөйлеп. — Бул жерде ҳәр жылы келип жататуғынларыңыз бар ишиңизде. Олар бир-бири менен ағайиндей болып кеткен. Кеўил жақын болып қалған. Лекин, усындай кеўил жақынлықтың изи гейде насырға шабатуғын пайытлары да болады. Билетуғын шығарсыз, Қәдирбергенова деген наўқасымыз буннан бир ай бурын түнде санаториядан шығып кетип, қайтып оралмады. Күйеўи еки-үш күннен келип, «ҳаялымды таўып бериң» деп шатақ салды. Биз оны таўып бере алмадық. Үш күн болды, сол келиншектиң өли денеси табылыпты. Оны өлтирген де бизге доҳ урып жүрген сол күйеўиниң өзи екен. Ҳаялын қыянет үстинде қолға түсирип, жазым қылыпты. Қыянеткер жигит болса қашып кеткен қусайды.

Мен әлбетте, сизлердиң бәриңизди айыпламайман. Бирақ, сергек болыўға шақыраман. Ондай-бундай ҳәрекетлерди сезсеңиз, ақыллandырыңлар. Бул жерде ҳәмме тек денсаўлығын ойласын. Санатория айшы-әшрет қуратуғын мәкан емес.

Бул гәп ҳәммеге батты. Әсиресе, ўақты-ўақты келип емленип туратуғын келиншеклер қатты өкпеледи.

— Ҳәр кимниң өзине инсап берсин! — деди сыртқа шыққаннан кейин тоңқылдап.

— Ҳәммени бир аршын менен өлшеўге болмайды-ғо!

— Аўа-дә! Аўзым бар екен деп айта бере ме түўе!

— Байы турып қыянет етти ме, обалы жоқ! Еле де аз оған!

Сонда бир кейўаны ҳаял оларды басты.

— Билип қойыңлар, — деди ол. — Ҳәммемиз де ҳаслы нашармыз. Мен билсем, ҳаяллар тегинликте ерине қыянет етпейди. Мен ол нашарды жақсы таныйман, ўақты-ўақты күйеўинен басқа бир жигиттиң келетуғынын, екеўи тораң-

ғыллықтың арасы менен дәрья бойына барып қайтатуғынын да сезгенмен.

— Сиңлим, сениң бул жүрисиң уят ғой, — дедим бир күни. — Әп-әнедей күйеўиң бар...

— Апа, сол «әп-әнедей» күйеў маған убыжық болып көрineди-ғо, — деди ол. — Мен оны жақсы көрмесем. Үш-төрт жигит болып сорамай-соқпай мени бас салып алып қашып кетти. Мен дүзде жүрген түйетаўықтың баласы емеспен-ғо! Изимнен барған жеңгелериме дәтимди шағынсам, қулақ аспады, «усы жерде гүм бол, қайтып барсаң әкең өлтиреди» деп таслап кетти. Мениң ҳәр бир түним жылаў менен өтти. Күйеў болмыш заңғар маған бир аўыз жыллы сөз айтыўды билмеди. Кеўлиме жол таппады, жабайыларша денеме қол салды. Жүрегимди жаралады. Өмир бойы сүймеген адамың менен бир дастыққа бас қойыўдың қаншелли аўыр екенин билесиз бе? Әлбетте, билмейсиз! Бул сизиң басыңыздан кешпеген. Мен болсам, күндиз екеў, түнде үшеў болып жасап атырман. Сиз көрген жигит мениң жаслықтан кеўил берген адамым. Оның қушағында жан бериўге ыразыман!

Алла таала оның тилегин қабыл етипти. Бирақ, изинде жаман ат қалды.

Соң бир рәўият айтты.

Бир елдиң патшасының тоғыз ҳаялы бар екен. Ол бир күни ҳәмме ҳаялларын сарҳәўиз бойына жыйнапты.

— Мен сизлерди өзим жақсы көргеним ушын жуптыҳалаллыққа алдым. Бирақ, сизлер мени жақсы көресиз бе, көрмейсиз бе, ояғын билмеймен. Бүгин соны сынап көрмекшимен. Мен ҳәзир ҳәўизге бир алма атаман. Қайсысыңыз мени жақсы көрсеңиз, сол алмаға тырнақ батырмай алып шығасыз.

Патша алманы суўға атыпты. Тоғыз ҳаял теңине суўға бойларын таслапты. Ҳәп заматта патша атқан алмадан намыў-нышан қалмапты.

Лекин, ең кейнинен суўдан шыққан патшаның кишкене ҳаялының қолында жарысы сары, жарысы қызыл алма жалтырап турғанмыш!

— Сиз буны қалай аман алып шықтыңыз? — депти патша.

— Бул көз бояўшы! — деп шуўласыпты ҳаяллар. — Алма қаш-шан тақандай унталып кетти.

— Тақсыр патшайым, күндеслерим туўры айтып тур, сиз атқан алмадан нәрсе қалмады. Лекин, мениң кеўлимде сизге атаған өз алмам бар еди. Бул мениң сизге болған муҳаббатым еди, оны қай ўақ-бир ўақ өзиңизге билдириў ушын қолтығыма қысып сақлап келгенмен. Мине, енди мәўрити келди.

— Мениң ҳәўизге алма ататуғынымды қайдан билдиңиз? — депти патша.

— Өткен ақшам түсиме аян берди. Билесиз бе, патшайым, мен алып шыққан алманың бир жағы сары, бир жағы қызыл. Сарысы бул саған кеўлимди қалай билдиреримди билмей шеккен уўайымым, қызылы болса — кеўлимдеги қызғаныш. Мен усындай жәннет жайда жасап атырсам да, сегиз күндесимнен сизди қызғаныў менен ишқысталықта күн кеширип атырман.

Патша сол жерде сегиз ҳаялын талақ етип, кишкене ҳаялы менен бир өмир жасап қалыпты.

Мен ол ҳаялды гүналамайман. Егер еркек өзине өмирлик жолдас таңларда, ҳаялды мүлик сыпатында көрмегенде бундай аўҳал жүз бермес еди. Ол да адам, оның да жүреги бар, сезими бар. Оны есапқа алмады ма, ақыбети мине усындай шерменделикке алып келеди.

Кейўаны ҳаялдың әңгимеси ҳәммеге тәсир етти. Қайтып ол ҳаққында гәп-сөз еткенди қойды. Бәлким, ҳәр келиншек өзлерин сол патшаның кишкене ҳаялының орнында көрди ме, яки сол сегиз күндестиң бирimен деп есаплады ма, оны ишлери биледи. Бәри бир бир-бирине от пенен суўдай қарама-қарсы муҳаббат пенен қыянет ҳәмлениң де кеўлинде өз тәсирин қалдырды.

Сонда мениң көз алдыма кишем келди. Әжағамның шарўа жорасын сонша келип мақтайды. «Сенде кеўли бар екен» дейди, ал меннен «бийкеш сениң кеўлиң бар ма онда» деп сорамайды. Ол мени усы кейўаны ҳаял айтқандай, мүлик сыяқлы көрип отырған жоқ па екен?

Қулласы, мен сениң басыңды аўырттым я! Зыяны жоқ. Көптен бери көрмеген соң айтажақ гәплерим ишиме тығылып қалған екен. Ушырасқанда да бул қурақым сөйлесе алмас едик. Сениң «тәртипсиз қолларың» мениң ҳәм өзиңниң тилиңе нәўбет бермес еди.

Мени кеше қайтадан рентгенге түсирди.

— Өкпең ақ қағаздай тап-таза. Сени диспансерлик есаптан шығарамыз, ендиги ҳәпте үйиңе қайтасаң, — деди доктор. Усы хатты да соннан кейин жазыўға қарар еттим.

Бағана апам келди. Оған қашан шығатуғынымды шамалап айтып жибердим.

Саған соңғы айтатуғын өтинишим санаторияға келме. Бәри бир, сен келемен дегенше мен шығып кеткен боламан. Ақыры, бул хат аўылдың почтальонының «дорбасында» еки-үш күн жүрип қалатуғынын билемен. Мениң менен дийдарласыўды және бир жыл күтиўиңе туўра келеди. Оған дейин он бес-жигирма күннен хат жазып тураман. Сағынсаң, ақшамлары айтқан қосықларымды есле. Сабырсызлық етип аўылға излеп барып жүрме. Еки мәрте қәтелесиў жигит адамға намыс болады. Саған сабыр, тақат тилеп Нигар.

*15-июль, 1979-жыл.*

Бул хат мени биротала есеңкиретип таслады. Кеўлимди түсиниксиз бир сезим бийлеп алды. Қуўаныш па, уўайым ба — билмеймен. «Сағынсаң, ақшамлары айтқан қосықларымды есле...», «Санаторияға келме. Сабырсызлық етип аўылға барып жүрме».

Яқ, бараман! Аўылыңа емес, санаторияға бараман! Шығып кетсең де бараман! Изиңди көрип қалыў ушын бараман! Қәйерделигиңди билип турып тыныш жата алмайман!

... Санаторияның алдындағы қойыў терекзарлық узақтан көзге түсер екен. Көк жапырақлы орысы тереклер менен қара ағашлар орысият елиниң қойыў саяманлы тоғайларына мегзейди. Саяманның ҳәр жерине шойын темирге қатар рейкалардан қағылған аўыр скамейкалар қойылған. Олардың биринде төрт-бес ҳаял-қыз, тағы биреўлеринде бес-алты ер адамлар өзлеринше әңгиме-гүрриң қурып отырар еди.

Саяманлыққа жақынлаўым менен ҳаял-қызлар отырған скамейкадан бир қыз түргелип маған қарай қәдем таслады. Ол Нигар еди! Үстиндеги қырмызы түсли көйлеги, басындағы бир тартым жуқа орамалы қәдди-қәўметине сондай жарасымлы еди. Қәнекей, ҳәмме мениң көзим менен көрсе. Егер мен

художник болсам «бир заман қыймылдамай тура тур: сүўретинди сызып алайын» деген болар едим. Ақ қуба жүзли, тебендей шаншылған кирпиклери, каман киби ийилген қаслары... бәри-бәри маған өткендеги үлбиреген уўыздай жас Нигар емес, толысып, жеңгеси тәрийиплегендей ақ көрпештиң нанындай порсылдаған, сүйкимли бир перийзатқа айланған еди. Ол өзиниң изинен көзлери менен гүзетип қалған ҳаяллларға итибар бермеди.

— Хат барыў менен бери қарай шаба бердиң бе? — деди наз бенен күлип.

— Шабыў деген не — ушып келдим!

— Қонғаныңды көрмедим-ғо!

— Дәрўазаңның алдына келип қондым.

Жүзлеримиз гүл-гүл жайнап қуўаныш пенен көристик.

— Ана жерде беседка бар, жүриң, — деди ол терекзарлықтың ортасына қарай жол баслап. Беседка бизлер ушын ажыратылғандай, ҳеш кимсесиз еди.

— Шығып кеткенимде қәйтер едиң?

Нигарда бурынғыдай уялшақлық жоқ, ол маған сөз арасында күлимлеп нәзер таслайды. Мыйық тартыўы қандай сүйкимли дейсең! Бурынлары ол усы қылықларын жасырып, күлсе нәзерин төмен алып ямаса қоллары менен жүзин көлегейлеп, мени бул гөззаллықтан маҳрум қылып, бетер интықтырар еди. Арадан өткен сәл кем бир жыл оны тәўирақ есейттирипти. Ол өзиниң бой жеткен қыз болғанын толық аңлапты.

— Онда мен және аўылыңа жетип барған болар едим, — дедим нәзик саўсақларын қысымлап.

— Жинли болыпсаң! Енди барсаң маркор кетпен жейсеңғо!

— Мейли, жей беремен! Ушырған қусым қолыма қонғанша ҳеш нәрседен тайынбайман!

— Қашан ушырып едиңиз, қусыңызды?

— Еки мәрте ушырып алғанман, биринши мәрте емлеўхана сыртындағы қараман ағашлар басынан, екинши мәрте «Бозжап» бойынан.

Ол сыңқ-сыңқ күлди. Усы рет бурынғысындай нәзерин пәске қаратып, бармақлары менен ләблерин жасырды. Бунысы және де сүйкимлирек көринди маған.

— Нигар, кетейик? — дедим мен.

— Қаяққа?

— Алыс-алысларға... Қулақ еситип, көзге көринбейтуғын жақларға...

— Мүсәпир ананды умытып кетежақсаң ба?

— Айланып келемиз. Сениң әжағаңның ашыўы басылғанда аспаннан түскен қумыры қуслардай бирден пайда боламыз.

— Қумыры қуслар узаққа ушпайды.

Мен гәптен утылдым.

— Болмаса, туўры бизиң аўылға...

— Бәри бир, еки-үш жыл күтиўге туўра келеди.

— Неге? Не ушын? Мен сени көрмегениме сегиз ай болды. Билесең бе, бул айралықты қандай қыйыншылық пенен өткердим?!

— Билемен. Соның ушын да хат жаздым ғой.

— Онда кетейик. Апам ҳәр күни тойға деп жыйнап қойған шүберек-шаршысын қайта тақлап көреди, сөйтип атырып «өлимлигиме буйырмаса болар еди-аў» деп гүрсинеди. Анам ҳәр гүрсинген сайын жерге бир қарыс киргендей боламан.

— Ким тартып алады оннан?

— Сениң муҳаббатың!

— Анаңа айт, өлимлигин ойлай бермесин, сен келин қылмақшы болған қыз келеси жылы оқыўға тапсырады де, студент болады де, соң биринши курсты питиреди, кейин екинши курсты, оннан соң...

— Болды, болды, узақлап кетти...

— Неси бар? Мен анаңа оқымыслы келин болып түсемен. Оны өз анамдай етип ҳүрметлеймен. Бет ашарда тәжим етип сәлем беремен. Аўқаттан кейин ийилип табақ аламан, пәтияға қол жаяман, қолына суў қуяман, тәрбиятлайман, кир-қоңын жуўаман, жуўып тарайман, басын қарайман... Қалай, анаң риза бола ма меннен?

— Риза болғанда қандай? Анамның қуўаныштан өмир жасы және де узайады.

— Сен не қыласаң?

— Мен сени алақанымда көтерип жүремен! Мине, мынадай етип...

Оның қыпша белинен қос қоллап услап, қол ушына көтермекши болдым. Ол жулқынып қолымнан шығып кетти.

Оның жулқынған пәти менен скамейкадан жығылып түстим...

Әттең, мениң жығылғаным сол беседкадағы скамейка болса қәне еди. Мен өз кроватымнан аўнап түскен едим. Таң ағара баслаған екен.

***

«Мен жақынлағанымда арқанның ушы қашып кете береди» деген екен баяғыда бузаў қуўалып жүрген бир келиншек. Таңның кешигип атыўына зорға тақат етип, азан менен жетип барсам, және дийдар несип етпеди. Нигар күни кеше шығып кеткен екен. Мен жүрегим ҳәўлирип май ериктиң астындағы гөне түбирде хат оқып отырғанымда ол үйинде яки жолда киятырған болған. Тасбақа жүрисли аўылдың почтальоны мени ҳәптелеп, айлап күткен бахыттан бийнесип еткенин билер ме екен сирә! Әлбетте, билмейди! Қыялына да келтирмейди. Оған салса сол хатты ҳәптеде бир жыйнап әкелетуғын газет-журнал менен қосып табыс етсе есап.

«Шөжениң несийбеси болғанда, таўыққа емшек питпес пе еди» деген. Маған дийдар несип етер болғанда Жийенғалий ме, Шынар ма, әйтеўир, сол аўылдың бир «досағы» ушыраспас па еди?! Олардан жоқ жерден сылтаў таўып, Нигардың жай жағдайын сорап алмас па едим? Ал, енди күт! Бир жыл! Бир жыл деген он еки айдан турады. Қырқ сегиз ҳәпте болады ол — қырқ сегиз ҳәпте! Арасында жазған хатлары ўақтында жетип келе ме-келмей ме, оны да қуда биледи.

Аўылының жолға соншелли бурыў жайласқанын айтпайсаң ба? Хожалықлар аралық асфальт та жети-сегиз шақырым арыдан өткен. Гүзли-бәҳәр трактордан басқа көлик жүрмейди. «Ата-мәкан» деп бир түпкирде отыра қалған ҳәммеси.

Институтқа қуры болса да келип-қайтып жүргеним ғаниймет екен. Кешке дейин көринген қызлар ишинен Нигарды излеймен. Кеште болса ертеңги күнге үмит артып қайтаман. Енди болса институт әлле қандай бир жат журтқа уқсап қалды. Оқыўға кирип, кеўиллери ҳалласлап жүрген жаслар

да маған әлле ким. «Несине қуўанады екен?» деймен кеўлим қулазып. Мениң тәшўишиме, уўайымыма ҳәмме шерик болыўы керектей еди кеўлиме.

Нигардың хатта жазған сол саўаллары қайта-қайта кеўлимнен өтер еди. «Сол күннен баслап мениң аўҳалым қалай кешип атырғанын бир ойлап көрдиң бе? Қандай жағдайда мен өз үйимнен кирип-шығып атырман? Аўыл-елде қалай бас көтерип жүрмен?».

Қыялыма усындай саўал және басқаша мазмунда тәкирарланатуғындай: «Сиз мениң денсаўлығым ҳаққында ойлап көрдиңиз бе? Районда шала емленип шыққаным себепли (буғанда сиз айыплысыз) кесел арттырғаным, соның ақыбетинен бир жыл оқыўға кириў бахтынан бийнесип болғаным ҳаққында қайғырасыз ба? Әлбетте, қайғырмайсыз! Сиз тек мениң менен дийдарласыўға, өз нәпсиңизге ерк бериўге ғана қумарсыз! Солай ма? Ырасын айта бер, солай ма?»

Ҳәзир қасымда Нигар жоқ-ғо, усы саўал ашықшасына берилген жағдайда жуўап таба алмай тубалап қалар едим. Берген жуўабым да жүзеки болар еди, көзлеримди алып қашар едим. Ақыры, мен ҳәзир оның менен дийдар көрисиўди, сағынышымды басыўды, кеўлимдеги узақ айралық дағын сыпырып таслаўды ғана ойлар едим. Қалғанларының ҳәммеси маған шыбын шелли көринбейди. Нигарды уўайымға салған сол өкпе кеселин писент етип турғаным жоқ. Маған бир жүзин көрсетип, мениң муҳаббатымнан, мениң ықласымнан ондағы кеселлик из қалдырмай ушып кетеди! Маған қол берсин, мен оны өзимниң де аяғым жетпеген сулыў тәбият қойнына алып бараман. Үлкен-үлкен қалаларды көрсетемен, Қап таўларының қарлы шыңларына алып шығаман!

Және әдеттегише кеўилсиз күнлерим даўам ете берди. Мен гилти жойтылған қулыпқа айландым. Мени ҳеш ким гәпке еликтире алмас, қуўанышына я қайғысына шерик ете алмас еди. Сырттан қараған адамға әйтеўир бир сүлдермен. «Робот»тай сезер едим өзимди.

Августта мектепте жумыс басланды. «Он бес-жигирма күннен хат жазып тураман» деген Нигардан дәрек жоқ. Лекин, ҳәр күни мектепке шығар екенмен, бүгин қандай да

бир жаңа хабар еситетуғындай шийрин қыяллар менен келемен. Әттең, күнлер бир-бирине усап, жаңалықсыз, кеўилсиз өте берди.

Қайтарда кеўлимде және бир үмит оянады. Апам песин намазын оқыў ушын жаңа ғана жайнамазға аяқ қойған болады.

— Келдиң бе, балам, ана атошкирди жайнамаздың алдына таслап жибер. Сөйт те, шайынды қойып жибере-ғо.

— Оқып бола бер, апа, бирге ишермиз, — деймен мен.

— Онда ана құрақ дастықтың үстине қолыңды тық.

Езиўимде күлим пайда болады.

— Не бар апа, өйерде?

— Бағана почта бала бир хат берип кетип еди.

Жол бойы кеўлимнен өткен бул шийрин қыяллар жүзеге шықпайды. Апам әлле қашан намазын оқып болған, яки сыртта, ол-пул жумыслары менен гүйбеңлеп жүрген болады. Ең баслысы, почтальон ҳаққында гәп ашпайды ол маған!

Жаңа оқыў жылының бир айы тамам болды. Ҳеш бир оқыўшыға қолым жазылып бес қоя алмадым. Зақылдап айтып берген оқыўшыға да!

— Сен буны тек баҳа алыў ушын ядлап алғансаң! Күнделигиңе бес түскеннен кейин умытып кетесең! — деп минус төрт қояр едим. Бийшара баланың тасып турған кеўли дизден қайтқандай болады. Баланы аяп кетемен! «Натуўры қылдым» деп өзиме-өзим ишлей кейиймен. Пайдасы не, айтылар сөз айтылды, «төрт» — күнделикке қойылды. Кеўлиме қыл сыймаса қәйтейин.

«Яқ, бул болмайды! Бул жүриске мен шыдай алмайман! Бараман аўылына! Аўыл-ели менен бел-кетпен алып жолыма шығып турса да бараман! Мен адам өлтиргеним жоқ! Ҳеш кимге қыянет еткеним жоқ! Байжанды сотлатқан мен емес, ҳүкимет сотлады!»

Шемби күни сабағымды басқа муғаллимлерге тапсырып, «Қайдасаң, Нигар?» деп жолға шықтым. Гүздиң өзгермели ҳаўа райы, таң азаннан аспанды булт қаплап, күн түнерип тур еди. Мен буны ырым қылмадым.

***

Жийенғалий мениң суўыт кирип келгенимнен мәселени дәрҳал түсинди.

— Нигарды излеп келдиң бе? — деди ол маған. — Еситпедиң бе?

— Нени еситиўим керек еди?!

— Нигар кетип қалды-ғо!

— Қаяққа?!

— Байжанның жорасына. Санаториядан шыққан күни сол жақтан алып кетипти. Өзлеринен де сондай келисим болған қусайды.

— Яқ. Мүмкин емес! Нигар келисим берди дегенге ҳеш ўақта исенбеймен.

— Келисимди ол емес, үйиниң иши береди.

— Қаяқтың жигити ол, Байжанның жорасы деген?

— Билмедим. Армияда бирге болған қусайды.

— Қайсы районда турады?

— Билмеймен.

— Билесең!

— Билип, мен не, зәңгисин басыппан ба?

— Жорасына кеткенин билесең, үйиниң келисим бергенин билесең. Қалған жағын билмейсең! Яқ, мен буған исенбеймен!

— Мәмбетназар, сен өзи қызық жигит екенсең-әй! Үш-төрт ҳәпте емлеўханада жаттым деп қыр изинен қалмадың-ғо! Не, дүньяда Нигардан басқа қыз жоқ па?

— Жоқ! Жоқ! Бар шығар бирақ, мың қыз, лекин Нигар биреў!

— Биреў болғаны ушын саған аўыспады-дә!

— Күлме! Сен муҳаббат дегенниң не екенин билмейсең! Сенде ондай сезим жоқ. Атлап өтип кеткенсең ҳәммесин!

— Ал, жоқ менде! Қатынды әке-шешем әперген, сол ма айтажағың?! Сонда да қудайға шүкир, қатыным бар, балларым бар...

Ол көкирегин ыза кернеп дым үндемей қалды.

Мен де сес шығармадым. Екеўмиз бираз ўақыт үнсиз отырдық.

— Енди не қылмақшысаң? — деди ол әлленемирде. — Мағлыўмат керек пе, сол ҳаққында? Байжанның жорасы шарўа жигит дейди. Үйи қызылдың арасында қусайды. Наўайы ма, Бухара ма, сол әтирапқа жақын, Тахтакөпирдиң аржағында жүз шақырым бар деп еситтим.

— Болса бола берсин. Мени жолдың узақлығы қорқыта алмайды!

— Сонда не, излеп баражақсаң ба?

— Бараман.

— Биреўдиң қатынын я!

— Тилиңниң шеңгели бар сениң! Биреўдиң қатыны емес — Нигар ол!

— Сен ушын Нигар! Басқа ушын қатын! Барғанда не қылмақшысаң!

— Алып қайтаман!

Жийенғалий бир шекеге бурылып, ызғарлы мырс етти.

— Ким өзиниң ҳаялын биреўдиң излеп келгенин жақсы көреди? Сен де бар жигитлик намыс онда жоқ па?! Маңлайыңнан байлап турып атады. Сөйтеди де қумның ортасына апарып көмеди. Мине, саған Нигар?

— Ақыры, ҳүкимет бар емес пе? Ислеген қылмысына жуўап бермей ме?

— Жуўап береди! Сотланады, бирақ, сен ол ўақытта топыраққа араласқан боласаң!

Қулласы, сол күни Жийенғалий мени ҳеш жаққа жибермеди, үйге де қайтармады. Түни бойы оның менен бир урыстық, бир жарастық, ол әкесинен еситкен бир рәўиятларды тымсаллап айтып, таңға дейин ақылландырды. Азанда босап қалған қаптай пыссыйып, үйге қайттым. Ҳәммеси тамам еди мен ушын.

Енди менде аўылда жасағандай алданыш, үмит қалмаған еди. Салый муғаллимниң ҳақ кеўли менен ислеген мирәтин жерде қалдырмай, Нөкиске кетиўге қарар еттим. Бир әмеллеп, анамды көндирдим.

— Қайда жүрсең де саў бол, балам, — деди ол ақыры мениң алған бағытымнан қайтпаслығымды түсинип. — Бирақ, мени келинли етип кеткенинде...

— Қалада қыз көп, апа. Маңлайынан шертип жүрип алып келемен, — деп күлдим.

— Әйтеўир, қаланың жалаңқая қызларына тап болып қалма. Олар өзиңдей жуўас балларды айландырып алады дейди.

— Апа, қалада өскен қызлардың бәри жалаңқая бола бере ме?

— Көптиң жыйланған жери-ғо, балам-аў. Көптиң ишинде жақсы да бар, жаманда бар. Абайла деймен-дә!

Мени қалада «жалаңқая қызлар» да айландырып алмады, момин қызлар да «ҳе, келеғойдың ба, сендей жигитти күтип жүрип едик» демеди. Күнде жумысқа бараман, жатақханаға келемен, китап оқыйман. Институт маған сол баяғы қызлар жатақханасынан ўақытша жасап турыў ушын бир бөлме жай берди. Жатақханада жағдай бираз өзгерген екен. Биринши қабаттан буфет ашылыпты. Кирер аўызда қараўыл отыратуғын кишкене кабина исленипти. Өйерде баяғы «Дерсу Узала» жоқ, орнында басқа киси. Бир күни сол, бир күни тағы бир мүгедек киси нәўбетшиликте турады.

Аўылға дәслепки күнлери ҳәр алтыншы күни қайтар едим. Соң-соң еки ҳәптеде келетуғын болдым. Ҳаўа райы қолайсыз болып қалса, оны да келеси ҳәптеге сүрип қалдыраман. Еки-үш ҳәпте яки бир ай келмей қалсам, анам кешке дейин жаўлығы желбиреп, асфальт жолға қараў менен далада жүрер екен.

Усылайынша арадан үш жыл өтти. Мен еле «диземди құшақлап» бойдақпан. Пайдасы болсын-болмасын Нигарды ушырастырып қалыў әрманы да кеўлимди тәрк еткен жоқ. Тек бир мәрте көрип ашықшасына сөйлессем, оған бахыт тилесем, өзимниң насазлығым ушын кеширим сорасам жетип атыр. Лекин, бул нийетлер де мен ушын алыста жымыңласқан жулдызлардай гә көринип, гә туңғыйық қойнына сиңип кетер еди.

Бир күни аўылдан суўық хабар келди. Анам қатты болып қалыпты. Кейинги еки айдан бери хабар алмағаныма өзимди өзим кейип, таксиде жетип келдим.

Босағада иштен шығып қиятырған докторлар менен дус келип қалдым.

— Қалай? Апам қалай?! — дедим олар менен сәлемлесер-сәлемлеспестен.

— Ҳәзир бираз өзине келди, — деди доктор. Егеделеў киси екен ол.

— Не аўырыў?

— Қартайған адам...

— Сонда да аўырыўының аты бар шығар?

— Жатқалы докторға көринбеген, анализ тапсырмаған. Ҳәзирше бир нәрсе айтыў қыйын. Мениңше баўыр рагиниң хабары бар. Бирақ, буны өзине айтып жүрмең.

Есиктен төбем көрингенде дастығын бийик қойдырып жатырған анам егитилип жылап жиберди. Көзиниң жасы еки жүзинен сорғалап, ийегине ақты. Еринлери дир-дир қалтырап жылар, бирақ, сести шықпас еди анамның.

— Апа, кешир мени, жумыс пенен болып... Кешир анажан. — Мен анама бойымды таслап жүзинен сорғалаған көз жасларын иштим.

— Қой, қыйнама, — деди әжағам ийнимнен тартып. — Кейин отыр, өзине келип алсын.

Апамның бас ушында еки әжапам, әжағам, кишем, қулласы, ҳәммемиз жәм едик. Ол бираз ўақта солығын басып, көйлегиниң жеңи менен көз жасларын артты.

— Аўырып қалдым-ғо, шырағым, — деп тағы көзлерин жумып, ийни селкилдеп, үнсиз жылады. Ҳеш биримиз шыдап тура алмадық. Көкирегимиз өксикке толып кетти.

— Апа, жылай берме, — деди үлкен әжапам өзи де ийеги кемсеңлеп турып. — Қуда қәлесе, жақсы болып кетесең, жаңа докторлар айтты.

— Жыламайман, шырақларым, жыламайман, — деди бираздан соң барып тамағы тығылып. — Тек мына баланың үй болмағанына көзим ашық кете ме деп налыйман-дә. Болмаса, қыршын кетип баратырғаным жоқ. Жумысларың жақсы ма, балам?

— Жақсы апа. Институт еки бөлмели жай берип атыр.

— Берекет тапсын. Үйиңниң төринде ақлықларым шапқылап ойнап жүргей.

Ҳақыйқатында да, жер жай алып көшип атырған бир муғаллимниң квартирасын маған рәсмийлестирип атырған еди.

— Ҳа қыз, — деди апам толық солығын басып болған соң, үлкен қызына. — Тилим барда айта берейин. Ҳәрдайым өзиңе

көрсете беретуғын бир арша шыт-шыбырым бар. Инимниң тойына атап жыйнағаным еди. Үйленген ўақта несийбесинен көре берер. Сондағы жерси пальтоны сүйегиме енген ҳаялға бер. Макентож плащты әўлийеге қойған моллаға бериң. Жаназамды Әбдиразақ ахунның баласы оқысын. Оған ақ қошқарды бериң...

— Апа, қаяқтағыны айта бермесе, — деди жаңа шыдай алмай шығып кеткен әжағам айланып келип. — Өлмейсең! Ким айтты сени өледи деп?!

— Әй-й, балам— әй... Ҳәким Луқман-әм өлген-ғо, мен оннан артықпан ба?

Қулласы, сол ақшам таң алдында анам көз жумды. Ол мени күтип атырған екен. Ҳеш бир гирядан өтпеген, накас перзентиниң дийдарына зар болып атырған екен ана байғус.

Мен енди ҳақыйқый жетим болып қалған едим. Жасым отызға шамаласып қалғанын билсем де, «анасы бар адамлар, ҳеш қашан картаймайды» деген қосықты кеўлиме сүйениш билип, ҳәр сапар жас баладай анамның алдына асығар, оған еркелер едим. Ол да мениң генжетайлығымды есиме салып, еле толық ержетпеген баладай еркелетер еди.

Анамның өлими мениң өмиримде кескин бурылыс жасады. Ҳеш кимге арқа сүйегенди, ҳеш кимге үмит артқанды қойдым. Салый муғаллимге де көп аўырлық салмадым. Деканға да болар-болмас нәрсеге жәрдем сорап кире бергенди тоқтаттым. Илимий кеңесте маған берилген тема үстинде ислеўге қунығып кеттим. Бойдақлық пенен арадан және еки жыл өтип кетти. Отыз бир жасқа қарағанымда факультетке тазадан жумысқа кирген бир қызға үйлендим. «Дом»да кишигирим тойымыз өтти.

Бул келиншегим ушын үлкен бахыт шығар, ал мен ушын әпиўайы бир зәрүрлик сыяқлы еди.

Бизиң пал мәўсимимиз жүдә елеспесиз өтти. Жаңа үйленген жигит қусап қуўанбадым. Бир бүклемим ишимде еди мениң.

Бир күни келиншегим трюмо алдында турып, айнада көринип турған маған саўал берди.

— Сиз бурын үйлендиңиз бе?!

Ол усы саўалды бере сала бир өкшеде айланып изине қарады. Маған саўалдың қандай тәсир еткенин көргиси келди. Лекин, ол мениң жүзимнен ҳеш нәрсе аңлай алмады.

— Неге олай дейсиз? — дедим өзимди бийпәрўа көрсетип.

— Сизде туңғыш муҳаббат қуўанышларын сезбей атырман.

— Мен аўыр минезли адамман.

— Сонда да.. — Ол майда-шүйде дәскелерин қол сумкасына салып, қасыма келди. Ийниме қолын салды, еркеледи.

— Меннен алдын биреўди жақсы көрген шығарсаң?

— Яқ, — дедим басымды шайқап.

— Айта бер, өтмишиңе өкпелемеймен.

Мен үндемедим.

— Бетиңе де баспайман, — деп және исендирди ол.

Қалай жуўап беремимди билмей қалдым. Қәйткенде де, түсимпаз, нашар халқы емес пе, ол мениң әлле қандай қыялларға берилип, исенимли жуўап қайтара алмай атырғанымды сезгендей еди.

— Яқ, ҳеш кимди жақсы көрмедим. Мен тек сенликпен..

Ол қабағы салынып, ийниме салған қолын тартып алды.

— Алдап атырсаң. Турмысымыздың дәслепки күнлеринен баслап маған жалған сөйлеп атырсаң.

— Ақыры...

Мениң сөзим аўзымда қалды...

— Мени алдаўың мүмкин, лекин,.. — Ол бас бармағы менен төбени нусқады. — Оятты алдай алмайсаң-ғо.

Мен үнсиз төмен қарадым. Бармақларымды бир-бирине айқастырып, тырнақларымның ушына тигилдим. Айтсам ба, айтпасам ба? Айтсам ба, айтпасам ба? Усы еки саўал мени қыйнап ҳәм «тез жуўабын бер» деп қыстастырар еди. Айтсам, ол ҳәммесине қолды бир силтеп кетип қалса, айтпасам, өмир бойы ҳүжданым қыйланып жасасам... Бир дастыққа бас қойған адамымнан барқулла сыр бүгип жасасам. Бунның өзи де аўыр жүк емес пе?!

Қулласы, айтыўға қарар еттим ҳәм Нигар менен болған ўақыяны суўық демимди алып отырып айтып бердим. Ол да үнсиз тыңлады.

— Енди жеңил тарттың ба? — деди ол бираз үнсизликтен кейин.

— Билмедим... Егер инанған болсаң..

— Инандым. Сениң көзлериң ҳақыйқатты сөйлеп турғанын иш-ишимнен сездим.

— Енди ҳәр сапар илме-қармақ гәп айтпайсаң ба?

— Яқ.

— Жүзиме салмайсаң ба?

— Алдын сөз бердим-ғо, сизге! Ақыры, отыз жасты бийкар жасамағаныңды билер едим-дә. Бирақ, енди сеннен бир өтинишим бар.

— Айт.

— Сол шийрин қыялларыңды мениң алдымда умыт. Мен бар жерде тек мениң менен жаса!

— Қабыл еттим.

— Сөз бересең бе?

— Сөз беремен!

Бәри бир, мениң қыялымда Нигар өзим менен бирге жасар, тек бир нәрседен гүдикленер едим — қашанлардур умытып кетип, оны Нигар деп шақырып қалыў тәшўиши жасар еди кеўлимде. Мен оған Нигарды Нәзийра деп тәриплеген едим. Енди билмей Нигар деп салсам, мениң кеўлимде және бир нашар жасап атыр деп түсинеди. Буннан кейин оған өтирик сөйлегенимди, атын жасырып айтқанымды түсиндире алмайман. Түсиндиреғойғанымда да, ол буннан кейин ҳәр бир сөзимди екиленип қабыл етеди. Мен оның алдында өзиме болған исенимин жоғалтаман.

Бизлер балалы болдық. Туңғыш перзентимиз дүньяға келди. Бир күни анасының қолы босамай қалып, қызымды бақшадан алып киятырсам, бир ҳаялдың даўыслап шақырғанын қулағым шалып қалды. Қарасам, тротуар бойындағы музқаймақ кафесинде столдан басы зорға көринип турған баласына музқаймақ жегизип отырған, Гүлшийраны көрдим.

— Сәлемлескиң де келмейди я? — деди ол өкпелеген болып.

— Қарамаппан.

— Сондайсаң-ғо, мурныңның астындағыны абайламайсаң.

— Қарындасым, бизлерге де еки чашка музқаймақ әкел, — дедим бос ыдысларды жыйнастырып жүрген сатыўшы қызға.

— Қызың ба? — деди ол сүйсинип қарап. — Сүйкимли екен. Қыз баладан келип саған тартыпты. Сирә Нигарға усаған жери жоқ.

— Нигарға не деп усайды, анасы басқа болса...

— Ҳе, қосылмадыңыз ба?! — деди ол еки қасының арасы шымырылып.

— Яқ. Сол тутқынға түскен күннен баслап бир-биримизди көрмедик.

Оған аўылына излеп барғанымды, әжағасынан белдиң жалпағын жегенимди сыр бүгип қалдым.

— Айттым-ғо саған, «мен порқандай әрўақлы нашарман, сизлер қосылмайсызлар» деп.

Ол өзине буйырмаған бахытқа өкинишли болса да, бизлердиң қосылмағанымызға қуўанышлы еди. Соған-ақ бахтыяр еди ол.

— Мейли, оны қойып турайық. Өзиңниң жағдайың қалай? Анаң, дайы атаң бар ма?

— Кетти-ғо.

— Қәйин ене болмыш дайы апаң-ше?

— Ол бийшара тисин-тисине қойып жасап атыр, мени кетип қалмасын деп.

Сатыўшы қыз маған ҳәм қызыма музқаймақ әкелди.

— Тамағы аўырып қалмасын, — деди Гүлшийра қызыма мийирманлық пенен нәзер таслап. — Көтерип-әм алмапсаң, қурттай қызды жүргизип киятырсаң.

— Кишкентайынан үйрениўи керек... Сөйтип?

— Не сөйтип?

— Дайы апаң да анаңның изинен кетсе, сен де ол үйден өкшеңди көтересең бе?!

— Ой-бу-ў! — деп күлип жиберди ол. — Еле жүрегиң муздай суў болып жүр ме, бала-шағамнан тартып алады деп. Қорықпай-ақ ғой. Ҳеш жаққа бармайман. Бөрибай қазықты дөгереклетип қақты-ғо. Мынаў сол «қасқырдың күшиги», усай ма әкесине? Айтқандай, сен оны көрмеген екенсең-аў. Үйде биреўи бар, биреўи мине, столды ийтерип жиберейин бе, деп турыпты.

Ол көзи менен қарнын нусқап күлди.

— Сен айтқандай дым босалаң емес екен ғой онда.

— Өзим тәрбиялап алдым. Қайрадым! Егедим!

— Лолының палы қайда қалды?

— Тандыры шыққай, айтпаш соны. Азан менен қақ етип алдымнан шықпағанда пүткиллей басқаша болар ма еди. Мына қыздың орнына қошқардай ул туўып берер ме едим саған.

Қызым музқаймақтың қасығын жерге түсирип алып, соң қыңырлық ете баслады.

— Әне, мамасын қызғанып атыр меннен...

— Мейли, онда бизлер турайық.

— Бара-ғо, мениң орнымда Нигар болғанда үй-жайыңды умытып отырар едиң-аў.

Қызымды қолыма алдым.

— Нигарды алмадым деп налымай-ақ-ғо, сениң анаў-мынаў нашарға көз салмайтуғыныңды билемен. Нигар көп болса бир сарғалдақ қатын болған шығар.

Оның кеўлинде бәри бир сол қызғаныш оты сөнбеген еди.

***

— Әне, сондай гәплер — дедим Нигарға басымды шайқап отырып.

— Изимнен излеп барыўға қорқыпсаң-дә! — деди Нигар күлип.

— Яқ. Қорықпадым. Сени бахытсыз қылмайын дедим. Өзим бир әмеллеп айралыққа шыдарман дедим.

— Дым шыдамлы екенсең! — Ол және мени илме қармақ гәп пенен тийдирип өтти.

— Егер изиңнен барғанымда, маған ерип шығар ма едиң?

— Шығар едим. Дүньяның қайсы түпкирине жетелесең де бирге кетиўге таяр едим.

— Онда неге оның менен қашып кеттиң?

— Қашып кеткеним жоқ. Лекин, мен саған сол хатты кешигип жазған екенмен. Өзим айтқандай, «сен келгенде, мен шығып кеткен боламан» деген сөзиме периште «аўмийин» деген қусайды.

— Әй, садағасы кетсин ондай периштениң!

— Қой, ондай деме! Сөйтсе де мен сени қайта-қайта жол қарап күттим. «Келме» деген менен хат қолына тийсе шыбындай ушып келер дедим.

— Ушыўын уштым-ғо!

— Кеш ушыпсаң! Сол күни «тийхий час»та да уйқыламадым. Кишем келип алып кетпей турып, төбе көрсетиўинди тиледим, тәңирден. Сен төбе көрсетпедиң! Егер келип «жүр Нигар, кетейик, алыс-алысларға кетейик» дегенинде тәўекел етиўге де таяр едим. Ис өтип кеткен соң мени өкиндириў ушын айтып атыр деп ойлама. Гәптиң қудайлығы, мен соған таяр едим. «Студент боламан, үшинши курстан кейин...» дегенлерим мәзи наз еди. Үйдегилердиң мени оған дейин қаратпайтуғынын сезер едим. Олардың гүманы сен едиң. Мени келип санаториядан алып кетеди деп қатты гүдик астында еди олар. Апам бир ҳәпте бурын келгенде «кишеңди жиберемен, бир өзиң қайтып жүрме» деп қайта-қайта зинҳарлады. Ол кетеринде бир нәрсе айтқысы келип, оқталып-оқталып турды да, бата алмады. Мени қапа қылып алыўдан қорықты. Бирақ, ол айтажақ гәпти мен алдын кишемнен еситкен едим. «Қызың сол муғәллим менен кетсе, екеўине бир оқ жалынсын!» деген екен әжағам апама. Ол усы гәптен кейин қатты абыржыға түсип қалған. Мен оны жүректен сезсем де сыр бермедим. Саған жазған хатымда да ол ҳаққында айтпадым.

«Кишем бүгиннен қалды-ғо» деп арқайын отырсам, геўгимлетип палатаға кирип келди.

— Аппақ, күтип қалдың ба? Машын таўа алмай...

— Енди не, машын таптың ба?

— Аўа, Нәдир келе кетти, — деди.

Ишим ғым-м ете қалды.

— Мен оның машыны менен қайтпайман, — дедим.

— Қой, өйдеме аппақ, бир өзи емес, қасында әжапасы да бар, мерекеден қайтқан екен.

Қулласы, машинаға отырдық. Айсыз түн. Әтирап тас түнек. Алдымыздағы жолдан басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Күнде түсте еки саат уйқылаўға үйренип қалған мен, буйығып кетиппен. Бир ўақлары оянсам еле кетип баратырмыз. Саған майдалап айтпай-ақ қояйын, шет-шебирсиз қумның ортасында қатар тигилген үш отаўдың алдына келип иркилдик. Еки жерде сыртта свет жанып тур. Қара үйдиң алдындағы ылашықтан қайнап турған қазанның пуўы шығып атыр.

— Қәйерге келдик? — дедим мен.

— Бул мениң төркиним, — деди алдында отырған ҳаял. — Мен Нәдирдиң әжапасыман. Түсе бер сиңлим, жат жер емес.

Жети-сегиз ҳаял машынды дөгереклеп алды. Кишем қаяққадур жоқларым болды. Әлленемирде мени көтерип түсиргендей етип түсирди. Бирақ, отаўға киргизе алмады. Табан тиреп турып алдым, Ҳаяллар орын аўмасып келип жалынды. Ақ жаўлықлы бир кемпир келип пәтия берди. Пәтияға қол жаймадым. Мениң анық ишке кирмесимди билип, усы жерге төсек жайды. Кийиз төсеп, көрпеше салды. Дизе бүкпедим. Кийиздиң астында қалған аяқларымды жоқары алмадым. Тек ғана бир гәпти қайталай бердим:

— Мени апарып таслаң!

— Тәңирдиң таңы атсын, апарамыз!

— Яқ, ҳәзир апарың!

Аяқларым диңкесизликтен қалтырай баслады. «Айықпаған қусайман-аў» деген гүман келди кеўлиме. Бәри бир, тисимди-тисиме қойып шыдадым.

Бир ўақлары «Нива» қаяққадур кетти. Мен я ишке кирмеген соң, я дизе бүкпеген соң, ҳеш ким көсилип отыра алмады. Қайнап атырған қазанның отын өширди. Ҳеш кимге табақ тартылмады. Мен түртип жиберсе жығылажақ болып зорға турман. «Аўзың қанға толса да, душпан алдында түкирме» деген, қолымнан келгенше шыдаўға бел байладым.

Жаздың келте таңы, демде атты. Күншығыс тәреп шоқтай қызарып, дөгерекке толық жақсы түскен ўақытлары «Нива» келди. Ол апамды алып келиўге кеткен екен.

Апам етегине сүрнигип келип мени қушақлады. Оның баўырына бойымды таслағанымша ҳушымнан кеттим.

... Көзимди ашсам, отаўда жатыр екенмен. Бас ушымда апам:

— Ояндың ба, шырағым, айнанайын! — деп жүзимнен сыйпап атыр.

— Саат неше болды? — дедим, биринши айтқан сөзим сол болды. Және кеш болып, қайта алмай қалыўдан қорыққан едим.

Апам саат билмес, тек қара үйге түсип турған қуяшқа аўалақлап қарар еди.

— Апа- а! — дедим даўысым тарғылланып.

— Ҳаў, шырағым?

— Мен қашан сизиң бир аўыз сөзиңизди сындырған едим? Атымды айтып шақырғаныңда «ләббай» деп жуўап бермеп пе едим? Ашыўыңыз келип бақырған гезиңизде изиме мойын бурып қарап па едим? Мени қайсы гүнам ушын бул қыя шөлге әкелип таслаттың?

Апам ийеги кемсеңледи.

— Өйдеме, шырағым, «Түйе қартайса көшегине ереди» деген. Балам менен келинниң...

Мен апамның гәпиниң даўамын күтип отырмадым.

— Бүркит деген қус болады екен, апа, уясы бәлент таўдың шыңында болар екен. Сол қустың жас мәкийени өзине жупты таңлағанда тоғайдан бир кесим ағашты алып, өзи таўдан да бийигирек ушып, аяғына қысып алған ағашты жерге ылақтырар екен. Жупты болмыш бүркиттиң қоразы сол ағаштың изинен сырғып ушып, оны жерге түсирмей алып келер екен. Мәкийен оны және жерге атар, қораз және таяқтың изинен сырғып ушып, алып қайтар екен. Усылайынша бир неше мәрте таяқты жерге түсирмей алып келип сынақтан өткеннен кейин сол қоразға жупты болыўға ыразылық берер екен. Анажан, мен ақыл-если адамман, сениң ақ сүтиңди емген перзентиңмен, неге мени жабайы бүркит шелли көрмедиң, өз жуптымды өзим таңлаўға ерк бермедиң?!

Анам жылап жиберди. Бирақ, мениң көкирегим қатып қалған еди. Жыламадым. Мениң оянғанымнан үмит етип дөгерреклеп отырған ҳаяллар бирим-бирим шығып кете баслады.

— Апа, ләйлек деген қус болады екен...

— Қоя ғой, қызым, алып кетейин үйге, — деди апам ийеги кемсеңлеп.

— Ол қустың уясы да, жүз жыллық шынарлардың ең бийик шақасында болар екен. Ол да бүркит қусап, еки-үш палапаннан артық шығармас екен. Бул қустың басқа қуслардан парқы — нәренжан палапанын уясынан жерге түсирип жиберер екен. Палапан ҳәр шақаға бир урылып, жерге жетпей-ақ набыт болар екен.

Сиз де мендей бир жапсақлы қызыңды, садаға еттиңиз бе? Мен саўалып едим-ғо, анажан! Сизлерге жетиўге ушпаға

қанатым болмай отыр еди-ғо! Үйимди, туўылып өскен аўылымды сағынып, көзлерим жолда төрт болып тур еди-ғо!

Анам кисиниң үйи деп тартынып отырмады, боз-боран болды.

Ҳаяллар қайтадан жәмленисип келди. Анамды жубатып, мени ақылландырып кетиўди сорады.

— Яқ, шырақларым, қызымды алып кетемен, деди апам. — Бүйтип жылатып таслап кете алмайман.

— Қудағай, қызың жылап атырған жоқ. Сиз ғой жылап атырған, — деди түнде барып отаўға киргизбекши болып жалынған кемпир.

— Оның көкиреги жылап атыр, — деди апам. — Мен анаман, ақыры! Палапанын уядан таслап жиберетуғын ләйлек емеспен!

Аўқат келди. Астың ҳүрейи ушын апам аўыз тийди. Мен турмадым.

— Қызым, тур, кетейик, — деди апам. — Нәдир жақынлатса жақынлатар, болмаса жолға шығып көрермиз.

Ҳәмрениң нәзери бизлерде. Мен узыныма түскенимше қылт етпедим. Көзим ашық, бирақ, ҳеш нәрсени көрип атырғаным жоқ. Қыялым ҳәр жақта. Сонда мен биринши гезекте сени ойладым. Сол жазған хатларымдағы «зорлап алып кетсе де бәри бир саған қайтып келемен! Сенлик намысымды сақлап қайтып келемен» деген ўәделерим қулағымда гүўледи. Неге айттым сол гәпти? Неге жаздым сол хатты?! Периште «аўмийин» деген екен-дә! Енди мен бәри бир «қайтып келген» атанаман. Бәлким, сен мени сүйгениң ушын, маған исенип үйленерсең, лекин, мениң ҳақ екенимди ҳәммеге айтып шыға алмайсаң-ғо! Сениң жигитлик намысыңа нуқсан келтиремен-ғо. Адамлар маған «үйленбеген гүлдей жигиттиң бахтын байлады» деп жек көриўшилик пенен қарамай ма! «Арсыз сурбет екен!» демей ме? Ол насақты қалай көтерип жүремен?!

— Апа, өзиң қайта бер! — дедим бираз ўақтан кейин.

Ҳәмме суўық демин алды.

— Берекет тап, қызым!

— Ақылың бар нашар екенсең!

— Өнип өскейсең! — деп ҳаяллар тум-тустан жабырласып атыр.

Апам және қолайсыз аўҳалға түсип қалды.

— Ырас айтып отырсаң ба, Нигар?

— Ырас айтып отырман. Айтар гәпимди айттым. Енди ишим босады. Пешанама жазғанына қайыл болдым.

Солай етип, анамды қайтардым. Қәйин енемиз басыма орамал салды. Ҳеш нәрсе көрмегендей, хызметке түсип кеттим. Лекин... Кеш болғанда Нәдирди қабыл етпедим. Ол да күш ислетпеди. Мен болса оны өзлигимнен қасыма жақынлата алмадым. Шийдиң арасынан сен сығалап турғандай болып көрине бердиң көзиме. Бул аўҳал жигирма күн даўам етти. Мен ҳәр сапар сыртқа шыққанда ушы-қыйырсыз шөлистанлықтан ненидур күткендей телмирер едим. Қыялыма шоқ-шоқ сексеўиллердиң арасынан сен шығып келип: «Жүр, кетейик» деп қыстастыратуғындай единң. Мен болса үсти-басыма да, аяқ кийимиме де қарамай қол бериўге таяр турар едим. Баяғы ар-намыс ҳаққындағы ойлар қыялыма кирип шықпас еди. Мейли, журт не десе десин, өз сүйгеним менен жасаў ҳәмме насақ сөзлерден үстин турады! Әттең, булардың бәри бос қыял еди. Иш-ишимнен Нәдирди де аяр едим. Түнлерде сестимди шығармай жылап шығар едим мен.

— Нигар, жылама, — деди ол бир күни маған. — Сен жылаған сайын, мен езилип болдым. Сен мениң жорамның қарындасысаң, сени қапа етиўге ҳүжданым шыдамайды. Ертең қалаға шығамыз, сени апарып таслайман.

— Үйге ме? — дедим сәл ҳаўлығып.

— Яқ. Сен сол бир жигитти сүйип қалғансаң. Сол сүйген адамыңа апарып беремен. «Яқ, мен ҳеш кимди сүймедим» деп мен оның болжаўын инкар етпедим.

— Арың келмей ме? — дедим қайта.

— Сениң бахтың — мениң арымнан үстинирек.

— Ата-анаңа не дейсең?

— Қалаға барған жерде жоғалтып алдым, — деймен.

— Кейин олар мени ғарғайды-ғо.

— Басқа жолы жоқ.

Соң екеўимиз де үндемей уйқыға кеттик. Лекин, мениң көзим илинбеди. «Жигирма күн бир жерден айланып сениң алдыңа қалай бараман? Мениң усы күнге дейин өз намасымды сақлап келгениме сен исенесең бе? Исенген

менен жора-жолдасларың, ел-халқың алдында қалай бас көтерип жүресең?! Оларға бирим-бирим айтып шығасаң ба? Бир жаман жери — олар сеннен буны сорамайды-дә! Мениң бул қылығымды анам ҳәм әжағам, туўысқанларым ҳәм өзимиздиң аўылдың адамлары қалай қабыллайды? Жигиттиң ғәрип ҳал ата-анасына қалай пәнт берип кетемен?! Өзиңдей бир азаматтың еркеклик намысын аяқ асты етип кетпеймен бе, өйтсем?!» Қулласы, келешек өмиримди көз алдыма келтире алмадым. Ҳәммеси астын-үстин болып кететуғындай еди.

— Нәдир? — дедим түнниң әлленемиринде биринши мәрте күйеўимниң атын тилге алып. — Уйқылап атырсаң ба?

— Яқ, — деди ол.

— Мен ҳеш жаққа бармайман...

Қулласы, аржағын түсинесең-ғо. Мен сол «Сыпалы» деген жерде үй болып қалып кеттим.

Мен де, ол да терең дем алдық. Алған демимизден жалын бурқ етип шыққандай еди.

— Енди меннен жол болсын сора, — деди Нигар жыйнақланыңқырап. — Бираз иркип қойдым сени.

— Жол болсынды қонақ асы берип болып сораймыз.

— Ол үйиңе барғанда болады.

— Барсақ барайық.

— Қой, қартайғанда кемпириңнен айрылып қаларсаң.

— Гәпиңди бөлейин. Байжан қайда?

— Кетти-ғо, ол бийшара да күйип-күйип. Аварияда қайтыс болды.

— Неге оны күйип-күйип дейсең?

— Күймей не қылады? Сәдиўақас бир күйдирди оны, сен еки күйдирдиң?

— Мен не қылыппан күйдирип?

— Аңқаўсырайсаң-аў... Аўылына барып қарындасын қушақлап турсаң күпә-күндиз.

— Сонда неге өзиң тамыр териўге шықтың?

— Аядым-ғо, сени... — Мейли, өткенди тәўир-ақ еске түсирдик. Кисимниң өлгенине де үш жыл болды. Бар түйелерди, жылқыларды сатыстырып, Нөкистен жай алдық. Балам, келиним, ақлықларым менен жасап атырман. Еки қызымды узаттым.

— Қанша ўақыт болды Нөкиске келгениңе?

— Бир жыл.

— Бир жылдан бери көрмедим бе?

— Сени көрип тураман, сыртыңнан. Гейде телевизордан шығып, тәрбия ҳаққында сөйлеп турасаң... Енди айтажағым — ақлығым Ташкентте оқып атыр еди. Соны өзиңниң институтыңа өзгертип бере аласаң ба?

— Оқый бергенде не қылады, сояқта?

— «Келте жип гүрмеўге келмей» атыр.

— Қәйерде оқыйды, нешинши курс?

— Низамийде, биринши курсты питкерип атыр.

— Шақабымыз бир екен, ҳәрекет етип көрейин.

— Көрейин емес, питир. Жаслықтағы гийнени умыт.

— Мен не деп гийне қыламан? Сиз гийне қылсаңыз орынлы.

— Екеўмизден де өткен. Мениң жаслығым, сениң сыпайылығың...

— Сыпайылық дейсең-аў, босаңлық десе.

— Өйтип гиналай алмайман сени.

— Рахмет. — Аты, фамилиясы?

— Қәдиров Мәмбетназар.

— Мәмбетназар? — Мен таңланып ручкамды услаўым менен қалдым.

— Ата-енем барда ат қойыў еркинлиги маған тийиспеди. Ақлыққа өзим қойдым, сениң атыңды. Руқсат етпейсең бе?

— Мен ғой, ҳеш гәп. Күйеўиң қалай руқсат етти?

— Ол ҳеш ўақытта мениң тилегиме қарсы барған емес.

— Рахмет саған. Ал, мен қызларыма да, ақлықларыма да сениң атыңды қойыўды ойламаппан.

— Еркеклер сондай-дә! Тез жақсы көреди, тез суўыйды. Ҳаял адам сүйсе бир өмирге сүйеди.

— Телефоныңды бересең бе?

— Яқ. Өзим хабар алып тураман.

Оның менен есикке дейин бирге келдим. Өзимди тута алмай, қолымды ийнине салдым.

— Денең дирилдемейди-ғо? — дедим күлип.

— Дирилдеп болған, — деди ол. Соң назлы бир мыйық тартты да, есиктен шықты. Оның наз қылыслары, қәддиқәўмети қыялыма еле тап баяғыдай еди.

## ЭПИЛОГ

— Ата, неге кешиктиң?! — Үйге кирер-кирместен бес жасар ақлығым алдымнан көлденең шықты.

— Мәжилис болып қалды, балам.

— Билмейсең бе, бүгин апамның туўылған күни-ғо.

— Билемен. Қәне, апаңның өзи келди ме?

— Яқ. Бағана телефоннан сөйлестим, «атаң келип алып кетсе бараман», — деди.

— Болды онда, кийин, алып қайтамыз.

— Апаға-а барамыз! Апаға-а барамыз! — деп ол төрге қарай жуўырып кетти.

Мен ишке кирип, папкамды қойып шықтым. Шығаман дегенше Азамат  әжапасы Айсара менен таяр тур екен.

— Ата-а, әжапам-әм барсын. Мен апамның палатасын билмеймен. Айсара биледи.

— Болады.

Нураныйлар санаториясының коридорына кириўден олар топарласып жуўырып кетти. «Әстерек, жуўырыспаң» деп изинен бақырғанларымды еситпеди де.

— Ҳаў, апам жоқ! — деди екеўи бир ўақта ашық турған есикке кирип шығып.

— Қаяққа кетипти?

— Билмеймен, — деди Айсара ийнин қысып. — Шәйнеклери турыпты.

— Ҳәзир табамыз, балларым. Қәне, маған қолларыңызды бериң. Бул жерде жуўырысыўға болмайды. Апалар, аталар дем алып атыр.

Екеўин еки қолыма жетеп, узын коридор бойлап, ортадағы фойеге қарай жүрдим. Фойеге жақынлаған сайын бир жағымлы ҳаўаз еситиле баслады.

— Телевизор ма? — дедим қасымнан сәлем берип өткен бир кисиге.

— Санаторияның, «ансамбли»-ғо, — деди ол күлип. — Күнде кеште кемпирлер бир заман йошады.

— Әне балам, еситтиңиз бе, апалар қосық айтып атыр екен.

— Бизиң апам-әм айта ма?

— Апам ҳәййиў айтады тек, — деп мениң орныма Айсара жуўап берди.

Қосық, мен жаслығымда еситкен, шайыр оны мен жақсы көрген қыздың тилинен жазып, оны емлеўхана алдындағы тораңғылға қағылған скамейкада тула беденим қулаққа айланып тыңлаған «Кеўлимде барсаң» қосығы еди. Сонда Нигар уялшаң нәзерин төмен алып:

— Уяламан-аў. Тап сизиң өзиңизге арнап айтып атырғандай болады-ғо, — деген еди. Әлбетте, оның тек ғана маған арнап, оның тек меники болыўын аңсап еситкен едим бул қосықты. Ҳәзир де оны айтып атырған Нигар еди. Сол баяғы нәзиклик, сол баяғы жипектей жағымлы ҳаўаз. Тек жасына бола сәл қарлығыңқыраған. Лекин, қарлығыўдың өзи ҳаўазына өзгеше сән берип турар еди.

— Тс-с, айтып болсын.

Фойеде «П» тақлетте қойылған қатар орынлықларда кемпирлер, орта жасар ҳаяллар қосықтың ырғағына берилип, шайқатылып отырар еди. Оң тәрептеги мүйеште — төрде Нигар. Ол фойеге жақын келип турған мени нәзери шалып қалды. Көрди де, езиўинде кеўилли күлки пайда болды. Көзлери жайнап, мен тәрепке мәнили қадалар еди. Ол, қосықтың хәўижин алды. Бурынғыдан пәтлирек алды. Даўысындағы жеңил қарлығыў да билинбей кеткендей болды.

— Ҳә, йош!

— Саў бол, балажан! — деп хошамет берди ҳаяллар. Басқалар меннен бийхабар еди.

Сеземен, жүрипсең ықласың кетип,
Сыр сақлаў дегенниң шегине жетип,
Ашық екениңди жәрия етип,
Билдире берме сен-аў, кеўлимде барсаң.
Ашық екениңди-яў жәрия ети-и-йип,
Билдире берме сен-аў кеўлимде барсаң.

Ол қосықтың кейинги қайтармасын үш мәрте тәкирарлады. Әдетте, бир мәрте тәкирарланар еди. Ол үш мәрте тәкирарлады. «Билесең бе, кеўлимде бар един-ғо, еле де барсаң» деп атырғандай еди ол маған. Соның ушын қайта-қайта тәкирарлап атыр еди.

Қосық тамам болды. Ҳәмме қол шаппатлап жиберди. Ақлықларды қолымнан жиберип, мен де көпшиликке араластым.

— Нигар апаның еле муҳаббаты басылмаған-ғо, — деди бир ҳаял.

— Не десеңиз ол дең, ол мениң жаслықтан кеўлиме жубаныш болған қосық-ғо, — деп сәлемлесиў ушын орнынан турды Нигар.

Ақлықлар болса бара апасының қушағына бойын таслады.

— Ал, ағайинлер, бизге жаўшы келди, — деди бизиң ҳаял. –Енди булар мени алып кетпей тынбайды.

Ол еки ақлығын жетелеп, палатасына кетти.

— Қалай, бизиң бала оқып атыр ма? — деди Нигар маған.

— Әлбетте! Сиз оқыт дедиңиз, оқытып атырмыз.

— Мениң ақлығымның деканы! — деп ол мени қасындағы кемпирлерге таныстырып қойды.

— Қәне, бизиң бала-шаға кийинип шыққанша және бир қосық айтып бер.

— И-им, — деди Нигар мәнили мыйық тартып. — Мениң қосығым биреў. Ол да айтылып болынған.

Бизлер көзлеримиз арқалы ғана сөйлестик. Көзлеримиз арқалы ғана қыймай хошластық.

— Ата, муҳаббат деген не? Бағанағы кемпирдиң еле муҳаббаты таўсылмаған деп атыр-ғо.

Ҳәммемиз Азаматтың мына сада саўалына күлип жибердик.

— Муҳаббат деген бир-биреўди жақсы көриў, балам. Мәселен, сен апаңды жақсы көресең бе?

— Аўа.

— Әне, сол муҳаббат.

— Сен не, жақсы көрмейсең бе апамды?

— Жақсы көремен.

— Бағанағы кемпирди не? Қосық айтып атырғанда бизлерди жибермей турдың-ғо.

— Оны да жақсы көремен.

Азамат үндемей турды да, бирден:

— Ҳаў, еки адамды жақсы көриўге бола ма? — деди изинше жүзиме тигилип.

— Болады. Мысалы, сен апаңды да жақсы көресең, мени де. Солай ма?

Азамат бас ийзеди.

— Әне, сондай балам. Мен де еки апаны да жақсы көреди екенмен.

Сол ўақытта көз алдымда және Нигардың келбети қайта елеслеп кетти! «И-им, Мениң қосығым биреў. Ол да айтылып болынған» — деп мәнили мыйық тартып турғандай еди ол.

**17-июль 2016 — 17-сентябрь 2017-ж**
**Нөкис — Дүрмен — Нөкис**

# ҲАЎА КЕМЕСИНДЕГИ ЕКЕЎ

(*Повесть*)



## 1

Гүз паслы болса да түс мезгилиндеги шағырайған қуяш ҳаўаны оғыры ысытып жиберди. Бундайда тал түстеги ыссы гейде жаз қуяшынан өткир болады. Адамлар қәйтип кийинерин билмей қалады. Көйлекшең жүриўге гүзги ҳаўа райына исеним жоқ, бир заманда күн жарқырап турса, қәпелимде нөсер жаўын қуйып бериўи мүмкин. Сонлықтан кекселеў кисилер ыссыласа да костюм ҳәм қалпақ кийип алған, ал, жаслар бәри бир көйлекшең ямаса жуқа пенжеклерин илгегинен бармағына илип алып, ийнине таслап киятыр еди.

Нуржамал самолётқа минип орынлыққа отырғаннан кейин сумкасының баўының астына узынша таслап қойған ветровкасын кийип алды. Салон иши салқын еди. Иште онша қулаққа азар бермейтуғын гүрилди бар. Бул самолёттиң кондиционериниң даўысы.

Нуржамал телефонын қолына алып, оннан ўақытты билип қойды. Ушатуғын ўақтынан аз ғана өтип баратыр екен. Лекин, самолёт еле ходланбады. Трап жыйналған жоқ. Инсан баласы ҳәмийше асығып жүреди. Үйден шыққан соң, аэропортқа жеткенше асығады, келген соң мингенше, минип болған соң «ушағоймады-ғо» деп айнаға қайта-қайта үңилип, қыстанып отырады. Нуржамалдың лекин, асығатуғын жумысы жоқ. Кешке дейин жетип барса болды. Сонда да тезирек ушып кеткен жақсы-дә!

Ол айнадан төменге қарады. Трап еле баяғысынша өз орнында.

Узағырақта аэропорт хызметкериниң изинде ентигип жуўырып киятырған ири денели бир ҳаял көринди. Оның самолётқа зорға үлгерип қалғаны албыраған жүрис-турысынан сезилип турды.

Стюардесса қыз оны туп-туўры жетинши қатарға, Нуржамалдың қасына әкелип отырғызды.

— Үҳ-ҳ, тас болмаса ушып кетейин деп турған екенсиз-ғо, — деди ҳаял ентигип. — Саў жүрсең бе, қарағым?

Нуржамал ол сорасқаннан кейин танымаса да жасы үлкен сыпатында сәлем бермегенине қысынды. Лекин, бул ҳаял оны елестирип атырған жоқ еди.

— «Шабан үйрек бурын ушады» дегендей, еп-ерте-ақ шығып едим, жолда минген таксийимниң баллоны жарылып... қапылып, аўысық баллоны да жоқ екен. «Қырқ күнлигин ойламаған қатыннан без, қырқ жыллығын ойламаған еркектен без» деп тоңқылдап-тоңқылдап түсип кеттим. Олыйып қарайды маған, қарағанша машыныңды сазлап айда.

— Апа, сумкаңызды жоқарыдағы текшеге қояйық па? — деди Нуржамал оған.

— Қой, сиңлим, тура берсин. Жарлының мүлки көз алдында турмаса берекети қашады. Өзи мына орынды мениң турпатыма ҳәм сумкама қарап кең етип соққан екен. Я айнадан мениң турқымды көрип сен ортаны ашыңқыраттың ба?

Нуржамал күлип жиберди.

— Бурын бул самолётта ушып көрмеп пе едиңиз? — деди соң.

— Ўә-әй, қайда сиңлим-аў. Биз таң атса атызға қарап ушамыз. Кеште үйге қарап ушамыз. Жерде ушамыз биз! Ушпаға минбегениме көп заман болды.

Самолёт аспанға көтерилди.

— Неге минбегенимизге көп заман болды дедиңиз? — деп бағанағы шала еситкен сөзин Нуржамал қайтармалап сорады.

— Ушпаға!

Нуржамал мырс етип күлди.

— Ҳе, неге күлдиң?!

— Бурын еситпеген сөзим екен.

— Жассаң-ғо, қарағым! Бизиң ата-баба деген гәпке бәле болған. Самолётты ушпа деген, поезди от арба деген, велосипедти шайтан арба деген... Мына, сениң менен биз қалғанбыз-ғо, лақап қойылмаған.

Ҳаял ашық минезли, сөйлемшек нашар екен. Нуржамал оның тескериси еди. Сорасаң жуўап берер, сорамасаң үндемей қыял сүрип отыра беретуғын минези бар. Соның ушын да ол бийтаныс ҳаял менен әжик-гүжик болып кете бермеди. Араға тынышлық шөкти. Бул арада самолёт толық көтерилип болған, енди ҳаўада бир тегис ушыўын даўам етер еди. Ол ушып баратыр ма, я бир орында қалқып тур

ма, қулласы, сылт етпес, тек қулаққа мотордың «ың-ың-ың» деген сести еситилип турды.

— Ана бултларды қара, — деди ҳаял Нуржамалдың алдынан еңтерилип пәске қарап. — Қырман жайға жайып қойған пахтаның дәл өзи я?

Нуржамал үндемеди.

— Гүзде пахта жайып кептиргенди көрип пе един?

— И-им! — деди Нуржамал бийкарлап.

— Пай-па-ай! Қалада өскенсең-ғо, шамасы?

Нуржамал мақуллап бас ийзеди.

— Қалада өскен қызларды жүдә аяйман-дә! Тәбияттың тамашасынан бос қалады олар. Гүз болса бизлерге ең рәҳәт ойын — жайылған пахтаның үстинде ойнаў еди. Шешең соғып берген пәр төсек ондай жумсақ болмас. Бирбиримизди пахта менен урып ойнаймыз. Өзлеримизди пахтаға көмип таслап жасырынамыз. Складшы бизлерди бәлəәтлеп қуўып жүргени. Оннан сайын «төт» десең айланып келе беретуғын шайтан таўықтай, узақлап кетпеймиз. Қалай, енди көз алдыңа келтире алдың ба?

Нуржамал кеўли ушын мыйық тартты. Ҳаял оннан сайын кеўилленер, ўақты-ўақты пәске — ушы-қыйыры жоқ ақша бултқа көз таслап қояр еди.

— Сондайда урныққыр баллар үстиңе бойын таслап жибереди. Билмеймен, шаппаттай болып ондайды қайдан билетуғынын. Кейнинен өкирип жылап атқаны.

— Ҳе, неге жылайды? — деди Нуржамал таңланып.

— Ҳаў, қайта-қайта пәнт жей беремиз бе, бир-екиден кейин пахтаның арасына кесадай-кесадай кесеклерди жасырып қоямыз. Сөйтип, бойын таслаған ўақытта қашып қаламыз. Кейин кесек көкирегине батады-дә! Соннан кейин қараўыл бизди ыраслап қуўады. Енди кетпесең болмайды. Урады.

— Атың ким?— деди ҳаял Нуржамал ашылыса бермегеннен кейин балалығын еслеўди қойып.

— Нуржамал.

— Ўа-ҳә-ә! Әке-шешең «жамалынан нур жаўып турсын» деп қойған екен-дә!

— Сизиң атыңыз ким?

— Шазада!

— Сизиң атыңызды неге қыяслап қойған екен?

— Неге қыяслайтуғын еди — «қызлардың патшасы болсын, кисеси ақшаға толсын» деп қойған-дә!

Нуржамал күлип жиберди.

— Жуўабыңыз тилиңиздиң ушында турады екен, апа! Сөйлемести сөйлетесиз.

— Бизиң күйеўдиң гәпин айттың-аў. «Сени моргқа киргизип жиберсе, бир-екеўин тирилтип, ертип шығасаң» — дейди маған.

Стюардесса қыз суў үлестирип баслады.

Фанта, кола, спрайд...

— Кагор ишесең бе, я ағынан көресең бе? — деди Шазада стаканларға қол узатып.

— Маған сарысынан әпере-ғо, — деди Нуржамал.

— Оҳ-оҳ-оҳ! — Шазада стакан толы фантаны мурнына тутып ийискелеп алып, соң Нуржамалға усынды. — Гази аспанға шапшып тур екен. Симирип жибер де тым-тырыс қыл!

Өзи спрайттан биреўин, коладан биреўин алды. Еки қолына еки стакан услаған әўдийген ҳаял Нуржамалға жүдә күлкили көринип кетти. Лекин, өзин услап отырды, күлмеди. Бәри бир оны Шазада сезди.

— Сонша геўдеге бир қултым суў не болады, мойнымызға түссе төлермиз-дә! — деп Нуржамалға көз қыйығын таслады да, спрайтты симирип жиберди.

Усы ўақытлары самолёт бирден төменлеп кетти. Шазада орнынан турып кете жазлады. Қолындағы екинши стакандағы суў сәл шайпатылып, дизесине тамды.

— Көзине қарап айдаса болады-ғо, жүрегим асқазанымның ишине кирип кетейин деди-ғо! — деп гүңкилдеди ол өзин ыраслап алып.

— Аспан-әм ойлы-шуқырлы болады, апа!

— Соның ушын тегисин алып айдаў керек.

— Турмыс қурдың ба? — деди бир ўақта Шазада түйеден постын таслағандай етип.

— Яқ,— деп Нуржамал жүзеки мыйық тартты.

— Ҳе?! Неғып жүрсең?!

— Жүрмен!

— Дүньяның қызығынан бос қалған екенсең-ғо!

— Дүньяның қызығы тек сонда ма?

— Ҳа-аў!! — Шазада ҳеш нәрсе түсинбейтуғын адам менен сөйлесип отырғанына нарийза болғандай, терис айланды. Соң жәнe Нуржамалға бурылды. — Күйеў деген... билесең бе, қандай...! Әй! Қаўын жеп көрмеген адамға гүрбектиң мазасын мақтағандай болады-дә!

Нуржамал үндемей айнадан пәсте буўдақ-буўдақ болып қалып атырған ақша бултларға мәниссиз тигилип отырды. Азымаздан кейин Шазада оның шығанағынан түртти.

Нуржамал басын айнадан алды.

— Өкпелеп қалдың ба? — деди ҳаял күле шырай берип. — Мениң аўзым жаман өзи! Гейде усы тилимнен пәнт жеп жүремен.

— Яқ, өкпелемедим! — деди Нуржамал ашылысып. — Ондай асаўлық дәўирден өттик-ғо!

— Ноқта салынды десеш! — Шазада гәптен илип алды.

— И-им! –деп Нуржамал басын шайқады.

— Онда өзим ноқта салдыраман саған! Бурын салынған ноқта болсын ба, я тутылмағаны керек пе?

Нуржамал шыдамай күлип жиберди.

— Билмеймен, апа! Билмеймен. Түсинбеймен ондайға!

— Ҳә-әй, түсинбессең! Ишиң қайнап тур-аў. Әйтеўир, жеңге боп барсам уялдырмайсаң ба?

— Әўеле қудай!

— Сонысы керек-ғо бизге!

Егер басқа биреў бүйтип шық-шығына тайап сорай бергенде қашшан ашыўы мурнының ушына шығар еди Нуржамалдың. Шазадаға бирақ, ашыўланбады. Оған ашыўланғаның бир пул екенин сезди. Ол қәдимги ҳаяллардың уранында емес, қандайдур есерсоқ па, арқасы бар ма, қулласы, оған қарсы келсең биротала «тығыны алынып» кететуғын қызба ҳәм өр көкирек минезли нашар екенин түсинди. Түсингени ушын оның гәплерин ерси көрмеди. Қайта кем-кем оған усы минези унай баслады.

Нуржамал енди өзин Шазадаға жақын тутқысы келди. Сөйлескиси келди. Оның ҳәр гәпи жуўабый болып келер, ҳәмменин де кеўлинде бар, лекин, басқалар сыртқа шығарып айта бермейтуғын, дәлден-дуўры хабар еди, оның гәплери.

— Барған соң қаяққа қарап жүресең? — деди Шазада өзиниң шох минезин сәл жыйыстырып. — Ташкентти онша биле бермеймен. Жолымыз бир болса жолдас болармыз.

— Санаторияға, — деди Нуржамал.

— Санаторияға-а?! — Шазада бирден қуўанып қоя берди. — Айттым-аў! Мен өзи жолы болған нашарман! Самолётты ушырмай қойғанымнан билмедиң бе Нөкисте!

— Сиз де санаторияға ма?

— Аўа-дә!

— Қайсы?

Шазада санаториясының атын айтты.

— Онда жолдас болады екенбиз.

Шазаданың кеўли жай тапты. Күни мененги ишлей алағадашылығы басылды.

— Бурын ол санаторияда болдыңыз ба, жақсы ма екен? — деди соң. — Аўқаты қалай? Мына қурғыр геўде анаў-мынаў аўқатқа қәнәәт етпейди. Билесең-ғо, трактордың-әм үлкени саляркини бочкилеп ишеди.

— Бурын қайсы санаторияда болып едиңиз?

— Санатория қайда-а бизге, сиңлим-аў! Бизиң санатория «Мәмелек ой», «Райком партаў».. Үй... малқора..

Нуржамал жеңил мыйық тартты.

— Бирақ, өтирик болмасын, онныншыны питирген жылы әжапам менен жездеме ерип, Кисловодскиге барғанман. Сонда самолётта ыссы аўқат бергенине ҳайран қалдым. Түсемен дегенше көзим менен асханасын изледим, бирақ көре алмайақ қойдым.

— Түбинде барып көрген екенсиз-ғо!

— Аўа. Сендей... — Шазада және бунның турмыс көрмегенин тымсаллап бир нәрсе айтайын деп тур еди, Нуржамалдың сәл қабақ шытқанын аңлап өзин иркти.

— Тәрезиниң басындай гилт ете қалады екенсең, сиңлим?! — деди сәлден кейин. — Нешеге шықтың өзи?

— Нешеге усайман? — деди Нуржамал күлимсиреп.

— Өзиң айта берсе, қарағым! Мениң нашарларды өлшейтуғын қабақ тәрезим жоқ. Еркек болғанында палкериңди минийерде қалдырып айтар едим нешеге шыққаныңды!

Нуржамал бир заман үндемей қалды.

— Отыз тоғыздаман, — деди соң.

Шазада бирден таңланып қалды.

— Ырас айтып турсаң ба?

— Ырас.

— Қалай?!... Еле тал шыбықтайсаң-ғо! Мына мени айтса болады отыз тоғызда деп. Әстапыралла! Күни менен «қарағым, шырағым, сиңлим» деп кемпиршам шығып отырсам... Достым екенсоң-ғо!

Таңланыў гезеги Нуржамалға өтти.

— Сиз?!... Сиз де отыз тоғыздасыз ба?

— Қартайып қалғанман я?! — Күни менен есирип сөйлеп отырған Шазада бирден салпаўсып қалды. — Аўылды билесең-ғо, нан жаўаман, сыйыр саўаман, кир жуўаман, бала туўаман. Оннан қалса байдың минлети.

— Яқ, мен сизди ондай деп атырғаным жоқ! — деди Нуржамал қолайсызланып. — Сизиң шох минезиңиз...

— Минез басқа, көрк басқа! Ағаң шырайымнан-ақ билген екен-ғо, шаршап жүргенимди, әйтеўирде «орныма, сен дем алып қайта-ғо», дейберди-аў!

— Жоллама оныки ме еди?

— Аўа-дә! Атызда аяғы шалынысып жүрген мен пақырға жоллама қайда! Муғаллимлер байрамына сыйлыққа берген екен оған. Ҳәзир олардың гәлжиңлеп қыдырып жүретуғын ўақты ма, түске дейин оқыў, түстен кейин пахта.

— Ағай жақсы адам екен! — деди Нуржамал. Ол жаңағы гәплерден кейин Шазаданы баяғы шохлығына алып келе алмай әўере еди.

— Маған салыстырғанда я? — деди Шазада мысқыллы күлип.

— Уҳ-ҳ! Қояғойшы енди!

— Ойнап айтаман, достым! Жаман адамға тийемен бе мен! Пай, сүўретин алып шыққанымда болады екен. Көрсең ашық болып қаласаң! Суқсурдай! Азанда жумысқа кетип баратырғанда изинен қарап тураман. Өзимниң байым екени есимнен шығып, ашық болып қаламан-ғо, оған!

Екеўи ҳәз етип күлисти. Даўыслары қаттырақ шығып кетти ме, дөгерегиндеги адамларға гүдикленип нәзер таслап қойды. Булардың не сөйлесип атырғаны менен ҳеш кимниң иси жоқ еди.

— Ой-бу-ў, Ташкент деген-әм үлкен қала екен-аў, бизиң Шымбайдың онлағаны жайғасатуғын шығар буған?! — деди Шазада айнадан үңилип.

Нуржамал бурын самолётқа минсе ўақыт өткере алмай қыйналар еди. Бүгинги жаңадан табылған танысы жолды еки-үш есеге қысқартты. Самолёттиң дөңгелеги жерге «дигир» етип тийгенин бир-ақ билип қалды.

## 2

Олар таксиде бираз жерге дейин тым-тырыс келди. Нуржамалдың қыялына самолёттағы Шазада басқа-дә, таксидеги Шазада басқа сыяқлы еди. Аўыр минезли, басық ҳаялға усап қалған.

— Шазада? — деди бир ўақта Нуржамал оған көз қыйығын таслап. — Өзиңе усамай қалдың-ғо!

— Аўзымда тақаным бар! — деди Шазада оның нени тымсаллағанын түсинип.

— Жутып жибер!

— Бағанағының шофёры бир шақырым жерде еди, мынаның шофёры ийегимиздиң астында отыр. Келди-кетпели лепире берсем...

— Гапира беринг, мен эшитмайман, — деп күлди таксист.

— Әне, көрдиң бе? Еситпегени сол болса... Соң таксистке қарап гәп атты. — Қарақалпақтың жигитлери дәли, қызлары сөзге шешен болады. Ерси көрмейсиз бе оны?!

— Йуғ-әй, нима деяпсиз! Мен институтта қорақалпоқ қизлари билан ўқиганман.

— Институтта оқығанбысыз?

— Ҳә да!

— Онда неге кирейкешлик қылып жүрсиз?

— Тирикчилик.

— Сиз бенен оқыған қызлар қандай еди?

— Нима десам экан... Уятшан, кам гап.. Аммо, кезида бир гап билан ёппиштирип ташлар эди.

— Соннан қорққаннан бизге жезде бола алмапсыз-дә!

— Нима, нима?!

— Почча була олмабсиз деп атырман.

— Ҳа-ҳа, у армон бўлиб қолган. Лекин, ният йўқ эмас!

Нуржамал Шазаданың дизесине мушы менен түртип жиберип күлди.

— Айттым-ғо, қатын сениң! — деп ол Нуржамалдың өзин шымшып алды. — Сөйлесем бузып аламан деп. Таксист ҳәзилдиң изин даўам етпеди. Сөйлескиси келип турды, лекин ҳаяллардың тез күлкиден тыйылғанын көрип, бата алмады.

— Барған соң екеўимиз бир жайда боламыз ба? — деди Шазада. — Танысып отырмаймыз, сорасып отырмаймыз...

Ол самолётта йошып келгени менен, бурын көрмеген санаториясы, оған қандайдур белгисиз атаўға барып қалатуғындай уўайым түсип киятыр еди.

— Бунның илажы жоқ шығар? — деди Нуржамал да оның бахтына.

— Ҳе, неге?

— Мениң орным бир адамлық. Бәнт етип қойылған.

— Биреўге болған екеўге болады, қырынлап жатамыз-дә!

— Бир-биримизге жаўырынымызды қаратып па? — деп күлди Нуржамал.

— Яқ, Бетке-бет қарасып, қушақласып-ақ жатайын.

— Опалар, келдик! — деди таксист дәрўазаның алдына тоқтап.

— Неғылдейди?! — Шазада бирден шоршып түсти. — Биз апа болып қалдық па? Кемпирге усаймыз ба?

— Йўқ-йўқ, нима деяпсиз?! Ҳурмат юзасидан гапираяпман!

— Сөйтсе! Мен-әм ҳеш гәп, мына турмысқа шықпаған достымның еңсеси түсип кетти-ғо!

— Радиодан айтыўың қалды, — деп ызғарлы мыйық тартты Нуржамал.

— Нени?

— Мениң турмысқа шықпағанымды!

Екеўиниң орналасыўына ярым саттай ўақыт кетти. Соң бир-бирине «ал яқшы» деп, екеўи еки корпусқа қарай жүрди. Соннан кешки аўқат ўақтында бир ушырасты. Несийбесине екеўи бир столға отырды. Қасындағы еки адам бүгин кеткен бе, я еле ҳеш ким келмеген бе, қулласы, қойылған кесе менен қасықлар еки адамға мөлшерленген еди.

— Бағана паспортыңа қарамаппан-әй, сениң! — деди Шазада бир нәрсени умыт қалдырғандай сергекленип.

— Ҳе?

— Сен мени самолётта алдағаның жоқ па?

— Не деп?

— Ким айтады сени мениң менен жас деп, қәдди-қәўметиңе қарайсаң ба, белиң нәзикликтен сынып кетейин деп тур. Қабағыңа төгилип турған маңлай шашың, жаңа он алты, он жети жасар қызлардикине усайды.

— Келистир! Жигирма алты-жигирма жети десе, ең болмаса! — деп күлди Нуржамал.

— Ҳаў, ырас! Жүзеки мақтап саған сөз салайын деп атырман ба? Жүзиңди сүт пенен жуўып, каймақ жағып қойғандай. Ләбиңнен бир поса алған жигит бир ай өзине келе алмай жүретуғын шығар.

— Қояғойш, шайырмысаң, сүўретшимисең?

— Әдебиятшының қатыныман. Соннан жуққан.

— Лекин, сиз-әм самолёттағы Шазадаға усамайсыз!

— Таксидеги Шазадаға усайман ба?

— Яқ, оған-әм усамайсыз!

— Онда хамелён болдым-ғо.

Екеўи биргеликте күлип жиберди.

— Ашылысып кетипсиз, ырасы. Тынығып дем алғаныңыз жүзиңизден көринип тур.

— Ҳәссений! Усы ўақта бизиң Бахтыяр көрер ме еди мени?

— Неғылады?

— Сүйип алар еди.

— Еле сүйисесиз бе?

— Ҳа-аў, муҳаббат деген жас минген сайын мазалы болады-ғо.

Нуржамал көзи менен изги орынлықларды ымлады. Шазада сәл қыялап қарап еди, кейинги орынлықтағы төрт кисиниң биреўи булардың гәпин қызығып тыңлап отырғанын сезип қалды.

— Саған өлим келмейди-аў, Шазада! — деп өз бетин өзи бармағы менен сызды. — Ғарып-ғурып жеш, далада отырып сөйлесейик. Аўзымызды аңлып отқан биреўлер түўе...

Олар сыртқа шығып, ҳәр жер-ҳәр жерди қайымлады. Бирақ, ҳеш жерде жазылысып сөйлескендей орын таппады. Ертерек аўқатланып шыққанлар скамейкалардың бәрин қашшан ийелеп алған еди. Олар нәйлаж тротуар бойлап адымлады.

— Мениң қасымда бир орыс кемпир бар екен, — деди Шазада налынып. — Қудайдан тилеп-ақ киятыр едим, я қасымда адам болмағай, ямаса жаўқылдаған биреў болғай деп. «Тилегенге ушығы менен пушығын береди» деген ырас екен, мениң пайыма гереӊ кемпир түсипти. Барлы-жоқлы орысшамды еплеп қурастырып болсам:

— А-а? Чье говоришь? — дейди күйдирип.

Ақыры, бастырындым да терис бурылып жатып қалдым. Бир қарасам, қара суў болып терлеп атыр екенмен. «Қой, кемпириңди әкеңе пардозлап көрсет» деген, кешки аўқатқа қыздай қылтыңлап барайын деп, рәс-с, бир саат отырдым-ғо ваннада.

— Сол-ғо, жаңағы айтып атырғаным, «самолёттағы Шазадаға усамайсаң» деп. Жүр, бизиң жайға барайық. Трюмоға қарап өзиңе-өзиң ашық болар ма екенсеӊ?!

Олар Нуржамалдың бөлмесине келди.

— Ой-бу-у! — деп Шазада босағада турып қалды. Усының бәри сеники ме?!

— Көп пе?

— Ханның мәлийкасы болыпсаң-ғо! Мына диванда бир емес, төрт адам аўнап-куўнап жатса болады.

Соң ол диванның ернегине отырып, бир заман селкилдеп көрди.

— Қаттырақ селкилдесем пәтиктен қайтажақпан-әй! — деди күлип.

— Жатып-әм көрсе! — Нуржамал оны еки ийнинен артқа қарай ийтерип жиберди. Шазада узынына созылды. Дизеден төмени жерде турғанлықтан көп қыйынлық пенен зорға тикейип алды.

— Буны қаяқтан үйренип жүрсеӊ? — деди езиўден күлип.

— Нени?

— Адамды шалқасына жығыўды?

— Жоқбош! Сирә аўылдың қатынына усамайсаң! — «Жоқбош» деген сөз Нуржамалдың аўзынан биринши мәрте шығыўы еди. Ол ҳәрдайым буны досларынан еситсе де, өзи айтып көрмеген. Сонлықтан, Шазаданың кеўлине тийип алдым ба деген ой менен, өз-өзинен қысынып кетти. Лекин, өкпелеў Шазаданың қыялында да жоқ еди.

— Мен-әм усы жерге көшип алсам ба екен? — деди қайта. — Екеўмизге арқайын-ғо, мынаў! Қырынламай-ақ биймәлел аўнап жатамыз.

— Аўнап жататуғын достым бүгин-ертең келеди-дә!

— Достың еркек пе, нашар ма?

Нуржамал бул гәпти еситпегенге салды.

Екеўи дем алып отыратуғын орынлықларға өтти.

— А-ал, айта бер, — деди Нуржамал қуўлық етип.

— Нени айтаман? Нөкистен шыққалы мен сөйлеп киятырман. Сен-әм сөйле арасында.

— Не сөйлеймен? Менде гәп жоқ.

— Мениң не, гәп заўытым бар ма?

— Айта берсе. Ағай менен қалай қосылғаныңды айт. Мен сеннен тәжирийбе алайын.

— Аўылдың қызының муҳаббаты менен қаланың қызының муҳаббаты туўры келеме саған.

— Аўылдың қызларының муҳаббаты қандай болады?

— О-о! — деп көзлерин пәтикке қадап қыял етти Шазада. — Ғәрип пенен Шасәнем, Алпамыс пенен Гүлпаршын бизиң аўылдың мысалынан жазылған-ғо.

— Яғ-ә-әй?!

— Ҳим-м!

— Сизиң аўылдың Ғәриби ким еди?

— Еси дәртиң Ғәрипте! Шасәнемди сорасеш — Шасәнемди!

— Ал, сорадық?

— Бизиң әжапам еди Шасәнем?

— Ғәриби ким болды оның?

— Анаң қара, айланып Ғәрипке бара береди тилиң! Ол бизиң жездем-дә!

— Хош?

— Не хош?

— Кейнин айтса.

— Кейнин китаптан оқы... Ойнап айтаман-аў достым, усы заманда Ғәрип бар ма, Шасәнем бар ма? Бүгин танысады, ертең үйленеди, арғы күни балалы болады.

— Бәри бир тилиңниң астында бир нәрсе қалды, — деп күлди Нуржамал.

— Бес бала туўған қатынның тилинде не қалатуғын еди!

— Өзиң не? Өзиң Шанәсем болмадың ба?

— Шасәнем болмақ қайда? Бир көргеннен тийип алдымғо.

— Сөйтип?

Шазада күлип жиберди.

— Күн алатуғын адамдай изиме шуқшыйып түсип алдыңғо!

— Сенде илаҳий муҳаббат туйғысын сезип турғандайман. Соны еситким келип атыр.

— Яға-аў, бизиң муҳаббатлар кейин оянды-ғо. Мен «енди қыз болдым, жигитлерге ўәде бермей на-аз етип жүремен» десем, қашшан еки үйдиң иши шаппат урысып қойыпты. Еле аттестатымды алалмай жүрсем, зыңғыттай еки жигит келип тур.

— Булар ким-о? — дедим апама.

— Сени сорап келген.

— Мен не, буйым ба едим?

— Қой, қыз, сондай қырсық гәпиңди. Оннанша уқшатып палаў асып бер. Аўқатқа шебер екен деп кетсин.

Мен палаў емес, шәўле писирдим. Ҳә, ыссылай таңлайына қата қалсын дедим. Өзи күйеў дегенге бурыннан қаймақласып туратуғын жүўери жарма, адамның белинен бир орап алыўға жететуғын созылма кеспас писирип берген-ғо. Аўқатты алдына қойып тамашасына қарайын дедим бир. Яқ, оған жетирмеди. Жаңа гүришин салайын деп атырсам, биреўи сүўмеңлеп шыға келди. Билдим, күйеў болмыш заңғар! Табақты таслай сала тамды айланып қаштым-ғо. Бирақ, мүйешке барып иркилдим. Арман айланайын десем ағам қаўын кетпенлеп жүр.

— Шазада, мен сени деп келдим, — деди жигит.

Мен аўзыма суў уртлап алғандай, дым үндемей тура бердим.

— Жулдызымыз жарасса үй болсақ.

Еле тырнағымның ушына үңилип турман.

— Апамлар сизди жүдә мақтады.

Менде сес жоқ.

— Мақул десең ағамлар жаўшы жибережақ.

— «Жаў» деген руқсат сорап келе ме екен? — дедим зорға тил қатып.

Жигит қуўанып кетти. Бары-жоғы сол бизиң муҳаббатымыз. Еки-үш айдан кейин той болды.

— Оқымадың?

— Оқыў қайда, мәликаяўмиддийин қайда! Домаландырып қара домалақларды атып урып турдым.

— Қой, шай қояйын. Сен кейнин бузып баратырсаң, — деп Нуржамал орнынан турды.

— Қайтаман дегенше өзимниң копиям қылып шығараман еле! — деп күлди Шазада.

Олар екеўи бары-жоқты дастурханға шығарып шай ишти. Биреўи қоңсыларын гәп етти, бири жумыстағылар ҳаққында айтты. Қулласы, күн барында шайға отырған еки нашар уйқысырап, есней баслағанда гәплериниң мазасы қашқанын билди.

— Қой, мен кетейин, — деди Шазада орнынан турып. — «Алды Мақтымқулы, кейни сыптырыңқы» болып баратыр гәпимиздиң.

— Лекин, Ғәрип ашықлар ҳаққында айтпадың...

— Оны қодиреӊ гәплерге араластырыўға болмайды. Қудайдың күни көп.

Шазада кеткеннен кейин Нуржамал шәйнек-кесаны жыйнастырыўды азанға қалдырып, төсекке қыйсайды. Лекин, жаңағы еснеўлер енди буны тәрк етип кеткендей еди. Ол шийрин қыяллар қушағында буйығып, узақ ўақытқа шекем уйқылай алмай жатты.

## 3.

Нуржамал қанша кеш уйықласа да, азанда ерте оянды. Лекин, буннан да ерте туратуғынлар бар екен. Лабораторияға қан алдырыўға барғанда бесинши болды.

«Бул адамлар усы жерде қонып шыққан шығар, сирә» деп ойлап қойды ишинен. Егер Шазада болғанда оны ойлап отырмас, дәлден-дуўры өзлерине айтар еди.

Асханаға келгенде өзи қусап анализден келгенлер ҳәр жер ҳәр жерде таздың шашындай шошайысып отырғанын көрди. Өзи де солардың бирине айланып, кешеги өз столына келип отырды. Столда Шазада екеўине арналған қасық-шанышқы, сары майлар қол урылмастан турған екен. Демек, Шазада енди келеди.

Официанткалар есиктен кирген адамды аңлып турғандай, отырар отырмастан подноста ярым лаўабы кеса сокгөже, қуўырылған еки сосиска менен бир шәйнек шай апкелди.

Сөкгөже сәл суўыңқыраған, оның үстине сүттиң дәминен басқа иштей ашқандай мазасы жоқ еди. Нуржамал бурыннан шийки сөктен исленген гөжени жақтырмас, сондай ҳалатқа дус келсе сары май менен наннан жүрек жалғап қояғояр еди. Бул ретте де сөйтти. Еки сосисканы бирақ, жеди.

Ўақты-ўақты ол есикке жалтақлап қарай берди. Шазаданы жойтты. Лабораторияда да ушыратпады. Оған тез арада үйренип қалғанын сезди. Кеше оның ҳәр гәпине бир қысынып отырса, енди бүгин соны қумсады. Ҳәзир есиктен Шазада кирип келсе булттан қуяш жарқ етип шыққандай қуўанып кетери сөзсиз еди.

Шазада кеткеннен кейин ол уйқылай алмай узақ жатты. Шийрин қыяллар қушағында ентикти. Өзи көрмеген ҳәм еситпеген оның жездеси менен әжапасының «Ғәрип ашықлығы» оны қызықтырмады. Оны өз өмириндеги соңғы жыллардағы өзгерислер бийлеп алды. Муҳаббат па, ҳәўеслик пе, қулласы, кейинги пайытлардағы ушырасыўлар ләззетли еслеўге айланды.

...Олардың арасында бираз жас парық бар еди. Соған қарамастан ол басқа еркеклерге қарағанда жас көринер, жүрис-турысы сүйкимли, жас жигитлерге уқсар еди. Шашларында бир тал өсик шаш болмас, дөгереклери ҳәр күни азанда қырып шыққандай теп-тегис, шалбарының қыры болса шым қара туфлийиниң ушы менен дүп-дүзиў келип турар, көбинесе үстине ҳаўайы рең көгис костюм кийер еди. Қулласы, оның ҳеш ўақта итибарсыз кийингенин көрген емес. Оның үстине, басшы болыўына қарамастан оғада кишипейил еди. «Сизге түсиндире алдым ба, имканиятыңыз болса усыны тезирек таярлап берсеңиз», деп тапсырма қылар, набада жүзиңизден солғынлық сезсе: «Денсаўлығыңыз жақсы

ма?», «Үй-ишиңиз тыныш па?», — деп туўысқанларыңыздан бетер иши-баўырыңызға кирип сорасар еди. Нуржамалға бәлким усы тәреплери унады ма, қулласы, өзи сезбеген ҳалда оны өзине жақын тута баслады.

Нуржамалдың ҳәр қандай илимий болжамларды жақсы анализлей билиўи баслыққа оны және де жақынластырды. Оған көбинесе қайтарға таман қыстаўлы жумыс тапсырар, усы жумыс питиўи ушын кеште алып қалар еди. Кеўлинде гүман туўдырмаў, ең баслысы кеңседе гәп-сөз болмаў ушын қасында еки-үш қызға жумыс берип, қайтарда бирим-бирим өз машинасында үйлерине тарқатып шығар, Нуржамалды болса ең кейнинен түсирер еди. Сондайда Нуржамалдың жүреги туўлап кетер, өз-өзинен қорқыныш бийлер, ҳәзир билегинен усласа тула бойына қалтыратпа тийетуғындай қорқынышта отырар еди. Бирақ, баслығы оған бармас еди, үндемейди де, дәрўазасының алдынан түсирип, қай ўақ ишке кирип кеткенше күтип турады. Күни менен қорқыныш бийлеген Нуржамалды енди кеўилсизлик бийлейди. «Неге ол үндемеди? Неге еркек қусап, бир нәрсе демеди?! Яки мен суўық ҳәм шырайсыз нашарман ба?» Усы ойлар оны қыйнар ҳәм қапа етер еди. Жеңгесиниң алдына қойған аўқат-шайынан да аз-аздан ишип, жатып қалар еди. Түн бойы ол баслығының жаман тәреплерин излейди, жағымсыз қылықларын ойлап тапқысы келеди. Сөйтип оны биротала жек көрип қалыўға тырысады. Ендиги сапар ис тапсырса кеш қалмаўға өзин таярлайды. Лекин, азанда бул ойлардың бәри суў бетиндеги көбиктей тарқап кетеди.

— Нуржамал, шаршап қалмадың ба? Министрликтен бирден сорап қалды, болмаса сизлерди қыйнаў нийетим жоқ еди, — деген ўақытта түни мененги өз ойларынан уялып кетеди.

Барып-барып қайтарға таман сондай «қыстаўлы тапсырманы» күтип отырыўға әдетленди. Тапсырма болмаған күни кеңседе бир нәрсеси умыт қалғандай, изине қайта-қайта қарағышлап қайтар еди. Қыялына баслығы айнадан қарап:

— Нуржамал, кеширерсең, қыстаўлы жумыс шығып қалды, өзим апарып таслайман! — деп шақырып алатуғындай.

Тилекке қарсы, айналар бекитиўли, кондиционердиң париги қутыша ишинде бир бапта айланар еди.

Бундай аўҳал бир жыл дерлик даўам етти. Баслығы оны бир неше мәрте үйине апарып таслады. Лекин, ҳеш қол тийгизбеди. Бирақ, бара-бара гәп атыўлар болды. Қапталындағы қызлар үйлеринде түсип қалғаннан кейин:

— Нуржамал, алдына өтип ал, — дер еди ол буған.

Бул да «ҳе неге» деп сорамайды. Бата алмайды сораўға, уялады.

Алдына өткеннен кейин билип-билмей бир-бирине қоллары тийип кетер, гейде дизелери сүйкелисип кетер еди. Екеўи де ҳеш нәрсе сезбегендей, билдирмейди. Бирақ, Нуржамалдың тамырындағы қан бирден муздай болып ағады. Аяқ ушынан төбесине шығады. «Ҳәзир билегимнен усласа» деп қорқыныш пенен ойлайды ол. «Сонда не қылыўым керек? Қолын қағып жиберейин бе? Яқ. Уят болады. Әсте-әсте өзине тартса не қыламан? Яқ! Өйтпейди! Өйтиўге, ҳақысы жоқ! Қорқаман! Қорқаман ер адамнан!»

Нуржамалдың ойлары пушқа шығады. Баслық ҳеш нәрсе сезбегендей үйиниң алдына түсирип кетеди. Нуржамалды және кеўилсизлик бийлейди. Жеңгесиниң қуйып берген аўқаты тағы шала қалады.

Баслық оны усылайынша көнликтирди. Төзиминиң шегине жеткерди. Енди бир сөз айтса «яқ» деп айта алмайтуғын дәрежеге алып келди. Буны Нуржамал да сезди. Лекин, өз сезимине енди қарсы тура алмас еди. Ол баслықты жақсы көрип қалды. Сүйип қалды оны! Оның арасындағы жас парқы да, бала-шағасы барлығы да көзине көринбеди. Дүньяда еркек биреў еди ол ушын! Басқа еркек жоқ еди бул әлемде! Ол жалғыз! Ол биреў! Ол да болса Нуржамалдың муҳаббаты ушын жаратылған!

Нәўбеттеги кеш қайтыўлардың биринде ол Нуржамалға жуқа бир конверт услатты.

— Бул не? — деп сорады Нуржамал.

— Ашқан ўақта көрерсең! — деди баслық.

Нуржамал ишке кирди де, шешинбестен конвертти ашты. Онда кимгедур үмитли нәзер менен тигилип турған жумбақ сүўрет бар еди. Баслықтың сүўрети еди ол. Сол күни Нуржамал таң алдына дейин уйқылай алмады. Қыяллар изинен қыяллар...

Азанда айнаға қараса қабақлары домбығып исип кеткен екен. Бул ҳалатта баслықтың көзине көрингиси келмеди. Түске дейин жумыстан қалды.

— Ҳе, мазаң қашты ма? — деп баслық оны түстен кейин дәлизде күтип алды.

— Яқ, өзим... — деди де уялып төмен қарады.

Күндегидей оған сәлем де бере алмады. Уялды. Бир жапырақ қағаз олардың висол ушырасыўы хызметин атқарған еди.

Ара кем-кем жақынласа баслады. «Қыстаўлы тапсырмалар»да жиийилесип кетти. Бир күни баслық Нуржамалдың көшесиниң басына келгенде машинаны өширди. Нуржамал үндемеди. «Неге ирктиң» деп сорамады. Баслықтың бир қолы оның желкесине өтти. Нуржамал өз-өзинен дир-дир қалтырады. Етлери ысып кетти. Баслық шеп қолының саўсақлары менен Нуржамалдың жүзин өзине бурды. Нуржамал қарсылық көрсете алмады. Қарсылық көрсеткиси келмеди. Ыссы ләблер бир-бирине қаўышты. Соң аймалаўлар, аймалаўлар, ентигиўлер...

— Болды, кетейик! — деди Нуржамал бир ўақта қатаң. Соң асығып-үсигип жыйрылып қалған көйлеклериниң жағаларын жөнледи. Олар екеўи де ышқы ләззетинен мәс еди.

Кеше Шазада кеткеннен кейин ол усы туңғыш посаны, соң тез-тез даўам еткен ышқый ушырасыўларды еследи.

Бир сапары олар пинҳамы жайда ушырасты.

Сонда аймалаўлар ең соңғы шегине дейин жетти. Лекин, Нуржамал өзин қатты услады. Еркин бермеди. Баслық өкпеледи. Шынты менен қапа болды. Түскинликке түсти. Нуржамал оны аяп кетти. Жетим балаға ҳазар берип алғандай сезди өзин.

Лекин, қыз балаларға тән тәкаббырлығы үстин келди. Баслықты өңмененинен ийтерип таслап, сыртқа атлықты. Бирақ, босаға аўзында изге қыя бурылып, назлы мыйық тартты.

Бул ҳалаттан баслықтың жүзи жайнап кетти. Бир ҳәптеден кейин усы жолламаны ҳәм самолётта барыў-қайтыў билетин қолына услатты.

— Нуржамал, сизди көп қыйнап жибердим, барып дем алып қайтың, — деди кишипейиллик пенен.

Ол бунның «шүдигарға таслап қойылған қуйрық» екенин билди, биле тура алды. Бәлким... дурыс еткен шығар.

## 4

Шазада түслик аўқатқа да шықпады. Нуржамалдың кеўлине енди ғулғыла түсе баслады. «Оған бир нәрсе болған! Сөз жоқ, бир нәрсе болған! Аяқ-қолын байласаң-әм бул ўақытқа дейин бир жерден шығар еди...»

Соң өзин гиналай баслады. «Бунша не суўық қанлыман-ә! О бийшара мени туўысқанындай көрип қалып еди. Мен болсам... Егер мен усы ўаққа дейин көринбей кеткенимде санаторияны астын-үстин қылар еди ол!»

— Неге мазаң қашып отыр? — деди бунның жүзиндеги кеўилсизликти абайлаған столласы Халима. Олар менен ҳәзир ғана танысқан еди, шабатлы Мәтнияз бенен Халима деген ерли-зайыплылар еди олар.

— Аўыллас екенбиз-ғо, — деди буған танысқан ўақта-ақ. — Жақсы болды, бирге аўқатланамыз, бирге қыдырамыз.

Нуржамал оларға «жақсы я жаман» деп тил қатпады. Лекин, қайта-қайта есик бетке қарағышлап, аўқат ишиўиниң де мазасы болмай отырған соң сораўға мәжбүр болған еди олар.

— Азанлы бери бирге келген достым көринбей атыр, – деди Нуржамал ырасынан келип.

— Ханаңыз бөлек пе еди?

— Бөлек еди.

— Онда барып хабар алың. Бүйерде өзиң барып айтпасаң, докторлар да тынышыңызды бузып алдыңызға кире бермейди.

— Туўры, хабар алыўың керек, — деди Мәтнияз да ҳаялын жөплеп. — Кеше келген болсаңыз... Ким биледи, ҳаўа алмасыў жақпай қалған шығар, яки...

Өзи зорға отырған Нуржамалға бул гәплер әбден қамшы болды. Қолындағы сындырған нанын тарелкаға қайтарып қойды да, орнынан турды.

— Ҳаўлықтырып алдық-аў, — деген Халиманың даўысы қулағына шалынды есикке жақынлағанда.

Ҳақыйқатында да, ол ҳаўлыға баслаған еди.

Ол Шазада орналасқан корпустың биринши қабатынан тез-тез жүрип өтти. Бул қабат админстративлик ислерге

арналған екен. Екинши қабатта да бираз бөлмелердиң есиги ашық, лекин, ишлеринде адам жоқ еди.

— Ҳәммеси түсликте екен-аў, — деп ойлады ишинен Нуржамал.

Үшинши қабатқа миниўден-ақ дийўалға шырп-шырп урылған шыбын урғыштың сести еситилди.

— Ну, зараз, всеравно я тебя поймаю!

— Таптым! — деп қуўанып қоя берди Нуржамал ишинен. Бул — Шазада тәриплеген қулағы аўыр орыс кемпирдиң даўысы еди.

Ол әсте есикти ашты. Айна алдында шыбын қуўалап жүрген кемпир буны сезбеди. Оң қапталдағы диванда басын есик бетке қаратып жатырған Шазада бирақ сезди, төбесинен көзин төңкерип қарады.

— Хе, келдиң бе, опасыз! — деди ызғарлап. — Азаннан бери есикке шалқайып қарап, көкирегим қуныш болайын деди-ғо.

Нуржамал күлип жиберди.

— Неғып атырсаң?! — деди соң төбесинен асырып созған қолына шаппат урып.

— Көрип турған жоқсаң ба, өлейин деп атырман!

— Жоқбош! Усы сениң аўзыңнан дурыслы сөз шықпайды.

Булардың ғаўырлысынан кемпир изге бурылды.

— А ты кто такая?! — деди Нуржамалға жақтырмай.

— Я её подруга!

— Забери её, если подруга! Она такая... — Кемпир гәпиниң изин айтпай қалды.

— Әне, көрдиң бе? Жетписке шыққан кемпир-әм жақтырмай атыр мени. Аўылға барған соң байым таслап кетпесе болғаны-ғо.

Нуржамал Шазаданың қапталына келип отырды.

— Ал, айта бер! — деди соң кешеги тон менен күлимсиреп. — Не болды, не қойды?..

— «Басы аўырмағанның қудай менен не иси бар» — деген усы-аў... Не болатуғын еди, сениң менен бажылдасып отырып, саат он екиден өткенин умытып кетиппиз. Келсем тумбочканың үстине бир-еки қағаз қойып кетипти, азанда лабораторияға деп. Оның менен азанда оянып атырған Шазада бар ма! Мына кемпирдиң шырпылдаған шыбын

урғышының даўысы менен сәскеде зорға турдым. Қарасам, саат он болыпты. Ериншегим тутып жатырсам доктор бир медсестра менен кирип келди. Оны сорады, буны сорады, кейнинде пышырлақ айылын билегиме орап жел берип көрип еди, көзлери тас төбесине шығып кетти.

— Ҳе-е? — дедим ҳаўлығып.

— Қыймылдама! Қан басымың көтерилип кетипти, — деди доктор.

— Неше болыпты?

— Бир жүз сексенге жүз!

— Пай, бизиң аўылдың фермерлерине керек екен-ғо, қара гүзге дейин жүзге жете алмай жүретуғын еди, бийшаралар, — деп күлдим.

Мениң ҳәзилимди қайдан билсин, урман-пурман дәри таярлап укол салды. Сөйтип төбемде ярым саат отырды. Соң мына гереӊ кемпирге тапсырып кетти. Қасындағы медсестра қыз бөзшиниң мәкисиндей зымпылдап келеди де турады.

— Бүгин жатып дем алың, ертең аўылыңа қайтарамыз, — деп кетти бағана доктордың өзи келип.

— Ҳим-м, қайтып боппан! — деп қойдым ишимнен. — «Өлгенде көрген бир төбелес айырагөрме жоражан» деген екен баяғыда бир есерсоқ. Сол айтқандай...

— Кейнинен қайта-қайта өлшеп көрди ме? — деди Нуржамал Шазаданың тамырын услап отырып.

— Өлшеў қайда! Қорқады! — Соң оның тамырының соғыўын тыңлап отырған Нуржамалдың қолына, кейин жүзине қарап саўал таслады. —Мени аўылдың сада қатыны деп бир нәрсе өндирежақсаң-аў-ә! Усынша доктор турғанда саған көринемен бе?

— Бабуля, у вас тонометр есть?! — деди Нуржамал.

— А? — Кемпир қулағына қолын көлегейлеп қайтармалап сорады.

— Тонометр? — Нуржамал қолы менен қосымша «пыс-пыс» етип жел берип көрсетти.

— А-а, тонометр? Есть у меня? Я двадцать лет медсестрой работала.

Соң ол қайсы кеселханада ислегенин, белгили-белгили кимлерди емлегенин айтып кетти. Оның не айтқаны менен

Нуржамалдың, ал булардың тыңлаған-тыңламағаны менен кемпирдиң иси жоқ еди.

— Усы сенде ырас-ақ кәрият бар ма? — деди Шазада бир қырынлап. — Санаторияға келип жүргенше саған көринсем-ақ болады екен-ғо.

Нуржамал тым-тырыс отырып, Шазаданың қан басымын өлшеди.

— Тур! —деди соң билегине шырп еттирип. — Қан басымың түўе бәлең-әм жоқ. «Жыңғыл десе қырғын» деп...

— Онда неге докторлар...

— Түни менен уйқың шала болған. Шаршағансаң! Оның үстине ағамды ойлай берген шығарсаң!

— Ҳаў-ў! Ойламастай жигит пе ол?!

— Тур-тур! Ҳәўлини айланамыз. Азаннан бери бир өзим... тротуарлардың узынлығын адымлап өлшеп-әм болдым.

— Усы сен ырас айтып отырсаң ба? Ырас қанбасымым орнында ма?! — Шазада енди ыраслап сорады.

— Ырас айтаман! Орнында! Орнында бәри!

— Күнлелиң-ә?!

— Нени? Кимди?

— Мени-дә!

— Сени не деп күнлеймен?

— Үлкенлердиң аўырыўы менен аўырып атырғанымды көре алмай атырсаң-ғо! Солай ма?! Шыныңды айта бер, бирақ?!

Нуржамал мыйықтан күлип қойды, бирақ жуўап бермеди.

— Яқшы, шығып тур, көйлек алмастырып алайын, — деди Шазада орнынан тикейип.

— Меннен-әм уяласаң ба? — деди Нуржамал күлип.

— Уялмай не? Жалаңаш денемди Бахтиярдан басқа тири бенде көрген жоқ усы ўаққа шекем.

Олар азырақтан кейин санаторияның ҳәўлисине шықты.

Шазада қанша шоқ минезли болса да, қан басымы ҳаққында уўайымын тегинликте қыялынан шығара алмады. Себеби, бундай аўырыўды ол көп көрген, өзиниң туўысқан қайнағасы шай үстинде отырып-ақ «кетип қалған» еди.

— Нуржамал? — деди қабағы салынып. — Мени алдастырдың ба?

Нуржамал енди оны өзине исендире алмай күйип-писти.

— Кеше келген ўақтында өлшеди-ғо, умыттың ба?

— Онда бабында еди я?!

— Бабында болмағанда қабыллай ма?

— Бир түнниң ишинде не бәле келди маған?

— Шазада! Қан басым деген... Не деп түсиндирсем екен... Мынаң қара, маған қара, қазанға сүт писиресең бе?

— Писиремен.

— Сонда сүт тасып кете ме?

— Тасыйды.

— Астындағы отты тартсаң, я газдиң қулағын қайтарсаң, сүт орнына қайтама? Әне, қан басым-әм сондай! Доктор «сүттиң тасып турған» ўақтында келген, медсестра «газдиң қулағын қайтарған»нан кейин ол әсте-әсте қайтқан. Енди түсиндиң бе?

— Түсиндим-аў... Бирақ, екиниң биринде сүт және тасып кетсе, төгилип, газди өширеди-ғо. Сонда мен «аняққа» кете беремен бе?

— Ҳеш жаққа да кетпейсең! Маған исене бер!

— Сен «Қулеке тәўип»тиң жийенимисең?

— Жийенимен! — Нуржамал ҳәзилди жыйнастырып, сөзиниң изин даўамлады. — Мен усы кеселлик бойынша илим кандидатыман. Енди исендиң бе?

— Астапыралла! «Сораса берсең қойныңдағы қатының бөлең шығады» деген.... Мен азаннан бери соның уўайымында жатырман-ғо. Сонда да, набада сүтим тасып кетсе, «газдиң қулағы қайтпай қалса». Бахтыяр көп болса жылым өткенше қарар, соң басыма барып турса: Кешир шабазым, баллардың ыссылы-суўығына, кир-қоңына қарайтуғын биреў болмаса болмайды екен. Сен мудамы жүрегимдесең, деп турса.

— Мен жүрегиңдемен, төсегимде басқа биреў я?! — деп түргеп айта алмасам. Оннан кейин екинши мәрте өлемен-ғо.

— Не, күйеўиңе исенбейсең бе?

— Әй! Усы заманда етегине намаз оқып жүрген еркек бар ма?

— Онда әжапаңды Шасәнемге, жезденди Ғәрипке теңегениң де бийкар екен-дә?!

— Қой-қой, жездем менен әжапама тил тийгизбе? Дүньяда опалы еркек биреў болса да сол бизиң жездем, екеў болса

да бизиң жездем. Керек десең, оны қаяқтағы бир бийшара Ғәрипке теңегим-әм келмейди.

— Дәстандағы Ғәрипти айтып атырсаң ба? Екинши мәрте биреў еситпесин ол гәпинди! Ол ашықлықтың тымсалы-ғо.

— Әй! Қашан көрсең қосық айтады да жүреди, жылай-маны шығып. Оның орнына қолайын таўып, ақ «Жигули»ди кесе тартпайсаң ба Шасәнемниң алдына.

Нуржамал барынша күлип жиберди. Кейин күлкиси қатты шығып кеткенине қысынып, аўзын қолы менен көлегейледи.

— Пай, қатырасаң-аў Шазада, сен-әм! Ғәриптиң заманын-да «Жигули» бар ма?!

— «Жигули» болмаса ат бар-ғо! Зарланып жүре бергенше мингестир де қаш!

— Ханның ләшкерлери адымын аштыра ма оның!

— Ўәй-й! Дуқтыр болсаң-әм кино көрмейди екенсең-аў! — деди Нуржамалға кустаны қылыңқырап, — Қыз алып қа-шатуғын заңғар алды менен ханның ләшкерлериниң атлары-ның айылын кесип шықпай ма?!

— Қой, Шазада, ол бийшараларды тынышына қояйық.

— Онда кимди айтайық? — деди Шазада күлип.

— Ҳеш кимди.

— Ҳеш кимди айтпасақ жарылып өлемиз-ғо.

— Болмаса, жездең ҳаққында айтып бер, әбден периште қылдың-ғо.

— Як, айтпайман!

— Ҳе?

— Қызғанаман.

— Кимнен?

— Сеннен-дә! Күйеў таппай көзиң қараўытып жүрген нашарсаң. Айландырып алсаң, әжапам далада қалады-ғо.

Шазаданың усы ретки гәпи Нуржамалдың кеўлине келе-йин деди. Дым үндемей қалды.

— Тылтыйып қалдың ба? — деди Шазада оның кеўлин алмақшы болып.

— Яғаў...

— Қояғойшы енди! Бир күл! Қәне, қәне? Шазада оның тамағына бармақ жуўыртып, жеңил қытықлады. Нуржамал шыдамай күлип жиберди.

— Әне, әне-е, қуяш шықты-ы! — деди Шазада кеўилленип.

— Бәри бир саған өкпеледим, — деди Нуржамал нәзерин бир шетке алып.

— Жаңағыға ма?

— Басын баслап, изин айтпайсаң! Мени жалындырғың келе ме?

— Биреўдиң муҳаббатының биреўге не қызығы бар?

— Китаптан оқығанда да биреўдиң муҳаббатын оқыйсаң ғо.

— Ырас-әй, бирақ... Кисиниң гүнәсына қалып ғыйбат еткеннен жақсы-ғо, я?

Нуржамал бас ийзеп мақуллады.

— Баслай берейин бе онда?

— Басла.

— Алқысса... — Шазада шақалақлап күлип жиберди де, соң дәрҳал өзин тыйды. Қудайға шүкир, дөгеректе ҳеш ким жоқ екен. — Жыраў, бақсылар сөйтип басламай ма өзи?

— Сен бақсы емессең-ғо.

— Ырасында да, бизиң әжапам менен жездем танысқан күннен баслап бир-бирине ынтық болып жасады. Емешеси қурып туратуғын еди.

Әжапам қосылғаннан кейин де бәрҳама жездемди уўайымлап жүрди. Түскен жыллары апама сыбырлап айтып атырғанын еситип қалдым.

— Өлип қалама, — деп қорқаман деди ол сонда апама. — Маған күнде азанда турып «өзимди түнги уйқыдан қызғанаман. Себеби, оянаман дегенше сени сағынып қаламан» дейди. Баяғыда өзиң айтатуғын единң-ғо, адам өлежақ болса сөйтип биреўге дийдары қурып турады деп.

— Аңгөдексең-аў, қызым. Күйеўиң жалатай емес пе екен? — деди апам.

Әжапам соннан тас болды да қалды. Қайтып ашылыспады. Еки қонаман деп келген адам, таң атыўдан түйиншигин түйип жолға шықты.

— Жездең еле сол пикирде ме екен? — деди Нуржамал қызықсынып.

— Сол пикирде. Оны өзим-әм еситтим. Бирақ, күнде айта бермейтуғын шығар. Сол жыллары мен қорқыйып жүрдим,

жездем өлип қалама деп... Оннан берли нешше жыллар өтип кетти-аў... Аман еле!

— Жүр, ана жерге отырайық, — деди Нуржамал қорғаншаның қапталындағы еменниң түбине қойылған скамейканы көрсетип.

— Қойшы, мен бир ертекши кемпирмен бе?! Азаннан бери өзи жатыўдан зықым шықты. Аяқ жазайық бир заман. Сонда да айтып беремен.

— Жезденди қызғанғанды қойдың ба?

— Ойын гәп-ғо! Айттым-ғо, бағана, «дүньяда опадар еркек биреў болса да, екеў болса да бизиң жездем» деп. Набада, әжапам өлип қалмағай, өлип қалса ол қалған өмиринде тақ өтеди.

— Ырасын айтайын ба, Шазада? — деди Нуржамал оны өзине қаратып. — Сениң мына тәрийиплеўиңнен әжапанды я жезденди көргим келип тур. Ҳәўесим келип тур оларға.

— Аўылға бара берейик, еле барысамыз, келисемиз, ағайын болып кетемиз, қуда-қәлесе! Сонда көресең әжапамды да, жездемди де.

— Бизиң әжапам аўылдағы қызлардың маңлайы болды! — деп сөзин даўам етти Шазада. Оның жүзинде қандай да бир мақтаныш сезими жайнап турар еди. — Өзи узын бойлы, ири денели, ири болған менен мендей быдым-быдым емес.

— Сен быдым-быдымсаң ба? — деп гәпин бөлди Нуржамал.

— Әжапама қарағанда шырайсызбан-ғо. Қулласы, көрген жигит «меники болса екен» дегендей еди. Бирақ, аўыллық жерди өзиң билесең, бир руў бир аўыл болып отырады, набада басқа руўдан болса да, аўыл аралас болған соң қарындасындай көрип, жутып жибергендей нашар болса да қыя бақпайды. Аўылдың сол дәстүрин жақсы көремен-ғо, елеге дейин.

Сонлықтан аўылдың қызлары бахтын сырттан күтеди. Бизиң әжапам онды питиргеннен баслап, жаўшыдан есигимиз тынбады. Бүгин ана ағайинниң баласы киятыр, ертең мына ағайинниң... Арғы күни қуданың қудасының бир нәрсеси. Әжапам ҳеш бирин қәлемеди. Ҳәтте, сөйлесиўге де шықпады. Мен онда кишкентайман, тоғыздаман ба, ондаман ба, билмеймен, әйтеўир сол шамадаман.

— Қызым-аў, өйтебермесең-о, — деди бир күни апам әжапама. — Қыз баланың тезирек үй болғаны жақсы. «Таңланған тазға» деген гәп бар, ертеңги күни мәҳәлиң өтип, бул жигитлердиң тырнағына турмайтуғын биреўге тап боларсаң.

Әжапам тыңлап-тыңлап болды да, қанарын қолтықлап сыртқа шықты.

— Шазада, ешекти әкел! — деди маған. Апама «жақсы, жаман» деп жуўап қайтармады.

Бизлер атызға ешек минетуғын едик. Ешек болғанда нағыз ҳәңги ешек. Бирақ, әжапамды көрсе жым болып қалады. Азанда күн шығар-шықпастан атызда пайда боламыз. Маған ешектиң жибин услатады да, өзи теримге түсип кетеди. Мен ешекти үзип кетпестей, қымтынғандай оты бар жерге байлап келип, бир заман оның пахта тергенине қарап тураман. Қолы автомат-аў әжапамның. Ғаўашаның төменги ханасынан баслап жоқары қарай бир мәрте өтсе, аппақ болып турған пахтаның қуры пақалы қалады қараўытып. Сәске болмай бир қанар пахта таяр.

— Шазада, ешекти әкел! — дейди маған. Үйренип қалған ешек қанардың тусына келип, салмаға түсип жаўырнын тутып тура қалады. Әжапам қанар толы пахтаны дизеси менен бир екшеп шелге мингизеди. «Ҳо-оп» деп және бир екшегенде қанарды ешектиң белинде көре бересең. Соннан мен жетелеймен, ол қапталдан услап жүреди. Тәрезиге салса 50 — 55 кило шыға береди, өлшеп қойғандай. Ертең азанғысы да сондай, арғы күнгиси де. Түстен кейинги пахта сәл жеңиллеў болады. Азанғы шық пенен тергендей болмайды.

Усылайынша ол мектепти питкергеннен кейин аўылда үш жыл пахта терди. Биринши жылы оқыўға тапсырып еди, жығылып қалғаннан кейин қайтып бетлемеди.

Бир күнлери аўылымызға студентлер келди. Жәрдемге.

— Ал-ха, аўылға жигирма қыз келипти, — деген даўрық тарады демде. — Үйленбеген баллар болса үйленип қалсын.

Тап олар бир жигит излеп келгендей. Бирақ, арасында үйленип қалатуғынлары да болатуғын еди. Гейде муғаллимлер аўылдың қызларын алып кетип қалады. Қулласы, еки ай теримде жәрдемши келсе, бир өзгерис болмай қалмайды.

Мен онда үшинши класспан. Әжапам жигирмаға шықты. Әдеўир толысты. Лекин, ол келген жәрдемшилерге де,

муғаллимине де итибар бермеди. Олар менен дусласқан да жоқ-аў, дурысы. Бир күни аўылдың адамларын, мектеп оқыўшыларын, студентлерди — бәрин бир көлемге салды, он гектарлық «райком партаў» деген жерге. Пахта деген шағаладай аппақ болып тур. Бизиң әжапамды билесең-ғо, студентлер атызға шығаман дегенше бир қанарды тырсыйтыйып толтырды. Бул күндегиден көбирек еди. Қанардың жүйиндеги шыжым сабақлары шертилип, арасынан пахталар сыртқа шығып турды.

— Жетпистен өтеди я? — деди әжапам қуўанып.

— И-ҳим, — деп мақулладым мен.

— Ешекти әкел!

Ешекти салмаға кесе тартып, енди қанарды тийейин деп атырғанда студентлердиң муғәллими келип қалды.

— Неғып атырсыз, қызлар? — деди ол бизлерге.

Екеўмиз бирден жалт қарадық. Ал, енди исен, исен бе, еркек адамның бундай сулыў болғанын биринши көриўим еди. Қәдди бойы дүп-дүзиў... «Үрлеп аўызға салғандай» дейди-ғо, бизиң халықта. Көзи, қасы, мурны... ҳәмме, ҳәмме мүшесин шебер сүўретши еринбей отырып соққандай еди. Шашын сондай қылып күткен, самаллы күни жап бойындағы урықлар желкилдеп турады-ғо, тап сондай желкилдейди-әй, жаңағы.

— Қоя ғой, жездеңе ашық болып қалған жоқсаң ба? — деди Нуржамал қолынан шымшып.

— Жоқбош! Биз балдыз-жезде емес, аға-қарындастаймыз.

— Сөйтип, бизиң әжапам жаңағы жигитке көзи түскени сол, еки бети лалаптай қызарып, тырнағының ушына қарады да қалды. Мен бирақ еле баламан-ғо?

— Қанарды ешекке жүклейжақпыз, — дедим тақылдап.

— Сөйтип не қыласыз? — деп күлди ол. Я мениң сөйлегенимди қызық көрди ме.

— Тәрезиге апарамыз.

Ол ерге қыстырыўлы турған ешектиң бас жибин қолына алды.

— Күшиң жете ме? — деди соң маған.

— Жетеди, — дедим мен.

— Онда ана-а жағаға апарып байлап қайт. Тилсиз жәниўарды өйтип қыйнаўға болмайды.

— Пахтаны не менен апарамыз? — дедим мен. Әжапам болса аўзына суў уртлап алғандай тым-тырыс.

— Ҳәзир есабын табамыз, — деп ол жән-жағына қарады. — Әй, жора, сен, аўа сен, бери кел.

Ол аўыл адамлары менен көмекшилерге қарық бөлистирип атырған Көмекбай табельшиниң баласы Әдилди шақырды. Ол келип дәслеп муғаллим менен, соң әжапам менен сәлемлести. Мени елестирген жоқ.

— Атың ким? — деди муғаллим Әдилге.

— Әдил, — деди ол.

— Яқ, сен әдил емес екенсең, — деди муғаллим ҳәзил етип. — Егер әдиллигиң ырас болса, мына қанарды тәрезиге апарыўға жәрдемлес. Тәрезиге дейин неше метр бар?

— Еки жүз метр бар шығар, — деди Әдил мурнының астынан сөйлеп. Муғаллимниң сусты басты ма, бир заманда төмен қарап, әбигерленди де қалды ол.

— Еки жүз метр болса — жүз метрге дейин сен арқалайсаң, аржағына мен. Қыз баланы сыйлаўымыз керек.

Әдил үнсиз мақуллады да, төмен отырып қанардың еки мушынан услады.

— Қәне, қолдасайық, — деди муғаллим әжапама. Әжапам дым үндемей қолын узатты. Екеўлеп қанарды Әдилдиң арқасына салды.

— Сен қыз неғып турсаң? — деди соң маған қарап. — Ешегиңди байлап келсең-о, Ананқара, пахтаны жеп атыр.

Ешек ҳеш қандай да пахтаны жеп атырған жоқ еди. Ол мениң нәзеримди басқа жаққа қаратыў ушын айтты. Қыз бала деген шайтан болады-ғо, курттай болсам да оның не ойлағанын сездим.

— Бекем байла, босанып кетпесин! — деди әжапам муғаллим менен қатар кетип баратырып, изимнен даўыслап. Мен ишимнен бултыйып қалдым. Күнде байлап жүрген ешегимғо. Қашан босанып кетип еди. Қара, бир заманда әлле неткен бир муғаллим оған меннен жақын болып қалыпты.

Мен ешекти гөне түбир шеңгелге қолымды тырнатып байлап боламан дегенше олар атыздың басына шығыўға шамаласып қалыпты. Жуўырып зорға жетип алдым. Лекин,

жүдә өкшелеп бармадым. Муғаллимниң гәплери маған гә түсиникли, гә түсиниксиз болып еситилип турды. Әжапам болса сөз қоспайды, бирақ, ҳәр гәптиң изинен сыңқ-сыңқ күле береди. «Соншама қызық па екен?» деп ашыўым келеди оған. Ешейинде тисиниң ағын көрсетпейтуғын ол, бүгин жүдә ушып-қонып тур-ғо! Ырасын айтсам, әжапамды қатты қызғандым! Қаяқтан пайда болды усы биреў! Сулыў болса өзине! Әжапамды алып кетсе не қыламан? Үйде қыздан бир өзим қаламан ба? Ол кетсе ағам маған ешекти де услатпайды. Пахтаға да жибермейди.

— Атыңыз ким? — деди бир ўақта муғаллим әжапама.

— Бегзада, — деди ол әсте.

— Сулыў ат екен?

— Ырастан ба?

— Ырастан! Мәнисине қараң, — ҳәм Бек ҳәм Зада! Атыңызды ким қойса да ақыллы адамлар қойыпты.

Енди мениң атымды сорайтуғын шығар деп тез-тез жүрип жақынладым.

— Ҳә, жеттиң бе? — деди муғаллим маған қайрылып қарап. Әжапам көз қыйығын таслады да қойды. Лекин, муғаллим атымды сорамады.

Әдил жол бойы қанарды жерге қоймай, тәрезиге дейин өзи апарды.

— Қарыздарман, достым! — деди муғаллим күлип. — Ендиги сапар мен арқалап келемен.

Тәрезиде қанар 69 кило шықты. «Жетпис» келетуғын шығар» деген әжапамның шамалаўы онша узаққа кетпеди.

— Усы пахтаны бизиң қызлар тергенде бир мезгил жатып түргелер еди, — деди муғаллим күлип.

Әжапам үнсиз мыйық тартты, оған муғаллимниң хошамети унап турған еди. Мениң ашыўым келди.

— Жүр енди, қайтайық, — дедим әжапамның қолынан жулқылап.

— Ҳе, неге асығасаң? — деп әжапам басымнан сыйпалады. Мен қолын басымнан түсирип жибердим. Ол мениң ашыўланғанымды сезди. Қанарды қолтығына қысты да:

— Жүр! — деп қолымнан жетеледи.

— Өзим жүремен, — деп қолымды тартып алдым.

Екеўмиз көп жерге дейин үндемей келдик.

— Өтирикши екен! — дедим мен бираздан кейин бултыйып.

— Ким? — деди әжапам. Түсинип турса да түсинбегенге салды.

— Жаңағы муғаллим-дә!

— Ҳе, неге?

— Жүз метрге дейин сен арқала, аржағына мен арқалайман деп еди-ғо, Әдилге. Қәне, арқалағаны?!

— Әдил шаршадым демеди-дә! Оның үстине муғаллим — қонақ.

— Қонақ атызда жүре ме?! — дедим мен. Әжапам жуўап таба алмады ма, үндемеди.

— Аты ким екен? — дедим оны қапа қылып алмайын деп. Болмаса, муғаллимниң атының маған кереги жоқ еди.

— Билмеймен.

— Онда неге сен атыңды айттың?

— Сораған соң айттым.

— Неге оның қасында киятырып күле бердиң?

— Ол қызық гәплер айтты.

— Ҳеш қандай да қызық гәп айтқан жоқ. Мен еситтим.

Әжапам мени билмейди деп өтирик сөйлегенине қысынып кетти. Үндемей қалды.

— Сен оны жақсы көресең бе? — дедим бираздан кейин.

— Не?!

Ол мениң айтқанымды еситпей қалды ма, я сол сөзди тағы бир мәрте еситкиси келди ме, қайтармалап сорады.

— Жақсы көресең бе, оны?

Әжапам бираз үндемей қалды.

— Егер жақсы көрсем не болады?

— Онда сени әжапа демеймен!

Екеўмиз бир-биримиз бенен әлпимиз алыспай-ақ, атыздың шетине келип қалдық.

— Ешекти минип жүр, — деди маған.

— Сен не?

— Мен жаяў бараман.

— Иркилип қалсаң апама айтаман, муғаллим менен қалды деймен.

— Сеннен бурын бараман.

Ол енди ешекке миниўге туў узақтан изимизден қарап турған муғаллимнен уялған еди. Сол күннен баслап ешек мениң бир өзиме тийисли болып қалды.

Не болса да ол бийшара пахта тасыўдан қутылды. Әжапамның қанары буўма болыўдан муғаллим қаяқтандур пайда болады. Толған ўақта және Әдилди ямаса пунктке пахта апаратуғын Ғайбылды шақырады. Олар-әм мөңкилдеп келе береди. Мениң ашыўым келеди соған. Нөкистен келген биреўдиң неге айтқанын қылады?! Илайым, өлшенбей-ақ қалсын әжапамның пахтасы! Апарма! Я қорқама, билмеймен.

Муғәллим менен танысқалы әжапам-әм бирден сызылып қалды. Бурынлары аўылдың қатынлары менен қатар түссе:

«Пахта терсем он бармағым ойнайды,

Гүллер шақасында бүлбүл сайрайды» деп жандырып қосық айтатуғын еди, қойды оны. Он бармағы үндемей ойнайды, бүлбүл даўысын шығармай сайрайтуғын болды. Аўылдың ҳаялларының қатарына түскиси келмейди. Олардың қасына басқа биреўлер келип тап алғанша қанарының сөтилген жерлерин дүзеткен болып күтип турады. Қанардың ҳештеңеси де жоқ. Қасақана ислейди. Мениң менен-әм суўысты. Тек қайтарда есине түсемен. Себеби, үйге бирге барыў ушын керекпен-дә!

Студент қызлар да муғаллимине қуштар қусайды.

— Шазада, сен узақлап қала берме, әжапаңды муғаллим алып кетип қалады, — деп мени қорқытпақшы болады.

— Сизлерди не, сизлерди әкетпей ме? — деймен мен шәңкилдеп.

— Бизлер көппиз-ғо, — дейди олар.

— Бизлер-әм көппиз, әне, аўылдың ҳаяллары бар, табельщиклер бар...

Бала жүрегим сезип турады, қызлар муғаллимин әжапамнан қызғанып айтатуғын еди сол гәплерди. Қызғанса алып неге кетпейди Нөкисине?! Илайым термей-ақ қойсын бизиң аўылдың пахтасын. Қар-жаўынның астында неге қалмайды!

— Қызлар, сизлер кино өнери енди басланып атырғанда түсирилген ҳүжжетли картинкаларды көрдиңиз бе? — деди бир күни муғаллим студентлерге. Бизлер де қатар терип жүр един.

— Көрдик, — деди қызлар гәптиң изин еситиўге қызығып.

— Сонда адамлардың жүриси қандай? Мульфильмдегидей жуғырып-жуғырып жүреди я?

— Аўа, аўа, — дести қызлар.

— Бегзаданың пахта терген қолларына қарайсыз ба, тап сол фильмлердегидей, қалай қыймылдап атырғанын көзиң илмей қалады.

Қызлар тым-тырыс болды. Жақтырмай қалды.

— Ҳәй-ҳәй, муғаллим бала, бизиң аппақ қызды атып жығарсаң! — деди Турдыш деген жеңгемиз.

— Атып жықсам олжа жыққан мергендики болады-дә! — деп мардыйды муғаллим.

— Жықтырып қоймаспыз! — деди Қурбан кишем қапталдан. — «Ай болмасын, күн болсын» деп отырған периште бийкешимизди ата-теги белгисиз биреўге берип жибере алмаймыз!

Әжапам өзи ҳаққында айтысып атырған гәплерден уялып, тез-тез терип, озып кетти.

Муғаллимниң оған жағынаман деп айтқан теңеўи өзине қымбатқа түсти. Аўылдың ҳаяллары бетин қайтарып тасластаны бир болса, студент қызлар да енди оннан тартынбай, еки-үшеўи фартуклерин астына қойып, отырып алды. Оларға турың деп айта алмады. Әжапамның изинен барыўға аттың қасқасындай беп-белгили болып қалатуғын болған соң, илажсыз, қолына шыйырып алған газетаны ашып, бир нәрселерге көз жуўыртқан болды да, тәрези таман кетти.

Билмеймен неге екенин, сол сапары мен оны аядым. Муғаллимниң қолайсыз аўҳалда қалғаны әжапама батады деп ойладым ба, қулласы, туў сыртынан қарап турып, ойынға қосыла алмай қапа болып үйине кетип баратырған балаға усаттым оны.

Қызлар бир-еки жылдан бери қалада жүрип бети ашылып кеткен екен. Я муғаллими жас жигит болғанға ма, илме қармақ гәплер менен ойнағысы келеди. Муғаллим-әм олардан гәпин алып қалмайды.

Бирақ, ол бизиң әжапамның жақын жерде жүргенин көрсе ап-аңсат тәслим болады. Қызлар оны сезеди, биле тура «бир гәптен қалып атырғанын»а ғәзеби келеди олардың!

Сондайда муғаллим бир-еки қыздың шала терип атырғанын ескерткен болады да, ҳәр жерден бир хана пахта терип

алып, қосыўысы толған соң әжапамның қолына береди. Соң олар жоқ жерден гәп таўып, басқалардан озып кетеди. Мен пахтаны ҳәр жерде жартыхана қалдырып, шала-шала териўим менен изин қуўсырап бара беремен. Өйтпесем, ертең бир гәп болса апамнан гәп еситемен. «Сен қаяқта едиң?» — дейди маған.

— Магнитофоныңыз жүдә узақтан тарта ма деймен?! — деди бир күни муғаллим әжапама.

Әжапам күлди:

— Японлардики-ғо, — деди сөйтип.

Олар қаяқтың магнитофонын айтып атырғанын түсинбедим.

Мениң менен ара жақынласса олар жүдә сыпайы сөйлесетуғын еди. Әңгимелери кино, артист, оқыған китапларынан узаққа кетпейди. «От жаққыштан дана шығады» дегендей, мен де олардың гәпине қулақ түре берип, бираз қосықшылардың атын билип алдым.

Бир күни студент қызлардың бири муғәллимниң төс қалтасына үш ханалы гөрек салды.

— Ал, муғаллим қәйним, енди не қылар екенсең?! — деди Қурбан кишем, көрип турған екен.

— Бул бәле қызлар, келгели берли аңлығаны мен еди, ақыры түсирди! — деп күлди ол. Сөйтип муғаллим бир гештекти мойнына алды.

— Несийеге турмаймыз муғаллим, ўақтын айтың? — деп жабырласты студентлер.

— Мен айлық алып алайын...

— О-о! — деп шуўласты қызлар. — Онда үш хананы қайтып бериң.

Үш хананы қайтып бериў, жигит адамға намыс. Муғәллим көз астынан әжапама қарады. Мениңше қызларға зыяпат бериўге бизиң әжапамнан тартынып турғандай еди.

— «Арыслан изине қайтпайды, жигит сөзинен қайтпайды», — деди Қызларгүл деген жуўабый жеңгемиз. — Өйтип қыз баллардың алдында жағдай айтып, нәмәртлик етпең!

— Болды, болды! Мен тәслим болдым! Алдымыздағы алтыншы күни кешке бола ма?

— Болады! — деп шуўласты қызлар.

Гештек Мыңбай тракторшының үйине белгиленди. Муғаллим сол үйде жататуғын еди. Әжапам еки-үш күн бурын апамнан руқсат сорап жүрди.

— Не бар, дүздиң қызлары менен? — деп апам жекиринип жиберди.

— Бәри менен дос болып кеттим... Өп-өтирик сөйледи әжапам. Ҳеш қайсысы менен дос емес олардың.

— Әдира қалдық! — деп апам бәри бир бет бақтырмады. Кейин әжапам кишемди аўлады.

— Ене-е, аппақ қыз бир заман кеўил көтерип қайтағойсын, бәрҳа үйден шықпай жабығып кетти. Қасына кишкене қызды қосып жиберейик...

Апам бир заман үндемей турды да:

— Қаланың қызларына жарысып көп жыртаңлай берме, қыз бала дегенниң сестин шығарып күлгени айып болады! — деп зыяпатқа бир-еки саат қалғанда зорға руқсат берди.

— Сен қыз әжапаңның қасынан қалма, көз-қулақ болып жүр, — деп мени де зинҳарлады.

Енди әжапамның бийлиги менде. Ол енди маған қатты сөйлей алмайды. Олыйып қарай алмайды да. Зейниме тийсин, болған-болмаған нәрселерди қосыңқырап айтып келемен.

Әжапам руқсат алғанына ушып-ушып қуўанды. Өзинен бурын мени сазлады. Шашларымды тарады, таза көйлегимди кийгизип, былай-былай айландырып көрди. Мен таяр болғаннан кейин өзи айнаның алдына қатып алды.

Мыңбайдың үйине бизлер адам-адамды көрер-көрмес ўақытта жетип келдик. Мырзагүл кишем үлкен қазанға толтырып аўқат асып атыр екен. Соған қарағанда муғаллим бийшара бир ешкиге түсти ме деп ойладым.

— Келдиң бе, Бегзада? — деп муғаллим бизлерди терис айўанның аўзында күтип алды. Соң қасындағы орта жаслардағы ҳаялға таныстырды. —Усы аўылдың «пахта машыны».

— Сәлем бердик, — деди әжапам ол ҳаялға. Бирақ, қол берип сәлемлеспеди. Уялды ма, билмеймен.

— Саў жүрсең бе? Мына қыз неге сәлем бермейди?! — деп маған қарай өзи қолын созды.

— Атың ким? — деди және.

— Шазада.

— Ким?

— Шазада!

— О-о! — деп ҳаялдан бурын муғаллим таңланды. — Қызлардың патшасы буяқта екен-ғо!

Әжапам мени хошаметлеп атырғанға мазатланып турды.

— Бул келиншек мениң менен орын алмасыўға келген муғаллим, — деди соң. — Аты Лиза. Мен азанда қайтатуғын болып атырман.

Әжапам дым үндемей қалды. Оған муғаллимниң қайтатуғын болғаны жақпады ма, яки орнына келген муғаллимди жақтырмады ма, қулласы, мен сонда бунның парқына бара алмадым.

Сырттағы аўқаттың қашан писетуғыны менен ҳеш ким қызықпады. Қызлар муғаллимнен, муғаллим қызлардан уялды ма, әйтеўир, дастурханда бар нәрселерди де жеп жалшытқан жоқ. Мен бирақ, үйде сийрек көринетуғын жемислерден жеп-жеп алдым. Мениң бул жерде уялатуғын ҳеш кимим жоқ.

— Қәне, қызлар, ойынға түсесизлер ме? — деди муғаллим бир ўақта.

— Ҳу-у! — деп қуўанысып қоя берди қызлар.

Муғаллим түргелип магнитофонды қойды. Оннан қулақты жарып жиберетуғын ойнақы музыка жаңлады. Музыка менен бирге, тап айқулақтың реңиндей жалтырақ нурлар жайдың ишине өзгеше сән берип турды. Қызлардың биреўи светти өширди. Енди кимниң кимлигин айырыў қыйын болып қалды. Лиза менен муғаллим бир-бири менен қол усласып ойнады. Оны анық көрдим.

— Сен қыз, атың ким еди?

Әжапам ушын муғаллим жуўап берди.

— Бегзада.

— Бегзада, тур, ҳәмме ойнап атырғанда бир өзиң қарап отырғаның болмайды.

— Мен ойнап билмеймен.

— Үйренесең, тур, тур.

Лиза муғаллимнен қолын жаздырып, әжапамды тартып түргелтти. Әжапам әсте-әсте дастурханнан узақласып, алакөлеңкеге араласты.

Мен енди усы алакөлеңкеден әжапам менен муғаллимди излей басладым. Лекин, қасына жақын бармасаң, туў анадайдан кимниң ким екенин айырыў қыйын еди. Жақын бара бериўге уялдым.

— Ҳә, патша қыз, ойнамадың ба?! — деди Мырзагүл кишем мениң сыртқа шыққанымды көрип.

— И-им! — деп бас шайқадым. — Ҳәммеси тепсинип атыр, төбем солқылдап кетти.

Қазанның дөгерегиндегилер күлип жиберди.

— Мә, сорпа ишип ал, минийерге отыр. — Мырзагүл кишем ағаш тубиретканы гөш туўралған астахтаға жақын қойып, мени отырғызды. Қолыма бир кеса сорпа услатты. Сорпа ып-ыссы екен. Астахтадағы подноста үстине пияз туўралған өкпе менен баўыр туўрап қойылған екен. Оннан ҳәр ким еңкейип, биреў-биреўден алып жеп тур.

— Мә, қыз, мына өкпеден же, — деп Мырзагүл кишем маған еки-үш бөлегин әперди. Сорпаға қайнап пискен өкпениң мазасы елеге дейин аўзымнан кетпейди. Боп-бос, бирақ, шайнаған сайын қайтадан орнына келе беретуғын гөш екен ол.

— Табельшик бала, сен неге ишке барып ойнамайсаң?! — деди самовар жағып отырған Әдилге Мырзагүл кишем.

Ол табельшик бала емес, табельщиктиң баласы еди. Кишем алжасып айтты ма, я айтыўына қайымластырып сөйдеди ме, билмеймен.

— Мен ойнап билмеймен-ғо, — деди Әдил уялып. — Ойнайман деп қызлардың аяғын басып алсам.

— Қәнекей, сөйтсең! «Уныңды шашайын ба?» дегеннен аяғын басқаның тәўир-ғо, тезирек той жер едик. Нөкистен келген муғаллим жигитке қара, «арпа ишинде бир бийдай» болып, әширеписи шығып жүр.

Иштегилер ойынның қызығы менен ўақыттың өткенин билмеди, биз қазанның басындағы әңгимениң қызығы менен.

— Бар, патша қыз, айт енди болар, қойсын! — деди кишем маған.

— Болды, қойың деймен бе?

— Аўқат писти! — деп светти жағып жибер.

Маған да кереги усы еди. Жуўырып келдим де сыйпалап жүрип өширип-жаққышты таўып алдым. Свет жарқ ете қалды. Ҳәмме ойыннан тоқтады.

— Аўқат писти-и! — дедим шәңк етип. Усы ўақытлары әжапамның белине қол салып турған муғаллимди көрдим. Көрдим де бир түрли болып кеттим. Жылағым келип кетти. «Мен неғып жүрмен далада! Апамның маған тапсырып жибергени қайсы?! Енди не деймен оларға?!»

Мениң тесирейген нәзериме көзи түсип, екеўи еки жаққа кетти..

— Апам қайтсын деп атыр! — дедим әжапама қышқырып.

Әжапам шоршып түсти. Дым үндемей төмен қараўы менен дийўалды жағалап шығыўы менен болды.

— Бегзада, қаяққа барасаң?

— Аўқат жеп кетсеш!

Лизаның да, басқа қызлардың да мирәтлери жуўапсыз қалды. Бизлер хәммесине қулағымызды бекитип, жолға түстик. Сыртта Мыңбай әжағам да, кишем де, Әдил де бизлердиң кетип баратырғанымызды билмей қалды. Олар табақ жасаў менен әўере еди.

— Апам ырас шақырды ма? — деп сорап қалса не деймен деген ой менен гүдикленип келдим келгенше. Лекин, әжапам сораўға бата алмады.

— Келдиңиз бе, қызларым? Келеғойың. Аўқатыңызды жеп алың. Кисиниң үйиниң тамағы сол үйдиң босағасында қалады, — деп жалбырақлап атыр апам.

Әжапам сонда маған бир түрли нәзер менен қарап қойды. Лекин, өтиригимди шығарыўға тәўекел ете алмады. Себеби, мениң менен қасарысса жақсы болмайтуғынын билди ол. Мен еле талай керек боламан.

## 5

«Мерекениң сәни жигит пенен қыз» деп бурынғылар билип айтқан. Мениң бала қәлбим менен сол ўақытта сезгеним — атыздың сәни де жигит пенен қыз екен. Аўылдан муғаллим кетти де, атыз хүўлеп қалды. Хеш ким-хеш ким менен дегишпейди, күлиспейди. Аўылдың қатынларының да айландырғаны сол еди, ол да өз жайына қалды. Орнына келген хаял муғаллим сол сапары жаўқылдаған биреў болып көринип атыр еди көзиме, қайда-а саған, қабағы түксийип, тисиниң ағын көрсетпейди. Сын-сымбаты келисип қалған,

күлсе жарасатуғын-ақ нашар. Бирақ, қабағынан қар жаўады турады. Қызлар бийшараның жамбасы жер ийискелеўден қалды. Ҳәр бирине қырқ бес килодан норма бөлип берди. Соны терсе тергени, термесе айдың жақтысы менен тергизеди. Ол қурақум пахтаны бизиң әжапам тереди ойнап жүрип, Қурбан кишем тереди, Қызларгүл кишем тереди, Турдыш бирақ тере алмайды, бир заман қунығып терген болады да, «үйппей, белим-ай, бес бала тапқан жерим-ай», деп фартугин артына қайырып төсеп отырып алады.

— Мына қосығыңды өзгертши берекет тап, изимиздеги жаслардан уятты! — дейди Қызларгүл кишем ҳәр сапары.

— Мен не, күнде қосық жазып газеттен пул алып жүрмен бе, өзим қыз ўақтымда аўылдағы жеңгелеримнен ядлап алған қосығым ол. О неси-ай түўе! — деп бет бақтырмайды ол да.

Пахтаның-әм изи сүйылды. Биринши терим муғаллим қайтайын деп жүрген күнлери-ақ тамам болып еди. Екинши терим төрт-бес күннен артыққа созылмады. Енди шелде турып атызға қарасаң, шағаладай шағырайысқан пахта, бирақ, жақынлап барсаң ғөрекке илинип салбырап турған жарты хана, ямаса суўық пенен жыртыйып ашылған ғорек, оны айырып аламан дегенше бармағыңның басы тилкимтилким болады. Бийшара көмекшилердиң өндирип тере алмай жүргени сол еди.

Бизиң әжапам-әм баяғыдай сәскеге бир қанар тикейткенди қойды. Салпаўсыды. Бирақ, сонда да кешке дейин алпыс-жетпис килоны арқайын өлшетеди.

— Ҳағыз-аў, әстерек тере берсе, айнанайын, мына Жупсаўсақ қайнаға сени мысал қылып заў-затымызды қоймадығо! Үйде кемпир-ғарры деген бар, мал-ҳәл деген бар, азанда сениң менен қатар шыға алмаймыз, — деп жалынады аўылдың ҳаяллары.

Әжапам күледи де қояды. Аз териўге ўәде бермейди. Қурбан кишемниң «Жупсаўсақ қайнаға» деп отырғаны бригад, аты Қосбармақ.

Еки аўыз сөздиң биринде бир аўыз сөгинбей сөйлей алмайды. Соның ушын да сөгисиниң, бақырысының күши жоқ. Сөйтсе де қарап турып гәп еситкиси келмейди-дә ҳаяллардың.

Муғаллим кеткеннен кейин ешегимиз баяғы ўазыйпасына қайтадан ийелик етти. Пахта апаратуғын болды. Бирақ, миниўин тек мен минемен. Әжапам минбейди. Ойламаған жерде муғаллим келип қалады деп ойлайтуғын болса керек. Ҳақыйқатында да солай. Арадан өткен он бес-жигирма күнниң ишинде олар бир-бирин жақсы көрип қалған еди. Муғаллим бар ўақытта әжапамды оннан қызғанып жүрсем, енди оның қайтып келиўин күсей басладым. Себеби, ол келсе аўылға пайыз киреди. Ол келсе көмекши қызлар ўа-ҳаҳаласып күлип-ойнап, атызды басына көтереди. Ол келсе әжапамның қабағы ашылады. Ал, ҳәзир.. Кеште дәстүрхан басында тымсырайып отырады да қояды. Сорасаң жуўап береди, сорамасаң жоқ. Өзлигинен гәпке қосылмайды. Оның неге буйтип отырғанын тек мен билемен, үйдегилердиң ханнан хабары жоқ.

— Жайнап-жаснап отырса, қызым-аў, — дейди апам ара-арасында. — Биреў салысы суўға кетип отырса, ишкен асың бойыңа тарамайды екен. Я биреў зейниңе тийди ме?

— Яғаў, өзим...

— Шаршап жүрген болсаң бир-еки күн бармай-ақ қой пахтаға. Дайыларыңның үйбетине қыдырып бой жазып қайт. Қыраў түскеннен кейинги терген пахтаға пул берип-әм жалшытпайды.

Ол дайысының үйине барғысы келмейди. Биреўлер дайылары менен апақ-шапақ-ғо, яқ, бизлер ондай емеспиз. Енисе алмаймыз. Өзлери суўық, дайыларымыздың. Набада, апам жоқта инилериниң биреўи қыдырып келсе, апамды шақырып келиўге мени жуўыртады.

— Апа, иниң келип отыр үйге, — деймен барып.

— Ҳе-е, солай ма, немис келди ме?! — дейди апам ашыўланып. «Дайым» демей «иниң» дегенге ызасы келип сөйдейди. Жек көрген адамын «немис» деп айтатуғын әдети бар еди апамның. Лекин, бизлер буннан жуўмақ шығармаймыз. Оның ушын апамның бизлерге узақ өкпелеп жүрмейтуғынын билемиз.

Әжапам апамды тынышландырыў ушын өзинше «жайнап-жаснайды», бирақ, келиспейди-аў! Келиспей атырғанын апам-әм биледи.

— Ғарры, аўмийин ет, жеп болған болсаң, қызлар өзиниң тамына барсын, — дейди.

Аўмийиннен кейин екеўмиз жайға киремиз. Кишем қазан-табақ жуўып қалады. Ағам, апам, әжағам өзлери көп ўаққа дейин гүңкилдесип отырады. Не сөйлесип атырғанын билмеймиз, қызықпаймыз-әм.

Әжапам жайға келген соң, шашын жазып тарайды. Соң айнаға қарайды. Кеше тараған болса да тарай береди. Жасыл, сары аралас моншағы бар, соны бир шешеди, бир салады. Мен услап көргим келип, қолымды созсам:

— Тиймеш! — дейди жекиринип.

Мен дым үндемей, папкамды аламан да сабақ таярлаўға кирисемен. Соннан жатаман дегенше сөйлеспеймен.

Ол екеўмизге арнап төсек салады.

— Кел, жат, қалғанын азанда ерте турып таярлайсаң, — дейди маған. Мен жуўап бермеймен.

Соң әсте жаныма келип, ернимди бармағы менен қытықлайды. Қытығым келгенликтен күлип жиберемен.

— Жүр енди жатамыз, — дейди соң. — Түстен кейинге дейин ҳәммесине үлгересең.

Аўылда мектебимиз кишкене болғаннан кейин, баслаўыш классларға орын жетиспей, бир мезгил кейин оқыйтуғын едик. Лекин, мен жалқаўлаў болдым. Тез-тез, оқыўдан қалып қоя берер едим.

— Ертең бармай-ақ қой, қызым, нан жаўып алайық, — десе қуўанып кетемен.

Кишем қалаға қатнап ислейди, медсестра, оны алып қала алмайды. Әжапам бир мезгил қалса орны беп-белгили болып қалады. Бригад есикке ат ойнатып келеди. Соның ушын ҳүкимет сорамайтуғын тек мен.

Свет өшкеннен кейин көп ўақытқа дейин уйқыламай жатамыз.

— Әжапа! — деп сыбырлайман азымаздан кейин.

— Ҳе? — деп әсте жуўап береди ол.

Мен үндемей қаламан.

— Не дейсең?

— Ҳеш нәрсе!

— Айт, айт, не дейжақсаң? — деп маған жақынлаңқырап жатады.

— Қорқаман.

— Кимнен? Неден?

— Бақырасаң-ғо!

— Айта бер, бақырмайман! — деп ийнимнен сыйпайды.

— Ырас бақырмайсаң ба?

— Бақырмайман.

— Оны сағындың ба?

Әжапам ийнимнен сыйпалап атырған қолын тартып алады. Жаным шығып кетеди.

— Айттым-ғо, бақырасаң дедим-ғо! — деймен өкпелеп.

— Яқшы жат, уйқла! — дейди де арман аўдарылып жатып алады. Бала болсам да билемен, ол маған өкпелеп атырған жоқ, муғаллимди еслеп атыр. Оны еслеп атырғанын дем алысынан сезип қоймаўым ушын арман қарап жатып алды, бәле.

Бул сораўды мен муғаллим кеткеннен кейин еки мәрте ғана тәкирарладым. Бирақ, екеўинде де ол жуўап бермеди. Мени баласынды. Бәри бир сол саўал оған унайтуғын еди. Унағаны ушын маған бақырмады.

Бир күни муғәллим келди, атызға. Ойламаған жерде!

— О-о, муғаллим келди! — деп қызлар бақырысып жиберди. Бул рет олар Лизадан тартынған жоқ.

Ол атызда ким бар болса ҳәммеси менен сәлемлесип шықты. Мени жерден көтерип алып ырғытты.

— Ой-буў, өсип кетипсең-ғо! — деп мақтады және. Мен он-он бес күн ишинде өсип кеткениме ҳәм ҳайран қалдым, ҳәм қуўандым.

— Муғаллим, енди қайтқанша бирге боласыз ба? — деди қызлар жабырласып.

— Яқ, бүгин қайтаман!

— Не, муғалли-им?

— Он күннен кейин сизлер де қайтасыз. Терим мапазы тамам!

Қызлар қол шаппатлап жиберди.

— Бүгин сизлерге алдынғы жигирма күн терген пахтаңызға пулларыңызды алып келдим!

Және бир мәрте қол шаппатлаў жаңлады атызда.

— Қәне, ҳәммеңиз берман келиң. Ғумша, фартугинди берип турсаң-о!

Ғумша деген қыз фартугин берди. Муғаллим оны жамбасының астына қойып отырды.

— Ақшаны енди Ғумшадан баслап бересең-дә! — деди Лиза күлип.

— Аўа-дә!

Қызлар қысым-қысым ақша алды. Сол жыллары ақша өзгерген, ол көбирек пулдан гөре сүўретли қағазға усайды. «Сом-купон» дейтуғын еди адамлар оны.

— Ал, енди ғайрат салып тереғойың, — деди муғаллим дизим жазылған қағазларын папкасына салып. Папка менен бирге көтерип келген пакет босап қалған еди.

Муғаллим мениң тусыма келгенде кисесине қол суғып, бүкленбеген бир он мыңлық берди.

— Буны не қыламан? — дедим мен.

— Ал, ала бер! — деди ол.

— Неге?

— Ақыллы қыз болғаның ушын.

Ол кейин мениң жуўабымды тыңлап отырмастан, аўылдың ҳаялларына ҳармасын айтып, әжапам бетке қарай жүрди. «О-о, муғаллим келди» деп қызлар шуўласқанға, мен әжапамды таслап, олар бетке барып қалған екенмен. Тез-тез изинен жүрип, оларға жақынладым.

— Лизаны аўмастырмайсыз ба? — деди әжапам муғаллимге.

— Қәнекей, илажы болғанда! Бир өмирге мәканымды да аўмастырар едим. Директорымыздың орынбасары көп жылдан берли наўқас еди. Сол биротала жумысты қойып, оның ўазыйпасын маған таңып қойды. Былай-былай шығыўым қыйын болып қалды.

— Ҳәмелдар болыпсыз-ғо, — деп күлди әжапам.

— Сизге көптен берли ойыма келип жүрген бир пикирди айтайын ба? — деди муғаллим.

Әжапам сораўлы нәзер менен қарады.

— Сиз жүзиңизди көрсететуғын айнаға ыссы пуў урылғанда қандай болатуғынын абайладыңыз ба?

— Яқ, ойлап көрмедим.

— Айнаға ыссы пуў урылса, аппақ болып ҳеш нәрсе көринбей қалады.

— Оны неге айттыңыз?

— Оны айтыўымның себеби, мен сени сағынған ўақтымда пүткил дүнья пуўласқан айнаның артында қалып қойғандай сезиледи. Ҳәмме жақ аппақ, шексизликке айланып кетеди.

— Асырып жибердиңиз! — деди әжапам күлип.

— Шын сөзим!

— Аржағыңа қара, Шазада сизиң қыялпаразлығыңызға күлип тур.

Әжапам мениң күни менен еситип турғанымды ҳәзир сезди ме,  мына гәпке уялып кетип, мени ийеги менен нусқады.

Муғаллим маған жалт қарады. Ол мениң изинен жетип келгенимнен бийхабар екен.

— Шазада, ешегиңди алып кел, әжапаңа бир мәрте пахта апарысып кетейин, — деди соң маған қыйылып.

— Пахта өлшейтуғын ўақыт болған жоқ-ғо, — дедим мен.

— Болмаса да апара беремиз.

— Әкелейин бе? — дедим әжапама.

Ол мақуллап бас ийзеди. Билип турман, екеўине де мениң кеткеним жақсы. Соны сезгеним ушын ешекке барғанша да, келгенше де, аяғымды «басайын ба, баспайын ба», деп әллен ўақта келдим. Олар маған «неге тез әкелмейсең?» деген жоқ. Қайта сол ўақта әкелгениме де қайылшылығы жоқ еди. Қәнекей, ешек қолымнан босанып кетеғойса... Мен услай алмай қуўалап жүрсем...

Қулласы, сол күн бизиң әжапам ушын кеўилли күн болды. Ҳәмме қызлар ушын да солай болды-аў мениңше.

Айтқанындай, он күннен кейин көмекшилер қайтты. Кейин, атызға шыққан шықты, шықпаған шықпады, ноябрьдиң басында таңға жақын қырпық қар жаўды. Бул аўылдағыларға жақсы баҳана болды, атызларға мал айдап жиберди.

## 6

Әжапам муғаллим менен ўәдени бир жерге қойды, билсем. Үйде де, дүзде де кеўилленип жүретуғын болды. Мениң менен оны-буны сөйлеседи. Оқыған жақсы китаплары болса онша қалың емеслерин маған береди.

— Әдебий китапты көп оқысаң гәпке шебер боласаң! — деп қояды.

Бир күни жасыл-сары аралас моншағын мениң мойныма тағып көрди.

Мен қуўанып кеттим.

— «Шынжыр» алып алайын, кейин беремен, — деп және шешип алды. Бир қуўантып, бир суўалтты мени. Ол «шынжыр»ды қашан алады?! Бизиң аўылдың қызларына турмысқа шыққанда ғана төркини апарып тағады ондайды. Онда да шамасы келгенлер.

— Муғаллим менен қашып кетежақсаң ба? — дедим тезирек сол күнди жақынлатқым келип.

— Ҳәй! Дениң саў ма?! — деп аямай шымшып алды. Турған жеримде секирип-секирип түстим. Жылайын десем уялдым. Соң ол «биреў еситип қоймады ма» дегендей жәнжағына жалтақ-жалтақ қарады.

— Керек емес моншағың! Мә, ал! Папкимде ол «оқы» деп берген «Жети хат» деген китабы бар еди, алдына тартып урып шығып кеттим. Кешке дейин қозы-ылақларды бағып жүре бердим. Әжапама жақынламадым. Кеште, жатар алдында ол зорға жуўасытып алды.

— Апалы-сиңли деген татыў болыў керек, — деп шашларымды сулыўлап тараған болды.

— Жатарда шаш тарамайды! — дедим оған.

— Тарағанның зыяны жоқ. Азанда үйпа-жуйпа болып турмайсаң.

Мен бәри бир қабағымды ашпадым.

— Қояғойшы, Шазада, енди шымшымайман!

— Урасаң ба?

— Урмайман-әм!

— Бақырмайсаң ба?

— Бақырмайман.

— Бақырсаң бирақ, көресең! Бәрин айтып беремен. «Бәри» дегенде соңғы рет изинен барып еситкен бир-еки аўыз сөзден басқа ҳеш нәрсе билмеймен, бирақ, сонда да бул гәп үлкен абай-сыясат еди.

Ноябрь айы жүдә жаўынлы болды. Бир күн ашылады, ярым күн жаўады, ярым күн ашылады, бир күн жаўады.

Усындай күнлердиң биринде түс ўақтында муғаллим кирип келди үйге. Апам үйдеги бар қатты-қутты нанларды туўрап:

— Жаўынлы күни нан сорпа жақсы аўқат, — деп нан сорпа писирип еди. Ҳақыйқатында да аўқат жүдә мазалы болды. Нанның ширеси шыққан сорпаны таласып-тармасып иштик.

Муғаллим келген ўақытта оған «аўқат же» деўге я аўқат, «нан же» деўге я нан жоқ еди. Апам кишеме қарап, қайта-қайта ернин тиследи.

— Иним, қай баласаң? — деди ағам аманлық есенликтен кейин. — Бул дөгеректиң балларына усатпай турман.

— Аға, мен усы аўылда көмекте болған қызлардың муғаллимимен, — деди ол ағама сәл өңмени менен еңтерилиңкиреп.

— Ҳә-ә, солай де! Көмекши қызлардың қайтқанына көп ўақыт болды-ғо.

— Билемен, аға. Қызлардың кейинги терген пахталарының пуллары менен есапласайын деп келип едим. Қарасам, бригад алжасқан ба, бухгалтер алжасқан ба, мына, Бегзада қызыңыздың ақшасы бизиң қызлардың дизимине қосылып кетипти.

— Астапыралла! — деп муртынан күлди ағам. — Жақсы нийетке болсын, қызларыңның дизимине қосылып, қәнекей оқыўға да кирип кетеғойса.

— Оқытамыз десеңиз жәрдем беремиз, — деди муғаллим гәпти шынға айландырып.

— Оқытпай не қыламыз. Өзи бир жығылғаннан кейин жүрек шайды болып қалағойды. Болмаса, мына Ержанның қызы кирди бирге оқыған, Қарлыбайдың қызы кирди, Өтемистиң қызы кирди. Бунық бир өзи қалды, мен тап буннан мал аяп отырғандай.

— Қояғойшы, ғарры, бары-жоғыңды ақтара бермей,— деп апам ағамды зорға тоқтатып алды.

Аўылдан ана қыз да кирди, мына қыз да кирди дегенге ары келди ме, әжапам майлыққа қолын сүртип турыўға ыңғайласты.

— Ҳәй-ҳәй, отыр қыз-әй, қаяққа барасаң? — деп ағам оны иркти. — Аўмийин етейик, ҳаў... «Үйинде атасы жоқ, асының пәтиясы жоқ» болмасын.

Аўмийин етип қол жуўылды, әжапам қол қойып, бир қамтым ақша алды.

Муғаллим қайтты.

— Маған өлим келмейди-аў! — деп апам муғаллим шығып кетиўден дизесин дүмпишледи. — Бир тислем нансыз да отырар ма ҳаял адам. Жаңағы балаға нан же деп айта алмадық-ғо!

— Келин, қамыр ийле! — деди соң гижинип. — Шетинен дәрриў еки жайман жайып жибер. Сен қыз қасыңа үкеңди ерт, жигилдик беттен шогиртек терип кел. Тик турған шөп тез кебеди. Пақалдың суўы сорғалап турған шығар еле.

Үйимиздиң қубласында сейисхананың артында бир пахта атыздың көлеминдей жигилдиклик бар еди. Үйбетке келетуғын салма сол тоғайдың дәл ортасынан ағып өтеди. Салма жылда қазыла берип, еки бойының ырашы адам бойынан да бәлент болып кеткен. Тоғайдың иши ық болғанға ма, февральдың ярымы аўғаннан баслап, жаптың бойына сүтилмек шығып кетеди. Аўзымыз сүттен жағал-жағал болып, азан менен қой сүтилмеклерди терип-терип жеп қайтамыз. Бирақ, ол да он-он бес күннен артпайды. Соң боян шығып кетеди. Боян сүтилмекке күш бермейди. Июль айларының орталарында боянның узынлығы үлкен адамлардың көкирек аўзынан келеди. Сөги қол менен қойғандай қатарласып, қозғап жиберсең шеңгелдиң қоңыраўындай сыңғырлап турады. Августтың ортасы болмағанша ағам ол боянға орақ салмайды. «Сөги писсин, сөги писсе боян душшыланады» деп күтип жүреди.

Илгери жыллары Дәўхан деген баслық сол жигилдикти пахта атызға қосаман деп дүккиш салды. Ағам алдына кесе турып еди, үстине айдай бергеннен кейин қашты. Лекин, дүккиш тоғайды тегислей алмады. Бир жигилдикти қопараман дегенде дүккиштиң бир балдағы шорта сынып кетти. Сынған жеринде, бир ҳәпте жатты. Ағамның жылқысы таўға шығып қалды.

— Ойның келеди-ә, бизиң ата-бабаның әрўағы менен?! Бул қустың тезегинен көгерген жигилдик емес, атам еккен жийделер майдаланып-майдаланып жигилдик болған, билдиң бе? — деди баслыққа ықлап. «Жийде картайса жигилдик болады, қустың жаманы дигилдик болады.»

Баслық ағам менен жақ жарыстырып отырмады, кетти.

Жап бойындағы боянлар гүзде орып алынғаннан кейин, қысы менен түбири қуўрап, ақ терек кәлемшедей теп-тегис

шөгиртекке айланады. Түби ширип турған шөгиртекти қыйналмастан қысым-қысым етип жыйнап ала бересең. Күн ләмгершилик болған соң апам бизлерди усы отынға жумсаған еди.

— Ҳарманлар! — Ыраштың баўрайында шөгиртек терип жүрген бизлер жалт қарадық. Салманың ишинде төбеси зорға көринип муғәллим киятыр еди. Мен ҳайран қалдым. Апам бизлерди биле тура шөгиртекке жиберди ме? Яғаў! Сонда қалай бизлердиң буяққа шыққанымызды билди? Яки, әжапам бизлерге сездирмей көз урыстырды ма екен?! Мениңше, бул ойламаған ҳәдийсе еди.

— Қәне, мен-әм жәрдем берейин, — деп келиўден жеңин түрип тийисип кетти ол.

— Қойың, үстиңиз ылас болады, — деп атыр әжапам.

— Бегзада, буяққа кел, буяқта шөгиртеклер өзи қыйрап атыр-ғо, — деди муғаллим бираз алдырақ кетип.

— Қәне? — деп әжапам да изинен кетти. Салманың бурылмасынан олар маған көринбей қалды. Мен изинен ермедим. Билдим, ҳеш қандай да қыйрап атырған шөгиртек жоқ оядта. Мақсети — меннен узақласыў. Баяғы «япон магнитофоны» да мен екенимди билип алған едим сорастырып. Соның ушын бул рет «магнитофон» болғым келмеди.

Олар салма ишинде әлле нелерди гүңк-гүңк сөйлести. Кеўлим бир түрли болды. Муғаллимди баяғы биринши сапар көргендей жек көре басладым. «Ол не аўылға келип бассыныў!»

— Бегзада-уў?! — деген апамның даўысы еситилди бир ўақта.

— Апам шақырып атыр?! — деп бақырып жибердим бирден.

Әжапам жуўырып шықты.

— Жаңағы гәп есиңнен шықпасын, якшыма? — деп изинен сыбырланып даўыслады муғаллим. — Сонда екеўмизге де жақсы болады.

Екеўмиз еки арқа шөгиртек пенен үйге қайттық. Муғаллим қаяқтандур жол таўып, көринбей кетти.

— Бағана нени есиңнен шықпасын деп атыр? — деп сорадым кеште әжапамнан.

— Ҳеш нәрсе! — деп ол ырасын айтқысы келмеди.

— Айтпасаң айтпа, — дедим мен де бултыйып. — Азанда апама айтып беремен.

— Уҳ-ҳ! — деп өзин қыстап күлди әжапам. — Сен не, нәрестемисең?! Үп-үлкен қыз болдың-ғо. Бир нәрсе болса «айтып беремен, айтып беремен»...

— Сонда не меннен жасырасаң?

— Онда бир гәп, сен мениң тәрепимди аласаң ба?

— Қәйтип?

— Мениң айтқаныма қосыласаң?

Мен мақуллап, бас ийзедим.

— Ендиги ҳәптелери ағама айтамыз, үйге телефон қурғызайық деп.

— Оны ким қурып береди?

— Монтёр.

— Пул алмай ма?

— Алады. Бағанағы мениң пулыма қурғызамыз.

— Ҳе-е-е! Муғаллим телефон қурғызыў ушын берген екен ғо, ол ақшаны я?

— Анаң қара! Ҳәмме нәрсеге түсинетуғын болып кеттиң. Телефон шыңғырлайды. Сен аласаң, кейин: «Әжапа, телефонға» дейсең маған.

— Үйдегилер «ким о?» десе не деймен?

— Аўылда пахтада болған қызлар дейсең.

— Екеўмиз-әм өтирикши боламыз я?!

— Бул — ўақытша! Енди жатып уйықла, яқшы ма?

Кешикпей үйимизге телефон қурылды. Телефон ҳәмме исти тезлетти. Жазда үлкен қара «Чайка» менен муғаллим әжапамды узатып алып кетти.

— Бизиң бийкештиң бахтына қара, қудай көпсинбесин, обком минген машын менен узатылды, — деп таңлай қағысты аўылдың ҳаяллары.

## 7

Әжапам кеткеннен кейин үйдиң бир мүйеши ҳүўлеп қалғандай болды. Дәстүрхан басында да әңгимемиз онша қуўыспас, ҳәр ким өзиниң әлле қандай қымбат мүлкин жоғалтып алғандай, кеўлимиз қулазып турар еди.

Апам өзинен-өзи ол ҳаққында гәп баслағысы келе береди.

— «Қыз бала барған жерин қуўантады, кеткен жерин суўалтады» деген ырас-аў... Түн ярымында етиме бурыш жаққандай болып оянаман. Не екен десем — усы қыздың кеткени.

— Бүгин түсимде бийкешти көрип жүрмен, — деп гәптиң изин алып кетеди кишем. — «Кише-е» деп анадайдан қушағын ашып жуўырып киятыр.

— Айнанайын-аў, үйди сағынып жүрген ғой, — деп қамсығады апам.

Кишем әжапамды түсинде көрди я көрмеди, себеп пенен апама жағынып қалыў ушын айтады ол «түсин». Апам да оны биледи, бирақ, билсе де келининиң қызын «түсинде көргени» унайды оған.

Ағам бундайда дым үндемей турып кетеди. Изинше әжағам да.

— Анағыздың үйде жақсы көрип кийетуғын көйлеклери бар еди, апарып қайтқанда болар ма еди... — деп кишем апама екиленип қарайды. «Апарып келе ғой» десе ушажақ. Лекин, апам бул гәпти онша хош көрмейди.

— Ол көйлеклери үйде жарасықлы еди, ол босағаға жарасар дейсең бе?! — дейди мейилсоқлық пенен.

Ҳақыйқатында да, әжапамның көкирек бүрмелеп тигилген суп-сулыў көйлеклери бар еди. Кийген ўақта өзине ды-ым жарасып турады. Лекин, тойына барғанымызда оған кийгизип қойған ҳасыл кийимлерди көрип, апам иш-ишинен қысынып кетти. Жүзинен билинип турды қысынғаны. Күнликке кийдирип қойған кийимлерин көрип-ақ, үйдеги шала тозған штапель көйлеклерин апарып абырай ала алмайтуғынын биледи-дә ол.

Әжапамды ҳәммеден бетер мен сағындым. Ол ашыўы келсе шымшып-шымшып алар, кеўли келсе хошаметлеп «мынаў маған теңлесип баратыр-ғо», — деп бой-бойласып, айнаға қарасар еди. Ҳәзир изинен барғым келип турады да, бирақ, барыўға батына алмайман. Ол үйге кирсем, босағадан баслап музейге киргендей боламан. Төсеп қойған гилемлериниң үстинде аяқларым көмилип кетеди. Кирген жерде үлкен айўан бар. Ҳәмме қапы сол жерден шығады. Ҳәр қапының арасында рамкалары мәрмер тастан ойып исленгендей үлкен картиналар, есикке қарама-қарсы туўрыда

адам бойлыдан бийик саат тур. Сап-сары маятниги тынбай тербелип турады. Алтын ба екен, мыс па екен деп маятнигин услап көрейин десем, узын айналы шкафтың ишинде турыпты ол. Ҳәўесим келип турады да, тағы тартынаман.

Адам бойлы гүллер, тереклер гилемниң үстиндеги гүзелердиң ишинде өсип тур. Төрги залдың есигиниң аўзында қызғылт-қоңыр скатерт жабылған стол тур. Столдың үстинде төрт мүйешли айна, айнаның ишинде мөп-мөлдир суў бар, суўдың ишинде ертектегидей алтын балықлар жүзип жүр. Ишинде және укроб қусаған майда жапырақлы шөплер өсип тур. Балықлар гейде жылтыр таслардың арасына кирип жоқ болып кетеди де, бираздан кейин қайтып шығады. Балық ылай жеп семиреди дейтуғын еди, олардың мына шийшедей тынық суўдың ишинде не таўып жейтуғынын билмеймен.

Бир бөлмесинде үш аяқлы қып-қызыл рояль тур. Ҳеш ким «дың» еттирип шертпейди, сонда да енепаттай жерди бәнтлетип қойғанына ҳайран қаламан. Қулласы, ол үйде ҳеш нәрсени арқайын услап көриўге болмайды. Түсирип аламан ба, қулатып аламан ба деп қорқасаң.

Аўылда ҳәмме нәрсе басқаша. Емин-еркин нәпес аласаң. Әжапамның сол қысылып қалған ҳаўада аяқ ушынан басып жүргенине реҳимим келеди. Бирақ, оның өзи қапа емес. Жүзи гүл-гүл жайнап жүреди қашан көрсең.

Сөйтип, бара-бара үйде оның жоғына да көнликтик-аў. «Адам үш күннен кейин дозаққа да үйренеди» дейтуғын еди апамлар. Арадан еки-үш ай өтип, ол алыстағы ағайиндей болып қалды. Тек апамның тилиниң ушында турады ол.

— Бегзада-а, Сүлтан, кели-ин, а-а, Шазада, — деп биреўимизди шақырыў керек болса ҳәммемиздиң атымызды айтып болады. Сонда ҳәрдайым биринши болып әжапам аўзына илинеди оның.

Кешке қарай телефонға мен де, апам да урланып-урланып қарап қоямыз. Еки-үш күн тым-тырыс турса, апам:

— Ананы көрип жиберос қыз, сым-пымы оратылып қалған жоқ па екен, — дейди маған. Бул әжапамды қоңыраў етпеди-ғо, дегени. Тап усыны билгендей телефон да бирден «шырр» ете қалады. Ҳәммемиз бир қобалжып түскенимизди билмей-ақ қаламыз. Әлбетте, журттан бурын мен жетип бараман. Күткенимиздей қоңыраў әжапамнан болады. Ол

әдеттегише қолы саўалаў болғанда, көбинесе, қазан-табағын жайғастырып болғаннан кейин жатарға таман қоңыраў етеди. Биз де соны күткендей, кеш жатамыз. Ислейтуғын талап болмаса пияда гүрриң таўып отырады апам. Қоңыраў әжапамнан екенин билгеннен кейин ағам менен әжағам жайларына кетеди. Бизлердиң майда гәпимиз оларға жақпайды.

Әжапам мени телефонда айланып-толғанып атады. Ол еле мени баяғы ешегин шелге байлап келетуғын кишкене қыздай көреди. Мен күн санап өсип атырман-ғо. Онының үстине ол кеткеннен кейин бирден ақыл тоқтатып, есейип қалдым. Енди мен-әм бир үйдиң үлкен қызы болып киятырман. Сонда да биреў «шүкирим дейди» деп жалап-жуқлап атырғаннан кейин нәрестедей еркелегиң келип кетеди екен.

— Әжапа-а, қашан келесең? Сағынып кеттим! — деп кишкене қыздай сақаўланып келип қаламан.

— Бараман, шүкирим, бараман!

Соң ол үйдегилерден баслап, аўылдың бәрин сорап шығады. Жек көретуғын адамларын-әм қалдырмайды.

Мени трубканы қашан берер екен деп күте-күте шаршаған апам:

— Бола ғой қыз-әй, жаўып кетер! — деп қыстайды төбемде турып.

Сонда барып апама телефонды беремен. Олардың гәпи бирақ узақ сәббеге созылады. Лекин, ҳәр сапары жуўмақланбай қалады. Телефонның өзи «болды-дә, енди» дегендей, берилип сөйлесип атырғанда үзип таслайды.

— Қурғыр, телефонның усындайы бар-әй, анагүни де сөйтип еди, — деп трубканы маған береди. — Я қайттан терип көресең бе?... Қоя ғо болмаса, уятты.

Бир сапары ағам усы телефонның үстинде апама қатты кейип таслады.

— Соннан әдет бола ма? — деди түтигип. —«Шыққан қыз шийден тысқары» деген. Атасы бар, енеси бар, олар не деп ойлайды?! Уят емес пе!

Ҳәммемиз бир қысым болып қалдық. Жуўырып барып телефонды ала беретуғын мен гүналыдай болып сезиндим кеўлиме.

— Шазада, ағаңның бақырғанын әжапаңа айтып жүрме, — деди апам маған жатарда. — Өкпелеп, қоңыраў етпей жүрер.

Билгендей, әжапам қоңыраўды сийреклетти.

Бир күни ол бийкешин ертип қыдырып келди. Үйде үлкен байрам болып қалды. Жыллаған үлкен түйетаўығымыз бар еди, ағам соны сойды.

— Үйдиң адамына да түйетаўық сояды екен-аў, — деп ойлап қойдым ишимнен.

Лекин, сол муғаллақ қатқыр қораздан қутылғаныма қуўандым. Ол қорамыздағы ҳәмме таўықтың үлкени еди. Түйетаўықтың қоразы үлкейсе жаман болады екен. Үйден үстиме қызыл кийип шыға алмайман, арт беттен келип қос аяқлап дүрс еттиреди. Жығыла жазлайман. Неше мәрте тырнағы осып кетип, балтырым жара болып жүрди. Қоңсылардың балалары да бийзар — келе алмайды. Журт ийттен қорқар еди, бизиң үйде қораздан қорқады.

Әжапам менен күн бойы дурыслап сөйлесе алмадық. Қонақ қыз да биреў тислеп алатуғындай әжапам кирсе-киреди, шықса-шығады, я баяғыдай бул да «япон магнитофоны» хызметин атқара ма...

Кеште апам буның есабын тапты.

— Келин, құдаша қыз бенен Шазадаға өзиңниң тамына төсек сал, Султанға атаңның қасына сала ғой, мен бүгин қызымды бир ақшам ийискеп шығайын, — деди.

Кишем қазан-табағын жайғастыраман дегенше қонақ қыз бенен бир төсекте қатар жаттым. Лекин, я ол болып, я мен болып илла деп аўыз ашпадық. Мен не деп сөйлесемен, танымасам. Я ол мениң таныған адамларымды танымаса. Қыялыма ол да мендей аўҳалда еди. Тезирек таң атағойса, үйбетине қарап ушса! Лекин, бийкар ойлайды ол. Әжапам «еки қонаман» деди келген ўақта апама.

Түнниң бир мәҳәлинде кишем орнына келип жатты. Күни менен бесикте уйқысы қанған баласы ыңырсып баслап еди, қурттай мәмме берип, бир-еки шайқаған соң, қайттан уйқылап қалды. Қыбыр-сыбырдан болдырған кишем де демде пыш-пыш етип уйқыға кетти. Әсте-ен тың-тыңладым, құдаша қыз уйықлап атыр ма, ояў ма? Билинбейди. Дем алғаны да сезилмейди. «Әй, мейли, мен бир урлық етейин деп атырман ба» дедим де, пышық жүрис пенен бөлмеден шығып, әжапамның қасына келдим. Олар еле гүңк-гүңк сөйлесип атыр екен.

— Балам-аў, еле уйқыламай жүрсең бе? — деди апам мени аяған болып.

— Қонақ қызың қайда?

— Қашшан тас болып қалды! — дедим мен жақтырмай.

Болмаса, «кел мениң қасыма жат» деўдиң орнына қонақты сорайды. Бийкеши меннен жақын болып па оған!

Мен келгеннен кейин апамлар гәптиң бағдарын өзгертти. Лекин, әңгимелери бир-бирине қуўыспай қалды. Биреўиниң жуўабы, биреўиниң саўалына жақынламай кетер еди. Билдим, меннен күни менен айтып киятырған әңгимесин сыр тутқысы келди. Мен душпан шығарман жүдә! Олар жасырды екен деп шығып кетейин бе? Дым тәбиз аңламайтуғын пәмсиз қыз болып жата бердим. Бир ўақытлары жортаға қурылдыға бастым.

— Сен оны кимнен еситтиң? — деди апам әжапама сыбырланып.

— Қайтыс болған енемниң ўақтында сайланған мурындық қызы бар екен, сол айтты.

— Ол қатнасып тура ма?

— Қатнаспайма деп ойлап қалдым. Соң бир-еки қоңсыдан да ызым-сызым еситтим. «Енең пақыр Бийпатпаның шыны қызы еди, бийшара, дәрттен өлди-ғо, ең кейнинде бир тамға қамап қойды, еси кирели-шығалы болып қалды» деди. Еситкенде тула бойым жуўлап кетти.

— Бирақ, қуда ондай, кисиге ҳазар беретуғын адамға усамайды, — деди апам. Әжапам ол гәпке қуўанып кетти.

— Аўа, үлкенге де, кишиге де бирдей. Маған ҳеш «келин» демейди, «қызым» деп сөйлейди.

Апам бир заман үндемей қалды.

— Қайдан билейин шырағым, адам аласы ишинде деген, тили майлы, кеўли ғайры биреў болмаса болар еди.

— Яғаў, апа.

— Яғаў деме қызым, сен бир ишине кирип шығыпсаң ба, «самал болмаса шөптиң басы қыймылдамайды» деген. Мениң қәўетерим, ул атасына тартады, қыз шешесине дейди, сениң күйеўиң-әм әкесиниң жолын қуўып, жары жолда дәрдесерге түспесең болар еди!

— Қойшы, апа, — деди әжапам сәл өкпелегендей түр билдирип. — Тап айтыўға да уяламан-аў, күйеў балаңыз ҳәр күни

азанда оянып, «Бегзада, қасында жатсам да азанға дейин сени сағынып шығаман», дейди. Сөйткен адамнан бийопалық шыға ма?!

— Әне, усындай гәптен қорықса болады. Бизлер де ағаң менен бир-биримизди сондай жақсы көрип қосылдық, бирақ ағаңнан усы күнге дейин «сени сағындым» деген гәпин еситпедим. Күйеўиң суў жуқпас жалатай болмаса нетти.

Әжапам тым-тырыс болып қалды.

— Ҳе, өкпеледиң бе? — деди апам жуўасып. — Өзиңе бек бол, асыңа шыбын түспесин деймен-дә!

Әжапамнан жуўап болмады. Бар гәп соның менен тыйылды. Еки қонаман деп келген адам, азанда шайын шала-пала ишти де, жолға шығыў менен болды.

Апам оның неге бирден қайтқысы келип қалғанын сезсе де, тәўелле етпеди. Үй алдынан гүзетип қалды.

## 8

Сол күннен баслап апам әжапам ҳаққында гәп қозғаўды сийреклетти. Телефонға да сукланып қарай бермейтуғын болды. Усыны билгендей телефон да, печьтиң қуўысында мүлгиген қара пышықтай, сылт етпейди. Кишем де бурынғыдай түсинде бийкешин көре бергенди қойды.

Ағам арасында:

— Қуда тым-тырыс ғой бала, арасында «қалай отырсаң» деп сорап-әм қояйын демейди. Қудай айтқандай телефон бар, — дейди.

Бирақ, гәпине ҳеш ким жуўап қайтармайды. Апамның ерни жыбыр-жыбыр етип турады да, билдиргиси келмей гәп аралатып жибереди. Ағам ҳәр сапары қудасы ҳаққында гәп еткенде кемпиринен хошлаў күтер еди, негедур кемпири хошламайды. «Бул кемпирге не болғанын» ағам биле алмай ҳайран.

Быйылғы гүз ерте келди. Суўық ерте түсти. Егинниң пискен-писпегенин бес қонақ урып кетти. Пахтаның биринши сортлы терими он күн-ақ даўам етти. Соң ҳәмме ғөреклер жыртыйып ашылып кеткен соң оның қайсысы писик шигит, қайсысы қам шигит екенин айырыў қыйын еди. Аўылда бригадлардың (биреўлер фермер дейди) айтыўы

бойынша пахта усы жылы шығын менен жуўмақланатуғын қусайды.

Аўылға көмекшилер кийип кетти. Олар бирақ жылдағыдай ҳеш кимниң үйине бөлистирилген жоқ. Азанда келип, кеште қайтады. Атыздың шетинде қатар автобуслар дизилип турады. Жүздей адам бир көлемге түседи де, изи шегиртке түскен атыздай қап-қара болып қалар еди. Оларға жүдә реҳимим келди мениң — көмекшилерге. Биз түсте үйге келип кем дегенде еки саат дем аламыз. Олар болса атыздың шетинде фартуклерин дәстүрхан етип, термосларындағы шала суўыған шайы менен кими консерва, кими бир килолық банкиде қуўырып әкелген картошкаларын нан менен ҳалқас етер еди. Я жеген емес, я жемеген емес. Қурттай бой созайын десе дөгерегиниң бәри дигирмандай кесек. Ақыры, найлаж атызға түседи. Атызды тазалап болса ертерек қайтатуғынын биледи олар.

Қулласы, быйылғы гүз әжапам бардағыдай қызықлы болмады. Онда бизлер таң атыўдан атызға жеткенше асығар едик. Атызда болса қызыл-жасыл кийинген қызлар. Арасында болажақ жездем жүрер еди саўлат төгип. Ал, быйылғысы... гүз бе-гүз. Қуты қашқан гүз болды бул.

Аўыл адамлары пахтаға дерлик шықпай қойды. Бес қонақтан бурын орып үлгерген жүўерилериниң басын қайырады, оларды атыз ишинде қырман дүзетип, ешек пенен түйек айдайды. Фермер ме, бригад па, оларға үндемейди. Көрсе де көрмегендей болып өтип кете береди. Жазы менен атызда жүргенине бир сом бермегеннен кейин тили қысқа олардың. Усыннан ернин қыймылдатып көрсин:

— Тап ертең азанда Нөкиске көшип кетпесем, атымды басқа қояман! — деп безилдеп қоя береди қай-қайсысы да.

Ҳәммеси Нөкис пенен қорқытады. Нөкис бизиң аўылдың адамларының «дайы журты».

Быйыл бизлердиң жүўеримиз ерте писти. Басы иймейген бой жүўери еди, ағам туў сыртынан «түп-түп» деп жүрип орды. Ҳәр басы малақайдай болды, жаңағының. Үйдеги ҳәңги ешек пенен түйек айдадық. Маған жетелеткен жоқ. «Қыз бала, уятты» деди ағам. Әжағам жетеледи, ағам шыбық пенен изинен айдап жүрди. Бизлер апам екеўмиз қырманнан шығып қалған жүўери басларын ортаға таслап турдық.

Бийшара ҳәңги ҳәр айланғанда бир шыбық жер еди. Өзинен болады ҳәр сапары, нәпси жаман. Басы қурттай еңкейди ме, жүўериниң бир басы аўзында кетеди. Соң мың шыбық жесе де тасламайды, жеп тынады. Кейин ала оған аўзына дорба илдирди. Дорбаның ярым белинен шыжым менен буўып биротала тас қылып еди, ҳәңги аспанға секирди, бийшара дем ала алмай қалған екен. Қулласы, үш күн ишинде бар жүўерини түйеклеп болдық. Қырқ қалта жүўери шықты. Бир қалтаны кеште ешекке артып моллаға апарып келди әжағам.

— Он қалтадан бир қалта бериўимиз керек еди, дүньясы қурғыр көзимиз қыймайды, — деди ағам кешки шай үстинде.

— Усы күнде үсир-питирди түўеллеп берип жүрген адам бар ма? — деп қойды апам да. Оған да шыққан шығын жаға бермейди.

— Қызымызға бир қалта берейик, — деди ағам.

— Қайда-а-ам, — деп ернин сылп еткизди апам. — Ол қудаң жүўери ишер ме екен?

— Ишпесе таўығына салады, қызымыздың пайы бар-ғо.

Оннан кейин бул гәп кесилди.

Кейин мал оты жыйналды, картошка қопарылды. Тек гешир мықлы екен. Бес қонақ оған хеш нәрсе қыла алмапты. Қыраў жеген сайын мазалы болады, деди ағам. Бирақ, қаўынлар суў болып ағып кетти.

Гүз ерте келсе, қыс та изинен өкшелеп турады екен. Ноябрьдиң дәслепки ҳәптесинде-ақ жуқалап қар жапты. Үйдиң иши менен гешир қопарыўға шығып, қардың арасынан қағып алдық геширлерди. Сол күни аўылдың маллары да айдаўға жиберилип еди, лекин, бизиң қой-ешкилер муртынан айрылған геширдиң пақалына өшигип өзимиздиң мөлдектен былай-былай кетпеди. Пақалдың арасында бирли-жарым гешир де бар, ақыры. Бул оларға гөш салып асқан палаўдан абзал еди. «Қар жаўды деп қуўанба, аязы болар соңынан» деген гәп ырас екен, жуқалап жапқан қардың өзи ҳәммени бүрсеңлетти. Қуўыс-қолтықтағы түйиншиклерден қыс кийимлеримизди таўып алдық. Жазы менен көйлекшең жүрип жалыға ма адам, қалың кийимлерди де сағынады екенсең.

Үйде бир мүйеште бир қалта жүўери менен еки қалта гешир турыпты. Булар әжапамның пайы. Апарып қайтыўға ҳеш ким бата алмайды. Я өзлигинен келип алып кетпейди. Олар билмейтуғын да еди бизлердиң әжапама пай қойғанымызды.

Бир күни оның утыры келди. Жаңа жылға үш-төрт күн қалғанда, ағам менен апамды қудасы үйине шақырды. Районнан бир машын услап, үш қалтаны жүклеп тарттық-аў Нөкиске. Қудасы ағам менен апамды шақырған, лекин, мен қаламан ба?! Бир үйдиң ҳәм кишкене қызы, ҳәм үлкен қызыман! Бармай қалсам бәри бир әжапам сорайды.

Бизлерди үйиниң иши менен дәрўазаның алдында күтип алды. Мен шығып атырып әжапама қоңыраў етип едим. Ағам қудасы менен қушақласып көристи. Аўылда ондай дәстүр жоқ еди, қудасы қушағын ашып киятырғаннан кейин ағам да мәжбүр болды.

Қудамыз әжапам айтқандай, күле шырай берип жүретуғын ийман жүзли киси екен. Кийген кийимлерине де ҳәўесиң келеди. «Өз үйинде бектей болып жүреди» деген усы шығар. Ийнинде сур реңли, төс қалталы пенжек. Бренжеси де бир реңде. Басында спортшылар кийетуғын ала сызықлы топпы, пенжектиң ишинде футболка.

Ҳаялы өзине қарағанда әдеўир жас екен. Жүзинде дақ жоқ, ақ қағаздай. Тамағының астында бир қабат буғағы бар. Алқымында алтын ҳалқалы шынжыр.

Жездемиз мақсымлардай болып, көксине қолын қойып сәлемлести ағамлар менен. Кирген жердеги айўанға алты стулчик пенен дөңгелек стол қойылыпты. Тойға барғанымызда олар жоқ еди. Сол жерде аўмийин етисти.

— Қуда, баллар шай демлегенше үй менен таныстырайын, — деди қудамыз.

— Ҳаў, жаңағы... машындағы қалталарды түсирип алып, шофердың кирей пулын бериўимиз керек еди, — деди ағам гибиртиклеп. — Аўызда дилгир болып турған шығар. Умытып кетиппиз-ғо оны.

— Ҳәммеси жайында! Шоферыңыз бул ўаққа жары жолға барып қалды.

Қудамыздың аты Убайдулла, қудағайымыздың аты Азима екен. Үйде де талай айтылып жүрген шығар, бирақ мен ескермеген қусайман.

Убайдулла аға ҳәр бөлмесин бирим-бирим көрсетти. Бир бөлме бир бөлмеге усамайды, ондағы төсеклер де, мебеллер де басқа-басқа еди. Айтыўынша олардың бурынғы жайы тазадан салынып атырған үлкен кеңсениң орнына дус келип, бузылып кетипти. Бул жайды салғаннан кейин ўақтында жақсылық еткен инилери, шәкиртлери ҳәр бөлмени бир-бирден бөлисип алып өзлери толтырып берген екен. Өйтпегенде сонша бөлмени дәске менен толтырыў аңсат емес шығар. Лап болмасын, бизиң райондағы бақшаның ярымындай бар. Рояльды мәдeният министри болған бир иниси саўға етипти.

— Бизиң үйде буны шертетуғын адам жоқ ғой, — десе:

— Тура берсин аға, сән болып. Бул ҳәзирги дәўирдиң модасы, — депти жаңағы министр.

Алтын балық пенен теңселип туратуғын саатты ким әпергенин айтпады. Бирақ, мен соған қызығып едим.

Кеште аўқаттан кейин Убайдулла аға ҳәммемизди бир бөлмеге жыйнады. Балалары менен, қызлары менен бирим-бирим таныстырды.

— Мен киммен? — деди жездеме. Жездем орнынан турып жуўап берди.

— Әкемсиз!

— Бул киси ким болады? — деди ағамды көрсетип.

— Атам.

— Бәрекелла! Ал мынаў ким?

— Анам.

— Қасындағы-ше?

— Ол ҳәм анам!

— Бәрекелла! Соны оң қулағың менен де, шеп қулағың менен де еситип ал — сениң енди еки атаң, еки анаң бар, зинҳәр биреўинен биреўин кем көрип жүрме! Егер олай етсең мен сени перзентим демеймен!

Жездем көксине қол қойып, турып отырды. Соң бул «имтихан» әжапама да тәкирарланды. Ол да усы үйдиң тәртибине көнлигип кеткен екен, жездем қәйтип ҳүрмет көрсеткен болса, ол да соны булжытпай орынлады.

— Енди, қуда, — деди Убайдулла аға. — Қудайдан жасырмағанды кисиден жасырыўға болмайды. Көрип отырсыз, қудағайыңыз меннен әдеўир жас. Туўрысы — жигирма төрт жас киши. Әўелги қудағайыңыз төртинши қызының тусында бала үстинен аўырып, қайтыс болды. Изинше қызы да. Көрсетпеген тәуибим, апармаған докторым қалмады. Шыпасы түспеди.

Атың сүринсе изиңе гәп ергиш болады екен. Журттың айтыўынша ол мениң жүрдеклигимнен ишқыста болып өлген болып шықты. Бул ғыйбатшылар сол ҳаялдан туўған еки қызым менен де арамызды суўытты.

Азима ол пайытта жаңа онreceived питкерип, менде хаткер болып ислеп атыр еди. Мениң болса алдын нәрестелигинде өлип кеткен қызым он екиде, оннан кейинги қызларымның биреўи сегизде, биреўи төртте еди. Өзим қырқ екини толтырып, қырқ үшке қарағанман. Ҳаялы өлген еркекте не сән болсын, бир күни усы Азима алдыма кирип, дым үндемей турып алды.

— Ҳе, Азима, неўе? — дедим. Үндемейди.

— Айт, биреў қапа қылды ма?

— Яқ.

— Онда не?

— Айтсам сиз қапа болмайсыз ба? — деди маған.

— Яқ, айта бер.

— Маған шалбарыңызды шешип берип, өзиңиз ишки бөлмеде бир заман отырып турың, — деди тартына-тартына.

— Неге?

— Шалбарыңыздың қыры екеў болып кетипти.

Столдан былай шығып көрсем, ҳақыйқаттан да солай.

— Қызым, бундай қылмайық, — дедим Азимаға. — Кеңседе мениң жалаңпут отырғаным келиспес. Оның үстине утюгти қайдан аласаң? Жақсысы үйге барайық, сол жерде утюглеп берерсең.

Қулласы, шалбар үйде утюгленди, Азима үй жыйнастырыўға тилек билдирип, кешке дейин бизикинде қалды.

Кеште келсем мениң ҳәмме кийимлерим, қызларымның кийимлери жуўылып утюгленген, үй шығарылған, поллар жуўылған, бир сөз бенен айтқанда нашар баланың қолы сезилип турды.

Бул аўҳал бир жылға дейин даўам етти. Бир күни жумыста Карима апа деген апай бар еди, сол алдыма кирди.

— Баслық қәйним, ерси көрмесең бир гәп бар, — деди.

— Айтың.

— Бул заманда еркексиз ҳаял аштан өлмейди, бирақ ҳаялсыз еркектиң күн көриўи қыйын болады. Оның үстине қыз сақлап отырсыз. Сиз үйлениң! — деди.

Мен үндемей қалдым.

— Жеңгешилик етейик пе? — деди ол күлип.

— Етиң, етиң! — деп мен де ҳәзил еттим.

— Жеңгешилик деп жеңгешилик те емес-аў, — деди ол өзин услап. — Бизсиз де өзлериңиз бир-бириңизге үйренисип қалдыңыз. Мына, Азима қызларыңның басынан сыйпаса қалай болар екен?

— Азима?! Ол еле... Кейин не дәлил айтарымды билмей қалдым.

— Жассынба! — деди Карима. — Еркек адам тегинликте қартаймайды. Азима сизге қуба-қуп болады.

Қулласы, соның менен турмыс қурдық. Азима бизге үш ул, төрт қыз туўып берди. Сонда да баяғы өсек еле ел арасында бар. Бир күн болмаса бир күн жаман аўызлардан еситип «қудамыз напәк адам екен» деп жүрмең. Қудайға шүкир, ел ишинде абыройым жаман емес, дос-яранларымның бәри басшы жумысларда ислеген, он еки мурындық қызым бар. Бүгин мине, жаңа жылға төрт күн қалды ма, биринши сизлерди шақырып атырман. Ертең бирге ислескен отырыспаласларым келеди. Арғы күни мурындық қызларым, оннан соңғы күн қоңсылар... Жылда үйренген ҳәммеси. Жаңа жылға өтер кешеси бирақ, өзли-өзимиз отырып, шампань атамыз.

Убайдулла ағаның мына гәплеринен кейин ишим ғым етти. Баяғы сапар апам менен әжапамның өкпелесип қалатуғын ўақыясының төркини буяқта екен-дә! Қайсысы ҳақ, қайсысы наҳақ, бәри бир буны еле де билмес едим.

— Енди қуда, сизге атаған бир сарпайым бар, — деди Убайдулла аға орнынан турып. — Баяғы келгениңизде елдиң дәстүрин бузбайын деп халық қатары сарпайладым. Бирақ, бул ретки сыйым өзгеше.

Ол арқа тусындағы шкафты ашты. Оннан илдиргишке илиўли турған ташкенти қаўындай сап-сары, сең-сең постын шығарды.

— Мына постын бир қашардың пулына тигилген, — деди постынды ийнинен услап силкип. — Қараң, бурынғыдай қой териден тигилген зилдей постын емес. Бул сур тери — қамары!

Ҳақыйқатында да, тонның ишиндеги қозының жүни буйраланып, жақты менен ҳәр түрли реңге дөнип турар еди.

— Қәне, енди ийниңе суқ.

Кийип көрип еди, ағама шап-шақ болды.

— Енди мына малақайды кий. Шөгирме тиктирмедим. ҳәзирги заманда шөгирме кийип жүрген адам жоқ.

Ол төбеси қоңыр тери менен тысланған көк қамары малақайды мушына кийип турып, селкилдетип-селкилдетип жиберди. Жүнлери оннан бетер шыйратыла түсти, оннан бетер дөне түсти.

Малақай да ағамның басына шап-шақ болды. Қудамыз өзи таза кийим алғандай қуўанып қарап турды.

— Тәңир жарылқасын қуда, қәне қолыңды жай.

— Қойып тур, қудағайдың пайы өз алдына.

Қулласы, апам лама кийип, мен шуба кийип, азанда жолға шықтық. Жездем таксиди есиктиң алдына кесе тартып қойған екен.

Ағам сонда босағада турып бир пәтия берди дейсең, тап, қуданың сүйеги сипсе болған әкеси тирилип келип, рахмет айтатуғындай көринип кетти маған.

Жол бойы ағам қудасын аўзынан түсирмей келди. Қосығы сол болды. Лекин, апам бир аўыз жақсы-жаман деп гәп қоспады. Мен апама түсинбей қалдым. Ийнине жапқан ламасы пүткил аўылымызда, ҳәтте басқа ағайин-туўғанларымыздың да ҳеш қайсысында жоқ еди. Сонда да, апам жибимей қата қалды. Билемен, оның өкпеси қызында еди. Сол сапары апасына болыспай, атасының тәрепин алды ол ақыры! Соның ушын атасының жапқан сарпайы қанша унаса да, тас болып жибимей отыр ол.

Бир күни аўылдағы Айзада шешем жол үсти нан аўыз тийиўге қайрылып, апамның гүманын биротала айқынластырып кетти. Оның айтыўынша қудамыз ҳаялының тирисинде-

ақ Азима менен жүрген, хәтте үйине ертип келип, ҳаялына аўқат писирткизип, сол аўқатты екеўи бөлек тамда бирге жейди екен. Ҳаялына қоятуғын айыбы, «сен қыз туўыўға үйренип кеткенсең, бул маған мийрасхор туўып береди» дейтуғын қусайды. Соның дәртинен бала үстинде күйик көтерип кетип, жинли болған. Күйеўи ол бийшараны бир тамға қамап қойған. Әкеси кеткен соң қызлары қапыны ашады екен. Ҳаял ўақты-ўақты өзине келетуғын қусайды. Сондайдың биринде асханаға кирип, бир шийше уксус ишип, жанына қаст етипти.

Бул хабар апамның гүманын әбден тастыйықлады. Лекин, апам болжаўының дурыс шыққанына қуўанбады. Айзада шешемди мақулламады да, керисинше:

— Байбу-ў, баспақларға от салмаппан-ғо! — деп оннан бурын орнынан турды. Бул «айтып болған болсаң бара-ғо» дегени еди.

Апам қудасына қанша гүман менен қараса да, иш-ишинен бул ўақыяның ғыйбат болып шыққанын қәлер еди. Мен сонда апамды қатты аядым. Айзада шешемниң туў сыртынан қарап турып, әзәзүлге мегзеттим. «Шайтан келип кетти бизиң үйге, дедим өзимше, ол Айзада кемпирдиң кебинде келди. Апамды бетер қапа қылып кетти. Илайым, қайтып қәдеми жетпегей!»

## 9

Ўақыт хәмме нәрсени орны-орнына қояды екен. Қудамыз ҳаққындағы мыш-мыш гәплер де барып-барып ескирди. Енди оның хеш кимге қызығы жоқ еди.

Бәринен бетер — апамның қабағы ашылды. Бурынғыдай, қудасы ҳаққында гәп кетсе бүрсип-тырса бермейди. Ара-арасында қудағайы менен де сөйлесип алады телефоннан.

Гейде жездем жумыс бабында жол үсти қайрылып кетеғойса хәммемиздиң зеребемизди үйиреди, таўық услаң деп. Оның менен жездем сойдырмайды. Тағы бирде келемен деп, апамды зорға көндиреди.

Қулласы, еки жақтың аўызбиршилиги жақсы. Қуда жай, қудағай тыныш.

Әжапам келеси жылы муғаллимлер институтына сырттан оқыўға кирип, төрт жылда питкерип алды. Бирақ, ҳеш жерде ислеген жоқ. Ислеўге қолы да тиймейтуғын еди оның. Лап болмасын, күнине төрт бес мәрте қазан көтериледи ол үйде. Биреўиниң ыдыс-табағын жуўып болмай атырып, екинши қазан қайнап атады. Қонақ — бөзшиниң мәкисиндей, тынбайды.

— Қонақ та жейтуғын асың болса келеди, — дейди апам қызының бардамлы жерге түскенине мазатланып.

Ҳақыйқатында да, олардың өзли-өзи отырған ўақты шенде-шен, бир күн атасының яр дослары, бир күн енесиниң отырыспалас кемпирлери, тағы бирде жездемниң... Әсиресе, қонақтың көбиси жездемдики. Түсте бир өзи аўқатланбайды ол. Дым таппағанда шоферы болады қасында. Айтпақшы, ол бир мәкемеге баслық болып алды.

Әжапам келиншек болып түскеннен кейин еки жылдан соң қызлы болды.

«Иркилип қалдың-аў, балам, ҳәзирги жаслар төсеги менен көтереди» деп сарсылатуғын еди апам ҳәр келгенде. Ўақты-сәти бар екен, бир күни көкирек бүрмели кең көйлек кийип келди үйге. Айы-күни жақынлаған соң улыўма келмей қойды. Әжағам менен ағамнан уялды. Және еки жыл өтип уллы болды. Алпамыс деп қойды баласының атын. Қызының атын Нурзада деп енеси қойған, баласының атын атасы.

Алпамыс екисин толтырған күнлери әжапам үйге келди. Асығыс екен, жездемниң кеңседеги машыны менен шығыпты.

— Шазаданы он-он бес күнге сорап келдим, — деди апама көп егленбей.

— Ҳе, неге?

— Санаторияға алып кетежақпан.

— Оялта не қылады бул? — деп таңланып сорады апам.

— Алпамысқа қарайды.

— Ҳа-аў... — Апам оған «баланды апкетип неғыласаң» дейин деп турды да, тағы алдын кеспейин деди ме. — Қайдам, өзи не дейди, — деп салмақты маған таслады.

Мен аттестат алып, енди оқыўға тапсырыўға таярланып жүр едим. Лекин, таярлығым да көзабаға есабы. Болажақ күйеўим ҳәпте сайын урланып келип, «өзим оқытаман» деп

ҳаўаландырып кетеди. Сонлықтан оқыўдан гөре өзиме де турмыс қызықтай.

— Сөйле, саған келип тур мына қыз, — деди апам маған.

— Қайдам...

— Қайдамы неси... Я бараман де, я бармайман де.

Бул шешиўши гәп еди, «бармайман» десем, кетип қала ма, деп қорықтым.

— Пулым жоқ-ғо, — дедим гибиртиклеп.

— Саған пул шығартпаймыз.

Қулласы, Ташкенттен Минводыға уштық. Әжапам, жездем, мен ҳәм кишкене Алпамыс. Сонда биринши мәрте самолётта ыссы аўқат бергенин көрип, ҳайран қалғанман. Бизлер әжапамның күнине үш-төрт қазан асқанына мақтанып жүрсек, көрдиң бе, ҳүкиметтиң аспазлары аспанда аўқат писиреди екен. Самолётта қанша ушқаным есимде жоқ. Төмендеги қалың бултларды тамашалаў менен-ақ келип қалыппыз.

Аэропорттан шығыўдан таксистлер алдымыздан жуўырып шықты.

— Куда едете? Ессентуки?

— Пятигорск?

— Кто на Кисловодск?

— Электричкада кетемиз, — деди жездем. — Такси айланып бараман дегенше поезд туўры жолдан диңк еттиреди. Жол бойы Кавказдың тәбияты менен таныстырып бараман.

Жездем буяқларға талай келген болса керек. Ҳәр төбешик, ҳәр жыраның атын билип баратыр. Жол бойы бир-еки жерде маллардың, қойлардың падаларын көрдик. Қойлардың жүнлери аппақ, ҳәтте көзлери көринбейди, жүни үстине ғаррылардың сеңсең постынын аўдарып жапқандай, аяқлары бир тутам болып ғана көринер еди.

— Булар жипек жүнли қойлар, ҳаяллардың пухы бир қысым орамаллары усыдан исленеди, — деди жездем. — Қайтарда еки кемпирге бир-бирден саўғаға аламыз.

Ессентуки менен Пятигорскиде көп адам түсти. Миниўшилер бирақ аз болды. Адам аз болса арман қарай жүрмейтуғын шығар деп қорқып едим, яқ, оған қарамайды екен. Мәнзилине жетпегенше поездиң изине қайтатуғын жолы жоқ қусайды.

Жол бойы жездем көп нәрсе айтып берди. Бул жақтағы таўлардың жарқабағынан минерал суўлар тынбай тамшылап ағып турар екен. Ол суўлар жүдә сасық болады дейди. Арнаўлы тазалаўдан өткеннен кейин жибереди екен дүкәнларға. Ҳәр таўдан сай болып аққан суўлар жыйналып-жыйналып дәрьяға айланар екен. Лекин, дәрьялар дизеден аспас, етегиңди түрип кешип өтип кете береди екенсең. Сонда мен өзимиздиң Әмиўдәрья менен қатты мақтанғым келди. Лекин, кимге мақтанаман? Әжапам менен жездеме ме?

Бизлер менен қатар еки ҳаял қарама-қарсы орынлықта отырып келди. Аяғындағы шулығынан баслап, басындағы орамалына дейин мойылдай қара еди кийимлери. Қара дизкийим, қара көйлек, қара косынка... ҳәтте қаслары, кирпиклери де қап-қара еди олардың. Көп крем жағылған пәтиңки шетканың түгине усайды кирпиклери. Бирақ, өзлери аппақ еди.

— Қарачай қызларысыз ба? — деди жездем оларды сөйлетпекши болып.

— И-им! — деп бас шайқады олар.

— Балқар?

Олар және бас шайқады.

— Ҳәй, мәйли, сөйлескиси келмей отыр, карачайларғо, — деп исеним менен айтты жездем бизлерге. — Булар басқаларды писент қылмайды. Лекин, тилимизди жақсы түсинеди.

— Ана-а-а таўды көрдиңиз бе? — деди жездем оң жағымыздағы бийик шоққыны көрсетип. — Бул аты шыққан Машук таўы.

Таўдың тусына келгенде Пятигорскиге жетип пе едик, я жоқ па, ҳәзир есимде жоқ.

— Бул таўдың Машук болып аталыўының кишкене тарийхы бар, — деп гәпин даўам етти жездем. — Ертеде, мүмкин буннан бес жүз жыл, яки мың жыл бурындур, Машук исимли черкес жигити Ачук деген қарачай қызына ашық болыпты.

Ол усыны айтып жаңағы қара көйлекли қызларға және бир мәрте нәзер салып қарап қойды. Лекин, қызлар буған итибар бермеди. Жездем иш-ишинен бизлерден қысынды, бизиң тилимизди жақсы түсинеди деп өтирик сөйлегендей

болып қалды өзинше. Олар жүдә өр көкирек ҳаяллар еди. Сонлықтан түсинсе де сыр бермей отырған шығар, бәлким.

— Ачук пенен Машуктиң ашықлығы сондай, — деп даўам етти жездем. — Машук ярын көргиси келип түн ярымында шырт уйқыдан оянса, тап сол мәҳәл Ачук та уйқыдан шаширап оянар екен. Олардың жүрек дүрсилдилери мына бәлент таўларды тесип өтип, бир-бирине еситилип туратуғын болған.

Күнлердиң биринде олардың ашығыў-бийқарарлығы ата-аналарына мәлим болыпты.

— Мен қызымды ғайры динге бермеймен! — деп аспанға шапшыпты қыздың атасы.

— Мен қарачай қызын келин етпеймен, — деп Машуктиң атасы да қәҳәрленип, баласының қасына қырқ жигит қосып узақ үлкелерге сапарға жиберипти. Олардың сапары жүдә қәўетерли ҳәм узақ мүддетке созылар екен.

Қыз жигитти ойлай-ойлай, күннен-күнге гүлдей солып, болдыра баслапты. Ата-анасы оған кишмиш қосып пал берсе де татып алмапты. Ҳеш ким оның дәртине даўа таппапты.

Бир күни қыз Машуктиң түсине аян берипти.

— Сүйиклим! Мени усы бүгиннен қалдырмай бул ғамғуссадан азат қыл! Болмаса, еккимиз таңда-маҳшерде ушырасамыз! — депти де көзден ғайып болыпты.

Жигиттиң көз алдында таў етегинен сызатланып аққан еки сай елес болып көринипти. Бул қыздың көз жаслары екен.

Жигит уйқысынан шоршып оянса, таң саз берип атып киятырған қусайды. Қасындағы қырқ жигит таң уйқысында екен. Ол жигитлерге сездирместен үйден шығыпты да, көлде жайылып жүрген жылқылардың биреўине ғарғып минип, ярына қарай пырақ болып ушыпты. Машуктиң минген аты дүлдүл екен.

Қуяш шаширап уясынан шыққан ўақытлары Машук қыздың есигиниң алдында пайда болыпты. Бул ўақытлары аўыл жигитлери де жыйналып, қыздың атасына:

— Қызыңды өз еркиң менен усы жигитлердиң қәлеген биреўине бер, болмаса тартып алып кетемиз! — деп босағаға ат қойып турған пайыты екен.

Ата-анасы ушын жуўап бериўге Ачуктиң өзи шығыпты. Сол мәҳәл дүлдүл минген Машук пайда болыпты да, қызды аттың алдына өңгерип, қустай ушып кете берипти.

Аўыл жигитлери олардың изинен қуўа жөнелипти. Машуктиң минген аты дүлдүл емес пе, усы таўға келгенде үш секирип, таўдың ең төбесине шығып алыпты. Төменде аўыл жигитлери жоқарыға мойын созып, олардың төменге түсиўин күтермиш. Лекин, Ачук пенен Машук төменге түсиўди қыялларына да келтирмепти.

Аўыл жигитлериниң арасында бүркитти көзинен байлап ататуғын атайы мерген бир жигит бар екен. Ачук пенен Машуктиң төменге түспеслигин билген ол, садақты қолға алыпты. Ачук яры ушын көкирегин қалқан етип, Машукти тасалапты. Лекин, атайы мерген оннан қурттай да болса албырамапты. Ширенип турып садақты тартып жибергенде оқ Машуктиң еки қасының арасынан тесип өтип, басының ярымын жулып кетипти. Машук тастан тасқа урылып аўыл жигитлериниң ат туяқларының алдына түсипти. Оларға бирақ, Машук керек емес еди.

— Ачук, жерге түс! Усы жигитлерден қәлегениңди таңла! Кимди минәсип көрсең сол жигит пүткил өмири даўамында сениң бетиңе жел болып тиймеўге ант береди! — деп даўыслапты жигитлер.

Жуўап орнына аппақ липаста, ақ қуўдай қанат жайып төмен қарай сырғып киятырған Ачукке көзи түсипти. Олар ҳәммеси қызды қақшып алыў ушын таўға қарай ат қойыпты. Лекин, ҳеш бири үлгере алмапты.

Ачук сол ҳаўадағы пәти менен таўдың етегине түсипти де, сол сәтте түскен жерине сиңип кетипти. Изинше Ачук сиңип кеткен шуқырдан мөлдир суўлы булақ атлығып шығыпты. Жигитлер бираз ўақыттан кейин ақыл-еслерин жыйып, қыздың ата-анасын алдырыпты.

— Жигербентим! Саза бер! — деп зар әйлепти анасы.

Сонда булақ суўы там бойлы аспанға атлығып, изинше ески ҳалға түсипти.

— Қызым, мени кешир, өмириңе ҳәм бахтыңа кес болған бийреҳим атаңды әпиў ет! — деп басын тасқа урып жылапты әкеси.

Булақ бир заман тынып қалыпты. Ҳәмме енди қыз суўырылып шығып келетуғындай шуқырға үңилипти. Лекин, қыздан дәрек болмапты. Керисинше мөлдир тынық суўдың орнына запырандай сарғыш реңли суў атлығыпты. Суўдың дәми кермек, ашқылтым екен.

— Қызымыздың көз жасы бул! — деп теңине үн салысыпты ата-ана. — Қызымыз жылап атыр!

Изинше булақ бурынғысынша мөлдир суўлы ағысын даўам етипти. Аўыл адамлары булақ суўын жети күн, жети түн гүзетипти. Ақыры, қыздан гүдер үзип, үйли-үйлерине тарқасыпты. Булақтан атлығып шыққан суў, жиңишке сай болып, таўды айланып аға берипти, аға берипти.

Сай кем-кем дәрьяға айланыпты. Отырықшы халық қыз бенен жигиттиң шын муҳаббатына тән берип, таўға Машук деп, дәрьяға Ачук де ат берипти. Әне, муҳаббаттың күши! Оған ҳеш нәрсе тосқынлық ете алмайды. Бәлким, biзиң тилимиздеги ашық-машық сөзлери де солардың тымсалында пайда болған шығар.

Мен дем алмастан тыңлаған екенмен, жездем айтып болғанда барып, суўық демимди алдым. Әжапам да берилип тыңлады. Лекин, қара көйлекли қызлар бурынғысынша өзли-өзи әңгимелесиўин даўам ете берди. Демек, олар бизди түсинбеди.

Кисловодск — жән-жағы таў менен қоршалған ойдағы қала екен. Биз санаторияның үлкен корпусынан бөлек, меншик жайға усаған кишкене, тас шиферли жайға орналастық. Емен, ёлка, қарағай ағашлары аралас өскен тоғай босағамыздан басланар еди. Мениң биринши мәрте дыққатымды тартқан нәрсе — теректен-терекке жуўырып өрмелеп кететуғын, бала пышықтай тыйынлардың ойыны еди. Әдепки ўақытлары буларды ким бағып жүр екен деп, жән-жағыма аланлап қарап жүрдим. Кейин билсем, олар жабайы, усы таў етеклеринде өсип-өршийтуғын жәниўарлар екен. Оларды бирақ, жабайы деп те болмас еди. Соқпақ пенен өтип баратырған сейил етиўшилер бармақларын бүгип шақырса, жуўырып билегине отырып алады да, олардың алақанындағы семичкаларды кишкене қоллары менен терип-терип шағыўға кириседи. Тамаша! Жездем менен әжапам ем алыўға кеткенде бизлер Алпамыс екеўмиздиң ермегимиз

усы тыйынлар болды. Алпамыс дәслебинде оннан қорқып ийниме өрмелеп кетип жылайтуғын еди. Кейин ала көзи үйренисти ме, я бала пышық деп ойлады ма, «услап бер» деп қыңырлық ететуғынды шығарды.

Санаториядағы мениң бирден-бир ўазыйпам — балаға қараў. Есесине олар мени түстен кейин айтқан жериме қыдыртады. Лекин, мен де енди бала емеспен ғой, хызметимди минлет етпеймен. Өзлери нени көргиси келсе, мен де соған қайыл боламан.

Бизлер көбинесе тауға шығыўға ҳәўес едик. Төменде турып қарасақ, жоқарыда буўдақланып, тауға соқлығысып өтип атырған бултларды көремиз. Лекин, бултлар күнде бола бермейди. Булт жоқ ўақта тек думан көринеди. Булт не өзи? Суў ма, пуў ма, мамық па? География сабағында көз алдыма келтире алмаған тәбияттың бул тилсимин енди жақыннан көриўге, керек болса қолым менен услаў бахтына миясар едим ҳәзир мен.

Дем алыўшылар ушын әсте көтерилетуғын ийрекей соқпақ пенен жоқарыға өрмелеймиз. Үш жүз метр... төрт жүз... Алпамыс қыңырлық етеди. Жол шетине ҳәр жерге қойылған скамейкада отырып дем аламыз. Ишимизден ҳәммемиз де Алпамысқа ризамыз. Ол жыламағанда отырып дем алыў қайда? «Шаршадым» деўге бир-биримизден қысынамыз.

Жол және даўам етеди. Сегиз жүз... бир мың бир жүз... Қулласы, бир мың бес жүз метр деген белгиден кейин төбеге шығамыз. Қарасам, төбеде асықтай булт жоқ. Төменге қарайман. Қарасам, тау шоққылары арасынан түтиндей буўдақланып, еле өтиўин даўам етип атырған бағанағы бултлар көринеди. Биз қашан тусынан өтип кеттик? Неге мен услап көрмедим оны? Суў ма еди, пуў ма еди?! Қулласы, тәбияттың бул тилсими маған сырын ашпай-ақ қойды.

Жездем барған күнлери-ақ ерли-зайыплы бир танысын таўып алды. Ол киси жасы елиўлерден өткен, шашы маңлайынан шүй төбесине дейин түсип болған, түси суўықлаў адам еди. Ҳаялы бирақ, өзине қарағанда әдеўир жас, нәзери сыншыл, ҳеш кимди мисе тутқысы келмейтуғын, кем сөзли, мәккар ҳаялға усайды. Еркеги көбирек оған жалтақ, бир сөз айтып болып, ҳаялының қасы-қабағына қарайды. Ҳаялы

қасларын керип, сәл езиўден күлип отырса гәпин даўам етеди, қабақ шытқандай болса дәрҳал тоқтайды. Бундайда бизиң жездем ойламаған жерден басқа темада гәп таўып, араны жумсартыўға тырысады. Қулласы, олар менен жүриў зеригерли еди. Соның ушын биз көбинесе жайда қалып, сейилге тек жездемниң өзи шығады.

Бир күни жездемниң усынысы менен бесеўмиз қала сыртындағы өзгеше бир ресторанға бардық. Ресторан жарқабақланған таўдың етегинде, таў оған минип турғандай етип салынған еди. Кирер есикке жетип бараман дегенше сексен жети басқалдағы бар екен. Қызыққа санап бардым.

— Жолдасбай аға, бурын бул ресторанда болып көрип пе едиңиз? — деди жездем столға отырып атырып.

— Ҳе, не еди? — деп ол қабақ шытты. Оған жездемниң саўалы жақпай қалды. Жас ҳаялының алдында кемситилгендей сезип қалды өзин. — Мен ресторан ба-ресторан жүретуғын алқаш емеспен-ғо, қосшым!

— Кеширерсиз аға, сизге жеткерип айта алмадым-аў, — деп албырады жездем. — Мен де бул ресторанға бурын келип көргеним жоқ. Тек бир сапары туристлик сапар менен келгенде босағадан қайтқанбыз. Сонда ГИД ҳаял бул ресторанның тарийхын айтып берген еди.

Ол усыны айтып болып ҳаялына қарады. Ҳаялдың бул тарийхты билгиси келгени сезилип турды. Жездем өзин қысыныспадан қутылғандай сезип, жеңил тартты.

Усы ўақытлары официант ҳаял келип, гилең тастан ҳәм керамикадан соғылған ыдысларды қойып кетти. Мениң ҳайран қалғаным, кеса-шайнектен басқа пышақ ҳәм шанышқылары да тастан жасалған еди. Бул затлар ресторанның тарийхы ҳаққындағы әңгимени еситиўге ҳәммемизди де қызықтыра баслады. Буннан жездемниң кеўли көтерилди. Жолдасбай ағаның да қабағы ашылғандай болды.

— Ертеде усы әтирапта Дмитрий деген князь жасаған екен, — деп сөзин даўам етти жездем. — Оның ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар Варвара исимли қызы болыпты. Қыз орысқа да, кавказ қызларына да усамас, лекин, таў халқының қаны қарысқан, қара көзли, қара қаслы, талдырмаш бойлы, сулыў нашар екен.

— Ашық болып қалғаннан аманбысаң?! — деди Жолдасбай ағаның ҳаялы күлип, — Мына тәрийплеўиңнен, өзиңди зорға услап отырсаң-ғо!

— Яғаў, жеңге! Мен бир муҳаббатлы жигитпен. Исенесең бе, усы келиниңе үйленгениме жети-сегиз жыл болып қалды. Лекин, елеге шекем кеште бир дастыққа бас қойып, азанда сағынып оянаман.

Сонда баяғы сапар әжапамның апама сыбырлап айтқан сөзлери есиме түсти. «Күйеўиң суў жуқпас жалатай болмаса нетти?!» — деди-аў апам сонда. Апамның буншелли гүманшыл болғанын қәйтерсең. Жаслығында ағамды да көөп күйдирген шығар.

— Көрдиң бе? — деди ҳаял күйеўине наз бенен бағып. — Адамлар қандай жақсы көреди ҳаялларын?!

— Мен не, сағынып оянбайман ба?

— Сени өзим зорға оятып аламан-ғо!

Олар ҳәммеси бир басылып күлисип алды. Жолдасбай ағаның және ийни түсип кетти. Бул рет бирақ жездем оның кеўлин алыўға умтылмады. Ҳаялы кеўилли еди. Соған мәс болды жездем.

— Қулласы, князьдиң қызына Афанасий деген гүлалшы жигит ашық болады. Князь қызымды гүлалшыға бермеймен деп қарсылық көрсетеди. Дегенине ерисе алмаған ашықлар усы таўдан қол усласып турып өзлерин төменге атқан екен.

Князь, қызы менен күйеўиниң естегилин мәңгилик етиў ушын олардың лашы түскен жерге усы ресторанды салдырыпты. Оған «Мәңгилик муҳаббат» де ат қойыпты. Күйеў баласының ҳүрмети ушын ҳәмме ыдысларды тек тастан ҳәм керемикадан жасатыпты.

Жездемнен бул әпсананы еситип Ачук пенен Машук қайтадан көз алдыма келди. Оларды жаңа-жаңа умытыўға ҳәрекет етип, еслемей жүр едим. Және алдымнан шықты. «Не бәле, деп тиксиндим ишимнен, булардың бәри таўдан лашын таслай береди. Өлим мәртлик пе екен?»

— Өлим — бул мәртлик емес! — деди жездем. Мен жаңағы ойымды даўысымды шығарып айтып қойдым ба екен деп шоршып түстим. — Муҳаббат ушын гүресиў керек. Ата-ана бәри бир кеширеди. Өзине жаны қаслық еткен ашықлар

— булар, ерки бос адамлар. Ерки бос инсанлардан мәрт урпақлар дөремейди.

Кеште әжапамнан күткен қонақларының ким екенин сорадым.

— Судья болса керек, — деди әжапам.

— Ҳаялы неге жас?

— Биринши ҳаялы қайтыс болған.

— Неге оған жездем хызмет ете береди?

— Билмеймен... Жездең баслық, — деди әжапам маған жөнли жуўап бермегенин жуўып-шаймақшы болып. — Баслық адамның бахталаслары көп болады. Сондайда Жолдасбай ағаң керек болатуғын шығар...

— Онда жездемниң айыплары бар екен-дә!

— Өйдеме, жездең еситсе қапа болып қалады. «Айыпсыз бир Алла» дейди халық.

Буннан кейинги күнлерде мен Жолдасбай ағаны да, ҳаялын да ушыратпадым. Жездем де көбинесе өзлеримиз бенен бирге болды.

Сонда да аўылға келгеннен кейин көп ўаққа шекем жездемниң жумысынан қәўетерленип, бахталасларының оған қарсы бас көтериўинен қорқып жүрдим. Лекин, ондай гәп-сөз болмады.

Кешикпей мени узатып алып кетти. Соның менен жездем ҳәм әжапам ҳаққындағы гәплер өтмишке айланды.

## 10

Жездемниң муҳаббатқа садықлығына, әсиресе, әжапама болған опадарлығына және бир мәрте гүўа болған пайытым бар.

Еки жыллықта намазлыгер-намазшамның ўақтында телефон шыңғырлады. Ҳәмме мал-палын жайғастырып, сыртта жүретуғын пайыт. Мен сыйыр саўған шелекти газдиң қасына қойып, енди писирип алыўға қолайласып атыр едим. Үйде меннен басқа ҳеш ким болмаған соң, телефонға жуўырып бардым.

— Ҳа қыз! — деп ентигип сөйледи кишем телефоннан. — Бийқыз бирден қатты аўырып қалыпты. Енем менен әжаған такси тутып кетти. Саған қоңыраў ет деп еди маған.

— Қаяқта екен, үйинде ме?

— Яқ, экстренныйда дейди.

Кейнин сораўға шыдамадым. Дәрҳал көйлек аўмастырдым да, енеме бир аўыз ескертип, жолға шығыў менен болдым. Қудайға шүкир, ҳәзирги заманда таксиден көп нәрсе жоқ, шекеңди қасысаң түбиңе келип шүйк етеди. Жолда машын күтип көп иркилмедим. Сонда да, Шымбай деген әнейи жер емес. Жетип келемен дегенше қара геўгим түсти. Келсем, апам, әжағам, жездем, әжапамның енеси, қапыдан ойып исленген форточкаға телмирисип отыр.

— Аманлық па? — дедим кире сала ҳаўлығып.

Апам жылап жиберди.

— Көрсетпейди, билмеймиз. Аман дейди, я бизлерди алдап қойып ба? Мыналарға айтсам тыңламайды, жарып тасламаса болғаны-ғо!

— Қойшы, апа! — деп әжағам жекиринип жиберди. — Қаяқтағыны табасаң!!! Тири! Комада жатыр.

— Кома деген не?

— Бийҳуш болып атырған, апа, — деп апамның дизесине қолын қойды кудағайымыз. — Әўеле кудай, ҳеш нәрсе болмас.

— Айтқаның келгей, шырағым.

Бир пайыт ақ халатлы доктор алдына түсип, кудамыз келди. Ҳәммемиз орнымыздан турдық.

— Убайдулла аға, сиз усы жерде күтип турың, мен өзим көрип шығайын, — деди жаңағы доктор.

Ол ишке кетти. Мен барып оның менен сәлемлестим.

— Кудағай, қайғыра берме, еле аттай болып кетеди, — деп тәселле берди ол апама.

— Илайым, болағойғай, еле не көрипти бийшара балам!

Доктор бираз ўақытта қайтып шықты.

— Аўҳалы жақсы, көзин ашыпты, өзине келген. «Қашан шығаман» — деп сорап атыр меннен.

— Қудайым-ай, берген демиңе шүкир, кудайым-ай! — Апам жеңи менен көзин басып, жылап жиберди.

— Ҳаў, қойың апа. Азанда палатаға көширеди. Ҳәзир үйлериңизге барып дем алың. Бүгинше оған аўқат керек емес.

Убайдулла аға доктордың қолын қысып турып, өтиниш қылды.

— Иним, қызын бир көрмегенше бул кемпир уйқлай алмайды. Илажы болса, кроваты менен мына форточканың алдына бир әкелип берсең-о!

Доктор бир заман ойланып қалды.

— Ақсақал, өзим буларға ҳәр күни азанда тәртип сақлаң деп бақыраман, тағы...

— Кем болма иним, мәртебең бәлент болсын, бир мәртебе..

Доктор терең дем алып, ақыры ишке қайтып кирди. Биз ҳәммемиз форточкаға телмиристик. Азырақтан кейин мармер төселген коридордан тасырлап жүрип киятырған дөңгелектиң даўысы шықты. Ҳәммемиз апама жол бердик.

— Шыра-ағым! Шыра-ағым! Тиримисең? Қудайым таслап кеткени болғай!

Апам сөйлей алмай, көкиреги өксикке толып қалды. Биз ҳәммемиз қурттай форточкаға тығылыстық. Әжапам да қатты қорқып қалған екен.

— Жақсымысаң?!

— Тәўирмисең?! — деп жабырласып сорағанларымызға жуўап бере алмай, тек басын ийзейди. Көзинен аққан жас бетлерин жағал-жағал етип, қулағына қарай ағар еди. Демде рәңки қашып, жүзлери солғын тартып қалыпты.

— Енди көп қыйнамаң, азымаз дем алсын, — деди бағанағы доктор.

Сол күни аўқатланып келип, апам, мен ҳәм жездем үшеўимиз сол форточканың алдында таң атқанша отырып шықтық.

Ертеңине палатаға көширди. Маған қасында болыўға руқсат берди. Апам түстен кейин қызының бери қарағанын, керек десең бурынғы саў ҳалына келип қалғанын көрип, кеўлин жәмлеп үйге қайтты. Әжағам түнде-ақ кеткен еди. Ақыры, ағам үйде жол қарап отыр. Оны да барып тынышландырмаса, перзент ғой не деген менен!

Сол күни әжапам менен кешке шекем кө-өп сөйлестик. Ол үйиндеги мен билмейтуғын жаңалықлар ҳаққында марапатланып айтып берди. Өз турмысынан жүдә кеўли тоқ еди әжапамның.

Мийирбийке қызлар кешке шекем сааты менен бир неше мәрте шаншыў иследи, аспа дәри қуйды. Қулласы, әжапама аўырыўын умыттырды.

Ымырт жабылған гезлери емлеўши доктор келди. Ҳаял адам екен.

— Қалайсаң, сиңлим?! — деди әжапам жатырған кроваттың ернегине отырып. — Ҳәммени қорқытып тасладың-ғо.

— Кеширерсиз?

— Яғаў, кеширим сорамаң. Наўқасты емлеў бизиң ўазыйпамыз.

Ол мойнына илдирилген фенендоскобын қулағына кийип, қан басымын өлшеди.

— Жақсы, — деди билегине байлаған тонометрдиң демин шығарып атырып.

— Неше болыпты? — дедим мен.

— Оны билиўдиң сизлерге зәрүрлиги жоқ.

— Енди, сиңлим, сизге айтатуғын бир гәпим бар, — деди әжапама қарап. — Адамда еки бөтеке болады. Тәбияттың қәтелиги себепли айырым адамларда үш бөтеке, ҳәтте төрт бөтекеси барлар да ушырасады. Лекин, олар нормаль ҳалат емес. Инсанның өмир сүриўи ушын еки бөтеке жеткиликли. Енди-и, сондай жағдайлар болады, бир бөтеке истен шығып, оны алып таслаўға туўра келеди. Тиришилик ҳәмме ўақытта қамырдан қыл суўырғандай болып келе бермейди... Буны өмир дейди, ақыры!

— Мениң бир бөтекем истен шыққан ба?! — Әжапам доктордың узақтан айландырып сөйлегенин жақтырмай, гәпин бөлди. Доктор бир заман үнсиз қалды.

— Айта бериң, истен шыққан ба?!

— Сөйдесек-әм болады, бирақ ҳәзирше аман! Деген менен, және бирде усындай болып бир тутса, ақыбети қайғылы аўҳалға алып келиўи мүмкин.

Әжапам дым үндемей көзин жумды.

— Сонда не қылыў керек? — дедим мен шыдамай.

— Сиз кими боласыз?

— Сиңлисимен.

— Сиңлиси болсаңыз түсиндирип айтың, ыразылық берсин, бир бөтекесин алып таслаў керек. Ыразы болса хирургия бөлимине көширемиз.

Буннан кейинги саўалларға жуўап бергиси келмеди ме, ол орнынан турыў менен болды.

— Лекин, қорықпаң, — деди есикке жақынлап. — Қалған бир бөтеке еки бөтекениң хызметин атқарып кете береди. Жаратылыстың өзи сондай.

Доктор шығып кеткеннен кейин әжапамның кроватына келип, қапталына отырдым. Қолларын қолларым менен қыстым. Маңлайына алақанымды басып көрдим. Ети онша ыссы емес еди. Үнсиз жылап атыр ма екен деп бетлерин, қабағының астыларын сыйпаладым. Негедур көз жаслары қурып қалғандай, кирпиклери кеп-кебиў еди. Ол ара-тура кирпигин қағып қояр, гейде көзлерин ашып жумар, лекин, ол ҳәзир аўыр аўҳалда емес, терең ой қушағында екенлиги сезилип турды.

— Әжапа, не қыласаң? Бир бөтеке екеўиниң хызметин тең атқарып кетеди дейди-ғо...

Әжапам саўалыма жуўап бермеди.

Бир саатлардан кейин жездем келди. Келип, тап бағана доктор отырған жерге отырды. Әжапам тығылып-ақ турған екен, көзиниң жасын жумбай-жумбай төкти.

— Жылама, жылама! — деди жездемниң де даўысы дирилдеп. — Ҳәммесин доктордан еситтим.

— Бир ўақлары екинши бөтекем де ислемей қалса не болады?

— Ондай болмайды, Бегзада! Ондай болмайды!

— Ҳәммеңиз мени алдастырасыз. ҳәммеңиз! Доктор да, сизлер де!

Мен оларға тәселле айта алмадым. Сол, екинши бөтекеси де ислемей қалатуғын күн тап күни ертең жүз беретуғындай, қайғы таўы көк желкемнен басып барар еди. Апамлардың, әжағамлардың бул аўҳалдан хабары жоқ, олар кешеги қуўаныш пенен кеўиллерин жәмлеп жасап атыр.

Сол күни әжапам түн ярымына шекем жылап шықты. Мениң тәўеллем кәр етпеди. «Уйқыламасаң қабақ жаман» деген, түнниң әлленемиринде көзим илинип кетипти.

— Шазада! Шазада! — деп тәкирар-тәкирар шақырған даўыстан шоршып ояндым.

— Ҳаў, ҳаў! — деп әжапамның қасына жуўырып бардым.

— Қорқып кеттиң бе?

— Як, як. Уйықлап кетиппен.

— Мен өлип кетсем жезденңниң аўҳалы не кешеди?!

— Қаяқтағыны айтпаса, ким айтты сени өледи деп?!

— Билемен, булар меннен жасырып тур. Доктордың алыстан тымсаллап айтыўына қарағанда екинши бөтекемде де шикаслық бар болса керек.

— Өйтип ойлама...

— Билесең бе, сиңлим, жездең маған сондай үйренип кеткен, «қәйерде ишпейин, ҳеш бир шай сениң демлегениңдей болмайды» дейди. Мен бир салым шайды бир шөлмек суўға қайнатып, кейин шәйнектеги қайнаған суўға қуяман. Соң оны сүлги менен дем шығармай бастырып қояман. Бес минуттан кейин кесаға қуйсаң, сары майдай таўланып турады жаңағы шай. Мениң орныма келген адам соны ислей ала ма?

— Ҳеш ким келмейди сениң орныңа! Ол мәңги өзиңниң орның! Ол — бәнт!

— Жездең жумыстан келген ўақытлары босағадан күтип аламан. Дәслеп қалпағын, соң плащын шешип кийим илдиргишке қыстыраман. Туфлийин сыпырып орнына қояман. Жуўынған ўақтында сүлгимди ийниме салып, қасында тураман.

— Оншама не оны еркелетип? — дедим жасалма бултыйып.

— Еркек адам жас баладай болады, оған бәрҳама күтим керек.

— Оннан не ҳүрмет-иззет көресең?

— Ол да мени сөйтип ҳүрметлейди. Мереке-мейлислерге барғанда кийимлеримди шешип илдиреди, қайтарда ийниме суғады. Столда отырғанымда ортадағы жемислерден тарелкама салып алдыма қояды. Көпшилик ҳәўес пенен қарайды бизлердиң татыўлығымызға. Лекин... сол кеўилли күнлер жуўмағына жетип киятыр. Мениң күним жақынлап қалған, Шазада! Сезип атырман! Сен де мени алдарқатпай-ақ ғой.

— Болды! Алдарқатпайман! Тәңирдиң таңы атса үйиме кетемен.

— Өкпеледиң бе, маған! Қойса, оннанша бурынғы өкпелеримди де умыттым деп айт!

— Айтпайман! Сен не, ырзаласажақсаң ба?! Өкпеледим! Өкпеледим! Еле көп өкпелеймен!

Әжапам шыдамай мыйықтан күлди. Кеўилли күлки емес еди бул.

— Шүкирим! Сени усындай долылығың ушын, есерлигиң ушын жақсы көремен. Мейли, өкпелей-ғо! Сениң өкпелегениң де маған сүйкимли.

Қулласы, әжапам бир күлди, бир жылады, не қарақанлық пенен таң атты-аў.

Сәскеде жездем келди.

— Докторлар менен сөйлестим, — деди ол. — Екеўимиз операция столына теңине жатамыз. Сениң шикасланған бөтекеңди алып таслайды да, орнына мениң бир бөтекемди алып салады.

— Сонда сен не, бир бөтеке менен қаласаң ба? — деди әжапам ҳүрейленип.

— Маған бир бөтеке жетеди. Мен бәрҳа машинадаман, кеңседе — хат жумысындаман. Ал, сен... Мийнеттиң бәри сеники, шабазым. Сен кир жуўасаң, аўқат писиресең. Бала тәрбиялайсаң, қала берди маған да тәрбия бересең! Саған әлбетте, еки бөтеке керек!

— Яқ, мен буған ыразы емеспен! — деди әжапам түтигип. — Ыразы емеспен! Сениң саўлығың керек! Мен қудайдың қылғанына қайыл болдым.

— Өйдеме, Бегзада! Сен мениң ушын керексең! Сен перзентлериң ушын жасаўың керек.

— Ҳаў, бул не, бул не?! — Есиктен кешеги ҳаял пәтленип кирип келмегенде олардың «сен жасап қал, мен кетемен» деп жалбарыныўлары мени биротала езип жиберген болар еди.

— Не, бөтекеси аўырмаған адам бар ма?! — деди доктор екеўине теңнен кейип. — Сиз не, еркек адам бола тура, ҳаялыңды көндириўдиң орнына оны бес бетер егитилдирип атырсаң. Қайыл болсын-болмасын шикасланған бөтекени алып таслаўымыз керек. Болмаса, ол турған жеринде ширийди. Өли мүше тири мүше менен бирге жасай алмайды.

Арадан еки күн өтип жездем есиктен қуўанышлы түрде кирип келди.

— Бегзада, бөтекенди алдырмаймыз! — деди исенимли түрде. — Ендиги айдың басында Ҳиндстанға кетемиз! Оякта бөтекесин алмастырыўға беретуғын адамлар бар екен.

Бул гәпке биразға дейин мен де, әжапам да түсинбей, аңырайысып қалдық.

Жездем арқайын отырып алып, бизлерге майдалап түсиндирди.

Сөйтип, келеси айда жездем әжапам менен Ҳиндстаннан айланып келди. Баяғы қорқынышлар, баяғы ырзаласыўлар енди ертектей болып, елеске айланды. Әжапам жездемниң хызмети ушын оғада шад еди.

Бөтекеси ҳиндше, өзи қарылпақ,

Қудай таслап кетти бизди жарылқап! — деп жездем көп күнлерге дейин ҳәзил етип жүрди.

— Шазада!, Эй, Шазада?! Қайерларда йурипсиз?! — Қорғаншаны жағалап киятырған ҳамшира қыз күйип-писип бақырды. — Сизни қидириб бормаган жойим қолмади.

— Мен барман. Қашып кетпеймен, күйеўим бар, — деди Шазада қәдимги ҳәзилкешлигине салып.

— Ақир, сизга доктор нима деган?

— Докторым қасымда, минекей, — деп ол Нуржамалды көрсетти.

— Қой, олай деме, бар!

— Йуринг, қон босимингизни текширип куришим керак.

— Ал, онда жүрдим достым, — деди ол Нуржамалдың ийнине урып. — Изимнен жасаўыл келди-ғо.

— Ертегиң усының менен тамам ба?

— Тамам! Тап билгендей ўақтында келди-әй! Әңгимениң белине теппеди.

— Йуринг, йуринг, — деди ҳамшира қыстастырып.

— Қалай, ертегим унады ма?

Нуржамал мыйықтан күлди, бирақ, үндемеди.

— Ҳе, унамады ма?! — деди Шазада ҳаўлыққан адамдай елирип.

— Ертең айтаман. Бар, күтип қалды.

Шазада Нуржамалдан бундай жуўап күтпеп еди. Күлешырай берген жүзи дәрҳал сергеклене түсти. Ол изинде бир нәрсеси умыт қалғандай, ҳамшираға найлаж ерип барар еди.

## 11

Ҳамшира әңгимениң белине теппеген менен, «жуўмақ»-тың белине тепкен еди. Шазада жездеси менен әжапасын бүгинги күнниң Ғәрип ҳәм Шасанеми болды деп айтып салғаннан кейин, соны дәлиллеў ушын әңгимесин барынша қуйқылжытып, гейде ҳақыйқатлықтан да асырыңқырап жиберип айтқан еди. Негедур, ол Нуржамалдан күткендей нәтийже көре алмады. Ўақты-ўақты көз астынан нәзер салғанда оның әпиўайы гәптей, салқын қанлылық пенен тыңлап отырғанын сезди. Ол «енди тәсирленеди, енди ҳайран қалады» деп әңгимесин даўам етти. Лекин, ондай болмады. Ҳәтте, операция столына қатар жатып, бир бөтекесин бермекши болғанында да таңланбады. Әпиўайы ҳал сыпатында қабыл етти. Нуржамал самолётта бирге келген Нуржамал емес, бөлмесине излеп баратуғын мийирман дос емес, қандайдур суўық қанлы, қатал минезли нашарға, қулласы түсиниксиз бир жумбаққа айланып барар еди.

— Рахмет жездеңе, әжапаңа да ҳәўесим келди, — деп бир аўыз гәп айтқанда әлем гүлистан еди. Яқ, өйтпеди ол. «Ертең айтаман» деп Шазаданың кеўлине ғулғыла салып жиберди. «Нени ертең айтады?», «Қәйеринде шийкилик кетти әңгимесиниң?», «Мақтайман деп лап қылып жиберди ме екен?» Усы ойлар оған түни менен уйқы бермеди.

Азанда ол буны көре сала:

— Ҳәй, кешеги әңгимең маған қатты тәсир етти-әй, — деп сәлемлесер-сәлемлеспестен толқынланып пикир айтыўын күтти. Яқ, ондай болмады. Қайта күндегиден де салқынлаў аманласты екеўи.

Шай үстинде Нуржамал буған итибар да бермеди. Қасындағы хорезмли ерли-зайыплар менен әллеқандай болмағыр гәплерди гүрриң етип отырды. Соның рети келип турған жоқ еди ҳәзир. Шазаданың ашыўы мурнының ушына шықты. Сыртқа шыға берсин, көреди ҳәзир буннан көресини! Шазада кисиден пәнт жейин деп жүрген қатын емес!

Лекин, буның рети келмеди. Шай-суўын ишип бола келгенде Нуржамалдың қол телефоны шырылдады да, оны қулағына тутыў менен сыртқа шығып кетти. Ере шығыўға

Шазада қасындағылардан уялды. Сонда да олардан алдынырақ аўмийин етип сыртқа шығып еди, жоқ Нуржамал. Шайқус алған шожедей жақын жерде көринбейди.

Түстеги аўҳалда тап усындай болды. Нуржамал Шазададан өзин алып қашыўдың түрли жолларын тапты. «Турмыс көрмесе де, журт көрген сум нашар екен» деп сыртынан баҳа берди оған Шазада.

Лекин, кешки әўметти қолдан бермеди. Босағаның аўзында күтип турды. Енди жол таслап бопты!

— Ҳе, неғып турсаң қыз күткен жигит қусап?! — деп өзин зорлап күлди Нуржамал шығаберисте-ақ.

— Сен нашар, менде ала алмай жүрген қастың бар ма еди?! — Шазада оның билегинен қолын өткерип алып, тротуар бойындағы скамейкаға қарай тартты.

— Неқылдым қастым болып? — Нуржамал оның не айтпақшы болғанын билип турса да, жортаға түсинбегенликке салды. Бул Шазадаға әбден батты.

— Өйтип жөгисиреме! Бул саған келиспейди. Мен сениң минез-қулқыңды самолётта киятырғанда-ақ ишип алғанман. Айт қәне, неге меннен бойыңды тасалап қашып жүрсең?

— Қаяқта қашып жүрмен? Азанда бирге аўқатлансам, түсте бирге аўқатлансам, кеште...

— Қояғойшы, қатын сениң?

— Ҳәй, биреўдиң үйден шықпаған қызын қатын деме!

— Өйтип жол таслама! Мен-әм бир кем қырқ жасты бесикте жатып жасағаным жоқ. Саған мениң әңгимем жақпай қалды ма? Айт, жездем унамады ма, я әжапам? Ертең айтаман деп един-ғо!

— Маған унаған-унамағанын билиў соншелли зәрүр ме?
— Зәрүр! Мен бийкарға бир мезгил көпиргеним жоқ! Сенде турмысқа деген сезим оянсын, муҳаббаттың ләззетин көз алдына келтирсин дедим. Ал, сен... радиодан соңғы хабар тыңлағандай болдың да қойдың.

— Бәлким, сондай болып тәсир еткен шығар маған!

— Ўҳ-ҳ! Усындай адамларды жек көремен-дә! Ишимдегини тап деп турған. Мен қусап лақ-лақ ақтарылда тасла-дә!

— Қапа қылып алсам не қыласаң?

— Қылсаң қыласаң-дә! Аспан жерге үзилип түсер дейсең бе?

— Жүр отырайық.

Шазада оны қурттай да болса жибиткенине кеўли толып, дәрҳал алдындағы скамейкаға отырыўға ийкемлесип еди, Нуржамал қолынан услап жибермей қалды.

— Былайырақ барайық.

Олар дем алыўшылар сийрек жүретуғын буйынтықлаў орынға барып отырды. «Ал, айта бер» демекши еди Шазада, тағы да оны тылтыйып қалар деди ме, үндемеди. Өзинде жоқ сабырлылық пенен Нуржамалдың гәпин күтти.

— Сизиң әкеңиз сондай жақсы адам, — деди Нуржамал отырғаннан кейин бираздан соң. — Ол нағыз ақ көкирек, аңқылдаған сада қарылпақ. Әжағаңның кимлигин мен айта алмайман. Ол ҳаққында дурыслы гәп етпедиң. Кишең өз пикирин, өз минезин жойтып алған ҳаял, енесине жағынаман деп.

— Бизиң апам не, жүдә мийримсиз деп ойлайсаң ба?

— Яқ, ондай емес. Анаңызды қатты ақыллы, жети өлшеп бир кесетуғын, әдеп ойланып кейин сөйлейтуғын, ҳәр бир ўақыяға сын нәзер менен баҳа беретуғын ақыл-парасатлы ҳаялға мегзеттим. Сизлер негедур анаңызға тартпағансыз. Әкеңиздиң көширмесисиз — әжапаң екеўиңиз. Сәл нәрсеге тәсирленесиз, ешейин нәрсеге қуўанасыз, қапа болыўыңыз да аңсат. Сизлерди алдаў — жас баланы алдарқатқаннан қыйын емес.

— Қурттың-аў.

— Бунның менен сизлерди жаман деп атырғаным жоқ, сизлердиң алағайым, ақ көкиреклигиңизди айтып атырман.

— Жездеме өт, жездеме!

— Жездең... Әне, усы адам әжапаңа ылайық емес!

— Ҳе? Неге?! — Шазада шоршып кетти.

— Анаң биринши мәрте Бегзадаға айтқан-ғо, «күйеўиң сүў жуқпас жалатай болмаса нетти» деп. Ол көрмей турыпақ билген жездеңниң ким екенлигин. Лекин, жездең ҳаққында мен буннан да басқаша пикирдемен. Сүў жуқпас жалатайдың минез-қулқы сыртына шығып турады. Оны бир-еки сөйлескенде билип аласаң. Ал, сениң жездең кешеги

урыс дәўириндеги орыс шпионына усайды. Орыслардың шпионын немислер ақырғы мәўритлерге дейин сезбейди-ғо, киноларда. Бул да сондай! Бирақ, бул — ҳаял муҳаббатының шпионы. Жездең менен бир-еки мәрте сәўбетлес болған ҳаял, оны жақсы көрип қалғанын өзи сезбей жүреди. Оны көрмесе сағына баслайды. Лекин, жездең асып-таспайды. Оны ынтық қылыўын даўам ете береди. Ҳаял алданып қалса да, оны гүнәкар қылмайды, өзин айыплайды. Ал, ол тыным билмес балықшыға мегзеп, бир көлге аў салады, бир көлде жылым тартады. Оның жылымы майланбай шықпайды.

— Онда атайы бузық болды-ғо.

— Ондай гәп аўзымнан шыққан жоқ. — Сени әжапаңлар неге курортқа алып кетти? Бул пикир дәслеп кимнен шықты?

— Әжапамнан!

— Ҳеш қандай да! Оны үгитлеген жездең. Себеби, сен ол ўақта жаңа пәлек астынан сарғайып көзге түсип киятырған әлеккедей әўесек едиң. Сен уўыз едиң! Сен қаймағы алынбаған сүт едиң! Соның ушын ол жүрегиңе қол салып қойғысы келди. Саған пүткил дем алыс даўамында унап қалыўды ойлады. Ертеңги күни оның үйинде жатып, оқыўға кириўиңди күтти ол.

— Жоқбош! Туўысқан жездем-ғо ол мениң!

— Турмыста ондайлар жоқ па?!

— Бар болса бар шығар! Лекин, мениң жездем ондай адам емес. Жуқпайтуғын күйени жаға берме!

— Мейли, маған исен деп мәжбүрлемеймен. Бул мениң адам сынаўдағы жеке пикирим. Бәри бир соны айтыўым керек, жездең бир оқ пенен үш-төрт қоянды ата алатуғын мерген. Ол саған унаў менен бирге поезддағы карачай қызларына да тәсир етип үлгерди. «Барған жақта ушырасып қаларман, ямаса гәпке қосылар» деген жаман нийет болды онда. Соның ушын ол жоқ жерден Ачук пенен Машук әпсанасын ойлап тапты.

Кавказ халқында бундай әпсана жоқ. Ҳеш қандай дәрья Машук таўын айланып ақпайды. Подкумок деген бир ғана дәрья бар — Ачук емес. Қала берди Машук — қыз балалар исмине ылайық. Оны жездең елестирмей кеткен.

— Буншама кеп тырнақ астынан кир излеп сөйлейсең-ә! Сен өзиң мениң менен бирге келген Нуржамалмысаң, я...

— Солман, солман! Айтпа десең айтпай-ақ қояман.

— Айта бер, енди айтпаған нең қалды! Қолың менен услап берип дәлиллемесең, басқасын болдың-ғо... Ал, судья менен әжик-гүжик болғанын не менен тәриплейсең? Ол да ҳаялы себепли ме?

— Аўа-дә! Негизинде ол судья емес. Судья деп әжапанды алдаған.

— Оны қаяқтан билесең?

— Судьялар нызамға қайшы ҳәм көрер көзге ерси ислерди ислемейди. Жездең оны тосаттан көрип қалған! Қараса, ҳаялы жәп-жас. Жигирма-отыз жас парық бар арасында. Бәри бир бул ҳаял оған қәнәәтленбейди, оған опадар емес деген қыял кеткен ишинен. Соның менен оған жампайлап барып, бирге қыдырған, бирге отырыспалас болған. Оның дәрти жас ҳаялдың кеўлин жаўлап алыў еди.

— Сениңше жаўлап ала алды ма?

— Жаўлап алды.

— Сен жездемди биротала көк ешекке терис миңгиздиң-ғо! Оны опасыз қылдың! Мен гәпиңниң ҳеш қайсысына инанбайман! Егер әжапамның муҳаббатына садық болмағанда, операция столына қатар жатып, бир бөтекесин бериўге ыразы болар ма еди?!

— Сен соған инандың ба?

— Ҳе, инанбай не?

— Әжапаң да?

— Әжапам да!

— Билемен, әжапаң сеннен-әм садарақ. Лекин, бир нәрсени билип қойың, еле бул мәселе бизде тәжирийбеде жоқ.

Шазада бир заман үнсиз қалды. Жездесине ишлей Нуржамалдың нәзери менен қарап көрди. Лекин, қәйтсе де оны жек көре алмады.

— Сен неге оны жаман көрип қалдың? — деди ол Нуржамалға кийлигип. — Саған оның ийнениң ушындай да жаманлығы жоқ еди-ғо. Керек десең, ол дүньяда Нуржамал деген нашардың барынан да хабарсыз!

— Хабары болмағаны жақсы. Болғанда мен де оның гипнозына түсип қалар ма едим.

— Сен қәйтип жаманласаң сөйтип жаманла, бәри бир мен жездемди жек көре алмайман. Егер әжапам басқа бир мәнтирсекке тийгенде, бүгин бир бөтекесин алдырып, және бир бахытсыз күни екинши бөтекеси де шикасланып, өмирден ерте кетиўине себепши болар еди. Ал, жездем әжапамның өмирин узайтты. Ҳиндстанға апарып, бес мың долларға бөтекесин алмастырып қайтты. Жол кәрежетин айтпай-ақ қояйын. Бунысы не? Бул да көзабаға ма!

— Көзабаға емес! — деди Нуржамал сынын бузбастан. — Жезденде ақша көп. Бегзаданың бөтекеси баҳана, ел көрип қайтатуғын болғанына қуўанды.

— Қоя-ғо! Қойдым сени! Сендей достым жоқ мениң! Сениң тилиңе жыланның зәҳәри жағылған!

Шазада ашыў менен орнынан турып кетти. Еки адым атып және иркилди. Нуржамалдың кеширим сораўын күтти. Лекин, ондай болмады: «Достымды қапа еттим» деп те ойламады Нуржамал. Ол әпиўайы ҳақыйқатлықты бетке айта салғандай, айыпсызлығын сыпатлап, пәрўайы-пәлек отырды. Шазада бир өкшеден изине айланды.

— Әкеси ҳаққында да бир нәрсе айтарсаң?

— Әкесин не қыласаң? Қартайған адам?

— Яқ, айта бер! «Жаман шынын айтаман деп сырын айтады» деген. Мен ҳәммесин қолыңа услатқандай етип бердим-ғо. Айт! Айтқандай, бизиң ҳәңги ешек ҳаққында айтпадың-ғо!

— Мен сениң үсейтип өкпелейтуғыныңды билип, өзимнен қашыртып жүр едим. Сен изиме түсип алдың! Мени қудай усылай жаратқан. Туўрысын айтаман. Биреўлер қусап, көзиңше мақтап, сыртыңнан гәп етпеймен.

— Сөйтип, бизиң қудамыз қандай адам екен?

— Тағы өкпеңе-өкпе жамалсын ба?!

— Жамалмаған неси қалды! Көп болса және бир бармақ қалыңлар-дә!

— Қудаңыз ҳаққында Айзада шешеңниң пикирин мақуллайман.

— Ол өсек-ғо!

— Ҳәр қандай өсектиң түбинде шынлық жатады. Бөрттирип айтылғанда ол өсекке айланады.

— Сонда ол да суў жуқпас жалатай ма?

— Жалатай-жалатай емеслигин билмедим, лекин, онын да ҳаял жүрегиниң «шпионы» екенлигине исенимим кәмил. Азима апа жақсы ҳаял, лекин, ол әбисәрең ўақтында жыланның аўзына өзи барып түскен палапанға усайды.

— Мейли, ояғы менен жумысым жоқ. Лекин, оның сақыйлығын, қонақшыллығын қурттай да болса тән аларсаң?!

— Тән алмайман! Ол сақый емес. Ағаңа сеңсен постын жапқанға сақый деп отырсаң-ғо. Сирә-дә! Ақыры, ол сеңсен постынды ағаңа жаппай далаға таслай ма? Постынды ол арнап тиктирген жоқ. Қамар малақайды да. Ол сарпайлар қудаңызға маба ушын саўғаға берилген. Қудаңыз ўақтында үлкен ҳәмелде ислеген. Биреўлерди шеннен тыс қоллап-қуўатлаған. Соның қайыры еди булар. Ҳәзир ҳеш ким постын киймейди. Базарға шығарыўға уялады. Соның ушын ағаңа жаўып жақсы атлы болғысы келди. Ламалардың да келиў тарийхы сондай. Ол пул шығарып базардан зат алатуғын адам емес.

Шазада орнына келип қайтадан отырғанын өзи де сезбеди.

— Бәлким...

— Билемен, ол жаңа жылдың алдында шашып-төгип қонақ күтеди екен. Сол сақыйлық па сениң-ше?

— Енди не?

— Ол садақа! Қудаңыз биринши ҳаялының өлими себепли ҳүждан азабында жасап атыр. Дурыс, оның қолы қан емес. Лекин, жүреги қан болып атыр оның. Ол қартайған сайын ислеген гүналары ушын қудайдан қорқып атыр, оны садақа менен жуўып шаймақшы. Лекин, сумлық пенен берилген садақа қабыл емес. Билесең бе, бир күн болмаса бир күн бундай бийабырайшылық жезденди де күтип тур. Сонда маған айтасаң — ўәлий екенсең деп!

— Сендей ўәлийден... — Шазада орнынан атып турды, — пешимниң қуўысындағы тарғыл пышығым артық! Аўзым бар деп сандалай бересең бе?!

Ол тез-тез адымлап Нуржамалдың нәзеринен узақласты.

— Шазада!

Шазада еситти ме, еситпеди ме, жуўап болмады.

Нуржамал скамейкада бираз отырып қалды. Шазаданың кеўлин қабартқаны кем-кем оған бата баслады. Шазаданың бундай ҳақыйқатлықты билмей жасағаны абзал еди-ғо. Ол ҳәмме адамларды өзиндей көретуғын, ҳеш кимнен сум нийет күтпейтуғын, ақ көкирек, еден ҳаял еди. Нуржамал оны өмирге сын көз бенен қараўға үйретпекши болды. Лекин, мысалды жаман жерден алды. Ақыры, бул мысал әдебият емес еди! Шын өмир еди-ғо. Периштедей пәк деп билген жездесин адам сүлдериндеги шайтанға айландырды. Әкеси өмир бойы ийнине суғып көрмеген постынды жапқан құдасын қандай етти! «Сен қәте иследиң, Нуржамал! Достың өзин-өзи жемесин десең изинен бар! Кеширим сора! Яқ, сорамайман! Онда мен өзиме усамай қаламан! Онда мен жүзеки Нуржамалға айланаман!»

Нуржамал қас қарайғанда бөлмесине келди. Ол есик аўзында өзи үш-төрт күннен бери үлкен абыржыў менен күткен адамын көрди. Көрди де қуўанып кетти. Егер басқа мәўритте келгенде қуўанбас еди. Бүгин оның кеўлин сергиткендей биреў керек еди.

Бул мийман оның қыялындағы сол қыйыр-шыйыр ойларды серпилдирип жиберди.

## 12

Таң азан менен Нуржамалдың есиги қағылды. Ашты. Босаға аўзында жол сумкасын көтерген Шазада турар еди.

— Ҳе, аманлық па? — деди Нуржамал таңланып. Шазада жуўап берместен ишке кирди.

— Сеннен кеширим сорайын деп келдим, — деди диванның қасына сумкасын қойып.

— Неге?

— Кеше саған аўыр гәп айттым! Тарғыл пышығыма теңгердим.

— Мен сениң орнында болғанымда оннан да аўыр гәп айтқан болар едим.

— Орнымда болмай-ақ қой. Мен бар тапқаны аўзында, саўдырақ ҳаялман. Сен ел көрген екенсең! Адам сынап биледи екенсең! Ҳәўесим келди саған!

Мен түни менен дөңбекшип, ойланып шықтым. Қыялымда олар спектакльде ойнап атырған актёрларға усап кетти. Ҳәммеси жасалма болып түйилди маған. Сен мениң көзимди жеткиздиң соған! Айтып атырған ўақтында ийттиң етинен бетер жек көрдим сени! Лекин, ақыл тәрезисине салып, сениң ҳақ екенинди аңладым. Аңладым да әжапамды аяп кеттим. «Бир күн болмаса бир күн жезденди де сондай бийабырайшылық күтип тур» дедиң-ғо. Түн бойы «илайым, сол бийабрайшылықты еситпегеймен» деп қудайдан тилеп шықтым. Әлбетте, ол бийабырайшылықты көзим менен көрмеймен-ғо. Бирақ, еситип қалыўдың өзи аўыр маған.

— Ол гәплерди қой, Шазада. Ҳақыйқатлықты айтаман деп мен де қаттырақ кетиппен. Ҳақыйқатлық бурышқа мегзейди, достым, лекин, ол да мөлшеринен зыят болса жүрегинди қырқады. Аўқатқа барғанда кеширим сорайын деп отыр едим.

— Мен аўқатқа бармайман.

— Ҳе?

— Көрип турған жоқсаң ба, қайтып баратырман.

— Неге. Аманлық па?

— Аманлық. Түнде әжапам қоңыраў етти. Банки басыўға жәрдем бер деди. Еки жүз банка таярлап қойған екен. Жездең келгеннен кейин екеўмиз Анталияға барамыз деди.

— Жездең қаяққа кетипти?

— Бир ҳәптеге МЧСтиң оқыўына кетипти, Андижанға. Ал, достым, аўылға барғаннан кейин үйге қыдырып бар. «Жолға шықтым» десең болды, Шымбайдың пост ГАИинде күтип тураман. Қатнасайық! Сен маған дым унап қалдың. Аўылда қатнасып отырған қатынларым көп. Лекин, бәри жыйылып сен қурақым бола алмайды. Олар аўа десең аўа дейди, наўа десең наўа дейди.

Бирден ваннада суўдың шаўылдысы еситилди. Шазада шоршып түсти.

— Ким бар?

— Биреў, — деп күлди Нуржамал.

— Келди ме? — деп сыбырлады Шазада. Нуржамал күлип бас ийзеди.

— Ноқталаныпсаң-дә!

— И-иҳм!

— Бахытлымысаң?

— Бахытлыман! Кешигип болса да!

— Муҳаббаттың ерте-кеши болмайды. — Шазада ванна бетке урланып-урланып қарап қойды. — Енди саған айтарым — қолдан шығарып алма! Сениң жасыңда басы бос еркек табыў қыйын. Ең баслысы — изиңе бир қара домалақ ертип ал! Журт не десе ол десин! Айтып-айтып қояды.

Отырыспаларда айтылатуғын анабир қосықты билесең бе:

Киси яры кисилигин етеди,

Ойнап күлип өз ярына кетеди!

Әне, сонда қара домалағың жаныңда қалады. Үлкейген соң келин түсирип, ақлық сүйип отырасаң.

Ваннаның есиги ашылды. Шазада дәрҳал бармағын аўзына басты. Изинше белден жоқарысы жалаң еркек адам қолындағы кишкене сүлгиниң шетин бармағына орап, төмен қарап қулағын шуқлап келе берди.

Шазада оған сер салып қарар екен, бирден көзлери уясынан шығып кете жазлады.

— Жезде-е! — деди бир ўақта даўысы тарғылланып.

Еркек орнында қалша қатып қалды. Нуржамал ҳайран болып, биресе Шазадаға, биресе баслығына тигилди.

Шазада жерден сумкасын жулқып көтерди.

— Сен ўәлий екенсең! — деди соң Нуржамалға өткир нәзери менен тигилип. — Ақыры, гипнозына түсипсең-дә!

Ол есикти дизеси менен нуқып ашып, көздеп ғайып болды.

***

Аэропорт хызметкери кешигип дизимнен өткен онлаған жолаўшыны ҳаўа лайнерине алып шықты. Олар қолындағы посадка талоны бойынша тийисли орынларына жайғаса баслады. Нуржамал қолындағы талонға қарады. Орны ғә «С» екен. Не көз бенен көрсин, ғә «В» да Шазада отыр еди.

Нуржамалға көзи түсти де, ол нәзерин терис бурды. Нуржамал самолёт ишин бираз ўақыт көзи менен шолып еди, бос орын жоқ екен. Найлаж, өз орнына келип, аманат ғана диз шөкти.

Самолёт ҳаўаға көтерилип, өз жөнелисине түскеннен кейин Шазада орнынан турып, ҳәжетке шығатуғын адамдай, салонның из бетине кетти. Сол кетистен ол мәнзилге жетип келемен дегенше орнына қайтпады.

Бир-бириниң сырын өзлери ғана түсинетуғын еки ҳаял еңселерин зил басып самолёттан түсти. Ташкентке барғанша әжик-гүжик болып барған олар, енди бир-бирине нәзери түсип қалмаўын иш-ишинен тилеп келер еди.

*11-май — 21-сентябрь 2014-ж*

# АҚШАГҮЛ

(*Повесть*)



—Ақшагүл, сен усы жерде түспейтуғын ба едиң?—деди маршрутлы таксидиң айдаўшысы машинасын үш қабатлы имараттың алдында иркип.

—Сөйтши, кише, мына кастрюлың жамбасымызды шала писирди-ғо, — деп күлди орынлықта бир қыялап зорға сыйып отырған жас жигит муртынан күлип.

—Машинадағылар жеңил күлисти. Ал, Ақшагүлдиң болса қысынғанынан еки бети қып-қызыл болып, үндеместен түсиў менен болды. Ҳәр сапары ол усы жерден түсип қалғанда басын тик көтерип, айдаўшыға:

—Рахмет, айдай бериң, — деп қапыны исенимли жаўып кететуғын еди. Бул рет артына бурылып қарамады. Таксидиң қапысының онлаған адым ары барғаннан кейин тарс етип жабылғаны еситилди.

«Атыма дейин билип алғанына қарашы», — деп ернин тиследи қысынып. Ақшагүл бир-еки сапары усы кеңседе ислейтуғын келиншеклер менен машинаға минип, түсип қалғанша сөйлесип келип еди. Атының ким екенин сонда еситкенди да. Шофёрлардың көзи жолда болғаны менен қулағы изге түриўли жүреди екен-аў. Сөйтсе де, буған ҳеш қайсысы бүгингидей еркинсип, ҳөктемсип сөйлемейтуғын еди. Бүгин болса өзиниң бала күннен бирге өскен қурдасындай...

Адамлар үсти-басына, түр-түсине қарап сөйлейди. Буннан басқа басы қақшаңлаған биреў болғанда сөйтер ме еди.

—Ҳе, атымды қулағыма азан айттырып қойдырып па едиң?! — деп аўзын жулып алғандай етсин.

Ақшагүл болса ондай ете алмайды. Төменшик болып қалған. Ҳәмме оның қәмбағаллығын бетине басатуғындай, жетпесинлик желкесинен зил болып басады да турады.

Гейде түни менен төрт-бес мәрте оянып, ең кейнинде азанға дейин уйқыламай шығатуғын ўақытлары болады. Қулағының тусында балаларының даўысы гүў-гүў... Биринен соңы бири:

— Апа, туўылған күнимди берейин.

—Апа, маған кети әкелип берсе, муғаллим бақырып атыр.
—Қара шай жоқ, үш күн болды-ғо, мама, ишпегенимизге!

Ақшагүл бәрин де биледи. Үш күннен бери қара шайдың жоғын да көрип жүр. Есен жақында тоғызға шығады, туўылған күнин берсе, қәнекей. Баласының бир қуўанғанына жете ме! Кеўли қурғыр күсейди, бирақ хоп деп жибериўге дәрман жоқ. Баласының дослары класы менен жапырылып келип қалса, алдыларына не қояды. Узын дастурханға онлаған шөрек таслаўы мүмкин. Ол не болсын, бир ийлем баўырсағынды ойын балалары көрдим екен демейди. Қала берди, қасында муғаллими келеди. Дастурханды менсинбей мурнын жыйырып отырса... Оған жарағандай ғоза-писте, кола-пола алыўға қолы келтелик етеди. Тағы муғаллиминиң басына орамал салып жибериў керек деген дәстүри де бар. Адамлар ишпей-жемей қалса да дәстүрди билгиш. Соның ушын баласы ҳәр сапары ыңғырыўлағанда:

— Қойып тур балам, шыдай тур, он алтыға шығып паспорт алғанында үлкен етип той беремен, — деп алдарқатады болғаны.

Еси кирип қалған бала тегинликте алдана қояма. Китапларын анда зыңғытады, мында зыңғытады. Ең кейнинде анасы байғус күйип кетип аўзына түскенин ирикпейди.

—Бере алмайман туўылған күниңди! Етимнен ет кесип алсаң-әм! Билдиң бе? Ҳә жанымның жаўлары түўе. Сизлерди туўғанша тасбақа туўсам болады-ғо!

Буннан кейин Есен бир мүйешке тығылып, пырық-пырық жылайды да, ҳеш нәрсе төсенбестен уйқылап қалады. Анасы байғус, бир заманнан кейин өзине-өзи ишинен кейип, баласының сыртқы кийимлерин ҳазар бермей шешеди, үстине көрпе жаўып, басына көпшик қояды. Бүгин азанда жолға шығарда да, үйреншикли қосығын баслап киятыр еди, Ақшагүл жеркип таслады.

—Отыр, жүўернемек, алдымды кеспей! Саған туўылған күн уўайым, маған сизлердиң кешки тамағыңыз...

Усыны айтарын айтса да, ишинен «тилим-аўзым тасқа, не қусап баратырман» деп жағасына түпирди. Қыялына ырас-ақ баласы жүўернемек болып қалатуғындай қорқып кетти.

—Мама, маған кети,—деди ортаншысы Қуўат қорқа-қорқа.

—Яқшы, үйге қараңқырап отыр, саўдам жүриссе әкеп беремен... Ол усы ойлар менен киятырып, түсетуғын жерине келгенин билмей қалып еди. Жақсысы, айдаўшылардың бәри буны танып қалған екен, өзлери ирикти.

Ақшагүлдиң «саўдам жүриссе» дегенинше бар. Бийшара көзи уйқыға кетип, қалғып отырып қамыр ийлейди. Арзайымға бир-еки рет ийлетип еди, қамыры оңбай қала береди. Көпшиликтиң бабын табыў аңсат па? Пул төлегеннен кейин тәўирин жегиси келеди. Бүгин Ақшагүл ериншеклик етсе, ертең мың сан еки досақ, қарыйдарды өзиңнен бир қашырып алсаң, қайтып бетин берман қарата алмайсаң. Соның ушын қызына сататуғын аўқаттың бийноқыясын үйретип өзиниң мүшкилин жеңиллетейин деп дәслеп ойлап еди-да тағы қойды.  Қой, оқысын деди. «Қамырдың жөнин мың үйренгенде көп болса мендей болар, оннан не арттырады, басыңа тартсаң аяғыңа жетпейди, аяғыңа тартсаң басыңа». Оның орнына оқып билим алғаны жақсы. Ҳәзирги оқыўлар баяғы Ақшагүлдиң мектебиндегидей емес.

Соның ушын қызын қыйнамағанды мақул көрди. Өзи қамырын ийлеп, гөшин шайнатып, пиязын, бурышын араластырып жатады. Шайнатқаннан қалған сүйек-саяқларын ертең кеште сорпа етеди.

Дәслепки күнлери бул талапты ар көрип жүрди. Лекин, барып-барып көнди. Көнбегенде қаяққа барады. Бурынғы жумыс орны жабылып қалды. Соннан кейин нешше кеңсеге бетин салып барды. Биреўиниң мийрими түскен емес. Күйеўи Нуржанның пәрўайы пәлек. «Алдында азаматың саў турса аштан өлтирмейди» дейтуғын еди, баяғыда. Ҳәзир заман өзгерди ме Ақшагүлге анаў-мынаў ис болып қалса, бул шаңарақтың отын сөндирмейин деп жан ийнине от түсип жуўыратуғын Нуржан жоқ. Я буған арқа сүйеп үйренип кеткен бе? Күйип кеткен ўақытта сыртынан улы-тоңқылды болады да, изинше жағасына түкиреди.

—Түп-түп, тил-аўзым тасқа! Таппаса таппасын, босағадан жөткиринип кирип-шығып жүрсе болар.

Егер усы ўақытта сырттан қарап тура қойсаң, оны жаңа қырқтан өтип баратырған келиншек емес, жетпистеги кемпир шығар деп ойлайсаң, гәпине қарап. Лекин, қанша қыйыншылық көрсе де, еки жүзиниң алмасының қызылы

кетпегени, көзиниң кесадай дөңгеленип, мыйық тартқанда күлдиргиши алманың шанағындай сәл ойылып турыўы жасында сулыў нашар болғанын айтпай-ақ билдирип турады.

Бәри бир, не шара, күн көрис оның бойындағы жилўа-назды, сын-сымбатты ертерек ала баслады. Ол күн демей, түн демей мудамы баўырына басып үйренип кеткен ыссы манты қазан менен бир табақ сомсаның тилегинде. Суйық аўқатты шалпылдатып алып жүриўге қыйналады. Лекин, ол да ҳәмме ўақыт Ақшагүлдиң дийдиндегидей бола бермейди. Соның ушын да, ҳәр күни азанда босағадан атларда дәслеп оң аяғын қойып, «я Алла, талабым жүриссин» деп үйден шығады. Гей күнлери буның мантылары менен сомсалары талампай болып кетеди. Ал гейде,... Кеште балалары қайтып келген аўқатларды жегенине мәс. Лекин, олар ойламайды, биреўине наски, биреўине колготки, биреўине кети, ағасына сигарет... Сол ўақытлары аз ғана умытады да, азанда мектеп-ке баратуғын ўақытта есине түседи.

—Апа, носки!

—Апа, калготки!

—Апа, кети!

—Ҳей мамасы, кеште саған сигарет әкел деп едим-ғо!

—Мени пуштарлап ғана алағойың!—деп жекиринеди ол ең соңында. Ҳәм бир қолтығына манты қазанын, бир қолтығына сомса табағын қолтықлаўы менен жулқынып шығып кетеди. Бир заманда болса қулағы тыныш болады, бирақ.

Ол усыларды ойлап, күнде өзи аўқат тасыйтуғын кеңсе-ниң аўзына келгенин сезбей-ақ қалды. Негедур бүгин кеңсе әтирапында машиналар аз еди. Фаеде де онша арман-берман жүрген адамлар көринбейди. Түсликке шығып кетти деўге еле бир саат бар. Бүйердегилер түстен бир саат алдын бурын сәскелик шай ишеди. Ҳәммеси Ақшагүлдиң мантысына, сомсаларына қарап отырады. Еки манты, бир сомса менен ярым шайнек шай ишсе гүлалагүл, түсте «саат неше болды екен» деп жалтақлап отырмастан, тойған қозыдай монтийи-сип, баслықлардан бес-алты минут кейин түсликке шығады.

Ақшагүл есиктеги қараўылға сәлем берди.

— Келин, бүгин сениң аўқатың өтсе болар еди-аў, — деди қараўыл киси кеўилсиз түрде.

Ақшагүл не болғанын түсинбей, оған үнсиз тигилди.

— Адамлардың бәри лазымға кетти, — деди қараўыл. — Айтақтың қәйин енеси қайтыс болған.

— Ким Айтақ? — Ҳаял сорарын сорады да, соң қысынып кетти. — Мен қай Айтақты танып атырман...

Ол буны ишинен, ҳаўаз шығармай айтқан еди.

— Министрдиң орынбасары. — Қараўыл бунын танымай турғанын билип түсиндирди. — Өте бер, босағада турма. Бир заманнан келер.

Ақшагүл ишке кирип, кастрюли менен табағын қараўылдың қасындағы аўысық, гөне стулге қойды. Жерге қоймақшы болып турды да, ызғар тартып, суўып кетер деп ойлады... Олар лазымнан қашан келеди. Келгенде де аўқатланып келмей ме? Биреў өлип атырса, бул өзиниң аўқатының тилегин тилеп жүрсе...

Ол ыдысларын қайтадан қолына алды.

— Айтпақшы, жоқарыға шығып көре ғой, — деди қараўыл бир нәрсе есине түскендей. — Лазымға ҳәмме кетпеген шығар, жас қызлар, баллар жүргендей еди.

Қараўылдың бул гәпи оның көкирегинде азы-кем үмит ушқынын оятқандай болды. Бәлким, бәри өтпесе де, азы-кем саўда болар. Күндегидей болса да ҳеш гәп, бүгин кети апармаса Қуўат жылайды. Кети апарыў ушын ыдыслардың ең болмаса биреўи босаўы керек. Ол баспалдақтан тез-тез жоқарыға өрмеледи. Үшинши қабатқа шығып, оңға айланып аз ғана жүрип еди, саўлатлы бир кисиниң жарма қапылы есиктен шыға берип, изине қарай сөйлеп турғанын көрип иркилип қалды. Лекин, аяқлары пышық жүрис пенен әсте-ақырын алға қәдем таслар еди.

— Телефоннан кетип қалма, қыз-әй! Ҳәзир азмаздан кейин факс келиў керек. Ана телефонограмманы ҳәмме районларға тарқат, билдиң бе?!

Ақшагүл оны еле бираз сөйлейтуғын шығар деп ойлап еди, яқ бирден оңына айланды да жүрип кетти. Ол дәрриў кейин шегинди, лекин, саўлатлы киси бунын кастрюлин дүгип кете жазлады.

— Кимсиз! — деди оның бирден ашыўы келип ҳәм жуўап күтпестен жаңағы сөйлеп турған есигине қарай бақырды. — Гуля, төменге түсип қараўылға айт, буннан

былай аўқатшыларды жоқары жибермесин. Келип-келип министрдиң кабинетине дейин келиўге қарады-ғо. Аўқат керек адам өзи таўып жейди.

Ақшагүлдиң маңлайына урғандай болды. Я алға жүрерин билмеди, я изге. Бир ўақытлары жарма қапылы есиктен қуўыршақтай жасанған еки қыз келип, буған тиксинген түрде қарап, кийликти:

— Еситкен жоқсыз ба, неғып турсыз! Кетиң! Сизге биреў аўқат әкел деди ме? Я үстиңде ақ халатың жоқ. Санэпидтен руқсатың бар ма? Туў, бир түрли ийис алып кетти-ғо!

Ҳаял дым үндемей қалды. «Ырасында да, мен сондай әбеший көринемен бе?» деп қамсықты ишинен. Кеше емес пе еди, буған аўылдың ҳәмме жигитлери интизар болып, қашан бой жетеди деп аўзының сууы қурып жүргени. Енди буннан бир түрли ийис шығатуғын болып қалғаны ма?

Ақшагүл ондай пасманда ҳаял емес еди. Анасы оған кишкентайынан жерде жатқан бир шөпти былай алып тасласа, дәрҳал қолын сабынлап жуўыўға үйретти. Сабынлап болғаннан кейин таза суў менен тоғыз мәрте шайдыратуғын еди. Бир сапары аўылдың дүмше молласы.

— Келин, — деди бунын анасына. — Суўдың обалы болады, өйтип ысырап қыла берме. «Үш жуўсаң кири кетеди, төрт жуўсаң нуры кетеди» деген китапта.

— Қәйдем қайнаға, бизиң әкемиз де талып илимли адам еди, бой жетип қыз болғанымша қолыңды төрт мәрте жуўма деп айтқанын еситпедим.

Сол-сол екен, молла бунын анасына қарап шәрияттан аўыз ашпайтуғын болды. Қайта бир нәрсе болса:

— Сол келинге тапсырың!

— Сол келинниң услап тутқаны таза болады! — деп аўылелде «дуўпияз келин» атанды. Усындай ҳаялдың тәрбиясында болып, айтқанларын кеўлиндегиден зыяда етип ислеген қыз бүгин әбеший, бир түрли ийиси бар көринсе я? О, жетпесинлик-ә, тилимди қысқа қылдың-аў, деп ойлады ҳаял ишинен.

Лекин, қызларға хеш нәрсе деп аўыз ашпады. Айтқан менен түсинер ме еди! Булар еле хожалықтың ғалма-ғалын көрмеген, ишкени алдында, ишпегени артында, бардамлы жердиң қызлары болса керек.

Төмен түсип киятырып қараўылға гезлести.

— Ҳә, киятыр екенсең-ғо. Келин, буннан кейин келсең мен жоқ күнлери келе ғой. Қараўыллардың ишинде ең жасы үлкени едим, жаңағы министр инимиздиң гәпи батып кетти. Өзлерине бәри жетип турған соң, басқаны ойлай ма булар.

— Кеширерсең, аға!

— Яғаў, қарағым, меннен кеширим сорап не қыласаң? Азанда жолға шыққаныңда «я пийрим Бийбипатма» деп жолға шық, балам. Изиңе дуз-бурыш тасла, сонда тилден-көзден аман боласаң ...

— Мениң қаяғыма көз тийеди, — деп гүбирленди Ақшагүл. — Бир тапқаным бир тапқаныма жетпейди. Тилсуқ деген болса қабат-қабат жай салып, бас-басына машын мингенлерди таппас па еди...

— Өйдеме келин, сениң етиң душшы-ғо. Тилсуқ деген душшы етти табады. Мә, мынаған келгенине мантыңнан бере ғой, қуры шықпа, — деп қараўыл еки жүзлик усынды. — Ҳәзир шай ишейин деп отыр едим. Қапылғыр, усы алақандай бир қағазды көзимиз қыймай, кеўип қалған нанды жағымыз қыйсайып ғайзап отырамыз. Сөйткен дүньяны арқалап әкетемиз бе?

Ол қараўыл кисиниң өзин емес, буны аяп саўда ислеп отырғанын сезди. Пулының жетисинен басқа және бир манты қосып бергиси келип турды да, қолы барып қайтып-барып қайтып, ақыры, мәртлик ете алмады. Қапылғыр, дүнья жеңди.

Ҳаял бираз суўыйын деген кастрюли менен қалайы табағын қолтықлап, жолдың екинши тәрепине өтти. Бул жерде жақында ғана питкен төрт қабатлы имарат бар еди. Бирақ, оған аўқат апарып көрмеди. Еситиўинше ишинде заманагөй етип салынған асханасы бар екен. Ҳәтте, бул аўқат тарқататуғын кеңседегилердиң де қалтасы қомлырағы усыған келип аўқатланып кететуғынды шығарды. Оның гейде майлары тоңлап, суўып қалған еки-үш лист манты менен он-он бес сомсасын алып қайтатуғыны соннан еди.

Ақшагүл табаны тартпаса да бүгин усы кеңсеге қарай жүрди. Базарға апараман дегенше бәри бир суўып кетеди. Суўымағанда да, отырып сатып отырған мантышылар буны жолатпайды. Я арзан берип кетиўиң керек, я аралап сатасаң.

Аралап сатқанлардың да бәнтлеп қойған адамлары бар. Олар дус келген ҳаялдың әкелген аўқатларын ала бермейди. Бундайда гейде жарысып ислеп утасаң. Ақшаның басы-көзине қарамай, писирген тамағыңды қулағырдан ийсин бурқыратып, көзи түскен адамның танаўы қымыршығандай етип таярлайсаң. Оған қапылғыр, келте жип гүрмеўге келип атыр ма. Оның үстине бизиң жақтың ҳаяллары жасырып ислеўге үйренбеген. Бийҳаясына тап болсаң, дамбалын қолына алып шығып, шар базарда масқара етеди. Тап, әкеси меншиклеп бөлип берип қойғандай! Қудай көрсетпесин! Ақшагүлдиң ондай ислерге қолы да бармайды. Буйырғаны болар, шет-шебирден-ақ несийбемди шөплей берейин деп, усы бир кеңсеге үйирсек болып еди. Бахтына бола, кейинги ўақытлары бунда да талабы кери кетип баратыр.

Бүгин биринши қәдем қойып атырған жаңа имараттың сыртына дейин мурынның қанындай қызыл гилем төселген екен. Аяғыңа бир нәзер тасламай басып өте бериўге тартынасаң киси. Ақшагүл текшеге аяқ салмай турып, төмендеги шалқасына жатқарылған қатара щёткаға аяғын қайта-қайта ысқылап сыпырды. Соң әсте жоқары қарай адымлай баслады. Ол текшеден жоқары шығып болғанша басын көтермеди. Түрли қыялларға берилди. «Биреўдиң бетине телмирип, алар ма екен деп не азап? Бунын орнына журттың қатынлары қусап, бес-алты жүз кило гешир-пияз алып, бөтен жақларға апарып сатып қайтқанда қәйтер еди? Қудайға шүкир, он еки мүшеси пүтин. Қырқ-елиў килолық қалтаны ийнине қағып салғандай қарыўы да бар. Елде бир өзи емес-ғо. Байлары мусаллат болған қатынлардың көбиси сөйтип бала-шаға бағып отыр. Қундыз деген ҳаял алты ай бир фермердиң шошқасын бағып, қайтып келип, келинининң қалың малын төледи, той берди, қуда шақырды. Сен усы еки табақ аўқатың менен бинай өмириңе халық қатарына қосыла алар ма екенсең? Тек бир өлмес аўқат демесең...

—Ҳәй қатын! Мен саған үш күн болды-ғо айтқаныма, «бүйерлерге жолама» деп. Иште өзимиздиң асхана бар! Неғылған пәмсиз қатынсаң, айтқан гәпке түсинбейтуғын!

Ақшагүл қарсы алдында түри бәдбәшер, муртлаш, жасы алпыслардан асқан бир кисиниң буны жеп жиберейин деп тигилип турғанын көрди.

— Астапыралла! — деп гүбирленди өзинше. — Үш күн болды дейди ... Мен бүгин келип атырман-ғо!

— Бар, бар ... Барсаң-әй, бежиреймей! — Ол еки қолы менен Ақшагүлди кейин қарап ийтерип жиберди. Ақшагүл екинши текшеге бир бөкселеп отырып қалды. Қолтығындағы манты толы кастрюли баспалдақтан төмен қарай кесадай думалады. Дәслеп бир домалағанда сыртына оралған дастурхан шешилди, соң қақпағы қырланып бир жаққа жумалап кетти. Кейин болса пуўы буրқыраған ыссы мантылар картошкадай жән-жаққа пытырай баслады. Сомса салынған табақ бир төңкерилди де, төңкерилген жеринде турып қалды. Ақшагүл күтилмеген ўақыядан өзин жоғалтып, еңиреп жиберди. Бийҳаяшылық етип айбарақ салып жыламады. Еки ийни селкилдеп, өксип жылады. Балаларының кеште алдынан шығатуғыны, күйеўиниң азаннан кешке соқта ойнап бийталап отырса да, сумка ақтаратуғыны есине түсип жылады. Бәринен бетер, кемлик келип өксинди. Қылайын деген талабы усы ма еди? Бир белгили асханада хызмет етсең бир гәп, буны не хызмет деп кеўил жубатыўға болады. Садақа сораған лолылардан парқы шамалы емес пе? Неге бул аҳўалға түсти? Байғус анасы неге буны он бир жасында жетим қалдырып, ғалма-ғалсыз дүньяға раўан болды? Балалығында тойып ойнай алмағаны аз ба еди? Бунық, аяғының астына шай қуты төңкерип нан жаўып атырғанын көрген қоңсы Амангүл кемпирдиң:

— Қудай-аў, мынаў шаппаттай нәрестениң не гүнайы бар еди, — деп тандырдың басында турып көзиниң жасын жумбай-жумбай төккени бүгинги Ақшагүлдиң жылағанына усап кететуғын еди.

— Келиншек тур, ыдысыңды ал!

Бетлерине әжим түскен еки ҳаял бунық әсте қолтығынан көтерди. Бағанағы, ийнинен ийтерип жиберген киси ишке кирип кеткен екен.

— Бүгин бир мақаў қараўылдың гезеги еди, соған дус келеғойыпсаң, — деди ҳаяллардың жас үлкенлеў бири. — Ҳеш гәп болмас. Мантыларыңды жыйнап алайық, садағаң кетейин, обалы барды. Еле де мына табағындағы шашылмапты.

Ақшагүлге бул ҳаяллардың қайырқомлық еткени аз да болса, демеў болды, солығын басты.

— Бул ширкин, бағана қатық әкелген бир қатынды да қуўып жиберди. Малларда аўсыл бар, телевизордан айтты дейди.

— Қаяқтың малларында! — деп сорады қасындағы жаслаў ҳаял.

— Қудай, ушан теңиздиң аржағында дейди-аў!

— Ақырзаман сениң! Адам аўсылдан-әм қорқа ма! — деди жаңағы ҳаял әсте. — Аўсыл деген нәрестениң жағызақ болғанындай нәрсе, тилин бир-еки рет дуз бенен ысқылап, қатық қуйсаң дым көрмегендей болып кетеди.

Ақшагүлдиң бир кастрюл мантысы дәртке аспайтуғын болып калған еди.

— Енди буны не қылмақшысаң? — деди бағанағы жасы үлкен ҳаял.

— Қайдам?

— Байлап бағып отырған малың жоқ па, я ийтиң?

— Яқ.

— Қапа болма келин. Сен мына мантыларыңды маған арзан гиреў берип кете бер. Қоңсым усындай жем жыйнайтуғын еди, соған апарып берейин.

Ақшагүл арзан болса да, зая болған тағамына қарыйдар табылғанына қуўанып кетти.

— Мейли, ала ғойың.

— Не берейин?

— Кеўлиңизден шыққанын.

Кейўаны ҳаял кастрюлди турысы менен көтерип, босатып келиў ушын ишке кирип кетти.

— Алжыған ақшаш! Аппақ аўқатты ҳарамға зая қылады-аў! Сен-әм келин, «Үйде малым бар, әкетемен» деймекен десем... Әри-бери көзимди қысып атырман, қарамайсаң.

Ақшагүл аң-таң болды.

— Бул ширкин, сениң аппақ мантыңды мусорға араластырып, қоңсы орысына сатады, шошқаға бериў ушын. Бул да бир ҳарамның пулын жеп отырған уятсыз!

Қудайтала ҳаял затын буншелли қызғаныш етип жаратқаны неси деп қыял етти ишинен Ақшагүл. Изинен өзи де

сол ҳаяллардың бири екенин еслеп, өз-өзинен қысынып кетти.

Иштен бағанағы ҳаял шығып, гәп бөлинип қалды.

— Келиншек, түрине қараса жыңғылдай нашарсаң, жумыс ислесең-о, — деди ҳаял кастрюлин Ақшагүлге услатып атырып.

Ақшагүл төмен қарады.

— Ислер едим, излеп-излеп шаршадым.

— Саўатың бар ма?

— Тоғызыншы класс питкердим.

— Бизлерден тәўирсең-ғо.

Кейўаны ҳаял бираз ойланыңқырап қалды.

— Ертең кел, биреўге жолықтыраман исиң келисип кетсе тәңир жарылқасыныңды айтарсаң.

Еки ҳаял буны жайдың сыртына айланғанша шығарып салды. Кейўаны ҳаял буған:

— Азмаз, өзиңе қараңқырап, қақаң-суқаң етиңкиреп кел! — деп тапсырды.

— Ихм! — деп екиншиси тамағын қырынды. Бул оның «Келме» дегени еди.

Ақшагүл бир табақ сомсасын алып базарға барды. Нан сатып турғанлардың арасына барып турмақшы болды, келиспеди. Қатық-сүттиң арасына барып еди, бунның да сәти түспеди. Соң салат, қуўырған балық сатып отырғанлардың ең шетине табағын қойды. Усы жер қолайлаў екен. Қарсы алдындағы қатарда беляши, булочка сатыўшылар бар. Ол бир сомсаны табаққа оралған дастурханның үстине шығарып, көрсетип қойды.

— Бүйер биреўдиң орны ғой! — деди алдында беляши сатып отырған бир келиншек.

— Мен ҳәзир, бир заман сатаман да кетемен.

— Аўа, сениң сомсаңа өлейин деп турған шығар адамлар!

Изинше бир келиншек орын пул сорап келди.

— Мен ҳәзир келип едим.

— Билмеймен, ҳәзир келдиң бе, я енди кележақсаң ба? Базарда мың киси бар, қайсы бири менен балтамтап айтысып тураман!

Келиншек бир жерде турмайтуғын, шаққан сөйлемшек нашар екен. Буған тоңқылдап жүрип, мыныяқ-мыныяғынан

орын пул жыйнап алды. — Қәне, болдың ба? — Ол Ақшагүлдиң бетине қарап, бирден иркилип қалды. — Сен қаяқтан келдиң? Бул жер Гүлқатшаның орны-ғо.

— Ҳәзир келип едим, бир табақ сомсам бар, сатаман да кетемен.

— Аўа, сатасаң да кетесең! Бул орынды адамлар неше сомға сатып алып қойғанын билесең бе? Қәне, тарт салдаўыңды, табағыңды ал да!

— Достым, ярым саат оңысайық, өтпесе өзим-ақ кетемен.

— Базар дәрўазасыз емес, билесең бе? Неге базаркомнан руқсат алмайсаң? Аўқат писиреди деген справкаң бар ма? Дуқтырдан өткенбисең? Патентиң қайда?

— Патентим жоқ.

Ҳаял Ақшагүл менен балтамтап айтысып туратуғын нашар емес еди. Дәрҳал табаққа асылды, ылақтырмақшы болды. Найлаж ол бағана шашылып қалған мантыға алған пулынан орын пул жыйнап жүрген ҳаялдың қолына қысты.

— Тез-тез бол да кет! — деди ҳаял буған кеширим берген болып. — Базарком көрип қалса мениң ийт азабымды береди.

— Астапыралла! — деп гүрсинди Ақшагүл ишинен. — Мың киси сыйған базарға мен сыймадым-ғо!

***

Азаннан бери тик аяққа жүрип Ақшагүлдиң еки аяғы сал болды. Базардан маршрутлы таксиге минип, жамбасы жумсақ орынлыққа тийгенде «ух» деп дем алғандай болып еди, ол да көпке бармады. Көшеге жақынламай, бир шақырым жерден түсирип кетти. Салонда буннан басқа жолаўшы қалмаған еди.

— Сениң бир өзиң ушын сонша жерге айдамайман. Кейнимдеги машина ана адамларды алып кетеди, деди де, асфальттың үстинде ғырра изине айланды.

Шаршап киятырғанда ғарға адым жер муң болды. Күн батайын-батайын деп қылтыйып тур. Байғус баллар бунның жолына айдай қарап отырған шығар. Арзайым аўқатты асып отырар еди, бирақ қазанға салатуғын нәрсениң бәри бунның сумкасында. Ара-арасында төрт-бес күнликке жеткендейин бир әкеп қойғаны болмаса, көбинесе қарсыма-карсы. Кеште қазанға салатуғынын күни менен тапқан пулына алып

келеди. Бирақ азанда төрт-бес картошка менен еки памидор, үш-төрт пияз қалғандай болып еди, оннан қызлар қандай аўқат ретлестиреғояр дейсең.

— Нуржан, кемпириң киятыр, сүйинши! Енди танаўың батып кетпейтуғын болды.

Есиктиң алдындағы тахтайы көтерилип-басылып турған ағаш сыпада соқта ойнап отырған қоңсы жигитлер Ақшагүлди қулағардан көрип, Нуржанды илип түскиси келди.

— Байбуў, есимнен шығыпты-аў, — деп ернин тиследи ҳаял. Ол күйеўине сигарет алыўды умытып кеткен еди. Негизинде бүгин сигаретке қарайтуғын аўҳал болды ма. Азан менен анаў болған аўҳал, шофёрдың өзи түсирмегенде вокзалдан бир шығайын деп тур еди. Оннан қалса, «өлетуғын ешки шопанның таяғына сүйкенеди» дегендей, кастрюлин қолтықлап министр менен дүгисип қалайын деди. Оннан кейин бурын изеп баспаған кеңсеге барғандағы аўҳалы, базардағы жағдай, қулласы, айтпаса да болады. Бүгин бир мыррық күн болды буның ушын. Еле де бир жигит «кеңседе туўылған күнимди белгилейтуғын едим» деп бирден қырқ сомсасын алып кетти. Болмаған да Қуўатқа кети қайда, үйге ярым кило гөш қайда, бир стакан қара шай қайда, малики яўмиддин қайда? Еле де қудай буған қарасты. Сомсасын сатып шамаласқанда «Кети, футболка» деп бақырып, бир киси қатардан өтеғойды. Болмаса, тарса есинен шығып баратыр екен. Изинше «семиз қашардың гөши» деп бир келиншек келе кетти. Рети табылағойды, сөйтип. Ешейинде, базарға киргеннен «сигарет, шырпы, тарахан дәри» деп даўысы қарлығып жүретуғын бир жигитти көп көретуғын еди, бүгин сол дус келмеди. Дус келмегенин де жаңа қоңсылар «Нуржан, танаўың батып кетпейтуғын болды» дегеннен кейин еслеп атыр. Болмаса, сирә ядында жоқ. Ядында болғанда арнап барып-ақ алады. Сонша жыл қослас болып, ҳеш зейнине тийип көрмегенге ме, күйеўиниң қапа болғаны қатты батады буған. Қапа болса қабағы ашылмай қалады. Ишпей-жемей тымсырайып отырады да қояды. Бир адам дастурхан басына келмей отырса ишкениң қарахан болады екен. Бундайда қайўақ соның қабағы ашылмағанша ҳеш ким ашылысып сөйлемейди. Тек үн-түнсиз жута береди, тамақтан өткени есап. Усыны билгеннен кейин Ақшагүл ҳеш

ўақта күйеўиниң тапсырмасын еки етпейди, қапылып, бүгин тарса есинен шыққан. Қала берди, өзи де азанда ескертеғоймады. Ерте турып, кеш жатып, мыңсан еки тәшўиш пенен жүрген ҳаялдың мийинде қайсы бири тура берсин.

— Кемпир, сигаретти әкел! — деди Нуржан қулағырдан. Ақшагүл еситилер-еситилмес гүңк етти:

— Кемпири неси!

Ақшагүл «сигаретти әкел» дегенди еситпегендей, ишке кирип кетти.

Қудайға шүкир, асханадан аўқаттың ийиси шықты.

— Арзай, не писирип атырсаң,

— Соқыр гүртик.

— Соқыр гүртик! — Азанда бар унды қағып-силкип ийлегени Ақшагүлдиң есине сол ўақта барып түсти. — Үйде ун жоқ еди-ғо!

Арзайым мамасына ҳайран болып қарады.

— Аўылдың дүкәнына еки қалта унға ақша берип қойғаныма еки ҳәпте болды. Күнде ертең-ертең менен бул да береғоймады.

Ақшагүлдиң сөзин күйеўиниң сырттан ентигип кирип киятырған жүриси бузды.

— Неге сигаретти таслап кетпейсең?

— Кешир Нуржан, умытып кетиппен.

— Не?

— Билмегеним-ғо, мен шаймийдиң!

— Ҳә, мийиңниң атасының ...

Нуржан Ақшагүлдиң шекесине шаппат урмақшы болып силтенди.

— Аға деймен! — Арзайым жуўырып келип ағасының қолына асылды. — Не, қартайғанша урыса бересиз бе?

— Буған айтып қойыппан-ғо, «күн арадан бир пачка сигарет есинде болсын» деп... Мынаў не сумкандағы?

— Кети.

— Кетиди умытпайсаң, сигаретти умытасаң!

— Умытпағанда өзиңниң балаңның кетийи-ғо.

— Ҳә, баланың бақайының... Усы баллардан не рәҳәт көремен! Әкем не көрип кетти меннен.

Ол кейинги ўақытлары усы гәпти көп айтатуғын болды. Ырас, әкеси өлгенде бунық ойын баласынан парқы шамалы еди. Әсиресе, түрмеде отырып келгеннен кейин тез-тез әкесин еслейди, ишип алса жылайды, ашыўы келсе Ақшагүлге қол көтережақ болады. Лекин, бир заманнан кейин кеширим сорайды.

— Қамақта көп таяқ жедим, соннан басыма зақым келген шығар, — деп отырады қапа болып. — Өзимди тута алмай қаламан. Дирилдеп кетемен.

Соның ушын ба, Ақшагүл күйеўиниң анда-санда ашыў үстинде айтқан еркекше сөгисин кеўлине алмайды. Қайта жарасып болып ишкен шай мазалы көринеди оған.

— Ҳәзир, ағасы, азымаз сабыр ет, сигарет әкелип беремен, — деп Ақшагүл сумкасын Арзайымға тапсырды. — Жүр, Қуўат, кетидиң ҳақысына мениң менен дүкәнға барып қайтасаң, келемен дегенше қараңғы түсип кетеди, қорқаман, Арзай, сен Тамара шешеңнен бир зуўала шыққандай ун әкелип, гүртик ийлей бер. Мамам бир-еки күннен береди де. Күн геўгим түсе баслаған еди. Ақшагүл найлаж Қуўатты қасына ертип, үш шақырым арыдағы нәўбетши дүкәнға кетти. Көше басындағы саўдагерлерден сораған менен қарызға бермейди, ол дүкәндағылар буны таныйды, бир-еки күн қарызға турады.

Мамасының қасында Қуўаттың қалмай ентелеп жүрип киятырғаны өзиниң жаслық шағын есине түсирди. Кишкене күнлеринде өристен келмей қалған қойларды излегенде апасына ерип бул шығатуғын еди. Сонда анасы тәўиraққа барған кемпирдей еди, Лекин, жүрген ўақытта буған жеткермейди. Бул болса тоғыз-он жасар, жеп-жеңил ойын баласы. Сонда да анасына зорға илесип жүреди. Енди ойласа анасы ақ жаўлық тартқан менен кемпир емес екен-аў. Буны ол қәбириниң басына «Бегжан қызы Бийбиназ, 1915 — 1971» деп жаздырып, мармер тас қойғанында билди.

Олар келмей қалған қой-жанлығын ең биринши рет Нуржанлардың қорасынан излейтуғын еди. Себеби, олардың қойлары көп. Басқа үйлерде төрт-бес қой-жанлық болса, булардики ҳәр жылы отызлағаннан кем болмайды. Нуржанның атасы Пирнияз ғарры мудамы усы қойлар менен бәнт. Кеште келиўден сөкли жантақ шашады. Азанда өриске

қосып болып, түни мененги жеген жантақларының сүйегин далаға жайып кептирип, кемпирине тандыр отын таярлап қояды! Кейин ешек арба менен мақсым ойдан қум әкелип төгеди. Үсейтип қарағаннан кейин олардың қойларының жүнлери жылтырап, мудамы тап-таза болып жүреди. Мал да болса тазалықты билетуғын болыўы керек, гейде қорасына бармай қалған қойлар усы Нуржанның атасының қорасынан табылады. Пирнияз ғаррының бир жақсы жери, «мынаў кисиниң қойы екен-аў» деп биймезгил қорадан шығарып жибермейди.

Қой қора олардың үйиниң қубла бетинде, шарбақтан сыртта. Усы жерден қорасына үңилип, бары-жоғын билип кете берсең де болады. Лекин, Ақшагүлдиң анасы өйтпейди. Туўры үйине барып, әйнегин қағады.

— Нурнияз, хә Нурнияз? — деп ғаррының баласын шақырады.

Нурнияз аўылдың атақлы тракторшысы. Аўылдағы кемпир-ғаррылардың айтыўынша биринши фармолды сол айдаған. «Тебетуғын тракторы бар еди, — бунның деп дәлкеклейди жеңгелери. — Фармолшы баланың талай мәрте мурны домбырадай болып жүргенин көргенбиз!»

— Сонда да, атыздың еки басына шелеклеп суў тасытып қойдым-ғо, сизлерге, — деп иледи ол да.

— Ояғын бежердиң-ғо, сен қыршын! Радиаторыңа мәйек писирип жейтуғын едиң-аў.

Ақшагүл булардың бир де-биреўине түсинбейтуғын еди сонда. Есейе келип билип алды жөн-жосағын. Бирақ, Нурнияз бенен буның анасы ойнамайтуғын еди. Бул соған қуўанады. Себеби, анасын һәммеден қызғанатуғын еди. Ақшагүлдиң анасы Нурниязды шақырып, айнаны қаққан менен қораны көтсетиўге Нуржан шығады. Ишинен қуўанып турады сонда. Неге екенин билмейди, әйтеўир Нуржанды көргиси келеди. Қойларының түўел келмегенине де сүйсинип турады. Азанда мектептен шықпастан бурын да үйдегилердиң көзиниң тасасын алып әйнекке урланып қарап-қарап алады. Егер Нуржан өтип баратырған болса ишип атырған шайын қояды да, папкасын асынып жуўырып кетеди. Көринбесе, асықпайды.

Класста екеўи бир партада отырады. Екинши класста басланды бул дәстүр. Муғаллим «баллар менен қызлар дос болыўы керек» деген гәп тапты. Сөйтип, бөлистирди. Ақшагүлдиң қасына дәслеп Сапардың шеги түсти. Сонда ол муғаллимди жеп қойғысы келип турды. «Неге Нуржанды отырғызбайды? Сапарды артқа шығарып жиберсин. Илайым, оның қасына қыз отырмай-ақ қойсын!» Лекин, сыртқа шығарып ҳеш нәрсе айта алмайтуғын еди.

Ол Сапар екеўиниң ортасына папкасын қойып отыратуғын болды. Партаның үстин билдирмей қәлем менен тең ортасынан сызды.

— Мына сызықтан шығанағың берман өтпесин! — деди Сапарға.

Сапар байғус дым үндемей мақуллап бас ийзеди.

Бәри бир тез-тез урысып қала беретуғын еди.

— Аяғынды тарт! — деп жилиншигине теўип жибереди Ақшагүл жоқ жерден шаң шығарғысы келип.

Сапар аўырсынып турады да, тағы сездирмей партаның ернегинен түсип кетейин деп отырады. Сол отырғанда оның мийине сабақ кирмейди, қәйткенде Ақшагүлге жағынар екенмен деп қыял етеди. Лекин, оны жақтырып атырған Ақшагүл жоқ. Бир күни тәнеписте Сапар оған:

— Ақшагүл, Ақшагүл! — деп сыбырлады ҳәмме шығып баратырған ўақытта.

— Неўе? — деп жекиринип жиберди Ақшагүл.

— Ҳеш! — Сапар албырап қалды.

— Айтсеш, сылбырамай!

Сапар әсте сумкасын ашып, сыртына майы шығыңқыраған ораўлы қағаз көрсетти.

— Мәйек қуймақ жейсең бе?

— Сеннен қуймақ сорадым ба? — Ақшагүл жуўырыўы менен дәлизге шығып кетти. Бирақ, жегиси келип еди сонда, көкиреги қурғыр жеңислик бермеди. Негизинде Сапар оны Ақшагүлге жағыныў ушын әкелип еди. Бир күн бурын кеште мамасына ыңғырыўлап:

— Мама, класста ҳәмме баллар мәйек қуймақ жеп жүрипти, деп шатақ салып писиртти. Бәри бир пайда бермеди.

Ақшагүл тәнепистиң ўақтында Нуржан менен түрли баҳана таўып ойнап қалатуғын еди. Гейде аўзына суў толтырып

келип, Нуржанның мойнына бүркип жибереди. Гейде артынан келип көзин басып қалады.

— Қойса, Ақша, — дейди ол уялып. Басқа гәп айта алмайды. Ақшагүл болса үлкен адамды киширейтип қойғандай. Гейде үкесине ғамхорлық еткендей, Нуржанның үстиниң шаңын қағып қойған болады. Шаң болса, сирә! Мәзи баҳана! Қалай болмасын Нуржан менен күлип-ойнап, сөйлесип жүргиси келеди. Лекин, оның менен ашылысып атырған бул жоқ. Үндемейди. Суп-сулыў, тап-туйнақтай кийинип, партада дүп-дүзиў отырып сабақ тыңлайды. Ол қанша үндемеген сайын соншелли сүйкимли көринетуғын еди. Лекин, оны Нуржанның өзи билмейди, муғаллим де Ақшагүлдиң кеўлинде не барын сезбейди.

Жаслықтан усылайтып кеўлине унап қалғанлықтан ба, Ақшагүлдиң күйеўинен қанша кеўли қала берсин, бир заманда умыт болып кетеди. Бүгин де оның сигарет ушын сөккени, қала берди, түн ишинде зиңилдетип дүкәнға жибергени дым орынсыз болды. Басқа биреў болғанда өмираллада кешире алмас еди. Лекин, буныки үйден кем-кем узақласқан сайын, әсиресе, балалықтағы елеслер бирим-бирим көз алдына келген сайын умытыла баслады.

Балалық деген-ә!

— Нуржан! — деди бир күни ол тәнеписте — саған бир зат айтайын ба?

Нуржан «айт» дегендей тыңлап турды.

— Сапардың бир түрли ийси бар я?

— Билмеймен.

— Қасында отырсаң билесең.

— Өйтип мен қыз емеспен-ғо, — деди Нуржан. «Сонда сен неге мениң менен отырмайсаң?» — деп айтайын-айтайын деп турды Ақшагүл, бирақ батына алмады.

Соның менен бир шерек өтти. Ақшагүлдиң үлгериўи төменлеп кетти.

— Саған не болды? — деди муғаллим жаңа шеректиң басланыўында. — Бәрҳа беске оқыйтуғын едиң, төртке түсип қалдың! Ҳәтте, үшиң де бар.

Ақшагүл дым үндемеди. Тәнеписке дейин ишинен тығылып-ақ отырған екен, бир ўақта қолындағы ручкасын қосқоллап қысымлап:

— Бәри сеннен! Сеннен! Сеннен! — деп ғаршылдатып Сапардың билегине ура баслады. Сапардың қулындағы даўысы шықты. Көйлегиниң жеңи пыррым-пыррым болды. Ақшагүл солығын баса алмай папкасына да қарамастан жуўырып шығып кетти.

Ертеңине билсе Сапардың қолын медсестра шақырып таңдырыпты. Сол күни оның папкасын үйине Нуржан апарып берген екен. Лекин, ол муғаллим келген шығар деп қорқып, шықпай отыр еди. Билди де, шықпағанына өкинди.

Буннан кейин Сапар үш күнге дейин оқыўға келген жоқ. Бала болса да арсыныўға ақылы жетип, Ақшагүл урғанын айтпапты. Буны ол тап сегизиншини питирип атырғанда айтты.

Муғаллим Ақшагүлге онша кейимеди.

— Лекин, класстағы тәртипти буза алмайман, — деди буған. — Бәри бир, бир қыз бир баладан отыра бересиз. Нуржан, сен Ақшагүлдиң партасына кел, сениң орныңа Сапар отырады.

Нуржан китапларын тақластырып уяла-уяла Ақшагүлдиң қасына келди. Ақшагүл үш айдан бери ортаға кеселеп қойған сумкасын алып, партаның астындағы текшесине жайластырды. Соң дәл ортадан бөлип қойған сызықты қол шаршысы менен түпириклеп өширди.

Жол бойы өз қыялы менен өзи болып, Ақшагүл баласына илла деп аўыз ашпай-ақ дүкәнға келип қалды.

— Ҳаў, мама, жабық тур-ғо! — деди Қуўат дүкәнның қапысын тартып.

— Пай, келисти-аў. Енди қаяқтан излеймиз! Қулып бар ма аўзында?

Қуўат иштен түсип турған жақты менен қулып урылатуғын шыңғаға үңилди.

— Яқ, мама, қулп жоқ, иштен илип қойыпты.

— Тәўир екен онда. Жүр, арт бетинен айланып барайық.

Дүкәнның шарбағы ашық екен. Иште нан тийейтуғын машинаға усаған будкалы машын тур. Ун келген екен. Жоқарыда шофёр ма, бир киси дүкәншы қызға:

— Бол, жаўырныңды тут, — деп қыстастырып атыр.

— Қойса, көтере алмайман!

— Көтере алмасаң неге жаздырып кетесең!

— Сонда ертерек әкелмейсең бе? Биреўлерге бес-алты кило ун берип-ақ түсиртип алар едим.

— Әне, унынды ана балаға бер, көтериседи бир жағын. — Шофёр жоқарыда турып Қуўатты көрсетти.

— Қәне? — деп дүкәншы қыздың көзи жарқ ете қалды. Изинше Қуўаттың еле сүйеги қатпаған бала екенин көрип ийни түсип кетти.

— Өзиң түсирип бере ғойса, он кило берейин. Ярым саатта боласаң-ғо.

— Унын керек емес, азаннан бери жүз қалта ун түсирдим, өлейин деп турман.

Ақшагүл әсте барып машинаға үңилди.

— Неше қалта еди? — деди соң.

— Отыз қалта-аў, — деди дүкәншы қыз оған үмитленип қарап. — Ҳаў, Ақшагүл апа, сиз бе, жақсы болды-ғо, жәрдем берши.

Ақшагүл кисиге жәрдем бериўден таймайды. Лекин, қуры жәрдемниң орнына... Жаңа айтқан он кило унын береғойса. Дүкәншыға соны айтқысы келип оқталып-оқталып турды да, ар-намыс басымлық етти, айта алмады.

— Қәне, бир тәкеўел көриң, — деди шофёр бир қалта унды ернекке жақынлатып. Ақшагүл қапшықтың түп бетинен еки мушына төрт бармағын тереңирек батырып жиберип, беккем услады. Аўыз бетин дүкәншы қыз. Олар қапшықты машыннан тартып алғаны сол, қапшық гүрп етип жерге түсти. Дүкәншы қыздың қолынан шығып кеткен еди.

— Тандыршыққай, устамайман, — деди дүкәншы қыз жыламсырап. — Қайтып-ақ әкет. Тырнағымды қопарып кетейин деди-ғо.

Ақшагүл енди оның жердеги қапшықты қайтып усламайтуғынын билди. Ол қалтаның түбинен бир қапталға тартыңқырап қойды да, машинаға жаўырынын тутты.

— Мениң арқама салағойың!

— Қой, кише, майырылып қаларсыз, — деди шофёр қолайсызланып.

— Сала бер. Аўылда алпыс килолық қанарды атыздың ана басынан мына басына арқалап барғанда да мертилмедик.

Ҳақыйқатында да, Ақшагүл он бес-он алтыға шыққанда бирден өсип, ириленип кетти. Оның үстине пахта тергиш

болды. Азанда ҳаяллар үйин жайғастырып атызға келемен дегенше бир қанарды тиклеп қояды.

— Әне, Ақшагүлди қараң, шаппаттай қыз. Сизлердиң азаннан кешке тергениңизди шық кеппей-ақ тәрезиге әкелип турады, — деп Әжибай бригад түсте ҳаялларды жыйнап бир заман ўаз оқыйды. Ақшагүл қысынып кетеди сонда. Өзин тергиш деп мақтағанына ишинен қуўанғаны менен ҳаяллардың былай шығып ғарғайтуғынын биледи.

— Урғашы сениң! Шаппаттай болып қай бала-шағасына жетпей атыр екен, — деп тоңқылдасады ешеклерине минип атырып. Буны олар Ақшагүлге еситтирмей айтады. Еситтирип айтыўға оннан емес, қудайдан қорқады. Ақшагүлдиң төртинши классты питкерген жылы анасынан жетим қалғаны аўылдағылардың ҳәммесине аўыр қайғы болды. Әсиресе, шаппаттай нәрестениң соншелли қайғырыўға ақылы жетип, еки мәрте талып қалғанын көргенде, үлкен адамлардың көбиси ҳушынан кетип қалайын деп деди. Соны көрген аўылдың еркеги-ҳаялы бунның бетине келип, қатты қайырым гәп айтпайды. Жетимди жылатып алыўдан қорқады. Көз жасына қалғысы келмейди.

Адамды жетимлик демде есейтеди екен. Ол жылап-жылап, соң-соң көкиреги қатып қалды. Бел буўып үй жумысына киристи. Әжағаларының костюмларын, ҳәтте пальтоларын жуўады. Ол ўақытта ҳәммеси қолдан жуўылады. Ол сығыўға күши жетпей қалғанда пальтолардың жеңин терекке байлап алып, бир жағын еки қоллап таўлап сығатуғын еди. Үлкенлердиң жуўған кири бир саатта кепсе, буныки бир мезгилде кебеди. Неде болса, кисиге жалынбайды.

Гүзде жумысы бурынғыдан бес-бетер гүжип кетеди. Әкеси есиктиң алдындағы қыйтақлардың биреўине тары, биреўине жүўери, биреўине гүнжи егетуғын еди. Тары менен жүўерини әжағалары ешек қос пенен айдап береди. Бул соларды қағып, қоғынан айырып алса болды. Ал, гүнжи тиккелей бир өзиниң қара мийнети. Астына алаша жайып, бир-еки күн үйшиклеп қояды. Болдық шымшық соның жаўы. Және, собықлары шашылып кетпей турып үйшиклемесең, ҳәммеси атызда төгилип қалады. Еки әжағасы Жаңаберген менен Узақбай бир мезгил орып-орып кетеди де, үйшиклеўин Ақшагүлге қалдырады. Иниси Қудайберген ериншеклеў. Қала

берди, Ақшагүлдиң өзи де оны аяйды. Жоқ жерден жеңил жумыс таўып берип, соған жиберип қояды да, өзи таў қопаратуғын күши бардай, мудамы аўыр жағында жүреди.

Ырасында да, күнде шыныққан қол шымыры билекке айланады екен. Бир сапары, сегизинши класс ўақтында елиў бес кило шығатуғын қанарды ешекке бир өзи артты. Ашыў менен күши тасқынлап кетип артты. Былайынша қолынан келмейтуғын еди. Саат он бирлердиң ўақтында қанарын толтырып, аўзын байлап тур еди, табельши Сәрсенбай келе кетти. Ол бир мәрте үйленип ҳаял жиберген өзи де дузы кемлеў жеңилтек жигит еди.

— Сәрсенбай аға, ешекке артысып жибересиз бе? — деди Ақшагүл қанарын көрсетип.

— Сиз айтқанда жан бар ма! — Сәрсенбай шырп ете қалды. Ақшагүл оның мына жуўқылдаған әдетине жини келсе де, сыр билдирмей, шетте байлаўлы турған ешегин әкелди.

— Қәне, қолдасамыз ба? — Сәрсенбай қанардың артынан оң қолын усынды. Ақшагүл де қолын созды. Оның алақанының еркек адамның қолында қысымланыўы биринши мәрте еди. Сәрсенбайдың қап-қатты, үп-үлкен қоллары оның жумсақ алақанының нәзик саўсақларын билезиклигинен берман қарпып алды.

— Қәне, Ақша, бир-еки, үш ... — Қанар жерден көтерилди. Бирақ, қәпелимде Сәрсенбай қолын жаздырып жиберди де, «ҳеҳ-ий» деп қанар көтерген қолы менен Ақшагүлдиң дирилдеген көкирегин бир қысып алып жаздырды.

Ақшагүлдиң тула бедени дир-дир қалтырады. Асығыста аўзына сөз түспеди. Сүрнигип барып жерден бир кесек алып, Сәрсенбайға қарай ылақтырды. Ол басын буғып қалып тәрезиге қарай қашыў менен болды. Ақшагүлдиң қатты қорлығы келди. Лекин, жетимликтен қатып қалған көкиреги оның өңешине келип тығылып турған өксикти сыртқа шығармады. Қанар толы пахтаны тәрезиге бир өзи апарыўға қарар етти. Ешекти салманың ишине түсирди. Қанарды қос-қоллап қушақлап, дизеси менен көтерип жылыстырып ырашқа мингизди. Соң ерге туўрылап сүйеди де, қанардың түбинен «ҳоппа» деп бар күшин салып бир көтерип еди, ешек тентиреклеп барып, пәт пенен алға жүрип кетти. Лекин, қанар аўған жоқ. Бир «хоп» дегенде-ақ ешекке

теңбе-тең болып артылған екен. Ашыўдан еки бетиниң алмасы бурыштай қызарып, терген пахтасын тәрезиге апарды. Буның бахтына Сәрсенбай зымғайып болыпты, тәрезини Нөкистен келген студентлердиң муғаллими өлшеп алып, колхозшыларды өз алдына, оқыўшыларды өз алдына жазып алып турған екен.

Қаршадайынан усындай мийнетке көнлигип қалған оған, елиў килолық қапшық ҳеш нәрсе болып көринген жоқ. Ишке апарып, дүкәншының көрсеткен жерине дүрсилдетип атыр урып турды. Отыз қалта ҳәп заматта болынды. Шофёр қағазына қол қойдырып ҳайт қойды.

— Апа, сумкаң бар ма? — деди дүкәншы қыз Ақшагүлге.

— Яқ.

— Уныңды салып берейин деп едим.

— Яғаў, сиңлим. Қара күшимди сатып не қылайын. Маған еки пачка сигарет қарызға берип турсаң болды. Күйеўимниң сүргинине ушырап келип отырман. Бир-еки күннен өтип баратырып таслап кетемен.

Дүкәншы еки пачка сигаретти прилавкаға қойды да, үлкен бир пакеттиң аўзын ашты.

— Иним, услап тур, — деди Қуўатқа. — Апа, сен болмасаң тағы биреўге де берер едим буны. Ўәде еттим, алып кет.

— Берекет тап, қарағым.

Дүкәншы өлшеп он кило ун берди.

— Сизди сигаретке жиберген ағайға рахмет, — деди соң күлип.

Ақшагүл дүкәншының «он кило ун берер едим» дегенин еситсе де, онша исенбей тур еди. Себеби, кейинги бир айдан бери ун қәҳәт болып кетти. Өзи жылда усындай ўақытта азы-кем үзилиспе болып турады. Гөне дән таўсылады, таза дән заўытқа келмей атады. Усындайда маканкомлардың қудайы берип қалады. Аўылдағы дүкәнның еки қалта унға ақшасын артығы менен алса да бере алмай атырғаны сол еди. Маканкомнан қорқады. Бүйердики тәўир екен, Ақшагүлдиң көшесиндеги маканком дүкәнды жаппағанша кетпейди. Мийнетине, дүкәншыны қорқытып, азы-кем жаланып қалады.

Ақшагүл қанша шаршаса да, он кило ун қолына тийгеннен кейин, аяқ-аяғына тиймей, ушып қайтты, «Еркек адамның жантасқан жери берекетли болады», деп күйеўин

хошаметлеп қойды ишинен. — Сол сигарет сорамағанда геўгимлетип дүкәнға келемен бе? «Арзайдың сорап әкелген унын аўқатты жеп бола сала апарып берсем бе екен?» — деп ойлап қойды ишинен. Бир заманда қайдан тапты деп ҳайран қалсын! Қой, өйтпейин! Тамараның көзи қатты! Сәл жерде «атып түсирсе», баллары әбигерленип қалар. «Сениң етиң душшы, тилсуқ деген душшы етти табады» деди-ғо, бағанағы қараўыл. Сөйтсе де, усы көшениң адамы Тамара! Бунның менен әнейдей ашылысып сөйлесеғояды. Өзи, күйеўиниң тирисинде ход турған. Үлкенлер менен қатнасқан. Күйеўи өлгеннен кейин қолы жуқарып, баяғы барыс-келис етип жүргенлердиң аяғы серпиле баслаған. Той-мерекеде бунның үйине қонақ бергенди де сийрекситкен.

— Айнанайын, келиним-аў, — деди ол бир күни буған шағынып. — Баяғыда бир кемпир айтқан екен, «тоқсан-жасайын деген жасым ба еди, арпа тақан ишейин деген асым ба еди» деп. Сол айтқандай, үлкенлердиң поселкасында он еки қабат жайым бар еди, қойнымда әлип дәўдей байым бар еди, алдымда азаматым ол кетти, изинше, үйленейин деп турған еки бирдей жигербентим авариядан өлди, соң ҳәмме мени қаға бердиге ала берди, изинде даңғырлаған жайымды сатып, генжетайым менен мына төрт бөлмеге келип шөжедей болып отырғаным-ғо. Усы жер мениң отырайын деген жерим бе еди?

Тамара өзиниң бурынғы күнин еслеп пикир ететуғын шығар, болмаса, усы дүньясының өзине көшедеги отыз бир хожалықтың бәрин сатып алыўға шамасы келетуғындай. Ҳәр қолында қос-қостан бриллиант жүзик, қулағында алтын сырға, оны да тез-тезден өзгертип тағады. Баласының қаякта ислейтуғынын ҳеш кимге айтпайды, үйине төрт-бес күнде бир келеди. Қәйтсе де, табыскер. Ақша табыўдың көзин биледи. Шешесинде бар сол уқып — Тамарада. Бир күни ол Ақшагүлди шақырып айтты:

— Усы көшеде ети тиришелеў, дуўпиязлаў келиншек сенсең. Жумысым жаўылып қалды, деп отырғаның қашшан. Еле, ҳүкимет бағады деп тәме етип жүрсең бе? Оннанша ҳәрекетинди қылсаң-о, — деп нәсият берип, усы аўқатшылық талапқа шығарған сол еди. Болмағанда, ағайин-туўғанның

бәрине қол жайып шығады екен. Олар барсаң бир-еки мәрте бос қайтармас, бирақ, қашанғы бере береди. Сен де тири жан емессең бе, талабында бол, демей ме, неде болса ўақтында қыймылдаған екен. «Жақсыдан шарапат» деп соны айтадыдә!

Он кило унның қуўанышы менен олар үйге демде келип қалды. Қараңғы түскен соң, есигиниң алдында сохта ойнап отырған қоңсылар кетипти. Үйге кирсе Есен сабақ таярлап отыр. Арзайым кәтте дус төменине түсип жатыр. Асхана беттен еле аўқаттың ийиси келип тур.

— Арзай, әкең қайда? — деди Ақшагүл қапшықты асхананың алдына қойып. «Мениң ун әкелгенимди көрсин» дегендей, арман алып өтпеди.

— Кетти.

— Қаяққа?

— Тохташ саўдадан келген екен, соны көрип келемиз,— деди.

— Қудай берип қалыпты, самопалға жүзип келеди десеш.

Арзайым ериншеклик пенен кәттен түсти.

— Мама, бир жаққа кетсең жоқ болып кетесең.

— Ҳаў, мен ойнап жүрмен бе, қарағым-аў. Сизлердиң тамағыңыз ғой ... Жылағанбысаң?

Арзайымның еки көзи қызарып кеткен еди. Ол үндемеди.

— Гүртик салып жедиңиз бе? — деди Ақшагүл қызына.

— Нени жейсең, ун болмаса!

— Тамара шешеңнен сорамадың ба?

— Бермеди.

— Ҳе, неге бермеди?

— Қарыз дегенди қайтарып бере алғандай адамға береди, деди.

Ақшагүл қызының неге жылағанын енди билди. Лекин, сездирмеди. Бул қамсықса балларына не турыс.

— Қудай-ай, соған да көзинди суўлап жүрсең бе? — деди дым елестирмегендей. — Ата-баба айтқан-ғо, «атаң бермегенди базар береди» деп. Әне, әкелдим-ғо ун керек болса. Тез еки зуўала ийлеп жибер. Ағаң-әм арақ ишсе иши жылан жалағандай болып келер. Ол шешеңе өкпелемей-ақ қой. Биреўден кеўли қалып, қапа болып отырған шығар. Қоңсыларға жини келеди оның. Соның әлемин сеннен алған-ғо.

Ақшагүл төрден күйеўиниң орнын қалдырып, дастурхан басына отырды. Әтирапына балалары жәмлести. Күни менен муздай болып турған ошақ басы демде гүрлеп кеткендей болды.

***

Нуржан телевизорда түнги киносериал басланғанша келмеди. Қараса, балалардың көзи гиртийип жумылып баратыр. Изин ала бир-бирине қарап еснеўге қарады. Ақшагүл күйеўиниң пайын бөлек алып қойды да балаларын аўқатландырды. Ол күни менен қатты шаршаған еди. Усыннан барған соң аўзымнан суўым ағып жатқан жеримде тас болып қалатуғын шығарман деп ойлап киятыр еди, яқ, күйеўи оны бағанағыдай «сый-ҳүрмет» пенен қарсы алды. Оның үстине Тамара бир шылым ун бермей жибергенде аспаннан түскендей он кило унлы болды. Усы ўақта бир сомды биреў ешейин бере ме? Жумсаса өзиниң қара күши. Баяғыда апалары:

— Нанның усағын түсирмей же!

— Бузық нан турғанда пүтинин бузба!

— Түни менен пүтин нан кабатыллаға барып қайтады, — деп нан ҳаққында түрли рәўиятларды таўып отыратуғын еди. Булардың қулағына аз ғана кирген болады да, лекин, ишлеринен ойлайтуғын еди, үлкен адамлар ўәсият айтқанды жақсы көретуғын болыўы керек. Болмаса, нанның усағы түскенде не қылады, қалғаны аз ба?!

Мине, нанның қәдирин енди билип атыр. Ҳәзир еки айдан асып баратыр, қалталап ун алмағанына. Бәри қарсыма-қарсы. Өлшеп алғаннан кейин берекети де болмайды екен. Қанша азайып баратырған сайын жегиш боласаң ба?

Тоқташ саўдадан әкелген спиртинен самопал соғып жигитлердиң алдында булқып отырған шығар, өзи бурыннан әдети, деп ойынан өткерди. Саўдадан келген күни бир кило гөш алады да көшениң бойында еки жерде шоқ болып соқта ойнап отырған жигитлерди шақырып арақ береди. Өзи де қосылып мәс болады. Әне, соннан кейин алмайтуғын таўы жоқ. Тыңлап турсаң ҳеш ким бунның алдында кесе тура алмайтуғын. Ояқтан жай алып қойған,

жақын арада күйеўине иномарка машын мингизетуғын. Күйеўи Нурымбет бийшара өлиниң қараўылы. Тап ертең «мерседес» минейин деп турғандай ыржыйып отыра береди. Шынында, Тоқташтың өзи саўдадан ғарық болып келмейди. «Жети жылдан бери өмирим поездта өтеди, қудайға шүкир, несийбемди жолға шашып қойған екен», — деп тапсыйды ҳаялларға той-мерекеде отырысып қалса. Лекин, қатынлар оған итибар бермейди. Биледи ақыры, мың партылдаған менен көрпешесине көрпеше қосылып атырған жоқ. Буныки қуры паң-паң. Ҳаяллардың мисе тутпағаны оған батады. Булардан жоқарырақ боламан дейди де:

— Қойшы, мына шайыңның сорты пәс екен, үйге барып өзим демлеп ишемен, — деп турып кетеди.

Баўырсақ көмеклерде «мен кепкир усламадым» деп өкпелейди. Қулласы, усының-ақ жыры питпейди. Қәйерге барса тамызықтай лаў-лаў етип жүргени. Еки ҳәпте аўылда болғанның арасында ҳаялларды биротала суўдан шығарып таслайды. Соң саўдаға кетип умытады. Еки-үш ай сыртта жүрип келгеннен кейин иши гәпке тығылып қалады да, көшениң ҳаяллары буның гәпине қулақ аспайтуғын болған соң жаңағыдай еркеклерди жыйнап, арақ берип, кейин солардың алдында сайрап қумардан шығады. Олар болса үйлерине келип, қатынларына Тоқташты мақтаў менен әўере.

Усы еркеклердиң арасында өзиниң күйеўиниң де барына Ақшагүлдиң ары келди. Сол ар-намыс қысып, қанша шаршап турса да еки көзинен уйқысын урлады. Нуржанды бинай өмирине бундай бийпайда, ким арақ берсе өмириниң өткенин билмей отырып алатуғын адам болады деп ҳеш ойламаған еди. Ҳәзир де ерин пәс еркекке санамайды. Тек қыялы соған барып қалады да, күйеўи еситип қоятуғындай дәрҳал тәўбеге келеди.

Екеўи бир-бирине қандай ынтық еди десеш. Бирақ, айта алмайды. Сол класста, класс деген не, сол мектепте Нуржандай туяна бала бармеди! Сабақларынан жүдә алғыр болмаған менен орта дәрежеде оқыйды. Басқа балалардай ләнки ойнамайды, теппек теппейди. Класста партаның үстине шығып жуўырмайды. Сондай тәртипли, сондай әдепли. Бәлким, Ақшагүлге жақсы көринемен деп өзин-өзи солай тәрбиялаған шығар. Ақшагүл де Нуржанға унаў ушын

азанда бираз ўақытқа дейин айнаның алдынан кетпейтуғын еди.

Ақшагүл анасы өлген күнлери бир ҳәптеге дейин оқыўға бара алмады. Соң барды. Ол ўақытлары класс болып кеўил айтыў үрдис емес еди. Балалықтың әламаты, барғаннан кейин де ҳеш бала буған келип:

—Анаң сондай болып қалды ма, ҳеш гәп болмас, қапа болма,—деп айтпады.

Буны Ақшагүлдиң өзи де тәме еткен жоқ. Оқыўға барып кеткен күнниң ертеңине екинши сабаққа қоңыраў қағылды. Балалар орны орнына келип отырысты. Арадан он-он бес минут өтти. Келетуғын муғаллим жоқ. Бир ўақытлары директор келип:

— Шаўқымласпай сыртқа шығып ойнаңлар, рус тили муғаллимиңиз келе алмайды, анасы қайтыс болып қалыпты, — деди. Балалар директордың изинше ўағырласып шығып кетти. Ақшагүл ҳәм Нуржан орнында отырып қалды. Ақшагүлдиң еки көзинен аққан жас бетин жуўып, еки езиўинен сорғалап ағар еди. Нуржан оған не деп тәселле берерин билмеди. Лекин, биринши мәрте батыллық етип, қалтасынан кишкене ақ орамал алып, буның еки алмалығынан сызатланып ағып турған жасты ҳазарсыз сүртти.

—Апам ... апам...—деп Ақшагүл өксип жылап жиберди. Нуржан оны жубата алмады, тек қасынан кетпей отыра берди. Өзиниң класста екенин аңлап дәрҳал өзине келген Ақшагүл, Нуржанның көзинен мөлт-мөлт тамшылап турған жасты көрди. Кеўли азғантай жубаныш табайын деди. Орыс тил муғаллиминиң анасы өлгени — бул дүньяда анасынан айрылғанлардың бир өзи емеслигин аңлатты, Нуржанның көзинен мөлтилдеп тамып турған жас болса, буның белине белбеў буўғандай болды. Өзиниң сондай бир қәдирдан адамы барлығына қуўанды.

Бәҳәрге салым, Нуржан шылт жаңа мектеп формасын кийип келди. Кийим болғанда қандай. Сары жылтырақ сәдепли, кептер реңли сукнодан тигилген. Мектепте жүзлеген оқыўшы бар, ҳеш қайсысында бундай кийим жоқ еди. Соның ушын да, Нуржан тәнеписке шыққанда, киргенде ҳәмменең көзи сонда. Әсиресе, қызлар телмирип өлип баратыр. Ол усы кийимди қатарына еки ҳәпте кийип келди.

Соң қайтып киймей қойды. Буған Ақшагүл себеп болған еди. Ол Нуржанның үстиндеги кийимниң ҳәм таза, ҳәм сондай жарасымлы екенлигин жүреги менен сезгенликтен сабақ ўақтында да оған суқланып көп қарай берди. Қарап отырып, оның ата-анасының тири екенлиги, ҳәтте, сексенге шамаласқан атасының да барлығы есине түсти, егер бунның да анасы тири болғанда таза форма тиктирип кийип, партада жуп кептердей жарасып отырған болар еди. Әттең, енди ол өйте алмайды. Еркелейтуғын анасы жоқ. Әкеси кемпири өлгеннен кейин бир өзи бир отаўда қалғандай жалғызсырап қалды, ләм-лим деп аўыз ашпайды. Аўқаттан кейин қуран оқып, кемпирине узақ ўақыт тийе берсин айтады. Кейин:

—Ҳәй, ялғаншы дүнья деген-ә!—деп бир шетке қыйсаяды да, шекпенин жамылып уйқыға кетеди. Уйқылай ма я уйқылағандай болып жата ма, ояғын Ақшагүл билмейди. Әллен ўақытлары:

—Аға, төсегинди салдым,—деп оятады.

Ағасы «я пәрўардигәр» деп түргелип, бир өзине арналып салынған төсекке барып қыйсаяды. Бурын өйерде еки көрпеше қатар төселип, екеўине узын бир дастық салынатуғын еди. Анасы өлгели ол дастық сандықтың үстинен алынған емес.

Усыларды ойлап Ақшагүлдиң көзине жас көлегейледи. Буны Нуржан түсинген еди. Түсингени ушын да кейин ала сол форманы киймей қойды. Ақшагүлдиң дәртин қозғамаў ушын киймеди, қандай түсимпаз, қандай ақыллы еди, ол ўақытлары я?

«Өлмектиң изинен өлмек жоқ» деп ата-баба дурыс айтқан. Ақшагүл анасын қанша азалаған менен, бәри бир ойын баласы емес пе? Арасында ойынға шыққысы келетуғын еди. Бир күни Нуржан, Сапар, Жәмийла төртеўи жаптың бойында жасырынбақ ойнады. Лекин, жасырынбақ далада қыйын екен. Демде таўып ала береди. Оның үстине күндиз болғаннан кейин.

— Қызық емес, бул ойын, — деди Сапар бир ўақта. — Келиң, үй-үй ойнаймыз. Төртеўмиз еки үй боламыз. Бояннан қос соғамыз. Қалай көресиз?

— Ойнайық, — деди Ақшагүл бирден.

— Онда мен Ақшагүл менен бир үй боламан, Жәмийла Нуржан менен.

Жәмийла ушып-ушып қуўанды. Ақшагүл болса салысы суўға кетип қалды. Ол Нуржан менен боламан деп ойлаған еди. Лекин, бөлисип алған хожалықты қайта бөлистириўге батылы жетпеди. Сапар болса қуўанышлы, гәпти биринши баслап, Ақшагүлди меншиклеп алды. Олар аз ғана жердиң боянларын сындырып, ортаны ашып, кейин еки жақтың боянларының басын байлап қос соға баслады. Дөгеректен боян сындырып әкелип үстин қалыңлады.

— Қәне, енди кеш болды, жатамыз, — деди Сапар ҳәм өзи биринши болып қосқа кирип жатып алды.

Изинше екинши қосқа Жәмийла кирди.

— Нуржан, келсеш жатайық. Кеш болды, әнекей, сағаллар улып атыр.

Сапар бирақ Ақшагүлди ишке шақырыўға бата алмады. Нуржан да Жәмийланың қасына бармады.

Усы ўақытлары Айзада кемпир суўы тартылған гөне салманың иши менен келип қалды.

— Жәмийла, ҳә Жәмийла!

Жәмийла урман-пурман қостан атлығып шықты. Оның көйлегиниң етеклери жыйрылып қалған еди.

— Ҳә, урғашы сениң-ә! Не қылық шығарып жүрсең?! — деп қызының шекесине бир шаппат урды. — Буўының қатпай атырып байсырап өлип баратыр ма един? Мен саған мың мәрте айттым, ерме мына жетимекке, алдында тек дейтуғын шешеси жоқ урғашы, сени қызлай қатын қылады! Ҳә, жүўернемек! — деп соң Ақшагүлге қарай дәпинди.

Ақшагүл қаяқтан күш, қаяқтан шыдам пайда болғанын билмейди, Айзада кемпирдиң бетине бежирейийўи менен қас қақпай турып қалды. Кемпир көтерилген қолын түсирди, ура алмады. Қызын алдына салды да, жаптың жағасындағы соқпақ пенен үйине қайтты. Сапар Айзаданың дәслепки айбарығынан-ақ қосты жарып шығып ҳайт қойған екен.

Жәмийлалар кеткеннен кейин Ақшагүл жүресине отырып, еки қолын бетине басып, егил-тегил жылады. Өзиниң жипә-жиксиз жалаға қалғанына шыдамады. Анасының жоқлығын бетине басқаны қатып қалған көкирегин биротала сөтип жиберди. Нуржан оны не деп жубатарын билмеди. Үлкен

киси ме еди, тәселле беретуғын. Лекин, Ақшагүлдиң еңсесинде бир заман тикейип турды да, соң әсте қасына отырды. Ақшагүлдиң көзине түскен маңлай шашын шеп қолы менен жоқары қарай сылады.

— Ақша, жыламаса! Ол өзи жаман кемпир-ғо!

Ақшагүл солқ-солқ жылаўын пәсейтти де, узақ қайғыдан шаршаған адамдай, Нуржанның кишкене дизесине басын сүйеди. Нуржан оның маңлай шашынан екинши-үшинши мәрте сылады. Бары-жоғы алтыншы класс еди-аў сонда! Қандай ақыллы-зийрек бала еди. Жылағанды жубатқандай, қапа болғанда қуўантқандай кәтқудалық пайда болып киятыр еди онда.

Сөйткен сүйиклисине самопалға тойып алып Тоқташ:

— Мына қусаған еркеклерден, қатын болсам-әм зыятпан! — деп бопсыйды-аў.

Еки уртлам қарақанның мазасын қыя алмай булар ҳәммеси мойны салынып «дурыс, дурыс» деўден арыға бармайды. Тоқташ та кимге мақтаныўды, кимди кемситиўди биледи. Көшеде отыз бир хожалық болған менен оның ҳәммеси қалмай қатнаса бермейди. Қудайназар кишигирим болса да мәкеме баслық. Азанда машын алып кетип, кеште әкелип таслайды. Той-мерекеде бийдиң қасынан нан аўыз тийип:

— Кеширесизлер, мениң жыйналысым бар еди, қонақ болса жибере бериң, үй тайын, — деп кетеди. Жыйналысы болмаса да кетеди. Жайылған газетте ислейди, булар менен бир заман отырысса:

— Сизлер неге ҳақыйқатлықты жазбайсыз?

— Неге ақ майды көшеде сатады?

— Соны айтаман-аў, олардың не, заўыты бар ма?

— Жигитлер, қуры шөллей бересиз. Жайылған ҳақыйқатлықты жазып көрсин, туқымын жайылдырмай таслайды.

Қулласы, усындай қысыр гәп пенен мийин ғырр қылады. Соның ушын ол да мерекениң басында, ортасында бир көринеди де зып береди. Қалған бес-алты жигит, қатынларының тапқанын жеп, узақ күнге соқта ойнаўдан жалықпайды. Өзлериники өзлерине дурыс. Дәслепки ўақытлары азы-кем ети жыйрылатуғын еди, енди «жумыс таўып ислесеңиз-ғо» десе:

— Қойса, қатын, лолылардың-әм еркеклерин ҳаялы бағады. Бизлер лолы қурақым жоқпыз ба? — деп ўарсақы айтатуғын болып қалды.

Сол гәпти қасындағыларға жарысып, Нуржанның да айтқысы келип туратуғынына ары келеди Ақшагүлдиң.

Болмаса, Нуржан ўақтында қандай мийнеткеш болды. Оқый бергенде үлкен адам болыўы мүмкин еди. Оны сол ўақыттағы баслықлар жолдан қалдырды, өзлериниң абырайын сақлап турыўы ушын биреўлердиң бахтын байлады.

— Нурнияз, сен атақлы пахтакешсең, орденли механизаторсаң, Нуржан ата жолын қуўыў керек, — деп ыңғырыўлап-ыңғырыўлап, ақыры аўдырды. Сегизинши класстан кейин оқытпады. Қасына отырғызып трактор айдатты. Керек десең, класста жүргенде үйретти-аў оған. Жас бала рульге отырғаннан кейин кеўли ҳалласлап кетти. Бир-еки мәрте тап шыққаннан кейин, ғаўашаны қырып алмағанына қуўанып, тез-тез сорап айдайтуғын болды. Бара-бара ағасы да оған мезгиллеп тракторды берип кететуғын әдетти шығарды.

— Маладес, Нуржан! — деп хошаметлейди Әжибай бригад түсте ҳәмменин көзинше жаўырынынан қағып. — Еле әкеңнен өткен шебер боласаң.

Ол ўақытлары ақ көкирек бала бунын басына Әжибай жететуғынын сирә ойламады.

Есик қағылды.

— Аш, Ақша! — Нуржанның тили зорға гүрмеўге келер еди. Ақшагүл уйқы қысқанлықтан зәҳәрдей ашыған көзлерин уўқалап дәлизге шықты.

***

Ақшагүл азанда күн-ай жайылған соң түргелди. Күндегидей, таң ала геўгимнен аўқатқа айланыспады. Кеше көкиреги қайтып қалғанлықтан, бүгинге жүреги даўамаған еди. Оның үстине кешеги кеңседеги кейўаны ҳаялдың «Саўатың бизлерден тәўир-ғо, ертең кел, биреўге жолықтыраман» дегени кеўлинде аз да болса үмит ушқынларын жағайын деди. Ислеп жүрген өзиндей ҳаяллар емес пе? Неси бар, биринши мәрте емес, ислейди. Нөкиске келгеннен кейин бул да жумыс иследи. Әйтеўир, өз алдына кабинет алып шот қақпаған

менен, өзи қусаған орта дәрмиян ҳаяллардан кем жери болған жоқ. Жәмәәтиндегилер буны туўысқандай жақсы көретуғын еди. Елеге дейин көше-күйде көрип қалса апақ-шапақ болып қалады. Биразлары менен той-мерекелерине барысып-келисип жүрди. Тек кейин ала жетпесинлик жүйкесин қуртып, «қыймас жерден шақыртыўшы келмегейдә» деп тилейтуғын болды. Бир-екеўине айтып келсе де бармай қалды. Илаж қанша? Жоққа жүйрик жетпейди. Тойға барсаң қолына қарайды. Отаўдай етип тигилген көк шертекке кирип бир нәрсе жаздырып шықпасаң, сеннен өтетуғын көрмедик жоқ. Оннанша көринбей үйде отырған жақсы. Баяғыдай болса екен, бир ешкини жетелеп изине аўыл болып ере беретуғын.

Шынында ол аўылдан шығаман деп ойлаған жоқ еди. Анасы қайтыс болған соң узаққа кетип оқый алмайтуғынын билди. Әкеси байғус қағынып-силкинип «жалғыз қызымды оқытаман» деп омыраўлап туратуғын киси емес. Өзи аты биринши аўылдағы ғәрип-ҳал адам болды. Бул үйдиң рузыгершилигин уршықтай айландырып отырған бийшара анасы — Бийбиназ еди. Ол аўылдағы келиншеклердиң оданбасы болды. «Фасом» дейтуғын еди ҳәмме оны. Аўылда той-мереке болса дастурханды онысыз ҳеш ким басқармайды. Кепкир күйдини де өзи бөлистиреди. Ол бөлистирсе ҳаяллар жыңқ етпейди. Ал, Бийбиназ жоқта мереке болды ма, онының өкпе-гийнеси келеси мерекеге дейин даўам етеди.

Бийбиназ өлген соң бул үйдиң берекети қашайын деди. Жигирма төртке шыққанда үлкен әжағасы Жаңаберген үйленди. Қудағай «баратқанның балтасын, киятырғанның кетпенин алатуғын» жулпыс ҳаял екен. Табанлап отырып, булардың үш бузаўлы сыйырын саттырып, қалың мал төлетти. Және бир жылға апармай, қызын Нөкиске бөлек шығартып жиберди. Булар бир саўын сыйыр менен бес қой-ешкиге асылып қала берди.

Екинши әжағасы Узақбай үйленетуғын болғанда әкеси қатты қыйланды.

— Балам, бес-алты жыл қойып тура ғой, сениң қәйин-журтыңа беретуғын ҳеш нәрсе жоқ. Күнимизге жарап отырған жалғыз сыйырды сатып берсем, аўзымыз қуўрап қалмай ма? — деди сарсылып.

Узақбай «үйленемен» деп тепсинип турған жоқ еди, кейин билсе қыз тәреп қыстастуратуғын қусайды. Бир күни толыс аўылдағы Сәрсенбай деген бригад үйге келди. Әжибайды бирге алып келди. Олар екеўиниң Узақбайға «жаўшылыққа» келгенин Ақшагүл дастурхан жайып, шай әкелип жүрип сезди.

— Таңатар аға, — деп гәп баслады Әжибай Ақшагүлдиң ағасына. Сизиң менен биз ендиги жағында артқа кетсек кетемиз-дә, алға кетип баратырғанымыз жоқ. Жол баллардики. Сизиң-әм жасыңыз биразға барып қалды. Қудайға шүкир, бир баланды үйлендирдиң. Енди нәўбет Узақбайға келип тур. Көзиңниң нуры, сөзиңниң дәми кетпей турып буны да хожалық қыл, аға. Аманлық болса еле изинде Ақшагүл қызымыз бенен Қудайберген инимиз турыпты. Биримлеп аталық парызыңызды өтей бергениңиз мақул.

— Ол айтқаныңа сөз бар ма, бала да ара-тура «үйленежақпан» деп қояды. Гәптиң ҳағы, өзим иркип отырман. Ҳәзир шанашымның түби көринип турғанда, оған тәўекел ете алмай отырман, иним.

— Дурыс, аға — деди Әжибай бригад. — Сизиң жай-жағдайыңызды билмей отырғанымыз жоқ. Лекин, бизиң гәпимизди ақырына дейин тыңлап алың. Мениң қасымда келип отырған толыс аўылдан Сәрсенбай деген бригад, таныйтуғын шығарсаң.

— Усы қараған елатта, мен билмейтуғын адам бар ма, инилерим — деп қойды Ақшагүлдиң ағасы.

— Усы Сәрсенбайдың Хатша машыншы деген апасы бар. Хатша апаның Айпарша деген генжетай қызы сизиң балаңыз бенен кеўил табысыпты. Енди-и, келин — қәйин журтқа түспеги парыз ғой. Парызды ислеў сизиң ўазыйпаңыз. Қалың мал мәселесин ойламай-ақ қой. Бирақ, мына бес-алты жанлығыңды сатып, киширек сойыслық алсаң, ел-журтқа азы-кем шашыў берип жиберсең.

— Бериўин беремиз-аў, кейни аўыр ғой, иним.

— Сол аўырын жеңиллетейин деп келип отырмыз, аға. Той өткен соң қыз бенен баланы Хатша апаның қолына берсеңиз.

Мәселениң төркини раўшан болды. Ақшагүлдиң ағасы қанша мөмин болса да, еркеклик намысы қысып, бирден

жуўап бере алмай қалды. Бирақ, жуўаслығы пайда берип, арбаны аўдарып тасламады.

— Таңатар аға, апамнан жалғыз баланы мен де аяп отырғаным жоқ, — деди Сәрсенбай гәпке араласып. — Қудайға шүкир, жети улым бар, келиниңиз хәр босанғанында «усы баланы машыншы апамның етегине салайық», — деди. Бирақ, қызапам көнбеди. «Қудай бермеген улды, кисиден алып қаяққа бараман», дей берди.

Ол да көп перзентли болып еди, жүрими жоқ екен, бир жаста, еки жаста өле берди. Перзентлериниң ең алды Гүлдарийха деген қыз еди, ол хәзир Қарабайлыда, қыз апамның өзине жетейин деп турған кемпир ҳалға келип қалды. Айпарша екеўиниң арасында жигирма жас бар. Енди генжетай қызы да қолынан кетсе, хәўиттей жайда бир өзи қалады-ғо.

— Сонда бизиң баланы күш күйеў болсын деп отырсыз ба? — деди ғарры таңланып.

— Бир бала қайда жүргенде не, еки ортада барып келип жүре берсин. Бәри бир оны үй-жайлы етиўиң керек. Таяр жай, Хатша апаның көп болса қойдың өмириндей өмири қалған шығар.

— Қайдам, балам не дейди екен? Узақбай?

Узақбай әсте келип дастурханның бир шетине дизе бүкти.

— Еситтиң бе, балам?

Узақбай «аўа» деп басын ийзеди.

— Қалай көресең?

— Қайдам, өзлериң билиң.

Сырттан қарап турсаң Узақбай емес, Айпарша үйленейин деп атырғандай еди.

Қулласы, «жаўшылар» баланың әкесин көндирди. Кешикпей олардың үйинде кишигирим той болды. Бир хәптеден кейин Узақбайды «отырықлы» жерине трактор менен келип көширип алып кетти. Ақшагүлдиң үйи биротала хүўлеп қалды. Бул ўақыя оның ағасын және де шөктирди, ўақты жетпей қәдди бүгилди. Еки келин түсирип рәхәтин көрмеди. Күндеги ыссылы-суўығы, тахарет суўы, кийимлериниң кирқоңы бурынғысынша қаршадай Ақшагүлдиң мойнына шөгип қала берди.

Ол өзиниң бой көтерип, қыз болып жүре алмағанына қынжылар еди. Аўылдағы қурбы-қурдаслары ҳайт-мереке десе тап азаннан сыланып, таранып, бири-бириниң үйине барып топарласып жолға шығады. Олар жол-жөнекей Ақшагүлге де келеди. Лекин, бул үйден суўрылып шығып кете алмайды. Я нан жаўып атырған болады, я гүби писип атырған, қулласы, усы үйдиң баяр келиншегиндей, мурын сыпырыўға қолы тиймейди. Сонда да ол аўылын сондай жақсы көреди. Дүньяда буның аўылынан сулыў жәннет мәкан ҳеш жерде жоқ. Үйиниң алдында жүз адымдай арманнан өтип турған үлкен насос салманың бойындағы ақ таллар бәҳәрде жердеги урықтан бурын бүршик шығарып, жап-жасыл болып қараған көздиң жаўын алып жайнап турады. Оннан өзгеше бир ийис келеди, бәҳәрдиң ийиси. Изинше ериген қардың астынан урықлар бой көтерип шыққандағы тәбияттың сәни өз алдына, кейин, ғажжа-ғаж атыз жумысы. Шел шабыў, жер суўғарыў, сүрим, егис — булардың бәринде де ҳаяллар бир жағында жүреди. Бирақ, қызлар шықпайды. Жумыстың ең аўыр түрлери еркеклердиң мойнында. Жазда пахта шыққаннан кейин ҳаял-қызлардың жумысы гүжийди. Ғаўашаны бирлеў, отаў — олардың кәсиби. Бул мәселеде Ақшагүлдиң аўылындағы қыз-жаўанлардың алдына түсетуғын ҳеш ким жоқ шығар. Күн шығыстан таң бозарып атыўдан атызға шығады. Оларға ҳеш ким «атызға шық» деп әйнегин қағып жүрмейди. Өзлери шыға береди. Бул олардың күндеги миннети. Табельши аўылдағы болдық ҳаял-қызларға 8 — 12 таптан қарық бөлип таслайды да, қазық қағып атын жазып кетеди. Әне, бул сениң пайын. Изде қалсаң өзиңе ар-намыс. Соның ушын «қамшысыз» жортады бул аўылдың жаўанлары.

Ғаўаша отағы олар ушын күнде байрамға шыққандай. Азанғы ўақытта уйқысы ашылғанша тум-тусына қарамай шаңғытып отайды да, сәскелик шайдан келгеннен кейин ҳәр ким ҳәр жерде жанлатып қосық айтады. Баслық қайнағасы келе ме, бригад қайнағасы ма — бәри бир, елестирмейди де, тартынбайды да. Олар да келинлерди қысындырмай узағырақтан атлы өтип кетеди. Атызда түрли намаларда қосық жаңрайды.

Ақ алманы суўға салсам батпайды,
Бизиң ярлар кроватта жатпайды,
Ақ терек басында айнам қалыпты,
Әкемнен, шешемнен кеўлим қалыпты.

Әкеме, шешеме дүнья-мал керек,
Ал, маған сүйикли сәўер яр керек ...

Пахта терсем он бармағым ойнайды ...

Бир-биринен жағымлы, бир-биринен шырайлы қосықлар. «Бизиң аўылдың ҳаялларындай бахытлы ҳаял жоқ» деп ҳәўес етер еди Ақшагүл ишинен. Соның ушын да, ол аўылға киндигинен байланып қалды. Ол ҳеш ўақытта аўылдан кетпейтуғынына исенер еди. Оған басқа кәсиптиң де кереги жоқ. Үйли-жайлы болғаннан кейин де усы ҳаяллар менен бирге атызға шығып, жаңлатып қосық айтып жүре береди. Ҳәзир айтпайды, ҳәзир кеўил хошы жоқ.

Усындай себеплерге бола оқыў ҳаққында, басқа бир кәсип ҳаққында бас қатырыў былай турсын, ҳәтте ойлап та көрген жоқ еди. Жазмыштың жетелеўи менен қалаға келди, енди қолында еки ели қағазы жоқ, қәйерге барса «не питкердиң» деп сорайды. Дәслепки ўақытта ҳәр жумысты бир арсынып, бармай жүр еди, тамақ жаман екен, кейнинде аўқат писиргизип, кеңсеме-кеңсе кирип жүриўге дейин үйретти. Жүрис-турысы да бурынғыға қарағанда сәл олпысолпыланайын деди.

Ақшагүл шайын шала-пула ишти де кийинип жолға шықты. Түни менен арақ ишип, азанда басы аўырғанлықтан арман-берман дөңбекшип атырған күйеўин оятпады. Оятса асыла кетеди: аяғымды бас, басымды қыс, қатық әкелип бер. Оның орнына ертерек кешеги кеңсеге барып, кейўаны апай айтқан адамға жолығып көргени мақул. Бир нәрсениң саңлағы бар шығар, бар болмаса қурыдан қуры «ертең кел, биреўге жолықтыраман» дей ме. Әйтеўир, жолықтырған Адамы ийманжүзлирек болып, тентене қылмай алағойса ... Және, ким биледи дейсең, өзлериниң қолайлап жүрген адамы бар ма?

Кешеги бадабаттан жүрек шайды болып қалған Ақшагүл саўлатлы кеңсеге аяғын ғаз-ғаз басып, әсте кирип келди. Қудайға шүкир, бүгин кешеги бәдбәшер киси жоқ екен. Орнында жасы қырқларға шамаласқан жигит тур. «Қараўыллар да жаслардан болады екен-аў, деп қойды ол ишинен. — Айтпақшы, Аўғаныстанда урыста болған шығар». Соң ол кешеги апайды қалай сорарын билмей, аўызда иркилип турып қалды.

— Аўа, женге, кимге келдиңиз? — деди қараўыл жигит.

— Бир... Жасы үлкенлеў апай бар еди.

— Аймереке апа ма?

— Атын сорамаппан.

— Ким-о, мени сорап атырған?

Ақшагүлдиң көзи жарқ ете қалды. Узын дәлиз бенен шелек көтерип кешеги апай киятыр еди.

— Келдиң бе, келиншек? — деп ол Ақшагүл менен қол ушы сәлемлести. — Жүр, кетип қалмай турып хабарласып қалайық.

Олар текше менен төртинши қабатқа шықты. Соң жарма қапылы есикке кирип бир-бирине қарама-қарсы қараған қапының шеп жақтағысына барып есиктиң аўзында иркилди.

— Кире бериң, — деди хаткер қыз. — Сақбай аға бир өзи.

Олар дизилисип ишке кирди.

— Кире берейик пе? — деди кейўаны ҳаял.

— Келиң, келиң, — деди кабинеттеги киси қағаздан бас көтериўге қолы тиймей, — отырың, мен ҳәзир.

Ақшагүл бул кисини кимгедур шырамытты. Анық еслей алмады.

— А-ал, қәнекей, не жумыс еди?! — Кабинет ийеси қағаздан бас көтерди ҳәм изинше әсте орнынан тикейди. — Ҳаў, сен — Ақшагүл емесписең?

Кейўаны ҳаял булардың таныс болып шыққанына аң-таң болып қалды. Ақшагүл болса алыс балалығындағы ўақыялар бирден басына урып, ерни дир-дир етти. Еки бетиниң алмалығы қызарып я отырарын, я шығып кетерин билмей турып қалды.

***

Балалықта қандай да бир жақсы көриў сезими болады. Оны муҳаббат деп ойлайын десең ерси, демейин десең қызғаныш сезими олардың нәресте жүрегин қалай бийлеп алғанын басқаша тәриплеў мүмкин емес. Бәлким, Ақшагүлде де сол пайытлары муҳаббат сезими пайда болған шығар. Ол мектеп дегенде көз алдына Нуржанды келтирер, ер балалар ҳаққында гәп болғанда да сол Нуржан қыялында турар еди. Бир гәп пенен айтқанда мектеп — бул Нуржан, ер бала да — Нуржан. Буны тек иши биледи, басқаларға билдириўге уялады. Уялыўдан бетер өлердей қызғанады. Анасы өлип қапа болып жүрген пайытларда да сол Нуржан кеўлине жубаныш болды. Ол жубаныш болғандай бир аўыз тәселле айтқан жоқ, лекин оны көргениниң өзи, оның менен төрт-бес саат бир партада отырғанының өзи үлкен жубаныш еди. Айырым ўақытлары олардың аяқлары бир-бирине тийип отырады, бирақ, ҳеш қайсысы тартып алмайды. Ҳәр бири өзинше: — «Сезбей отыр ма екен-әй» деп ойлайды да, бирақ сол ойы себепли кеўли бир түрли болады. Егер сезип отырып, аяғын тартпаған болса, онда жақсы. Демек, бул кеўлине унап отырғаны.

Нуржаның да Ақшагүлди берилип жақсы көреди. Лекин, тартыншақлығы еркинен басым келип, ҳеш нәрсе сездире алмайды. Ҳәрдайым бир-бирине көзи түсип, жымыйып, уялғанынан төмен қарасқан пайытлары Сапардың қолына ручка кирип бул партаның өзине тийискен күнин ең бахытлы күн деп санайды. Келешекте буннан да үлкен бахытлы күн бардай, ол қандай болып келеди, буны көз алдына келтире алмайды.

Нуржан қыялынан усындай ойлар кешерин Ақшагүл сезе алмай ишқыста болар еди. «Ер бала да буншелли аўыр болады екен?».

Балалар ҳәр күни мектептен қайтарсын «Огород жердиң» қасындағы кебирде қашарман топ ойнайды. Бул қызлардың ойыны емес — баллардики. Соның ушын қызлар үйлерине қайтады. Лекин, Ақшагүл ярым саатлардың ояқ-буяғында ылақларын айдап сол тәрепке барады. Ылақлары түспегир, айтқанына жүрмей, тум-тусқа жамырасып Ақшагүлди

шала-өкпе етеди. Себеби, ояқта жанлық жейтуғын ҳеш нәрсе жоқ. «Огород жер» қораланған. Оған пышық мурны батпайды. Атыздың қыр дөгерегиндеги ақ кебирде болса ҳәр жерде шөгирмедей ғаўқыйысқан қарабарақ пенен ақ тикенли қарамықтан басқа ҳеш нәрсе жоқ. Қарабарақтың бүршигин ылақ жемейди, қарамықтың пискенлерин болса балалар әлле қашан терип жеп қойған. Соның ушын ылағы түспегирлер ояққа қарап адым атқысы келмейди. Олар Ақшагүлдиң кеўли соярқты күсеп турғанын не билсин. Лекин, Ақшагүл айдап апарады. Бармасына қоймайды. Ол ҳәр сапары барғанында Нуржан тәрептиң баллары утылып, тәрипте жүргенин көреди. Көреди де бир түрли руўхы түсип кетеди. «Неге шаққан болмайды екен? Неге қағылған топты ушардан қақшып алып үш даў болмайды? Болмаса, тәрипке барып қайтып киятырған баланы топ пенен урып-ақ даў алғанда болмай ма?» Оның усы наразылықларын сезип турғандай, Ақшагүлди көргеннен кейин Нуржан жанланып кетеди. Айрықша күш, өзгеше бир шаққанлық пайда болады. Аспанда шырланып киятырған топты маймылдай секирип қақшып алады.

— Ура! Үш даў болдық! — деп бақырысады оның тәрепиндегилер.

— Ақшагүл де кеўилли жымыйып қояды. Соның ушын да, ол Нуржанлар қашан қашарман топ ойнап қалса, дәрриў үйине барып ылақларын айдап қайтып келеди, оны илҳамландырыўушын келеди.

Есейе келе Нуржан түстен кейин Ақшагүлдиң үйине келгишлейтуғын болды. Түстен кейин Ақшагүл үйде бир өзи болады. Иниси оқыўға кетеди, ағасы ғаррылар менен бир де той садақа, бир де шай ишиспе, геўгимде зорға үйди табады. Олар узақ әңгимелесип отырады. Бирақ, әңгимелери оқыған китапларынан ямаса аўылға движоклы кино келгенде көрген фильмлериндеги қаҳарманларынан ары өтпейди. Бул гәплердиң онша керек емеслигин өзлери де биледи, лекин, басқа гәп ашыўға ҳеш бириниң жүреги даўамайды. Мейли, әйтеўир-ақ гәп болсын. Түбинде бир-бири менен әжик-гүжик сөйлесип отырса болды. Соған мәс!

— Ақшагүл, ҳә Ақшагүл! — деп даладан айбарақ салып кирди бир күни үйге Әжибай бригад.

Бул ўақта ол Нуржан менен бир китапты ортаға алып, екеўи ийинлерине ийни тийип отыр еди. Қорыққанынан екеўи де ушып түргелди.

— Ҳәй, оңбағырлар сениң ... Шаппаттай болып! Ең болмаса, әйнегиңнен түскен сәўлеге қарамайсаң ба?

Қараса, жаз отырар шертекке от тийип атырған екен. Олар урман-пурман шелектеги, қумандағы суўларды ала шықты. Әжибай бригад төрт шелек суў алатуғын бакти ийнине салып көтерди. Лекин булардың серпкен бир-еки шелек суўы пайда бермеди. Ылашық жанып питти. Бақанлары түн ярымына дейин қызарып шоқ болып турды. Олар ертеңине аўыл иши дуў-дуў гәп болыўынан қатты қәўетерленди. Әсиресе, Ақшагүлдиң қуры кеби жүрди.

— Шешеси жоқ қыздың болғаны-дә!

Яқ, ондай гәп болмады. Әжибай ондай майда сөзли адам емес екен. Не деген менен ел ағасы емес пе? Шаппаттай балларды гәп етип не абырай арттырады.

Бирақ, усыннан кейин Нуржан ол үйге келмей кетти. Ақшагүл күн санап күтти, ҳәптелеп күтти. Есик «шыйық» етип ашылар ма екен деп қарады. Бирақ, тегинликте «шыйық» ете ғоймады. Дурыс бир-еки рет оған пышық пәнт берди. Бир сапары Ақшагүл ашыў менен оған атошкирди жиберди. Сол-сол екен, пышық та ашық турған айнадан шығып, айнадан киретуғын болды.

Бир күни ол Нуржанға бир бетти ярым бүклеп, партадан алдына ысырып қойды. Онда еки аўыз сөз жазылған еди:

«Неге үйге келмей кеттиң?».

Нуржан қағазды алды. Соң төмен қарап бираз отырды да, қағазды китаптың арасына қойып, китаптың бир жағын көлегейлеп жазды: «Қысынып жүриппен!».

«Неге қысынасаң? От берген сен емес ғой!».

«Мәйли ме, бүгин барсам?».

«Күтемен».

Сол күни олар күн намазлыгерден аўғанша отырды. Тығылып-ақ қалған екен. Бирақ, гәп мазмуны бурынғысынша китабый сөзлерден ары өтпейтуғын еди.

Сегизинши классты баслаған жылы гүзде Нуржан Ақшагүлге хат әкелип берди:

— Өзиңдики ме? — деди Ақшагүл хат услаған қолы дирилдеп.

— Яқ — деди Нуржан.

— Онда кимнен?

— Комсомол секретары берип жиберди.

Ақшагүлдиң ашыўы жүзине теўип сала берди. Хатты кеселеп услады да, жыртып-жыртып ләгенге таслады.

Нуржан «бул не қылғаның?» дегендей гә Ақшагүлге, гә ләгендеги суўда қалқып жүрген хаттың қыйындыларына қарап ҳайран болды.

— Неге биреўлердиң хатын алып келесең? Өзиң не, жигит емесписең?!

Соң ол печьтиң артынан ашыў менен мусылманша орағын алды да:

— Мен сыйырға от ораман! — деди босағада турып. Бул Нуржанға:

— Үйди босат! — дегени еди. Усыннан кейин Нуржан үйге келмей қойды. Ақшагүл класста отырып «Неге келмедиң?» деп хат жазып бере алмады. Беглиги тутты. Лекин, бир жағынан оны аяды. Комсомол секретары жақында институт питкерип келген жигит. Буларға муғаллим есабы. «Мына хатты Ақшагүлге апарып бер» десе, яқ дей алмайды? Бийкар оны өкпелетти! Лекин, ер бала қыздан кеўлим қалды деп бүйтип бултыйып жүре бериўге бола ма? Неге ояқ-бояғына шығып кеўлин таппайды. Ақшагүлдиң оннан басқа ҳеш кимди жақсы көрмейтуғынын сезбей ме екен? «Еркек бала түйеден түскендей аңқаў болады» дейтуғын еди анасы бийшара баяғыда. Сол ырас екен-аў.

Қысқы каникулға шыққан күни Ақшагүлдиң китапларының арасынан бир хат шықты. Үйге келген соң көрди оны. «Ким салып қойды екен? — деп ҳайран болды ол. — Қашан салған? Және Нуржанның жеңгешилигинде исленди ме екен? Егер усы ретте де Нуржанның қолы болса, онда оның менен қайтып сөйлеспеймен! Мектепке барыўдан бөтен партаға көшип өтемен!».

Хатты ашыў менен ашып атырған Ақшагүл, Нуржанның қол таңбасын көрип, бирден тула бедени ысып-лаплап кеткендей болды. Ҳәм қуўанды, ҳәм бийтақатланды.

«Ақшагүл! Мени кешир! Сол сапары балалық етиппен. Қала берди, Қутлымурат ағаға яқ деп айтыўдың есабын таппадым. Жол бойы жыртып тасласам ба екен деп қыялландым. Лекин, оған да қолым бармады. Аманатқа қыянет ете алмадым. Сен оны өз қолың менен жыртқанда қандай қуўанғанымды билсең еди. Маған өкпелеп бақырғанларың, жоқ жерден сылтаў таўып үйден шығып кеткенлериң қандай жарасты десеш! Егер соннан хатты мениң көз алдымда ашып, оның ҳәр бир сөзлери саған унап, еки жүзиң күлимлеп оқып отырғанынды көргенимде мен өзимди қалай услап тура алар екенмен! Буны ҳеш көз алдыма келтире алмайман. Рахмет саған!

Ақшагүл! Мен сен ҳаққында ойлағанымда қарақалпақтың батыр Гулайымы, гөззал Гулпаршыны көз алдыма келеди. Соның ушын да, мен сени қызғанаман! Ҳәммеден, ҳәммеден қызғанаман! Руқсат етсең, сениң Нуржанын».

Ақшагүл усы хатты елеге дейин қәстерлеп сақлап қойыпты.

— Балалар оқып жүрер, уятты, — деп бир-еки мәрте Нуржан жыртпақшы болып оқталып еди, Ақшагүл зорға қолынан алып үлгерди.

— Бул хат маған сол ўақыттағы Нуржанды көз алдыма елеслетеди, — деп әширепилеп жыйрығын жазып қойды. — Мен оны қандай жақсы көретуғынымды билмейсең-аў!

— Ҳәзир не? — деп бир түрли болды күйеўи.

— Ҳәзир де жақсы көремен ғой, бирақ, ондағыдай емес, балаларымның әкеси сыпатында!

Жаслық муҳаббаттың ләззетли пайытлары қандай көп еди. Лекин, ҳеш ким оның мазасын ўақтында билмейди екен-ғо. Булар екеўиниң бир-бирине жүрек сөзлерин айта алмай ентигисип турған пайытлары демде изде қалды. Аўылдағы мектепти питкерди. Бул жыллары мектеп тарлық етип 9 — 10 класс ашылмай атыр еди, соның ушын сегизди питиргенлер толығы менен бес шақырым жерге қалаға қатнап оқыйды.

Нуржанды Әжибай бригад жибермей қалды. Қаладағы мектептиң басшылары да оған бир нәрсе деп гәп қоса алмады. Себеби, Әжибай районда абырайлы адам, мийнет қаҳарманы еди. Ақшагүл де «оқымайман» деп бир ҳәптеге

дейин бармай отырды, аўылдағы мектептиң директоры келип қоймады. Егер бармаса районның атына дақ түседи, «ғалаба орта билимли етиў жобасы» орынланбай, кемтик болып қалады екен.

— Оқыўға баратырып-киятырып жол машынның кабинасына минип жүр ме? — деди Нуржан оны бәндиргиге дейин шығарып салып.

— Қызғансаң бирге апарып, алып келсеш!

— Бригад жибермейди-дә!

— Еле бригад үйлендирмейтуғын-әм шығар.

Нуржан уялғанынан қызарып кетти. Онының «апам жибермейди, дейтуғын кишкене бала қусап, «бригад жибермейди» дегени Ақшагүл түўе өзине де ерси көринип кетти, илаж не, аўыздан шығып кетти.

Нуржанның қызғанғанынша бар екен. Ақшагүл барған күнлерден баслап-ақ жоқары класс оқыўшыларының көзине түсти. Олардың өзи ҳаққында еситтирип айтқанларын талай мәрте өз қулағы менен тыңлады.

— О-ҳо, мына қыздың сулыўын-әй!

— Қайсы бағдың гүли екен?

— Аўылдың бағынан болса керек.

Кейин ала бир-еки бала бәндиргиге дейин бирге келетуғын әдетти шығарды.

— Мен өзим қайтаман, сизлер кете бериң! — деди Ақшагүл ашыўланып.

— Ҳаў, яқшы, қойдық. Бизлер-әм үйге қайтып киятырмыз. Жол ҳәммеге теңлик, жүргизбейсең бе?

— Теңлик болса я озып кетиң, я кейин қалың!

— Тезлигимиз бирдей қусайды-ғо.

«Бийшара Нуржан-аў, деп ойлап қойды Ақшагүл ишинен. Бир аўыз қаттырақ гәп айтсам бир жыл бетлей алмай жүреди. Мыналар ғой, сирә уялыўды билмейди, ҳә десең мә деп турған биреўлер».

Ол қанша қашқақласа да, бунық атының Ақшагүл екенин, биринши аўылдан қатнап оқыйтуғынын билип алыпты.

— Мениң атым Сақбай, — деп таныстырды өзин бир күни балалардың биреўи.

— Жақсы болыпты, — деди Ақшагүл кекетип.

— Оны әке-шешем-әм айтып отыр. Ҳәмме нәрсеге сақ болсын деп, атымды Сақбай қойған. Әсиресе, қызлар мәселесинде сақ болсын деп ...

— Дурыс болыпты. Сәл жерде алданып қалып жүресең бе?

Ақшагүл бул гәпти айтарын айтты да, бирден ернин тиследи. Не қусап баратырман. Кем-кем гәпим алысып, сөйлесип баратырғаным жоқпан ба? Ол мениң қырсық айтқаным менен жумысы жоқ. Түбинде сөйлетсе болды. Бүгин қатты сөйлесем, ертең жумсақ сөйлеўимнен тәме етеди. Неге ондай мүмкиншилик берип атырман! «Кабинаға минбе» деп жүр-аў, Нуржан, пиядалар да әнейи емес екен.

Ақшагүлге ерген көлеңке ҳәр күни изинен қалмады. Ол енди Сақбай ҳаққында ойламайын десе де Сақбайдың өзиниң, досларының айтқан гәплеринен райондағы Есен деген баслықтың баласы екенин, ата-анасы жумыс бабында алыстағы шарўашылық хожалығына көшип кетип, еки жыл оқыўы үзилиске түскен, жасы бар қартымаш екенин билип алды. Усы районға қандай жаңа маркада автомобиль келсе, дәслепкисин булар алатуғынын да өзи айтып қойды қопалланып. «Қыз бала байлыққа қызады» деп ойлаған болса керек. Лекин, ол қанша мақтанған сайын, Ақшагүл соншелли жек көрер еди.

Бир күни оны автобусқа дейин гүзетип салды.

— Ал, яқшы Ақшагүл! — деди қолын созып.

Ақшагүл автобустың екинши текшесине минип атыр еди. «Буныки неси? — деди ашыўы келип, күнде мениң менен қол алысып хошласып жүр ме еди?». Лекин, ерксиз қолын созғанын билмей қалды. Қолын бермесе ҳәмме оны көрмедик нашарға жорыйтуғындай сезилди.

Қолын бермеўи керек екен. Сақбайдың кеўлин сумлық жайлап турғанын аўылдың ақ көкирек қызы қайдан билсин.

Ол Ақшагүлдиң қолынан қысты да, билдирмей төмен қарата тартып жиберди.

Ақшагүл пәске қарай еңтерилип кетти.

— Ҳай, ҳай абайла! — деп Сақбай оны көкиреклигинен қушақлап қалды.

Ақшагүл силкинип қайтадан автобусқа минди. Жол бойы көкиреги тығылып, жылағысы келди, лекин, түскенше

шыдады. Бирақ түскеннен кейин де кеўлин босатып, жылай алмады, бәндиргиде адам көп екен.

Оның денесине екинши мәрте суқ қоллардың жуўырыўы еди. «Өзимди қолға алыўым керек деп гижинди ишинен, үндемесем бул төбеме минежақ». Лекин, тәбиятында бийҳаяшылық жоқ қыздан көгеренлеп турған минез шығаўоймады. Оның қолынан келгени тек суқ нәзерлерден қашқалақлаў болды. Оқыўдан қайтарсын топар-топар қызлардың арасына сиңип кетип, бирден көзге түспей жүриўге тырысты. Тәнеписте сыртқа шықпай орнында отырып қалатуғын болды. Лекин, булардың ҳәммесин Сақбай жақсыға жорыды! —Қыз бала асаў тай, кешегиден қатты үркип кетти. Бирақ, кеўлинде муҳаббат сезими оянды, ушқын түсти, енди оны күлге бекитпей үрлеўим керек, үрлегенде де каттырақ үрлеўим керек, деп түсинген еди Ақшагүлдиң ойлаўынша. Ҳақыйқатында, оның ойы да солай болыў керек. Үлкен тәнепистиң ўақтында муғаллим шығып кетиўден есиктиң аўзында пайда болады.

— Ақшагүл, бир қарап жибер, ким келип тур? — деп қызлар кеўилли күлиседи оған. Ақшагүлдиң ашыўы бетине теўип, қып-қызыл болып кетеди. Шынында он алтыдан он жетиге қараған сол қызлардың биразында изинен ергишлейтуғын жигитлер бар еди. Олар буны бир-бирине мақтаныш етип, сыбыр-сыбыр сөйлесер, тәнепис пайытында жеңилтеклеўлери тахтаға «Света+Жәдигер», «Абатгүл+Ережеп», «Қызларгүл+Дүйсен» ҳәм тағы басқаларын қосып жазып кетер еди. Аты шыққан қызлар уялған болып, дәрҳал өзи жазылған жерин барып өширип таслайды. Лекин, ашыўланбайды, ишинен сүйсинип турады. Он алты жас сондай бир шақ екен да! Бир күни усы жазыўлардың арасына «Ақшагүл+Сақбай» деген жазыў да қосылды. Бул ўақытта Ақшагүл класста жоқ еди. Кириўге қоңыраў болардан сәл алдын келип партасына отырып еди, бирден тахтадағы жазыўға көзи түсти, қалай атлығып барғанын билген жоқ, тахтадағы ҳәмме жазыўларды ашыў менен айбақ-сайбақ етип өширип таслады. Кейин келип отырды да өкирип жиберди. Өксигин тыя алмады. Бул ўақытлары әдебият муғаллими Абат аға классқа кирип келген еди:

— Ақшагүл, не болды саған? — деди журналды столға қойып. Ақшагүл оннан сайын тығылып турған көкирегин жаздырып жиберди.

— Ким зейнине тийди?

— ...

— Бәриңиз барып турған тәртипсизсизлер! — деп бақырды класстағы оқыўшыларға. — Жөниңизге жүрип, сабағыңызды оқысаңыз болмай ма? Келеси жылы мәмлекетлик имтихан болады, сол ўақта көремен сизлер менен.

Соң, әсте келип, Ақшагүлдиң ийнинен сыйпалады.

— Қой, жылама қызым, үп-үлкен қызсаң, бәҳәрде паспорт аласаң. Соң ержеткенлик аттестат... Бой жеткен қыздың жылағаны уят болады-ғо.

Ақшагүл жылағанды қойды, лекин солқ-солқ еткен сайын еки ийни көтерилип-басылып турды. Өмири туўып бундай ашыўланбаған еди, өмири туўып сыртынан бундай ҳүким шығарылмаған еди. Соны көтере алмады ол.

— Яқшы, қызым, бүгинше китапларыңды жыйнастыр да қайта бер, — деди Абат муғаллим. — Бәри бир бул турысында мийиңе сабақ қонбайды. Ендиги сабаққа Гүлмурат шайырдың «Қайраўда жалғыз ғаз» шығармасын оқып таярланып келерсең».

Әдебият ақырғы сабақ еди. Соның ушын оған руқсат берди. Ақшагүл китапларын жыйнастырды да, дүрс-дүрс қәдем басып класстан шығып кетти. Ол классласларына қатты өкпелеген еди. Ашыўланғанда адамның жүриси тезлесип кетер екен. Ҳәп заматта бәндиргиге баратуғын жолдың тең жарысын өтти. Бул ўақта оның изинде әлле кимниң ентигип буған жете алмай киятырғаны сезилди. Ол артына бурылып қараған жоқ. Бәлким, басқа нәрсеге асығып баратырған биреў шығар. Ақшагүлдиң изинде не бар?

Яқ, ырас-ақ, Ақшагүлдиң изинен киятырған екен.

— Ақшагүл, сәл әстерек жүрсе, — деди өкшелесип келе берип. — Саған жетисемен деп өкпем аўзыма тығылды-ғо.

Бул Сақбайдың даўысы еди. «Усы ўақта соны көзим көрсе, жеп таслар едим» деп гижинип шығып еди класстан ол. Лекин, енди «жеп таслаў» былай турсын, нәзер салып қараўға тақаты шыдамады. Дүньяда оннан жексурын адам қалмады оған. Дурыс, Сақбайдың ҳеш кимнен кем жери

жоқ. Он еки мүшеси пүтин, келбети келискен-ақ бала. Бул қарамаған менен оған сыртынан бир пай болып жүрген қызлар көп. Қәнекей, солардың биреўи меншиклеп алып, бул қутылағойса. Жабысқан талақтай, ол Ақшагүлдиң изинен қалмайды. Ақшагүлдиң болса кишкене жүрегинде Нуржаннан басқаға орын жоқ. Ал, Нуржанның пәрўайы пәлек, байдың малындай маңқыйып жүреди де қояды.

— Ақшагүл деймен! — Сақбай Ақшагүлдиң шығанағының тусынан қолтығына қолын өткерди. — Неге кетип баратырсаң? Мен сени айнадан көрдим де, муғаллимди алдап шығып изиңнен жуўырып киятырман.

— Жоқ болсаң-ә! — Ақшагүлдиң аўзынан усы бир жаман сөз ерксиз шығып кетти. Шығанағын тартқылап еди, Сақбай жибермеди. Ақшагүл оң ийниндеги сумкасын төмен алып, Сақбайдың бет алдына салып қалды. Сақбайдың қолы жаздырылып, кейин серпилип кетти. Ақшагүлдиң китаплары жерге шашылды. Сақбай еңкейип жыйнай баслады.

— Тарт қолыңды! — Ақшагүл биз өкше туфлийиниң өкшеси менен Сақбайдың қолының үстинен басты.

— Ўай-ўай, яқшы, жибер! — деп бақырды Сақбай.

— Бәри бир сен меники боласаң! Ата-анаңды пулға жығып аламан! — деп гижинди де Сақбай ғырра изине қайтып кетти.

Бәндиргиде автобус жоқ екен. Түс мезгили еди. Бәлким, аўқатланыўға кеткен шығар. Қулласы, Ақшагүл оны күтип турғысы келмеди. Пиядалап тартып отырды. Жол бойы бир-еки машина тусына келип иркилип:

— Қарындас, отырың, — деп мирәт салды.

Ол бурылып та қарамастан жүрисин даўам ете берди.

— Қалай-қалай? — деп ойлады өзинше. — Үп-үлкен адамлар, сөйлегиси келе ме?

Мүмкин, олай емес шығар. Шаңқай түсте жаяўлап киятырған соң аяды ма, ким биледи. Лекин, күни менен тыс жеп киятырған қыздың қыялынан усындай жаман ойлар өте берди.

— Еркеклер қандай арсыз болады я?! — деп жек көрип кетти ишинен. Бирақ, бул «арсызлардың» ишине Нуржанды қосқысы келмеди. Аўылға шамаласқанда бир трактор изине шамаласып келди де, бирақ озып кетпеди, изине ере берди.

Әри-бери шыдаған Ақшагүл, ақыры бурылып қараўға мәжбүр болды. Қараса — Нуржан! Ақшагүлге қарап жымыйып қояды. Бирден Ақшагүл де күлип жиберди. Көз жасларым бетиме ағып байқыл-байқыл болып турған жоқ па екен, деп еки қолы менен көзлериниң дөгерегин сүртти. Күни менен тоқтаған машиналардың хеш қайсысына бурылып қарамай киятырған қыз Нуржанның кабинасына тез-тез өрмелеп минип алды.

— Ҳарма? — деди күлип.

— Не дейсең? — Трактордың даўысынан еситпей қалған Нуржан Ақшагүлге қулағын тутты.

— Ҳарма деймен! Ҳармасынға да не дейсең дей ме екен, адам.

— Еситпей атырман, бар бол!

— Сонда даўысын әсте қойып айдасеш.

— Әсте қойсам жүрмей қалады-ғо.

— Жүрмей-ақ қойсын!

Нуржан бул гәпке жуўап таба алмай қалды.

— Қалада оқыйтуғын қыз тракторға минбейтуғын шығар деп едим, — деди бираздан соң тартыныңқырап.

— Көрмедиң бе, қәйтип секирип мингенимди:

— Рахмет, көрдим.

— Өзиң қаяқтан киятырсаң?

— Устаханадан. Пахта теретуғын машын айдайсаң деп атыр, ағама жәрдемши болып, соны оңласып қайттым.

— Терип баратырып мениң алдыма бир-еки қанар пахта төгип кететуғын шығарсаң?

— Сениң өзиң-әм машыннан кем термейсең-ғо.

— Сонда да сениң бергениң басқа-дә!

— Мейли, бригад көрип қалмаса!

— Бригад! Бригад! Нәпбәле, нәмнаған жигит болғанша бригадтан қорқа бересең!

Нуржан тағы уялып, гәп таба алмай қалды.

— Билесең бе, бүгин бизлер әдебияттан қандай сабақ өттик? — деди Ақшагүлдиң өзи гәп баслап.

Нуржан ийнин қысты.

— Аўызеки әдебияттан «Аңқаў дийқан» деген ертекти өттик. Айтып берейин бе?

— Айт:

— Бир бар екен, бир жоқ екен, бизиң аўылдай кишкене бир аўылда аңқаў дийқан жасаған екен. Ол ҳәр жылы тары, жүўери егип алады екен. Қараса, адамлар қаўын жеп атырған, буған ҳеш ким бир тилик бермейди. Ашыўы келип, келеси жылы ол да қаўын египти. Қаўыны болық болыпты. Писиўге шамаласыпты. Аралап жүрсе, ишинде бир әлекке қаўын дийқанның көзиниң жаўын алыпты. Әлекке уш бетинен баслап сарғайып киятырған екен. Бир-еки күннен көрсе тең жарысы сарғайыпты. Және бир-еки күн өткен соң толық сарғайған екен. Жаңағы әлеккениң писken ийси атыздың туў-ў ана шетине келгеннен адамның мурнын қытықлап турады екен. Дийқан көреди де, үзиўге көзи қыймай, «писиңкиресин» деп сыртынан сыйпалап кете берипти. Сөйтип, изи не болған дең?

— Не болған? — деди Нуржан аңқаўсып.

— Бир күни барса, жаңағы әлеккени үңгип, сағал жеп кетипти.

— Обалың жоқ, — депти оны еситкен қоңсы-қобалары.

— Ол сағалды неге дузақ қурып услап алмаған? — деди Нуржан.

— Әлекке кеткен соң дузақ қурғанның не пайдасы бар? — деди Ақшагүл күлип. — Дузақты алды бурын қурыў керек еди-дә.

Ақшагүлдиң ойына бул гәплер қаяқтан келди? Қалайынша демде ертек тоқып айтты. Трактордан түскеннен кейин өзи де ҳайран қалды.

— Сениң-әм әлеккеңди сағал жеп кетпесин! — деди Ақшагүл трактордан түсип атырып күлип.

— Жемейди. Атам пешехана қурып басында жатыр.

— Аңқаў-аў! Усыған ертек айтып жүрген мениң есим жоқ, — деп күйип-писти Ақшагүл ишинен. Лекин, қандай аңқаў болса да оған Нуржаннан өтетуғын инсан баласы жоқ. Оны сол аңқаўлығынша, сол садалығынша жақсы көреди.

Усыннан кейин Ақшагүл еки күнге дейин мектепке бармай қалды. Үшинши күни ақыры барды, Барса, партасының текшесинде бир хат турған екен. Алып көрди. «Ақшагүлге Сақбайдан» деп жазылған. Почтадан келген емес, қол менен әкелип қойып кеткен. Оның және ашыўы келди. «Ким маған жеңгешилик етип жүрген. Хатты биреўден берип жиберген

ғой». Соң, бул ойын өзи бийкарлады. Себеби, Сақбай сондай көкиреги өскин, оның үстине бир-еки жас үлкенлиги бар, тис қаққан, қәлеген классқа тартынбай кирип кете берер еди. «Демек, хатты өзи әкелип қойып кеткен».

Ақшагүл хатты оқымастан жыртып таслады. Ол қайтарсын да, киятырсын да, Сақбайдың нәзерине түспеўге урынар еди. Буған еристи де, лекин, партасында хат турыўын даўам ете берди. Бул да оқымастан жыртып таслай берер еди. Бир күни жаслар газетасының «Сырласам» клубында «Е. Сақбай, Кегейли районы», деген мақаланы көрип қалды. Дәслебинде оқымайман деп өзин бираз усласа да, ақыры еркине күши жетпеди, оқыды.

«Мен бир қызды оғада жақсы көрип қалған едим. Ол аўылдың қызы. Анасы жаслай өлип қалған. Әкеси ғәрип-ҳал киси. Жоқ жуқалаў турады. Лекин, мени қыздың үйиниң иши, күн көриси қызықтырмайды. Оны бир күн көрмесем тура алмайман. Бирақ та ол қыз маған ҳеш ризашылық берген емес. Деген менен, ишинен ишинен шеп көрмесе керек деп ойлайман. Себеби, қыз бала яқшы деп айтпайды ғой. Қала берди, аўылда өскен, уялшақ қыз.

Бир күнлери мениң кимге аўаланып жүргенимди ағам сезип қалыпты. Шақырып алып, қатты кейиди:

— Әкени абырайлы ететуғын да — перзент, жер менен жексен қылатуғын да — перзент, — деди ол маған. Көптен бери сениң жүрис-турысыңды бақлап жүрмен. Не ислеп жүргениңди билесең бе, заңғардың баласы? Өскен уяңа бир қарамайсаң ба? Мениң ул өсиргендеги, қыз өсиргендеги арзыў-үмитим — өзим менен зәңгилес, барысып-келискендей жер менен қуда болыў. Ал, сен болсаң еки көзиңе ерк берип, өмиринше кесасы ағармай киятырған биреўдиң қызының изинде ентелеп жүрсең. Көкиректеги көзиңди оятыў керек сениң, билдиң бе? Буннан былай сениң ол соқпақлардан жүргениңди көрмейин! Гәп тамам!

Әкемниң мына гәплери маған қатты тәсир етти. Адамды мал-дүньясына қарап жақсы көриў керек пе? Бир жағынан бәлким дурыс шығар деп те ойлайман. Мениң әкем ақылсыз емес ғой. Лекин, мен сол қызды ҳеш кимге қыя алмайман. Не ислеўим керек? Мәсләҳәт бериң».

Әбзели, бул мақаланы оқымағаны жақсы екен. Оқыды да жүрегине ништер қадалғандай болды. «Қайтып Сақбай атлыға нәзерим түспегей» деп ант еткен еди сонда.

Кейўаны ҳаялдың ертип келген адамы сол Сақбай еди.

***

Ақшагүл ғырра изине айланып, шығыўға оқталды. Албырағанынан күпә-күндиз қапыны таба алмас еди.

— Ақша, тоқта! — деп Сақбай столының қапталынан өтип жетип келди. — Қаяққа баратырсаң?

Ақшагүл үндемеди.

— Таныс па едиңиз? — деди кейўаны ҳаял ҳайран болып.

— Таныспыз. Бизиң аўылдың қызы бул!

Ол кейўаны ҳаялға «сиз кете бериң» дегендей ишара билдирди.

— Кел, бир заман отыр, жиберемен сонда да.

— Мен билмей кирип қалдым.

— Зыяны жоқ. Жаўға келмедиң ғой! Еле баяғы үркеклигиң қалмаған.

Ол Ақшагүлди шығанағынан тартыншақлық пенен услап алдыңғы орынлықлардың бирине отырғызды.

— Қалайсаң, сөйтип? — Қара я, тәғдирдиң шеберлигин. Сени көрмейтуғын шығарман деп ойлайтуғын едим. Балаларың бар шығар?

— Бар.

— Алды нешеге шықты?

— Тоғызыншы класс.

— Жақсы екен. Тракторшы күйеўиң аман ба?

— Аман.

— Көрдиң бе, сени көрмесем-әм кимге турмысқа шыққаныңды билемен.

Ақшагүл үндемеди.

— Пай, сол заманлар! Демде өтти кетти, — деп керилди Сақбай. — Беглигим тутып гәрдиймей, изиңнен қалмаўым керек екен. Әттең ...

— Мен барайын ... — Ақшагүл орнынан турмақшы болды.

— То-о-тоқта, — деди Сақбай албырап. — Сени көрип, өспиримлик жылларым ерксиз есиме түсип кетти. Неге келгениңди-әм сорамаппан.

— Жаңағы апай, биреўге жолықтыраман деп алып келип еди. Ол адамның сиз екенин билмеппен.

— Болады, болады! Мен ол апайға жумысқа қолайырақ бир келиншек излеп көр деп айтып қойып едим.

— Рахмет, енди ол жумыстың маған кереги жоқ.

— Бала болмаса, Ақшагүл! Өткен ис өтип кетти. Мен не жаманлық иследим саған? Бир мәрте автобустан тартып ...

— Есиме салмаң.

— Қойдым. Демек, сиз енди бизге жумысқа киресиз?

— Яқ. Кирмеймен. Өзимниң жумысым бар.

— Билемен, қандай жумысың барын. Сыртыңнан ҳәрдайым көрип қаламан. Лекин, бундай жүзбе-жүз ушыраса алмайтуғын шығарман деп ойлайтуғын едим. Енди ол жумысыңды қой. Мен сизге Аймереке жеңгейдиң айтқан жумысын алып беремен.

— Кимнен?

— Баслықтан.

Ақшагүл суўық демин алды. «Қудаға шүкир, бунның өзи баслық емес екен».

Сақбай Ақшагүлдиң алдына бир бет қағаз бенен ручка қойды.

— Арза жаз.

— Кимниң атына?

— Қорықпай-ақ қой, мениң атыма емес. Еле жаслықтағы қайсарлығың қалмапты-дә! Министрдиң атына.

Ақшагүл қәлер-қәлемес болып ручканы алды. Сақбай арзаның баянын айтып турды. Арзаның мазмуны бойынша бул хожалық ислерин жүргизиўши болады екен.

— Енди сиз усы жерде отырып турың, — деди Сақбай арзаны қолына алып. — Мен министрге қол қойдырып шығаман.

— Сыртта тура берейин.

— Яқ, яқ, усы жерде отыр. — Сақбай Ақшагүлдиң кетип қалыўынан қорқар еди. — Мен ҳәзир бир минутта қол қойдырып шығаман. Бул жумыстың еркин маған тапсырып қойыпты. Артықмаш гәп болыўы мүмкин емес.

Ол артына қарап-қарап асығыс шығып кетти. Ақшагүл басқа кеңседен усындай жумыс таўғанда ушып-ушып қуўанар еди. Ҳәзир болса қуўаныўдың орнына абайсызда торға түсип

қалған қояндай ишинен қалт-қалт етип отыр. «Ат баспайман деген жерин үш басады дейтуғын еди. Мени тәғдирдиң өзи оның алдына айдап әкелген болмаса не жақсы! Және ески қосығын басласа не қыламан? Қой, бәле келип пе?

— Минекей, бир заманда ис питти! — деп Сақбай кеўилли кирип келди. — Қутлықлайман! Хожалық ислерин жүргизиўши боласаң. Қараўыңда үш сипсекеш, еки қараўыл, еки уста болады. Усы имараттың биринши қабатынан төртинши қабатына дейинги барлық нәрсениң хожейини өзиң.

Сақбай столының төмениндеги қоңыраўды басып, хаткер қызды шақырды.

— Танысып қой, Ақшагүл деген апаң болады. Бүгиннен баслап хожалық жүргизиўши. Ҳәзир қәнигелер бөлимине ертип апар, буйрық таярласын. Анаў-мынаў ҳүжжет деп кейинге силтемесин, ислеп жүрип таярлай береди. Мен өзимәм қоңыраў етемен.

Ақшагүл хаткер қызға ерип, қәнигелер бөлимине барды. Сақбай қоңыраў етип айтқан болыўы керек, бул жерде оны көп ирикпеди. Сақбай оның изинен келди.

— Жүр, жумыс орның менен таныстыраман.

Төменде оларға Аймереке менен кешеги екинши ҳаял да қосылды.

— Кише, сиз ертип келген соң жан бар ма, Ақшагүлди жумысқа алдық, — деди Сақбай күлип.

— Жүдә мақул болыпты.

Төменги қабаттың шарбаққа шығар аўзында кишкене бир бөлме Ақшагүлдиң жумыс орны екен. Онда бир стол, бир отырғыш, және бир-еки бос орынлық бар екен. Төр бетте төрт-бес таза бел, пол жуўғыш ағаш, еки шелек тур.

— Буларды складқа апарып қоясаң, — деди Сақбай. — Жүр енди, складты көрсетемен.

Олар төртеўи шарбақтағы складқа өтти. Складта әдеўир нәрселер бар екен. Матрас па, көрпе қап па, көпшик қап па? Палас, тағы басқа да қағаз қутылар бар.

— Мине, усылардың бәри сениң бийлигиңде болады. Енди буларды бирме-бир Аймереке жеңгейден қол қойысып, қабыл етип аласаң. Соң актлесесиз, мен актиңизди тастыйықлап беремен. Бүгинше усының өзи үлкен жумыс.

Ҳақыйқатында да, алыс-берис оғыры майда жумыс екен. Ымырт жабылғанда зорға болды. Жары жолдан ертеңге қалдырып кетиўге болмады, сәл жерде ҳаял-ҳаялға исене ме? Не де болса болып кеткени мақул.

— Мен сени не деп таныстырарымды билмей, қорқа-қорқа барып едим, — деди Аймереке жумыс арасында. — Көргеннен қаўып түсеғойды. Болмаса, мына Сақбайың бар ма, өлип көрмеген. Шық-шығына таяп сорап, мийинди ғыр қылады.

Аймереке енди Ақшагүл өзиниң өтимлилигине мақтанса керек деп ойлап еди. Қайта бир аўыз да жуўап ала алмағанына қысынып, қолайсызланып қалды.

— Аўылыңыз бир ме еди? — деди әлленемирде тағы.

— Аўа, бир мектепте оқыдық.

— Сонда баяғыдан бери келмейсең-аў, аўқат тасып, ҳәр есикке барып жүргенше.

— Ол да жаман талап емес еди-ғо.

Ақшагүл оны қайтарып таслағысы келди.

— Қәйдем, өзлеримиз ислеп көрмеген талап болған соң қыйынсына беремиз-аў, — деди Аймереке жуўып-шайып. — Жумыстан барған соң балаларымыздың аўқатын зорға писиремиз. Қазан-табақ адамды шаршатады.

— Апа, баяғыда бир қыз айтқан екен, «қазаннан қара нәрсе жоқ, жесең қарның тойдырар» деп. Сол айтқандай, қазан-табақтан шаршадым деўге де бола ма?

— Ол дурыс ғой, садаған кетейин, қазаннан айырмағай. Гәп оның аўыр-жеңиллигинде емес, бурынырақ келгенинде мына жумысты мойнымнан түсирип қутыларман дегеним еди-ғо. Я маған қосып атырған айлығы жоқ.

— Көп ўақыт болды ма буның бос турғанына?

— Төрт ай болды. Үш рет адам ертип әкелдим. Бирин опақ деди, бирин сопақ деди, усы Сақбайға адам жақтыра алмай-ақ қойдым. Алдынғы ислеп атырған келиншекти де, шуқлап-шуқлап ақыры шығарып жиберди. Сен бир дегеннен унап қалдың.

Ақшагүл түсин суўытып, үндемей қалды. «Басланды, деп ойлады ишинен. Енди усы жерден жипә-жиксиз изине гәп ертип алмаса болғаны-ғо. Бәлким, ертеңнен баслап, тым-тырыс келмей қалағойсам ба екен? Өйтсе, баллары не ишип

жейди? Нуржанның болса «хожалықты өзим бағайын» деп қағынып-силкинип шығатуғын түри жоқ.

Ол жол бойы да усы ойлар менен бәнт болды. Неге Нуржан бундай салпаўсыған еркекке айланып қалды. Аўылда кимсең Нуреке еди-ғо. Газетлер сүўретин таласып басты. Дәслеп районға, соң республикаға депутат болды. Бүгин булардың ҳәммеси ертектей.

Әсиресе, қосылған күнлери қандай шийрин демлер еди. Екеўи ашық-машық болды. Журтқа билдирмесе де, бирбириниң ашықлығын ишлей, жан жүреги менен сезинер еди. Олар аўылдағы ең жас жубайлар болды. Он жети жасында қосылды-аў булар. Жаңа тоғызыншыны питкерип еди. Сентябрьге бир ҳәпте қалғанда сорап келди. Сонда ол мектепти питкере алмай қалғанына өкинген жоқ. Бәри бир пахтакеш болғысы келетуғын еди бурыннан. Буның ушын тоғызыншы класс саўаттың өзи жетип артады.

Сол жылы жазда Нуржанның әкеси аўырыўлы болды. Аўыл ишинде сыбыр-сыбыр гәп кетти. «Нурнияз рак болыпты-мыс». Оқыўдың басланыўына бир жети күн қалғанда Ақшагүлдиң үйине Әжибай бригад пенен Нуржанның атасы Пирнияз ғарры келди. Ғарры жүдә болдырған еди. Дастурхан басына отырғаннан кейин көп ўақытқа дейин еки ийнинен дем алып, ентигип отырды.

Гәпти Әжибай бригад баслады.

—Таңатар аға, хабарыңыз бар шығар, Нурнияз быйылғы бәҳәрден берли нәўқаслы болды. Бүйирин ұслап ҳәр жерде отыра беретуғын еди, аязлаған шығарсаң дейтуғын едик биз, яқ, баўырда гәп бар екен. Бир ҳәптеден бери жатаққа жатты. Пирнияз ғаррының аўҳалын өзиң көрип отырсаң. Көзиниң тирисинде балам бир келин көрип кетсин, деп келип отыр.

— Солай шырағым, — деди Пирнияз ғарры да көкиреги сырылдап. — Әжибай бар гәпти айтқан шығар, қулағы қурғыр бурынғыдай емес. Бир сөзин еситсем, бир сөзин еситпеймен. Аллатааланың маңлайымызға жазып қойғаны көп екен ғой, шырағым. Алды бурын мени алса болмай ма?

Ғарры қамсығып, еки ийни селкилдеп жылады.

— Қойың Пирнияз аға, шықпас жаннан үмит бар деген,— деп Әжибай оған тәселле берди. — Дуқтырлар-әм қудай емес, алжасады.

— Я-а?!

— Дуқтырлар алжасқан шығар деймен! Ертең Нурнияз аяққа турып кете ме, не билесең?

— Аўмийин, балам! Айтқаның келгей.

— Сөйтип, Таңатар аға, мына Ақшагүл қызыңызды Нуржанға сорап келип отырмыз.

Ақшагүлдиң әкеси бираз ўақытқа дейин үндемей қалды.

— Әжибай иним, бир баламды күш күйеў етип қолымнан алып бердиң, енди қызымды сорап отырсаң, мениң изиме түсип алдың-ғо, — деди қолындағы шай кесеге ойшаң үңилип.

— Сөзимизди сыйлайды деп еркинсиймиз-дә, Таңатар аға.

— Қәйдем, қызым еле нәресте ғой! Мектепте оқып атыр, инстот емес ...

— Ата-баба «он үште отаў ийеси» деген-ғо. Қызыңыз сизге жас көрингени менен аўыл-елде әлле қашан бой жеткен қызлардың қатарына қосылды.

Дастурхан басында бир заман үнсизлик ҳүким сүрди.

— Бул үйде нашар тұқымы қалмайды-аў, иним. Қартайғанда мен ыссы аўқатсыз қаламан ғой.

— Неге қаласаң? Еки үйдиң ортасында бары-жоғы бир атыз. Қуда қәлесе, атыздың ортасындағы аяқ соқпақ даңғыл жол болады. Ақшагүл шаққан нашар, әўеле қудай еки үйдиң аўқатын писириўден шаршамайды. Бир-еки жылды артқа салсақ, мына Қудайберген инимиз де келин әкелип берер.

Қулласы, сол күнги жаўшылық ул болып шешилди. Әжибайдың өзи қала бетке барып, мектепти «дым билмеген» қылып, көндирип келди. Бир ҳәпте ишинде баса-бас той да берилди. Тойдан кейин аўылдың еки-үш ғаррысы келип нан сындырысып, пәтия оқыды. Нуржанның атасы қудасының үйине еки саўын әкелип байлады. Бул Ақшагүлдиң қалың малы еди.

Сол жылы қыста, декабрьдиң қыраўлы күнлеринде Нуржанның әкеси қайтыс болды.

— Жол меники еди ғой, ўах, нетесең, қудай, алды бурын неге мени алмадың? — деп зарланар еди Пирнияз ғарры келгенлерге.

Аўылдың дәстүринде өлини үш күн қондыратуғын еди. Екинши күн дегенде песиннен аўған пайытлары ғарры

жығылды. Жаназада жүргенлерге пырлас тийип қалды. Зыр жуўырысты.

— Доктор шақырың.

— Тамырын көриң.

— Бетин желпиң! Шамалын бериң.

Лекин, ғарры сол жығылғанның өзинде-ақ алланың аманатын тапсырған еди. Аза үстине аза! Сәршемби күни Нурниязды, пийшемби күни ғаррысын шығарды. Аўыл адамлары, болдық ағайин-туўғанлар төрт күн жүрип, бул хожалықтың қайғысын бөлисти.

— Нуржан балам, белди беккем буў! — деди аўыл ғаррылары, марҳумның баласына тәселле берип. — Енди усы үйдиң өтағасы өзиңсең. Әкең барысып-келискен жерлерге барыўың керек. Ананды, келиншегиңди, үкелериңди бағыўың керек. Ер адам хожалықтың асыраўшысы болады. Сен бул аўыр мийнетти еки ийиниң менен теңдей көтериўиңе туўра келеди.

Мине, сондай ўазыйпаны жаслайынан мойнына алған Нуржан еди бул. Ол жумыстан қаншелли шаршап келсе, Ақшагүл соншелли пәйик болып хызмет етер еди. Оның май сиңген комбизонларын ышқы етип отырып жуўар еди. Ол комбизонда жағымлы еркек ийиси, өзи сүйген адамның ийиси бар еди.

Ақшагүл үйге кирип келгенде күйеўи қуўыста шай ишип отырар, қызлары аўқат асып, қазан бетте жүр екен.

— Келдиң бе, мамасы? — деди Нуржан жумсақ ҳаўаз бенен. — Қаяққа кеткениңди билмей отыр едик. Ыдысларыңның бәри үйде.

— Барман ғой, — деди Ақшагүл бийпарўа. Кирер-кирместен жумысқа киргенин айтқысы келмеди. Айтқандай кеўил хошы да жоқ еди.

***

— Мама, бүгин бизлер ушын сәтли күн болыпты, — деди Арзайым аўқат толы табақты ортаға қойып. — Сен жумысқа өттиң, мен англичан тилин үйрениў бойынша репетитор таптым.

— Оған неше сом береди екенбиз?

Ақшагүл төленетуғын пул көз алдына келип шоршып кетти. Лекин, қызына билдирмеўге тырысты.

— Ҳеш нәрсе төлемеймиз.

— Ол қандай сақый ағайин. Изинде қоңыраўы жоқ па екен, әйтеўир?

— Бул англичан оқыйды, бизлер китабын жалаймыз, — деди Қуўат қапталдан.

— Отыршы, шошаңламай! Тап усы аўырманлығы саған түсип турғандай? Бир нәрсе десең шыр-р ете қалады.

— Мениң пуқта балам-дә! — деп Ақшагүл оны еркелетип басынан сыйпады. — Сөйтип, неғып жарылқап отыр ол? Еркек адам ба муғаллимиң, ҳаял ма?

— Ҳаял. Қызын узатпақшы екен. Соған ҳәр күни бир мезгил келип, көрпе-көрпеше сырып бересең деди.

— Сен соны келистире аласаң ба? — деди ағасы гәпке араласып.

— Үйде көрпешелердиң бәрин өзим-ғо сырыған.

Дурыс. Ырасында да, Ақшагүлдиң аяқ көсилип отырып, көрпе сырып, көрпеше соғатуғын ўақты болған жоқ. Дүньяға шыққалы жамбасы жерге тиймей жуўырыў менен киятыр. Бир-еки көрпешениң басын баслап, қызына жол-жоба көрсетип бергени болмаса еки аршаның үстиндеги жүкти де бир қолдан шығарған усы қыз. Әсиресе, оның жыңғыл сабаўды бирим-бирим шырпылдатып, пахта сабап отырғанын көргенде Ақшагүл сыртынан «түп-түп, жаман көзден сақласын. Айнымаған апамның өзи» деп жағасына түпирип қоятуғын еди. Өнердиң зыяны жоқ екен, мине алдынан шықты.

— Кемпир, сизлерге жарысып мен ҳәм жумыс таптым,— деди Нуржан табақтан кейин шегинип.

— Кемпир демеш! — Ақшагүлдиң ашыўы келип кетти. Бүгин көрди-ғо, өзинен еки жас үлкен Сақбай шашын майлап тарап, кабинетине киргенде, шыққанда трюманың алдына бир тоқтамай өтпейди. Нашар көринсе еки көзи жеп баратыр. Буның отырғаны, сексенге шыққан ғаррыдай, «кемпир, кемпир» деп. Еле қырқ беске толмай атыр.

— Ҳе, кемпир деген жаман ба? — Нуржан жетим баладай жалтақлады.

— Жаман емес ғой, қудайым кемпирликке жеткерсин. Сонда да ҳәр нәрсениң ўақты-сәти бар. Жасыңның ушына шығып отырған жоқсаң. Үлгересең кемпир деўге!

Нуржан үндемей қалды. «Кеўлине тийип алдым-аў» деп қолайсызланды Ақшагүл.

— Ал, айт, қандай жумыс? Айлығы неше сом?

— Айлығы тапқаныңа қарап.

— Не табасаң?

— Алтын, гүмис.

— Не?! Адамлар тамағын зорға таўып жүргенде алтын гүмисти қаяқтан табасаң? Я Үстүртке жер бураўлаўға барасаң ба?

Нуржан мыйығынан күлди.

— Бул нәрсе кеше Тоқташтың үйинде отырғанда пайда болды. Ой-буў, Тоқташың бала, еркек адамына бергисиз-ғо. Он алты қалта Астананың унын әкелипти. Отыз баклашка спирт. Және бир қамтым теңгеси бар. Булар еле бизлерге көрсеткени. Көрсетпегени қанша екенин қудай билсин.

— Баклашкисинен ишкен шығарсыз?

— Бир баклашканың ярымын зорға таўыстық. Көзимизше соқты. Дисводасын-әм сояқтан әкелген. Яман күшли екен-ғо, спирти. Бизлер Жаңабай екеўмиз тамды жағалап қайттық, әйтеўир. Кейин ақшасын таўып берсеңиз бир баклашкадан спирт берип жиберемен деп отыр еди, қайтарсын спирт кимниң спирти, қара басымыз зорға келдик.

— Сөйтип, алтын-гүмисти не деди?

— Алтын-гүмис демекши, енди сондай зат апараман деди Тохташ. Кешегиде бир КАМАЗ гешири былығып кеткен. Еле де жаңағыдай, онлаған кило алюмин, мыс, қалайы темирлер әкеткен екен, сол абырайымды жаўды деп отыр. Сонда бир адам менен жолығып келипти. Барады да бир қолдан тапсырады, бир қолдан ақшасын алады.

— Поездға темир салдыра ма екен?

— Не менен апаратуғынын билмеймен. «Ояғы мениң жумысым» деди-ғо.

— Сонда сизлер алтын-гүмисти қаяқтан табасыз?

— Алтын-гүмис емес-аў, мен мәзи асырып айтып атырман. Жаңағыдай, алюмин ыдыс, сым, мыс қуман, мыс труба, соған усаған гөр-жер.

— Сол «гөр-жердиң» табылыўы аңсат деп отырсаң ба?

— Мусор таслаған жерлерде көп дейди-ғо. Аўылларды араласаң-әм табылатуғын қусайды.

— Қайдам, мен бир айлықлы жумыс тапты ма екен деп қуўанып кетсем... — Ақшагүл салқын кейип билдирди. Бул, оны қуўандыраман деп асығып күтип отырған Нуржанға бир түрли тәсир етти.

— Усы заманда айлықлы жумысқа умтылып атырған адам бар ма? — деди кеўлин жубатқысы келип. — Ҳәмме бизнеске умтылып атыр.

— Сонда мусор тинтиў-әм бизнес пе?

— Бизлердей кәмбағалларға аўысқан бизнес сол-дә ... Бир мусор тинтиў емес ғой, бирақ. Аўыллардан жыйнаймыз, ел аралаймыз. Баяғыда музейге зат жыйнағанлар-әм үсейтип, ел аралап тапқан дейтуғын еди-ғо, муғаллим.

— Оның жөни басқа ...

Лекин, буның жөнининң қандай екенин Ақшагүлдиң өзи де түсине бермейтуғын еди. Бизнеске де ол исенбей келди. Қыялына буның бәри алдамшы, ўақытша нәрседей көринди. Бүгинги булқытып пул саўып жүрген бизнесменлерди ертең бир күн қара нанға таңылып қалатуғындай көз алдына елеслетер еди. Як, керисинше олар алға илгерилеп баратыр.

Әсиресе, аўылдағы Сапар фермер болыпты. Ҳүкиметтен қарызға пул алып, жигирма сыйыр сатып алыпты дегенди еситкенде жүреги сүў ете қалды. Балалықтан оны жек көрсе де қатты аяды ишинен. Сөйткен Сапардың маллары жүзден асыпты. Хожалығында үш машыны бар. Жақыннан бери «меншикке автобус алыпты, Ташкент-Нөкиске қатнатып қойыпты» дегенди еситип атыр. Әне, буны бизнес десе болады. Нуржан болса биреўге темир-терсек жыйнап берип, қолынан шыққанын алатуғын болғанға мәс болып, «бизнес» ке өттим деп отыр. Шаққан болмаса, кисиниң бир ықлымнан екинши ықлымға өтиўи қыйын екен-дә! Ертерек умтылмадың ба — көш изинде қала бересең. Не де болса буған да шүкир! Жетисип кетер. Айдың он беси қараңғы болса, он беси жақты деген.

Қулласы, Ақшагүлдиң кеўли алғаў-далғаў еди. Бир жағынан Сақбайдың қараўына жумысқа киргенине арсынды. Арсынғаннан бетер бир күн болмаса бир күн Сақбайдың

қақпанына түсип қалатуғындай сезине берди өзин. Усыны ойлағанда тула бойына қалтыратпа тийгендей болады. Бармай қояғойса ма екен, Яғаў, неге бармайды? Жас бала емес ғой, асыла кететуғын. Ақыл тоқтатқан адам. Оның үстине буның да жаны бар емес пе? Еркин кисиге берип қоя бермес! Маңлайына урар-аў, бала-шағасы аштан өлсе де!

Ол буған жубаныш табады, лекин, Нуржанның тәғдирин ойлағанда алды туйық көшеге кирип қалғандай. Он еки мүшеси пүтин дырдай азаматтың, сөзиниң алды-артын билмейтуғын еки если хаялдың қолына қарап қалғанын айтпайсаң ба? Неге ондай болды? Буның ер жигитлик намысы қайда? Не ушын ҳәмме нәрсеге көмпис болып баратыр? Тоқташқа темир-терсек жыйнап бериўге арсыныў былай турсын, Жаңабай, Ықлас, Көмеклерден көбирек жыйнаўға ҳалласлап отырғанын айтпайсаң ба? Тап, жас баланы кампит берип алдастырғандай.

Аўылдан шығып кетпегенде Нуржан сирә бундай ислерге қол урар ма еди? Бәрине Әжибай бригад себепши. Әжибай жетти булардың басына. Есине түскенде иши ғыж-ғыж қайнап турады да, той-мерекеде көрсе қос қоллап сәлемлескенин билмей қалады. Қәдимги мусылманшылық. Жасы үлкенди сыйлаў керек. Өзи де тас гереҢ болған. Адам таныўы да ғарқ емес. Қолын көзине көлегейлеп:

— Қай баласаң? — деп турады.

Соннан кейин булар ҳәммесин умытып жибереди. Болмаса, пай ўақтында қутырды-аў! Баслықтың гәпин өре бастырмайтуғын еди.

— Қайпан жерди неге екинши суўдан кейин шүдигарламадың! — деди баслық бир сапары оған.

— Оны үш күннен кейин шүдигарлаймыз, — деди Әжибай бригад.

— Үш күнге дейин төңкерилген кесек болады, — деди баслық.

— Әй, иним усы пахтаны мен егип, келе қылып жүргенде, сен путыңа шаппатлап жүрген бала единң, билдиң бе? Шүдигарлайман ба, шүдигарламайман ба — буны өзим билемен. Гүзде сол жерден 32 центнер пахтаңды өлшеп ала берсеш! — деди нықыртып.

Баслық қып-қызыл болып кетти. Атыздағы ҳаяллардан уялды. Дым үндемей машынына минди де, қапысын тарс еттирип жаўып айдап кетти. Бригад гүләңгир қораздай мардыйып турды атыздың басында. Буны өз көзи менен көрген адамлардың демлери ишине түсип кетти. Қайтып биреўи бунның бетине келер ме, сирә!

Әжибай, бирақ, қанша озбыр болса да, Нуржанға үндемейтуғын еди. Себеби, Нуржан өз исине пукта. Қаршадайынан араласқан соң трактордың бул билмейтуғын уңқылшуңқылы жоқ. Егисте де Нуржан тап салып береди. Еки жүз-үш жүз метрлик атызды ана басынан мына басына дейин қалай дүп-дүзиў шығаратуғынына ҳайран қаласаң. Тап, шыжым тартып, соның үстинен жүрип шыққандай.

Теримде де сол аўҳал. Басқа ХВСшилер бес айланғанда бункери толмайды. Бул еки айланып келсе болды, тележкаға аўдарып атырғанын көресең. Пахта машынның изинен теримшилер түседи. Сондайда таласып атырғаны.

—Ҳәй, табельшик қәйним. Мениң жалымды аўмастырып бер. Бәрҳа Нуржан терип кеткен қарыққа мен түсе беремен бе? Оның изинен ешки жибергенде бир хана таўып жей алмайды.

Ырасында да, Нуржан шаласыз теретуғын еди. Соның ушын да оның бункери еки айланып келгенде толады. Басқаларда да усындай трактор. Лекин, нәтийже басқа.

Бир сапары районда машина терими кеш басланып қалды. Район басшысының жан ийнине от түсип атырған.

— Әжибай аға, машина теримин сизиң бригададан баслаймыз, — деди ол. Хожалық бойынша машиналарды жыйнап бир жерге саламыз. Сонда ең биринши таза терген ҳәм биринши бункер толтырған тракторшыға «Урал» мотоциклин беремиз.

Сол күни терим байрамға усап кетти. Атыздың шетине бийик етип байрақ қыстырып қойды. Баслық атыздың басына үлкен шүлен қазан асып, қашар сойды. Сомавар қайнап турды. Районның биринши басшысы басында турған соң, басқаларға не сөз бар. Атыздың басы жайнаған девит болды. РайПОның баслығы үлкен бир «Зил» машинаға тийеп «Урал» ды атыздың басына әкелип қойды. Дөңгелеги жер баспасын деп төменге түсирген жоқ.

Атызға он алты машын бирден түсти. Сол күни теримшилерди де қасындағы атызға салды. Ҳәммеге түслик аўқат басында берилетуғын болды. Ақшагүлдиң еки көзи пахта машиналарда еди. «Қудайым, абырай бергейсең-дә!». Биринши қарықты шықпай атырып-ақ, бир трактор бузылды.

Район басшысының ашыўы мурнының ушына шыққан болыўы керек.

— Қаяққа қарап жүрсең?! Жазы менен не питирдиң?! — деп баслыққа кийлигип бақырып атырғаны теримшилердиң қулағына ап-анық еситилип турды. Әжибай бригадқа бирақ, үндеген жоқ. Соған қарағанда басқа аўылдан келген трактор болыўы керек. Пахта машынлар еки айланып келемен дегенше төртеўи атыздың ортасында турып қалды. Мине, машиналар екинши рет айланып келди. Әдеттегидей, Нуржанның машинасы қаңтарыўлы турған тележкаға қарай жүрди.

— Бул ким деген тракторшы? — деп сорады ақсақал.

— Нурнияздың баласы, — деди Әжибай бригад шырп етип. — Аты Нуржан!

— Атасына рахмет! Раўаж, түсир мотоциклиңди жерге!

РайПОның баслығы мотоциклди түсирди. Әжибай бригад бала жиберип, ҳәмме пахта машынлардың ийелерин жыйнатты. Кишигирим мәжилис болды.

Район басшысы мотоциклди салтанат пенен Нуржанға тапсырды.

— Ақшасын сен төлейсең! — деди баслыққа. Ақшагүл булардың ҳәммесин өз қулағы менен еситти, өз көзи менен көрди.

Келеси жылы Нуржан районлық кеңеске депутат болып сайланды.

Сол-сол екен, Нуржанның асығы алшы болып келе берди. Депутат болған жылы байраққа «Москвич» алды. Бәҳәрде «Урал» ды сатып, инисин үйлендирди. Қулласы, аўылда он төрт жыл гүрлеген тракторшы болды. Республикаға депутат болған жыллары галстук тағып, шоштыйып жыйналысларға келип кетер еди.

Кейинирек районның биринши басшысы басқа жаққа өзгерди. Баслық та кетти. Қулласы, Нуржанның қәдирин билетуғын аўылдағы Әжибай бригадтан басқа ҳеш ким

қалмады. Лекин, ол да үлкенлер қоллап турған соң буны хошаметлейди екен. Олар өзгергеннен кейин жийи-жийи Нуржанға доқ уратуғын әдетти шығарды.

— Гәрдийе бер ме бала, сен болмаған менен ҳүкимет қулап қалмайды, — деп кийлигетуғын еди ҳеш жерде ҳештеңе жоқ.

Нуржан үндемейди. Әкесиндей адамға не десин. Лекин, күнлердиң күнинде жипә-жексиз азап беретуғын еди.

— Усы талапты қояғойғанымда не қылар еди? — деп үйге келип сырныққан ўақытлары болды.

— Қойғанда не ислейсең? — деп оған тәселле береди Ақшагүл. — Жасы үлкен адам бақырады, шақырады. Бәри бир усы аўылдың күнине жарап отырған сен-ғо. Таслап кетсең хызметинди минлет еткен боласаң.

Ырасында да, қысы-жазы буған тыным жоқ. Гүзде пахта тереди. Қыста аўылдағы хожалықларға Бәшерден жыңғыл тасыйды. Январьдың жарысы аўыўдан «Үш там»нан қый әкеледи. Басқа тракторлардың я тележкасы, я тракторының барабаны кетип атырған. Барабаны беккем тек усыники. Төгин төгип болса Алтайға отырып, бульдозер айдайды, жер тегислейди, шел шабады. Соң сүрим, тырма-мала қулласы, жыл он еки айда буған тыным жоқ. Сөйткен соң минлет қылғысы келеди-дә! Әжибай бригад соны билип, алды бурын көкирегин басып қояйын дей ме, қайымын таўып буған бақырғысы келеди де турады.

Бир күни түнде барахашылар таң алдында әйнекти қақты. Онда Нуржан ғөрек теретуғын машинасын туўарып, пахта жегизип атырғанына жаңа еки күн болып еди.

— Нуржан ағаны милиция әкетип қалды, — деди пахта жегизип атырған көмекши баллар.

— Ҳе, неге? — Ақшагүл шоршып түсти.

— Бригад пенен төбелесип қалды. Соң ол милиция шақырып, айдатып жиберди.

Ақшагүл ҳаўлығып барып енесин оятты. Үйдиң иши бир заманда ала-топалаң болды да қалды. Нуржанның иниси «Москвич»ти ходлады. Барса, Нуржанды көрсетпейди. Әжибай бригад нәўбетши милиционердиң алдында отыр.

— Ал-ҳа, Нуржан, сеннен шебер адам жоқ, дегенге көзиниң ети өсип кеткен буның! Асықпай тур, еле түрмениң төринде ширитемен!

Әжибай буларға еситтирип айтты буның бәрин.

— Бригад қурдас, мениң балам не қылды саған? — деди Нуржанның анасы даўысы дирилдеп.

— Не қылыўын күтип единң?

— Ҳаў, ҳеш нәрсе!

— Мине, балаңның өнери! — бригадтың шеп жақ шекеси көгерип кеткен екен.

— Балаңыз қамалады, — деди нәўбетши милиционер. — Басшыға қол көтергени ушын қамақ жазасы тайын. Мийнет қаҳарманын сабағаны ушын бәлким қосымша жаза да алатуғын шығар. Оны судта көресиз.

Нуржанның анасы қанша жалынып-жалбарғаны менен Әжибай бригад шаштынан түспеди. Нәўбетши милиционер болса Нуржанды көрсетпеди, бир аўыз тиллестирмеди де. Ақыры, булар қызарып күн шығып киятырғанда үйге қайтты. Кейин билсе ўақыя былай болған екен ...

Таңғы саат үште ғөрек машын бир тележка ғөректи жеп болған. Лекин, тележканы пунктке апаратуғын Қаржаўбай келмепти. Ол Әжибай бригадтың ҳаялының жийени еди.

— Пахтаны сен апарып қайтасаң, — деди Әжибай Нуржанға.

— Қаржаўбай қайда?

— Не жумысың бар қаяқта екени менен! Адамларды түўеллейтуғын, руқсат беретуғын мен. Түс қәне, тележкадан.

Нуржан бараха айдаған еки бала менен тележкада пахта басқылап тур еди.

— Қаржаўбайдың өзи апарсын, — деди де Нуржан басқылаўын даўам ете берди.

— Не дедиң?!

Нуржан үндемеди.

— Көзиңниң ети өскен екен, атаңа нәлеттиң баласы!

— Атама тил тийгизбе! — деди Нуржан артына бурылып қарап.

— Неўе?! Сен еле маған гәп қайтаратуғын болдың ба? Дуз ишип, дузлығына түпирген, жетимек!

Ол усыны айтты да, атыз шетиндеги қақ кесеклерди алып, Нуржанға зыңғыта баслады. Еки бала секирип түсип кетти. Нуржан тас боранға тап болғандай, жайнаған кесектиң астында қалды. Әжибай бригад кесеклегени менен де турмай, ҳәр ылақтырған сайын «ўа, жетимек», «сен қусағанды атаң менен әкеңниң изинен жиберемен!», «Ҳа, атаңа нәлеттиң туўғаны», «әкеңниң аўзының сылаўмай жаққаны» деп үсти-үстине сөгер еди. Нуржан тек еки бетин көлегейлей берди. Дырдай кесеклер гә жаўырынына, гә билегине, гә шығанағына шақ-шақ тийер еди. Ақыры, жан ашыўы, шетенли тележканың үстинен жерге секирди. Үш метр жерден секириўдиң өзи бола ма, Нуржан бирден орнынан тура алмады. Шеп аяғы сызлап аўырды. Усы ўақытлары тележканы айланып келген Әжибай Нуржанның арт бетинен бир тепти. Нуржан жер қаўып жығылды. Енди оның шыдамы таўсылды. Сыйласық деген усындай-ақ болар. Ол еки қолын таянып түргелди де, пәт пенен керилип, бригадтың шеп жақ шекесине бир муш урды. Әжибай бригад үйиўли қоқтың үстине барып жалп ете қалды. Нуржан изинен барып урмады.

Әжибай үсти-басын қағып турды да:

— Асықпай тур бала, көресини енди меннен көресең! — деп атқа минип, арқа тәрепке қарай узын-қуйын шаўып кетти.

Нуржан өзине келе алмай бир заман отырды. Не ислеп қойды? Бунның кейни не болар екен? Мийнет қаҳарманына қол көтерди. Әжибайға аўыл адамлары түўе баслық та батырып гәп айта алмайды. Тазадан келген район басшысы болса, туў анадайдан машынынан түсип қос қоллап сәлемлеседи. Нуржанның керек десең атын да билмейди. Сонда бунның сөзин ким сөйлейди? Лекин, қол көтермегенде не ислеў керек? Таяқ өтип баратыр. Таяқтан бетер сөзин айтса, еки аўыз гәптиң биринде «жетимек». Не, әкеси өлмеген адам бар ма? Қудайға шүкир, баласының алды он жетиге шыққанда өлди, келин түсирип өлди. Қалған жағында мине, алдында анасы бар. Изинде иниси бар. Сондай адам жетим бола ма екен? Бул бир адамды мұқатыўдың, бассыныўдың жолы-дә! Ҳүкимет бар шығар,

сорайтуғын шығар буннан-дә! Айтады сонда, тилин байлап тасламаса!

Деген менен, пахтаны тапсырмай қалдырыўға болмайды. Онда барлық айып буған шөгеди. Пахта терим компаниясына қарсы шыққан болады. Сиясатқа бурып жибереди булар. Оннан кейин исиңниң аты жоқ.

Көмекши баллар я Нуржанға тәселле берерин, я дым үндемей жатақ жерге кетерин билмей, ҳайран болып шелдиң басында отырып еди.

— Шелекте суў бар ма? — деди Нуржан оларға.

— Бар, аға, — деп баллар ушып түргелди.

— Қуйып жибериң, бет-қолымды жуўып алайын.

Нуржан ярым шелек суў менен бети-қолын, мойынларын жуўды. Үсти-басын қақты. Болдық кесектиң шаңы үстине сиңип қалған екен, зорға кетирген болды.

— Мен ҳәзир үйге барып, прицепти алып келемен, — деди Нуржан балларға. — Сизлер кетпей турың, тележканы тиркесип жибересиз.

Трактордың артындағы «П» ҳәрибине уқсап кететуғын прицеп ғөрек шайнайтуғын механизмди қосқан ўақытта алып тасланатуғын еди. Бунысыз ҳеш нәрсе ислей алмайсаң. Трактордың кейнинде еки дөңгелектен басқа нәрсе қалмайды. Былайынша қарасаң әбеший, жулған таўықтай болып турады. Қаржаўбайдың тракторы атыздың шетинде таяр тур. Лекин, ол кисиниң тракторын айдағысы келмеди. «Киси кийими киршил» деген. Нуржан прицепти әлленемирде улы-пысылды болып алып келди. Соң оны тракторға қатырды. Бараханы жаздырды. Енди тележканы тиркемекши болып, бәстирип атыр еди, атыз шетине төбеси қызыл-жасыл болып жанып, бир жеңил машина тоқтады. Ишинен еки милиционер ҳәм Әжибай түсти.

— Әне, қаҳарман! — деди Әжибай бригад буны көрсетип.

— Мийнет қаҳарманына қол көтеретуғын қаҳарман ба? — деди милиционерлердиң бири.

— Аўа. Жудырық қаҳарманы бул!

Солай етип, трактор турған жеринде қалды. Еки милиционер буны ортаға алып қалаға алып кетти. Әжибай бригад машынның алдына минип барғанша булқып барды. Ол енди ҳақыйқый жеңимпаз еди. Ертеңине Нуржанның анасы Бағда

кемпир, бөлим баслығы, аўылдың жас үлкени Нурлыбай өндиристи излеп кетти. Өндирис демекши, ол отызыншы жыллары биринши колхозда агроном болып ислеген, усы қараған елатта оны сыйламайтуғын адам жоқ.

— Сен пахтаңнан қалма, — деди енеси Ақшагүлге. — Және бригад қурдас булар үйиниң иши менен «дизиртир» деп жүрер.

Әжибай бригад жек көрген адамын «дизертир» деп атағанды унататуғын еди. Сөйтсе жаны жай табады, душпанын жеңгендей хәз етеди. Бағда кемпир оқымаған болса да, сол сөздиң жаман екенин биледи.

Сол күни ол баслықты, Нурлыбай өндиристи алып Әжибайға барды.

— Яқ, — депти ол. — Қырқ төртинши жылы фронтқа барып, еки жыл урыста жүргенде жүзиме дақ түсирмей келдим. Енди келип-келип, өзимниң тракторшымнан таяқ жеймен бе? Кеширмеймен!

Сол жатыстан Нуржан қамақта үш күн жатты. Әжибай бригад кеширим бермеди, арзасын қайтып алмады. Аўылда, сол қараған елатта оннан кеширим сорап бармаған абырайлы адам қалған жоқ.

— Мейли, кеширим беремен, — депти ең соңында. — Бирақ, аўылдан көшип кетсин. Бир ҳәпте ишинде көшемен деп тилхат берсин.

— Ол қалай болады? Елден көшириў деген жан қоңсысына қыянет қылса, ямаса, кисиге қарай алмастай жүзи қарашылық ислесе, сондайда болатуғын еди. Бул не деп көшеди?

— Не деп көшпейди! Мени сабап, және үстимнен күлип жүре ме аўылда?

— Күлмейди! Күлип ақмақ па?

— Ақмақ болмағанда әкесинен үлкен адамға қол көтере ме? Мен буның әкесинен тоғыз ай үлкенмен. Және бригад атым бар, елдиң жасы үлкенимен.

— Жасы үлкени болсаң кең бол, кеширим бер. «Үлкен — көпир, кишкене — кәпир» деген. Бул кәпир-ақ болсын.

— Жүдә жаныңыз ашый қалды-ғо.

— Ашымағанда қәйтемиз. Ел болып отырып, шаппаттай баланы көширип жиберип, қалай журт бетине қараймыз.

—Мен қарайман журттың бетине, мен! Билдиң бе? Мен үйиниң иши менен көшсин деп атырғаным жоқ-ғо, қатынын еритсин де, тартсын салдаўрын. Усыған қараған жумыс исленбей-ақ қалсын!

Адамлар ақыры, соған-ақ қайыл болды. Милиция Нуржанның тилхатын алып шығарды. Ақшагүл менен Нуржан Нөкиске көшетуғын болды. Нуржан еки күн жүрип, қаланың бир шетинен кирейге жай таўып келди. Сөйтип, ноябрьдиң ақырында бир палас, төрт-бес көрпе-төсек ҳәм жетер-жетпес қазан-табақ пенен, жолшыбай машын услап Нөкиске көшип келди.

Ҳеш нәрсеге түсинбеген қызы Арзайым ушып-ушып қуўанды.

—Ўәрре, бизлер қыдырып баратырмыз.

—Еле көресең, —деген еди сонда Нуржан Әжибай бригадтың сыртынан гижинип. —Нөкисте мине деген гүрлеген хожалық боламан. Сонда ишиң жанып, пушайман боласаң.

Қайда саған! Сөйтип гижинген азамат бүгинлиги Тоқташқа «алтын-гүмис» таўып беремен, номай ақша бережақ деп жүреги шәўкилдеп отыр. Ўай, жазмыш деген-ә!

Алыс-алысларда шақырған қораздың даўысы еситилди. Ақшагүлдиң көзи илинип кетти.

***

Ол қанша шаршап уйқыласа да, күндегидей кеўли бир жәм емес еди. Сонлықтан жүреги шай тартқандай болып тез-тез ояна берди. Ҳәр оянған сайын «неге бундай болып атырман?» дейди де, соң күндизги ўақыя есине түсип, қайтадан кеўли алғаў-далғаў болады. Қыялына ол күтилмегенде өз жолынан адасып баратырғандай еди. Неге булай иследи? Еле де изге қайтыўға болмай ма? Болады әлбетте! Лекин, қайтқанда қаяққа барады? Және сол ыссы кастрюль менен қалайы табақты баўырына басып күндеги кеңселердиң есигинде тентене бола ма? «Ендигиден былай мен барда келегөрме, қарағым» деген қараўыл ғаррының жүзине қалай қарайды? Өзин басқалдақтан ийтерип жиберген таза кеңсеге сирә да изеп баспайтуғыны турған гәп. Сонда буған қайсы есик «кел» деп қол былғап тур.

Пешанасына усы жазылған екен, енди тәўекелге бел байлайды, ислей береди. Сақбай адам жемес! Қыз күнинде ерк бермеген қайсар нашар, кейўаны ҳаял болғанда сынағояр ма екен? Әўеле қудай, сынбайды!

Ҳә демей таң саз берип, бөлмеге жақты түсе баслады. Ол, балтыры ашылыңқырап қалған қызының көрпесин дурыслап қымтастырып қойды. Бөлмениң полы еле питпей атырғанлықтан аталы-балалы ҳәммеси бир жайда тығылысып уйқылайтуғын еди. Төрде Нуржан, оның бержағында Есен, оннан кейин Қуўат, соң Ақшагүл, анасының оң жағында қызы Арзайым жатады. Ҳәрдайым ерте турғанда Ақшагүлдиң есине журттың ырымы түседи. «Қыз бала есик бетте отырса, үйдиң дәўлети қайтады». Мүмкин, усыннан шығар деп қыял етеди ол ишинен, бир тапқанымыз бир тапқанымызға жетпей жүргени. Лекин, ырым деп қалай өз қызын әкесинен жоқары жатқарады, Мусылманшылық қайда, ата-анаға ҳүрмет қайда, «Қой, қәрекең ырым етеди, ырымы қырын кетеди» деген, еле қудай жарылқап бақ қараса, бул күнлер демде умыт болып кетеди.

Соң Ақшагүл болар-болмас нәрсени ойлай бермей кеўлин шалғытыў ушын нәзерин жоқары бурды. Былтыр бәҳәрде жаўын өтип сыбаўы түскен пәтик еле солайы менен тур еди. «Астапыралла, сирә еркеги бар үйге усамас, күни менен соқта ойнағанша ярым шелек ийлеп сыбап таслағанда пәтиктиң қамысы салбырап турмас еди». Ол күйеўине бир түрли қарас пенен нәзер салып еди, жүзиндеги ўақтынан бурын түскен қат-қат әжимлерди, әсиресе, алдынғы тислери опырылып қалғанлықтан, ишке кирип кеткен еринлерин көрип, қатты аяп кетти. Ол баяғы Нуржанға сирә да усамас еди. Ол ўақытлары қандай суқсырдай жигит еди Нуржан! Оның үстине дуўпыяз! Азанда-кеште қолын содылап жуўып ара-арасында майдың ийсин алсын деп үстине әтир суўға дейин сеўип қояды. Онысыз да Нуржанның үстинен басқа тракторшылардай майдың ийси шықпайтуғын еди. Я жақсы көрген адамының анаў-мынаў кемис қутығы билинбей ме? Қулласы, Ақшагүлге салсаң аспанның астында еки жигит болса биреўи усы, жалғыз болса онда тек Нуржан! Ол мурты жаңа тәп берип киятырған дәўиринде Сақбай қусағанлардың

жүзине бергисиз жигит болды. Енди-ше Сақбай сол жигит қәлпинде қалғандай, ал Нуржан ўақтынан бурын тозып, қартаң тартып баратырғандай. Сақбай бурынғыға қарағанда әдеўир толысқан, қарны бар.

Лекин, қарны өзине жарасымлы. Үстинде ақ көйлек, ҳаўайы рең костюм-шалбар, мойнында қызыл галстук. Шашлары еле мойылдай қап-қара. Сөйлегенде үлкенниң де, кишиниң де иши-баўырына кирип баратыр. Әбжил. Қулласы, Нуржан менен салыстырғанда биреўи кем-кемнен нурланып, ал биреўи сарғайып баратырған гүзги дараққа усайтуғын еди. Нуржанға нәзери түсер екен, Ақшагүлге әсиресе усы нәрсе аяздай батты. «Бул неден болды?» Неге оны қалада да трактор айдатқанша, өзим ислеп жүрип оқытпадым? Лекин, енди булардың бәри кеш еди. Бир жағынан айып бунда да емес. Өмир бойы трактор айдағанлардың ҳәм жыңғылдай қәддин тик услап, еки бети шыжықтай қызарып жүргенлери бар. Нуржанды турмыс қартайтты, Нуржанды жетпесинлик құртты. Нуржанды жипә-жиксиз көрген азап-уқыбетлер болдыртты. Ол кеўлинде ҳеш нәрсе жоқ, сада ғана аўыл баласы еди. Турмыстың ашшы-душшысына, гез келгенде дус келетуғын наҳақлықларға өзин қайрап өспеген еди. Бундай адамлар әлбетте, өзин тез алдырады, моркөмик болады.

Қалаға келген күнлердеги оның кеўил хошы қандай еди дейсең? Ол қаладан шылт жаңа төрт дөңгелекли трактор таўып айдайман, оның тележкаларының алды-артында светлери жарқырап жүреди, кабинасы жыллы, ишинде перде тутылған, бәлким радио да болыўы мүмкин, ал сигналы «Волга»никинен кем болмайды деп қыял етер еди. Лекин, ҳеш бири оның ойлағанындай болып шықпады. Қала Нуржанға мүтәж емес екен. Оның даңқы-абырайы аўылы менен қосылып сол жақта қалып кеткенлигин кейин билди. Бирақ, оны тиклеў мүмкин емес еди. Буны қаладағы ҳеш мекеме басшылары танымады, ҳеш ким «ҳаў Нуреке, келдиң бе?» деп алдынан күлип шықпады. Бәри буған салқын қанлы қарайтуғын еди. Иләж қанша, жедебелленип барған кеңседен ол ийни түсип, салпаўсып шығатуғын болды. Бара-бара буны ҳәр кимнен дәкки жеп көзи қорқып қалған жетим баладай жасқаншақлық бийлеп алды. Усылайынша ол үш

күн бос жүрип, ең кейнинде көгалландырыў мәкемесиниң шашылып қалған гөне тракторын жигирма еки күн дегенде зорға қурастырып, үйге айдап келди. Бунының өзи буған үлкен қуўаныш еди. Әсиресе, кишкене Арзайымға ағасы самолёт айдап келгеннен кем болған жоқ. Еле емизиўли Қуўат бунының парқына бармайтуғын еди. Нуржан тракторын үйдиң алдына тек бир күн қойып үлгерди. Кеште көлик пенен келип, азанда есигиниң аўзынан минип кететуғын болғанына риза еди. Бирақ, ертеңине үй ийеси Турдымурат аға оны шай ишип атырған жеринен сыртқа шақырып алды.

—Мына тракторды бүгиннен баслап үйдиң қасы былай турсын, усы көшеден айдап келгениңди көрмейин, — деди оған бармағын силтеп. — Өзиң қаяқта жасап атырғаныңды билесен бе? Бул үй сеники емес — мениң үйим!

Сол-сол екен, кишкене Арзайым қайтып трактор қарасын көрмеди. Нуржан азанда пияда кетип, кеште және жаяў қайтатуғын болды. Бирақ, оның басшылары жақсы еди:

— Қосшым, күндиз рульде отырып, үйге пияда қайтыў лётчиклерге жарасады, тракторыңды минип кете бер, — деп еди.

Нуржан үйбетиндеги болған ўақыяны оларға айта алмады.

— Қоятуғын жерим жоқ, үйдиң қасы тар, — деп төмен қарады, болғаны.

Оның қалаға келип сиңисе алмай әўере-сарсаң болып көп жүриўи, қала берди Турдымурат ағаның жоқ жерден баҳана таўып, өгей баласына бақырғандай азап бериўлери кем-кемнен руўхын сындыра баслады. Буны ол ўақытлары Ақшагүл де, Нуржанның өзи де сезбеди. Мине, енди жасы жетпей урты ойылып, тислери түсип қалғанда билди. Билгенде де оны Ақшагүл сезди. Нуржан өзиниң бул аўҳалына өкинип те, таңланып та қарамайды. Ол тәғдирдиң исине көнип, көмпис болып қалған.

Жаман трактор-әм сол ўақытлары хожалықты асыраўға жарайтуғын еди. Кеңсесиниң ара-арасында сары май, тоқ пенен сойған арзан гөш, гейде байрам алды деп шошқаның консервасын алып келеди. Бирақ, бул үйде ақ қойдың консервасын ҳеш ким жемейди. Сонда да таслаўға көзи қыймайды. Бир күни усындай төрт қуты консер-

ваны Ақшагүл тартына-тартына кирейге отырған үйиниң бийкесине апарып берди.

— Газханаға қоя ғой, — деди Малика жеңгей кербазланып. — Мен ондай мәкириў затты усламайман. Арақ ишкен ўақытта ағаң жейтуғын шығар.

Сөйткен «мәкириў» затты оның қалаға апарып орысларға сатып жүргенин Ақшагүл сыртынан көрди. Бирақ, көрмегенге салды. Өзиниң де бойын көрсетпеўге тырысты. Ақыры, оңысық керек еди.

Арадан үш-төрт жыл өтти. Ақшагүл аз-азлап трактордан тапқан күйеўиниң айлығын жыйнап баслады. Оған руўзыгершиликтен аўысқан өзиниң табысын да қосент қылды. Журт сары май жесе булар маргаринге қанаатленди. Сол жыллары қысы-жазы базарда капуста көп болатуғын еди. Булар ушын ең арзан аўқат гөшсиз писирилген суп болды. Не болса да ыссы аўқат, нан басып жесе әп-әнедей тамақ болады. Сөйтип, тийинлап жыйнамаса қашанғы кисиниң қуўысында отырады. «Тартып ишсең тай қылады, қорқып ишсең қой қылады» деп ата-баба бийкарға айтпаған.

Лекин, бул күнлердиң де ақырын бермеди. Бир күни Нуржан таң атқанша үйге келмей қалды. Ақшагүл узақ таңға кирпиги илинбеди. Ол бунның менен қослас болғалы дүзде қонғанын көрген жоқ еди. Марғыланда болса да келер еди. Бәлким, тракторына бир нәрсе болған шығар? — деп ойлады ишинен. Яки жигитшилик етип кетти ме екен? Әй, яғаў! — Ақшагүл өз ойынан өзи қорқып кетти. — Басқадан шықса да бул әдет Нуржаннан шықпайды.

Ертеңине азан менен үй ийеси Турдымурат аға бир милиционерди баслап кирип келди.

— Келиң! — деди ол босағада турып. — Усы көшеде қырқ жыл жасап, ҳеш ўақта есигиме милиция излеп келген жоқ еди. Қараңыз жуқпай турып үйди босатып қойыңлар.

Ақшагүл нениң не екенине түсинбей, ар-сары шығып қалды.

— Сиз Пирниязов Нуржанның кими боласыз? — деди милиционер сумкасынан үлкен блокнот алып атырып.

— Келиншеги.

— Ҳм ... Күйеўиңиздиң неге келмегенин билесиз бе?

— Яқ, аманлық па еди?

— Күйеўиңиз қамалып атыр.

— Ҳаў, неге?!

— Кейин билесиз.

Соң сораў-жуўаплар басланып кетти. Нуржанның ҳаслы ким, аты теги қандай, аўылда не жумыс ислеген, бурын судланған ба, қулласы гәп көп ...

Ол милиционер кеткеннен кейин урман-пурман кийинди де, Қуўатты көтерип, Арзайымды әнтек-тәнтегин шығарып жетелеп, түрмеханаға келди. Лекин, оның көкиреги ҳәўлирип, асығып келгени менен ҳеш кимниң иси жоқ еди. Бул жерде оған еки саатқа дейин күйеўин көрсетпеди. Соң көрсетти.

Ўақыя былай болған екен.

Бул ўақытлары март айының баслары еди. Ерте бәҳәрдеги терек путаў пайыты. Көгалландырыў мәкемесинен арнаўлы бригада дүзилип, Нуржанның тракторы менен терек путаўға шыққан. Жумысшылар жол шетине қойылған трактордың бортының мүйешине минип турып, қуўраған путаны шаўып атырған ўақытлары тележканың артына зыңғып киятырған КАМАЗ келип урылады да, бортта турған жумысшылардың биреўи салманың ишине ушып түседи, екиншиси шуй төбеден шаншылып тележканың астына түседи. Изинен келип урған пәт пенен тележка жүрип кетеди де, жығылған бийшараны және үстинен басып өтеди. Жәбирленген еки жумысшының биреўи емлеўханаға түседи, екиншиси сол жерде қаза болады. Рульде қаннан хабарсыз отырған Нуржанды сол ўақыттың өзинде апарып басып таслайды.

Бул жерде Нуржанның айыбы жоқ деп көп адамлар Ақшагүлди ҳәм оның аўылдан келген енесин жубатқан болды. Лекин, истиң болажағы булар ушын қараңғы еди. Жетпесе-жетпесин, баяғы аман отырған күнлери ақ күн екен, Ақшагүлдиң тәшўишине мың тәшўиш қосылды. Тис-тырнақлап жыйнаған пулларын күйеўиниң жолына шаша баслады. Сорағанын берип адвокат жаллады. Лекин, бунның шашып атырған дүньялары басқаларға салыстырғанда аз ба, көп пе, ояғын билмейди, бирақ, өзине салса тақыяда тамтығы қалып атырған жоқ. Суд боламан дегенше Нуржанды айына бир мәрте ғана көрсететуғын еди. Көрсететуғын күн жақынлаған сайын жүреги алып ушатуғын Ақшагүл, айна-

ның аржағында бетлери домбығып искен, көзлери көгерип отырған күйеўин көргенде, жүреги қан жылап үйге келгенше солығын баса алмады. Оған тәселле айтатуғын бир қудайдың бендеси жоқ. Өзи жылап, өзи қояды. Бирақ сестин шығармайды, иштен өксийди. Оның усы жортыпжуўырыўлары ҳеш қандай нәтийже бермеди. Нуржанды бир адамның өлимине себепши болғанлықта айыплап, бес жылға қамап жиберди. «КАМАЗ»дың ийесиниң ким екенин Ақшагүл биле алмай-ақ қойды. Ол суд болмай турып-ақ өзин арашалап алған екен. Нуржанның арашалап алатуғын кими бар, берген жылын арқалап кете берди.

Ақшагүл күйеўи келемен дегенше тағы тис тырнақлап пул жыйнап, оның үстине енесиниң сатып берген бир қой, бир ешкисиниң пулын қәрежет қылып Табақсайға бир мәрте изинен барып қайтты. Аты қамақ демесең олар таўдың етеги, пәкизе жерлер екен. Лекин, тәғдиринде бундай боламан деп ойламаған Нуржан әбден түскинликке түскен, шашының еки самайы толық ағарып, қулақларының ишине жүн шығып кеткен еди.

Ол қамақта толық отырмады, үш ярым жылда қайтты. Лекин, алдынғы гүрек тислери сынып, шеп ийнинен майрылып келди. Оның неден болғаны тек өзине ғана аян. Бул ҳаққында Ақшагүлге де ашық-айдын бир нәрсе айтпады. Ондағы баяғы ўақты хошлық, балларын басынан сыйпалап еркелетиў сыяқлы қәсийетлерден из де қалмаған еди. Балаларға да үйге бийтаныс адам келгендей, Қуўатқа «ағаңа бар» десе ширенип кейин қарап қашады, қулласы, енди баяғы Нуржан жоқ екенин Ақшагүл иш-ишинен сезер еди. Есенди болса ағасы келместен еки ай бурын туўды, ол Табақсайда болған үш күн ишинде бойына питкен ҳәмиле еди.

Ақшагүл кешеги алған уннан қамыр ийлеп отырып, усындай азап көрип, сағы сынып қалған күйеўинен баяғы өр минезликти күтиўдиң енди пайдасы жоқ екенин тағы бир мәртебе абайлады. Әттең, қолдан келер шара жоқ. Ўақыт изге қайтпайды.

Шайға дастурхан жайған ўақытлары баллар оянды, изинен Нуржан түргелди.

—Арзай, мен жумысқа кетемен, — деди Ақшагүл қызына. —Қамыр ашығаннан кейин Гүлайда апаңның тандырын қыздырып жаўып ал. Соң үкеңлер менен ташки апарып, аўылдағы дүкәннан бир қалта ун әкелиң. Екинши қалтаның пулын қайтып берегойсын.

Ол күйеўине ҳеш нәрсе айтпады. Айтқан менен пайдасы жоқ. Нуржан бүгин Тоқташтың буйыртпасы бойынша «алтын, гүмис» жыйнаўға кетеди. Не болса да оның кеўлин алдарқатып жүргени Ақшагүл ушын бир нәўие тәўир сыяқлы.

***

Сақбайдың жаслық ўақыттағы қылықлары әбден мийинде мөрленип қалғанлықтан Ақшагүл жумысқа аманат ғана барып қайтар еди. Илажы барынша жоқары қабатларға көтерилмейди. Жоқарыда бул араласқандай жумыс та жоқ. Негизинде бул, сол төрт қабатлы имараттың барлық үскенелерине хожейин болыўы керек. Лекин, жаслығынан кисиге буйырып сөйлеп көрмеген Ақшагүл қараўындағы сипсекешлер менен қараўылларға да бийҳазар болды. Оның усы жуўаслығына бола ма, ҳәр сәскеге таман Аймереке апасы қасына келип:

— Аўа, баслық келин, бизлерге не тапсырма бар? — деп сорарын сораса да, ҳештеңе айтпайтуғынын билип, қасындағы орынлыққа қолын артына таслап отыра кетеди. Жаңылсын бул бар жерге кирмейди. Улыўма ол ҳеш нәрсе менен иси жоқ, жайқыйған ҳаял екен. Қараўыллардың биреўи еле қырққа келе қоймаған, жеңил тәбиятлырақ жигит. Өткен-кеткен келиншеклерге: «Кише, қалай, ағам ход па?» деп бир гәп айтып қалады. Дәслепки күнлери Ақшагүлге де айтып баслап еди, бул дым үндемей өте бергеннен кейин қойды. Ақшагүлди баспалдақтан ийтерип жиберетуғын киси жасы әдеўирге барған, қулағы аўырлаў адам екен. Минези де түспейтуғын гүндедей, өзинше министр менен Сақбайдан кейинги адам мен деп ойласа керек. Соған бола оған сырттан келген адамлар тил ушы сәлем береди де өтеди. Сәлемлеспесе де оған бәри бир. Бул жерде тек Аймереке батыр. Ақшагүл «кел» десин, демесин кирип бара береди.

Ара-арасында қурттай ашылысқаны болмаса, Ақшагүл онша Аймерекениң гәплерине қосыла бермейди. Қосылатуғын рети де жоқ. Бул жерге ол бийгана. Сақбайды жаслығынан таныйтуғынын айтқаннан гөре, айтпағанын мың мәрте абзал биледи. Айтса ким биледи, изине қандай гәп еретуғынын. Солай да ол бул орынның мың айтқан менен ким болса соған «келдиң бе, арзаңды жаз да кире-ғо» дейтуғын жер емес екенлигин күн өткен сайын аңлай баслады. Аймереке де сол күни буны аяғанлықтан, мәзи айтып салған болса керек. Ертеңине тек ўәдесине тутылып ертип барды. Ол Сақбайдың қатты сыншыл екенин, етеги елпи, жеңи желпи болып жүрген ҳаялларды қабыл ете бермейтуғынын билер еди. Бирақ, усы сапары неге буған қаны қата қалды, түсинбеди. Екеўиниң «ешек қасыспасы бар» деўге ҳаялды оған мүнәсип көрмеди. Қулласы, Ақшагүлдиң аяқ астынан усы жумысқа өткени тек Аймерекеге емес, усы имараттан кирип шығатуғын бираз ҳаялларға жумбақ еди. Бул жумбақ кем-кемнен Ақшагүлдиң өзине де батайын деди. «Мениң қәйерим кем? Жумысқа өтиў ушын әлбетте, таныс яки басқа бир жағдай болыўы керек пе? Мениң парқым бул жерге бийганалығым, ким сынап-минеп атыр деп онша өзиме қарамағанлығым ба? Қудайға шүкир, қурттай пардозлансам, усы жердеги келиншеклердиң ҳеш қайсысынан сын-сымбатым кем емес шығар».

Нашар адамның өзине қараўы да аңсатқа түспейтуғын еди. Лекин, Ақшагүл өйтип қуўыршақтай боянатуғын ҳаял емес. Оған бунның жасы да сәйкес келмейди. Бирақ, барын дурыслап кийип, шашларын заманға ылайық түйдеклеп жүриўдиң онша қыйын емеслигин ол билди. Солай иследи де. Жумысқа өткен дәслепки күнлердиң өзинде ҳаял-қызлар байрамы алдынан бир айлықтан сыйлық ақша берди. Оған қосымша гүл, ийисли суў, сабын ҳәм орамал салынған пакет саўға етилди. Бул нәрселердиң өзи көптен бери айлық алып көрмеген Ақшагүл ушын үлкен табыс болды. Пакеттеги ийисли суўын, сабынын қызына берди, орамалын өзи тартты. «Душпан көзи» деп, сыйлыққа берген пулдан арзанырақ таўардан болса да, ықшам етип тиктирип, көйлек кийди. Қалғанын руўзыгершиликке жумсады. Бул күнлери «алтын, гүмис» жыйнаўшы күйеўи де Тоқташтың берген

тийин-тебенин сепситпей үйге алып келетуғын болды. Усыған қызығып кетти ме, әйтеўир, үй алдында сыпада соқта ойнаў сийрексийин деди.

Ақшагүл бир-еки айдың ишинде-ақ өзин жыйнап алды. Ҳаяллардың шай дүкәнына қосылды. Гезегинде өзи де үйинен гейде палаў, гейде гөш пенен картошканы қуўырып әкелетуғын болды. Ҳәмелдиң өзине ылайық susты болады екен, бара-бара Аймерекени де, Жаңылсынды да, есик аўзында турған жасы үлкен қараўылды да хызметтиң түрине қарап жумсаўға үйренди. Ол тек күн даўамында бир нәрседен сескенип жүрер еди. Ол да болса Сақбайдың буны кабинетине шақырып алыўынан. Шақырса және ески қосығын баслаўы мүмкин. Бармаса болмайды, министрдиң орынбасарын менсинбеў әдеплиликтен емес. Лекин, Сақбай бул ойлағандай жеңилтек болып шықпады. Мүмкин, жигит ағасы болып қалғанлықтан өзин услап үйренген бе, яки хызмет ўазыйпасы оны усыған мәжбүрлей ме, қулласы, азанда хызмет машинасынан түседи де әтирапқа қарамастан туптуўры лифтке шығып, жоқары көтерилип кетеди. Алдынан дус келгенлер сәлемлеседи, сәлемлеспегени менен иси жоқ.

Дәслепки ўақытлары оннан қашқалақлап жүрген Ақшагүл кейин ала оны сыртынан гүзетип туратуғын болды. Кеўлинде қандай да бир, өзи де түсинбейтуғын нәзик сезим бар сыяқлы. Оны ара-тура сыртынан көрип қалғысы келеди. Бәлким, өзине итибар қаратыўын күте ме, яки жаслық шақларын еслеп «Ақшагүл сәлем» деп күле шырай берип өтиўин күсей ме, қулласы, бир нәрсе бар. Недур жетиспей турған сыяқлы.

Бир сапары ол Ақшагүлдиң алдына өзи төменге түсип келди. Бәҳәрдиң кейинги байрамының бири жақынласып тур еди. Ақшагүлдиң денеси бир түрли дирилдеп орнынан турғанын билмей-ақ қалды.

— Сәлем бердик.

— Саламатсаң ба?

Сақбай кишипейиллик пенен қолын берди. Ақшагүл тартына-тартына қолын созды. Бир ўақытлары автобустан тартып жиберетуғын бул суғанақ қоллар әдеўир кәтқуда болып қалғандай еди.

— Жумысқа үйренисип атырсаң ба?

— Азы-кем.

— Қорықпа. Адамның ислегенин адам ислейди. Гәп былай, Ақшагүл, ертеңге жәрдемши хожалықта жүрген устаны да шақыртып атырман. Келгеннен кейин министрдиң, мениң кабинетимдеги ҳәм хольдағы перделерди өзгертиўимиз керек. Соған складта турған жыйналма карнизлерди берерсең.

— Оның таўары жоқ ғой.

— Ол перделер таўардан емес. Жаздырып қурған ўақытта билесең. Ал, шыққан перделерди тақлап алып қой. Байрам өткеннен кейин есаптан шығарамыз. Керек болса өзиң үйиңе аларсаң, я қасындағы жеңгейлер менен бөлисерсең.

Усы ўақытлары Ақшагүлдиң есине илгериде Аймерекениң айтқан бир гәпи түсти.

— Сақбайға айтқанына жүргендей бир адам керек. Баяғыда кеңсесине бир жыл ғана төселген ғалы гилемлерди тазасына аўмастырып, орап-орап үйине алып кетти.

Сонда Сақбай усындай ислерди Ақшагүлдиң қолы менен ислемекши ме? Яқ, Ақшагүл оған көнбейди. Керек болса жумысын сол ўақта тапсырып кетиўи мүмкин. Лекин, ҳәзир ҳеш нәрсениң уңқыл-шуңқулын билмей турып гәп шашыўдың ретин таппады.

Кейин ол шарбақтың төриндеги еки бөлмели қонақ жайдың «простына»ларын алмастырып, шай ишетуғын бөлмениң ыдыс табағын жаңалап қойыўды тапсырды да, қайтып жоқарыға шығып кетти. Мүмкин, бир-еки қонақ болатуғын шығар. Ҳәр сапар комиссия келгенде, я усындай белгили байрамларда министрдиң өзи, Сақбай ҳәм бир-еки қонақ пенен усы жақта бир мезгил ўақ-шақ қурады. Қудайға шүкир, бундайда хызметке Ақшагүлди де, қасындағы ҳаяллларды да шақырмайды. Өзлериниң хаткер қызлары ҳәм бир-еки жас хызметкер нашарлар қасында болады, отырып бирге аўқатланады, шай-пайын береди, сырттан алып келетуғын нәрсе болса ат қосшылары — шофёрлар тайын.

Ақшагүлдиң ўазыйпасы бундайда бир-еки күн бурын скатерлерди алмастырыў, сынған, кирлеген ыдыслардың орнына басқасын қойыў. Төрдеги еки орынлық диванның төсеги де жекке сийрек алмастырылады. Оған мийманханаға барғысы келмеген, ямаса узақ ўақыт болатуғын, министрликке келетуғын ревизорлар ғана орналасады.

Ақшагүл илажы барынша шарбақ бетке шыққысы келмейди.

Шықты болды оның Нөкиске келип әбигер тартып жүрген күнлери есине түседи. Бүгин шығыўға найлаж мәжбүр болды. Шықты да және сол ески лента көз алдынан бирмебир өте баслады.

Бул жерден тап кәрис әўлийеге дейин тартылған жиңишке көше бар еди. Ол ўақытлары бул министрликтиң орны таслАндыға толып ататуғын шуқыр болды. Ҳәзирги кеңсениң алдындағы даңғыл көше де кейин салынды. Сол тар көше менен олар кирейге отыратуғын үйине баратуғын еди. Әжибай бригадтың сүргини менен көшип келген жас хожалық дәслебинде қатты албырады. Бул үйге шырпы да, дуз да, тутқыш да, қулласы, гирдикарлы хожалыққа не керек болса ҳәммеси буған да зәрүр екен. Лекин, буларда бири болса бири жоқ. Үй ийесинен күнде бир нәрсени сорай бериў де қыйын. Деген менен, дәслепки ўақытлары барды. Малика жеңгей тисиниң суўын сорып берип те жиберди. Бирақ, Турдымурат аға қатты майда адам еди. Бир сапары Ақшагүлди босағадан қайтарды.

— Неўе? Тағы не сорап киятырсаң? Хожалықсыз ба я ҳақлап жүрген дийўанасыз ба?

Қудай жарылқап усы сапары ол ҳеш нәрсе сорап барған жоқ еди.

— Кеширерсиз аға, сүт сатып жүрген ҳаяллар келип турған екен ...

— Келсе өзлери киреди. Оның арасына дәлдәлши керек емес. Ақшагүлдиң маңлайына урғандай болды. Сол-сол екен, тилин тислеп қалса да ол үйге бас сукпаўға ант етти.

Дәслепки күнлери олар қалаға үйренисе алмады. Ҳәр алтыншы күни Арзайымды жетелеп, Қуўатты көтерип, аўылға жеткенше асығатуғын еди. Соңын ала есине түскенде күлкиси келетуғын болды. «Неге биз алтыншы күни барамыз, я ислеп атырған жумысымыз жоқ, я студент емеспиз ...» Негедур алтыншы күни табаны аўылға тартады да турады.

Қайтарда ҳәр қайсысы бир сетка зат көтерип шығады. Онлаған шөрек, зағара, сөк, мәш, қатық-сүт дегендей ...

Ешейинде сен иш мен иш болып, кейнинде быршып ашып кететуғын қатықлар енди әширепи. Үш килолық банкини келеси шембиге дейин өлшеп ишкендей үнемлеп жеткереди. Аз болған сайын ҳәммесиниң дәрти қатық. Буларға енеси еншиңиз деп бир саўын сыйыр, еки қой, үш жанлық берип еди. Лекин, қаяққа алып барады. Өзлери биреўдиң қуўысында. Болмаса, қатық-сүт өзине жетеди. Бир қойын сатса бир-еки айға жеткендей от-жем алады. Аржағын қудай келистирсе өзи ушласып кете берер еди-дә!

Ақшагүллерге ишип-жемегенинен бетер усы тар қуўыста оңысыў қыйын болды. Айма-ай кирей пулын төлеп турса да булардики әнтек — отырса опақ, турса сопақ. Кишкене Қуўат жыласа биреўи жуўырып келеди.

— Баланды жылатпасаң-ә, ағамның давлениеси бар!

Қуўат тым-тырыс болады. Әке-шешесиниң алдарқатқанына жубанып қоймайды, сырттан жуўырып келген гәптен қорқып қояды. Күндиз еки бала шығып ойнамайды. Үйдиң бийкеси де, баллары да, келинлери де қуйрығына сипсе менен урып қуўып келеди.

— Кир кетегиңе!

Бул ҳәдийселердиң көбисин азанда жумыс излеп шығып кеткен Нуржан билмейтуғын еди. Ақшагүл болса қапа қылмайын деп айтпайды.

Кейин ала Арзайым менен Қуўатты бақшаға берди. Бергенде де ийт қараққаншылық пенен орналастырды. Екеўин ертип барып азанда гезекке турады, түсте қайтады, түстен кейин тағы. Оның менен баслыққа кириўге нәўбет жетпейди. Жетпесе де кирейдеги хожейинниң ақыретин еситкеннен күни менен усы жерде жүрген тәўирлеў.

Бир күни оны аўызда отырған машинистка ҳаял қасына шақырды. Түс пайыты еди. Сонша жерден салпылдап келип-кетиўге еринип, кеңседе отырып қалып еди.

— Келиншек, бурынғыдан қалған бир гәп бар, «ақыллы пара береди, ақылсыз бара береди» деген. Бир айдан бери қатнайсаң, өзиңдей ҳаяллар бир күнде питирип-ақ атыр-ғо.

— Не қылыўым керек?

— Ырымын қыл.

Ақшагүл ырымын иследи. Аўылдағы еки қойының биреўин сатып, сол машинистка келиншектиң алақанына салып еди, еки күн ишинде иси питти-қойды. Өзи газетке шыққан дағаза бойынша барып, шыбын-ширкей дәрилейтуғын жерге жумысқа кирди. Ҳаяллардың айтыўынша жумысы қатты зыянлы екен, азанлы-кеш аўзын ақ сийле менен байлап жүреди. Ҳәр түрли дәри-дармақтың ашшы ийси мурныңды жарып жибережақ.

— Қудайдың өзи сақласын, усыннан дем қыспа болмай аман шығып кетсек болар еди.

Тазадан келип, еле жумыс әўесек болып атырғанға ма, Ақшагүлге бул гәплер онша тәсир етпейди. «Қудай сақласын» дейди де қояды ишинен, зыян болса болады да, неғылады. Оның есесине айлығы көп. Қала берсе, бийпул сүт-қатық береди. Баяғыдай, енди аўылға шабыўдың кереги жоқ. Оған қолы да тиймейди. Жаман болса да жақыннан бери Нуржанның астында тракторы бар, бунық айлығы оған қосент. Айландырған екеўи менен қурттай еки нәрестениң тамағынан тапқаны әдеўир аўысып-ақ атыр. Ишемен-жеймен десе де, кийемен десе де жетеди. Лекин, тазадан киймейди, ҳәзирше барын кийип турады. Алды менен өз алдына жайлы болып алыў керек. Сол күнлери еди оның тис-тырнақлап пул жыйнаған пайытлары.

Олар азаннан кешке дейин үйинде болмаса да хожейин менен оңысыўы қыйын бола берди. Турдымурат аға жайын кирейге берерин берсе де, қыйланып жүр ме, я келискен нырқы аз ба, қулласы, урысыўға, ақырет бериўге ҳәр күни бир баҳана табылады. Баллары күнде «тс-с, тс-с» дей бергеннен кейин сыбырланып сөйлеўге үйренип қалған, өзлери пышық жүрис пенен кирип шығады, сонда да ким жаман — булар, есиктиң аўзына суў төккен — Ақшагүл, батпақ аяғы менен кирген Нуржан болады. Бир күни Турдымурат аға таң алдында Нуржанлар жатырған бөлмениң айнасын қақты. Екеўи де шаршап келген бе, тас болып уйқылап қалған екен. Ақшагүл бирден ҳаўлығып, шоршып оянды. Айнаны қаққанды еситип оянған жоқ, қолында жатқан Қуўаттың бирден шыр етип жылағанынан ояныл кетти.

— Ҳә-ҳә, не болды айнанайын, жат-жата ғой, — деди уйқылы көз бенен баласының арқасынан кағып.

— Ҳәй, нәлет болғыр, жатпай жер қабыссын, есикти неге ашпайсыз.

Ақшагүл хожейинниң даўысын танып, Нуржанды жулқылап оятты.

— Тур, тур, ағам әйнекти қағып тур.

Нуржан дәрўазаны ашаман дегенше хожейин оның жети атасынан берман қақыратып сөгип болды.

— Мен не, өз үйиме кире алмайман ба? — деди Нуржанның билегинен тутып.

— Кирсеңиз, балларың жатқан айнаны қақпайсыз ба? — деди Нуржан шыдамай.

— Сен не?! Сениң уйқың бузыла ма? Ханның уйқысы ма сениң уйқың? Ўай, ананды пәлен қылайын, келгинди!

— Анамды сөкпең! — деп Нуржан қолын жулып алды.

— Не деп турсаң?! — Турдымурат аға Нуржанның тумсығына бир муш урды. Нуржан дәрўазаның аўзында үйиўли турған шолханың үстине шегиншеклеп барып отырып қалды. Бешпентин желбигей жамыла шыққан Ақшагүл оларды арашалаўға үлгере алмады. Үлгергенде де буған араша берер ме еди!

— Сәскеге қалмай көрпе-төсегинди көшеге шығарып қояман! — деди хожейин ҳәм қапыны сарт еттирип жаўып ишке кирип кетти. Қапы иштен илинди. Екеўи бирден шарбақта қалған ерли-зайыплылар биразға дейин не ислерин билмей лал болып турды да, соң веранданың ашық айнасынан бирин-бири демеп ишке түсип, пышық жүрис пенен бөлмелерине өтти.

Азанда муш урған хожейин емес, таяқ жеген Нуржан кеширим сорап барды. Өйтпеске басқа илажы да жоқ еди. Қайтадан кирейге жай излеў керек, өйтип жүриўге екеўиниң де қолы тиймейди. Ояғы да ҳеш гәп, Арзайым менен Қуўат усы аймақтағы бақшаға орналасқан. Мәкан жайы өзгерсе оларды бақшадан шығарып алыўға туўра келеди. Ол машқала көшип-қонғаннан мың мәртебе аўыр. Сонлықтан олар жазықсыз болса да жазықлы болып, ҳәмме барымға барды. Хожейин бираз ўақта кеширим берди, соған дейин заты пәс те, көргенсиз де усылар екеўи болды. «Ата баласы теңликке көнсе де, кемликке көнбейди» дейтуғын еди баяғыда. Яқ, басыңа түссе көнеди екенсең. Аўылында кисиден гәп еситип

көрмеген байғуслар әлле кимниң берген азап-ақыретлерин ың-жыңсыз көтерди. Баяғы Әжибай бригадтың берген ақыретлери буның қасында ақ күн еди. Не деген менен ол елдиң адамы, атаңды биледи, шешеңди биледи. Буған сен кимсең — әллеким! Соның ушын өкпелеўге болмайды. Пешанаңа сол жазылған шығар.

Бәри бир хожейинниң кеширими узаққа созылмады. Ара-арасында гөш берип бағып отырған қасқыр ийти аўырды. Дуқтыр әкелип еди, шыпасы жоқ деген болса керек, кеште хожейин де, ҳаялы да кирип-шығып жүрип:

— Усы дийўаналар келди де, үйимизден берекет қашты! — деп тоңқылдамаға қарады. Азанда ийт қазықта өлип шықты. Олар ийтти адамдай азалады. Есесине кеште жумыстан келген Ақшагүл өзлериниң көрпе-төсегин дәрўазаның сыртында үйиўли турған ҳалында көрди. Бул рет хожейин кеширим бермеди. Олар түни менен еки баласын ертип жай излеп кетти.

Министрликтиң шарбағына келип тамам болатуғын усы бир жиңишке көше Ақшагүлге сол кеўилсиз өтмишин еслететуғын еди. Соның ушын да ол илажы барынша шарбаққа шықпайды. Бүгин де ҳәмме нәрсени Аймереке менен Жаңылсынға берип, қонақ үйдиң ишин тазалатты. Кейнинен өзи бир хабар алды да шықты.

Байрамнан бир күн бурын Сақбай айтқан перделер өзгерди. Ақ атластан тигилген, шашақлы, желкилдекли жети перде жыйнап алынды. Орнына төрт бармақ енли қатты заттан исленген, бир түйме менен тартса ашылып, бир түйме менен тартса жабылатуғын карниз тутылды.

Ақшагүл шыққан перделерди таклап алып қойып атыр еди, бирақ Сақбайдың өзи келип, оны үш ҳаялға бөлип берди. Үшеўи Ақшагүлге, Аймереке менен Жаңылсынға екеў-екеўден тийди.

— Байрамнан кейин есаптан шығарамыз, актин өзим жазып беремен, — деди Сақбай. Соң буларға ертерек қайта бериўге руқсат берди.

Ақшагүл жол-жөнекей базарға тоқтап, үш пердени арзан гиреў гөне базарда турғанларға сатты да, пулына иранша палас алды. Бул олардың басқа шыққалы алған биринши таза мүлки еди.

***

Нуржанға келиншегиниң жумысы қандай, не менен шуғылланады, айлығы неше сом, бул жақларына улыўма қызықпайтуғын еди. «Кийими көк, тамағы тоқ», болды. Арасында Тоқташтан алған «айлығын» әкелип Ақшагүлдиң қолына түўел салады. Сол күни ол күндегиден кеўиллирек, нағыз усы үйдиң еркеги қусап мардыйып отырады. Бирақ, ол узаққа бармайды. Себеби, кирис-шығыстың парқын жақсы үйренип алған Тоқташ булардың тамағы тойғандай етип, жалшытып ҳеш нәрсе бермейтуғын еди.

Ақшагүл үйине палас әкелип төсеген күни ҳәммеси қуўанып қалды. Себеби, олардың көп жыллардан бери алған итибарлы мүлки усы еди. Аўылдан шыққан кийизлери еки-үш жылда-ақ тесилип қалды. Дәртке жарап киятырған кийиз бенен қоса алып шыққан сурғылт палас. Ҳәр жылы қыста қарға бир жайып алса, дүкәннан жаңа әкелгендей болып шыға келеди.

— Ақшагүл, табысың көп пе деймен? — деди Нуржан паластың үстине көрпеше төсемей отырып көрип.

Ақшагүл үндемеди. Бул оның айлығына келген мүлик болмаған соң я кеңседен урлап алғандай, ямаса баслықлардың нәзерине түсип саўғалы болғандай түйилди де турды. Соның ушын да ол мүликке мүлик қосылса да ишлей қуўанған жоқ.

— Апа, ендигиден былай пул тапсаң төсек алмай-ақ, қой — деди Арзайым оған.

— Аўа, оның орнына жайды шифрлайық, — деди Нуржан.

— Яқ, ана жайды поллатамыз. Сонда тығылыспай бөлек жатамыз.

— Дурыс, сөйтейик.

Бул Қуўат пенен Есенниң усынысы еди. Ақшагүл оннан сайын өзин бир қысым болып баратырғандай сезди. Балалары себеп пенен паласты қайсы пулына сатып алғанын билгиси келгендей.

— Мени жүдә гөммеге тап болды деп ойладыңыз-аў, — деди ол өзин қыйнап күлген болып. — Кеңседе гөне перделерди есаптан шығардық, соны базарға сатып, пулына алғаным ғой. Бир төсек болса да қосыла берсин деп едим.

— Жүдә жақсы, — деди Нуржан қуўлық етип. — Ертең столды есаптан шығар, арғы күни қапыны...

Арзайым мәселениң төркинине түсинип, салпаўсып қалды.

— Қайдан билейин, — деди әсте ғана. — Пул жыйналғандай болса мен Америкаға кеткенде керек болар деп едим.

— Америкаға?! — Нуржан шоршып түскендей болды. — Ояқта не, дайыңның үйи бар ма?

— «Акселс» бағдарламасы бойынша гүзде имтихан болады, өтип кетсем онышшыны соядқта оқыйман.

— Ўан, ту, сри, по ...

— Гудбай, гудмонин ...

Қуўат пенен Есен Арзайымды мазақлап күлди.

— Ермеклемең қызымды, — деди Ақшагүл Арзайымның кеўлин алып. — Жақсылап таярлана бер, есабы болар.

Қаяқтан есабы болады, буяғы нәмәлим. Ақшагүл қызының тасып турған кеўлин қайтармаў ушын солай деди. Болмаса, бир жақтан келейин деп турған дүньяның рети жоқ еди. Аўылдағы еншисине алған маллар дурыслап өспей-ақ қойды. Ана басы сыйыры еки мәртебе бузаўлады. Оның және де үш-төрт туўғандай шамасы бар еди. Лекин, күтилмегенде Нуржанның анасы аўырыўлы болды. Бул ўақытта Нуржанның қамақта жатырғанына еки жыл болайын деп тур еди.

— Барып, баламның дийдарын бир көрип қайт, — деди Ақшагүлге. — Мениң ояққа барғандай енди ҳалым жоқ. Дийдар қыяметке қалса маған риза болсын. Перзентти үй-жайлы етиў ата-ананың ўазыйпасы еди, жесир басыма оны ислей алмадым, қәйтейин, қалған жағында қудайдың өзи қолласын.

Ол ҳәр сапары айтатуғын:

— Балам-ай, не болды екен, иркилип қалдың-аў, я улыңның, я қызыңның изине ергендей және бир қара домалақ болғанда ...

Мүмкин, енеси усы сапары ишинен егитилип тилеген шығар, Ақшагүл ояқтан қурсақ көтерип келди. Енеси де, Нуржан да уллы болғанын тәўир көретуғын еди, тилегин берип Есен туўылды.

Ырасында да, Нуржанға анасының үстине бир қысым топырақ шашыў несип етпеди, дийдар қыяметке қалды.

Жаназаның биринши күни Ақшагүл өзиниң баяр сыйырын енесиниң асына сойдырды.

— Жол үлкен баласынике, — деди ол ойласыққа жыйылған ел ағаларына. Аўыл адамлары Ақшагүлдиң орынлы сөзине ҳеш нәрсе айта алмады.

Қалған еки баспақ сыйыр болғанда ешкилер менен қоса, усы үш бөлмели жайды сатып алған еди. Сонда гүзге дейин қаяқтан есабы болады, ояғы Ақшагүлге нәмәлим. Аўзына қуда салды ма, я қызын қапа еткиси келмеди ме, усылай деди. Үйдегилер буған қутнақ исенди. Себеби, нешше жылдан бери тиришилигин анасы тербетип киятырғанлықтан буған балалары да, күйеўи де қатты арқа сүйеп кеткен еди.

Арзайым кейинги ўақытлары мектептен пүткиллей руқсат алып, репетиторға қатнай баслады. Мектепте тек буған емес, оқыўға таярланаман деген басқа балаларға да усындай мүмкиншилик жаратып берди. Азанда бир сабақ оқыйды да, екинши сабақтан кейин репетиторға кетеди. Гейде туп-туўры соққа кететуғын ўақытлары да болады. Қулласы, оқыўдың изине  шуқшуйып түсти. Соның пайдасы шығар, кеште телевизордан берилетуғын англичан тилиндеги «Өзбекистан жаңалықларын» аўдармалап айтып отырады.

— Алдама, — дейди Есен ашыўын келтирип. — Бизлер түсинбейтуғын болған соң аўзыңа келгенин айтып атырсаң.

Есен үйдиң еркетайы, соның ушын ол не айтса да кеширимли. Ол да өзиниң қәдир-қымбатын сезинип, гәптен қалмайды.

Кеште тум-тустан жыйылып келип, олардың шайға отырыўы усындай кеўилли өтеди. Күндиз бир мезгил Есен, бир мезгил Қуўат көшениң басына кишкене жайылмалы стол қойып, саққыз, шам, шырпы, сода, сабын сатады. Ғәрқәллезий болмаса да өзлериниң күнделикли ишетуғын қара шайы, сүти усылардың табысының есабынан.

Нуржан болса таң азаннан Көмек пенен Ықласқа қосылып, күнделикли талабына кетеди. Олар тек көшениң басына дейин, асып кетсе базарға дейин бирге барады. Аржағына қаяққа баратуғынын бир-биринен сыр сақлайды.

Тоқташтың бул затларды неге жасырып әкететуғынын Нуржан түсинбейтуғын еди. Гейде ол буны алып қалып, әкелген темир-терсеклерин сөк салынған, қақ ерик салын-

ған қалталардың ишине жасырып тығыуға жумсайды. Нуржанның күши бар, мыс трубаларды еки бүклеп тығып жибергенде қапшықтың түбине дейин барып қалады. Есесине Көмеклерге қарағанда буған бир-еки сом зыятлаў береди. Оларға исенбейди. Соған қарағанда бул темирлерди алып баратырғанын көрсе жолда милийса урысатуғын болыўы керек. Урысса урыса берсин, буған не? Бул аўылда қалады.

Бир күни Нуржан аўырып жатып қалды. Ақшагүл ыссы сүт гөже писирип берди де жумысына кетти. Аязлаған шығар деп ойлады ол. Кеште келип көргенде ҳайран қалды. Күйеўиниң тула бедени торсылдаўықтай болып исип кеткен еди. Қолың тийип кетсе пыс-с етип суў ағады. Ол Нуржанның кийимлерин алмастырды. Астындағы көрпеше де ызғарланайын деген екен, басқасын салды.

Ертеңине участкалық фельдшерди шақырып көрсетти. Ол әлле қандай бир сасық маз жағып кетти. Лекин, Нуржан бери қарамады. Кейин ала саат сайын кийим алмастырыўға туўра келди. Қуўат пенен Есен ағасының қасында болды. Ақшагүл бирақ, онша қорққан жоқ. Аяз тер шығар деп ойлады оны.

Бир ҳәптеден кейин Нуржан орнынан тура алмай қалды. Ақшагүл оннан кейин шоршынды. Тез жәрдем шақырды. Бундай болады деп ойлап па ол. Нуржан жатқан жеринде тесилип ағып атыр еди.

Тез жәрдем менен келген шыпакер буны көрип қорқып кетти.

— Усы ўақытқа дейин қалай шыдап отырсыз? — деди ол Ақшагүлди берман шақырып. — Егер және еки күн иркилгениңизде күйеўиңиз қолдан кетип турған екен.

— Енди не қыламыз?

— Дәрҳал жатқарыў керек.

Олар түни менен Нуржанды алып кетти. Нуржан емлеўхананың өмир бағыш бөлимине түсти.

Шыпакерлер оған дәрилердиң аты жазылған төрт барақ қағазды услатты.

— Дәрҳал мына дәрилерди таўып келиң.

Ақшагүл лал болып қалды.

— Аға ... Аға ... мен ... Қаяқтан табаман? — деди соң тили зорға гүрмеўге келип.

— Ақшаң жоқ па?

— Жоқ еди.

— Онда төмендеги дәриханаға бар. Орнына сырғаңды я жүзигиңди қойып кетсең он-он бес күнге қарайды.

Ақшагүл бул дәрилердиң қанша қыстаўлы түрде керек екенин билсе де аяғын зорға көтерип басып, төменге түсип кетти. Себеби, онда шыпакер айтқан сырға да, жүзик те жоқ еди.

Дәриханадағы ҳаял ийман жүзли нашар екен. Оның ҳәмме дәрилерин таўып берди.

Ол усылай етип өрели таңды тик аяққа емлеўхананың дәлизинде турып өткизди. Баллар үйде қорқса да иштен илип жатыўға мәжбүр еди.

Нуржанды ертеңине сәскеде көриўге руқсат етти. Күйеўи кешегиден бираз тәңдар, көзиниң нуры жанланайын деген екен.

— Кемпир ...

— Кемпир демеш Нуржан, — деди Ақшагүл күлип.

— Енди не дейин?

— Ақша дейтуғын един-ғо, баяғыда.

— Мейли, Ақша болса Ақша ... Тоқташтың жумысынан тапқан пайдамыз екен бул.

— Оны ким айтты.

— Шыпакерлер. Қандай патас жерде ислейсең, деп сорады. Мусордан темир-терсек жыйнайман деп айта алмадым. Сәл болмағанда денемдеги барлық суў кетип, кеўип өледи екенмен.

— Қаяқтағыны айтпаш!

— Ҳаў, дуқтырлар айтты-ғо.

Нуржан сол жатыстан он бес күн дегенде аяққа турып, үйге келди. Ақшагүл дәри-дармақ ушын көп қарызланып қалған еди. Күйеўин емлеўханадан алып шығарда дәрихананың үстинен атлап өте алмады. Оның ақылы ҳайран еди. Қарыз сорайтуғын хеш кими жоқ. Айлыққа еле ўақыт бар.

Әри ойланды, бери ойланды, ақыры бир қарарға келди. Сақбайдың алдына кирди.

— Баяғыдан бери неге келмейсең, — деди ол бирден. Сөйтти де трубканы көтерип, есапшыға қоңыраў етти. — Ҳәзир Ақшагүлдиң айлығын ҳәм бир айлық материаллық жәрдем ақшасын есаплап кассаға өткериң. Мен өзим буйрық шығартып беремен.

— Рахмет, берекет табың! — Қуўанғанынан Ақшагүлдиң аўзына буннан артық сөз түспеди. Көз астынан Сақбайға нәзер салып еди, ол ислеген жақсылықларын минлет етип отырған адамға усамады.

Ақшагүл баяғыдан бери оннан неге қашқалақлап жүргенине қысынды ҳәм иш-ишинен оған деген жыллы сезим ояна баслағанын сезди.

***

Жумыс аз да болса Ақшагүлдиң көзин ашайын деди. Әсиресе, есап-санақ, қағаз жумысы болғаннан кейин мектеп партасынан алған билими ғайта жанланғандай болды. Қалаға келгеннен кейинги шыбын-ширкей дәрилейтуғын жумысында бул нәрселердиң кереги жоқ еди. Онда тек жумыс бар, ақша бар, қатық-сүт, қулласы, руўзыгершиликти тербетиўге болады.

Журт уўланып қаласаң деген жерде бул әдеўир-ақ иследи. Оған бирге ислесип атырған жәмәәти унады. Басшылары да буның жағдайына қарап бираз қарасты. Келгени кеше деп ҳәр қайсысы бир матибийсий бермеди. Ол жумыс баслаған күнлери әкеси жатаққа жатып қалған еди. Нөкиске бөлек шығып кеткен әжағасы туўылып-өскен мәкан, ата-ана дегенди умытқан, келиншегиниң қолында ноқталанған пилдей жетекке ерип кетти. Ол отыр десе отырады, тур десе турады. Келиншеги қаққан қазықтың дөгерегинде өмири жетсе жүз жыл айланыўға бар. Ал, күш-күйеў болып кеткен екинши әжағасының болса аржағында перзентлик меҳир болмай шықты. Оның баяғыда айттырып келген қыздай «өзлерин билиң» дегенинен қорқып еди Ақшагүл. Бахтына келиншеги жақсы еди. Буның әжағасына балларын бақтырып кетип, атасын ҳәптелеп баққан күнлери болды. Ағасы оған руқсат берип қойыўдың орнына изинен адам жибертип шақыртып алдыратуғын еди. «Бай ғайратлы болса, қатын

уятлы болады» дейтуғын еди баяғының адамлары. Бунығ туўысқанларының екеўи бирден талағында бийти жоқ болып шыққанына Ақшагүл ишинен күйеди, жанады, сыртына шығарып айта алмайды. Өз бармағын өзи қалай кессин.

Сол ўақытлары ол он күнлеп, он бес күнлеп әкесин бағыўға кететуғын еди. Жумысындағылар бунның жағдайына қарасып, бар-жоғын билдирмеди, айлығын жүргизип қойды. Басқалар усап бюллетень әкел деп те сорамады. Ата-анаға қараў перзенттиң парызы екенин жақсы түсинди. «Әкеңниң сеннен басқа ул-қызлары бар ма еди?» деп ҳеш қайсысы сорамады. Соның ушын да, ол усы жерде ислеген жолдасларын набада ушыратып қалса, туўысқанын көргендей апақшапақ болып қалады.

Әкесиниң аўырыўына шыпакерлер үзил-кесил ҳеш нәрсе айтпады. Емлеўханаға да алып кетпеди.

— Жақсылап қарай бериң, — деди Ақшагүл менен Қудайбергенди былай шығарып. — Қанша өмири барын қудай биледи. Әкесиниң бул кеселден жазылмайтуғынын ишинен сезсе керек.

— Қызым, — деди бир күни Ақшагүлди қасына отырғызып. — Бүгин ақшам түсимде кемпирди көрдим. Екеўмиз геўмис қара сыйырды айдап базарға баратыр екенбиз. Билесең ғой, анаң саўған сол қара сыйырдың жоқ болып кеткени қашшан. Түсимде көрген сыйыр — бул мениң қәстелигим. Кемпир мени сол қәстелигим менен қоса ертип кетти, қызым.

— Қой аға, өйдемең.

— Айта берейин балам, алла тил-зибанымды алмай турып айтып қалғаным жақсы. Мен сизлерди жақсылап тәрбиялай алмадым. Қуданың жаратқаны сол шығар, тәбиятымнан босалаңлаў болып, бул шаңарақтың барлық гирдикары анаңның мойнында еди. Ол пақырдың өмири келте болды. Әкеден қатты қоллық, анадан жол-жоба үйренбеген баллар алған үрпек басларының жетегинде кетти. Ишинде тиришилеў сен едиң, сен-әм оқый алмадың. Енди қалып турған Қудайбергенниң тәғдирин саған тапсыраман. Усы баланы оқытып, үйлендирегөр. Мына шаңарақтың түтинин түтетип отырсын. Мени анаңның қасына қой, қасында мен сыйғандай орын бар екен. «Жатпасымнан бурын басына

барып, жақында мен-әм келемен» деп ўәде етип кеттим кемпириңе. Асабатыма шубар сыйырды сойдырың, бирақ Әжибайға көрсетип алың, буўаз болып жүрмесин...

Ақшагүл әкесиниң алдында мың мәрте өзин услайын деп ҳәрекет етсе де шыдай алмады. Алқымына келген өксик танаўын зәҳәрдей ашытып, еңиреп жиберди. Соң асханаға барып көкиреги босасқанша жылады. Жаслай кеткен анасы есине түсип жылады. Аты еркек болып өскен туўысқанларына ары келип жылады. Оның көкиреги дәртке толып қалған еди. Ғарры сол жатыстан көп узамады. Бийшара Ақшагүл әкесиниң сол өтинишлеринен «апаңның қасына қой» дегенинен басқа бир де тилегин орынлай алмағанына еле ишинен қан жылайды. «Мерекеме сой» деген шубар сыйыр буўаз болып шықты. Оқытып үйлендир деген Қудайбергени әкесиниң жылын бергеннен кейин Москвада ПТУда оқыйман деп турып алды. Ақшагүл оған тәңирдиң зарын етти, қылмады. Жол кирей ушын жайын әлле кимлерге сатып кетти. Аўылдағы жайды ким алады. Алған адамға тек ағашлары керек екен, сол күнлери-ақ, басындағы ақтереклерин, полын, саз ағашын, әйнек-қапысын, бузып алып кетти. Ақшагүлдиң балалығы өткен қәсийетли босағаның орнында түни менен байыўлылар ялаған гөне там қалды. Ҳәзир бул жерде гөне там да жоқ, орнын тегислеп, бийдай егип жиберген. Усыларды көрмейин деп Ақшагүл аўылға бармаўға тырысады. Барғанда ким деп барады? «Келдиң бе, қарағым?» деп қарсы алатуғын әкеси жоқ... Қудайберген болса сол кетистен «ПТУды питирдим, институтқа тапсырып атырман» деп бир хат жазды, соң «Надя деген қызға үйленежақпан» деди, ўассалам. Ақшагүлдиң кейинги жазған хатларына жуўап та бермей қойды. Енеси дүньядан өткеннен кейин ол аўылға баратуғын аяқ жол биротала тыйылды. Нуржанның инилери де дурыслап қатнаса алмады. Бир де туўысқан мийримли болсын, бир де абыройлы болсын, оннан бержағында я ҳаялы көргенли болмаса, оты бөлек жанған соң бири-бирин мерекеде көргеннен басқа, әлле ким болып кетеди екен. Мүмкин, басқаларда бундай болмайтуғын шығар. Бирақ, Ақшагүл менен Нуржанның басында усы аўҳал болды. Нуржан

қамақтан қайтып келгенде жүреги шәўкилдеп келип есигин ашқан я туўысқанлары, я дослары болған жоқ. Әне, усы жери Ақшагүлге аяздай батты. Бирақ, сонда да өзи ислеген мекемениң ҳаяллары екеў-үшеўден бөлинип келип, бираз күнге дейин «көз айдын» айтты. Ақшагүл буған да шүкирлик етти, бирақ, оның күткен адамлары бул емес еди, ол өзиниң еки әжағасын, Нуржанның инисин күтип еди, Нуржанның келгенине мәс болып, төрде арақ ишип жататуғын жора-жолдасларын күтип еди. Лекин, булардың бәри пуш тәме екен. Егер аўылда болғанда ел болып гүплеп келер еди. Аўылда болғанда бундай қайғылы ҳәдийселер де жүз бермес еди. Аты өшсин булардың елден шығып кетиўине себепкер сол аласапыранлы күн. Илайым, Әжибай бригад гөринде тикке турғай!

Ашыў менен Ақшагүлдиң ойынан усындай ғарғыслар өтеди де, кейин, жағасына түпирип:

— Әси болсам қайттым, бендени жарылқаў, жазалаў яратқанның иси! — деп ишинен сыбырланады.

Ақшагүл қалаға келгендеги жумыс ислеген жери тек сол мекеме еди. Нуржан қамалып кеткеннен кейин де оған жеңиллик берип қойды. Есенге ҳәмиледар болғаннан соң дем алысқа шықты. Соң еки жыллық напақада отырды. Сөйтип жүргенде Нуржан келип, хожалықтың аўырманшылығын аз да болса мойнынан алғандай болды. Бирақ, Нуржанды ҳеш жерге жумысқа қабылламады. Айдаўшылық ҳуқықы бийкар етилгеннен кейин бурынғы жерине қайтып жумыс сорап бармады. Тазадан излеген жерлери буның анкетасын көреди де:

— Қамалып келипсең-ғо, — дейди кесе белден. «Неге қамалдың?» деп сорамайды да.

— Бизде жумыстың рети жоқ, — деп соң босағадан қайтарып жибереди.

Кейин ала ақыры еки-үш жигит болып қол ушы талапқа өтти. Биреўлердиң жайын сыбады, гербишин өрди, геширин қопарысты, қулласы, қазан қайнатқандай табыс тапты. Бара-бара «белим аязлады, ызғарда отырыппан» дегенди тапты. Қулласы, өз алдына сатып алған жайына келгеннен кейин, көшениң бийдәўлет жигитлерине қосылып, соқтаға үйир болды. Енди оған қырсыққан менен пайда жоқ еди. Тири

адамға жутым керек. Кейинги ўақытта қаяққа қарасаң еркеги үйинде, ҳаялы шаўып жүргени «Елге дәстүр болса, кемпир арқама мин» дегендей, бул күн усылайтып Ақшагүлдиң де басына түскен еди.

Талабында болсаң қуры қалмайды екенсең, мине, әп-әнедей жумыслы болды. Және азы-кем саўаты да ашылайын деди. Кирис-шығысты үйренди, дос арттырды. Буны «сипсекешлердиң басшысы екен» деп мисе тутпайды емес, кеңседегилердиң қай-қайсысы да ҳүрмет етеди. Оның жүрис-турысы, өзин услаўы ҳәммеге унайтуғын еди.

Жумыста жүрип ҳүжжет таярлап, балларына напақа, күйеўине жәрдем ақша шығартып алды. Дүнья бир тийиннан жыйналады. Жүре бергенде бул да жоқ еди.

Келе-келе Нуржанның баяғы ойнап айтқан сөзлери ырасқа шыға баслады.

— Бүгин қапыны есаптан шығар, ертең айнаны, — деп еди сонда ол. Сол айтпақшы гүздеги байрамның алдында төртинши қабаттың барлық төсеги ҳәм мебельлери аўмастырылды. Оннан шыққан еле тап-таза шкафлар менен мурынның қанындай қып-қызыл гилемлерди төмендеги қабаттағылар бөлисип алды. Олардан шыққанлары Ақшагүлдиң складына келип түсти. Буны да бес-алты күн өткеннен кейин Сақбай тақсымлады. Ақшагүлге, Аймерекеге, Жаңылсынға, аўыздағы қараўыллар менен жәрдемши хожалықта жүрген еки устаға бөлистирип берди. Ақшагүлге және де басқалардан көбирек — бир гилем, үш метр дорожка ҳәм еки шкаф тийисти.

— Мен буны ала алмайман, — деди Ақшагүл кесгеллем қарсы турып. — Күйеўимниң отырып келгени аз емес, ҳаял басына сотланып кеткендей жағдайым жоқ.

Сақбай мырсылдап күлди.

— Қызықпысаң, мен сени сол жолға ийтермелеймен бе, мине, жергиликли профсоюз шөлкеминиң қарары бар, «есаптан шығарылған затлар кем тәмийинленген хожалықларға бөлистирилип берилсин» деген. Яки, сояғынан арсынасаң ба?

— Яғаў, кәмбағаллықтың неси айып?

— Онда қорықпастан ала бер.

Ақшагүл пайына тийисли затларды алды. Бирақ, үйине әкелген жоқ. Көшедеги қатынлардың гәпинен қорықты.

Олар азанлы-кеш төртеў-бесеў болып жол бойында отырып, кимниң үйине ким келди, ким сырттан не әкелди, соларды еринбей гәп қылатуғын әдети бар. Ақшагүл шкаф пенен гилем тийелген машынды үйиниң алдына әкелип қантарса:

— Бул қатын усынша нәрсени қаяқтан таўып атыр?

— Байы сүмелек та, көрдиң бе, өзи де қақаң-суқаң болып баратыр, — деген гәплердиң шығатуғыны турған гәп. Бир жағынан күйеўин де аяды. Мың айтқан менен еркек адам, кеўлине гүптиктей келиўи мүмкин.

Арадан еки-үш ҳәпте өтип, Ақшагүл өзине тийисли затларды пуллады. Бир шкафтың пулын Нуржанға берип он қалта ағаштың қоғы менен еки қалта ҳәк алдырды. Көмек пенен Ықлас үшеўиниң алдына еки шийше самопал қойып, полсыз турған жай менен газхананы ағаштың майдасы менен сыбатты. Бир күннен кейин сыбаў кеўип, ДСП менен полланғандай болды да қалды. Енди аталы-балалы бир жайға тығылмай бөлинип жата берсе болады.

Ақшагүл қалған пулларын «жақсы нийет, тилек тилеп тура берсин» деп аршаға таслаған еди. Тилеги қабыл екен, гүзде Арзайым имтиханнан ең жоқары баҳаға өтип, «Акселс» арқалы Америкаға кетти. Ақшагүл дүньяға қайта келгендей қуўанды. Ол «өмиримниң қызық дәўраны өтти ғой» деп түскинликке түсип жүр еди. Яқ, қызығы алдында екен. Ақшагүлдиң дәўраны енди басланып атыр екен. «Айдың он беси қараңғы, он беси жақты» дейтуғын еди, жақты күнлери енди басланып атыр. «Әй, қудайым, бул демиңе, көрсеткен зийнетиңе шүкир!».

Қызын самолётқа ушырып келген Ақшагүл биресе үйи босап қалғандай, кеўли алғаў-далғаў болып, биресе еки қолының орнына еки қанат питкендей қуўаныштан ентигип, әлленемирде көзи илинди.

***

Ақшагүлдиң тапқан табысының берекети жаман болмады. Оның үстине пуқталығы пайда берди. Алған айлығына қосымша ҳәр тоқсанда алатуғын, ямаса байрамларда берилетуғын сыйлық ақшаларды руўзыгершиликке жумсамай бөлек қоятуғын еди. Қыйынлы қыстаў пайытлары алдым-

нан шығар деп солай иследи ол. Өзиниң айлығының ярымы, хожалыққа алынатуғын жәрдем пул, Қуўат пенен Есенниң атына келип турған айма-ай напақа булардың ишип-жемегине арқайын жететуғын еди. Дурыс, айырым хожалықларға жарысып, тойып ишип, пал кекирмеди. Көрпесине қарап аяқ узатты. Балалық пайытларындағы аўылдағы базар шорпалық гөш әкелиў ушын қалаға баратуғын анасының келбети көз алдына елеследи. Ол ўақытлары ҳәр базарда бир кило гөш әкелип, сол турысына қазанға салатуғын еди. Кеш болғанда үйдиң иши менен сорпа ишип бир ҳәз етеди. «Ет-етке, сорпа-бетке» деп мардыйып қояды ата-анасы сонда. Ал, қалған күнлери жарма-жаўған. Мәшаба, қатық қатқан кеспас дегендей, әйтеўир, ел менен бир болған соң ҳеш ким буны ерси көрмейди. Бирақ, қалада өмир басқа еди. Әсиресе, кейинги жыллары еки мезгил аўқат писирмейтуғын хожалық шамалы. Оның үстине қалалылар ата-бабаның ебиндей ғәрежет пенен айланатуғын аўқатларын билмейди. Гөш жоқ болса «писиретуғын нәрсе жоқ» деп дизесин қушақлап отырады да қояды. Ақшагүлде ондай әдет жоқ. Ол жетим өскен, жоқшылықты көп көрген. Таппаса, палаўқабақтың қуры қабығынан-ақ қарын тойғандай етип қазан қайната алады. Оның есесине балаларының тамағы аш болмайды, аўысқан тийин-тебени былай турады. Азлы-кем қыйыншылыққа шыдаса, еле жақтылы күн алдында.

Ақшагүл усындай үмит пенен жасады, усындай жақсы нийетти өзине жолдас етти. Ол майда-шүйдеге өзиниң тапқанын жумсады. Нуржанның әкелгенин бир-еки сом болса да гизнеп қойды. «Еркек адамның тапқаны берекетли болады» деп ырым ететуғын еди ол. Қала берди, жайдың қурылысын даўам етиў керек. Ҳәзир баллары кишкене болған соң шүйиркелесип, бир-бириниң ишинен есиги шыққан үш бөлмеде отыр. Ертең Қуўат қыз әкелсе, Арзайым турмысқа шығатуғын болып жаўшы келсе, қонақты қаяққа отырғызады, келинге қайсы жайды береди. Барлық машқала Ақшагүлдиң бир өзине түсип турғандай, ядына түсип кетсе жатып уйқысы келмейди. Еркек адам деген алаңғасар, арқайын болады. Нуржанның пәрўайы пәлек..

Арзайымның оқыўға кетиўи Ақшагүлдиң аяғын және де шыйрақластырды. Қызы ояқта журт көреди, ел таныйды,

сонда усы қақырадай үш бөлмеде отырғызып қойған ата-анасына өкпелемей ме? Әлбетте, айтпаса да ишинен ызасы келеди. Заманға аяқ қоса алмаған ата-анасынан налыйды. Соның ушын ол жазғы дем алысқа келемен дегенше қапталда тырнағы қуйыўлы турған бес қабат жайдың пахсасын тикейтиў керек. Ең болмаса, быйыл ағашын жайып, үстине сабан шығарып қойса, аржағы бир хоп дегенде питеди. Ҳәзирше, ким баслап «ҳоп» дейди. Әлбетте, ер адам баслаў керек. Жай деген пирли нәрсе, басланса пите береди. Тек Нуржанды соған исендирип, қолтығынан демеў керек. Бул ҳаялдың ўазыйпасы. Ерди ер ететуғын да ҳаял, жер ететуғын да ҳаял. Әўелеқудай, ерди ер етиў Ақшагүлдиң қолынан келеди.

Гүздиң биринши айы аяқлана келе Нуржан жайға айланысты. Көшеден тележка услап гербиш әкеле баслады. Соқта ойнап отырған жигитлердиң басын жәмледи. Оларға еки мезгил аўқат таярлаттырып, ара-арасында тентек суўдан берип, мүйешин өрип шығатуғын устаның қасына қосты. Гербиш жайдың бир жақсы жери ылайдан салғандай, пахса кепсин деп отырмайды екенсең. Гербиши, ылайы жетип турса, устасы мүйешин шығарып турса демде. Айтқанындай-ақ, жети-сегиз күнде Нуржанның сақанадай куўсыйып турған үш бөлмесиниң қасынан жаңа имарат бой тикледи. Жай енди көшениң ана басынан көринип туратуғын болды. Ақшагүл менен Нуржанға енди жайдың төбесин бастырыў уўайым еди. Ҳәр ақ терек пәлен сом, жайдың бәрине жетиў ушын keминде отыз ағаш керек. Бирақ, аяқ астынан бунның да есабы табылды.

— Гөне қалада кинотеатр бузылып атыр екен, ағашларын, тас гербишлерин басындағылар арзан гиреў пуллап атырған қусайды, — деген хабар шықты.

Ешейинде умтыла бермейтуғын Нуржан бир күни түстен кейин кетип еди, кешке таман ағаш тийеген тележкалы трактордың кабинасына минип келип тур. Пулының жетисине бола жигирма сегиз қарағай страпила алыпты. Аты гөне жайдан шыққан демесең қал урған жери жоқ. Қулласы, октябрьди аяқламай-ақ, олардың бес қабат имараты бой тиклеп, үстине сабан ҳәм төрт-бес тележка топырақ шығарды. Быйылша оларға усы жумыстың өзи жеткиликли еди. Әрман қарай дәрпенгендей шама да жоқ.

— Бизлер бир-еки жигит Волгоградқа кетежақпыз, — деген хабар таўып келди бир күни кешқурын Нуржан. — Батыр деген жигит бригадымыз болады. Сояқта жүз гектар картошкасы бар екен, жыйнасыўға адам керек қусайды.

— Солай ма? Әйтеўир, Тоқташ қусаған қатынның изине ерип кетпесең болар.

— Тоқташ усталып қалыпты дейди-ғо.

— Ҳе?

— Алюмин, мыс әкетиўге болмайды екен.

— Қәйдем, әйтеўир, сизлерге зыяны тиймей ме?

— Бизлерге не деп зыяны тийеди. Пул берди, жыйнап бердик. Әкет дегенимиз жоқ-ғо.

— Сонда да, енди сол бәлеге жақынламашы, көрдиң-ғо, өзиң өлим аўзынан қалдың.

Гәптиң ырасы Ақшагүл күйеўиниң азын-аўлақ қәрежет таўып қайтыў ушын баратырғанына ишинен қуўанды. Биринширден, бийдәўлетшиликти қойып киятыр, екиншиден болса, бәҳәр шыққан соң мына жайға қайтадан айналысыўы керек. «Быламықты май келтиреди» дегендей, бәрине де ақша зәрүр болады. Келеси ҳәпте олар түнги поезд бенен жөнеп кетти. Ақшагүл күйеўине ҳақ жол тилеп босағадан гүзетип қалды.

Үйинде ҳәм күйеўиниң, ҳәм қызының жоқлығы Ақшагүлдиң жумысын және де қыйынластырды. Азанда балларына ерте турып шай берип, оқыўға жибериў керек. Кеште ертерек келип қазанға айланыспаса болмайды. Түсликте нан менен шай ишиўге үйренген Ақшагүл кеңседе ҳаяллар менен бирге гей күни аўқат, гей күни пуўы бурқыраған сомса жеп отырып, иш-ишинен ҳүжданы қыйналып кетер еди. Лекин, илаж жоқ, дастурхан орталықтики. Өзиниң пайын жемей балларына апарып келиўге үлгере алмайды. Ақыры, ишинен қынжылады да қояды.

Ақшагүлдиң жумысқа киргенине бир айдан кейин бир жыл толатуғын еди.

— Ақша, бир жыллық дем алысыңды аласаң ба? — деди бир күни Сақбай буны дәлизде ушыратып қалып.

— Қәйдем?

— Үйиңде қыйынлы-қыстаў жумысың жоқ па еди?

— Яқ.

— Ондай болса тәртип бойынша гезекли дем алысыңды ал. Бирақ, жумыста жүре бер, сонда ҳәм айлығыңды, ҳәм дем алыс пулыңды аласаң.

— Өйтиўге бола ма екен?

— Болады. Саған бир сом болса да алғаның есап емес пе?

Ертеңине ол Сақбайдың алдына кирип арза жазды. Еки күннен кейин дем алыс пулын шығартып алды. Бирақ, күн-деликли жумыстан қалмады.

Күнлер қәдимгисинше бир жөнкилли өтер еди. Ақшагүл Сақбайдан улыўма гүман еткенди қойды. Керисинше, кеўилинде оған деген қандайда бир жыллы сезим ояна баслады. Ол енди баяғы ушқалақ бала емес, әкесиниң те-гин дүньясын көтере алмайтуғын дәлбиреген жигитке де усамайды, оның ақыл-парасаты бираз жетилип қалған, кәтқуда болыўға ылайық азамат сияқлы болып геўделенди Ақшагүлдиң қыялында. Усыны қыялынан өткерер екен, бул қәсийетлердиң Нуржанның бойына неге питпегенине ары келди ҳәм иш-ишинен Сақбайды ҳәм қызғанар, ҳәм оған сүйсинер еди.

Ақшагүл жақын күнлерде өз өмиринде бир бурылыс болажағын, бул бурылыс оның келешегиниң астан-кестенин шығарып жиберетуғынын сезбеди. Қанша ырымшыл болса да жаратылыс сездирмеди оған.

Сақбай шемби күни Ақшагүлди жумысқа шақырды. Бул онша тән емес еди, бурын болатуғын ўақыя еди. Бирақ, бүгингисиниң өзгеше екенин ол билмеди.

Сол күни шарбақтың ишиндеги кишкене қонақ жайға Сақбайдан басқа еки жигит, еки нашар келди. Булардың ким екенин Ақшагүл билмейтуғын еди.

— Ақшагүл, кеширерсең, бүгин мениң хаткерим хызмет етиў керек еди, азанда аўырып қалдым деп қоңыраў етти. Қыйланбасаң шай-пайға қарасып жибер. Жақпаса, өзиң бил, онда үйден ҳаялымды шақыраман, — деди Сақбай қонақ-ларды ишке киргизип болып буның алдына келип.

Ақшагүл оған «жақпайды» деп айта алмады. Неси бар, хызмет етсе етеғояды-дә! Сақбайдың бир өзи емес, сонша адам бар. Қала берди, оны бир жылдан бери сынап киятыр. Әйтеўир, буны сыйласын, я өзи инсапқа келсин, түбинде алып-қашпай қылып атырған ҳеш нәрсеси жоқ.

Олар сол отырыстан күн аўғанша отырды. Балық қууыртып жеди, сырттан кабап алдырды, бирақ, бәрин де Ақшагүл бадастүрлеп, алдына қойып жүрди. Лекин, олардың гәп-сөзи менен иси болған жоқ.

— Ақшагүл, бир минут, — деди Сақбай ол столдағы босаған тарелкаларды аўмастырыўға барғанда. — Мына жерге отыр, айтатуғын еки аўыз сөзим бар. Алдында отырған еки жигит-әм қарақалпақтың белли азаматлары. Институтта бирге оқыдық. Питирип келгели бери қатнасамыз. Кеште екеўи де Ташкентке ушып баратырған екен. Үйге барыўға үлгермейтуғын болған соң усы жерге кутлықлап келипти.

Ақшагүл биринши мәртебе ол жигитлерге дыққатланңқырап қарады. Төрде отырған ири дәпең жигит Сақбайға «буған неге онша келип жалбырайсаң, бар боғаны, хызметкериң емес пе?» дегендей, ҳөктем көз қараста еди. Қасындағы аршын төсли, геўдели ҳаял да соған тәкаббыл. Ҳәр қолына қос жүзиктен салған, қаслары жуўан, қап-қара, боялған, еки жүзиндеги кремниң де аямай-ашымай жағылғанлығы билинип тур. Екинши жигит ат жақлыдан келген, қыр мурын, анаған қарағанда бираз жиңишкелеў, қыймылы да шаққанырақ ҳәм әбжил жигитке усайды. Қасындағы келиншек бираз парасатлы, гәп келмесе де суғылыса беретуғын нашарлардан еместей.

— Не менен қутлықлаймыз? — деди Ақшагүл күле шырай берген болып.

— Ҳаў, еле сен билмейди екенсең-аў, бүгин мениң туўылған күним ғой.

— Қутлы болсын.

— Рахмет. Қәне, өзиң айт, усы салтанатқа бола қайсысынан қуяйын, ақтан ба, коньяктен бе, шампаннан ба?

— Як, мен ҳеш қайсысын-әм ишпеймен.

— Әне, айттым-ғо, — деди ол қасында отырған келиншеклерге қарап. — Ол мақсым қыз, аўзына алмайды десем инанбайсыз. Тап мен бир арақты қызғанып отырғандай...

Төрдеги келиншек дәрҳал гәптиң изин алды.

— Қой, келиншек, өйтпе, бизлер-әм жүрген алқаш емесписиз, Сақбайдың кеўли ушын келип отырмыз. Күни менен-ғо, сениң тәрийпинди аспанға шығарды. Өзиниң туўысқанынан бетер сыйлайды екен.

— Бундай иззет-ҳүрмет ушын зәҳәр болса да ишип жибериўге туўра келеди — деди жигитлердиң әбжили. Анаўсы «сөзимди ким болса соған зая қылмайман» дегендей суқ нәзер тигип отыр.

— Яқшы, қойып турың, ишеди-ғо. — Сақбай шампань шийшени қолына алды. — Ақша усы газли суўдан қуяғойайын, бурын ишкениңди көрмеген соң...

Ақшагүл дым үндемеди. Ырасын айтқанда, ол бурыннан соңғы бундай орталыққа түсип көрмеген еди. Шампанды да қыз жеңгеси болып барғанда бир мәрте ишкени бар. Онда да ҳәзиргидей үлкен пужыр емес, дүгилдик кесе менен ишти. Ҳәзир олар бойы бир қарыстай келетуғын қыл мойын пужырға қуйды.

— Сиңлим, меннен кишкене шығарсаң, — деди төрде отырған кербаз келиншек. — Тилекти мен айтайын деп атырман. Мен айтқан ўақта қуры усы газли суў ишип, нашар атлының бәрине нуқсан келтирме, ең болмаса коктейль болсын.

Ол арақлардың арасында турған «Ақ ләйлек» коньягинен пужырға аз ғана тамызды да, оны шампан шийшениң аўзындағы сым менен былғап-былғап жиберди. Пужырдағы шампан көпирип, қызғылт сары түрге енди.

Келиншек узақ ўақыт тос айтты. Бирақ, гәплери сондай ширели, Сақбайдың Ақшагүл билмейтуғын тәреплерин, оның ҳәмме жақсы қәсийетлерин үлги етип көрсетти, бүгин бул жерде отырғанлар оның менен бақый дос, кеўлинде гирбиң жоқ, ҳәмме досларының ишинде де ең бир електе қалғанлары жыйналғанын айрықша атап өтти. Қала берди, өзлериниң қатарына және бир ҳақ кеўилли инсан, қәдирдан дос — Ақшагүлдиң қосылып атырғанына оғада қуўанышлы екенин тил менен айтып жеткизе алмай атырғанын билдирди.

Бундай жыллы сөзлерге, өмиринде еситип көрмеген улығлаўларға Ақшагүл зәҳәр болса да ишиўге таяр еди. Ол пужырьдағыны қалдырмай заңып қойды. Есесине ҳәммеси жабырласып оған рахмет айтты, закуска узатты, Сақбай оған қосымша Ақшагүлдиң рюмка услаған қолын сүйип алды. Мүмкин, аўзынан сүйип алғысы келген шығар, бирақ оған бата алмаған болыўы керек.

Буннан кейин Ақшагүлдиң өзине тилек билдирилди. Биринши коктейльден-ақ басы айланған ол, Сақбайдың өзине ислеген жақсылықларын сыр бүгип тура алмады. Оған миннетдар екенин билдирип, усы қадақты оның туўылған күни ҳүрметине алып қойыўды усынды.

Усылай етип, екинши ... кейнинен үшинши, төртинши рюмкадағы коктейльлер кетти. Санаўлы ўақытлардан кейин-ақ, Ақшагүл өзин басқарыўды жоғалтқан еди. Ол усы күни көп нәрсе жоғалтқанын кейин билди. Лекин, кеш еди.

Ол геўгим арада Сақбайдың машинасына шашлары уйпа-жуйпа болып минип атырып, биринши мәрте естен айрылып қалып ерине ислеген қыянети ушын ишинен қан жылады. Есикти иштен илип, үрпейисип отырған баллары-ның жүзине қалай қарайтуғынлығы жанын жегидей жейди. Ал, рульде киятырған Сақбай өз исине риза, қасында үн-түнсиз киятырған Ақшагүлге ойланып алыўға пурса берип, «бәри бир, енди мен көзиңе ысық көринемен, еле бул орынлыққа өзиңнен-өзиң наз етип келип отыратуғын боласаң» дегендей кейипте. Ол узақ жыллар бойы әрман еткен мақсетине бүгин ерискен еди.

***

Жаратылыс нашарды ҳаял етип жаратқаннан кейин, ол өзин еркектиң еркелетиўин, сылап-сыйпаўын, хошамет сөзлер айтыўын күтеди. Ақшагүл енди қараса турмыстың мыңсан еки тәшўиши менен бул ләззетлердиң ҳәммесин умытқан екен. Күйеўи Нуржан қамақтан бираз руўхы түсип, жасы жетпей болдырып келгеннен кейин үйден аманат кирип шығатуғын әлле кимге айланып қалды. Ақшагүл менен үй машқаласы, кемис-кутық ҳаққында сөйлескени болмаса ышқы-мухаббаттың ләззетли демлерин ҳаялының есине қайта сала алмады. Ақшагүл оннан буннан артық ҳеш нәрсе талап етпеди де. Ол өзиниң қызықлы демлери өткен, буяғы мәзи өмир деп есаплар еди. Яқ, олай емес екен. Муҳаббаттың ентиккен демлери еле буның бойында бар екен. Оны тек оята билиў керек еди, нәзик денелери күсли еркек қолларын сағынған еди. Ҳаялдағы бул сырлы қәсийетлерди Сақбай абайлады, Сақбай оның бойындағы умытылып баратырған

ышқы-ләззетлерин қайта оятты. Соның ушын да, Ақшагүл пужыр толы коктейльлер ишип мәс болған сол күнди балаларын көргенде, күйеўиниң сада жүзине қараў есине түскенде тула бедени бир түрли болып кетеди де, лекин, сол демлердиң өзи ушын қайта жасарыў дәўириндей ләззет бергенлигин ишлей мойынлайды. Мойынлайды да қатты уялады, ҳүжданы қыйланады, лекин, тәбияттың жаратылысы емес пе, сол күнниң тәкирарланыўын ара узақласқан сайын өзинен бийғәрез күсей баслады.

Нуржан бир ярым айда қайтып келди. Бул аралықта Ақшагүл бир-еки мәрте Сақбай менен үнсиз, сырлы түрде көз урыстырған еди. Енди ол күйеўиниң алыс жолдан келгенине бурынғыдай қуўанбады. Әкелген «номай пулын» да санап көрместен аршаның түбине таслады. Ол күйеўине бурынғыдай болып ашылысыўды, әзел-әзелдегидей меҳрибанлық көрсетиўди өзине ылайық билмеди. Ол Нуржанның алдында шыбын түскен ас еди. Дүньяда еркек адамға бул нәрсени билгеннен қыйын нәрсе жоқ. Ол күйеўин соның ушын да қатты аяды. Ол өзин гилти жоғалған сырлы сандыққа мегзетти. Бул сандық ҳеш ўақытта ашылмаўы керек. Бул сандықтың қашандур сол күйинде тұңғыйыққа кететуғын күни бар. Қәнекей, сол күни тезирек келсе еди. Бир өмирлик азабы бар, бир демлик ләззет Ақшагүлди тойындырып жибермей турып келсин сол қаралы күн.

Арзайымнан ара-арасында хат келип турды. Ол ҳәр хатында кем-кемнен көзи ашыла баслағанын, дүнья ол ойлағандай Кегейли менен Нөкистиң арасы емес, оның қыял жетпейтуғын кеңлиги, өзи бурын көрмеген, еситпеген әжайып ўақыяларды көзи менен көрген сайын өмирге деген ықласының артып баратырғанын жазатуғын еди.

«Апа, — деп жазды ол қыстың ақырына таман жазған бир хатында. — Биз сениң басыңа не деген тәшўишлерди салған екенбиз. Мен он алтыға шыққанша гәлжеңлеп бир тийин таппадым. Үкемлер де сениң мойныңа мусаллат еди. Ағам болса үйдиң асыраўшысы екенин умытып, күн узақ бийдәўлет адамлар менен соқта ойнап отырады. Сен бир өзиң тырбанып жуўырасаң. Биз бир-еки күн ишипжегени-мизге мәспиз. Ертеңги күн, келешек ҳаққында ойлағымыз да келмеди. «Үйге үйсең де көп болмайды» деген

нақыл сөзлерди китаптан оқып, мағызына онша бас қатырмайтуғын едим. Енди ойлап қарасам, бизлер үйге үйиўдиң орнына аўылдағы мал-ҳалымызды сатып ишиппиз. Егер ҳәммемиз бирден табыс тапқанда ондай кәмбағал турмыс кеширмес един. Ең болмағанда ҳәр биримиз өзимизди асыраў ушын гүрескенде, саған онша аўыр болмас еди. Мен сол күнлерим есиме түссе сени қатты аяп кетемен. Апа, мени кешир. Ол күнлери жиберген қәтелигимди мен әлбетте дүзеймен. Бизлер енди кәмбағал болмаймыз. Оған дейин сиз үкемлерди жумысқа үйретиң. Өз тамағын өзи табатуғын болсын. Буяқта он екиге шыққан бала ата-анасының жәрдемисиз күн көриўге үйренискен екен. Керек десең, буннан кейин сол үйден кирип шыққаны ушын кирей де төлейди. Ҳеш ким мени «мени ҳүкимет асырайды» деп отырмайды. Ырасында солай ислеў керек екен ғой. Ҳәр ким өзин-өзи асыраса, өзи байыса соның есесине ҳүкимет қурғынласады, ҳүкимет байыйды екен. Ол усындай күш-қуўат жәмлеў менен үлкен мәмлекетке айланады екен. Қуда қәлесе, мен мектепти питкергеннен кейин усыяқта институтқа киремен, магистратураны оқыйман. Қуўат немис тилин үйренсин, Есенди японша курсқа бериў керек. Ол, көзи қысылып, японның дәл өзи болады да қалады. Бизлер үшеўимиздиң оқыў питирип барыўымызға он-он бес жыл сарпланды. Сабырлылық пенен күтесең ғой, апа, сен сабырлы ҳаялсаң, бәрине шыдайсаң. Кейин ағам екеўиңиз бизиң рәҳәтимизди көресиз! Саған ҳәм ағама бек-кем денсаўлық, 90 — 100 жастан кем болмаған узақ өмир тилеймен. Айтпақшы, жазда каникулға бараман, оқыўдан бос ўақытлары ислеп жол қәрежет таўып қойыппан.

Сизиң Арзайың».

Бул хатты оқып ҳеш кимге көрсетпей, баўырына басып жылап алды. «Бийшара балам-аў, деп қамсықты ишинен. Сениң нәрестедей пәк жүзиңе қалай қарайман. Самолёттан түсип келип, «апа» деп жуўырғаныңды биле тура қыянетке былғанған бул қушағымды қалай ашарман саған. Айт, қалай, қалай?! Сен мени еле сабырлы ҳаял деп билесең, мениң сабырымды жойтқаныма әдеўир болып қалды ғой...

Ол аўыр тартқан денесин зорға көтерип, жумысқа кетти. Сол қараң қалғыр кеңсеге табаны тартпаса да кетти. Күн

бойы ҳеш ким менен ашылысып сөйлесе алмады. Түсте ҳаяллардың шай дүкәнына да қосылмады. Бир өзи иштен илип отырып терең ойға шүмди. Бул ойдан ол өзин жағаға алып шыққандай мықлы қол таба алмады. Қанша ойланған сайын соншелли туңғыйыққа шүме берди, шүме берди.

Бәҳәр салым Ақшагүлдиң бойында билинер-билинбес өзгерис жүз бере баслады. Ақшагүл бул өзгеристиң қай ўақ бир ўақ болатуғынын сезип еди. Оның кейинирекке созылыўын, илажы болса болмай-ақ қойыўын қудайдан тилеп еди. Лекин, бенденики әрман, ўақыт өз дегенин ислейди. Ақшагүлдиң жүзине майда-майда тарының қабығындай сепкил түсе баслады. Аўқатқа иштейи жоғалды. Қулласы, оған бахытсызлық алып келетуғын сол қаралы күнлер айсыз түндеги қорқынышлы елестей, кем-кемнен жақынлап киятыр еди.

Бәҳәр байрамында Ақшагүл сейилге шықпады. Балалары менен күйеўин жиберди. Өзи үйде қалып түслик таярламақшы болды. Ол бәринен де бетер оңашада қалып дәртин ақ қағазға төгиўге, океанның аржағында өзин сағынып жүрген қызы Арзайымға хат жазғысы келди.

«Жигербентим Арзайым! — деп баслады ол хатын. — «Апа» деген тиллериңнен анаң айлансын. Усы ўақытлары сениң жат еллерде қәйтип жүргениңди бир көргим келеди. Сени сондай сағындым. Сағынғанымнан көкирегим тығылып саған не жазарымды билмей атырман. Әпиўайы бир тракторшының, әпиўайы бир пахтакештиң кишкене ғана сада қызы бүгинлиги Америкада жүреди деп сирә ойлаппан ба? Аўылдан Нөкиске көшкенде:

— Бизлер қыдырып баратырмыз? — деп қуўанып шүлдирлегениң еле қулағымнан кетпейди. Он жетиге шықсаң да маған тап он жети айлық нәрестедейсең-аў, айнанайын.

Бизлердиң денимиз саў. Сен арсынып жүрер деп қуйыўлы турған тырнаққа бес қабат жай тикейтип, үстин бастырып қойыппыз. Пахсаны ағаңның табысы менен тикейттик. Иmаратты еркек адам қурыў керек, ырымға жақсы. Қуўат сениң хатыңнан кейин немис тилин үйрениўге киристи. Есенге бирақ японша курс таба алмадық. Ол карисшеге қатнап жүр.

Арзай! Дүньяда қызға анадан, анаға қыздан жақын сырлас болмайды. Мен саған ишимдеги бир бүклем сырды төгип

салмасам, ол мениң ишимде кетеди. Соның ушын саған айтқанды мақул көрдим. Мени сабыр етип тыңла. Бахытсыз ананды қанша кейисең де, қанша бөләәтлесең де кейин үлгересең. Бирақ, мени дәслеп тыңлап ал, жигербентим!

Қалаға аўқат тасып, бир де таўып, бир де таппай жүрген күнлерим бахытлы демлер екенин мен кейнинен билдим. Жумысқа өтип, үйге биринши мәрте қаладан таза палас әкелгенимде байғус нәрестелерим, бәриңиз қандай қуўандыңыз. Кеўлинде ҳеш нәрсе жоқ әкең, баладай, ҳәммеден бурын отырып көрип кеўли толып тасты. Бирақ, сол палас пенен бирге шаңарағымызға әсте-ақырын бахытсызлық қәдем қоя баслағаннан енди билип отырман. Сол кеңседе Сақбай деген бир киси бар еди. Ол мени жумысқа алды. Оны көргеннен дәрҳал жумысқа өтиўден бас тарттым, бирақ, негедур жетпесинлик, қала берди оның көзиндеги бийпарўалық, инсанға деген мәзи аяўшылық сезимлери сол жерде ислеп қалыўыма себепши болды. Оннан қорқыўымның себеби, Сақбай жас күнинде ағаңның бахтын урламақшы болып ет-бетинен таслаған жигитлердиң бири еди. Бирақ, мен оны жақсы көрмегенмен, ҳәзир де жақсы көрмеймен. Мен дүньяда бир инсанды — кеўли нәрестедей пәк Нуржанды, сениң әкеңди жақсы көремен. Сақбай маған бир жылға дейин сум нийетлерин билдирмеди. Ол тек маған емес ҳәммеге ғамхор басшы сыяқлы еди. Сол ўақыттағы изли-изинен есаптан шығарылып атырған әпанейдей мүликлер, тез-тез берилетуғын айлық, шереклик сыйлық ақшалардың бәри мениң кеўлимди қайырқом инсан сыпатында жаўлап алыў ушын исленген ислер екен. Ол менде муҳаббат сезимин оятты, инсаныйлық меҳир-муҳаббат оятты. Әсте-әсте оны жек көретуғынымды умыта басладым, оннан күткен қорқынышларым өз-өзинен кейин серпилди. Сөйтип мениң қәўетерсиз ҳәм қорғаўсыз қалған сада кеўлим жаратқанның мен ушын жаңылыслы бир күнинде қақпанға түсти. Мен өмирлик жолдасыма, кеўли сөз жазылмаған ақ қағаздай пәк инсан — Нуржанға, сизлердиң әкеңизге билипбилмей қыянет қылдым. Мениң матам күнлерим соннан басланды. Дастурхан басында жүзимди туўры қаратып ас ише алмадым. Ағаңның, Қуўат пенен Есенниң көзлерине

тик қарап отыра алмадым. Оған мениң мына жүзи қара бетим шыдамады. Мениң ерксиз көз жасларым жекке қалып оқығанымда сениң хатларыңды  сыялады. Сени жат журтта қуўаныштан толып-тасып, келешекке үлкен исеним менен қараған көкиректеги көзиңе тик қараўға ҳүжданым жол бермеди. Тек тисимди-тисиме қойып шыдадым, ишимнен қан жылап Қуўатты немисше курсқа, Есенди карисше курсқа бердим.

Бойларыңнан айналайын Арзайым! Мени енди ана дейсең бе, демейсең бе, билмедим. Демесең де өкпелемеймен. Өйткени, сениң буған ҳақың бар.

Бул хатты алғаныңда мен жақты дүньяда болмайман. Дийдар қыяметке қалды, жигербентим. Сол жасырын өткен демлердиң биринде бойыма ҳәмиле питип қалыпты. Жақында оған жан енеди. Оған дейин шыдасам кеш болады. Еки жан қыйған боламан. Қудай алдында оннан басқа гүнам аз ба мениң! Соның ушын өз жаныма өзим қаст еткенди мақул көрдим. Сизлердиң изиңизге ҳарамзада туўысқан ертким келмеди.

Қызым! Сеннен ең соңғы тилегим, бул сырды өзиңнен басқа ҳеш ким билмесин. Әкең сезсе буны көтере алмайды. Еркек адамға оннан аўыр нәрсе, оннан артық өлим болмайды.

Аман саў питирип келсең, үкелериңди оқыт. Мен ушын қайғы-уўайымға берилип оқыўыңды таслап кетпе. Өйтсең ақ сүтиме риза емеспен. Мен ақыры еки бирдей жигербентимди, мүсәпир әкеңди саған тапсырып баратырыппан. Артымда Арзайдай дүнья көрген оқымыслы перзентим бар деп, кейнимнен тынып, көзим жумыўлы баратыр. Үкелериңди бирақ, гезек пенен оқыт, бәриңиз кетип ағаң жалғыз баслы ғарры болып журтта қалмасын. Әкеңе қараңлар, ол ҳаялдан тәбият көре алмады, ең болмаса перзентлеринен рәҳәт көрсин! Елге келгенде туўры мениң басыма зияратқа барғайсаң. Қуран оқытып болып, туўры аяқ ушымда саққа жүгинип отыр. Сонда мен сени көремен. Аўылдан кеткеннен бери қанша өскениңди көремен. Моркөмиклик етип егитилип жылама. Онда көзимниң алды суў қаплап кетеди. Сениң күлип турған

шырайың, балалықта киш-кишлеп күлдирген жуп-жуқа қаймақтай еринлериң маған көринбей қалады. Сен ел көрген мәрт қызсаң-ғо, шыда!

Мен бахытсыз ҳаял емеспен, қызым. Изимде сизлердей үш перзент қалдырдым. Лекин, сизлердиң келешегиңиз уллы. Мен билсем үшеўиңиз де гүрлеген үлкен үш хожалық боласыз! Сизлерди ел таныйды. Ағаңды «кимсең — Арзайдың әкеси, Қуўаттың, Есенниң әкеси» деп журт ҳүрмет ететуғын болады. Бул күнлер алыс емес. Оны мен көрмесем де елим көреди, журтым көреди, туўылып өскен аўылым көреди. Усыны сезгеним ушын да өзимди бахытлы деп есаплайман.

Өмирден ойда жоқта алжасқан анаңды кеширe алсаң кеширгейсең, қызым. Дийдар қыяметлик болсын, ырза бол. Мен саған берген ақ сүтиме ризаман.

Анаң Ақшагүл!»

Нуржан менен Қуўатлар сейилден кеўилли келди. Оған дейин Ақшагүл гөш туўрап, шәўле таярлап қойған еди. Табақты балаларының алдына қойды да:

— Мен жеп едим, — деп сыртқа шығып кетти. Күни менен жылап-жылап қызарып кеткен көзлерин жасыра алмай солай ислеген еди.

Ертеңине почтаға барып қатты қызына жиберди. Наўрыздан кейинги үшинши таңда ол күндегиден ерте оянды. Үйдеги ҳәмме нәрсеге ядлап алатуғындай дыққат пенен термилди. Өзи күнде услап тутқан қазан-табақты маңлайына тийгизди, қуманды, шәйнек-кеселерди, ҳәтте сипсеге дейин бир қатар сыйпалап қайтарып орнына қойды. Кейнинен ханнан-қәперсиз уйқылап атырған балларының бас ушына келип бираз отырды. Ол Қуўатқа, Есенге көзлери тоймай қарады. Балалары оның нәзеринде ҳәммеден-әм сулыў екен. Уйқыларының шийринин айтсаң-ә! Ақшагүл көзиниң жасы балаларына тамып кетиўден қорқып, кеңсиригиниң үстине орамалын тутып турып дәслеп Есенди, соң Қуўатты сүйди.

Кейин Нуржанның қасына келип саққа жүгинди! — Кешир мени, көз ашып көрген қостарым — деп егитилди ишинен. — Мен саған ылайық жолдас бола алмадым. Сениң менен қыяметте бирге болыўға да ылайық емеспен.

Ол күйеўиниң ғаўажақланған ернинен соңғы мәрте сүйди де, есик бетке әкелип қойған кир жибин алып, питпей турған таза жайға кирип кетти.

Күн сәскеликке жеткенде көшениң еки басынан жыйналған адамлар, үн-түнсиз Нуржанның үйине қарай жүрис қылар еди.

***

Самолёт Нөкис аэропортына келип қонды. Нуржан менен бирге шыққан еки баласы белгиленген ўақыттан ярым саат бурын келип турған еди. Самолётқа трап қойылғаннан баслап Нуржанның жүреги қанасына сыймай урып турды. Оны тек бир нәрсе қыйнады. Жүреги алып-ушып келген қызы:

— Апам қайда? — десе не дейди.

Булар оны қапа болмасын деп билдирген жоқ еди.

Лекин, ўақыя ол ойлағандай болмады. Әкеси менен үкесин қулағырдан таныған Арзайым сумкасын таслай сала қушақ ашып жуўырды. Мәзи жуўырған жоқ, боз-боран болып жуўырды. Еки бетиниң алмасын, көйлегиниң жағасын көз жасы жуўып жуўырды. Оған әтирапттағы адамлардың ҳеш қайсысы көринбеди. Ол тек тәғдирге тән берген әкесин, ингендей қайысып турған инилерин, көз алдында гә пайда болып, гә жоқ болып кете беретуғын анасының сүлдерин көрер еди.

— Апамның басына айда! — деди Арзайым таксиге отырып атырып.

Нуржан оның күни мененги көз жасларының тек сағыныштан емес, анасының өлимин сезгенлигинен екенлигин енди анық билди. Лекин кимнен еситти, қалай билди, ол Арзайымнан басқаларына жумбақ еди.

Қәбир басында Арзайым жыламай туралмады. Анасының ўәсиятына бола көкиреги тығылып кеткен ўақытлары аяқ ушынан былай кетти. Қайта өзин жубатып аяқ ушына барды. Анам көрсин деди, анам мениң дийдарыма тойсын деп барды.

Олар сол барғаннан қәбир басынан бир-еки саатқа дейин кете алмады. Перзентлериниң, әсиресе көптен көрмеген

Арзайымды анасының меҳри жипсиз сабақ пенен байлап турған еди.

— Кешир, қызым, — деди Нуржан қайтып киятырып. — Мен анаңа ылайық жолдас бола алмадым. Оны бахытлы етиў қолымнан келмеди. Бир ҳаялды бахытлы ете алмаған еркек еркек пе?!

Перзентлери суўық демин алды. Олардың усы жерден баслап көкиреги қатая баслады. Өмир ашшы шайқас екенин түсинип жеткендей болды. Бул дүньядан аласысы да, бересиси де көп екенин аңғарып билгендей еди олар.

Алдында айдын келешек тур! Өзлери әрман еткен келешек тур! Анасы көриўди әрман еткен үлкен үмитлер жатыр бул жолда!

## МАЗМУНЫ

Муҳаббат қосығы.........................................................................3
Ҳаўа кемесиндеги екеў.............................................................219
Ақшагүл......................................................................................311

**Муратбай НЫЗАНОВ**

# ТАҢЛАМАЛЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ

## VII TOM

«Билим» баспасы
Нөкис — 2018

Редактор *С. Байназарова*
Художник *К. Рейпназаров*
Көрк. ред. *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *Г. Серимбетова*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилди 2.11.2017-жыл. Форматы 60×90 $^{1}/_{16}$. «TIMES KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 26,5 б.т. + 0,5 вкл. 27,93 есап б.т. Нусқасы 1000 дана. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №   .

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa.@bk.ru

Өзбекистан Баспасөз ҳәм хабар агентлигиниң «Өзбекистан» баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи баспаханасында басылды.
100011,Ташкент қ.Наўайы көшеси,30.